
Kote ki pa gen doktè

Yon liv pou tout zòn andeyò
kote ki pa gen lopital, klinik osinon
dispansè.



Se doktè David Werner ki ekri liv sa a

REMÈSIMAN

Pou liv sa a te ka parèt, anpil òganizasyon te mete ansanm, anpil jefò te fèt, anpil moun te pote lide yo, bay tan yo epi pataje talan yo (pataje don yo genyen).

Nou swete objektif tout moun sa yo tap pouswiv la rive atenn: mete nan peyi Dayiti yon liv ki tounen yon fòs pou:

1) anpeche kèk maladi antre lakay nou
2) fè nou konnen sa pou nou fè pou jwenn bon laswenyaj
3) annatandan nou wè doktè, oubyen lè nou pa kapab wè doktè, jwenn mwayen senp ki pa koute chè pou nou jwenn gerizon.

Nou remèsye tout òganizasyon, tout enstitisyon ki te ede nou yon jan oubyen yon lòt. Nap voye yon mèsi espesyal pou OXFAM (UK), Caritas National D'Haïti, SEKA, Institut de Technologie et d'Animation (ITEKA), International Child Care (ICC), Service Oecuménique d'Entraide (SOE) , Jounal Boukan, Organisation Panaméricaine de la Santé / Organisation Mondiale de la Santé (OPS / OMS), Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP).

Nou voye yon gwo kout chapo bay moun ki te pran inisyativ ki te travay pou liv sa a parèt:

Pè Reynald Clérismé, Leslie Roberts ak Melvis Hyppolite, Pè Roger Désir, Daniella Duversin, Nora Paultre, Paul Rudenberg , Jan Harm Keijzer avèk tout ekip Bèlans la, desinatè Frantz Jean-Marie, fotograph Carole Devillers, sekretè Julienne Léopold ak Margalie Dupré, avèk tout ekip koòdinasyon travay la:

Scott Hortop, Viviane Cayemittes, Carrié Paultre, Dr. Daniel Henrys, Marilise Rouzier, Ferna Gué ak Claudette Werleigh.

Si gen moun nou pa site non yo, nou mande yo pou yo pa pran sa mal epi pou yo eskize nou. Ekip ki fè tradiksyon liv sa a te fè yon pakèt jefò pou liv sa a soti. Se yon premye edisyon li ye. Gen lòt kap fèt apre. Pou lòt liv yo soti kòrèk toujou, nou mande tout moun ki gen kritik oubyen sijesyon pou yo ekri:

Ekip koòdinasyon liv Kote ki Pa Gen Doktè
c/o ICC B.P. 1767
Port-au-Prince, Haïti (W.I.)

MEN KOTE NOU KA JWENN LIV LA:

International Child Care
Delmas 31 No. 38
P.O Box 1767
Port-au- Prince, Haiti

Service Oecuménique d'Entraide
Rue 4, No 17
Port-au-Prince, Haiti.

Journal Boukan
Rue Pavée, No.144
P.O. Box 154
Port-au-Prince, Haiti

Òganizasyon ki bay lajan pou liv sa a:

- Oxfam (UK),
- International Child Care (ICC),
- Organisation Panamericaine de la Santé / Organisation Mondiale de la Santé (OPS/OMS)
- Bethesda Foundation

Original Edition in English copyrighted by
Hesperian Foundation
1919 Addison Street, suite 304
Berkeley, California 94704-1144 USA
Email: Hesperian@hesperian.org
Website: www.hesperian.org
Telephone: (510) 845-1447
Fax: (510) 845-9141

Premye Edisyon nan lang ayisyen, 1991
Depo legal Bibliyotèk Nasyonal 92-04-050

MEN KOTE NOU KA JWENN LIV LA:

International Child Care
Delmas 31 No. 38
P.O Box 1767
Port-au- Prince, Haiti

Service Oecuménique d'Entraide
Rue 4, No 17
Port-au-Prince, Haiti.

Journal Boukan
Rue Pavée, No.144
P.O. Box 154
Port-au-Prince, Haiti

Òganizasyon ki bay lajan pou liv sa a:

- Oxfam (UK),
- International Child Care (ICC),
- Organisation Panamericaine de la Santé / Organisation Mondiale de la Santé (OPS/OMS)
- Bethesda Foundation



Premye Edisyon nan lang ayisyen, 1991
Depo legal Bibliyotèk Nasyonal 92-04-050

LIS GWO KOZMAN KI NAN LIV LA

Premye Koze

KOZMAN AK AJANN SANTE YO I

- Pwoblèm lasante ak pwoblèm moun II
- Gen anpil bagay ki gen rapò ak swen lasante VIII
- Chache konnen byen kominote kote nap viv la VIII
- Sèvi ak sa nou ka jwenn nan zòn lan pou fè sa nou bezwen fè XIII
- Deside sa ki gen pou fèt epi kote nap koumanse IX
- Toujou eseye yon lide nèf anvan nou moutre lòt moun li XVI
- Travay pou rive gen kont manje pou tout moun XVIII
- Travay pou evite epi pou geri maladi XIX
- Kontwole, mezire kantite medikaman pou moun yo pran XX
- Pou nou rive konnen ki kalite pwogrè ki fèt nan kominote a XXII
- Yonn aprann nan men lòt XXIII
- Zouti kap ede nou bay fòmasyon XXV
- Chache pwofite tousa ki gen nan liv sa a XXXI

CHAPIT 1

RENMÈD FÈY, SENP AK KWAYANS PÈP LA **1**

- Renmèd fèy ki bay rannman **1**
- Kwayans kap ede nou jwenn gerizon **2**
- Kwayans ki ka fè moun malad **4**
- Wanga, maji, maldjòk **5**
- Keksyon ak repons **6**
- Lè fontenn tèt timoun anfale **10**
- Jan nou ka konnen si yon renmèd fèy bon osinon pa bon **11**
- Lavman ak metsin **12**

CHAPIT 2

KALITE MALADI NOU FASIL PRAN POU LÒT **15**

- Ki sa ki bay moun maladi? **15**
- Divès kategori maladi ak kòz yo **16**
- Maladi ki pa soti nan mikwòb **17**
- Maladi ki soti nan mikwòb **17**
- Kalite maladi ki sanble yonn ak lòt **19**
- Maladi moun fasil pran yonn pou lòt ki fè yo rive ba yo menm non **20**
- Non yo bay kèk maladi nan zòn lakay nou **21**
- Divès maladi ki bay lafyèv **26**

CHAPIT 3

JAN POU NOU EGZAMINEN YON MALAD **28**

- Keksyon **28**
- Kondisyon jeneral moun nan **29**
- Chalè kò moun (tanperati) **29**
- Ki jan pou nou sèvi ak tèmomèt **30**
- Souf - respirasyon moun lan **31**
- Batman kè **32**
- Je moun malad la **33**
- Zorèy, gòj ak nen **34**
- Po **34**
- Vant **35**
- Misk ak nè **38**

CHAPIT 4

JAN POU NOU OKIPE MOUN MALAD **41**

- Mete moun malad la alèz **41**

- Swen apa pou moun ki malad anpil **42**
- Dlo **42**
- Manje **43**
- Pwòpte ak pozisyon nan kabann **43**
- Veye tout chanjman nan eta malad la **43**
- Siy gwo maladi grav **44**
- Ki lè ak ki jan pou nou chache konkou doktè **45**
- Sa pou nou di ajann sante a **45**
- Rapò sou maladi a **46**

CHAPIT 5

TRETMAN SAN MEDIKAMAN **47**

- Fè tretman ak dlo **48**
- Ka maladi kote bon sèvis dlo ka fè plis pase medikaman **49**

CHAPIT 6

APRANN SÈVI AK MEDIKAMAN FANMASI **51**

- Prensip pou nou swiv lè nap sèvi ak medikaman **51**
- Gwo danje nan sèvi mal ak medikaman fanmasi **52**
- Ki lè pou nou pa pran medikaman **56**

CHAPIT 7

ANTIBYOTIK: SA YO YE, JAN POU NOU SÈVI AK YO **57**

- Prensip pou nou swiv lè nap sèvi ak nenpòt kalite antibyotik **58**
- Sa pou nou fè si antibyotik la sanble pa fè anyen pou malad la **59**
- Poukisa pou nou pa sèvi twòp ak antibyotik yo **60**

CHAPIT 8

JAN POU NOU MEZIRE DÒZ MEDIKAMAN AK JAN POU NOU BAY YO 62

- Pou mezire medikaman likid **65**
- Jan pou nou bay timoun piti medikaman **66**
- Ki jan pou nou pran medikaman **67**
- Jan pou nou fè moun ki pa konn li chonje lè pou yo pran medikaman **68**

CHAPIT 9

JAN POU NOU BAY PIKI AK PREKOSYON POU NOU PRAN 70

- Lè pou nou bay ak lè pou nou pa bay piki **70**
- Ka prese ki mande pou nou bay piki **71**
- Medikaman pou nou bay an piki **71**
- Danje ak prekosyon **73**
- Move reyaksyon kèk medikaman ka bay lè nou pran yo an piki **75**
- Jan pou nou evite move reyaksyon **76**
- Jan pou nou pare sereng lan **77**
- Jan pou nou bay piki **79**

CHAPIT 10

PREMYE SWEN 80

- Lafyèv **80**
- Chòk (endispoze- dekonpoze) **82**
- Pèdi konesans (endispoze) **83**
- Lè yon bagay kole nan gòj yon moun **84**
- Moun kap neye **84**
- Lè yon moun sispann pran souf: Respirasyon bouch nan bouch **85**
- Pwoblèm gwo chalè ka bay **86**

- Ki jan pou nou rete san lè yon moun blese **88**
- Ki jan pou nou rete san kap koule nan nen yon moun **89**
- Koupe, grafouyen ak ti blese **90**
- Ki jan pou fèmen yon blese **91**
- Bandaj **93**
- Blese grav ki fèt ak bal fizi, ak kouto ak lòt kalite blese grav **96**
- Gwo doulè mal vant ki mande sèvis prese **100**
- Apendisit, enfeksyon anndan vant **101**
- Boule **103**
- Zo kase (frakti) **105**
- Men ki jan pou nou deplase yon moun ki fè gwo aksidan **108**
- Zo dejwente (zo ki soti nan plas yo nan jwenti yo) **109**
- Antòch ak foulay **110**
- Pwazon **111**
- Mòde bèt ki gen pwazon **112**

CHAPIT 11

MANJE: SA POU NOU MANJE POU NOU AN SANTE 113

- Maladi ki vini paske nou pa byen manje **113**
- Manje kò nou bezwen pou nou rete an sante **116**
- Sa sa vle di byen manje **118**
- Manje kont bon kalite manje **120**
- Ki jan pou nou manje pi byen lè nou pa gen anpil lajan osinon anpil tè **121**
- Ki kote pou nou jwenn vitamin: nan grenn renmèd? nan piki? nan siwo osinon nan manje? **125**
- Bagay pou nou egzante nan manje nou **127**
- Pi bon kalite manje pou timoun piti **128**
- Move lide sou koze manje a **131**
- Pwoblèm lasante ki gen rapò ak sa nou manje **132**
- Anemi (Manke san, feblès) **132**
- Tansyon **134**

- Moun ki gra **135**
- Maladi sik (dyabèt) **135**
- Ilsè lestonmak, lestonmak boule ak asid **136**
- Konstipasyon (sere) **138**
- Gwo kou (gwat) **139**

CHAPIT 12

KI JAN POU NOU ANPECHE ANPIL MALADI VIN SOU NOU **140**

- Pwòpte ak pwoblèm moun genyen lè yo manke pwòpte **140**
- Konsèy pou nou swiv si nou vle gen pwòpte **142**
- Pwòpte kote nap viv la **146**
- Vè ak parazit nan trip vant **149**
- Askaris (Gwo vè won) **149**
- Oksiyi **150**
- Trikosefal **151**
- Ankilostòm **151**
- Tenya (vè solitè) **152**
- Trichin **153**
- Amib **154**
- Gyadya **156**
- Vaksen - Jan ki pi fasil pou nou pwoteje tèt nou **156**
- Lòt bagay nou ka fè pou evite maladi ak aksidan **157**
- Move abitid ak vis ki kraze lasante kay moun **158**

CHAPIT 13

KÈK MALADI NOU KA JWENN FASIL 161

- Dezidratasyon - Manke dlo **161**
- Dyare senp ak dyare san (disantri) **163**
- Men sa pou nou fè pou yon moun ki gen dyare **171**

- Vonmisman **172**
- Maltèt ak tèt fè mal **173**
- Rim ak grip **174**
- Nen bouche ak nen kouri larim **175**
- Pwoblèm sinis la (sinizit) **176**
- Alèji - Reyaksyon alèji **177**
- Opresyon **179**
- Touse **180**
- Bwonch **182**
- Nemoni **183**
- Lajonis **184**
- Rimatis (doulè nan jwenti, jwenti anfle) **186**
- Doulè do **187**
- Varis (venn anfle) **189**
- Emowoyid **189**
- Pye ak lòt pati nan kò nou ki anfle **190**
- Èni **191**
- Kriz **192**

CHAPIT 14

MALADI GRAV KI MANDE ALE NAN DISPANSÈ **193**

- Tibèkiloz (TB, maladi pwatrin, maladi touse) **193**
- Laraj **195**
- Tetanòs (maladi kò rèd) **197**
- Mennenjit (enfeksyon sèvo) **200**
- Malarya **201**
- Maladi chabon **204**
- Lafyèv tifoyid **205**
- Lalèp **207**

CHAPIT 15

MALADI PO **210**

- Men ki jan pou nou swen maladi po **210**
- Men ki jan pou nou sèvi ak konprès cho **212**
- Rekonèt ki kalite maladi po nou genyen **214**
- Lagal **216**
- Pou **217**
- Tik ak karapat **218**
- Ti bouton ak pi **218**
- Enpetigo **219**
- Klou ak apse **219**
- Gratèl, chofi, reyaksyon alèji **220**
- Plant ak lòt bagay ki ka lakoz gratèl osinon ki ka boule po moun **221**
- Zona **221**
- Pyas, lateng ak dat (enfeksyon chanpiyon) **222**
- Ti tach blanch sou figi ak kò moun **223**
- Vitiligo (gwo tach blanch sou po) **224**
- Mak fanm ansent **224**
- Pelag ak lòt pwoblèm po malnitrisyon bay moun **225**
- Veri (Bouton chen, grenn sèl) **227**
- Kò **227**
- Bouton ak pwen nwa (akne) **228**
- Kansè po **228**
- Tibèkiloz sou po ak nan glann **229**
- Erisipèl **229**
- Kangrenn **230**
- Maleng ki vini paske san nou pa sikile byen **230**
- Maleng kabann **231**
- Pwoblèm po tibebe **232**
- Egzema (plak wouj plen ti bouton) **233**
- Psoriasis **234**

CHAPIT 16

JE YO **235**

- Siy kap fè nou rekonèt gen danje pou je nou **235**
- Blese nan je **236**
- Ki jan pou nou wete pay osinon pousyè ki antre nan je nou **236**
- Je wouj - Je kap fè mal **237**
- Konjonktivit **238**
- Trakòm **238**
- Lè tibebe ki fenk fèt gen je wouj **239**
- Iritis (glè je anfle) **240**
- Glokòm **241**
- Enfeksyon nan sak dlo je a **242**
- Lè nou pa ka wè twò byen **242**
- Je vewon ak je louch **242**
- Klou nan je **243**
- Chè nan je **243**
- Yon koche nan je, ilsè osinon yon kwout sou glas je a **243**
- San nan blan je a **244**
- San ki soti dèyè glas je a **244**
- Pi dèyè glas je a **244**
- Katarak **244**
- Avèg nan nwit ak zewoftalmi **245**
- Tach osinon "Mouch" devan grenn je moun **246**
- Wè doub **246**

CHAPIT 17

DAN AK JANSIV

- Ki jan pou nou swen dan nou ak jansiv nou **247**
- Kari dantè (twou nan dan) **249**

- Maldan ak apse **249**
- Piyore, maladi jansiv senyen, jansiv anfle **250**
- Bòkyè, mak fann nan kwen bouch **251**
- Plak blanch ak tach blanch nan bouch **251**

CHAPIT 18

APARÈY PIPI AK PATI POU FÈ PITIT **253**

- Pwoblèm nan aparèy pipi **253**
- Enfeksyon aparèy pipi yon moun pa ka ba yon lòt nan rapò **254**
- Pyè nan ren **255**
- Glann pwostat la anfle **255**
- Ki lè epi ki jan nou dwe sèvi ak sonn **256**
- Aparèy pou fè pitit **258**
- Maladi nou ka trape lè nou nan rapò ak yon moun **259**
- Ekoulman **259**
- Sifilis **260**
- Apse lenn **262**
- SIDA **263**

CHAPIT 19

SA TOUT FANM DWE KONNEN **266**

- Règ (lalin, pye) **266**
- Menopoz - Rete (lè yon fi sispann gen lalin li) **267**
- Pwoblèm fanm **268**
- Pèt **268**
- Men ki jan yon fanm ka evite anpil enfeksyon **269**
- Doulè ak jenman fanm santi nan anba ti vant **270**
- Kansè nan manman vant lan **271**

- Gwosès sou deyò manman vant lan **271**
- Foskouch **271**
- Ansent - Gwosès **273**
- Ki jan pou yon fi rete an sante lè li ansent **273**
- Ti pwoblèm nou ka genyen lè nou ansent **274**
- Siy kap fè nou konnen gen danje lè yon fanm ansent **275**
- Fè doktè wè nou tanzantan pandan nou ansent lan **276**
- Fich fanm ansent **279**
- Men sa yon fanm ansent dwe gen tou pare anvan li akouche **281**
- Ann pare pou akouchman **283**
- Siy ki fè nou konnen dat akouchman an pre **287**
- Tan akouchman **289**
- Sa pou nou fè pou ti bebe a apre li fèt **292**
- Sa pou nou fè pou bout kòd lonbrit la **293**
- Delivrans lan (lè mèt vant lan soti) **294**
- Emoraji (senyen anpil) **294**
- Men ki jan pou nou sèvi ak piki ositosik: Ègonovin , Ositosin-Pitosin eks. **296**
- Akouchman difisil (tèt chaje) **297**
- Sa pou nou fè lè twou nesans lan chire **299**
- Swenyaj pou tibebe ki fenk fèt la **300**
- Maladi tibebe **302**
- Lasante tinouris **307**
- Lafyèv apre akouchman (enfeksyon apre akouchman) **307**
- Swen tete yo **308**
- Apse nan tete **309**
- Kansè nan tete **310**
- Men ki jan pou nou egzaminen tete nou **311**
- Gwo danje pou manman yo ak tibebe yo **311**

CHAPIT 20

FÈ PLAN POU FANMI NOU - POU NOU KA FÈ VALÈ PITIT NOU VLE 312

- Kontwole fè pitit la bon - li pa gen danje ladan l? **313**

- Chwazi yon metòd pou kontwole fè pitit **314**
- Grenn pou kontwole fè pitit **315**
- Lòt metòd pou kontwole fè pitit **320**
- Metòd pou moun ki pa janm vle fè pitit ankò **321**
- Metòd ki pa mache twò byen **323**
- Sèvi ak de metòd diferan anmenntan **324**
- Gason ak fanm ki pa sa fè pitit **325**

CHAPIT 21

SANTE AK MALADI TIMOUN **326**
- Sa pou nou fè pou kenbe timoun yo an sante **326**
- Jan timoun grandi ak chemen lasante **328**
- Kout flach sou pwoblèm lasante timoun yo diskite deja nan lòt chapit yo **337**
- Maladi ti moun yo pa pale nan lòt chapit yo **341**
- Doulè ak Enfeksyon nan zorèy **341**
- Lafyèv rimatis **343**
- Maladi atrapan kay timoun **344**
- Varisèl **344**
- Saranpyon - Lawoujòl **344**
- Ribeyòl **345**
- Malmouton **345**
- Koklich **346**
- Difteri **347**
- Paralizi timoun (polyo, maladi kokobe a) **348**
- Men ki jan pou fè beki byen senp **349**
- Pwoblèm timoun fèt ak yo **350**
- Zo ranch yo dejwente **350**
- Èni nan lonbrit **351**
- Ti sak grenn lan anfle (se ka maklouklou, se ka èni) **351**
- Timoun kannannan, soudè, bèbè osinon donmaje **352**
- Reta nan premye mwa **355**
- Ede timoun yo aprann **355**

CHAPIT 22

LASANTE AK MALADI GRANMOUN **356**

- De twa mo sou maladi nou pale deja nan lòt chapit nan liv la **356**
- Lòt gwo maladi granmoun **358**
- Maladi kè **358**
- Konsèy nap bay jennmoun ki ta renmen pa malad lè yo granmoun **359**
- Kriz kè (paralizi, konjesyon serebral, aksidan venn sèvo) **361**
- Maladi soud ki mache ak zorèy kònen ansanm ak tèt vire **361**
- Pa ka dòmi (ensomni) **361**
- Maladi yo jwenn pi fasil kay moun ki depase 40 an **362**
- Siwoz fwa **362**
- Pwoblèm ak fyèl la **363**
- Asepte lanmò **364**

CHAPIT 23

BWAT FANMASI **365**

- Kouman pou nou okipe bwat fanmasi a **366**
- Fè pwovizyon pou bwat fanmasi a **367**
- Bwat fanmasi pou lakay **368**
- Bwat fanmasi pou bouk la **370**
- Ti koze ak moun ki gen boutik osinon fanmasi **373**

CHAPIT 24

RENMÈD FÈY **374**

- Men kèk fèy nou kapab sèvi lè nou gen kèk maladi **374**
- Men kèk fèy pou nou pa abize (pa bwè twòp) **382**

- Men kèk fèy pou nou pa abize (pa bwè twòp) **382**
- Men kèk renmèd pou nou pa bay fanm ansent **383**
- Men kèk fèy ak grenn pou nou pa kite timoun manyen osinon jwe avèk yo **383**
- Men non lasyans bay (lòt bò dlo) plant yo **386**
- Men kèk liv nou te konsilte pou fè travay sa a **392**

PAJ VÈT YO **393**

- Kouman pou nou sèvi ak medikaman ki nan liv sa a **393**
- Lis medikaman ki nan Paj Vèt Yo **396**
- Lis non medikaman ki nan Paj Vèt Yo **399**
- Sa pou nou konnen sou medikaman **402**
- Ti Diksyonè **437**
- Lis Mo **447**
- Lòt medikaman pou trete kèk maladi **466**
- Ti fèy pou nou dechire

PREMYE KOZE

Liv sa a ekri espesyalman pou tout moun kapab pran reskonsablite yo sou zafè sante yo, e sitou pou moun ki rete lwen sant sante ak moun ki rete kote ki pa gen doktè.

Konsa, liv sa a fèt pou tout moun ki ta renmen fanmi yo osinon moun nan kominote yo gen lasante. Nou ekri liv sa a paske nou kwè:

1 - **Lasante se pa sèlman yon dwa tout moun genyen, men tou se yon reskonsablite pou tout moun.**

2 - **Tout pwogram osinon tout aktivite lasante fèt pou chache bay tout moun mwayen pou yo jwenn lasante pou kont yo.**

3 - **Ak bon jan enfòmasyon ki klè epi ki senp, nenpòt moun kapab evite osinon trete pifò pwoblèm lasante lakay yo pi bonè, pi bon mache epi yon fason ki pi fasil pase swen doktè kapab bay.**

4 - **Se pa sèlman yon ti ponyen moun ki dwe konnen ki jan yo bay swen, men tout moun dwe gen konesans sou sa.**

5 - **Nou kapab fè moun ki pat chita sou ban lekòl konfyans menm jan ak sa ki save yo. Tou de entelijan menm jan an.**

6 - **Se pa moun ki soti lòt kote ki dwe bay premye swen yo, nou dwe lage travay sa a nan men moun kap viv nan kominote a.**

Nap di aklè, nou dwe konnen lizyè nou si nou vle okipe zafè lasante nou pou kont nou. Tansèlman, nan liv sa a nou bay konsèy sou **kisa nou dwe fè**, men tou **ki lè pou nou chache konkou.** Nan liv sa a nap jwenn konsèy sou ki lè li enpòtan pou nou chache konkou yon ajann sante osinon yon doktè. Men, se pa tout lè nap jwenn yon ajann sante osinon yon doktè bò lakay nou, se pou sa nan liv sa a, nap jwenn tou kèk konsèy sou **ki sa nou dwe fè pandan nap tann doktè** menm lè pwoblèm yo grav anpil.

Liv sa a ekri nan bon jan kreyòl, pou nenpòt moun, menm sa ki pa save yo kapab konprann sa ki ladan l. Nou sèvi ak pawòl ki senp, men ki pa charabya. Gen de lè nou sèvi ak pawòl ki save lè sa nesesè. Nan pi fò ka nou sèvi ak mo save yon fason pou nou konprann vit sa yo vle di. Konsa, moun kap li liv sa a kapab gen yon chans pou yo aprann kèk mo anplis epi pou yo gen plis ladrès nan swen lasante.

Nou esplike kèk pawòl moun kapab pa konprann nan ti diksyonè ki nan paj dèyè yo.

Liv sa a, **KOTE KI PA GEN DOKTÈ** te ekri nan lang panyòl pou peyizan kap viv nan mòn peyi Meksik. Moun ki ekri liv sa a te travay pandan 13 lanne ak peyizan nan zòn nan pou fè yon chenn laswenyaj pou peyizan yo dirije pou kont yo. Yo sèvi ak liv **DONDE NO**

HAY DOCTOR a nan tout peyi ki nan Amerik Latin nan. Liv sa a ekri nan anpil lòt lang, pou li kapab sèvi anpil kote sou latè. Se premye fwa nap ekri liv sa a nan kreyòl ayisyen . Men se yon liv ki deja parèt plizyè fwa an panyòl, an anglè, an fransè. Tradiksyon kreyòl sa a apiye sou tousa ki te fèt anvan yo. Men li chache rete dakò ak sak fèt nan peyi a.

Pou liv sa a sèvi pi byen, moun kap sèvi avèk li dwe konnen byen sa moun yo bezwen pou yo gen lasante, ki jan yo viv, ladrès yo genyen pou bay moun gerizon, ki jan moun yo pale nan chak zòn peyi a.

Nou envite tout moun osinon tout pwogram pou yo sèvi ak tout liv la, osinon ak yon pati ladan l, pou prepare gid pa yo pou peyizan yo osinon ajann sante yo. Nou pa bezwen mande pèmisyon moun ki ekri liv la osinon moun ki pibliye liv la - depi yo **pa pran pati nan liv la pou yo fè lajan**. Nou ta kontan si nou mete non moun ki ekri liv la epi voye yon kopi nan adrès sa a:

Ekip Koòdinasyon Liv " Kote ki pa gen doktè"
c/o ICC B.P. 1767
Port-au-Prince, Haiti (W.I).

Si nou pa gen mwayen pou nou prepare pwòp liv pa nou, nou ta konseye nou ajoute nan liv la kèk paj ki gen pi plis kozman sou pwoblèm ki gen nan zòn nan. Nan PAJ VÈT YO (KI JAN POU NOU SÈVI AK MEDIKAMAN KI GEN NAN LIV LA, DÒZ YO AK PREKOSYON), nap jwenn kote pou nou ekri non ak pri medikaman yo kote nap viv la. Pwogram osinon òganizasyon kap sèvi ak liv sa a kapab fè yon lis non medikaman ak pri yo pou yo bay ansanm ak liv la.


Nou ekri liv sa a pou tout moun ki vle fè jèfò pou yomenm ak lòt moun jwenn lasante. Tansèlman, liv la sèvi anpil pou fòmasyon ajann sante yo, se pou sa nou fè yon pale espesyal ak ajann sante yo, pou nou fè yo konnen aklè **premye travay yo se separe sa yo konnen epi fè levasyon moun ki nan zòn nan.**

Jodi a, nan tout peyi ki devlope ak nan peyi ki pa devlope yo, sèvis sante yo gen gwo pwoblèm. Pi souvan, yo pa kapab jwenn solisyon pou tousa yon moun bezwen. Pa gen bon lajistis. Kèk moun kenbe tout richès la nan men yo.

Nou ta kontan pou nou pataje sa nou konnen sou lasante, pou nou aprann sèvi pi byen ak renmèd fèy menm jan ak medikaman fanmasi, konsa chak moun ap kapab jwenn chemen lasante pou tèt pa li epi yonn ap okipe lòt pi byen nan pi bon santiman ak pi bon kè.

D.W.

Premye edisyon liv Kote Ki Pa Gen Doktè a te deja sou près lè dezyèm edisyon liv Where There Is No Doctor a parèt. Nou te deja adapte liv la dapre tretman Òganizasyon Pànamerikèn pou Sante / Òganizasyon Mondyal pou Sante (OPS/OMS) bay nan peyi a. Na adapte dezyèm edisyon liv Kote Ki Pa Gen Doktè a dapre dezyèm edisyon liv Where Is No Doctor a apre nou resevwa tout kritik sou liv sa a ki nan men ou kounye la a.



KOZMAN AK AJANN SANTE YO

Ki moun yo ye?

Yon ajann sante nan zòn andeyò se yon moun kap travay pou ede fanmi li ak lòt vwazinay li yo jwenn pi bon swen pou kò yo. Anpil fwa se moun nan kominote a menm ki chwazi moun sa a (kit se gason kit se fi) paske yo konnen li gen lizaj epi li kapab.

Gen ajann sante nan zòn andeyò ki etidye pou sa osinon ki patisipe nan yon pwogram fòmasyon sou lasante. Gen lòt ki pa resevwa okenn papye sètifika pou sa, ni ki pa anplwaye leta. Men se moun nan zòn lan menm yo ye ki deja gen repitasyon pou sa. Se nan gade ak je yo, nan pote konkou, nan etidye pou kont yo, yo rive genyen konesans epi yo geri anpil ka maladi. Genyen ki di se don yo genyen.

Lè nou gade byen, **yon ajann sante nan zòn andeyò se nenpòt moun ki vle, ki deside epi kap travay ak lòt moun nan kominote a pou tout moun kapab jwenn pi bon swen lasante.**

Sa vle di, nenpòt moun nan kominote a kapab yon ajann sante, te dwe yon ajann sante:

- Granmoun yo kapab moutre timoun yo kouman pou yo kenbe kò yo pwòp;
- Travayè latè kapab kole tèt yo ansanm pou fè tè a bay plis rannman;
- Pwofesè lekòl yo kapab moutre timoun yo kouman pou yo evite osinon geri maladi ak lòt ti blese yo fasil ka genyen;
- Timoun yo kapab pataje ak granmoun yo tousa yo aprann lekòl;
- Moun kap vann nan boutik yo dwe konnen tout ti detay sou chak medikaman yo vann, poukisa yo bon, ki jan pou moun pran yo. Konsa yo kapab ede pi fasil moun kap achte yo ak bon ti konsèy (p.373);
- Fanmsaj yo kapab moutre manman yo jan sa konsekan pou yo manje byen lè yo ansent, pou yo bay timoun yo tete, epitou pou yo fè planin.

Nou ekri liv sa a pou tout moun sa yo ki nan yon sans, yo chak se yon ajann sante yo ye. Se yon jan pou pèmèt yo konnen plis, pou yo ka fè plis pou ede tèt yo, fanmi yo ak tout lòt moun nan kominote a jwenn pi bon swen lasante.

Kit nou se ajann sante, kit nou se mis, kit nou se doktè, pa bliye: liv sa a pa pou nou sèlman, men **pou tout moun**. Yonn di lòt!

Sèvi ak liv sa a pou separe ak lòt moun sa nou konnen, konesans nou pran ladan l. Tansèlman, nou kapab fè ti gwoup ansanm ak yo pou nou li yon chapit epi diskite sou chak chapit yonn apre lòt.



AJANN SANTE A AP VIV EPI LAP TRAVAY ANSANM AK TOUT MOUN NAN KOMINOTE KOTE LAP VIV LA. PREMYE TRAVAY LI, SE SEPARE KONESANS LI AK LÒT YO.


Zanmi Ajann sante nou yo,

Liv sa a chita sou **pwoblèm lasante** moun nan kominote yo ap soufri. Men, pou nou ede moun yo jwenn tout bon vre bon swen lasante, fòk nou pa bliye **chak moun gen ti pwoblèm pa yo tou**. Konsa, jan nou pran ka yo, jan nou boule ak yo, sa dwe gen menm enpòtans pou nou ak konesans nou genyen sou medikaman ak konsèy pou lasante nap ba yo.


Men kèk konsèy ki kapab pèmèt nou ede moun yo nan ti pwoblèm lavi yo kapab genyen, anmenmtan nap bay bon swen lasante pou tout moun.

1. SÈVI AK LIZAY. Yon ti pawòl dous, yon ti ri, yon ti tap sou zepòl osinon nenpòt lòt ti jès zanmitay, ka vle di plis pase tousa nou kapab fè. **Konsidere tout moun menm jan ak nou**. Menm si nou gen pwoblèm pa nou, menm si nou prese, fè jefò pou konprann pwoblèm lòt yo, sa kap pase nan kè yo, sa yo ta bezwen tout bon. Anpil fwa lè nap pran swen yon moun, poze tèt nou keksyon sa a: "Ki sa mwen ta fè si moun sa a te yon fanmi pa mwen?"

Pran swen malad yo tankou moun. Moun ki malad grav yo, moun ki pral mouri yo, manm fanmi yo, ba yo bon jan. Moutre sa fè nou mal tou.



GEN BON KÈ.
Bon kè konn ede moun pi plis pase medikaman. Pa pè kite moun yo wè jan sa fè nou mal.



CHACHE TOUT JAN NOU KAPAB POU SEPARE KONESANS NOU AK MOUN YO.

2. BOUKANTE KONESANS NOU AK LÒT YO. Premye travay yon ajann sante se menm bagay ak travay yon pwofesè lekòl. Sa vle di, ede moun yo konprann ki jan yo kapab evite maladi. Sa vle di tou moutre moun yo jan pou yo rekonèt yon maladi, jan pou yo goumen ak li epi konnen ki jan yo dwe sèvi ak renmèd nan fanmasi.

Pa gen okenn danje nan separe konesans nou ak lòt moun. Men nou dwe sèten pou yonn, tout moun konprann, pou de, nou pap ba yo manti. Anpil doktè kwè gen danje pou moun **swen tèt yo**, se ka paske yo ta

renmen wè moun yo toujou ap mache nan klinik yo vin depanse lajan. Men pou di laverite, **pifò maladi moun yo soufri kapab jwenn pi bon tretman si moun yo gen tan pran bonè lakay yo.**

3. RESPEKTE LIDE, MÈS, KOUTIM, ABITID NOU JWENN NAN KOMINOTE A.

Paske nou konn yon ti kichòy sou jan doktè nan lòt peyi rive geri maladi, se pa sa ki pou fè nou meprize renmèd yo sèvi lakay nou. Anpil fwa, jan doktè lòt peyi yo travay, yo pa fin konsidere malad la tankou yon moun, men tankou yon materyo nan men gwo bòs. Se dilere sa, paske...

Si nou ka rive mete ansanm sa ki bon nan renmèd lòt peyi yo, nou ta jwenn pi bon rezilta pase lè nou sèvi ak yonn osinon ak lòt pou kont yo.

Konsa, se anrichi nap anrichi eritaj pèp la, se pa kraze nap kraze l anba pye nou.

Pou di vre, si nou jwenn kichòy ki merite chanje nan tretman ak renmèd lakay yo (tankou mete fil zarenyen ak ravèt sou lonbrit yon tibebe ki fenk fèt) se pou wè ki jan sa ka chanje. Men pran anpil prekosyon pou moun ki kwè se konsa pou sa fèt la, yo pa santi nap pase yo nan rizib. Pa janm di moun yo sa yo kwè a pa bon. Okontrè, ede yo konprann poukisa yo dwe sèvi yon lòt jan.

Nan tout peyi sou latè, depi tout tan, moun pa janm renmen chanje fasil abitid ak mès yo genyen depi lontan. E yo gen rezon. Yo respekte sa yo konnen ki bon. Se pou nou respekte sa tou.

Lèfini, doktè lòt peyi yo pa gen tretman pou tout maladi. Si avèk sistèm pa yo, yo rive trete anpil maladi, yo konn lakòz tou moun yo tonbe anba lòt maladi ki ka pi gwo pase sa yo te gen anvan an. Konsa tou, moun yo rive chita twòp sou medikaman fanmasi ak tretman doktè lopital, yo pran twòp medikaman, yo bliye ki jan pou yo pran swen kò yo ak swen lòt moun.

Konsa, zanmi mwen, al dousman. Toujou respekte konesans peyizan nou yo, ak mès moun lontan yo. Respekte diyite yo. Ede yo mete sou sa yo konnen deja, sou ladrès yo genyen deja.



TRAVAY NAN TÈT ANSANM AK DOKTÈ YO, AK FANMSAJ YO-PA CHACHE KRAZE YO, APRANN NAN MEN YO.

Konsa na ankouraje yo pou yo aprann nan men nou.

4. PA DEPASE LIMIT NOU.



Konnen limit konesans ak ladrès nou. Kit konesans ak ladrès nou anpil, kit yo piti, nou kapab fè yon bon travay depi nou konnen mezi konesans nou, depi nou rete nan limit nou. Sa vle di: **Fè sa nou konn fè**. Pa eseye fè yon bagay si nou pa konnen jan pou fè l, osinon si nou pa gen kont esperyans pou sa, plis toujou, lè nou konnen sa kapab tounen mal pou moun nan.

Sèvi ak bon konprann nou.

Anpil fwa, pou yon ajann sante pran yon desizyon, sa konn chita sou de (2) pwen sa yo:

a) Eta maladi a
b) Longè wout pou moun malad la ta fè anvan pou jwenn sekou nan men yon moun ki abil ki gen plis ladrès.

Annou gade ka sa a: Se yon fanm ki fin akouche epi kap bay san depase sa pou l ta bay. Si ta gen yon sant toupre, li ta pi bon pou nou mennen l nan sant lan lapoula. Men si fanm nan ap senyen anpil epi sant lan lwen, nou ka deside bay matris la yon masaj, osinon ba li yon piki ositosik menm si yo pat janm moutre nou sa (wè paj 292 ak 294).

Pa pran chans si se pa nesesè. Men gen ka nou ka jwenn si nou pa fè anyen menm, maladi a ka vin pi grav. Lè konsa pa pè fè kichòy nou konnen nan bon konfyans nou ki ka ede moun lan.

Konnen limit nou epi sèvi ak bon konprann nou. Toujou chache pwoteje moun malad la plis pase pwòp tèt pa nou. Lavi malad la pi konsekan pase repitasyon nou.



5. PA JANM SISPANN APRANN.

Pa kite okenn chans pase pou mete sou sa nou konnen deja. Li tout liv nou ka jwenn, pran tout kalite enfòmasyon ki kapab ede nou vin yon bon ajann sante, yon bon mèt osinon yon bon moun.

Toujou pare pou poze nenpòt moun keksyon depi li ka aprann nou kichòy, (doktè, agwonòm, mis, elatriye.)

Pa janm pèdi okenn chans pou rafrechi konesans nou, osinon pou swiv lòt kou antrenman.

Travay nou se moutre lòt yo. Nou bay sa nou genyen. Si nou pa toujou ap aprann pou tèt pa nou, yon lè ap rive nou pap gen anyen pou moutre lòt yo. Kannari pa sous.

6. SE POU NOU FÈ SA NAP MOUTRE LÒT YO FÈ.

Moun pi fasil gade sou sa nap fè pase pou yo koute sa nap di yo. Yon ajann sante fèt pou bay bon egzanp nan zòn kote lap travay la. Li dwe veye anpil sou jan lap kondi tèt li epi sou abitid li.

Anvan nou mande lòt yo gen latrin, gade si lakay pa nou, nou genyen deja.

Se menm jan an tou, si nou ta vle ede moun yo fè yon tèt ansanm pou fouye yon twou depotwa, fòk nou dakò tou pou travay tankou lòt yo, ansanm ak yo.


Yon bon lidè pa chita ap plede di moun yo sa pou yo fè. Men li bay bon egzanp pou yo swiv.



FÈ SA NAP MOUTRE LÒT MOUN YO FÈ
(Si se pa sa ki moun kap koute nou)

7. SE POU NOU TRAVAY PASKE NOU RENMEN FÈ TRAVAY LA.

Si tout bon vre nou ta vle lòt moun yo mete men pou zòn lan vin pi pwòp, pou yo pa kite maladi gate vanyan, se pou nou renmen travay nap fè a. Si se pa sa, kilès moun kap swiv nou? Chache fè tout travay nap fè pou kominote a vin enteresan.



LÈ NAP TRAVAY, WÈ MOUN YO ANVAN LAJAN.
(Moun gen plis valè pase lajan).

Yon travay tankou fè yon baryè arebò yon sous dlo kote tout moun vin pran dlo pou bèt pa vin sal dlo a, ka mande anpil egzijans, ki kapab tounen yon nwizans. Men tou, nou ka fè l tounen yon fèt, nou kapab gen mizik, bon jan kola fre, de twa bout kann, yon ti manje. Travay la ap fèt pi vit, lèfini se va yon plezi pou tout moun. Timoun yo tou kapab ede depi yo wè travay la tankou yon jwèt serye. Se pa tout moun ki ka peye nou pou sa nou fè pou yo.

Sa ki pi konsekan an, se pa janm refize sèvi yon moun, ni pa bay yon moun yon sèvis konsa konsa, paske li pòv, li pa peye nou.

Konsa , moun yo va respekte nou epi yap gen plis konfyans nan nou. Ajisman konsa gen plis valè pase lajan.

8. WÈ LWEN, PRAN DEVAN - EPI EDE LÒT YO FÈ MENM JAN AN TOU.

Yon bon ajann sante pa chita ap tann moun yo tonbe malad. Evite miyò pase mande padon. Lap travay pou kwape maladi anvan pou maladi mete pye. Epi sou premye siy maladi a li gen tan la pou maladi a pa chita sou moun yo. Lap ankouraje moun yo pran swen kò yo **depi jodi a** pou yo kapab pwoteje lasante yo, pou demen yo pa malad.

Nou ka evite anpil maladi. Travay yon ajann sante se ede moun yo konprann rasin maladi yo, chache konnen poukisa yo tonbe malad epi pran prekosyon pou sa pa rive.

Pifò maladi nap soufri yo pa soti yon sèl kote; gen anpil bagay ki ka lakòz yo. Bagay sa yo yonn mennen lòt. Pou nou dechouke yo nèt fòk nou chache **trete yo depi nan rasin**. Fòk nou fouye jouk nou jwenn kote sa soti.

Annou pran yon ka: nan anpil ti bouk, dyare (vant mennen) se yonn nan maladi nou jwenn pi fasil kap touye anpil timoun piti. Yo ka trape maladi sa a paske moun yo pote neglijans nan pwòpte ni lakay yo, ni nan zòn lan. Pou nou evite sitirasyon sa a, se pou nou ankouraje moun yo fè bon latrin epi moutre yo kouman pou yo fè pwòpte kò yo ak pwòpte kote yap viv la.




EDE LÒT MOUN YO PARE POU DENMEN YO

Men, se timoun ki malnouri yo ki plis soufri osinon ki mouri pi fasil anba dyare. Ti kò yo twò fèb pou

goumen ak mikwòb ki pote maladi sa a. Konsa, pou evite timoun yo mouri ak dyare, fòk nou pa kite timoun yo malnouri.

Koulye a nap mande poukisa gen anpil timoun kap soufri malnitrisyon konsa?

- Èske se manman yo ki lakòz paske yo pa konnen kalite manje konsekan pou ba yo (tankou bay tete)?
- Èske se papa ak manman yo ki lakòz paske pa gen kont lajan pou achte manje, osinon tè yo pa donnen ase pou swen timoun yo?
- Èske se ti ponyen moun rich kap kontwole twaka tè ak richès peyi a ki lakòz sa?
- Èske se pòv yo ki pa konnen kouman pou yo fè ti kras tè yo genyen an bay plis rannman?
- Èske se papa ak manman yo ki fè twòp pitit yo pa ka reskonsab epi kap plede fè toujou?



Chenn bagay ki bay dyare jouk sa rive nan lanmò

- Èske se papa yo ki dekouraje epi kap gaspiye ti lajan yo genyen an nan tafya?
- Èske se konnen yo pa konnen travay nan tèt ansanm ak separe yonn ak lòt, kapab ede yo chanje sitirasyon yap viv la epi fè yo jwenn solisyon pou pwoblèm kap touye yo a?

Nou kapab wè gen anpil nan rezon sa yo, lè se pa tout, ki makònen yonn ak lòt tankou yon chenn, ki reskonsab lanmò timoun yo. Sèten nou ka jwenn lòt rezon toujou. Konsa, reskonsablite yon ajann sante se ede moun yo konprann ki sa ki lakòz pwoblèm yo epi chache jwenn solisyon anvan malè rive.

Men chonje byen: pou anpeche maladi dyare touye timoun yo, fè latrin, gen bon dlo pou bwè, gen manje, pa ase. Gen lòt bagay ki pi konsekan toujou, tankou pa grennen pitit yonn dèyè lòt, travay tè a ak pi bon ladrès epi separe yonn ak lòt byen, richès ak pouvwa pou tout moun ka pwofite san patipri, san paspouki, san lenjistis.

Lakòz anpil nan maladi nap soufri, rasin tribilasyon nap pase soti nan : Chak koukouy

klere pou je yo; Fè abi, moun pa; Bliye pare pou denmen; Fè gwo tanta. Si nap chache tout bon vre sa ki bon pou moun yo, se pou ede yo separe, travay ansanm epi chonje denmen.

GEN ANPIL BAGAY KI GEN RAPÒ AK SWEN LASANTE

Nou sot wè de twa bagay ki ka lakòz maladi dyare ak malnitrisyon. Konsa tou, nou ka wè gen yon seri pwoblèm tankou **separe tè a, fè tè a bay plis rannman, levasyon,** ak **jan yonn boule byen osinon mal ak lòt** kapab lakòz anpil lòt maladi.

Si sa ki enterese nou se bon jan lavi pou tout moun nan kominote a, nou fèt pou ede moun yo jwenn solisyon pou gwo pwoblèm sa yo, ki yo menm tou aji sou lasante moun.

Gen lasante pa vle di pa malad ase. Se plis pase sa. Se lè nou santi nou anfòm nan kò nou, nan lespri nou ak nan rapò ak tout moun nan zòn kote nou rete a. Moun viv pi byen kote ki gen pwòpte, kote yonn fè lòt konfyans, kote tout moun travay nan tèt ansanm pou debat ak lavi a, kote yonn separe ak lòt ni lè sa bon ni lè sa pa bon, kote yonn ede lòt aprann yo devlope tèt yo pou yo ka viv tankou moun tout bon.

Fè tousa nou kapab pou debat ak pwoblèm moun yo jwenn chak jou. Men, pa bliye, pi gwo travay nou, se chache fè zòn ki sou reskonsablite nou an tounen yon kote ki pi pwòp, yon kote moun pa viv tankou bèt.

Se yon gwo chay nou gen la a, noumenm ki ajann sante.

Men, nap mande ki kote pou koumanse?

CHACHE KONNEN BYEN KOMINOTE KOTE NAP VIV LA

Dèske nou grandi nan zòn lan, nou leve nan mitan moun yo, nou konnen yo byen, nou kapab konnen deja anpil pwoblèm lasante yo genyen. Nou se moun kay. Nou wè pwoblèm yo sou andedan. Men, pou konnen tout sitirasyon an nèt, li toujou bon pou gade li plizyè kote anmenmtan.

Reskonsablite yon ajann sante, se chache sa ki bon pou **tout moun**. Pa sèlman pou moun li konnen, osinon pou moun ki mache sou li. Fòk li pa neglije yon gwoup pou yon lòt. Boule ak tout moun. Fè ti vizit nan chak kay, nan chak bitasyon, nan chak lakou, nan chak lekòl. Ale nan tout reyinyon kap fèt. Chache konprann sa ki fè moun yo plezi, sa ki ba yo lapenn, sa kap boulvèse tèt yo. Kalkile ansanm ak yo sou abitid yo genyen, sou bagay yap fè chak jou ki ka ede yo gen lasante, ak sou bagay ki ka louvri pòt pou maladi ak aksidan.

Anvan nou mete yon pwojè osinon yon pwogram sou pye nan kominote a, chache konnen byen sa nap bezwen pou nou fè l epi ki chans sa genyen pou sa mache. Pou nou travay nan bon kondisyon, se pou nou kalkile sou:


1. **Sa moun yo santi yo bezwen:** se toujou sa ki pi gwo pwoblèm yo genyen.
2. **Sa moun yo bezwen tout bon:** sa yo gen pou yo fè pou yo derasinen pwoblèm sa yo nèt ale.
3. **Bon jan volonte**: jan moun yo soti pou yo òganize travay la, lèfini pou yo fè tousa ki dwe fèt.

4. **Sa yo genyen pou fè travay la**: moun ki dispoze travay, ladrès yo genyen pou fè travay la, materyo ak lajan yo bezwen pou travay la pa kanpe.


Pou nou konprann jan tout lide sa yo konsekan anpil, annou pran ka yon nèg ki fimen anpil. Lap trennen yon tous mizèrere kap anvlimen chak jou. Li tonbe plenyen sa ban nou.




1. Pi **gwo pwoblèm** li se trete tous la.



2. Sa pou l **ta fè tout bon** se kite fimen.



3. Pou trete tous la, fòk li vle kite fimen. Pou sa, se pou l konprann sa fimen an gen ladan l.




4. Yonn nan bagay ki kapab ede l, se moun osinon liv kap moutre li danje ki genyen nan fimen. Yon lòt bagay kap ede l anpil tou pou li kite fimen, se lè li jwenn ankourajman nan men moun lakay li, nan men zanmi l ak nan men nou tou.

CHACHE KONNEN SA MOUN YO BEZWEN

Premye sa yon ajann sante dwe fè, se chache konnen sa moun yo pi bezwen epi ki pwoblèm lasante ki pi enpòtan pou yo nan kominote a. Pou ajann sante a ka rive konnen tout bon vre sa kominote a bezwen ak pwoblèm lasante ki ladan l, li ta bon pou li kouche sou papye yon seri keksyon pou li mande.

Nan de (2) paj keksyon kap vini apre yo, nou va jwenn de twa bagay nou ka bezwen konnen. Men toujou chonje chwazi keksyon ki pi enpòtan pou **zòn pa nou an**. Chwazi keksyon kap pèmèt nou jwenn sa nou bezwen konnen an, epi tou kap ede moun yo koumanse kalkile yomenm sou pwoblèm ki pi konsekan pou yo.

Pa mete twòp keksyon, ni keksyon ki twò konplike sou lis la, sitou, si nou gen pou pase nan chak kay. Pa bliye **trete moun yo tankou moun**. Yo pa renmen pou nou trete yo tankou yon nimewo. Nan chache konnen, premye bagay pou nou chonje se sa moun yo yomenm yo vle ak sa yo santi. Anpil fwa li ta pi bon pou nou pa bezwen mache ak papye nan men nou. Nan zafè pwoblèm fondalnatal kominote a, li ta pi bon pou nou gen kèk keksyon nan tèt nou tou pare.





KALITE KEKSYON NOU KAPAB MANDE POU CHACHE KONNEN PWOBLÈM LASANTE NAN KOMINOTE A EPI POU EDE MOUN YO FÈ TÈT YO TRAVAY



SA MOUN YO SANTI YO BEZWEN

Nan lavi moun yo toulejou, ki sa yo kwè ki ede yo pa malad? (Sitirasyon lavi yo, kwayans yo, abitid yo, elatriye?) Nan zafè lasante tankou nan tout lavi yo, ki sa moun yo kwè ki pi gwo pwoblèm yo? Poukisa yo pi chofe? Epi ki sa yo pi bezwen?



PWÒPTE NAN KAY



Ak ki materyo kay yo fèt? Ki jan miray yo ye? Atè kay la? Èske yo kenbe kay yo pwòp? Èske yo kwit manje atè osinon ki kote? Ki kote lafimen pase pou li soti deyò? Sou ki sa moun yo dòmi?

Èske yo gen pwoblèm ak pou, pinèz, ravèt, mouch, pis, rat, elatriye? Ki kalite pwoblèm? Kouman yo fè ak bèt sa yo?

Ki lòt bagay yo ta kap fè? Ki prekosyon yo pran pou pwoteje manje yo? Kouman pou yo pran plis prekosyon toujou ak manje yo?

Ki kalite bèt yo kite antre nan kay la (chen, poul, kochon...)?
Ki pwoblèm bèt sa yo bay? Ki kalite maladi bèt yo pi fasil genyen? Èske maladi sa yo fè moun malad tou? Ki sa yo fè pou goumen ak maladi sa yo?

Ki kote moun yo pran dlo? Èske dlo sa yo bon pou moun bwè? Ki prekosyon yo pran ak dlo sa yo?

Ki valè fanmi ki gen latrin? Èske yo sèvi ak latrin sa yo byen? Èske yo kenbe bouk la osinon zòn lan pwòp? Ki kote moun yo jete fatra? Poukisa?

MOUN KAP VIV NAN KOMINOTE A



Ki kantite moun kap viv nan zòn nan? Konbe nan moun sa yo ki poko rive laj kenz (15) lanne?

Ki valè moun ki konn li ak ekri? Ki jan lekòl la ye? Eske yo moutre timoun sa yo tousa yo bezwen konnen? Ki lòt jan timoun yo rive konnen sa yo vle konnen?

Konbe timoun ki fèt lanne sa a? Konbe moun ki mouri? Ki sa yo te soufri? Nan ki laj yo mouri? Eske yo te ka evite lanmò lè sa a? Kouman?

Èske kantite moun kap viv nan zòn lan vin pi plis osinon pi piti? Èske sa bay lòt pwoblèm?

Lane pase, konbe fwa moun yo tonbe malad? Konbe jou yo te pase anba maladi a? Ki kalite maladi chak moun te genyen? Ki aksidan ki te rive yo? Poukisa?

Konbe moun ki gen maladi kap trennen sou yo? Ki kalite maladi sa yo?

Konbe timoun chak fanmi genyen? Konbe timoun ki mouri? Ki sa ki touye yo? (Kouman yo mouri?) Nan ki laj? **Ki sa ki lakòz sa rive konsa?**

Konbe papa ak manman ki pa ta vle gen lòt pitit osinon ki pa ta vle fè pitit rapid? Poukisa? (wè planin paj 312).

MANJE



Konbe manman ki bay pitit yo tete? Ki lè yo sevre yo? Èske timoun sa yo pi anfòm pase lòt yo ki pa pran tete? Poukisa?

Ki sa moun yo manje pi plis? Kote yo jwenn manje sa yo? Èske moun yo sèvi ak tout manje yo ka jwenn nan zòn lan?

Konbe timoun ki parèt twò piti pou laj yo osinon ki parèt malnouri (wè paj 118). Ki sa byen manje vle di pou papa, manman ak timoun lekòl yo? Èske yo konnen kalite manje ki pi bon pou yo?

Ki kantite moun ki fimen anpil? Ki kantite ki konn bwè tafya osinon kola pi souvan? Ki konsekans sa genyen sou lasante moun sa yo ak sou lasante lòt moun nan fanmi yo? (paj 158).

TÈ A AK MANJE




Èske tè a bay kont manje pou chak fanmi jwenn? Pou konbe tan ankò tè sa yo ka bay kont manje si moun yo ap vin pi plis toujou?

Kouman yo separe tè jaden ki bay manje yo? Konbe moun ki gen jaden pa yo?

Ki sa yo fè pou jaden yo ka bay plis rannman? Kouman moun yo sere danre ak grenn yo rekòlte yo? Èske gen anpil ladan yo ki konn gate osinon ki konn pèdi nèt? Poukisa?

SWEN LASANTE AK JAN YO GERI MALADI




Ki travay doktè fèy yo ak fanmsaj yo fè pou ede moun jwenn lasante nan zòn lan? Ki jan yo okipe moun nan zòn lan?

Ak ki kalite renmèd yo sèvi? Kilès nan renmèd yo ki pi bon? Èske gen ladan yo ki konn bay pwoblèm?

Èske gen sant sante osinon klinik, dispansè ki toupre nan zòn lan? Èske yo bon? Konbe lajan yo fè moun peye? Ki kantite moun ki ale ladan yo?

Konbe timoun ki pran vaksen? Ki kalite vaksen yo pran konsa? Ki lòt prekosyon yo konn pran pou moun pa tonbe malad? Ki lòt prekosyon yo ta ka pran? Èske sa gen enpòtans?

EDE TÈT NOU



Ki pi gwo pwoblèm jodi a ki anpeche moun yo gen lasante epi ki fè yo pa ka viv byen tout bon vre? Ki lòt pwoblèm ki ka parèt denmen ki anpeche yo viv konsa?

Ki maladi moun yo geri pi fasil pou kont yo? Pouki maladi yo bezwen konkou lopital osinon lòt kalite konkou?

Èske moun yo ta renmen konnen pi bon jan pou yo swen tèt yo pi byen ak pi bon jan pou yo dechouke maladi a nèt sou yo? Poukisa? Kouman yo ka rive aprann plis toujou? Ki sa ki jennen yo?

Ki dwa moun rich yo genyen? Ki dwa moun pòv yo genyen? Ki dwa gason yo, fanm yo, timoun yo genyen? Kouman yo konsidere moun ki nan chak gwoup sa yo? Poukisa? Èske gen patipri, moun pa?

Ki sa ki merite chanje? Kouman? Ki moun ki pou fè chanjman sa a?

Èske nan zòn nan moun yo met tèt ansanm pou yo jwenn solisyon pou pwoblèm yo genyen?

Èske yo separe yonn ak lòt osinon èske yonn ede lòt lè sa pa bon?

Ki sa yo ta dwe fè pou zòn nan ka tounen yon kote pi pwòp, pi bon pou moun viv? Nan ki bout yo ta dwe koumanse?

SÈVI AK SA NOU KA JWENN NAN ZÒN LAN POU FÈ SA NOU BEZWEN FÈ A

Solisyon yon pwoblèm chita nan mwayen nou gen anba men nou pou fè sa nou bezwen fè a.

Gen yon seri travay ki mande konkou ki soti lòt kote tankou lajan, materyo ak moun ki gen ladrès. Annou gade ka sa a: Yon pwogram pou bay vaksen pa kapab fèt si yo pa pote vaksen soti lòt kote. Vaksen yo soti jouk nan peyi lòt bò dlo.

Gen lòt travay ki kapab fèt nèt ale ak sa nou jwenn nan zòn kote nou rete a. Yon fanmi osinon yon gwoup moun ki rete menm kote a kapab moute lantouray bò yon sous dlo osinon fè latrin tou senp ak materyo yo gen anba men yo.

Anpil nan medikaman ki soti nan peyi lòt bò dlo kapab ede nou bay pi bon swen lasante pou tout moun nan kominote a. Fè sa nou kapab pou rive jwenn yo, men fè sa ki nan avantaj tout moun nan kominote a.

Se pou nou toujou sèvi pi plis ak sa nou ka jwenn lakay nou.

Plis noumenm ak moun nan kominote a sèvi ak sa nou gen anba men nou, plis nou pa chita tann sa kap soti lòt bò dlo, se plis nou ap gen bon tèt ansanm nan kominote a, epi tou tout moun ap jwenn swen lasante pi fasil.

Lè nou sèvi ak sa nou jwenn nan zòn lan, nou gen de avantaj: pou yonn, nou jwenn yo anba men nou lè nou bezwen yo. Pou de, anpil fwa travay la pi byen fèt san li pa koute twò chè. Si nou ta rive fè manman yo konnen nesesite pou yo bay timoun yo tete pase pou yo sèvi ak bibwon osinon lòt kalite manje, yo ta gen plis konfyans nan tèt yo. Lè yo bay timoun tete, sa pèmèt yo evite maladi ak anpil ka lanmò.

Lè nap fè travay lasante sa a, pa bliye:

Ankouraje moun yo sèvi ak sa yo ka jwenn nan zòn kote yap viv la.



LÈT MANMAN PI BON PASE TOUT LÒT MANJE NOU KA ACHTE POU BAY TIMOUN. LÈT MANMAN SE YONN NAN PI BON BAGAY NOU JWENN ANBA MEN NOU.

Sa ki pi konsekan pou lasante moun yo, se moun yo, yo menm. Sa se bagay nou pa bezwen al chache lwen.

DESIDE SA KI GEN POU FÈT EPI KOTE NAP KOUMANSE

Depi nou fin konnen byen sa moun yo bezwen, depi nou jwenn sa yo gen anba men yo, nou dwe deside ansanm ak moun yo sa ki pi konsekan, sa pou nou fè anvan. Gen anpil bagay nou ka fè pou moun yo ka gen pi bon lasante. Gen ladan yo ki mande pou nou fè yo prese prese. Lòt yo va vin apre, paske se yo kap ede nou wè ki jan pita yon moun osinon tout moun nan zòn lan kapab viv pi byen.


Nan anpil zòn, maladi malnitrisyon fè lòt pwoblèm nan zafè lasante a pi difisil pou dechouke. **Pou moun yo santi yo enganm, fòk yo manje mezi vant yo**. Si moun yo grangou, si timoun yo ap tonbe feblès, anvan nou fè anyen pou atake lòt pwoblèm lasante yo, pito nou chache mwayen pou moun yo byen manje anvan.

Lè nou pran pwoblèm malnitrisyon an, nou wè gen anpil bagay pou nou ta fè pou nou kraze l paske gen divès bagay makònen yonn ak lòt ki lakòz li. Mete tèt nou ansanm ak tout moun nan zòn lan pou nou wè sa nou ka fè, lèfini pou nou chwazi sa nou konnen kap bay pi bon rezilta.

Nou pral wè pi ba a ki jan anpil moun chache solisyon pou pwoblèm malnitrisyon lakay yo. Gen bagay yo fè ki ba yo rezilta rapid. Gen lòt ki pran tan. Konsa tou, nou menm ak tout moun nan zòn pa nou yo, nap kapab deside sa ki pi fasil bay bon rezilta pou nou nan zòn pa nou.

SA NOU KA FÈ POU TOUT MOUN KA JWENN PI BON MANJE

JADEN DOUVAN PÒT



TERASMAN
pou dlo lapli pa bwote
tout krèm tè a ale.



CHAK LÈ CHANJE PLANTASYON

Chak de sezon plante yon kalite plant tankou pwa, wowoli (jijiri), pistach osinon lòt plant ki pou remoute tè a.




Plante mayi lanne sa a




Plante pwa lanne apre a

LÒT BAGAY NOU KA FÈ POU JWENN PI BON MANJE


FÈ KANNAL POU WOUZE TÈ YO




FÈ BASEN PWASON



ELVAJ MYÈL




PARE FIMYE




FÈ KONPÒS

FÈ KOLONBYE POU SERE DANRE AK GRENN MANJE



Mete yon moso fèblan nan chak pye kolonbye a pou rat pa moute.

KONTWOLE KANTITE PITIT NAP FÈ



FE PLANIN (paj 313).

TOUJOU ESEYE YON LIDE NÈF ANVAN NOU MOUTRE LÒT MOUN LI

Se pa tout lide nou jwenn nan paj anvan yo kap bay bon rezilta nan zòn kote nap viv la. Tansèlman, anpil ladan yo kapab itil nou, si nou ranje yo dapre mezi pye nou, dapre sa nou ka jwenn anba men nou. Pou nou konnen si yo kapab sèvi nou, eseye yo anvan.

Lè nap eseye yon bagay nou fèk aprann, **toujou koumanse dousman,** piti, piti. Konsa, depi sa pa mache, osinon si nou ta gen pou rekoumanse yon lòt jan, nou pap fè two gwo pèd. Si sa mache, tout moun ap wè jan sa nou fè a itil. Yo chak va fè pa yo dapre mwayen yo.

Nou pa bezwen dekouraje si nou eseye yon bagay epi nou wè sa pa mache. Nou kapab rekoumanse ankò yon lòt jan. Tout jan nap toujou pwofite, kit sa mache, kit sa pa mache. Men, toujou koumanse piti piti.



KOUMANSE DOUSMAN.

Men ki jan nou kapab eseye yon lide nou pat konnen anvan:


Yon moun vin di nou gen yon kalite pwa ki fèk parèt ki fòtifyan anpil. Lè sa a, nap chache konnen si kilti pwa sa a kapab fèt nan zòn kote nap viv la. Lèfini, èske moun yo ap manje l?

Chwazi de osinon twa ti moso tè nan divès pozisyon ak divès kalite tè. Chwazi kote ki ka byen wouze, ak lòt kote ki ka pa jwenn dlo. Koumanse plante grenn pwa sa a ladan yo. Si rekòt la vini byen, kwit pwa sa a tout jan, pou nou wè si moun yo kapab manje l.

Depi tout bagay mache byen, nou kapab plante l sou yon pi gwo moso tè. Men pwa sa a, nap fè li nan menm pozisyon ak nan menm kalite tè kote nou te jwenn pi bon rezilta a. Men nou kapab toujou ap eseye nan lòt pozisyon tou. Chwazi plizyè lòt moso tè epi chache ki jan rekòt la kapab bay pi bon rannman toujou.

Nou ka chanje kalite tè a, nou ka mete fimye, nou ka kontwole kantite dlo nap ba li chak fwa, nou ka chwazi divès kalite grenn pwa nap sèvi nan ti jaden esperyans sa yo. Men, pou nou jwenn bon rezilta, pa fè tout chanjman yo ansanm. Antan nap chanje **yonn**, lòt yo dwe rete menm jan an.

An nou gade ka sa a: Pou nou ka konnen si pwa a bezwen fimye osinon ki kantite pou nou mete, nou kapab pare divès ti moso tè. Yo chak ap jwenn menm kantite dlo, yap pran menm kantite solèy epi nap sèvi ak menm kantite grenn pwa. Men anvan nou simen, nap mete fimye nan chak ti moso tè yo. Men pa mete menm kantite a nan tout. Tankou sa:



San fimye | yon pèl fimye | 2 pèl fimye | 3 pèl fimye | 4 pèl fimye | 5 pèl fimye

Esperyans sa a moutre nou ki kantite angrè ki bay pi bon rezilta. Men si nou mete twòp osinon pa ase lap gate plant lan. Nou sot wè yon jan nou kapab chanje kondisyon plantezon an, men nou kapab eseye plizyè lòt jan ankò. Fè men nou!

TRAVAY POU RIVE GEN KONT MANJE POU TOUT MOUN

Gen anpil kondisyon ki ka pèmèt nou gen lasante. Men nan tout, sa ki konsekan an, se jwenn kont bon kalite manje mezi vant tout moun.

Pifò nan manje nou bezwen soti nan tè a. Lè nou sèvi avèk yon tè nan bon kondisyon, li ka bay plis manje. Yon ajann sante dwe chache konnen tout jan pou ede fè tè a bay moun yo plis manje jodi a epi pou denmen tou. Men tout jan, gen yon kantite manje yon moso tè ka rive bay, men li pa ka depase. Epi jodi a, lè nap gade byen, anpil abitan pa gen tè ase pou yo okipe fanmi yo byen.

Anpil kote sou latè sitirasyon an ap vin pi malouk chak jou. Moun yo fè anpil pitit. Konsa, chak jou gen plis moun sou menm ti moso tè a. Konsa, chak jou tou nap vin pi pòv.

Anpil pwogram sou zafè lasante, nan chache jan pou pa gen twòp moun pou kantite manje ki genyen an, vin ak koze planin lan. Yo ta rive ede papa ak manman pou yo fè pitit mezi ponyèt yo. Yo met nan tèt yo si pa gen anpil pitit ki fèt, tout moun kapab jwenn mezi manje yo bezwen sou tè yo gen pou travay la. Men, fè planin lan pa ase. Atout moun yo ap viv nan kondisyon mizerab, pifò ta renmen gen anpil pitit. Timoun yo pap mande yo lajan pou ede yo travay. Lè yo koumanse grandi menm, yo ka pote lajan nan kay la. Lèfini, pa bliye, pitit ak pitit pitit se baton vyeyès granmoun yo.


Pou yon peyi ki pòv, lè gen anpil moun ladan l sa vle di li nan gwo pwoblèm lajan. Men, pou yon fanmi ki mizerab, lè gen anpil pitit, sa vle di gen plis chans pou lajan antre. Pou pifò moun, fè anpil pitit se sèl espwa, pou rive yon lè, do yo ka poze.

Gen yon lòt seri moun ki wè pwoblèm lan yon lòt jan. Yo rekonèt pwoblèm grangou a pa chita sou tè ki manke pou tout moun nan yon peyi osinon sou latè, men sou separe tè a mal separe. Yap travay pou twaka bon tè yo ak richès yo pa rete ase nan men yon ti gwoup moun. Yap chache ede pou moun pòv yo ka rive gen plis kontwòl sou tè yo ak sou kondisyon lavi yo.

Esperyans fè nou wè, nan anpil peyi kote tè ak richès yo separe yon jan san patipri, kote papa ak manman yo pa gen twop pwoblèm lajan, moun yo pa vle fè anpil pitit ankò. **Konsa, pwogram planin lan va ede lè moun yo va mande pou sa.** Gen plis chans pou yo rive gen valè moun ki pou koresponn ak kantite manje tè a ka bay, lè ya travay pou tè yo ak richès yo separe nan bon kondisyon, pou tout moun jwenn plas yo nan sosyete a san paspouki, pase pou moun yo chita ap fè planin ase.

Yo toujou di: renmen nan yon sosyete vle di jistis.
Yon ajann sante ki renmen frè li yo dwe travay pou tè ak tout lòt byen separe ak plis jistis

YON MOSO TÈ PA KA BAY MANJE DEPASE LIMIT SA LI KA BAY POU YON KANTITE MOUN.



POU RIVE GEN KONT MANJE POU TOUT MOUN JWENN KANTITE MANJE YO BEZWEN, FÒK BYEN AK RICHÈS YO SEPARE SAN PATIPRI.

TRAVAY POU EVITE EPI POU GERI MALADI



Sa vle di se pou nou chache konnen sa moun yo bezwen jodi a ak sa yo ka bezwen pita.

Yon ajann sante dwe mache sou moun yo, travay ansanm ak moun yo jan yo vlé l la epi ede yo chache solisyon pou sa yo santi yo pi bezwen. Premye bagay moun yo pi enterese jwenn se sekou anba maladi ak soufrans. Konsa tou, **premye bagay pou nou enterese fè pou yo, se ede yo jwenn gerizon.**

Men nou menm, pou tèt pa nou, gade pi devan. Antan nap ede yo jwenn sa yo menm yo santi yo bezwen lapoula, se pou ede yo gade pi devan. Fè yo konprann ki jan yo kapab evite anpil maladi ak soufrans epi ki prekosyon yo ka pran pou maladi pa antre sou yo.

Men fè atansyon! Anpil fwa moun ki reskonsab zafè lasante yo, nan chache jan moun yo ka pran prekosyon pou evite maladi ki ka vini yo, yo konn neglije maladi ak soufrans moun yo. Lè konsa, yo pa bay moun yo sa yomenm yo santi yo te bezwen. Kifè, yo pèdi konfyans moun yo epi yo pa jwenn konkou nan men yo. Bout pou bout, travay prekosyon yo tap chache fè a pa ka bay bon rezilta jan yo te kwè l la.

Prekosyon pou evite maladi ak tretman maladi fèt pou mache ansanm. Lè nou fè yon tretman bonè, anpil fwa, sa evite ti maladi tounen maladi grav. Si yon ajann sante rive ede moun yo rekonèt maladi yo pi fasil soufri epi ankouraje yo trete bonè, sa ka pèmèt evite anpil soufrans.

Lè nou pran bonè ak yon maladi, se yon jan nou ka evite ka a vin pi grav.

Si nou vle jwenn konkou nan men moun yo, **koumanse fè pou yo sa yomenm yo santi yo bezwen an.** Chache konnen ki jan moun yo konsidere maladi a, ki jan yo wè chemen gerizon an. Paske lè nap ede yo gade pi devan, yo ka sètoblije chanje kèk lide osinon kwayans yo gen nan tèt yo. Konsa, plis nou rive kontwole maladi, se plis moun yo ap ankouraje travay pou evite maladi.

Si nou vle òganize travay nou yon jan ki mache nan santiman moun, ba yo tretman yo bezwen an. Anmenmtan fè ti travay pou evite maladi gaye, osinon vin pi grav. Si nou vle yon manman ki gen pitit li malad koute sa nap di l, pa vin rakonte li evite miyò pase mande padon. Tèt li tou chaje ak pitit li a ki malad. Men, anmenmtan nap trete timoun lan, nou ka fè li konprann ki prekosyon pou l pran pou sa pa rive ankò.

Travay pou moutre moun yo jan pou yo pran prekosyon - pa fòse yo.

Se pandan tretman an pou nou moutre moun yo prekosyon pou yo pran. Yonn nan pi bèl okazyon pou nou pale ak moun yo sou kalite prekosyon yo ka pran, se lè yo vin konsilte, se lè yo vin chache renmèd pou yon maladi. Konsa, si yon manman mennen yon timoun ki gen vè, pran san nou pou esplike l jan pou li okipe pitit la. Men pran tan nou tou pou esplike ni manman an ni pitit la ki kote vè yo soti epi tousa yo ka fè pou evite vè a tounen sou li ankò (gade nan Chapit 12). Fè ti vizit lakay yo tanzantan. Lè nal vizite yo, pa kritike yo, men ede yo pran swen tèt yo pi byen.

Lè moun yo vin chache tretman, se yon chans pou pale ak yo sou prekosyon yo ka pran pou evite maladi.


KONTWOLE, MEZIRE KANTITE MEDIKAMAN POU MOUN YO PRAN

Sa pa fasil menm pou moutre moun yo jan pou yo kontwole ak jan pou yo mezire medikaman yap sèvi. Men se bagay ki konsekan anpil nan prekosyon yon moun dwe pran pou evite pwoblèm denmen. Gen yon seri medikaman nan fanmasi ki itil anpil epi ki kapab sove lavi yon moun. Men, **anpil ka maladi pa bezwen medikaman menm.** Sitou kèk fwa, kò yon moun ka goumen pou kont li ak maladi a si yo pran yon bon ti repo, si yo manje byen epi si yo pran bon ti renmèd fèy tou senp.

Moun yo kapab vin mande nou achte medikaman yo pa bezwen tout bon vre. Nou kapab anvi ba yo medikaman sèlman pou fè yo plezi. Men, si nou fè sa, lè yo geri, nap toujou met nan tèt yo se medikaman ki geri yo. Avrèdi , tout travay la se kò yo menm ki fè li.

Pase pou nou moutre moun yo kouri dèyè medikaman yo pa bezwen, esplike yo byen **pouki rezon** sa pa nesesè. Moutre yo tou **ki jan yomenm yo kapab swen tèt yo byen.**

Se konsa nap ede yo gen konfyans nan sa yo jwenn lakay yo. Se pou toujou chache pwoteje moun yo paske **nanpwen medikaman ki pa gen danje nan jan nou ka sèvi avè l.**



PA BLIYE: MEDIKAMAN KONN TOUYE MOUN

Gen twa (3) maladi moun yo fasil genyen ki pa bezwen medikaman, men se toutan yap mande medikaman pou yo. Maladi sa yo se: (1) grip, (2) ti tous, ak (3) dyare.

Pi bon tretman pou grip la se yon bon repo, bwè anpil dlo, ji tout kalite, te. Pou pi plis, nou ka pran kèk grenn aspirin. Penisilin, tetrasiklin ak lòt antibyotik yo pap fè anyen pou ka sa yo (gade nan paj 174).

Pou yon ti tous osinon yon gwo tous ak flenm pwès, si nou bwè likid (dlo, te ak ji) anpil, sa kapab ede nou detache flenm lan pi vit epi pi byen pase nenpòt siwo pou tous. Likid la kalma tous la tou. Eseye respire vapè dlo cho, nap jwenn yon pi bon rezilta toujou (paj 181). Pa fè moun yo tounen esklav siwo pou tous osinon lòt medikaman yo pa gen nesesite.

Nan anpil ka timoun ki gen dyare, medikaman pa bay okenn rezilta. Anpil nan medikaman nap sèvi yo (tankou neomisin, estreptomisin, tetrasiklin, Kaolen-pektin, ***Lomotil, Antewo-Vyofom***, kloramfenikòl) kapab pi danjere. Sa ki pi enpòtan an se pou timoun lan bwè sewòm oral, anpil dlo ak anpil ji epi se pou l manje mezi li kapab (paj 165 ak 166).

Yon manman ki gen bon konprann, pi kapab swen yon timoun pase medikaman. Si nou kapab ede manman yo konprann sa, lèfini pou moutre yo sa pou yo fè, nou ka rive sove lavi anpil timoun piti.

Gen doktè ki renmen sèvi twòp ak medikaman. Se dilere sa pou anpil rezon:

- Se yon lajan gaspiye.
- Moun yo rive mete konfyans nan yon bagay yo pa bezwen (epi ki ka twò chè pou yo).
- Tout medikaman gen danje nan jan pou sèvi ak yo. Lè yon moun sèvi ak medikaman li pa bezwen, gen anpil chans pou medikaman an deranje l.
- Sa ki pi rèd toujou, lè nou abitye sèvi ak yon seri medikaman pou ti krik ti krak, yo vin pèdi fòs yo nan kò nou. Lè nou gen ka gwo maladi, yo pap ka fè travay yo.


Men yon ka kote yon medikaman yo rele kloramfenikòl pèdi fòs li. Medikaman sa a bon pou konbat jèm maladi. Jan li bon an, konsa li gen danje tou. Nan sèvi ak li toutan pou nenpòt ti mikwòb, sa fè anpil kote li pa itil ankò pou konbat lafyèv tifoyid, yon maladi ki ka fè gwo dega. Konsa mikwòb ki bay lafyèv sa a rive ***kenbe rèd chèch*** devan medikaman an (paj 61).

Pou tout rezon nou sot wè yo, nou fèt pou kontwole jan nap sèvi ak medikaman fanmasi yo.

Men, kouman nou ka rive fè kontwòl sa a? Atout gen lòd sevè ki pase ak bon regleman ki mande pou se moun ki gen konesans nan branch sa a ase ki pou bay medikaman sa yo, sa pa rive anpeche moun yo sèvi mal ak medikaman yo. Se sèlman lè moun yo yomenm va konnen tousa yo dwe konnen sou medikaman yo, ya rive kontwole jan pou yo sèvi ak yo.

Moutre moun yo pou yo kontwole jan yap sèvi ak medikaman yo, sa se yonn nan pi gwo reskonsablite yon ajann sante genyen.

Sa pi enpòtan toujou kote moun yo sèvi anpil ak medikaman yo achte nan fanmasi.



LÈ MOUN YO GEN YON MALADI KI PA MANDE MEDIKAMAN,
FÈ YO KONPRANN BYEN POUKISA YO PA BEZWEN MEDIKAMAN.

Pou nou konnen plis sou jan pou nou sèvi ak medikaman, gade nan Chapit 6 la. Pou nou konnen jan pou nou bay osinon pou nou pran piki, gade nan Chapit 9 la. Pou nou konnen jan pou nou sèvi ak renmèd fèy, gade nan Chapit 24 la.

POU NOU RIVE KONNEN KI KALITE PWOGRÈ KI FÈT NAN KOMINOTE A.

Tanzantan, li ta bon pou yon ajann sante chache konnen ki kalite pwogrè li menm ansanm ak moun yo fè nan travay kominote a: Ki kalite chanjman ki fèt pou yo tout rive gen lasante, pou tout moun nan kominote a ka viv pi alèz?

Konsa, ajann sante a ka kouche nan kaye chak mwa osinon chak lanne travay li te fè epi rezilta li jwenn. Se konsa li ka mezire rezilta travay li.

- Konbe fanmi ki gen latrin? Konbe ki sèvi avè li byen?
- Konbe moun ki mete men nan pwogram pou fè tè yo bay plis rannman ak plis manje?
- Konbe manman ki vini ak pitit yo nan klinik pou ***timoun.*** (Pwogram konsiltasyon pou timoun yo ak konesans pou manman yo)

Avèk keksyon sa yo nap rive konnen **travay ki fèt**. Men, pou konnen ki rezilta osinon ki **chanjman** travay la fè pou lasante moun yo, fòk nou chache konnen anpil lòt bagay ankò, tankou:

- Konbe timoun ki soufri dyare ak maladi vè nan mwa osinon nan lanne ki sot pase a pa rapò ak konbe ki te gen maladi sa yo anvan nou te mete latrin yo?

- Ant dènye rekòt la ak sa anvan yo, kilès ki bay plis rannman? (mayi, pwa epi lòt danre)
- Konbe timoun ki byen vini sou kat Chemen Lasante a depi yo koumanse ak pwogram espesyal nou fè pou yo a pa rapò ak konbe te genyen anvan pwogram lan? (paj 328-329).

Pou rive konnen si yon travay bay bon rezilta li toujou bon pou gade sa ki tap fèt anvan ak sa kap fèt apre. Konsa, si nou vle moutre manman yo enpòtans pou bay pitit yo tete, chache konnen anvan konbe manman ki bay tete. Apre sa, nou va koumanse ak pwogram lan epi chak lanne nou va kontwole konbe manman ki fè sa. Nan jan sa a, nou ka wè jan travay la ap mache ak ki rezilta li bay.

Yon ajann sante fèt pou bay tèt li mezi kote li ta renmen rive. Tankou: li menm ak komite sou zafè lasante nan kominote a kapab di: sou san (100) fanmi nan zòn lan, nap travay pou 80 nan yo genyen yon latrin anvan lanne a fini. Chak mwa yo kontwole. Si nan mitan lanne a, se 30 fanmi ase ki rive gen latrin, yap deja wè fòk yo travay pi serye pou yo rive kote yo te vle a.

Lè moun yo yomenm bay tèt yo mezi kote yo vle rive a, sa ede moun yo travay pi rèd. Lèfini yo pi ankouraje.

Pou nou rive konnen rezilta travay nap fè nan zafè lasante, li toujou bon pou nou konte, pou nou mezire yon seri bagay twa (3) fwa: **anvan** travay la fèt, **pandan** lap fèt epi **apre** li fin fèt.

Men pa bliye, **nou pap janm kapab mezire sa ki pi enpòtan nan travay lasante a.** Ki vle di jan yonn boule ak lòt, jan nou moutre moun, jan nou travay yonn ak lòt, jan tout moun aji pi byen ak lòt, jan yo pa pè pran reskonsablite yo, jan yo rive gen tèt ansanm ak lespwa. Bagay konsa nou pa kapab mezire yo. Men toujou chonje yo lè nap gade ki kalite chanjman ki fèt nan kominote a.

YONN APRANN NAN MEN LÒT - AJANN SANTE A SE YON BON MÈT LEKÒL

Lè yon ajann sante rive wè tout bagay ki gen rapò ak koze lasante a, li ka rive kwè travay la twòp, li pa ka fè l. E se vre, si li travay pou kont li san konkou lòt yo, li pap rive fè anpil.

Se lè tout moun nan zòn lan pran reskonsablite yo nan zafè lasante yo, nou va wè gwo chanjman rive fèt nan kominote a.

Pou tout moun nan kominote a gen lasante, fòk tout moun mete men. Yon sèl moun pa kapab. Se pou tout moun separe reskonsablite travay la. Se pou yo mete konesans yo ansanm.


Konsa, **premye travay yon ajann sante, se fè levasyon** timoun kou granmoun, kiltivatè, pwofesè lekòl, tout moun ki vle ak tout moun ki gen bezwen.

Konn fè levasyon, se yonn nan ladrès ki pi enpòtan pou yon moun aprann genyen. Levasyon vle di ede lòt yo devlope tèt yo epi devlope tèt pa ou ansanm ak lòt yo. **Yon bon pwofesè, se pa yon moun kap rete mete lide nan tèt lòt yo, okontrè se yon moun kap ede yo grandi ak lide pa yo ak esperyans pa yo.**

Se pa nan lekòl osinon nan yon sant ase nou jwenn yo ka fè travay levasyon an. Travay sa a dwe fèt lakay nou, nan jaden, nan lari. Pi bèl okazyon pou yon ajann sante separe konesans li ak lòt yo se lè lap trete yon maladi. Men, li dwe pwofite tout okazyon konsa pou pale ak moun yo, separe lide ak yo, moutre moun yo epi pou ede yo travay ansanm.

Nan paj dèyè yo nou va jwenn de twa lide pou ede nou fè travay sa a. Pa rete chita nèt sou lide sa yo. Fè tèt nou travay tou.

MEN DE JAN NOU KA EDE MOUN YO
NAN ZAFÈ LASANTE



Zanmi mwen, nou menm ki ajann sante nan zòn nou an:

Nenpòt ki moun nou ye, nenpòt ki kote nou rete, kit yo mete nou nan pozisyon sa a, kit nou se yon moun tankou mwen ki vle ede lòt yo paske nou ta renmen wè yo viv pi byen, sèvi ak liv sa a byen. Se yon liv pou nou, se yon liv pou chak moun, se yon liv pou tout moun.

Men, pa bliye: sa ki konsekan nan swen lasante a, nou pap jwenn li, ni nan liv sa a, ni nan okenn lòt. Se nan nou menm ak nan moun yo sa chita, nan yonn okipe lòt, nan jan yonn fèb pou lòt, nan lespri tèt ansanm nan mitan nou. Si nou vle tout bon vre moun nan zòn lan gen lasante, se sou sa pou nou chita travay nou.

Kle lasante se byen boule yonn ak lòt, se tèt ansanm, se yonn okipe lòt, se bon konprann.


A tout kè mwen,

David

David Werner



CHACHE PWOFITE TOUSA KI NAN LIV SA A



Tout moun ki konn li ka sèvi ak liv sa a lakay yo. Menm si yon moun pa konn li, li ka aprann anpil bagay nan gade pòtre yo ase. Men, pou yon moun pwofite tousa ki nan liv la, sa ka mande pou li genyen yon ti konesans anplis. Gen divès jan li ka rive gen konesans sa yo.

Pou yonn, yon ajann sante osinon nenpòt lòt moun kap fè kado liv sa a, li fèt pou sèten moun yo konnen ki kote pou yo ale lè yap chache Lis gwo kozman ki nan liv la ak Non kozman yo. Moun yo dwe konnen tou ki jan pou yo sèvi ak Paj vèt yo ak ti Diksyonè a. Pran tan nou pou moutre yo **kouman pou yo jwenn sa yap chache a**. Mande chak moun pou yo li byen li tout pati nan liv la ki ka ede yo konprann **sa yo ka fè, sa ki pa bon pou yo fè, ki lè pou yo mande konkou, sizoka malè ta rive** (gade plis nan Chapit 1, 2, 6, 9 epi kozman sou SIY MALADI GRAV YO nan paj 44). Fè yo wè nesesite pou yo **evite yon maladi anvan li koumanse**. Moutre yo enpòtans yo dwe bay Chapit 11 ak 12 ki pale sou **byen manje** ak **prensip pwòpte**.

Nou ka esplike moun yo tousa, byen vit. Men, plis tan nou pase ak moun yo ap **diskite** sou liv la pou moutre yo jan pou yo sèvi ak liv la, jan pou **li l ansanm**, se plis moun yo ap pwofite sa ki nan liv la.

Yon ajann sante ka ankouraje moun yo pou yo fè ti gwoup pou yo li liv la, ya pran Chapit yo yonn apre lòt, ya pale sou yo, ya diskite ansanm sou yo. Chache konnen pwoblèm ki pi konsekan yo genyen nan zòn lan. Gade sa nou ka fè pou pwoblèm lasante moun yo genyen deja epi chache kouman nou ka evite sa nan tan kap vini apre yo. Ankouraje yo pran prekosyon. Chache fè moun yo wè pi devan.

Moun ki pi chofe yo kapab fè yon ti lekòl ak liv sa a. Yo kapab diskite sou jan pou yo rekonèt plizyè kalite maladi, jan pou yo geri yo ak sa pou yo fè pou egzante yo. Chak moun va gen chans pou yo fè yon kout pwofesè, pou yo esplike lòt moun sa yo aprann nan liv la.

Pou ede moun yo aprann ak kè kontan, yo ka moute ti pyès teyat pou fè yo kalkile sou kèk pwoblèm lasante. Men yon jan: yon moun kapab fè tankou li malad epi lap di sa li santi. Lòt yo ap poze li keksyon antan yap konsilte li (Chap. 3). Ale nan liv la pou rekonèt maladi li soufri a epi sa nou ka fè pou li.

Gwoup la pa dwe bliye fè moun malad la chache rekonèt limenm maladi lap soufri a. Pou fini pyès teyat la, na fè kozman ak moun malad la sou jan li ka evite maladi a. Nou ka pran tout tan reyinyon an nèt pou fè pyès teyat la. Men yon lòt jan nou ka ede moun yo sèvi ak liv sa a pi byen:

Lè yon moun vin chache tretman pou yon ka maladi, fè li chache maladi a nan liv la limenm, jouk li rive jwenn tretman ki bon pou li a. Sa ka pran anpil tan pou fè travay la konsa. Men, sa ede moun yo plis pase lè nou fè tout travay la pou yo. Si yon moun bliye yon pati enpòtan osinon pran yon ka pou yon lòt, nou ka korije li epi nou ka moutre li jan pou li sèvi pi byen ak liv la. Konsa, **maladi a tou ba ou yon okazyon pou ede moun yo aprann.**

Lè nou fèk ap koumanse, sa ka pa fasil pou moun yo santi yo alèz pou yo pale, pou yo bay lide pa yo. Men, apre yon ti tan, yap vin pi alèz pou yo pale. Yap koumanse poze gwo keksyon tou. Chofe chak moun pou yo di sa yo santi, pou yo pale san kè kase. Mande sa ki pale anpil yo pou yo bay lòt yo chans pou pale tou.

Nou ka chache anpil lòt pòtre pou fè reyinyon. Konsa, sa va ede moun yo wè klè nan pwoblèm kap minen yo, ale jouk nan rasin pwoblèm yo, lèfini konn sa pou yo fè pou dechouke yo.

• •

Ki keksyon nou kapab mande pou moun yo wè klè nan sitirasyon timoun yo ap viv nan pòtre sa a?



Chache keksyon ki kapab rale lòt keksyon dèyè yo, keksyon ki pou ankouraje moun yo poze keksyon yomenm tou. Ki sa ki lakòz timoun yo mouri ak dyare konsa? (wè paj VII). Lè yo koumanse kalkile sou yon pòtre tankou sa a, ki divès bagay ki mennen moun sa yo nan sitirasyon sa a?

SÈVI AK PÒTRE POU FÈ MOUN YO PALE EPI KALKILE ANSANM



Pran yon pòtre tankou sa a epi moutre yon gwoup moun. Mande yo pale sou li. Poze yo keksyon yon jan pou yo mete esperyans ak konesans pa yo deyò. Men de twa keksyon nou ka sèvi pou chofe moun yo:

- Ki moun nou wè nan pòtre a? Kouman yap viv?
- Ki jan tè sa a te ye anvan moun yo vini?
- Ki sa yo fè depi yo rive ki chanje anpil bagay?
- Èske yo viv pi byen ak chanjman sa yo? Èske yo gen pi bon lasante?
- Ki lòt chanjman yo ta kapab fè? Ki sa yo ta kapab aprann fè ankò?
- Kouman yo ta ka fè pou yo aprann plis toujou?
- Si yon doktè osinon yon avoka al viv sou moso tè parèy ak sa a nan menm kondisyon ak moun yo, ak menm zouti ak menm kantite lajan ak moun sa yo, èske li ta kapab travay tè a menm jan ak moun yo? Si wi, poukisa? Si se non, Poukisa?
- Èske moun sa yo menm ak nou? Ki jan?


Kalite kozman nan tèt ansanm sa yo ka fè moun yo rive gen plis konfyans nan tèt yo ak nan fòs yo genyen pou yo chanje sitirasyon an yomenm. Konsa tou, nou ka fè yo santi nesesite pou yo patisipe pi plis nan tout aktivite kap fèt nan zòn lan.

JAN POU NOU BOUKANTE LIDE NAN YON GWOUP

Yon ajann sante pa janm dwe bliye rezilta travay li chita plis nan ladrès li genyen pou moutre moun yo jan pou yo pwoteje sante yo pase nan konesans ak teknik tretman lap fè pou yo. Lè tout moun nan kominote a rive mete tèt yo ansanm pou yo tout mete men nan travay la, se lè sa a atò yo va jwenn solisyon pou tout gwo pwoblèm yo.

Moun pa aprann anpil bagay nan men moun kap plede di yo sa pou yo fè. Men, se nan fè tèt yo travay, nan sa yo santi, nan sa yo wè, nan sa yo diskite ak nan sa yo fè ansanm yo aprann pi plis.

Konsa, yon bon pwofesè pa rete dèyè yon biwo pou l pale **ak** moun yo. Se pou l pale epi se pou l travay **ansanm** ak yo. Li pa fèt pou sèvi ak mo konplike ki pa vle di anyen, men pale klè pou tout moun konprann. Li fèt pou ede moun yo wè klè nan sa yo bezwen epi nan chimen pou yo pase pou yo jwenn li. Lap chache tout kalite okazyon pou l separe lide li gen nan tèt li ak moun yo aklè, ak respè yonn pou lòt.



Boukante lide ak moun yo ..... Pa rete ap foure lide nan tèt yo.

Nou ta ka di, pi gwo travay yon ajann sante, se fè moun yo rekonèt valè yo ak sa yo ka fè pou yo ka gen konfyans nan tèt yo. Anpil fwa, si moun yo pa chanje sa ki merite chanje, se pa paske yo renmen jan sa ye a. Se paske yo pa vle eseye. Yo met nan tèt yo, yo pa save ase epi yo pa gen pouvwa pou sa. Men, se pa vre. Pifò ladan yo, kit sa ki konn li ak ekri, kit sa ki pa konn li, gen bon valè konesans ak ladrès. Ak zouti yap sèvi, yo deja rive fè gwo chanjman nan jan yap travay tè a, nan batisman yap fè, nan tousa ki bò kote yo. Moun sa yo kapab fè anpil bagay konsekan moun ki rive lwen lekòl pa ka fè.

Si nou kapab ede moun yo wè tousa yo deja konnen, tousa yo deja fè pou chanje kote yap viv la, ya wè tousa yo kapab aprann pou yo ka fè plis toujou. Si yo travay nan tèt ansanm, yap jwenn fòs pou fè lòt pi gwo chanjman ki merite fèt pou moun nan zòn lan ka viv pi byen epi pou yo gen pi bon lasante.

Kouman pou nou esplike moun yo koze sila a? Se pa bagay ki toujou fasil pou nou fè nou menm!

Men, nou kapab ede yo dekouvri tousa yomenm. Si nou rive reyini yo ansanm pou yo boukante lide yo yonn ak lòt, nou pa bezwen pale anpil. Nap annik mete yo sou sa. Nap tanmen kozman an ak de twa ti keksyon. Yon potre tankou sa nou wè nan lòt paj apre a kapab ede nou tou. Osinon si nou kapab, nou ka fè desen pa nou. Nou ka mete kay, bèt, moun, jaden parèy ak sa nou jwenn nan zòn pa nou an.


TRAVAY ANSANM,
APRANN ANSANM POU TOUT MOUN KA PWOFITE

Gen divès jan nou ka enterese moun yo travay ansanm pou rezoud pwoblèm yo. Men kèk lide sou sa:

1. Yon komite pou zafè lasante nan zòn lan. Moun yo menm ka chwazi yon gwoup reskonsab ki enterese epi ki kapab ede yo moute yon pwogram lasante, lèfini pou chofe tout aktivite ki gen rapò ak lasante nan zòn lan; tankou moute latrin, fouye twou pou jete fatra, elatriye. Ajann sante a fèt pou separe reskonsablite travay li a ak lòt moun.

2. Kalkile ansanm. Manman, papa, timoun lekòl, jennmoun, doktè fèy, doktè lopital, mis yo, tout moun fèt pou kole tèt yo ansanm nan chache solisyon pou yo gen lasante. Nan reyinyon sa yo, sa ki pi enpòtan se ede moun yo mete lide yo ansanm, lèfini se mete konesans sou sa yo konnen deja.

3. Fè fèt pou travay. Tousa nou vle fè pou tout moun nan zòn lan, tankou sistèm pou yo jwenn bon dlo pou bwè, pwòpte nap fè nan tout zòn lan, tousa kapab fèt pi prese avèk plezi si tout moun mete men. Travay yo kapab tounen yon fèt si nou fè jwèt, konkou, si nou bay rafrechisman ak lòt ti pri pou ankouraje moun yo. Fè tèt nou travay sou sa.



TIMOUN YO KAPAB FÈ YON PAKÈT TRAVAY DEPI NOU FÈ TRAVAY LA PASE POU JWÈT SERYE.

4. Koperativ (Tèt ansanm). Moun yo ka rive fè pri machandiz yo bese si yo mete tèt yo ansanm, si yo vle separe yonn ak lòt tout bagay yo genyen, depi zouti, depo, kolonbye, jouk tè yo. Sistèm byen boule yonn ak lòt sa a kapab ede moun nan zòn lan viv pi alèz.

5. Vizit nan lekòl yo. Nou ka travay ak pwofesè lekòl yo pou mete lòt ti pwogram sou lasante sou pye. Nou kapab toujou fè demonstrasyon ak pòtre, panten, moute ti pyès teyat pou moun yo. Mande elèv yo pou yo pase tanzantan nan sant lan. Timoun aprann vit epi yo ka ede nou tout jan. Si nou bay timoun yo chans, yo kapab ban nou konkou ak kè kontan.

6. Reyinyon pou manman ak pitit yo sou zafè lasante. Se bagay ki enpòtan anpil pou fanm ansent ak manman timoun ki poko depase senk (5) an, pou yo konnen jan yo dwe pran swen kò yo ak swen timoun yo. Yon ti vizit tanzantan nan sant lan va pèmèt yo konnen jan sante yo ye epi yo va ranmase tou anpil lòt konesans. Mande manman yo pou mennen timoun yo ak kat chemen lasante yo chak mwa, pou kontwole laj yo ak pèz yo (gade nan paj 328). Yo kapab konnen jan pou yo konprann kat la, menm si yo pa konn li. Manman ki rive konprann kat sa a pap manke kontan lè yo wè jan pitit yo ap fè pwogrè. Nou ka toujou chofe manman ki enterese yo pou yo òganize epi dirije reyinyon sa yo, yomenm.

7. Vizit nan kay. Pase tanzantan nan chak kay pou koze ak moun yo. Pase sitou lakay moun ki gen pwoblèm epi ki pa fasil ale nan sant lan osinon ki pa patisipe nan mouvman gwoup la. Men, pa antre nan sa ki pa gade nou. Si se pa yon vizit zanmitay, pa ale, esepte si gen yon ka danje pou timoun osinon pou moun san lasistans.

LÒT JAN POU NOU BOUKANTE LIDE

Rakonte istwa. Lè nou gen difikilte pou esplike yon bagay, yon istwa ki pase tout bon vre kapab ede nou.


Tankou, si mwen di nou gen defwa yon ajann sante te konn wè ki maladi yon moun genyen pi vit, pi klè pase yon doktè, nou pap vle kwè. Men, si mwen rakonte nou istwa yon ajann sante yo rele Irèn ki reskonsab yon ti sant, nou va konprann.

> Yon jou, yon timoun malad rive nan yon sant nitrisyon. Se doktè kap travay nan yon sant sante toupre a ki te voye l nan sant sa a, paske li wè timoun lan te malnouri anpil. Timoun lan tap touse tou. Konsa, doktè a te ba li medikaman pou tous la. Irèn menm pat sispann kalkile sou ka timoun lan, paske li te konnen fanmi timoun lan te malere anpil. Lèfini, yonn nan gran frè li yo sot mouri nan senmenn pase yo.
>
> Nan pase vizite lakay yo, li vin konnen granfrè a te soufri lontan anvan li mouri. Li te menm rive bay san lèl touse. Irèn ale nan sant lan epi li di doktè a timoun lan sanble soufri ak maladi pwatrin. Lè yo fè tès pou timoun lan, yo wè Irèn te gen rezon... Konsa, nou wè yon ajann sante rive dekouvri yon maladi anvan yon doktè, paske li te konnen moun yo epi li te pase vizite lakay yo.

Ak istwa yo, se yon plezi pou moun yo aprann. Sa ka ede anpil, si ajann sante yo konn rakonte istwa byen.


Pyès teyat. Nou kapab moute ti pyès teyat ak istwa ki gen anpil pati enpòtan pou moun yo konnen. Yap aprann pi fasil, pi vit. Yon ajann sante ansanm ak pwofesè lekòl la, osinon yon manm nan komite lasante pou zòn lan, kapab pare de twa ti pyès teyat pou timoun lekòl yo.

Tankou: pou aprann timoun yo kouvri manje yo pou mouch pa jete jèm maladi ladan yo, fè de twa timoun degize tankou mouch epi fè yo fè wonn manje ki sou yon tab. Mouch yo sal manje ki pa kouvri a. Apre sa, lòt timoun vin manje manje a epi yo tonbe malad. Men, si manje a byen kouvri, osinon sere nan yon gadmanje, mouch yo blije kanpe lwen, yo pa jwenn ak manje a. Konsa, timoun ki sèvi nan manje sa yo rete byen enganm.




Plis nou chache jan pou separe lide nou ak moun yo, plis moun yo ap konprann, plis yap kenbe sa yo konprann lan nan tèt yo.

ZOUTI KAP EDE NOU BAY FÒMASYON




Ti tablo flannèl. Pran yon gwo moso planch, osinon yon moso katon. Kouvri l ak yon moso flannèl, ankadre l, mete l kanpe sou 3 pye. Nou ka kole divès kalite desen osinon pòtre sou li. Pou desen nou bezwen moutre yo, trase fòm lan sou yon ti moso katon epi dekoupe li ak sizo. Kole kèk moso papye sable osinon kèk moso flannèl dèyè chak pòtre yo. Lè nou bezwen sèvi ak yo, annik peze yo sou tablo flannèl lan epi pòtre yo ap rete kole sou li. Sèvi ak tablo flannèl la lè nap fè kozman ak anpil moun, paske li pi fasil pou chanje pòtre yo ak desen yo.

Pankat ak gwo desen. "Yon desen egal mil mo". Pran yon bon desen tou senp pou moun konprann, menm si pa gen anpil ekri sou li, mete l yon kote pou moun ka wè l. Nou kapab kopye nenpòt desen nou jwenn nan liv sa a osinon nan lòt liv lasante.



Ajann sante yo kapab kopye nenpòt desen yo jwenn nan liv sa a osinon nan lòt liv. Si li pa konn fè pòtre, la mande yon moun nan kominote a (timoun kon granmoun) ki kapab ede li.


Pou kopye yon pòtre, trase yon bann ti kare ak kreyon sou pòtre a. Lèfini, fè menm kantite kare yo, men pi laj sou pankat la epi refè desen an kare pa kare.



Demonstrasyon ak pope twal. Se yon bon jan pou nou esplike tousa nou bezwen fè moun yo konprann. Tankou pou esplike manman yo ak fanm saj yo ki jan pou yo koupe lonbrit yon tibebe, nou ka fè yon pope twal ki gen fòm timoun. Apre sa, nou tache yon kòd twal nan vant li. Lèfini mande fanmsaj ki gen ladrès yo, pou yo moutre lòt moun jan pou yo fè l.



Silema ak Dyapozitiv. Nou ka jwenn ti fim osinon yon je dyapozitiv ak istwa sou anpil kozman lasante. Gen divès kalite. Pou aparèy pou pase fim yo osinon dyapozitiv yo, nou ka jwenn ki sèvi ak kouran osinon ak pil.



CHAPIT

1 RENMÈD FÈY, SENP AK KWAYANS PÈP LA

Toupatou sou latè moun fè tretman lakay yo. Anpil kote, depi nan tan lontan, se paran ki moutre pitit jan pou yo fè tretman ak ki kalite renmèd pou yo sèvi.

Anpil nan renmèd sa yo bay bon rezilta. Gen lòt ki pa fin twò bon. Genyen sa menm ki pote plis dezagreman pase yo geri moun. Se pou nou pran anpil prekosyon ni ak renmèd lontan, ni ak renmèd fanmasi.

Tansèlman, chache pou nou pa fè dega. Anvan nou sèvi ak renmèd fèy, se pou nou konnen byen ki jan pou nou sèvi ak yo epi se pou nou sèten yo pap ban nou pwoblèm.

RENMÈD FÈY KI BAY RANNMAN

Pou anpil maladi, renmèd fèy bay menm rannman ak renmèd fanmasi, pou nou pa di yo menm ka **pi bon**. Anpil fwa menm yo **pi bon mache**. Lèfini yo ka gen **mwens danje**. Lè nou gade byen, anpil nan te fèy nou sèvi pou grip osinon pou tous, bay pi bon rezilta epi yo bay mwens pwoblèm pase siwo ak lòt medikaman nap achte nan fanmasi.

Konsa tou, te ak lòt dlo sikre manman konn bay pitit yo pou dyare pi bon pase medikaman fanmasi. Sa ki pi enpòtan pou yon timoun ki gen dyare, se pou l bwè anpil dlo ak anpil ji (wè paj 161).



ANPIL FWA, TE FÈY PI BON, PI BON MACHE, GEN MWENS DANJE PASE MEDIKAMAN FANMASI.

MEN, RENMÈD FÈY PA TOUJOU BON

Nou ka sèvi ak renmèd fèy pou soulaje anpil maladi. Men, gen yon seri lòt maladi, se medikaman fanmasi ki ka wè bout yo. Tankou, lè nou fè nemoni, lè nou fè tetanòs, lafyèv tifoyid, maladi pwatrinè, apendisit, maladi nou pran nan rapò fi ak gason, lafyèv apre akouchman, chache tretman ak medikaman fanmasi san pèdi tan.

Pa rete ap eseye trete maladi sa yo ak renmèd fèy ase. Se pa tout tan nou ka sèten si yon renmèd fèy bon osinon pa bon. Fòk nou ta gen plis etid ki fèt sou sa. Konsa:

Depi se ka grav, li toujou pi bon pou nou sèvi ak renmèd fanmasi dapre konsèy ajann sante ban nou.

TRETMAN LONTAN AK TRETMAN ALÈKILE


Gen anpil jan yo trete moun alèkile ki pi bon pase tretman lontan, men sa konn rive tou, pou kote tretman lontan yo bay pi bon rannman. Tankou jan yo te konn okipe timoun osinon vye granmoun nan tan lontan: yo te konn mete plis dousè pase jan sa fèt koulye a, kote yo pa trete malad la tankou moun.

Pa gen lontan, tout moun te kwè pa gen pi bon lèt pase lèt manman. Yo te gen rezon. Men, yon kantite izin kap fè lèt nan bwat rive fè manman yo konprann lèt nan bibwon pi bon pase lèt manman. Nou konnen se pa vre. Men, anpil manman pran nan manti sa a, yo tonbe nan bay tibebe yo lèt nan bibwon. Sitirasyon sa a lakòz anpil timoun mouri san nesesite anba enfeksyon osinon nan manke manje. Pou nou konprann poukisa **lèt manman pi bon** ale wè nan paj 300.

Respekte sa ki te konn fèt depi nan tan lontan.
Sèvi ak eritaj sa a pou nou konprann pi byen sa kap fèt jodi a epi pou nou travay mete sou li.

KWAYANS KAP EDE NOU JWENN GERIZON

Anpil renmèd fèy travay nan kò a menm. Men, gen lòt ki travay paske nou kwè ladan yo. **Yon bon kwayans ka ede anpil nan gerizon yon moun.**



Tankou yon jou, mwen wè yon gason ap plenyen ak tèt fè mal. Gen yon madanm ki ba li yon moso patat dous epi ki fè li konprann se yon renmèd fò kap kalme doulè tèt la. Msye kwè nan madanm lan. Se konsa doulè a pase.

Men, se pa renmèd la ki kalme doulè a. Se paske nèg la te kwè nan renmèd madanm lan te ba li a.


Anpil renmèd fèy travay konsa: yo bay soulajman ak gerizon lè moun malad la kwè li ka jwenn gerizon avè l. Se poutèt sa, **renmèd fèy ka itil sitou lè se move lide, tèt chaje osinon kè sote ki lakòz maladi a.**

Men kalite maladi nou ka jwenn ki konsa : moun ki soufri maldjòk (djoke), moun ki kwè yap fè yo mal, moun ki toujou pè, kap viv ak kè sote, moun ki soufri doulè (nou jwenn sa fasil kay jenn fi ak granmoun fi), moun ki nan lapenn, ki gen wokèt, maltèt, opresyon, moun ki kite pwoblèm ap dominen yo, moun ki pa desann manje yo byen, ki soufri lestonmak boule, (kè boule) elatriye.

Pou tout ka maladi sa yo, **sa ki enpòtan, se pou moun kap bay tretman an konn ki jan pou l boule dous ak malad la**. Paske sa moun lan pi bezwen se pou l santi jan nap okipe l ak tout kè nou, se pou nou rive fè l konprann lap refè, lap jwenn soulajman epi ede li jwenn kè poze.

Anpil fwa kwayans nou genyen nan yon renmèd kapab ede nou konbat maladi nou gen nan kò nou.

Annou gade renmèd moun yo sèvi lè bèt tankou krab zarenyen, gèp, myèl, vennkatrè, tanwon mòde yon moun: yo touye bèt la epi yo mare l sou kote bèt la mòde a, osinon yo kraze sèt (7) kalite fèy epi yo mete yo sou kote bèt la mòde a.



Nan lòt peyi, moun yo gen lòt kalite renmèd pa yo pou lè yon bèt tankou sa yo mòde yo. **Men pa gen yonn nan renmèd sa yo ki ka fè anyen pou pwazon bèt la**. Si yon moun fè konprann pwazon an pa fè li anyen paske li te sèvi ak kalite renmèd sa yo, nou mèt sèten bèt sa a pa te gen pwazon nan bouch li.

Tansèlman, renmèd yo kapab bay yon ti rezilta, si moun lan kwè ladan yo, laperèz la ap pase, kè li pa bat fò epi pwazon an ap sikile pi dousman nan kò li. Konsa gen mwens danje.

Men, nan ka sa a, kwayans lan gen mwens pouvwa. Lèfini renmèd fèy yo ak senp yo pa ka fè anyen pou moun lan. Se sa ki fè anpil moun mouri anba pwazon, menm lè yo pran renmèd fèy, lè yo fè senp. Dapre sa nou konnen:

Pa gen renmèd fèy, ni pa gen senp nou ka fè ki ka trete yon moun lè move eskòpyon, krab zarenyen, osinon lòt kalite move bèt konsa mòde li. Se kwayans li gen nan renmèd la osinon nan senp la ki ka fè kichòy pou li.

Lè move bèt mòde nou, li pi bon pou nou sèvi ak renmèd fanmasi.

KWAYANS KI KA FÈ MOUN MALAD

Menm jan kwayans yon moun ka soulaje l osinon kalme yon deranjman, yon doulè, konsa tou gen kwayans ki kapab lakòz lòt deranjman, lòt pwoblèm tou. Si yon moun mete nan tèt li yon bagay ka fè li mal, laperèz la kont pou fè li malad.

Tankou yon fwa, mwen rankontre yon fanm ki te fè yon ***foskouch***. Li tap bay ti san toujou. Li te gen yon pye zoranj nan lakou lakay li ki tap donnen, mwen ba li konsèy fè ji zoranj pou li bwè, paske zoranj gen vitamin C ki yon bon fòtifyan pou venn san yo. Madanm lan te pè pran ji a pou li pa fè yon konjesyon.



Lapèrèz sa a te si tèlman fò sou madanm lan, lè li fin pran ji a li santi li pi mal. Mwen egzaminen li. Mwen pa jwenn anyen. Konsa, mwen chache kalme li epi mwen fè li konprann sitirasyon an pa grav. Men, pou li menm, li konnen li pra l mouri. Lè sa a, mwen ba li yon piki ak dlo distile. Dlo sa a pa ka geri anyen. Men, madanm lan te kwè anpil nan pouvwa piki epi li refè lapoula.

Mwen ka di nou sa: Ji zoranj lan pa te fè madanm lan anyen, men se paske **li te kwè ji zoranj lan ta pral fè li pi mal ki fè li endispoze.** Konsa tou, sa ki refè li se kwè li te kwè nan piki a.

Se konsa, anpil moun kwè toujou sou wanga, sou maldjòk, sou piki, sou rejim ak anpil lòt bagay. Se konsa, anpil fwa tou, moun sa yo soufri san nesesite.

Nan yon sans mwen te ede madanm lan se vre. Men, plis mwen kalkile sou sa m te fè a, se plis mwen santi mwen te fè li yon tò, paske mwen te kite li kwè nan yon bagay ki pa vre, lè sa a mwen deside pou mwen di l verite a.

De twa jou apre li te fin geri nèt, mwen tounen lakay madanm lan, mwen mande li padon pou sa m te fè a. Mwen chache fè li konprann se **laperèz** ki te fè li malad, men se pa ji zoranj lan. Mwen fè li konprann tou, piki a pa fè anyen, men se **kwayans li** nan piki a **ki wete laperèz** la epi ki ede l geri.

Lè madanm lan va rive wè klè nan koze zoranj lan ak piki a, lè l va rive konprann sa laperèz ka fè l pase, ni li ni moun lakay li va wete laperèz sa a nan lide yo pou yo ka swen tèt yo pi byen. Paske, **pou gen lasante** fòk nou **konprann maladi yo, fòk nou wete laperèz** nan kè nou.

Anpil bagay konn fè nou mal sèlman paske nou kwè yap fè nou mal.

WANGA MAJI MALDJÒK

Si yon moun kwè tout bon lòt moun ka gen pouvwa pou fè li mal, li ka malad vre. Yon moun ki kwè yo voye wanga sou li, osinon yo ba li ***maldjòk***, se li menm ki fè tèt li malad paske li pè (Wè laperèz paj 24).

Gade byen, nap wè yon bòkò pa gen okenn pouvwa sou yon lòt moun, esepte si li rive fè lòt moun lan kwè li gen pouvwa pou fè sa. Konsa:

Pa gen wanga ki ka pran sou yon moun ki pa kwè ladan l.




Gen anpil moun ki kwè se moun kap fè yo mal, lè yo gen yon maladi dwòl tankou ***timè nan pati sansib*** yo osinon ***siwoz*** nan fwa yo. Lè konsa yo pè anpil, men se konnen yo pa konnen maladi sa yo pa gen okenn rapò ak malfezans, ni ak maji. Se maladi natirèl yo ye.

Pa gaspiye lajan nou kay bòkò kap fè maji. Pa chache tire revanj kay okenn bòkò paske sa pap sèvi anyen.
Si nou malad grav, chache konkou doktè.


Si nou gen yon maladi dwòl:



Pa mete fòt sou do bòkò,



Pa mete pye nou nan dlo,





Men chache konkou doktè.



SOU KWAYANS MOUN AK SOU RENMÈD FÈY.

Tout ka nou pra l wè yo soti nan mòn peyi Dayiti. Sa ka rive nou jwenn lakay pa nou menm kwayans sa yo tou. Toutjan, chache konnen kilès nan kwayans lakay nou yo ki ede moun yo gen lasante, ak kilès ki nwizib pou sante yo.


KEKSYON		REPONS
Lè yon moun kwè se mal yap fè li, èske moun sa a ap refè si fanmi li ale kay bòkò?		NON. Pa gen mechanste nou ka fè yon lòt moun ki ka geri yon moun malad.
Lè fontenn tèt yon timoun louvri, èske se vre timoun lan ap mouri ak dyare si li pa jwenn yon tretman espesyal?		Anpil fwa, se vre. Fontenn yon timoun louvri lè li pèdi anpil dlo nan kò li (wè paj 161). Timoun lan ka mouri si yo pa ba li anpil ji, anpil dlo anvan sa twò grav (wè paj 162).

Èske li bon pou bay ti bebe yo lòk lè yo fenk fèt?




Pa bay ti bebe yo lòk. Lestomak yo poko devlope ase pou dijere lwil la. Ba yo premye lèt manman an pase se yon bon lòk.

Èske se vre yon fanm ki fin akouche dwe rete nan yon chanm kote lè pa pase?



Yon ti solèy bon pou sante manman an ak tibebe a. Solèy la bon pou touye mikwòb.

Èske se vre se pou yo tann lonbrit la tonbe anvan yo benyen tibebe ki fenk fèt yo?




Wi. Lonbrit la fèt pou rete chèch jouk li fin tonbe pou kont li. Men yo ka netwaye rès kò timoun lan ak yon twal mouye pwòp.

Apre konbe jou fanm ki akouche kapab benyen?




Yon fanm ki fin akouche fèt pou lave kò l avèk dlo tyèd nan demen akouchman an. Abitid tann kèk senmenn apre akouchman an anvan nou benyen an ka bay enfeksyon.

Èske se vre lèt manman pi bon pou tibebe pase lèt nan bwat nou bay nan bibwon?



Se vre. Lèt manman se pi bon manje pou timoun lan. Lèfini li vini ak tout renmèd li pou pèmèt timoun lan konbat mikwòb. Li tou pare, li pa koute senk kòb. Timoun lan pi pwofite.

Ki kalite manje yon fanm pa dwe manje nan senmenn apre akouchman l yo?



Nan senmenn sa yo, nouris la fèt pou manje tout kalite bon manje fòtifyan Se pou li manje anpil fwi, legim, ze, vyann, lèt, pwa, elatriye (wè paj 307).

Èske sa bon pou benyen moun malad?




Wi. Sa bon. Nou fèt pou nou benyen moun malad chak jou.

Èske se vre nou dwe byen vlope yon moun ki gen gwo lafyèv pou van frèt pa bat li?



NON. Lè yon moun gen lafyèv, dekouvri li nèt ale. Louvri rad li pou van ka bese lafyèv la (wè paj 81).

Èske se vre zoranj, gwayav ak anpil lòt fwi pa bon pou moun ki gripe, osinon ki ak lafyèv?



Okontrè, tout fwi, tout kalite ji bon pou moun ki gripe osinon ki gen lafyèv. Malad la dwe bwè anpil likid.

LÈ FONTENN TÈT LA ANFALE



Fontenn tèt yon tibebe, se yon kote ki mou nan mitan tèt li, kote zo tèt la poko fèmen. Kote sa a fèmen apre yon lanne edmi konsa.

Tout tibebe fèt ak fontenn tèt yo louvri. Nou pa bezwen mare tèt yo osinon mete anyen sou fontenn tèt yo.

Anpil kote manman yo konnen depi fontenn tèt la anfale, ka timoun lan grav. Men, yo tout pa bay menm esplikasyon. Gen manman ki kwè se maji yo fè sou timoun yo, yo mennen yo kay gangan. Se konsa anpil timoun mouri. **Lè fontenn tèt la anfale sa vle di timoun nan manke dlo nan kò li** (wè paj 161), **osinon lap pèdi plis dlo pase kantite li bwè**. Anpil fwa, se dyare pou kont li osinon dyare ak vonmisman ki lakòz sa.

Tretman:

1. Bay timoun lan bwè anpil likid: dlo bouyi, ji, lèt manman, te osinon sewòm oral.


2. Si dyare a vini ansanm ak vonmisman, chache konnen sa ki lakòz sa pou ba li tretman ki nesesè. (Wè paj 161 ak paj 172). Nou pa bezwen chache bay lòt medikaman.

POU TRETE TIMOUN KI GEN FONTENN TÈT YO ANFALE...

FÈ SA



OSINON FÈ SA




Atansyon: Si nou ta wè fontenn lan **gonfle moute**, se ka yon siy pou maladi yo rele mennenjit la (wè paj 200). Koumanse tretman an touswit, chache konkou doktè.

JAN NOU KA KONNEN SI YON RENMÈD FÈY BON OSINON PA BON

Se pa paske anpil moun ap sèvi ak yon renmèd fèy ki vle di li bon pou sa, osinon li pa gen danje. Se pa tout tan nou ka konnen renmèd ki bon ak renmèd ki pa bon. Gen anpil travay ki pou ta fèt nan sans sa a pou nou ta sèten. Toutjan, nap ban nou kat (4) ti prensip kí ka ede nou rekonèt renmèd ki gen chans pou yo bon, ak sa ki gen danje. Pou chak ka, nou pran renmèd yo sèvi nan peyi a.

1. LÈ GEN ANPIL RENMÈD POU YON SÈL MALADI, GEN ANPIL CHANS POU YONN LADAN YO PA BON.

Pou maladi opresyon, moun andeyò nan peyi Dayiti gen **anpil** renmèd yo sèvi, men **gen nan yo ki pa bon**. Tankou: kloure yon klou nan yon pye bwa wotè moun nan, mete zandolit osinon sourit nan lèt pou yo bwè.



Pi fò nan renmèd pou opresyon yo pa ka fè opresyon an ale. **Lè yo bay yon sèl renmèd pou yon maladi, gen plis chans pou renmèd la bon**.

2. RENMÈD SANTI AK RENMÈD DEGOUTAN PI FASIL BAY PWOBLÈM PASE POU L GERI MALADI A.

Tankou:


1- Mete ravèt ak fil zarenyen sou lonbrit tibebe.

2- Mete labou osinon digo sou kote yon moun boule.

Tou de renmèd sa yo pa bon menm, yo ka bay moun gwo enfeksyon. Nan sèvi ak kalite renmèd sa yo, nou ka pran tan anvan nou jwenn yon bon renmèd pou trete ni maladi nou genyen an, ni maladi renmèd yo ka jete sou nou.

3. RENMÈD KI SÈVI AK POUPOU AK PIPI BÈT, OSINON POUPOU AK PIPI MOUN PA BON EPI YO KA BAY GWO ENFEKSYON. PA JANM SÈVI AK YO.

1- Mete pye moun
ki foule nan poupou cho



2- Mete pipi nan nen timoun ki gripe

Konsa tou, poupou lapen ak poupou lòt bèt pa bon pou mete kote moun boule. Gen anpil danje nan sa. Kenbe poupou bèf nan men pap fè anyen pou moun ki fè kriz. Te ki fèt ak poupou moun, poupou kochon osinon poupou lòt bèt pa bon pou okenn maladi. **Pa janm** mete poupou sou lonbrit tibebe ki fenk fèt. Sa ka ba li tetanòs.

4. PLIS YON RENMÈD VLE SANBLE AK MALADI A, GEN PLIS CHANS POU SE KWAYANS MOUN NAN GEN NAN RENMÈD LA KI FÈ KICHÒY POU LI.

Tankou:

1- Lè yon moun gen malmouton, mare plim mouton sou machwè li.


2- Mete yon chenn ki fèt ak dan chen nan kou timoun kap fè dan pou yo pa gen dyare.



Tout tretman sa yo ak anpil lòt tankou yo pa ka fè anyen pou geri moun. Si yon fwa konsa nou wè tretman sa yo bay yon soulajman, se paske moun malad lan te kwè nan renmèd lan. Konsa, lè nou gen yon ka grav, pa kite renmèd sa yo fè nou pèdi tan anvan na l chache tretman ki pi bon.

KI LÈ POU NOU PRAN LAVMAN AK METSIN, KI LÈ POU NOU PA PRAN YO

Se toupatou sou latè, moun renmen pran osinon bay lavman ak metsin. Men, yo fè sa twò souvan. Lèfini lavman ak metsin fasil bay pwoblèm.



Anpil moun kwè lavman ak metsin ka trete lafyèv ak dyare. Nou pa fin dakò, paske trip moun lan deja tou fèb, yo fatige li pi plis.

Lavman ak metsin pa toujou bay bon rezilta. Lèfini gen anpil danje nan sa, sitou lè nou pran gwo metsin.

LÈ POU YO PA BAY LAVMAN AK METSIN

Pa janm bay lavman osinon metsin si yon moun gen gwo doulè lestonmak, osinon si li santi vant fèmal (anba sou bò dwat). Se ka apendisit. Si yon moun gen gwo doulè

nan vant epi vant li anfle (wè paj 100), ale wè si li pase de twa jou san ale nan watè, pa ba li ni lavman, ni metsin.

Pa janm kite yon moun pran metsin osinon lavman si li blese nan vant.

Pa janm bay metsin osinon lavman lè yon moun fèb osinon malad. Sa ka pran dènye ti fòs li.

Pa janm bay yon timoun ki ak lafyèv, kap vonmi, ki gen dyare osinon ki manke dlo nan kò li lavman osinon metsin (wè paj 161).

Pa pran abitib sèvi toutan ak lavman osinon metsin (wè konstipasyon paj 138).

KI LÈ AK KI JAN POU NOU PRAN OSINON BAY LAVMAN

1. Nou ka pran lavman ak yon ti dlo cho pou konstipasyon, lè nou blije pouse anpil pou nou fè bezwen an (poupou). Nou ka mete yon ti moso savon nan dlo cho a pou fè lavman an.

2. Lè yon moun manke dlo nan kò li epi li gen vonmisman, li ka pran lavman ak sewòm oral. Lè sa a nou ba li lavman an **dousman** (wè paj 162).

KALITE METSIN MOUN RENMEN PRAN

LWIL DERISEN (MASKETI) FÈY SENE	Metsin sa yo fatige andedan nou anpil. Yo fè plis mal pase byen. Pito nou pa pran yo menm.
POUD MAYEZI LÈT MAYEZI SÈL DEPSONN (silfat mayezi) (wè paj 425)	Tout metsin sa yo fèt ak sèl. Pran yon ti dòz sèlman pou konstipasyon. **Pa pran yo lè nou gen vant fè mal.**
LWIL MINERAL (wè paj 425)	Moun ki soufri emowoyid konn pran li lè yo konstipe. Men, sa pa fè poupou a vin mou. Li grese l ase, li kite l tou di a. Li ka debloke yon fwa konsa.

MEN JAN NOU KA PRAN METSIN

Gen ti metsin, gen gwo metsin ak lòk. Tout renmèd nou sot wè yo ka sèvi pou ti metsin lè yon moun pa pran anpil. Men, yo ka tounen gwo metsin si nou pran yon pi gwo dòz. Ti metsin netwaye moun, li fè yo ale pi fasil. Gwo metsin fè nou ale dri tankou moun ki gen dyare.

Gwo metsin yo : Yon moun kapab pran gwo metsin ak yon gwo dòz lè li pran kèk pwazon. Konsa, li fè yon gwo lavman rapid nan kò li pou elimine pwazon an (Wè paj 111). Esepte nan ka sa a, gwo metsin pa bon pou moun.

Ti metsin yo: Nou ka pran ti metsin sèl osinon lèt mayezi pou konstipasyon, men toujou ak ti dòz. Moun ki soufri **emowoyid** epi ki sere ka pran lwil mineral. Men, sa fè poupou a glise sèlman. Li pa vin mou. Nou ka pran lwil la konsa: 3 ti kiyè rive 6 ti kiyè lè nou pral dòmi. Pa pran li lè nap manje paske lwil la ap bwote tout vitamin ki nan manje a ale.

PI BON MWAYEN POU FINI AK KONSTIPASYON:

Se manje kalite manje ki gen fil pou nou fè poupou a vin mou epi pou nou ale chak jou san pouse twòp. Fòk nou manje manje ki gen fil ladan yo tankou manyòk, diri solèy, pitimi, elatriye (wè paj 138). Se pou nou bwè anpil dlo, manje anpil fwi, legim, fèy. Fè ti mache.

Moun ki abitye manje kalite manje sa yo pa fasil soufri ak emowoyid, konstipasyon, kansè nan trip tankou moun ki manje anpil manje modèn yo. Pou nou pa gen pwoblèm sere (konstipe) evite manje grenn ki blanchi twòp nan pilon osinon nan machin. Manje ble, diri, mayi, pitimi ak tout ti pay yo sou yo.

CHAPIT 2

KALITE MALADI NOU FASIL PRAN YONN POU LÒT

KI SA KI BAY MOUN MALADI?

Tout moun ap jwenn yon repons pou yo bay si yo mande yo ki sa ki bay moun maladi, men yo tout pap reponn keksyon sa a menm jan.

Yon timoun piti gen dyare. Poukisa?

Gen moun nan zòn lan ki ka di se paske papa l ak manman l te fè yon bagay mal, yo te neglije yon sen, yon lwa.



Yon doktè ka di se mikwòb nan kò timoun lan ki fè sa.

Yon reskonsab zafè la sante piblik ka di se dlo li bwè a ki pa pwòp. Se latrin ki pa genyen.

Yon lidè kap travay pou chanje sosyete a ka di se jan sosyete a separe tè ak richès kominote a ki fè timoun yo pa viv nan bon kondisyon ijyèn ak pwòpte.

Yon pwofesè lekòl ka di se paske ni papa a, ni manman an, ni timoun lan manke sou levasyon yo.

Chak moun wè kòz maladi a dapre esperyans pa yo. Men, kilès ladan yo ki gen rezon? Se yo tout. Lè nou gade byen paske ...

Toujou gen divès kòz mare ansanm pou bay moun maladi.

Chak rezon nou sot wè yo bay pou dyare a ka vre. Konsa, se pou nou pran yo tout ansanm pou jwenn kòz maladi a.

Si nou vle evite maladi, si nou vle geri maladi yo kòrèk, fòk nou chache konprann tousa ki ka lakòz maladi nou pi fasil jwenn nan zòn kote nap viv la. Chache konnen divès rezon ki fè nou jwenn maladi sa yo nan zòn lan.

Nou pral pale sou anpil maladi nan liv sa a. Lèfini, nap bay kalite renmèd fanmasi yo ka sèvi pou geri osinon pou bay soulajman.

Pou nou pwofite byen tousa ki nan liv sa a epi pou nou sèvi ak renmèd fanmasi yo san danje, fòk nou konnen maladi yo, tousa ki lakòz yo, ki jan yo fè kous yo sou moun, menm jan doktè yo konn sa. Se sa Chapit sa a pral ede nou konprann.



"Poukisa se pitit pa m lan ?"

DIVÈS KATEGORI MALADI AK KÒZ YO

Lè nap kalkile jan pou nou evite maladi osinon jan pou nou trete maladi, li ta bon pou nou separe yo fè de (2) gwoup: Maladi nou pran nan mikwòb yon bò, maladi ki pa soti nan mikwòb yon lòt bò.

Maladi ki soti nan mikwòb se maladi ki atrapan fasil, maladi yonn ka bay lòt. Nan ka sa a, fòk moun ki pa malad yo pran prekosyon pou moun ki malad yo pa ba yo maladi a.

Maladi ki pa soti nan mikwòb se maladi yonn pa ka bay lòt. Gen divès rezon ki ka fè yon moun gen maladi sa yo. Se poutèt sa li bon pou nou rekonèt maladi ki atrapan ak maladi ki pa atrapan.

MALADI KI PA SOTI NAN MIKWÒB:

Maladi sa yo pa atrapan. Se pa mikwòb, jèm maladi, bakteri ak lòt parazit ki konn atake kò moun ki lakòz yo. Konsa, moun pa ka bay yon lòt moun li. Lèfini se pou nou konnen ki medikaman nou pa bezwen pran. Antibyotik ki bon pou touye jèm maladi (wè paj 57) pa ka trete maladi sa yo.

Pa bliye: **Antibyotik pa ka trete maladi ki pa sòti nan mikwòb**

MEN MALADI KI PA SOTI NAN MIKWÒB


Pwoblèm nou jwenn lè gen yon pati nan kò a ki fini, osinon ki travay mal: doulè rimatis kriz kè malkadi konjesyon serebral tèt fè mal katarak kansè	Pwoblèm nou jwenn lè yon bagay soti deyò vin deranje kò a: alèji opresyon pwazon tous nan fimen tabak ilsè lestonmak tafya	Pwoblèm nou jwenn lè kò a manke yon bagay li bezwen pou li travay byen: malnitrisyon pelag anemi (feblès) gwo kou siwoz nan fwa (pa tout lè)
Pwoblèm nou pran nan papa ak manman nou. Nou fèt ak yo: bouch krab (anvi zago bèf) je vewon kokobe (plizyè fòm) malkadi (pa tout lè) timoun ebete anvi (tout kalite)	Pwoblèm ki soti nan lide nou gen nan tèt nou (maladi tèt) moun ki pè bagay ki pa ka fè yo anyen moun kap viv ak kè sote, ki kite pwoblèm dominen yo moun ki kwè nan wanga, nan maji, moun ki pè tout bagay	

MALADI KI SOTI NAN MIKWÒB, KI ATRAPAN

Maladi sa yo soti nan mikwòb, nan move jèm ak nan **parazit** ki atake kò a. Yo soti sou yon moun ale sou yon lòt, yo antre tout jan nan kò a. Annou wè divès kalite maladi ki soti nan mibwòb ak ki kalite mikwòb ki reskonsab yo.

MEN KÈK MALADI KI ATRAPAN

Kalite mikwòb ki bay maladi a	Kalite maladi yo bay	Jan moun trape li	Medikaman nou ka pran
bakteri (mikwòb osinon ti jèm maladi)	tibèkiloz (maladi touse) tetanòs kèk kalite dyare kèk kalite nemoni ekoulman, sifilis mal zòrèz (ak pi) maleng java (ak pi)	nan lè (nan touse) blese ki pran salte dlo ki pa bouyi, manje, men sal, mouch nan lè (nan touse) rapò (gason ak fi) grip kontak ak salte kontak ak pi a	antibyotik
viris (yon kalite jèm maladi ki pipiti pase bakteri)	rim, grip, malmouton, saranpyon (lawoujòl), polyo, kèk kalite dyare laraj veri (bouton sèl, grenn sèl)	nan moun ki malad, nan lè a, nan touse, nan mouch, elatriye. lè bèt malad mòde nou fwotman, kontak	aspirin ak lòt kalman (pa gen medikaman pou kraze viris. Antibyotik pa fè anyen). Vaksen ka pèmèt nou evite de twa nan maladi sa yo.
chanpiyon	pyas lota	kontak ak po yon moun malad osinon ak rad li	souf ak vinèg pomad ki gen asid sa yo: undesilenik, benzoyik, salik, griseofilvin.
ti parazit ti bèt kap viv nan kò moun	nan trip: vè amib (disantri) nan san: malarya	lè nou manke pwòpte (soti nan poupou al nan bouch) piki marengwen	Divès medikaman ki fèt pou sa. klowokin (aralèn)
ti parazit kap viv sou deyò kò moun	pou pis pinèz lagal	kontak ak moun malad osinon ak rad yo	ensektisid (pwazon ti bèt) lendàn benzil benzoat




Menm jan ak anpil mikwòb ki bay maladi, bakteri yo sitèlman piti, moun pa ka wè yo ak je. Se nan yon aparèy ki fèt pou sa, ki gwosi yo pou je nou ka wè yo. Aparèy sa a rele mikwoskòp. Viris yo pi piti toujou pase bakteri yo.

Antibyotik tankou penisilin, tetrasiklin, elatriye, se medikaman ki konbat mikwòb (jèm) ki bay maladi atrapan yo. **Antibyotik yo pa ka fè anyen pou maladi** tankou: rim, grip, saranpyon, elatrye **nou pran nan kalite mikwòb nou rele viris la. Pa janm chache trete maladi sa yo ak antibyotik.** Li pa ka fè anyen epi li ka deranje nou plis pase li fè nou byen (wè **antibyotik**, paj 59). *BAKTERI.

KALITE MALADI KI TA VLE SANBLE YONN AK LÒT


Yonn nan pi gwo ladrès yon doktè kap fè tretman dwe genyen, se rekonèt maladi ki sanble yonn ak lòt, men ki pa soti nan menm kòz epi ki pa mande menm tretman:

1. **Pran ka yon timoun kap vin mèg chak jou, kap depafini, vant li ap anfle. Li ka gen yonn nan maladi sa yo:**



   - Malnitrisyon (wè paj 118)
   - Vè (plizyè gwo vè tankou Askaris) ki mache ak malnitrisyon (wè paj 149)
   - Yon maladi tibèkilòz (maladi touse) ki sou li depi lontan (wè paj 193)
   - Gwo enfeksyon nan kannal pipi a depi lontan (wè paj 254)
   - Deranjman nan fwa osinon nan larat
   - Kansè nan san (Lesemi)

2. **Pran ka yon granmoun ki gen yon gwo java nan je pye li depi plizyè mwa, epi kap gaye, men kalite maladi li ka genyen:**



   - San sikile mal nan kò li. Sa ka soti nan varis osinon lòt kòz (wè paj 230)
   - Dyabèt (wè paj 135)
   - Enfeksyon nan zo
   - Maladi lalèp (wè paj 207)

- Tibèkiloz nan po (wè paj 229)

- Sifilis grav ki la depi lontan (wè paj 258)

Chak maladi sa yo gen tretman pa yo. Konsa, pou trete yo byen, fòk nou rive rekonèt yo chak. Konsa, nou wè anpil maladi sanble. Men, si nou konnen ki keksyon pou nou mande, ki siy pou nou chache, nou ka rive rekonèt ki maladi moun lan genyen.

Liv sa a ap moutre nou ki sa ki pase pou chak maladi, kouman nou santi nou pou chak maladi. Men atansyon! Siy yo pa toujou parèt aklè. Anpil fwa, yo mele. **Devan ka grav, ka difisil yo, mande konkou yon ajann sante osinon yon bon doktè**. Yo ka blije fè egzamen espesyal ak analiz pou moun lan.

Sa nou pa konnen pi gran pase nou!
Lè nap sèvi ak liv sa a, chonje nou ka fasil fè wout kwochi.
Pa janm moutre nou konesè nan yon bagay nou pa konnen.
Si nou pa sèten nou rekonèt yon maladi,
si nou pa konnen ki jan pou nou trete li, si maladi a grav,
chache konkou doktè.

MALADI MOUN FASIL PRAN YONN POU LÒT KIFÈ YO RIVE BA YO MENM NON

Anpil fwa non nou bay maladi yo la lontan lontan anvan moun te rive konnen te gen mikwòb osinon jèm maladi, osinon medikaman pou rete yo. Lè gen divès maladi ki ta vle bay menm siy, tankou gwo lafyèv osinon yon doulè vant, yo konn ba yo menm non. Jouk koulye a, nan anpil peyi, moun yo kenbe ansyen non yo toujou. Men, anpil doktè ki etidye lavil pa konnen non sa yo, yo pa sèvi ak yo. Se poutèt sa moun yo toujou konprann doktè liv pa gen tretman pou maladi yo menm yo konnen. Konsa, yo sèvi ak renmèd fèy pou trete **maladi sa yo**.

Men, doktè liv etidye maladi sa yo nan lekòl lametsin kote yo ba yo lòt non. Li ta bon pou yo ta moutre doktè yo tout non pèp la bay maladi yo.

Renmèd fèy bay bon rezilta pou anpil maladi. Men, pou yon seri lòt maladi, medikaman fanmasi yo pi bon, se yo ase ki ka sove lavi nou. Si nou pran maladi moun trape fasil, maladi ki gen anpil danje tankou nemoni, tifoyid, tibèkiloz (maladi touse) osinon enfeksyon apre akouchman, se medikaman fanmasi ki pou ede nou.

Pou nou ka rive konnen byen ki maladi ki mande medikaman fanmasi epi ki kalite medikaman nap bezwen, **se pou nou chache konnen ki jan yo rele maladi yo nan liv lametsin yo, ki non ajann sante yo ba yo, ak jan yo rele yo nan liv sa a.**

Pa bliye ale nan premye paj yo kote nap jwenn lis tout koze yo pale nan chapit yo, yonn apre lòt, osinon nan dènye paj jòn yo, kote nap jwenn lis tout kozman yo fè nan liv

la ak nimewo paj ki koresponn ak yo chak.

Si nou pa jwenn maladi nap chache a nan liv sa a, gade wè si li pa gen yon lòt non, osinon chache nan chapit ki pale sou pwoblèm ki sanble ak maladi a.

Si nou pa wè klè nan yon maladi, si nou wè ka a sanble grav, chache konkou doktè.


Nan tout rès chapit sa a, nap wè ki jan moun yo konn rele yon seri maladi. Anpil fwa, kote doktè lavil yo wè plizyè maladi ak plizyè non, moun yo konn ba yo yon sèl non.

Sa pa fasil pou nou ta bay yon ka pou chak peyi, osinon pou chak zòn kote yap sèvi ak liv sa a. Konsa nap bay sa nou jwenn. Se ka pa menm non yo bay nan zòn lakay nou. Tout jan, sa ka ankouraje nou chache jan moun nan zòn lakay nou rele maladi yo genyen.

An nou gade ka sa yo. Si antan nap li koze a nou chonje non yo bay maladi a nan zòn lakay nou, nou mèt ekri non an kote ki ekri:

NON YO BAY KÈK MALADI NAN ZÒN LAKAY NOU

GONFLEMAN: endijesyon, balonman, deranjman nan vant.



Anpil moun rele ***gonfleman*** tout kalite deranjman yon moun genyen nan vant: ***lestonmak chaje***, fè rapò si, lestonmak balonnen, gen de lè vant fè mal . Yo konn trete gonfleman ak divès kalite renmèd fèy.

Men, gen anpil lòt maladi ki konn bay doulè nan lestonmak yo rele ***gonfleman*** tou tankou:

- Dyare osinon disantri ak trip kòde (wè p. 163).
- Vè (p. 149).

- Vant anfle paske moun nan soufri malnitrisyon (p. 118).

- Ilsè lestonmak (paj 136), endijesyon.

- Trip ki bouche tout bon vre (sa pa rive fasil) (paj 100).

Anpil nan maladi sa yo pa trete ak renmèd fèy osinon ak vantouz. Pou trete yo, fòk nou konnen sa ki lakòz yo anvan. Lè sa a na konnen ki renmèd pou nou bay.

VANT FÈMAL (KOLIK):

Depi yon fanm gen doulè sou bò gòch osinon sou bò dwat vant li, yo rele sa doulè vant osinon vant fè mal. Doulè a konn mache al nan mitan do a. Gen divès maladi ki ka bay sa:



- Enfeksyon nan aparèy pipi a (ren, blad pipi a, kannal la (wè paj 254).

- Enfeksyon, kis, timè nan matris osinon nan ovè yo (wè paj 270).

- Kolik, gaz (wè dyare paj 163).

- Apendisit (paj 101).


Pou trete vant fèmal, chache konnen sa ki lakòz li anvan, lè sa a na konnen ki renmèd pou nou bay.


KONJESYON:

Konjesyon se yon non yo sèvi pou divès maladi. Moun ka fè ***konjesyon***:

nan tèt, nan poumon, nan lestonmak, nan tout kò yo.









Yo di yon moun fè ***konjesyon***, lè li manje manje li pa fèt pou manje, manje yo di ki pa bon pou li (wè paj 131), yon manje ki pa ale avèl, lè lap pran yon kalite renmèd, lè li anrimen, lè yon fanm fin akouche. Pou yo pa fè ***konjesyon***, anpil moun malad, anpil fanm ki fin akouche pa manje yon seri manje ki ta byen bon pou yo.

Gen yon seri maladi moun yo rele ***konjesyon***:

- Deranjman nan manje manje gate: sa bay vonmisman, dyare, kolik (wè paj 144) ak feblès.

- Alèji: Gen moun ki pa tolere yon seri manje (lanbi, zwit, chokola, elatriye) osinon yon seri medikaman, osinon piki tankou penisilin. Sa ba yo vonmisman, dyare, yo swe frèt, yo gen difikilte pou yo pran souf, bouton ak gratèl parèt sou kò yo epi souf yo anlè (paj 177). Deranjman nan lestonmak, nan trip: wè (paj 163), vonmisman (paj 172) epi gwo vant fè mal (paj 100) Difikilte pou pran souf (ti kriz osinon gwo kriz): wè opresyon (paj 179), nemoni (paj 183) osinon lè yon gwo bagay kole nan gòj yon moun (paj 84).

- Maladi ki bay kriz osinon fè yon pati nan kò yon moun vin pòk: wè kriz (paj 192), tetanòs (paj 197), mennenjit (paj 200), polyo (paj 348), konjesyon serebral (paj 358).

- Atak kè. Sa pi fasil rive granmoun (paj 358).

BATMAN KÈ

Lè kè yon moun ap bat fò epi vit, yo rele sa ***batman kè***. Sa kap bat konsa a se ***gwo venn*** ki sòti nan kè a epi kap ponpe san an nan rès kò a. Lè yon moun mèg anpil, lè li grangou nou pi fasil wè sa, se yon siy ki fè nou konnen moun lan pa manje ase (wè paj 118), osinon li grangou. Ba li manje bon manje, se pi bon tretman pou li (paj 116).

LATRANBLAD: - gwo laperèz - sezisman

Latranblad se yon kalite gwo laperèz ki pran yon moun, dapre sa yo di, lè moun lan sote sou yon bagay ki fè li pè, osinon lè li kwè bòkò ap fè li mal, osinon lè li kwè yap fè maji dèyè l, yo voye move mò sou li. Lè konsa moun lan kapab tranble, nenpòt ti anyen fè li sote, li nève fasil, li pa ka dòmi, li vin mèg, li ka rive mouri tou.

DIVÈS ESPLIKASYON LAMETSIN KA BAY POU MALADI SA A

1- Kay anpil moun, laperèz sa a ka soti nan kwayans moun lan, nan lide li mete nan tèt li (wè paj 4). Konsa, yon fanm ki pè pou moun pa voye wanga sou li ka vin nève, li ka rive pa manje osinon li ka pa dòmi byen. Lap koumanse vin fèb, lap pèdi pwa. Pou li menm sa vle di se yon move zè yo voye sou li. Lè sa a, li vin pi eksite, li vin pi pè. Chak fwa lap vin pi mal.

2- Kay [illegible] osinon kay timoun piti, se ka pa menm bagay la. Move rèv ka fè yon timoun [illegible] osinon fè li leve nan dòmi ak laperèz. Gwo lafyèv cho ka fè

timoun lan depale epi fè l fè bagay dwòl. Lè yon timoun ap soufri malnitrisyon sa ka fè l parèt kagou. Premye siy maladi tetanòs ak mennenjit (paj 197 ak paj 200) ka sanble anpil ak maladi laperèz (kè sote) sa a.

TRETMAN:

Lè se yon maladi ki bay moun lan ***laperèz***, kè sote sa a, trete maladi a. Fè moun lan konprann sa ki lakòz kè sote sa a. Si se nesesè al mande doktè konsèy.

Men, lè kè sote sa a se ***laperèz*** menm ki bay moun lan li, fè l konprann se laperèz kap ba li tout pwoblèm sa a. Nan ka konsa nou wè renmèd fèy ak senp konn ede moun lan.

Si moun ki gen laperèz la ap respire fò epi vit, kò li kapab vin gen twòp lè (oksijèn), sa kapab ba li plis kè sote.

GWO LAPERÈZ AK SOUF ANLÈ ANLÈ

Siy:

- Moun lan pè anpil
- Souf li kout epi li fò
- Kè l ap bat fò epi vit
- Yon bò figi l, osinon men l ak pye l yo mouri osinon yap pike l, osinon yo frèt.
- Li santi yon lakranp kap redi l nan tout kò l.



TRETMAN:

- Fè moun lan rete dousman, mezi nou kapab.
- Fè l pran yon gwo sache nan men l, mete figi l ladan l konsa epi respire dousman san wete sache a pandan de twa minit. Sa ka ede l kalma kò li.
- Lèfini, pale avè l, fè l konprann pwoblèm lan pa pi grav pase sa. Talè konsa lap santi l refè.

MALADI MOUN YO BAY MENM NON MEN KI PA MENM

Moun yo konn sèvi ak yon menm non pou anpil maladi ki pa menm. Lè konsa moun yo mele, yonn pa fin konprann lòt nèt, paske sa non an vle di nan lespri malad la se pa sa li vle di pou ajann sante a osinon pou doktè a, osinon pou lòt moun. Nap bay de egzanp ase:

- Kansè ak Lalèp. Lè nap pale avèk doktè yo ak ajann sante yo, osinon lè nap sèvi ak liv sa a:

Atansyon pou non maladi yo pa mele, chache konprann siy maladi a, sa moun malad la santi ak istwa maladi a.

KANSÈ:


Moun yo sèvi ak mo ***kansè*** a pou divès maladi po, espesyalman pou gwo java ki enfekte anpil osinon pou kangrenn (paj 230).

Men, nan bouch pifò moun ki aprann nan liv, kansè a se pa yon enfeksyon li ye. Se sa yo rele gwo bèt la. Se yon boul kap gwosi nan nenpòt pati nan kò moun. Men kalite kansè nou pi fasil jwenn:


kansè po (paj 228)



kansè tete (paj 310)



kansè nan vant (paj 271)



Nenpòt boul nou santi nan yon pati nan kò nou ki pa fè nou mal, ki di epi kap gwosi chak lè, se ka yon kansè. Pifò kansè gen danje ladan yo, yo ka mande operasyon bonè.


Depi nou sispèk nou gen kansè, chache wè doktè

LALÈP:

Moun yo rele ***lalèp*** nenpòt maleng kap laji epi ki pa vle fèmen. Sa konn mele anpil moun ki sèvi ak mo sa a pou lalèp tout bon an (paj 207). Men kalite maladi po yo ka rele lalèp tou:

- Bouton maleng (enpetigo) ak lòt maladi po ki bay pi (paj 219).

- Bouton kote bèt mòde ak gratèl (paj 216).
- Maleng ki pa vle geri ak java ki soti lè san moun lan pa sikile byen (paj 230).
- Kansè po (paj 228).
- Lalèp (paj 207) osinon tibèkiloz nan po (paj 229).



Timoun sa-a gen bouton maleng, li pa gen lalèp

DIVÈS MALADI KI KA BAY LAFYÈV



Pou di vre, lafyèv la limenm se pa yon maladi li ye, se maladi ki lakòz li. Se yon siy li ye. Se chalè kò moun lan ki moute. Men lakay nou ak nan anpil lòt peyi, gen yon seri gwo maladi grav ki ka bay lafyèv.

Pou evite maladi sa yo osinon pou fè bon tretman pou yo, fò nou ka rekonèt yo pou nou pa pran yonn pou lòt.

Men kèk nan maladi grav ki bay lafyèv yo. Chak gen jan pa yo pou yo bay li.

MALARYA: (wè paj 201)

Moun nan gen gwo lafyèv ak frison. Lafyèv lan ka rete sou moun nan nèt sitou si lap fè malarya pou premye fwa. Li ka gen lafyèv ale vini. Li swe lè lafyèv la ap tonbe. Li gen gwo maltèt. Li santi nwa kou li ap kase.

TIFOYID: (wè paj 205)

Li pran moun lan tankou yon grip ak yon ti lafyèv. Chak jou lafyèv la ap vin ti kras pi cho. Li pa janm bese. Batman kè moun lan ralanti. Li ka gen dyare, li ka pèdi anpil dlo. Tanzantan lap tranble, lap depale (delirium), moun lan malad anpil.

LAJONIS: (wè paj 184)

Pou koumanse, moun lan pa anvi manje, li pa anvi fimen. Li anvi vonmi. Je l, pla men li ak pla pye l vin jòn. Pipi li koulè brik osinon zoranj. Poupou li tou blan. Fwa li anfle, lap fè li mal. Li gen yon ti lafyèv. Moun lan fèb anpil anpil.

NEMONI: (wè paj 183)

Souf moun lan kout epi anlè anlè. Lafyèv la ap moute anpil chak jou. Lap touse epi lap rann gwo flenm vèt, li ka bay ti san nan flenm lan tou. Li ka gen doulè nan pwatrin li. Moun lan malad anpil anpil. Lè yon timoun piti gen yon maladi grav tankou enfeksyon nan san, nou kapab pa wè lap fè nemoni. Depi yon timoun sispann manje, lap dòmi toutan osinon li gen kriz, nou dwe mennen li lopital san pèdi tan.

LAFYÈV RIMATIS: (wè paj 343)

Se timoun piti ak jennmoun ki pi fasil genyen l. Doulè nan jwenti ak gwo lafyèv . Li fasil mache ak malgòj. Doulè nan pwatrin ak souf la yon ti jan kout, osinon bra yo ak pye yo ap fè mouvman san malad la pa kontwole yo. Lè timoun gen gwo mal gòj, se pou nou mennen li kay doktè san pèdi tan. Lafyèv rimatis ka atake kè a tou.

LAFYÈV AKOUCHMAN: (wè paj 307)

Li koumanse sou yon jou pou pi piti apre akouchman an ak yon ti lafyèv ki vin pi cho apre kèk jou. Move sant ak pèt nan vajen fi a. Li gen doulè epi li ka bay san.

Tout maladi sa yo gen danje ladan yo. Lakay nou ak nan peyi ki sou menm chalè ak nou yo gen anpil lòt maladi ki ka bay menm siy sa yo ak lafyèv. Nou pa toujou fasil rekonèt yo. Anpil nan maladi sa yo gen danje ladan yo. Depi nou kapab, se chache wè doktè.

CHAPIT 3 JAN POU NOU EGZAMINEN YON MALAD


Pou nou ka konnen sa pou nou fè pou yon malad, premye bagay pou nou fè se mande l kèk keksyon ki konsekan, lèfini egzaminen l byen egzaminen, chache tout ***siy*** ki ka ede nou ansanm ak ***sa malad la santi*** pou konnen si malad la grav epi ki maladi lap soufri.

Toujou mete moun lan yon kote ki gen limyè pou egzaminen l. Limyè solèy la pi bon pou sa. Tout jan, **pa janm** egzaminen l kote ki fè nwa.

Gen kèk kekòyon nou fèt pou nou toujou mande malad la. Konsa tou gen kèk siy pou nou toujou chache kay yon moun ki malad, tankou sa moun lan santi, sa moun lan di sou jan maladi a pran l lan, ak tousa nou ka wè lè nap egzaminen l. Si moun lan pa ka pale osinon si nou annafè ak tibebe, se plis siy yo ki konsekan ak sa lòt moun ka di nou. Nan liv sa a nou sèvi ak mo "siy" la ni pou sa moun lan santi, ni pou siy nou wè lakay li.

Lè nap egzaminen yon moun, pa bliye ekri tousa nou jwenn, pou ka di ajann sante a si li mande nou (wè paj 44).

KEKSYON



Koumanse mande moun lan istwa maladi a sou li. Pa bliye mande l keksyon sa yo:

Ki sa kap chaje tèt ou koulye a? Ki sa ki fè ou santi kò ou pi byen, osinon pi mal? Ki lè maladi a pran ou? Ki jan li pran ou?

Ou te soufri maladi sa a deja? Ou gen lòt moun nan fanmi ou osinon nan zòn bò lakay ou kap soufri menm maladi a?

Mande l lòt keksyon konsa pou nou ka rive konnen tout ti detay sou maladi a.

Si lap soufri mande l:

Kote kap fè ou mal? (fè l sèvi ak yon sèl dwèt pou l moutre nou kote kap fè l mal). Èske doulè a kenbe ou la, osinon èske l ale vini?

Ki jan doulè a pran ou? (li mòde ou? li dous? li boule?)
Èske ou ka dòmi ak doulè a?

Si se yon timoun ki poko pale ki malad la, gade wè si li bay siy lap soufri, gade mouvman li fè ak kò li, ak ki jan li kriye. (Pa egzanp, si timoun nan soufri mal zòrèy, tanzantan lap fwote bò tèt li osinon lap tire sou zòrèy li).

KONDISYON JENERAL MOUN LAN


Anvan nou mete men sou moun lan pou sonde l gade l byen gade. Eske li parèt malad anpil, osinon èske li fèb? Gade mouvman li fè ak kò li, jan li pran souf, èske tout lespri li sou li. Gade wè si li bay siy li manke anpil dlo (wè paj 161) osinon li anba chòk (wè paj 82).

Èske moun lan parèt li byen manje osinon li manke manje? Èske li pèdi pwa? Lè moun lan ap pèdi pwa depi kèk tan, se ka yon move anemi kap minen l konsa.


Gade koulè po li ak koulè je li, anba zong dwèt li:

- Si li parèt blenm, si anndan po bouch li blanch, anndan po je li blanch, pla men li ak anba zong dwèt li blanch, se siy gwo feblès, anemi (paj 132).
- Si anba po a ble, po bouch li ak zong dwèt li yo tou ble tou, se ka yon gwo pwoblèm li gen pou l pran souf (wè paj 84, 179 ak 346) osinon nan kè li (paj 358).
- Si po a yon ti jan blenm, ak yon ti swe frèt, moun lan ka an chòk.
- Lè anba po a jòn ansanm ak blan je yo, se ka yon maladi fwa lap soufri (epatit paj 184) , siwoz (paj 362), ak apsè amebik (paj 155), osinon blad fyèl li malad (paj 363). Timoun ki fenk fèt ka gen maladi sa yo (paj 303).

CHALÈ KÒ MOUN (tanperati)



Li toujou bon pou nou kontwole chalè kò moun lan, menm si li sanble pa gen lafyèv. Si moun lan malad anpil, pran chalè kò li kat (4) fwa chak jou epi make l yon kote.



Si nou pa gen tèmomèt, men sa nou ka fè pou wè jan chalè kò moun lan ye: mete do yonn nan men nou sou fwon pa nou, osinon sou fwon yon moun ki pa malad epi mete do lòt men an sou fwon moun ki malad la. Si moun malad la gen lafyèv nap santi diferans lan. Pa egzanp:

Si li gen lafyèv, chache konnen ki lè ak ki jan lafyèv la pran l, ki jan li desann. Sa ka ede nou anpil pou rekonèt ki maladi ki bay lafyèv la.

- Malarya bay gwo lafyèv cho ki pran nou ak frison. Lafyèv la ka pran anpil tan anvan li tonbe. Lèfini lap pran malad la nèt osinon li fè ale vini (wè paj 201).
- Tifoyid bay yon ti lafyèv pou koumanse, men chak jou lafyèv la ap vin pi cho san tonbe.
- Tibèkiloz konn bay yon ti lafyèv nan apremidi. Lannwit moun lan swe anpil, apre sa lafyèv la tonbe.


Atansyon: Pou timoun ki fenk fèt, si chalè kò l **twò wo osinon twò ba** (pi ba pase 36 degre) sa ka vle di lap fè yon gwo enfeksyon (wè paj 304).

- Si nou vle konn plis sou kalite lafyèv divès maladi ka bay wè paj 26 ak 27.
- Wè paj ki vin apre a pou konnen ki jan pou nou sèvi ak tèmomèt.
- Pou nou konnen sa pou fè pou moun ki gen lafyèv, wè paj 80.

KI JAN POU NOU SÈVI AK TÈMOMÈT


Tout moun dwe gen yon tèmomèt lakay yo. Lè yon moun malad, kontwole chalè kò li kat fwa chak jou, lèfini make l yon kote.

Jan pou nou li yon tèmomèt (ki make an degre santigrad - oS.):



Jan pou nou kontwole chalè kò moun nan:

1. Pwòpte tèmomèt la nan dlo ak savon osinon ak alkòl. Kenbe tèmomèt lan nan pwent anwo, souke l fò tankou nou ta souke yon tchatcha, jouk ti mak klere a desann anba nimewo 36 la.




2. Mete tèmomèt la . . .


anba lang moun lan, ki fèt pou kenbe bouch li fèmen



osinon anba zèsèl li si nou pè pou li pa mòde tèmomèt la



osinon nan twou dèyè pou timoun.



3. Kite l nan pozisyon nou te mete l la pandan twa osinon kat minit konsa.

4. Wete l epi li l. (Chalè anba zèsèl moun yon ti jan pi ba pase chalè anba lang. Chalè nan twou dèyè toujou pi wo pase anba lang.)

5. Lave tèmomèt la byen lave nan dlo ak savon lè nou fin sèvi ak li.

SOUF - Respirasyon moun lan

Gade byen jan moun lan ap pran souf, si souf li fò osinon piti, si li kout, si li anlè anlè, si li gen pwoblèm pou pran souf. Gade si tou de bò lestonmak li yo ap moute desann menm jan lè lap pran souf.

Si nou gen yon mont osinon yon aparèy ki make lè, konte konbe fwa li pran souf pandan yon minit. Pou granmoun ak gran timoun se 12 rive 20 fwa pandan yon minit ki nòmal. Pou timoun ki poko gen de mwa: 60. Pou timoun de mwa rive ennan: 50. Pou timoun plis pase ennan: 40. Moun ki gen lafyèv osinon kap soufri maladi nan poumon yo (tankou nemoni) ka gen souf yo kout anlè anlè. Si souf la kout epi li depase souf nòmal la, sa vle di se ka nemoni moun lan ap fè.

Koute byen bri li fè lè lap pran souf, konsa:

- Si nou tande tankou yon bri siflèt anmenm tan li gen difikilte pou l respire sa vle di opresyon (wè paj 179).

- Si moun lan pèdi konesans epi nou tande tankou lap gagari osinon tankou lap wonfle anmenmtan li gen difikilte pou l respire, sa ka vle di lang li, osinon flenm, osinon yon bagay kole nan gòj li, bouche kannal lè a.

Gade wè si bò kòt li yo ak anba kou l ap anfle lè lap pran souf. Sa vle di lè a pa ka pase lib. Se ka yon bagay ki kole nan gòj li (paj 84), se ka nemoni (paj 183), se ka opresyon (paj 179) osinon se ka yon bwonchit moun lan ap soufri (paj 182).

Si moun lan ap touse, mande l si tous la enpoze l dòmi, mande l si li rann flenm lè lap touse, ki kantite, ki koulè, èske li gen san ladan l.

BATMAN KÈ


Pou pran batman kè moun, mete de dwèt sou bò ponyèt la konsa. Pa janm sèvi ak gwo pous pou pran batman kè yon moun.



Si nou pa santi batman kè a bò ponyèt la, eseye pran l bò kou a.



osinon mete zòrèy nou dirèk dirèk sou lestonmak li sou bò kè a.



Gade si li bat fò, si li bat vit, osinon si li bat regilye. Si nou gen yon mont osinon bagay pou mezire tan, konte konbe batman li ba nou chak minit.

BATMAN KÈ NÒMAL KAY YON MOUN KI POZE

granmoun	60	rive	80	fwa chak minit
timoun	80	rive	100	fwa chak minit
tibebe.....	100	rive	140	fwa chak minit

Lè yon moun sot fè egzèsis, lè li eksite, lè li sezi, osinon si li gen lafyèv, kè a ap bat pi vit. Odinèman pou chak degre lafyèv la vin pi cho, nap jwenn kè a bat 20 batman an plis chak minit.

Lè yon moun malad anpil, se pou kontwole batman kè a dri epi make l yon kote ansanm ak degre chalè kò li ak kantite souf li chak minit.

Batman kè a konsekan anpil, konsa:

- Si batman kè an fèb men li rapid, sa vle di moun lan an chòk (wè paj 82).
- Si batman an rapid osinon dousman anpil, oswa si li pa regilye, se ka yon pwoblèm kè li genyen (wè paj 358).
- Men si atout moun lan ap fè gwo lafyèv nou wè batman kè a rete dousman, se ka tifoyid lap fè (wè paj 205).


JE MOUN MALAD


Gade blan je a, li ka pran yon ti koulè. Èske koulè a nòmal? Èske li wouj (paj 237), osinon jòn? Make tout chanjman maladi a fè sou je moun lan.

Èske nou wè je yo ap vini lanvè sou anwo, sou anba, sou kote dwat ak sou kote gòch. Si moun lan ap tire kò l tanzantan, si lap fè mouvman dwòl ak kò li, se ka sèvo l ki donmaje.

Gade gwosè ***nwa je*** l yo. Si nou wè yo laj, sa vle di moun lan an chòk. Si yo piti anpil, sa ka vle di moun lan pran pwazon, osinon lap pran yon renmèd ki aji sou li.

Gade de je yo pou wè si gen diferans ladan yo sitou nan gwosè nwa je yo:





Si toude nwa je yo pa menm gwosè, nou mèt sèten nou gen yon ka grav ki mande prese.

- Si je ki gen nwa je pi gwo a ap fè mal anpil, gen anpil chans pou moun lan ap soufri GLOKÒM (wè paj 241).


- Si se je ki gen pi piti nwa je a kap fè mal anpil, se ka yon IRITIS (glè je anfle) lap fè: ka a grav (wè paj 240).

- Si moun lan pèdi konesans, osinon si moun lan te resevwa yon gwo chòk nan tèt pa lontan epi nou wè de nwa je yo pa menm gwosè, sa ka vle di se sèvo l ki donmaje. Sa ka vle di tou moun lan ap fè yon KRIZ KÈ (wè paj 358).

Pa janm bliye gade nwa je yon moun ki pèdi konesans osinon ki te resevwa yon gwo chòk nan tèt.

ZÒRÈY, GÒJ AK NEN

Zòrèy : Toujou gade si gen doulè ak enfeksyon nan zòrèy, sitou kay timoun ki gen lafyèv osinon grip. Lè nou wè yon timoun ap kriye anpil, osinon ap tire zòrèy li, gen anpil chans pou se enfeksyon lap fè nan zòrèy (wè paj 341).



Rale fèy zòrèy la sou deyò dousman konsa. Si sa fè l pi mal, na konnen enfeksyon an ka nan kannal tande a.

Gade wè si anndan zòrèy la wouj, si lap bay postim. Yon ti flach ak bon pil ladan l ap ede nou wè anndan nan fon zòrèy la.

Men pa janm mete bwa, plim poul, bout fè, bagay konsa anndan zòrèy la. Chache wè si moun lan tande byen, osinon si li tande pi byen nan yon zòrèy pase nan lòt la. Pou moun ki pa tande osinon ki gen zòrèy kònen wè paj 361.

Gòj ak bouch: Avèk yon flach osinon nan limyè solèy gade anndan bouch ak gòj moun lan. Avèk yon manch kiyè (osinon fouchèt) peze lang lan desann osinon fè moun lan di: Aaaaa...! Gade wè si gòj la wouj, si amigdal yo (de boul chè ki nan fon gòj la) anfle, si yo gen ti mak pi ladan yo. Gade tout anndan bouch la pou wè si gen ti mak pi ladan yo. Gade tout anndan bouch la pou wè si gen mak blese, jansiv anfle, divès kalite mak sou lang, koulè lang lan, dan pouri osinon gate ak lòt pwoblèm (wè chapit 17).

Nen : Èske nen an bouche? Èske lap koule larim? Si se yon timoun piti, gade si lap pran souf nan nen li, ak ki jan lap fè sa. Avèk yon flach gade anndan twou nen yo, wè si li gen larim di, pi ak san, gade wè si li wouj, si lap bay move sant. Chache siy sinizit ak move grip lasezon (wè paj 176).

PO

Lè yon moun malad, li toujou bon pou nou egzaminen tout kò l, piti kon piti maladi a ka sanble. Pou tibebe ak timoun, mete yo toutouni. Gade wè si tout bagay nòmal. Men siy pou chache:



- blese, maleng, bouton
- gratèl ak chofi, bousòl
- tach, mak sou po li
- ***anfleti*** (po a vin wouj, li cho, li anfle, li fè mal. egal se enfeksyon)
- po gonfle - boufi
- glann (nan kou, anba zèsèl, nan fant janm (wè paj 94)
- boul dwòl anba po
- cheve ap vin fenfen, yap tonbe, yo chanje koulè, yo klere (wè paj 118)
- pwal sousi yo tonbe (wè paj 207)

Pou timoun, toujou louvri janm yo pou wè fant dèyè yo, pati yo, gade nan fant dwèt yo ak nan fant zotèy yo, dèyè zòrèy yo ak nan cheve yo (poupou, pou, pyas, gratèl ak bouton).

Ale nan paj 213 rive paj 215 kote na wè divès siy pou divès kalite maladi po.

VANT


Si moun lan ap soufri doulè nan vant, chache wè ki bò egzat kap fè l mal la.

Chache konnen si doulè a konn pase osinon si li kenbe san rete, osinon si l ale vini, tankou kranp osinon kolik.

Lè nap egzaminen vant lan, premye bagay pou chache se boul dwòl osinon gonfleman.

Si nou ka rive wè ki kote kap fè mal la, sa ka ede nou konnen sa ki lakòz (wè paj ki vin apre a).

Pou koumanse, nou mande moun lan pou li mete yon dwèt kote kap fè l mal la.



Apre sa, nou koumanse sou bò ki anfas kote li moutre nou an, nap mache peze dousman nan tout vant lan pou nou ka wè kote ki fè l mal la.



Wè si vant lan mou, si li di, si moun lan ka lage misk vant li. Si vant lan di anpil sa vle di vant lan malad. Se ka apendisit, se ka peritonit lap fè (wè paj 101).

Si nou sispèk se ka peritonit osinon apendisit, fè tès peze lage yo moutre nan paj 102 an.

Gade si nou santi kèk boul dwòl, kèk kote ki di anba men nou nan vant lan.

Si moun lan ap soufri yon doulè san rete nan vant li epi lap bay rapò si, li pa ka watè, kole zòrèy nou sou vant li konsa:




Koute tande bri gaz kap mache nan vant li. Si apre de minit konsa nou pa tande anyen, konnen moun lan ap kouri gwo danje (wè pwoblèm nan vant ki mande prese, paj 100).

Yon vant ki pa fè bri,
se tankou yon chen ki pa jape. Atansyon!

Nan paj sa a nap bay divès kote ki ka fè moun mal nan vant yo ak maladi ki ka lakòz sa:

Ilsè lestonmak
(p. 136).




doulè nan kòf lestonmak la.

Apendisit
(paj 101)


Pou koumanse li fè moun lan mal nan lonbrit la,

apre doulè a desann sou bò dwat la konsa




Fyèl la (paj 363).

doulè a konn rive jouk nan do.




Fwa
(paj 154, 184 ak 362)

doulè a bò la konsa, li konn mache rive jouk nan kòf lestonmak la.




Systèm pipi a (paj 254)

doulè nan do ak nan anba do,
doulè a konn fè wonn ren an jouk
anba tivant



Ovè yo anfle, osinon timè nan ovè yo (p. 270)

doulè a sou yon bò
osinon sou de bò anba tivant lan,
li konn rive jouk nan do.




Atansyon: Pou tout kalite doulè fanm genyen anba tivant yo wè paj 270. Pou tout kalite doulè do, wè paj 187.

MISK AK NÈ

Si moun lan ap plenyen li santi yon pati nan kò l ki mouri, li santi feblès osinon li pa ka kontwole yon pati nan kò l, men sa pou nou fè pou rive konnen sa li genyen. Tout jan toujou kontwole mouvman yon moun fè ak kò li depi li malad: gade jan li mache, jan li deplase kò l. Fè l chita, fè l kanpe, fè l kouche plat epi gade byen pou wè si toude bò nan kò li se menm.

Figi: Fè li ri, mete min nan fwon li, louvri je l yo gran louvri, fèmen yo sere. Gade wè si gen yon bò figi l ki desann osinon ki fèb.



Si li di nou pwoblèm lan rete konsa epi li pran l, se ka yon chòk li pran nan tèt (paj 98), se ka yon kriz kè (paj 360) osinon paralizi Bell la (paj 361).

Si li di nou se chak jou li santi pwoblèm lan ap ogmante piti piti, se ka yon timè nan tèt. Chache wè doktè.


Kontwole mouvman je yo, èske yo nòmal? Ki gwosè nwa je yo (paj 235). Eske li wè byen ladan yo?

Janm ak bra: Gade si misk yo febli, si de bra yo osinon de janm yo pa menm gwosè. Si nou mezire yo, sa pi bon toujou.

Fè l kenbe dwèt nou ak men l yo konsa, epi fè l peze. Sa va pèmèt nou wè si toude bra yo gen menm fòs.




Kenbe zotèy pye l yo konsa, epi fè l pouse yo desann osinon rale yo moute.






Sèvi ak nenpòt ti moso riban pou mezire bra yo osinon janm yo pou nou wè si yo menm gwosè

Fè l lonje de bra l yo devan konsa, epi pou l vire pla men l yo sou anwo ak sou anba.



Gade si yo fèb osinon si yap tranble

Fè l kouche plat sou do epi leve janm yo yonn apre lòt.



Si se tout misk nan kò a nèt ki pa travay osinon ki fèb, se ka malnitrisyon ki fè sa (paj 118) osinon yon maladi tankou tibèkiloz kap minen l depi kèk tan.

Si se sou yon sèl bò kò a misk yo fèb osinon yo pa travay, si se yon timoun, se ka polyo (maladi kokobe) lap fè.


Si se yon granmoun, se ka pwoblèm li gen nan rèl do li, yon chòk li resevwa nan do osinon nan tèt, se ka yon kriz tansyon lap fè.

Lè misk yo redi, yap tire kò a:



- Si se machwè yon moun ki rèd ki fè li pa ka louvri bouch li, se ka tetanòs (wè paj 197) osinon yon gwo enfeksyon lap fè nan gòj (paj 342), osinon yon enfeksyon nan dan (paj 250).

- Si timoun nan malad anpil, epi nou wè kò l kase sou dèyè, kou li ak rèl do li rèd, se ka mennenjit lap fè. Si nou wè tèt la kage dèyè epi nou pa ka fè l bese sou devan, osinon li pa ka mete tèt li nan mitan de jounou l yo, gen anpil chans pou se mennenjit lap fè (wè paj 200).




mennenjit

- Si timoun lan gen kèk misk nan kò l ki **toujou** rete rèd lèfini tanzantan lap tire kò l, sa vle di li gen ***paralizi nan sèvo*** (wè paj 354).

- Si moun lan rete konsa lap tire epi li pèdi konesans, se kriz lap fè (paj 192), men si li fè kriz sa yo dri, se ka malkadi lap soufri. Si moun nan te malad deja lè lap fè kriz la, se ka gwo lafyèv (paj 81), manke dlo (paj 161) osinon tetanòs (paj 197).

Si nou sispèk yon moun ap fè tetanòs, si nou vle sonde misk li yo, ale nan (paj 198) nap wè jan pou fè sa.



tetanòs


Pou kontwole si gen yon pati nan kò moun lan osinon janm li ak men li ki mouri, men jan pou fè sa:

- Fè moun lan kouvri je l. Epi manyen po kò a osinon pike l tou piti divès kote. Mande l pou li di nou "wi" chak fwa li santi sa nou fè.

- Si li pa santi anyen nan tach ki parèt sou kò li, konnen se ka lalèp (paj 201).

- Si li pa santi anyen nan de men l yo ak nan de pye l yo se ka dyabèt (paj 135), konsa tou se ka lalèp.

- Si se yon bò nan kò l ase ki mouri se ka yon pwoblèm li gen nan rèl do li (paj 187), osinon yon chòk li resevwa nan do li.



"Wi"

CHAPIT
4 JAN POU NOU OKIPE MOUN MALAD


Maladi gate vanyan, li febli kò. Pou moun malad reprann fòs, pou yo refè vit, fòk nou ba yo swen yo bezwen.

Jan nou okipe moun malad se bagay ki pi konsekan nan tretman nap fè pou li.

Se pa tout lè moun malad la bezwen renmèd. Men bon swen, se toutan li bezwen sa. Men swen ki pi enpòtan lè nap okipe moun malad:

1- METE MOUN MALAD LA ALÈZ

Lè yon moun malad se pou l ka poze kò l kote ki pa gen bri, kote ki fè bon, ki fè fre ak bon jan klate. Pa kite l twò cho ni twò frèt. Si fè frèt epi moun lan gen frison, kouvri l ak yon dra osinon yon lenn. Men si fè cho, osinon si moun lan gen lafyèv pa kouvri l menm (wè paj 80).






2- BA L BWÈ DLO

Pou pifò maladi, espesyalman pou sa ki bay lafyèv ak dyare, moun malad la fèt pou bwè anpil dlo, te, ji, bouyon, ak lòt bagay konsa.

3- KENBE KÒ LI PWÒP

Toujou kenbe kò li pwòp. Sa konsekan anpil. Se pou nou benyen l chak jou. Si li twò malad ki fè li pa ka leve soti nan kabann li, lave l ak yon twal osinon yon eponj ak dlo tyèd. Toujou kenbe dra li yo pwòp sou kabann li . Chanje rad sou li dri pou yo toujou pwòp. Veye pou kras pen ak kras manje pa rete nan kabann li.



MOUN KI MALAD
FÈT POU BENYEN CHAK JOU

4- BON MANJE



Depi moun malad la santi li ka manje, ba li manje. Pi fò nan maladi yo pa mande yon dyèt espesyal. Moun malad la fèt pou li bwè anpil dlo, pou li manje manje pou bati kò li, manje ki gen nanm tankou lèt, fwonmaj, poul, ze, vyann, pwason, pwa, fèy, legim vèt ak fwi, (wè Chapit 11)


Si moun lan fèb anpil, ba li tout kalite manje sa yo, men fè soup ak yo, osinon ji pou li bwè. Manje kap ba li fòs bon anpil pou li tou, tankou labouyi diri, ble, avwàn, ponmtè osinon manyòk (lanmidon). Si nou mete yon ti sik ak ti gout lwil kwizin nan labouyi a, sa ap pi bon toujou. Lèfini ankouraje l bwè anpil ji sikre, espesyalman si nou wè li pa manje anpil.

Men de twa maladi ki mande yon dyèt apa, nap ban nou paj kote nap jwenn sa ki bon ak sa ki pa bon pou moun ki gen maladi sa yo:

* lestonmak boule, ilsè lestonmak. . . . . p. 136
* apendisit, trip bouche, vant fè mal (pou ka sa yo, pa manje menm) . . . . . p. 100, 101
* dyabèt. . . . . p. 135
* maladi kè. . . . . p. 358
* pwoblèm nan fyèl. . . . . p. 363

SWEN APA POU MOUN KI MALAD ANPIL

1. Dlo



Lè yon moun malad anpil li fèt pou li bwè anpil dlo. Si li pa ka bwè anpil dlo yon sèl kou, se pou l bwè ti gout dlo tanzantan. Si li pa vale fasil, ba li yon ti gòje dlo chak senk dis minit konsa. Mezire kantite dlo li bwè chak jou. Chak jou yon granmoun fèt pou li bwè de lit dlo pou pi piti, lèfini pou li pipi kat fwa pa jou. Si moun lan pa bwè kont dlo, osinon si li pa pipi kont pipi, si nou wè li koumanse ap bay siy manke dlo (wè paj 161) ankouraje l bwè plis dlo. Lè konsa ba li manje likid ki gen nanm ak yon ti sèl ladan l. Si li pa ka bwè manje yo, ba li sewòm oral (paj 162).

Si ata sewòm lan li pa ka bwè epi lap bay gwo siy manke dlo, chache yon mis pou ba li sewòm nan venn. Men nou ka toujou evite rive nan pwen sa a si nou ankouraje l pou pran yon ti gòje tanzantan.

2- Manje

Si malad la pa ka manje manje solid, ba li soup, lèt, bouyon ak lòt likid ki nourisan (wè Chapit 11). Labouyi mayi, mayizena, avwàn osinon labouyi diri bon tou pou li, men fòk yo ta melanje ak lòt manje ki pou bati kò a. Fè soup pou li ak ze, pwa, vyann rache, pwason osinon poul. Si moun lan pa ka manje anpil yon sèl kou, ba li manje tanzantan chak jou.

3- Pwòpte ak Pozisyon nan Kabann

Pwòpte se bagay konsekan anpil pou yon moun ki malad grav. Li fèt pou li benyen chak jou. Chanje dra kabann li chak jou osinon chak fwa yo sal.

Lè yon moun malad anpil li ka fèb, li pa ka menm vire nan kabann pou kont li. Se pou yo ède l chanje pozisyon nan kabann anpil fwa chak jou. Sa ka evite l gen maleng kabann. (wè paj 231).

Lè yon timoun pase anpil tan malad, tanzantan se pou manman an osinon lòt moun li renmen pran l, mete l sou janm li.

Lè ou chanje moun malad la pozisyon nan kabann tanzantan, sa ka anpeche l fè nemoni. Se pi gwo danje ki ka rive yon moun ki fèb, ki malad epi ki blije pran kabann pandan lontan. Si moun lan gen lafyèv, si li koumanse ap touse, si souf li kout, anlè anlè, gen anpil chans pou se nemoni lap fè (wè paj 183).


4. Veye tout chanjman nan eta malad la

Se pou nou veyatif anpil pou tout chanjman ki ka fèt nan eta malad la ki di nou si se pi mal lap pi mal osinon si lap refè. Kouche tout siy enpòtan sa yo sou papye kat fwa pa jou.


tanperati (chalè kò li): ki degre chalè kò li.



batman kè a : konbe fwa nan yon minit.




souf: konbe fwa li pran souf nan yon minit.



Pa bliye make tou kantite likid li pran, konbe fwa pa jou li fè pipi, li watè. Sere enfòmasyon sa yo pou ajann sante a osinon pou doktè a.

Yon bagay ki pi konsekan toujou: se pou nou veye tout kalite siy ki ka fè nou wè si maladi a grav anpil, si gen danje. Nan paj kap vin apre a, **nap bay lis siy pou gwo maladi grav.** Si malad la bay yonn nan siy sa yo, **prese chache konkou doktè**. Pa dòmi sou sa!



SIY GWO MALADI GRAV

Yon moun ki bay pou pi piti yonn nan siy sa yo ka malad twò grav pou okipe li lakay li san konkou doktè. Lavi li ka an danje. **Prese chache konkou doktè san pran reta**. Antan nap tann doktè a vini, swiv konsèy yo ban nou pou chak ka nan paj sa yo.

Paj


1. Moun lan ap senyen anpil nenpòt kote nan kò li. 88, 211, 272, 292
2. Lap touse 193
3. Po bouch li ak anba zong li ap vin tou ble 29
4. Anpil difikilte pou li pran souf, li te mèt pran repo li pa refè 179, 358
5. Lè malad la tonbe nan koma, li pa ka soti ladan l 82
6. Moun nan sitèlman fèb, li pèdi konesans lè li kanpe 358
7. Li gen yon jou osinon plis depi li pa ka pipi 254
8. Li gen yon jou osinon plis depi li pa ka bwè anyen 161
9. Gwo vonmisman ak gwo dyare kay granmoun depi yon jou osinon kay timoun piti depi kèk tan 161
10. Lè poupou a nwa osinon lè li rann san osinon poupou nan vonmisman an 136
11. Yon gwo doulè san rete nan lestonmak san vonmisman, san dyare kay yon moun ki sere (ki pa ka fè poupou) 100
12. Yon gwo doulè san rete depi twa jou pou pi piti . . . . . 28 rive 40
13. Kou rèd ak do a kage sou dèyè, avèk machwè rèd osinon li pa rèd. 197, 200
14. Kriz kay yon moun ki gen gwo lafyèv osinon ki malad anpil 81, 200
15. Gwo lafyèv cho (depase 39 degre) ki pa desann depi kat senk jou . . 80
16. Moun lan ap megri, lap pèdi pwa chak jou depi kèk tan 19
17. San nan pipi li 254
18. Maleng ki pito gaye pase li geri depi kèk tan malgre tretman . 207, 213, 228, 229
19. Yon boul ki parèt nenpòt kote nan kò moun lan epi ki gwosi. 213, 270
20. Pwoblèm gwosès ak akouchman:
    - Senyen pandan gwosès la 271, 272, 275
    - Figi anfle, nou pa ka wè byen pandan dènye mwa gwosès la . .275
    - Twòp tan ap pase depi fanm nan kaselèzo epi lap soufri tranche . . 297
    - Gwo senyen 294

KI LÈ EPI KI JAN POU CHACHE KONKOU DOKTÈ

Chache konkou doktè depi nou wè yon siy moun lan ap soufri yon maladi grav. Pa tann moun lan twò mal pou nou pa nan pwoblèm pou nou mennen l.

Si nou wè eta malad la ka vin pi mal se pou nou deplase avè l. Eseye voye chache yon ajann sante, men si ka a prese, si li mande swen espesyal osinon operasyon (tankou apendisit konsa) pa tann ajann sante a. Se pran malad la epi mennen l lapoula nan dispansè a osinon lopital.

Lè nap pote moun lan sou branka, se pou nou sèten moun lan alèz lèfini li pap tonbe. Si li gen yon zo kase, mare zo a, anvan nou deplase l (wè paj 106). Si solèy la twò cho, louvri yon dra anwo branka a pou ba li lonbraj, men kite espas pou lè fre ka sikile .



SA POU DI AJANN SANTE A

Anvan pou ajann sante a osinon doktè a bay tretman pou yo swiv ak medikaman pou malad la, se pou yo wè malad la, si malad la pa ka deplase, fè ajann sante a vin wè li. Si ajann sante a pa ka vini, voye yon granmoun bò kote l ak tout ti detay maladi a. **Pa janm voye yon timoun osinon yon moun ki manke konprann.**

Anvan nou voye chache konkou lopital, egzaminen moun lan byen egzaminen, kouche tout ti siy maladi a sou papye ak tout bagay nou wè ki dwòl, ki pa nòmal. Voye yon ti rapò sou eta jeneral malad la (wè Chapit 3).

Nan paj ki vin apre a nap bay yon fòm nou ka sèvi pou fè rapò maladi a. Nan dènye paj liv la nap jwenn lòt fèy tankou sa a. Chire yonn ladan yo lèfini pran san nou pou fè rapò a, bay tout detay nou jwenn.

Lè nap voye yon moun chache konkou doktè toujou ba li yon rapò sou maladi a pou doktè a.

RAPÒ SOU MALADI A

Pou nou voye lè nap voye chache konkou doktè

Non moun malad la: _____ Laj li _____
Gason ___ Fanm ___ Kote li ye? _____
Ki pwoblèm li osinon ki maladi lap soufri koulye a? _____
_____
_____
Ki lè sa koumanse? _____
Ki jan li koumanse? _____
Moun lan te gen pwoblèm sa a anvan? _____ Ki lè? _____
Li gen lafyèv? _____ Ki wotè lafyèv la ? _____
Ki lè lafyèv la pran l? _____ Pou konbe tan? _____
Li gen doulè? _____ Ki kote? _____
Ki jan doulè a pran l? _____

Ki sa ki pa nòmal nan kò li:

Po: _____ **Zòrèy:** _____
Je: _____ **Bouch ak gòj** _____
Pati li: _____
Pipi: anpil osinon piti? _____ Ki koulè? _____
Li gen pwoblèm pou fè pipi? _____ Bay detay: _____
Konbe fwa li pipi nan vennkatrè? _____ Konbe fwa lannwit? _____
Poupou: Ki koulè? _____ Ak san osinon glè ladan l? _____
Li gen dyare? _____ Konbe fwa li watè nan yon jounen? _____
Li gen lakranp? _____ Kolik? _____ Li manke anpil dlo? _____
Vè? _____ Ki kalite? _____
Souf (respirasyon li): Konbe fwa li pran souf nan yon minit? _____
Souf la kout? _____ Li gwo? _____ Li nòmal? _____
Li gen pwoblèm pou li pran souf? _____ (bay detay) _____
Lap touse? _____ (detay) _____
Li gen ral nan lestonmak li? _____
Flenm? _____ Avèk san? _____
Èske moun nan bay yonn nan SIY MALADI GRAV SA YO? (wè paj 44)
Ki lès siy? (bay detay) _____
Lòt siy li bay? _____
Èske moun lan ap pran renmèd? _____ Ki renmèd sa ye? _____
Èske gen renmèd moun lan janm pran ki ba li bousòl ak gratèl osinon lòt reyaksyon alèji? Ki reyaksyon sa yo? _____
Eta malad la: Pa twò grav: _____ Grav anpil _____

Sèvi ak do fèy papye sa a pou ekri tout lòt enfòmasyon nou kwè ki konsekan pou ede ajann sante a osinon doktè a.

CHAPIT 5 TRETMAN SAN MEDIKAMAN

Pou soti anba pifò maladi nou ka genyen, nou pa bezwen pran okenn medikaman. Kò nou gen jan pou li defann tèt li, jan pou li kenbe tèt ak maladi yo, pou li goumen ak yo. Nan pifò ka maladi, defans ki nan kò a pi konsekan lontan pase medikaman yo.


Pou pifò maladi - lafyèv ak grip ladan yo tou - nap refè san nou pa bezwen pran okenn medikaman.

Men pou ede kò a goumen pi byen ak maladi yo jouk li rive kraze yo, nan pifò ka maladi men sa pou fè:

kenbe kò nou pwòp



poze kò a



manje byen



Menm lè maladi a grav anpil, atout li mande medikaman, **se kò a ki pou kraze maladi a.** Medikaman an se soutni li soutni kò a. Tout jan, pwòpte, repo ak bon manje ki gen nanm, se twa bagay ki konsekan anpil.

Pou kenbe kò moun ansante, pi gwo travay la se pa nan pran medikaman. Menm si nap viv nan yon zòn kote pa gen medikaman fanmasi, gen anpil bagay nou ka fè pou evite pifò nan maladi nou ka gen fasil yo, osinon pou trete yo, si nou konnen jan pou nou fè sa.

Gen anpil maladi moun ka evite osinon yo ka trete san pran medikaman.

Si moun te konnen jan pou yo sèvi ak **dlo,** sa ase ta kont pou evite osinon trete anpil maladi pase tout pakèt medikaman moun yo ap pran koulye a, sa ki pi rèd, anpil fwa nan move kondisyon ankò.


FÈ TRETMAN AK DLO

Anpil moun ka viv san medikaman, men pèsonn pa ka viv san dlo. Lè nou gade byen, gen yon ti jan plis pase mwatye nan kò nou (57 pou san) se dlo. Si tout moun kap viv andeyò te konn jan pou yo sèvi byen ak dlo, nou tap gen mwens moun malad ak mwens moun mouri, sitou pami timoun piti yo.


Pran yon maladi tankou dyare, si nou sèvi ak dlo jan pou nou fè l la, sa ap ede nou anpil nan evite ak nan trete maladi sa a. Anpil kote dyare se pi gwo kòz maladi ak lanmò timoun piti. Lèfini se dlo ***kontaminen*** (ki pa fin pwòp nèt) ki reskonsab anpil nan ka dyare yo.

POU EVITE MALADI

Pou evite dyare, yonn nan bagay ki pi enpòtan yon moun dwe fè se bouyi dlo pou bwè osinon pou fè manje. Sa konsekan anpil pou tibebe yo. Konsa tou se pou nou bouyi byen bouyi tout bagay nou sèvi pou ba yo manje. Yon lòt bagay ki konsekan ankò se lave men nou nan dlo ak savon lè nou sot watè, anvan nou manje, anvan na l sèvi manje.



POU TRETE MALADI



Yonn nan bagay ki pi fasil lakòz timoun ki gen **dyare** mouri, se lè yo manke twòp dlo nan kò yo, lè yo dezidrate (wè pa 161). Lè nou bay yon timoun ki gen dyare anpil dlo pou li bwè (ak yon ti sèl ak yon ti sik osinon siwo myèl ladan l) nou ka evite li manke twòp dlo. Si li te deja ap manke dlo, sa ka ede l jwenn dlo li bezwen. Wè sewòm oral pou dyare (paj 162).


Lè yon timoun gen dyare, si nou bali dlo pou li bwè, sa pi bon lontan pase nenpòt ki medikaman. Pou di vre, si yo bay malad la bon kou dlo pou li bwè, nou ka pa bezwen ba li okenn medikaman pou rete dyare a.

Nan de paj kap vini apre sa a, nap bay lis lòt ka maladi kote **si nou konnen jan pou sèvi byen ak dlo, sa ka konsekan pase pou nou bay medikaman.**

KA MALADI KOTE BON SÈVIS DLO KA FÈ PLIS PASE MEDIKAMAN

POU EVITE

	pou evite	sèvi ak dlo	wè paj
1.	dyare, vè, enfeksyon nan trip	bouyi dlo pou bwè, lave men	144
2.	maladi po	benyen dri	142
3.	blese ki anvlimen, tetanòs	lave blese a nan dlo bouyi frèt ak bon savon	90, 95







POU KONBAT


	pou konbat	sèvi ak dlo	wè paj
1.	dyare, ak manke dlo	bwè anpil likid (dlo, ji, te, sewòm oral)	161
2.	maladi ak lafyèv	bwè anpil likid	80
3.	gwo lafyèv (39 degre osinon plis)	benyen kò a ak dlo fre	81
4.	ti enfeksyon nan kannal pipi (pi fasil kay fanm)	bwè anpil dlo	254
5.	tous, opresyon, bwonchit, nemoni, koklich	bwè anpil dlo, respire vapè cho pou detache flenm yo	181
6.	maleng, enpetigo, pyas, chaplèt	fwote l avèk dlo ak savon	218, 219 222, 228 230









pou konbat	sèvi ak dlo	wè paj	
7. blese ki anvlimen, apse, glann	konprès dlo osinon tranpe nan dlo cho	94, 129	
8. jwenti ak misk kap fè mal, kap redi	konprès dlo cho	110, 186	
9. maladi po: gratèl, irite ki cho kap fè pi (sòs)	konprès dlo frèt	210, 211	
10 ti boule	tranpe l nan dlo frèt	103	
11. gòj fè mal osinon enfeksyon amigdal	gagari ak dlo sale	342	
12. lè asid, klowòks, pousyè ak lòt bagay iritan tonbe nan je	lave l ak dlo frèt lapoula		
13. nen bouche	rale dlo sale nan twou nen nou	175	
14. sere, poupou di	bwè anpil dlo (lavman pi bon pase metsin, men pa pran l twòp	12, 138	
15. bouton grip, bouton lafyèv	parèt yo parèt, mete moso glas (si sa posib) sou yo pandan inèdtan.	252	

Pou chak ka maladi sa yo (esepte pou nemoni) si nou sèvi ak dlo jan pou sèvi avè l la, kèk fwa, nou gen dwa pa bezwen medikaman ditou.

Nan liv sa a, nap bay anpil jan pou trete maladi san pran medikaman. **Aprann sèvi ak medikaman sèlman lè nou pa ka fè lòt jan.**


CHAPIT 6 APRANN SÈVI AK MEDIKAMAN FANMASI

Gen kèk medikaman nou jwenn nan fanmasi osinon nan boutik andeyò ki ka bon anpil, men gen lòt tou ki pa vo anyen. Yon lòt bagay ankò, medikaman an te mèt bon, men se moun yo ki sèvi mal avè l. Konsa, li fè yo plis tò pase li fè yo byen. Pou medikaman an ka ede malad la tout bon se pou malad la pran medikaman jan li fèt pou li pran l lan.

Gen anpil moun, anpil doktè ak ajann sante ki renmen bay anpil medikaman san nesesite. Lè konsa, yo lakòz anpil moun pran lòt maladi, osinon rive mouri pou granmesi.

Gen danje nan sèvi ak nenpòt ki medikaman.
Tout medikaman se danje si nou pa sèvi byen avè l.

Gen medikaman ki gen plis danje pase lòt. Se dilere pou wè jan moun sèvi ak medikaman ki gen gwo danje pou nenpòt ti maladi yo genyen. Se konsa mwen wè yon timoun mouri paske manman l ba li yon medikaman danjere (kloramfenikòl) pou yon ti grip. **Pa janm sèvi ak medikaman ki gen gwo danje ladan l pou nenpòt ti maladi.**



TOUJOU CHONJE: *MEDIKAMAN KONN TOUYE MOUN*

Prensip pou nou swiv lè nap sèvi ak medikaman:

1. Sèvi ak medikaman sèlman lè pa gen lòt bagay nou ka fè pou malad la.
2. Aprann jan pou nou sèvi byen ak medikaman an, ansanm ak prekosyon pou nou pran lè konsa (wè PAJ VÈT).
3. Fòk nou sèten nou bay dòz ki bon pou moun lan (pa plis ni mwens).
4. Si medikaman an pa ede osinon si li bay lòt ti konplikasyon, sispann li.
5. Lè nou gen doutans, chache konsèy yon ajann sante.
6. Chonje gade nan ki dat medikaman an pa bon ankò.

Atansyon: Gen kèk ajann sante ak kèk doktè ki renmen bay medikaman san nesesite. Anpil fwa yo mete nan tèt yo se sa malad la vle. Si yo pa bay malad la medikaman pou l pran, malad la pap santi l kontan. Se nou menm ki pou di doktè a osinon ajann sante a nou pap pran medikaman san nesesite. Konsa non sèlman nou pap gaspiye lajan nou, men tou nap garanti lasante nou.

GWO DANJE NAN SÈVI MAL AK MEDIKAMAN FANMASI

Men yon lis danje ki genyen nan sèvi mal ak medikaman fanmasi. Se ka sa yo ki rive moun pi fasil epi ki lakòz anpil ladan yo mouri chak lanne. Veye kò nou!

1. Kloramfenikòl *(Klowomisetin)* (paj 408)



Se regretan pou wè jan yo sèvi anpil ak medikaman sa a pou nenpòt ti dyare, nenpòt ti maladi. Se yon renmèd ki gen anpil danje ladan l. Sèvi avè l sèlman pou gwo maladi grav tankou tifoyid (wè paj 205). Pa janm bay timoun ki fenk fèt medikaman sa a.

2. Ositosin *(Pitosin)*, **Pitwitrin ak Ègonovin** *(Ègotrat)* (paj 432)



Se dilere pou wè jan kèk fanmsaj sèvi ak medikaman sa yo lè akouchman pou "bay fanm lan fòs". Sa gen gwo dange ladan l. Sa ka touye ni manman an ni pitit la. Yo sèvi ak medikaman sa yo **sèlman apre** pitit la soti pou rete san kap koule a (senyen an) (wè paj 296).

3. Piki tout kalite




Lide anpil moun mete nan tèt yo piki pi bon pase medikaman, se pi gwo **manti**. Anpil fwa medikaman pou moun vale yo fè menm travay ak piki a. Yo konn pi bon menm. Epitou, **tout renmèd an piki gen plis danje pase lè nou vale** l. Piki se bagay ki fèt pou **kontwole anpil**, pou pran l nan bon kondisyon lè gen ka nesesite. (Pran san nou pou li Chapit 9 lan byen li).

4. Penisilin (paj 402)

Penisilin pa bon pou tout kalite ***enfeksyon***. Se pi gwo erè lè moun ap pran penisilin pou nenpòt ti foulay, ti doulè osinon ti lafyèv. Pran sa pou prensip, lè yon moun resevwa yon kou, depi po a pa pete, li te mèt foule anpil (depi san pa soti), pa gen danje pou l fè enfeksyon. Pa gen rezon pou yo ba li penisilin, ni okenn lòt antibyotik.

Yon lòt bagay ankò, penisilin lan pa ale ak tout moun. Anvan nou sèvi avè l, chache konnen ki prekosyon pou nou pran epi pran yo (wè paj 75 ak paj 402).

5. Piki penisilin melanje ak estreptomisin (paj 45) (gen divès mak)



Yo renmen sèvi twòp ak medikaman sa yo san nesesite, tankou pou grip ak nen koule. Gen twa rezon pou pa fè sa.

1. Yo pa ka fè anyen pou maladi yo.
2. Yo ka bay gwo konplikasyon. Moun lan ka rive soud osinon li ka mouri.
3. Lè nou sèvi twòp avè l pou granmesi, si nou ta rive bezwen l pou trete tibèkiloz osinon lòt gwo maladi grav, tretman an ap pi difisil.

6. Tetrasiklin ak Anpisilin

An Ayiti, gen anpil moun ki pran yon grenn tetrasiklin osinon anpisilin pou ti krik ti krak. Fi yo konn pran medikaman sa yo lè yo fin gen règ yo (lalin). Gason yo menm konn pran grenn sa yo lè yo soti nan kontak ak yon fi. Bwè yon sèl grenn tetrasiklin osinon anpisilin gen danje ladan l. Yon sèl grenn medikaman pap evite osinon konbat maladi .

Lè nap bezwen medikaman sa yo pou konbat bon jan enfeksyon, medikaman sa yo pap fè anyen pou nou, paske yo pap gen okenn fòs sou mikwòb yo.

7. Vitamin B 12 ak ekstrè fwa (paj 433)



Medikaman sa yo pa ka fè anyen pou moun kap soufri anemi osinon "gwo "feblès", esepte nan ka ki ra. Lèfini gen gwo danje pou pran yo an piki. Nou ka sèvi ak yo sèlman si ajann sante a, **apre rezilta analiz san an**, li wè se nesesè. Pou pifò moun kap soufri feblès, grenn fè (silfat fè, paj 133) se pi bon medikaman.

8. Lòt vitamin (paj 432)


An prensip, PA JANM PRAN PIKI VITAMIN. Piki yo gen plis danje, yo vann pi chè, lèfini yo pa pi bon pase grenn yo.

Se regretan pou wè jan anpil moun ap gaspiye lajan yo nan achte siwo fòtifyan ak konpoze ki gen vitamin. Pifò renmèd sa yo pa gen vitamin ki pi konsekan yo (paj125). Menm si yo ta rive genyen yo, li pi bon si nou achte plis manje bon kalite. Manje kap mete kò a kanpe, manje kap bay kò a pwoteksyon tankou ze, vyann, fwi, legim, pwa tout kalite gen anpil vitamin ladan yo ansanm ak lòt bagay kò a bezwen (wè paj 116, 117). Lè nou pran yon moun ki mèg, ki fèb, si nou ba li bon kalite manje ki gen nanm an kantite, sa ap ede l pi plis pase si nou ta ba li grenn vitamin ak mineral pou l pran mete sou ti manje li.


Lè yon moun manje byen, li pa bezwen vitamin.

PI BON JAN POU METE VITAMIN NAN KÒ NOU:

Manje sa yo pi bon pase grenn vitamin




Grenn vitamin yo pi bon pase siwo vitamin yo.



Grenn vitamin yo pi bon pase siwo fòtifyan.



Siwo fòtifyan pi bon pase piki vitamin.



Atansyon: Gen anpil fi, lè yo ansent, yo manje wòch ak sann difé. Li ta pi bon pou yo manje zé, bwè lèt pou kò yo ka jwenn kantite kalsyòm yo bezwen. Li nesesè pou timoun yo manje zé, bwè lèt pou yo grandi byen.

9. Sewòm nan venn

Gen kote lè yon moun soufri anemi osinon gwo feblès, yo depanse dènye ti lajan yo pou yo ka pran yon lit sewòm nan venn yo. Yo mete nan tèt yo sa ka ede yo reprann fòs, osinon fè san yo pi rich, men se pa vre.

Sewòm lan pa anyen pase bon dlo pwòp ak ti sèl osinon ti sik ladan l. Li bay mwens fòs pase yon gwo moso dous, li fè san an vini pi dlo, li pa fè l pi rich. Li pa kraze anemi a, ni li pa bay moun fèb la fòs.

Lèfini, si moun kap mete sewòm lan nan venn lan se pa yon moun ki konn fè sa byen, gen gwo danje pou enfeksyon pase dirèk nan san an. Li ka touye moun malad la.

Sèl lè pou yo bay sewòm, se lè moun lan pa ka vale anyen, osinon lè li manke twòp dlo (wè paj 161).

Depi moun malad la ka vale, ba li yon lit dlo pwòp ak yon ti sik ak sèl ladan l (wè sewòm oral pou dyare paj 162). Se tankou si li te pran yon lit sewòm nan venn.

Si moun lan ka manje, ba li bon jan manje ki gen nanm. Sa ap ba li plis fòs pase nenpòt kalite sewòm nou ka ba li nan venn.

Depi yon moun malad ka vale, ka kenbe sa li manje:



Sa pi bon pase sa



Sa pi bon pase sa.



10. Metsin (paj 424)



Se gwo danje pou bay moun ki fèb, ki manke dlo, osinon ki gen gwo doulè nan vant metsin. Se dilere pou wè jan gen anpil moun ki kwè lè yo pran metsin sa ap ede yo refè, lap netwaye tout anndan yo. Nan Chapit 1 an nou te esplike ki jan **gwo metsin lòk pi vit fè moun mal pase li fè yo byen**.

Ale nan paj 12 nap wè ki jan nou ka sèvi byen ak metsin ansanm ak lavman.

MEDIKAMAN KI PA VO ANYEN, KI GEN GWO DANJE, LÈFINI KAP VANN PI CHÈ

Laboratwa yo renmen fè reklam pou yo vann anpil renmèd fanmasi ki pa vo anyen, ki gen danje ladan yo, lèfini ki koute chè. Lè nou tande reklam yap fè pou medikaman nan radyo, osinon lè nou wè fèy reklam yap mete nan boutik ak nan fanmasi, yo pa janm pa di nou medikaman an bon, pa gen danje lè nap pran l osinon li pi bon mache pase tout lòt mak menm medikaman an.

Men reklam sa yo ka touye nou anpil jan:

Pou yonn, yo ka fè nou konprann medikaman an bon pou yon maladi, atout li pa ka fè anyen pou li.

Pou de, yo ka fè nou konprann medikaman an bay bon rezilta san yo pa di anyen sou danje ki genyen lè nap sèvi avè l, sou pwoteksyon pou nou pran lè konsa.

Pou twa, yo ka pran tèt nou sitèlman, nou pa menm chache lòt mak menm medikaman sa a osinon lòt medikaman ki ka bay menm rezilta, lèfini ki pi bon mache.

Reklam sa yo konn mele moun anpil, men se pa tout. Laboratwa yo ap travay tou pou pran tèt doktè yo pou yo preskri tèl osinon tèl medikaman. Ata diksyonè fanmasi yo ka twonpe moun paske se reklam yap fè tou pou laboratwa yo (laboratwa yo sèvi ak yo pou

fè reklam). Konsa, doktè, enfimyè, ajann sante tou ka pran nan pèlen epi yo ka ankouraje moun pran medikaman ki pa bon pou yo. Se poutèt sa, nou fouye anpil pou nou te ka rive bay bon konesans nan paj vèt yo, nan fen liv la.

KI LÈ POU NOU PA PRAN MEDIKAMAN

Gen anpil moun ki kwè gen manje yo pa ka manje lè yap pran medikaman. Se konsa, yo pito sispann pran yon medikaman yo bezwen anpil. Pou di vre, pa gen medikaman kap deranje nou paske nou pran l avèk yon kantite manje, li te mèt vyann kochon, piman, gwayav, zoranj. Men lè manje a gen anpil grès osinon anpil epis, sa ka ban nou lòt pwoblèm nan lestonmak ak nan vant mete sou sa nou te genyen deja, men sa pa gen rapò ak medikaman nap pran an (wè paj 136). Tansèlman, gen medikaman ki ka reyaji mal nan kò nou si nou bwè alkòl antan nap pran l lan.

Gen ka kote nou mèt sèten li pi bon pou nou, si nou **pa pran** kèk medikaman:



1. Fanm ki ansent osinon ki nouris fèt pou evite tout kalite medikaman, esepte si pa gen lòt bagay yo ka fè. (Tansèlman, yo gen dwa pran vitamin osinon grenn fè san kè sote).


Nap jwenn renmèd fèy fanm ansent pa dwe pran nan paj 383.

2. Toujou pran tout prekosyon anvan nou bay timoun ki fenk fèt medikaman. Nan ka nesesite, chache wè doktè osinon ajann sante anvan nou bay yon timoun medikaman. Konsa se pou sèten nou ba li dòz ki bon pou li.



3. Gen moun lè yo pran penisilin, anpisilin, medikaman silfa osinon lòt kalite medikaman, sa pa ale ak san yo. Li ba yo reyaksyon alèji tankou bousòl, gratèl ak anfleti. **Moun sa yo pat dwe janm pran medikaman sa yo jouk yo mouri**, paske se gwo danje pou yo (wè nan paj 75 reyaksyon danje pou divès kalite piki).

4. Moun ki soufri lestonmak boule osinon llsè li fèt pou egzante tout renmèd ki gen aspirin ladan l.



5. Gen kèk medikaman ki pa bon pou moun ki gen kèk maladi. Konsa, lè yon moun ap soufri lajonis, yo pa dwe ba li antibyotik osinon lòt medikaman fò anpil pou trete maladi sa a, paske lè sa a fwa yo donmaje, medikaman yo pi vit tounen pwazon pou kò a pase li fè l byen (wè paj 184).

6. Moun ki manke anpil dlo nan kò yo, osinon ki malad nan ren yo fèt pou veye anpil anvan yo pran yon medikaman. Pa bay plis pase yon sèl dòz medikaman ki ka tounen pwazon pou kò a jouk (osinon jiskake) moun lan ka pipi. Konsa, si nou gen yon timoun kap fè gwo lafyèv cho epi ki manke anpil dlo (paj 81), pa ba li plis pase yon sèl dòz aspirin jouk li koumanse fè pipi. **Pa janm pran medikaman silfa pou bay yon moun ki manke anpil dlo.**

CHAPIT 7 ANTIBYOTIK: SA YO YE, JAN POU NOU SÈVI AK YO

Antibyotik yo se bon medikaman ki itil anpil, men fòk nou konn sèvi ak yo. Gen yon mikwòb yo rele ***bakteri*** ki bay enfeksyon ak lòt maladi, se mikwòb sa a ki kapab kraze ak antibyotik. Sa moun pi fasil konnen yo se penisilin, tetrasiklin, estreptomisin ak kloranfenikòl. Nan liv sa a nou konsidere medikaman silfa yo, sa yo rele silfonamid yo tankou antibyotik tou.

Men tout antibyotik yo pa aji menm jan sou tout kalite enfeksyon. Chak antibyotik gen kalite maladi yo ka trete nan jan pa yo. Men, tout antibyotik yo gen danje lè nap sèvi ak yo. Lèfini, genyen ki pi danjere pase lòt. Se poutèt sa pran prekosyon anpil pou nou konnen kilès ladan yo nou ka chwazi pou maladi a ak jan pou nou sèvi avè l.

Gen divès kalite antibyotik, men chak kalite vann sou divès non nan fanmasi. Sa konn mele moun. Tansèlman, gen antibyotik ki pi konsekan , sa nou pi fasil jwenn yo ak non laboratwa yo (kalite yo):

kalite antibyotik (non kalite yo)	yonn nan non yo ba yo nan fanmasi	yo ba yo nan zòn bò lakay nou	Wè paj
PENISILIN	*Pen V-K*	————	402
ANPISILIN *	*Penbritin*	————	404
TETRASIKLIN	*Teramisin*	————	407
SILFONAMID	*Gantrisin*	————	409
ESTREPTOMISIN	*Anbistrin*	————	410
KLORAMFENIKÒL	*Klowomisetin*	————	408
ERITWOMISIN	*Eritwosin*	————	406

* **Atansyon:** Anpisilin se yon kalite penisilin ki pi fò, li touye plis kalite bakteri (mikwòb enfeksyon) pase penisilin òdinè a.



Si nou gen non fanmasi yon antibyotik epi nou pa konnen ki kalite li ye, gade ti lèt fen ki ekri sou bwat la osinon sou poban an. Konsa, si nou gen yon renmèd ki rele ***" Paraksin S",*** men nou pa konnen ki kalite antibyotik ki ladan l, li ti lèt fen yo ki ekri : "Kloranfenikòl".

Lè sa a chache kloramfenikol nan PAJ VÈT YO (paj 408). Nap jwenn yo di nou se pou sèvi ak kalite medikaman sa a pou kèk gwo maladi tankou lafyèv tifoyid, lèfini gen gwo danje pou sèvi avè l pou timoun ki fenk fèt.

Pa janm sèvi ak antibyotik si nou pa konnen ki kalite li ye, pou ki maladi li bon, ak prekosyon pou nou pran lè nap sèvi avè l.

Nan PAJ VÈT YO nap jwenn tousa pou nou konnen sou jan pou sèvi ak antibyotik nou pale nan liv la, ki dòz pou nou bay, ki danje yo gen ladan yo ak ki prekosyon pou pran lè nap sèvi ak yo. Pou fasilite nou, nap chache non medikaman an anvan nou li non nou bay nan premye paj vèt yo, non yo parèt dapre lòd lèt yo nan alfabè ayisyen an.

PRENSIP POU NOU SWIV LÈ NAP SÈVI AK *NENPÒT KALITE* ANTIBYOTIK

1. Si nou pa konnen byen jan pou nou sèvi ak yon antibyotik ak pou ki kalite enfeksyon li bon, pa sèvi avè l.

2. Lè nap trete yon enfeksyon, sèvi sèlman ak antibyotik yo di nou ki bon pou li. (Gade maladi a nan liv la).

3. Chache konnen tout danje ki genyen lè nap sèvi ak antibyotik la, lèfini pran tout prekosyon yo di nou pran avè l (wè PAJ VÈT YO).

4. Bay dòz yo di nou pou bay la, pa bay pi plis osinon pi piti. Fòs dòz la chanje ak maladi a, laj moun malad la osinon pèz kò li.

5. Depi nou ka bay antibyotik la an grenn osinon an siwo pou vale, pa sèvi ak piki. Bay piki sèlman si pa gen anyen lòt nou ka fè.

6. Se pou malad la pran antibyotik la san sote, jouk maladi a geri nèt, osinon pou de jou ankò pou pi piti apre lafyèv la tonbe osinon apre tout lòt siy enfeksyon yo disparèt. (Gen maladi tankou tibèkiloz ak lalèp, se pou moun lan pa sispann tretman an pandan anpil jou apre li santi li refè. Pou chak maladi, swiv konsèy yo bay yo san mank).

7. Si antibyotik la leve sou malad la, si li ba li gratèl, bousòl, si li ba li lòt reyaksyon dwòl anpil, se pou malad la sispann renmèd la. Se pou l make l pou li **pa janm pran l ankò nan lavi li** (wè paj 75).

8. **Sèvi ak antibyotik sèlman lè sa nesesè tout bon.** Lè nou sèvi twòp ak antibyotik, yo pa aji menm jan ankò nan kò nou.

PRENSIP POU NOU SWIV LÈ NAP SÈVI AK KÈK KALITE ANTIBYOTIK

1. Anvan nou bay yon moun piki penisilin osinon anpisilin, se pou toujou gen yon ti anpoul ***adrenalin*** anba men nou (epinefrin) pou kontwole tout reyaksyon alèji moun lan ka fè (paj 75).

2. Pou moun nou konnen ki fè alèji ak penisilin (san yo pa ale ak penisilin), ba yo yon lòt kalite antibyotik tankou **silfa yo osinon eritwomisin** (wè paj 406 ak paj 409).

3. Gen antibyotik tankou tetrasiklin konsa ki aji sou plis kalite mikwòb. Pa sèvi ak yo pou fè plon gaye lè nou ka sèvi ak yon antibyotik tankou penisilin konsa ki ka aji dirèk dirèk sou mikwòb maladi a (wè paj 60).

4. An prensip, sèvi ak kloramfenikòl la pou lafyèv tifoyid ase. Se yon medikaman ki danjere anpil. **Pa janm** sèvi avè l tou pou timoun ki fenk fèt esepte pou koklich ki grav (wè paj 346).

5. Pa janm bay piki tetrasiklin ak piki kloramfenikòl. Lè nou bay grenn osinon siwo medikaman sa yo, non sèlman gen mwens danje, men yo pa fè mal tankou piki yo, lèfini yo ka pi bon pase yo.

6. Tetrasiklin pa bon pou fanm ansent depi yo rive sou kat mwa gwosès, ni pou timoun ki poko gen sizan (wè paj 407).

7. An prensip, nou fèt pou sèvi ak estreptomisin sèlman pou moun ki gen tibèkiloz, men toujou bay li ansanm ak lòt medikaman ki bon pou tibèkiloz tou (wè paj 410). Yo ka bay estreptomisin ansanm ak penisilin pou moun kap soufri apendisit, moun ki blese fon nan vant yo ak pou lòt kalite enfeksyon, lè nou pa ka jwenn anpisilin (osinon lè anpisilin lan twò chè). Men, pa janm sèvi ak estreptomisin pou grip, nen koule osinon lòt ti enfeksyon nan ***kannal souf nou***.

8. Lè nap pran antibyotik tankou anpisilin konsa, li touye anpil lòt bon bakteri nan kò nou. Lè konsa, se pou manje yogout osinon lèt kaye pou ranplase bakteri sa yo. Konsa kò a va jwenn balans nòmal li ankò.

SA POU FÈ SI ANTIBYOTIK LA SANBLE PA FÈ ANYEN POU MALAD LA

Pou pifò enfeksyon moun ka fasil fè, depi nap pran antibyotik, sou yon jou osinon de jou fòk nou koumanse refè. **Si nou wè antibyotik nap pran an pa fè anyen pou nou, gen divès rezon ki ka esplike sa:**

1. Maladi nou kwè nou genyen an se pa sa, kifè nap sèvi ak yon medikaman ki pa bon pou nou. Chache konnen byen ki maladi nap soufri. Lèfini, pran medikaman kap bon pou sa.


2. Dòz antibyotik la ka twò fèb. Kontwole sa byen.

3. Mikwòb bakteri a gen tan abitye ak antibyotik lan, antibyotik lan pa fè l anyen. Eseye yon lòt kalite antibyotik ki bon pou menm maladi a tou.

4. Nou ka pa fin konnen sa pou nou fè pou tretman an. Lè konsa, chache konkou doktè osinon ajann sante, sitou si nou wè ka a ap vin pi grav nan men nou.

TWA TIMOUN TE GEN GRIP


Sa ki rive premye a?



Penisilin!

(wè Chòk Alèji paj 75)


Sa ki pati ak dezyèm lan?



Kloramfenikòl!

(wè danje medikaman sa a ak prekosyon pou lè nap pran l paj 408).

Poukisa twazyèm lan refè?



Yo pa ba li medikaman ki gen danje.

Ti ji, bon jan manje, ak anpil repo pou kò a.

Pa janm sèvi ak antibyotik pou moun ki gen grip.

Sèvi ak antibyotik sèlman pou maladi nou konnen yo ka trete.

POUKISA POU NOU PA SÈVI TWÒP AK ANTIBYOTIK YO

Tout jan, moun pa fèt pou sèvi twòp ak medikaman. Pou antibyotik yo menm se pi rèd toujou pou rezon sa yo:

1. Yo bay reyaksyon alèji ak anpwazonnman. Antibyotik yo touye mikwòb bakteri yo se vre, men anmentan yo aji sou kò a. Lè sa a moun lan ka fè reyaksyon alèji. (San li ka pa ale ak renmèd la). Li ka menm anpwazonnen san li. Se pa de moun ki mouri chak lanne paske yo pran antibyotik yo pa bezwen.

2. Yo boulvèse travay nòmal kò a. Se pa tout mikwòb bakteri nan kò moun ki pa bon. Genyen ki nesesè pou kò a ka travay nòmal. Anpil fwa antibyotik yo touye bon bakteri yo

ansanm ak move yo. Lè yo bay timoun antibyotik, yo fasil gen enfeksyon champiyon nan bouch (chanklèt) (paj 251) osinon sou po yo (moniliasis, paj 251). Se paske antibyotik la touye mikwòb bakteri ki pou ta anpeche l gen maladi sa yo.

Se menm rezon sa a ki fè moun kap pran anpisilin ak lòt antibyotik ki fò anpil pandan lontan, yon lè yo vin gen dyare. Antibyotik la dwe touye anpil kalite bon mikwòb bakteri ki pou ta ede dijesyon an fèt nòmalman nan trip yo. Lè konsa, kò a pa rive pran tout vitamin manje a li ta ka bezwen.

3. Yo konn pèdi fòs yo. Pi bon rezon ki fè yon moun pa dwe sèvi twòp ak antibyotik, se paske afòs yo sèvi ak antibyotik pou nenpòt ti maladi kò a fin abitye avè yo, yo pa ka aji menm jan ankò nan kò a pou kraze mikwòb bakteri yo lè yo bezwen l lan.

Bakteri yo menm bò pa yo, lè nou sèvi ak menm antibyotik lan pou atake yo, apre yon tan yo vin pi fò, epi yo kenbe tèt ak antibyotik lan ki pa ka touye yo ankò. Se poutèt sa gen kèk maladi grav tankou lafyèv tifoyid, nou pa ka trete yo fasil koulye a jan sa te konn fèt anvan.

Gen peyi kote kloramfenikòl pa ka fè anyen pou moun ki gen lafyèv tifoyid, atout se pi bon medikaman ki genyen pou maladi sa a. Poukisa? Paske moun yo te sèvi twòp ak kloramfenikòl pou anpil ti enfeksyon ki pa grav, enfeksyon ki pat mande pou moun pran gwo antibyotik fò sa a, òsinon pou ka maladi ki pat mande pou moun pran okenn antibyotik menm.

Anpil kote sou latè, paske moun yo sèvi twòp ak antibyotik pou ti krik ti krak, lè yo gen gwo ka maladi ki mande pou yo pran antibyotik, antibyotik yo pa fè anyen pou yo. **Si nou vle pou antibyotik yo toujou ka sove lavi nou, se pou nou kontwole jan nap sèvi ak yo koulye a.** Se pou doktè yo, ajann sante yo ak moun yo menn tou, pran tèt yo pou yo sèvi ak antibyotik yo ak bon konprann.

Pou pifò ti enfeksyon nou ka wè, pa gen nesesite pou nou sèvi ak antibyotik yo. Lè nou gen ti enfeksyon nan po, nou ka trete yo byen trete si nou lave yo ak savon ak dlo, osinon si nou tranpe yo nan dlo cho osinon si nou badijonnen yo ak vyolèt jansyàn (wè paj 417).

Pou ti enfeksyon nan kannal respirasyon (souf), pi bon tretman an se bwè anpil likid, manje bon manje ki gen nanm, epi poze kò a mezi nou kapab. Pou pifò ka dyare pa gen nesesite pou pran antibyotik. Okontrè, yo ka deranje moun lan plis. Sa ki pi enpòtan an se pou malad la bwè anpil likid (paj 165), lèfini pou li manje bon manje an kantite depi li kapab.


Pa sèvi ak antibyotik pou kraze enfeksyon, kò a ka kraze li menm. Sere yo pou lè nap bezwen yo tout bon.

CHAPIT 8 JAN POU NOU MEZIRE DÒZ MEDIKAMAN YO AK JAN POU NOU BAY YO

Senbòl (siy):

= vle di: **gen menm valè ak se menm ak, egal**

\+ vle di: **ak osinon mete sou, mete ansanm ak**



1 + 1 = 2

Jan nou ekri fraksyon yo:

1/2 grenn = yon demi grenn = yon mwatye grenn
(nou fè de pòsyon menm valè ak yon grenn)




1 1/2 grenn = yon grenn ak yon mwatye grenn



1/4 grenn = yon ka grenn, ka yon grenn
(nou fè 4 pòsyon menm valè ak yon grenn)



1/8 grenn = wityèm yon grenn
(nou fè wit pòsyon menm valè ak yon grenn)



POU MEZIRE MEDIKAMAN

Pou mezire kantite medikaman ki gen nan yon renmèd, yo sèvi ak gram (gm) osinon ak miligram (mg)

1000 mg (mil miligram) = (bay) 1gm (yon gram)

1mg (yon miligram) = (se menm bagay ak 0,001 gram (yon gram separe an mil pòsyon, nou pran yonn ladan yo)

Konsa yo ka di:		**Yo ka ekri l:**	**Divès jan pou di menm bagay la**
Yon grenn aspirin granmoun gen 300 mg miligram aspirin ladan l.		.3 gm 0.3 gm 0.300 gm 300 mg	= 300 miligram

---

Yon grenn aspirin timoun gen 75 mg aspirin ladan l		.075 gm. 0.075 gm. 75.0 mg 75 mg	**Divès jan pou di menm bagay la** = 75 miligram

Atansyon: Gen peyi kote yo mezire medikaman yo an **gren**: (gr. = gren). Yon **gren** (1 gr.) gen menm valè ak 65 mg (65 miligram). Ki vle di yon grenn aspirin ki gen valè 5 gren peze 300 mg konsa.

Nan anpil sikonstans, fòk nou konnen konbe gram osinon miligram ki gen nan yon renmèd. Konsa, si nou vle bay yon timoun piti yon moso aspirin granmoun paske nou pa gen aspirin timoun pou ba li, fòk nou konnen ki gwosè moso grenn aspirin granmoun lan nou dwe pran.

Li ti lèt fen fen ki sou sache a. Li make aspirin: 3mg asid asetilsalisilik (asid asetilasalisilik = aspirin)



0.3 gm. = 300 mg. 0.75 gm =750 mg. aspirin. Se konsa tou, nou ka wè yon grenn aspirin granmoun gen menm pèz ak kat (4) aspirin timoun.

75mg
75mg
75mg
75mg



Si nou separe
yon grenn aspirin granmoun
fè l fè kat (4) pòsyon
menm gwosè,
chak ka = yon aspirin timoun

300mg







Si nou pran 4 ti aspirin timoun ansanm, yap bannou valè yon grenn aspirin granmoun.

Si nou separe yon grenn aspirin granmoun fè l fè kat (4) pòsyon menm gwosè, chak ka = yon aspirin timoun.

Konsa, si nou kase yon aspirin granmoun, fè l fè kat pòsyon menm gwosè, nou gen dwa bay yon timoun yon pòsyon si nou pa ka jwenn aspirin timoun. Tou de gen menm fòs, lèfini moso aspirin granmoun lan pi bon mache.

Atansyon: Anpil grenn medikaman, sitou grenn antibyotik yo, pa menm gwosè. Sa vle di yo pa gen menm fòs la tou. Konsa nou ka jwenn twa kalite grenn tetrasiklin:

yon gwo : yon mwayen : yon piti:


250 mg.



100 mg.


50 mg.

Veye pou toujou bay dòz medikaman ki bon pou maladi a. Se poutèt sa, toujou kontwole konbe gram osinon miligram ki gen nan chak grenn medikaman an.

Konsa, si papye preskripsyon an di pou nou pran yon grenn tetrasiklin 250 mg. kat fwa pa jou, si se grenn 50mg ase nou genyen, sa fè nou fèt pou pran 5 grenn kat fwa pa jou (20 chak jou), paske se 5 grenn 50 mg kap ban nou 250 mg nou bezwen chak lè a:

50 mg + 50 mg + 50 mg + 50 mg + 50 mg =250 mg



JAN POU MEZIRE PENISILIN

Yo mezire penisilin pa inite

U = inite 1.600,000 **U** = 1gram osinon 1.000 miligram

Yo vann anpil grenn ak piki penisilin ki gen 400.000 U.

chak 400.000 **U** = 250 mg.

POU MEZIRE MEDIKAMAN LIKID

Yo mezire siwo konpoze, fòtifyan ak lòt medikaman likid an mililit :

ml = mililit yon lit = 1000 ml.

Men yo fasil bay dòz pou medikaman sa yo an kiyè, ti kiyè osinon gwo kiyè:

Chak ti kiyè pran 5ml. Chak gwo kiyè pran 15 ml.




Kifè, twa ti kiyè = yon gwo kiyè.


Lè nan papye medikaman an yo mete: pran yon ti kiyè, sa vle di pou nou pran 5 ml.

Gen anpil kalite ti kiyè yo tout pa menm fòs. Genyen ki pran 8 ml, gen lòt ki pran 3 ml ase. **Lè nap sèvi ak yon ti kiyè pou medikaman, fòk nou sèten ti kiyè a kenbe *5 ml*, pa plis ni mwens.**

KI JAN NOU KA SÈTEN TI KIYÈ NAP SÈVI A KENBE 5 ML.


1. Achte yon ti kiyè ki kenbe 5 ml.

osinon 



2. Achte yon medikaman ki vin ak tout ti kiyè plastik li. Ti kiyè a kenbe 5 ml lè li plen. Nou ka wè yon mak anndan kote pou rive si nou vle bay yon mwatye kiyè osinon 2ml edmi. Sere ti kiyè sa a pou ka sèvi avè l pou mezire lòt medikaman.

3. Rale 5 ml. dlo nan yon sereng,
vide l nan yon ti kiyè nou gen lakay nou
osinon nan lòt ti veso piti
pou ka sèvi pou mezire medikaman
epi make wotè dlo a rive ladan l.
Pa bliye kenbe kiyè a dwat pou li pa panche.



JAN POU NOU BAY TIMOUN PITI MEDIKAMAN

Anpil medikaman nou jwenn an grenn (ak kapsil) yo fè yo an siwo pou timoun piti. Lè nou gade kantite medikaman yo mete nan chak, nou wè siwo a vini nou pichè pase grenn yo pou menm dòz la. Nou ka fè ekonomi lajan si se nou menm ki fè siwo a .

Men jan nou ka fè sa.


Kraze grenn lan fè poud




delye poud la nan ti dlo bouyi frèt ak yon ti siwo myèl osinon sik

dlo bouyi frèt

sik osinon siwo myèl



osinon louvri kapsil lan, mete poud la nan yon kiyè





Lè medikaman an anmè anpil tankou tetrasiklin ak klowokin, se pou nou mete anpil siwo myèl oswa sik.

Lè nap sèvi ak grenn osinon kapsil pou fè siwo pou timoun piti **se pou fè atansyon pou nou pa ba li dòz depase.**

KI DÒZ MEDIKAMAN POU NOU BAY TIMOUN LÈ NOU KONNEN DÒZ POU NOU BAY GRANMOUN

An prensip , plis timoun lan piti, plis dòz pou bali a pi piti. Si nou ba li pase sa li bezwen, sa ka mal pou li.

Si yo ban nou dòz ki bon pou timoun lan, swiv li san mank. Si nou pa konnen dòz pou timoun lan, laj timoun lan osinon pèz li ka ede nou jwenn li. Men jan pou kalkile li:

Yon kilogram = 2 liv 2

Granmoun

60 kilo





132 liv

Timoun ki gen 8 tan ak 13 zan:

30 kilo



66 liv

Ti moun ki gen ant 4 tran ak 7 tan:

15 kilo



33 liv

Timoun ki gen 1 an rive 3 zan

8 kilo



17.6 liv


Timoun ki poko gen ennan pran menm dòz ak timoun ki gen ennan. Men, depi nou kapab, chache konsèy nan men doktè anvan.

5 kilo



11 liv


KI JAN POU NOU PRAN MEDIKAMAN



Li toujou bon pou pran medikaman yo lè yo di nou pou pran yo. Gen renmèd ki fèt pou pran yon grenn fwa chak jou. Gen lòt nou ka pran plizyè fwa nan yon jounen. Si nou pa gen revèy pou ban nou lè, sa pa fè anyen. Si nan papye medikaman an yo di nou pou pran l chak witèdtan, nou mèt pran l twa fwa nan jounen an: yonn nan maten, yonn nan apremidi, lòt la nan aswè ta (mitan lannwit). Si yo di nou pou pran yon grenn chak sisèdtan, sa vle di se pou nou pran l kat fwa pa jou: yonn nan maten, yonn vè midi, yon nan aswè, bwè lòt la nan mitan lannwit. Si yo di nou pou pran chak katrèdtan, sa vle di se pou pran l sis fwa pa jou: yonn maten (bò setè), yonn anvan midi (bò onzè), yonn nan mitan apremidi (bò twazè), yonn nan aswè bònè (apre lanjelis) (bò setè), yonn nan aswè ta anvan minwi (bò onzè) yonn nan lannwit (bò twazè nan maten).


Lè nap bay yon moun medikaman pou li pran, li toujou bon pou make l sou papye pou li, lèfini pou fè li repete ki jan ak ki lè pou li pran l. Fòk nou sèten moun lan konprann esplikasyon yo byen.

Pou moun ki pa konn li , yo ba yo yon ti kat parèy ak kat sa a pou fè yo chonje lè pou yo pran medikaman an. Ti kare anlè yo ban nou lè pou yo pran medikaman an,




Ti kare anba yo di nou ki kantite medikaman pou moun lan pran chak lè. Se la pou mete tout desen ki pou di l kantite pou li pran. esplike l byen esplike, lèfini fè l repete esplikasyon an konsa:


Sa vle di yon grenn kat fwa pa jou: yonn lè solèy ap leve, yonn vè midi, yonn apremidi, yonn lè solèy ap kouche, nan aswè.




Nan kat sa a, sa vle di yon mwatye grenn kat fwa pa jou.




Nan kat sa a, sa vle di yon kapsil twa fwa pa jou



Nan kat sa a, sa vle di yon ka tablèt de fwa pa jou




Nan kat sa a, sa vle di de ti kiyè de fwa pa jou



LÈ NAP BAY YON MOUN YON MEDIKAMAN POU L PRAN...

Se pou toujou ekri lòt enfòmasyon sa yo nan pati anba kat la, menm si moun lan pa konn li:



Non moun lan..... ——→ Non: Dieudone Aristil

Non medikaman an ——→ Medikaman: Piperazin 500 mg

Poukisa nou bay li ——→ Pou: Vè

Dòz la ——→ Dòz: Pran 2 tablèt de fwa pa jou

Toujou make enfòmasyon sa yo sou menm kat kote nou fè ti desen dòz pou yo pran an. Nap jwenn yon fèy dèyè nèt nan liv la plen ak ti kat konsa. Dekoupe yo, mete yo la pou lè nou bezwen sèvi ak yo. Lè kat sa yo va fini, nou va chache fè lòt nou menm ak papye blan.

Lè nou bay yon moun medikaman pou l pran, li toujou bon pou nou make nan yon rejis osinon nan fich malad la tout enfòmasyon sou medikaman an. Depi nou kapab, fè yon fich apa pou malad la pou kenbe nan papye pa nou.

MEDIKAMAN POU NOU PRAN AK LESTONMAK NOU VID OSINON APRE NOU FIN MANJE.


Gen medikaman ki travay pi byen lè nou pran l ak lestonmak vid, ki vle di inèdtan anvan nou manje.

Gen lòt medikaman , se pou pran yo pandan nap manje, osinon apre nou fin manje pou yo pa deranje lestonmak nou.

Men medikaman nou pran inèdtan anvan nou manje	Men medikaman nou pran antan nap manje osinon lè nou fin manje
* Penisilin	* Aspirin ak tout lòt renmèd ki gen aspirin ladan l
* Anpisilin	* Fè (silfat fè)
* Tetrasiklin	* Vitamin
	* Eritwomisin

Renmèd pou asid aji pi byen lè nou pran yo lè lestonmak nou vid, inèdtan osinon dezèdtan apre nou fin manje ak lè nou pral domi.

CHAPIT
9 JAN POU NOU BAY PIKI AK PREKOSYON POU NOU PRAN



LÈ POU NOU BAY AK LÈ POU NOU PA BAY PIKI

Se pa toutan moun malad bezwen pran piki. Pifò maladi ki mande tretman ak medikaman ka jwenn bon tretman, pou pa di pi bon tretman ak medikaman pou vale pase ak piki. An prensip:

Gen plis danje nan pran piki pase nan pran medikaman pou vale.

Se lè pa gen anyen lòt nou ka fè, pou nou reziyen nou bay osinon pran piki. Esepte nan ka prese ki pa ka tann, se yon ajann sante osinon yon moun ki gen ladrès pou sa, ki pou bay piki:

Sèl lè nou ka bay piki se:

1. Lè medikaman nou bezwen an, nou pa ka jwenn li lòt jan pase an piki.

2. Lè malad la ap vonmi anpil, li pa ka vale osinon li pèdi konesans.

3. Nan ka prese ki pa ka tann, nan ka espesyal (wè paj apre sa a).

SA POU NOU FÈ LÈ DOKTÈ A PRESKRI PIKI

Sa konn rive pou doktè a osinon ajann sante a mande pou yo bay piki lè se pa nesesè. Pa bliye, yap mande yon ti lajan anplis pou bay piki a. Yo pa chonje pwoblèm ak danje ki gen nan bay piki a nan zòn andeyò.

1. Si yon ajann sante osinon yon medsen fèy mande pou l ban nou piki, se pou sèten medikaman an ***se li ki bon*** pou maladi a, lèfini pou li pran tout prekosyon nesesè.

2. Si yon doktè preskri piki pou pran, esplike li kote nou rete a pa gen moun ki konn bay piki, epi mande l si li pa ta kapab preskri menm medikaman sa a an grenn.

3. Si yon doktè ta vle preskri nou piki vitamin, ekstrè fwa, osinon vitamin B_{12} san li pa egzamine nou, se pou nou wè yon lòt doktè.

KA PRESE KI MANDE POU NOU BAY PIKI

Lè nou devan yonn nan ka maladi sa yo, degaje nou chache konkou doktè san pèdi tan. Si ta gen reta pou jwenn konkou a osinon pou deplase malad la pou mennen l nan klinik, dispansè, ba li piki ki bon pou ka maladi a san pèdi tan. Pou dòz pou bay la, ale wè nan paj la nimewo yo bay pou chak medikaman. Anvan nou bay piki a, se pou sèten nou konnen ki konplikasyon piki a ka bay ak ki prekosyon pou nou pran lè konsa.

Pou maladi sa yo	**Men piki pou nou bay**
Gwo ka grav nemoni (p 183) Enfeksyon apre akouchman (p. 307) Kangrenn (p. 230)	gwo dòz penisilin (paj 403)
Tetanòs (p. 107)	peniisilin (p. 402) sewòm antitetanik (p. 429) ak fenobabital (p. 430) osinon dyazepam (p.431)
Apendisit (p. 101) Enfeksyon nan vant p. 101) Blese bal revolvè ak lòt blese nan vant	gwo dòz fò anpisilin (p. 404) osinon penisilin ansanm ak estreptomisin (p.405)
pwazon eskòpyon (p. 112)	sewòm pou venen eskòpyon (p. 429)
Mennenjit (p. 200) lè nou pa sispèk moun lan ap fè tibèkiloz tou	anpisilin (p. 404, 405) osinon penisilin (p. 402) nan gwo dòz fò
Mennenjit (p. 200) lè nou sispèk moun lan ap fè tibèkiloz tou	anpisilin osinon penisilin ak estreptomisin (p. 405) lèfini depi nou kapab, lòt medikaman pou tibèkiloz (p. 409)
Vonmisman (p.172) lè nou pa ka kontre l.	medikaman anti-istamin tankou pwometazin (p. 428)
Gwo reyaksyon alèji, chòk alèji (p. 75), gwo kriz ›presyon (p. 179)	***adrenalin*** (p.427)

Men kèk maladi ki trennen sou moun ki mande pran piki, men pi souvan ki pa ijan. Li ta bon pou nou ta wè yon mis osinon yon doktè pou tretman.	
Tibèkiloz (p.193)	estreptomisin (p. 410) ansanm ak grenn INH ak grenn Etanbitòl (p. 411)
Sifilis (p.261) Ekoulman (p. 260)	gwo dòz fò penisilin pwokayin (p.402).

LÈ POU NOU PA BAY PIKI



Pa janm bay piki si nou ka jwenn konkou doktè lapoula.

Pa janm bay piki pou yon maladi ki pa grav.

Pa janm bay piki pou grip, lafyèv lasezon.

Pa janm bay yon piki medikaman ki pa bon pou maladi nou bezwen trete a.

Pa janm bay yon piki medikaman toutotan nou pa pran prekosyon nou konnen jan pou pran yo.

MEDIKAMAN POU NOU PA BAY AN PIKI

An prensip, men medikaman pou nou pa ta janm bay an piki:

1. **Vitamin.** Nou pa fasil jwenn ka ki mande pou bay vitamin nan piki. Siwo ak grenn vitamin toujou pi bon pase piki. Lèfini yo pi bon mache epitou yo gen mwens danje. Tout jan sa ki pi bon toujou se manje ki chaje ak vitamin pou manje (p. 117).

2. **Ekstrè fwa ak vitamin B12.** Pa janm bay piki sa yo. Grenn silfat fè ap toujou ban nou pi bon rezilta pou pifò ka feblès (anemi) (p.434).

3. **Kalsyòm.** Gen gwo danje pou nou pran piki kalsyòm nan venn. Si yo ban nou li nan bò dèyè, gen anpil chans pou li ban nou gwo ***apse***. Se doktè osinon mis ki pou bay kalite piki sa yo. Si se nan venn nap pran li, se pou yo ban nou li **dousman anpil.**

4. **Penisilin**. Nou ka trete tout ka maladi enfeksyon ki mande penisilin ak grenn osinon siwo penisilin. Gen plis danje nan piki penisilin lan pase nan siwo ak grenn lan. **Bay piki penisilin pou ka enfeksyon ki grav anpil.**

5. **Penisilin ansanm ak estreptomisin.** An prensip pa janm sèvi ak kalite piki sa a. Pa sèvi avè l pou trete ti grip ak lafyèv lasezon (paj 174).


6. **Kloramfenikòl osinon tetrasiklin.** Siwo osinon grenn medikaman sa yo bay menm rezilta ak piki yo. Yo ka menm bay pi bon rezilta. Pa pran piki sa yo (p.407).

7. **Sewòm nan venn.** Sèvi ak li sèlman si se yon ka kap manke dlo ki grav anpil. Lèfini se yon moun ki gen anpil ladrès ki ka bay li. Si yo pa bay li jan pou yo bay li a, li ka fè gwo enfeksyon, li ka menm rive touye moun lan (p. 54).

8. **Lòt piki medikaman nan venn**. Sitèlman gen danje nan bay piki nan venn, se mis osinon doktè ki abil anpil ase ki pou bay yo. Tansèlman, pa janm bay nan venn yon piki medikaman ki make "pou anndan misk ase", menm jan tou pa janm bay nan misk yon piki medikaman ki make "pou venn ase" sou bwat la.

DANJE AK PREKOSYON

Depi nap pran piki, gen de danje nan sa: (1) se enfeksyon si zegwi a sal, epi (2) reyaksyon alèji si medikaman an pa ale ak san nou.



Paske yo pat sèvi ak yon bon zegwi pwòp pou bay piki a ki fè li bay apse a.

1. Pou evite enfeksyon mete pye, se pou tout bagay nap sèvi pwòp: men nou, sereng lan, zegwi a, boutèy medikaman an, koton an ak alkòl la. Toujou sèvi ak sereng ak zegwi esteril ki pou jete apre.

   Pa janm sèvi ak menm zegwi a ansanm ak menm sereng lan pou pike de moun. Chak fwa nou fin sèvi ak yo pou fè yon piki se pou nou jete yo. Lèfini, swiv tout jan yo di nou pou bay piki a (wè paj ki vin apre yo). **Sereng ak zegwi ki sèvi yon fwa yo pi bon. Sèvi ak yo pito.**

2. Li toujou bon pou konnen ki kalite reyaksyon alèji yon medikaman ka fè nan kò moun lan, ak ki kalite prekosyon pou pran anvan nou bay piki a.

   Depi yon piki medikaman bay yonn nan reyaksyon sa yo, moun lan fèt pou li pa janm kite yo ba li kalite piki sa a ankò jouk jou li mouri.

   Men kalite reyaksyon: alèji, yon medikaman ka fè nan kò moun:

- Li ka leve bousòl sou po kò a avèk osinon san gratèl.
- Kò a ka anfle
- Moun lan ka gen pwoblèm pou li pran souf.
- Moun lan ka tankou yon moun ki pran yon chòk. (p. 75)
- Tèt vire ak vonmisman (osinon anvi vonmi)
- Moun lan ka gen pwoblèm pou li wè byen.
- Zòrèy li ka kònen, li ka pa ka tande.
- Gwo doulè nan do
- Moun lan ka gen pwoblèm pou li fè pipi.






Nou wè timoun sa a: yo pa te sèvi ak yon bon zegwi ***esteril*** (bouyi byen bouyi) pou ba li piki a.

Se zegwi sal la ki lakòz yon enfeksyon ki bay gwo apse sa a (avèk postim, pi) avèk lafyèv. Apre yon tan, apse a pete, li kite yon twou nan jan nou wè l la nan potrè ki sou anba a.

Yo te bay timoun lan piki a pou yon ti grip. Li ta pi bon pou li si yo pat janm ba li okenn medikaman. Sa ki pi rèd, non sèlman piki a pa fè anyen pou maladi a, men li lakòz timoun lan soufri san nesesite.



Pou evite tout konplikasyon sa yo, men konsèy pou nou swiv:

Pa prese bay piki, gade wè si gen lòt bagay nou ka fè pou malad la. Si ka a nesesite piki, men jan pou fè l:


- Sèvi ak sereng esteril ki pou jete.

- Sèvi ak medikaman ki bon pou maladi a. Lè fini, fòk nou sèten dat medikaman an pa pase, si li pa gate, si li bon toujou.

- Bay piki a nan bon pozisyon (si nou gade pòtre ki sou bò gòch la byen, na wè yo te bay timoun lan piki a **twò ba** nan bò dèyè l, la l tonbe sou yon nè

MOVE REYAKSYON KÈK MEDIKAMAN KA BAY LÈ NOU PRAN YO AN PIKI.

Gen de kalite fanmi medikaman ki bay yon move reyaksyon yo rele CHÒK ALÈJI lakay moun lan, yon ti kadè apre yo fin ba li piki a.




- se fanmi penisilin yo ak anpisilin
- se fanmi antitoksin ki fèt ak sewòm chwal ki bon pou kraze pwazon venen eskòpyon ak antitoksin tetanòs.

Si moun lan te deja pran yon piki kalite sa a, gen plis chans pou li bay move reyaksyon an. Men, move reyaksyon an ka pi fò si lè li te pran l premye fwa a, li te ba li reyaksyon alèji tankou: bousòl, anfleti, osinon pwoblèm pou li pran souf, kèk tan osinon kèk jou apre piki a.



Se pa fasil pou moun fè CHÒK ALÈJI
lè myèl osinon gèp mòde yo,
osinon lè yo pran medikaman nan bouch,
men sa konn rive yon lè konsa.



Pou evite move reyaksyon alèji, men kèk konsèy:

1. Bay piki sèlman lè pa gen anyen lòt nou ka fè pou sove malad la.

2. Si se yon piki nan de fanmi medikaman nou bay pi wo a pou nou bay, toujou gen de anpoul piki ***adrenalin*** (p.427) ak yon anpoul piki anti alèji tankou pwometazin (***Fenègan*** p. 428) osinon difenidramin (***Benadril,*** p. 428) anba men nou.

3. Anvan nou bay piki a mande moun lan si yon lè yo te ba l yon piki kalite sa a anvan sa, si li chonje piki a te ba li lè sa a bousòl ak gratèl osinon lòt konplikasyon. Si moun lan di wi, pa ba li medikaman sa a menm, kit an piki, kit an grenn osinon an siwo.

4. Si ka a grav anpil, tankou tetanòs osinon venen eskòpyon epi nou sispèk gen anpil chans pou moun lan bay yon reyaksyon alèji (se ka paske nou konnen moun lan soufri alèji osinon opresyon, osinon paske yo te ba li sewòm antitetanik yon lè anvan sa), kenz minit anvan nou ba li antitoksin nan, ba li yon piki anti alèji. Si se difenidramin nou genyen, men dòz pou nou bay: pou granmoun 3 mililit; pou timoun, yonn osinon de mililit dapre gwosè yo. Si se pwometazin nou genyen, ale wè nan paj 428 pou dòz yo.

5. Toujou pran sa pou prensip: depi nou fin bay yon piki, nenpòt kalite piki, toujou rete la bò moun lan pou demiyèdtan pou pi piti ap veye pou wè si lap bay yonn nan siy sa yo ki mache ak CHÒK ALÈJI:

- moun lan vin frèt, li swe, li chanje koulè
- kè li bat pi fèb men pi vit, moun lan santi li prale
- li gen pwoblèm pou li pran souf
- li pèdi konesans

6. Si moun lan bay yonn nan reyaksyon sa yo, lapoula ba li yon piki ***adrenalin***. Pou granmoun bay yon demi mililit, pou timoun yon ka mililit. Trete moun lan pou CHÒK (wè paj 82). Apre sa ba li yon dòz doub piki anti alèji.


JAN POU EVITE MOVE REYAKSYON LÈ NAP BAY PIKI PENISILIN

1. Pou ti ka enfeksyon:

Bay grenn penisilin




Pa bay piki.



2. Anvan nou bay piki a, mande moun lan:


"Èske ou te janm pran piki penisilin anvan sa?
Èske li te ba ou bousòl,
gratèl anfleti osinon
pwoblèm pou ou
pran souf?"




Si li reponn nou wi, pa ba li ni penisilin, ni anpisilin, ba li lòt antibyotik tankou eritwomisin (p. 406) osinon yon silfonamid (p. 409).

3. Anvan nou bay piki penisilin:

Toujou gen
ti anpoul piki
ADRENALIN anba
men nou



4. Apre nou fin bay piki a:




Rete la ak moun lan pandan yon demiyèdtan pou pi piti

5. Si nou wè moun lan ap chanje koulè, kè l ap bat vit, li gen pwoblèm pou li pran souf osinon li vle pèdi konesans, ba li yon piki *adrenalin* lapoula nan misk. Pou granmoun, bay tout anpoul la, pou timoun piti yon ka anpoul la. Apre di (10) minit, ba li menm piki adrenalin lan ankò.




JAN POU NOU PARE SERENG LAN


1.Si zegwi a poko nan sereng lan, kenbe zegwi a nan dèyè, kenbe piston sereng lan nan manch li ase.




2. Netwaye anpoul ki gen dlo distile a, epi kase tèt anpoul lan.




3. Plen sereng lan: plonje zegwi a anndan anpoul lan (atansyon pou zegwi a pa touche ak deyò anpoul lan, ni fwote nan fon anpoul lan).




4. Pran ti poban ki gen poud medikaman an, pase yon koton ak alkòl sou bouchon kawotchou a pou netwaye l. Adefo alkòl, sèvi ak dlo bouyi.




5. Foure zegwi a nan bouchon an, pouse dlo distile a desann anndan poban an, wete zegwi a.




6. Souke poban an jouk poud la fin fonn nèt nan dlo a.



7. Foure zegwi a ankò nan bouchon an, kenbe poban an tèt anba, rale medikaman an anndan sereng lan. Wete zegwi a.




8. Wete lè ki nan sereng lan.




Atansyon: **Pandan tout operasyon sa yo, pa kite zegwi a touche ak anyen, pa menm ak koton ki gen alkòl la. Si zegwi a ta touche ak dwèt nou osinon lòt bagay se pou nou pran yon lòt sereng.**

KOTE POU NOU BAY PIKI

Li toujou pi bon pou bay piki a nan bò dèyè sou **anwo**, yon ti jan **sou deyò**.







Pa janm bay timoun ki poko gen dezan piki nan dèyè.
Ba li piki sou **anwo bò kwis li.**

JAN POU NOU BAY PIKI


1. Netwaye po kote nou pral pike a ak dlo ak savon (osinon alkòl - fòk nou sèten alkòl la fin vante anvan nou bay piki a.)




2. Foure zegwi a nèt nan vyann moun lan. (Si nou fè l yon sèl kou, sa va fè moun lan mal mwens.)




3. Anvan nou pouse medikaman an antre, rale tou piti sou piston an - fòk nou sèten nou pa pike yon venn. (Si nou wè san anndan sereng lan, wete zegwi a, pike moun lan yon lòt kote.)



4.Si nou pa wè san, pouse medikaman an antre nan kò moun lan.



5. Wete zegwi a, netwaye po a.



6. Apre nou fin ba li piki a, jete sereng lan ak zegwi a lapoula. Jete yo nan latrin osinon boule yo pou lòt moun pa ranmase yo pou bay lòt moun piki.

Bay piki avèk sereng epi zegwi an plastik ki fèt pou sèvi yon sèl fwa.

CHAPIT 10 PREMYE SWEN

LAFYÈV


Lè chalè ki nan kò yon moun twò cho, nou di li gen ***lafyèv***. Lafyèv la pa yon maladi, men se siy plizyè kalite maladi. Tansèlman, **gwo lafyèv cho se yon danje, sitou pou timoun piti.**

Sa pou nou fè lè yon moun gen lafyèv:


1. Dekouvri l nèt.

Wete dènye rad sou timoun piti a, epi kite l toutouni jouk lafyèv la desann.

WI



Sa fè lafyèv la desann.



NON

Pa janm vlope timoun lan ni nan dra ni nan rad.

Sa fè lafyèv la moute.

Lè nou vlope yon timoun ki gen lafyèv se danje.

Lè fre ak yon ti van pa ka fè yon moun ki gen lafyèv mal, okontrè yon bon ti van fre ede lafyèv la desann.

2. Pran aspirin pou desann lafyèv la (wè p. 421). Nou ka bay timoun piti aspirin pou timoun, osinon yon moso aspirin granmoun ki gen 300 mg. Men li pi bon pou nou bay timoun yo Asetaminofèn (p. 422).

3. Nenpòt moun ki gen lafyèv fèt pou li **bwè anpil dlo**, ji, ak lòt likid. Pou timoun piti menm, sitou pou tibebe ki fenk fèt se pou nou bouyi dlo epi kite l frèt pou nou ba yo bwè.

4. Chache konnen sa ki bay lafyèv la pou nou ka trete l mezi nou kapab.

GWO LAFYÈV CHO


Yon gwo lafyèv cho ka gen danje si nou pa desann li lapoula. Li ka bay moun nan kriz, li ka atake sèvo li (paralizi, kè, malkadi). Pou timoun piti, gwo lafyèv cho se pi gwo danje toujou.

Lè gwo lafyèv la moute wo (depase 40 degre) se pou nou fè l desann lapoula:

1. Kite moun lan toutouni.

2. Fè van pou li.

3. Vide dlo fre sou li osinon mete konprès dlo fre sou pwatrin li ak sou tèt li. Fè van sou konprès yo, chanje yo dri pou yo ka rete fre. Fè sa jouk lafyèv la desann (pi ba pase 38 degre).



4. Ba l bwè anpil dlo fre.

5. Ba l renmèd pou desann lafyèv la. Aspirin bon pou sa.

Dòz: (aspirin granmoun 300 mg).

Moun ki depase 12 ane: ba l de (2) grenn chak 4 èdtan.

Timoun 6 rive 12 ane: yon grenn chak 4 èdtan.

Timoun 3 rive 6 ane: mwatye grenn chak 4 èdtan.

Timoun ki poko gen 3 ane: 1/4 grenn chak 4 èdtan.

Si yon moun ki gen lafyèv pa ka vale aspirin lan, kraze l, fonn li nan yon ti dlo epi foure l lan twou dèyè li tankou yon ***lavman***, osinon foure l nan twou dèyè l ak yon sereng san zegwi. Gen doktè ki pito bay asetaminofèn (parasetamòl) ki bon pase aspirin pou timoun piti. Pou dòz la wè paj 422.

Si gwo lafyèv cho a pa desann lapoula osinon si kriz mete pye, rafrechi kò a avèk dlo epi voye chache konkou doktè a.

Nap jwenn renmèd fèy ki bon pou lafyèv, nan paj 378.

CHÒK (endispoze, dekonpoze)

Se yon eta ki ka rive nenpòt ki lè tansyon yon moun desann ba. Sak lakòz, se kapab yon gwo doulè, yon boule ki grav anpil, osinon lè yon moun pèdi anpil san, lè li fè gwo maladi, lè li dezidrate osinon lè li fè yon alèji grav.


Men siy pou CHÒK (endispozisyon, dekonpozisyon)

- Kè li bat vit (li depase 100 fwa pou yon minit), men poul la fèb.
- Swe frèt, blenm, frèt, po li mouye.
- Moun nan ap depale, li dekonpoze, li pèdi konesans.

Sa pou nou fè pou anpeche yon moun endispoze osinon pou okipe yon moun ki endispoze:

Kon nou wè premye siy la, osinon si nou sispèk moun nan ka endispoze..

- Fè moun lan kouche ak pye li pi wo pase tèt li, tankou la a:



- Tansèlman si li gen blese nan tèt, fè l chita a mwatye (p. 97)
- Si moun lan frèt, kouvri li ak lenn.
- Si li pa pèdi konesans, ba l bwè dlo tyèd osinon ba li yon lòt bagay tyèd pou l bwè.
- Si l gen doulè, ba l aspirin osinon yon lòt renmèd pou doulè.
- Kalme moun nan epi fè l santi tout bagay ap regle byen, fòk li pa pè.

Si moun lan pèdi konesans:

- Kouche li sou kote ak tèt li ba, panche tèt la yon jan sou dèyè epi sou kote (wè potre nan lòt paj la). Si nou wè lap toufe, rale lang li soti pa devan ak dwèt nou.

- Si l vonmi, netwaye bouch li touswit. Mete tèt li ba, panche sou dèyè, epi sou yon bò pou li pa rale vonmi nan poumon li.


- Pa mete anyen nan bouch li toutotan li pa reprann konesans li ankò.

- Si yon mis osinon yon moun nan katye a (vwazinaj la) konn bay piki nan venn, ba li yon piki sewòm nan venn ak gwo degout.

- Voye chache konkou doktè.

PÈDI KONESANS (endispoze)

Men sak konn fè moun pèdi konesans:
- sou
- yon kou sou tèt
- dekonpozisyon (p. 82)
- pwazon (p.111)
- sezisman osinon feblès
- kout chalè (p. 86)
- kriz kè (p. 360)
- atak kè (p. 358)



Si yon moun pèdi konesans epi nou pa konnen poukisa, **kontwole tout bagay nou pral di nou la a:**

1. Gade si li **respire** byen. Si non, kage tèt li dèyè epi rale machwè l ak lang li pa devan. Si gen yon bagay ki kole nan gòj li, wete l. Si li pap respire, fè respirasyon bouch nan bouch pou li lapoula (wè p. 85).


2. Èske lap **pèdi anpil san**? Rete san an (wè p. 88).

3. Si lap **dekonpoze** (li mouye, po l blenm, kè li bat vit, men li fèb). Kouche li ak tèt li pi ba pase pye l epi delage rad sou li.

4. Èske se **solèy ki endispoze l**? (li pa swe, men li gen gwo lafyèv, li cho ak po li wouj, wè p. 86) Si se vre, pwoteje l pou solèy pa bat li, mete tèt li pi wo pase pye li, epi mouye kò li ak dlo frèt (dlo glase si nou kapab), jouk lafyèv la tonbe.

Men nan ki pozisyon pou nou mete yon moun ki pèdi konesans:

si po l blenm:
(sezisman, dekonpoze)



si po l wouj osinon nòmal:
(kout chalè, kriz kè, pwoblèm kè)




Si nou sispèk moun ki pèdi konesans lan fraktire anpil:

Li pi bon pou nou pa deplase l, toutan li poko reprann konsyans. Si nou blije deplase li, pran anpil prekosyon, paske si kou li osinon do li kase, depi nou chanje l pozisyon, sa ka vin pi grav pou li. Chache blese ak zo kase sou tout kò li, Men pa deplase l twòp. Pa deplase ni do l, ni kou l.

Pa janm mete anyen nan bouch yon moun ki pèdi konesans, pa bal manje ni bwè.

LÈ YON BAGAY KOLE NAN GÒJ YON MOUN



Lè manje osinon lòt bagay kole nan gòj yon moun ki fè lap toufe, men sa pou nou fè **lapoula**:



TOUFE

- Kanpe dèyè do l, pase de bra nou kenbe moun lan nan tay li,


- fèmen men nou yonn ak lòt sou vant li, anlè lonbrit li, pi ba pase kòt li yo,

- epi peze fò sou vant lan **yon sèl kou,** ba li yon soukous anba jouk anwo.

Lè nou fè sa, sa fòse lè ki nan poumon li yo soti, epi sa va degage gòj li. Rekoumanse ankò si li nesesè.

Si moun lan gen plis fòs pase nou, osinon si moun lan pèdi konsyans, men sa pou nou fè:

- Mete l kouche sou do.
- Chita anwo l konsa, mete men nou yonn sou lòt sou vant li nan mitan kòt li ak lonbrit li, nan kre lestonmak li.
- Avèk talon men ki anba a peze moute fò epi lage l lapoula.
- Rekoumanse anpil fwa si li nesesè.
- Si malgre sa lap toufe toujou, eseye **respirasyon bouch nan bouch la** (wè lòt paj la)



MOUN KAP NEYE

Lè yon moun sispann pran souf, gen 4 minit pou li viv ase. **Fòk nou fè vit!**

Koumanse respirasyon bouch nan bouch la lapoula, (wè lòt paj la) - kou nou kapab, anvan menm moun ki neye a fin soti nan dlo a, depi dlo a pèmèt nou pran pye.

Si nou pa ka soufle lè nan poumon li, kou nou rive atè, mete l kouche lamenm sou do ak tèt li pi ba pase pye l epi peze sou vant li nan kre lestonmak li, menm jan nou sot wè talè a. Epi fè respirasyon bouch nan bouch la pou li lapoula, san pèdi tan.



TOUJOU KOUMANSE FÈ RESPIRASYON BOUCH NAN BOUCH LA LAMENM, anvan nou eseye wete dlo nan lestonmak li.

SA POU NOU FÈ LÈ YON MOUN SISPANN PRAN SOUF: RESPIRASYON BOUCH NAN BOUCH

Men kèk bagay ki ka lakòz yon moun pa ka respire:

- yon bagay kole nan gòj li
- lang moun lan osinon flenm bouche gagann li lè li pèdi konesans
- neye, twòp lafimen kap toufe l, osinon pwazon
- yon gwo kou nan tèt osinon nan lestonmak
- kriz kè

Yon moun gen pou mouri si li depase 4 minit san li pa pran souf.


Si yon moun sispann pran souf, koumanse respirasyon bouch nan bouch LAPOULA SAN PÈDI TAN.


Men jan pou nou fè sa san pèdi tan:

1e bagay: Wete nenpòt ki bagay ki kole nan bouch li ak nan gòj li. Rale lang li soti. Si gen flenm nan gòj li, wete yo vit .



2e bagay: Mete moun lan kouche sou do, kage tèt li sou dèyè mezi nou kapab, rale machwè l moute.





3e bagay: Fèmen nen li ak dwèt nou, louvri bouch li mezi nou kapab, mete bouch nou sou bouch li epi soufle byen fò nan gòj li jouk nou wè kòf lestonmak li ap moute. Pran yon pòz pou kite lè soti deyò, epi soufle ankò. Fè sa pou yon 15 fwa konsa pou chak minit. Pou tibebe ki fenk fèt, soufle **dousman** 25 fwa pou chak minit.

Kontinye fè **respirasyon bouch nan bouch** la jouk moun lan koumanse pran souf pou kont li, osinon jouk nou wè li mouri tout bon vre. Gen de lè nou blije kenbe la ap ba li souf pou inèdtan osinon plis tou.

PWOBLÈM GWO CHALÈ KA BAY



Lakranp

Lè fè cho, moun kap travay di epi kap swe anpil, yo konn gen yon lakranp ki pran yo nan janm osinon nan bra, osinon nan lestonmak. Sa rive paske kò moun lan manke sèl.

Men sa pou nou fè : Mete yon ti kiyè sèl nan yon lit dlo bouyi epi bwè li.

Dekonpozisyon

Siy ki fè nou wè sa: Yon moun kap travay epi lap swe anpil lè fè cho, rete konsa epi lap chanje koulè, li pèdi fòs, li ka menm santi lap dekonpoze, li vin frèt, kò li mouye. Batman kè li fèb, men kè li bat vit.

Men sa pou nou fè: Kouche moun lan yon kote ki fè fre, leve pye l anlè epi fwote janm li yo. Ba l dlo sale pou l bwè: yon ti kiyè sèl nan yon lit dlo bouyi (Pa mete anyen nan bouch li si li pèdi konesans).

ENDISPOZISYON

Sa pa rive fasil, men se gwo danje. Sa rive granmoun ak moun ***ki toujou sou***, lè fè cho anpil anpil.

Siy ki fè nou wè sa: Po a vin wouj, li cho anpil, li chèch. Menm anba zesèl li chèch tou. Moun lan fè gwo lafyèv ki ka rive depase 42 degre S. Anpil fwa, moun lan ka rive pèdi konesans.

Men sa pou nou fè: **Premye bagay la se pou nou desann lafyèv la:** mete moun lan nan lonbray. Mouye l ak dlo frèt (dlo glase si nou genyen). Fè van pou li. Fè sa jouk lafyèv la desann nèt. Chache konkou doktè.


DIFERANS ANT DEKONPOZISYON GWO CHALÈ AK

ENDISPOZISYON GWO CHALÈ

DEKONPOZISYON

GWO CHALÈ

- gwo gout swè po a blenm
- nwa je a louvri
- pa gen lafyèv
- santi feblès



ENDISPOZISYON


GWO CHALÈ

- po a chèch, li vin wouj epi li cho
- gwo lafyèv
- moun lan malad anpil osinon li pèdi konesans


KI JAN POU NOU RETE SAN LÈ YON MOUN BLESE

1. Leve pati ki blese a anlè mezi nou kapab.

2. Avèk yon twal pwòp osinon ak men nou si nou pa gen yon twal, peze sou kote ki blese a. Peze jouk san an rete. Sa ka pran inèdtan osinon plis.



3. Si san an pa rete lè nou peze sou blese a, epi si moun lan ap pèdi san, men sa pou nou fè:



- Pa sispann peze sou blese a.
- Leve pati ki blese a anlè mezi nou kapab.
- Mare bra a osinon janm lan ant blese a ak kè moun nan. Sere l fò pou san an ka rete.
- Pou mare l, sèvi ak yon moso twal ploye osinon yon gwo senti, men pa janm sèvi ni ak kòd, ni ak fisèl, ni ak filfè.

PREKOSYON POU NOU PRAN:

- Na mare kote ki blese a sèlman si san an pa vle rete lè nou peze sou li.

- Se pou nou desere pansman yon ti moman chak demiyè pou wè si san an rete, epi tou sa pèmèt san an mache nan manm nan. Si nou kite l mare twò lontan, sa ka donmaje bra a osinon janm lan sitèlman na blije koupe janm lan osinon bra a.


- **Pa janm** sèvi ak tè, gaz blan, osinon ma kafe pou rete san an.

- Si blese a grav epi lap senyen, leve pye moun nan epi bese tèt moun lan pou anpeche li fè chòk (wè paj 82).

KI JAN POU NOU RETE YON SAN KAP KOULE NAN NEN YON MOUN

1. Chita trankil

2. Peze 2 bò nen an fò pandan 10 minit osinon jouk san an rete.



Si sa pa fè anyen...



Foure yon boul koton nan twou nen li, kite yon moso parèt deyò. Men, anvan sa, si nou kapab, mouye yon boul koton ak yon ti dlo oksijene, osinon yon ti pomad Vazlin osinon lidokayin ak epinefrin (wè p. 423).

Apre sa peze 2 bò nen an ankò byen fò. Pa lage li anvan 10 minit osinon plis.



Kite koton an nan plas li pou kèk tan apre san an rete. Apre sa wete li ak prekosyon.

Si nen yon moun koule san tanzantan, badijonnen yon ti ***vazlin*** nan twou nen yo 2 fwa pa jou.

Manje zoranj, tonmat, ak lòt fwi; sa kapab ede venn yo vin pi fò pou nen an koule mwens.

Gen de fwa, san an se nan pati dèyè fon nen an lap soti sitou pou granmoun, lè nou peze nen an, san an ka pa rete. Lè konsa, fè moun lan mete yon bouchon nan bouch li, yon bwa mayi osinon yon bagay nou ka foure nan mitan dan li epi fè li kage tèt li sou devan, fè l chita trankil, epi di li pa vale jouk san an rete. (Bouchon mayi a ede moun lan pou li vale epi li bay san an yon chans pou li rete).



KOUPE, GRAFOUYEN AK TI BLESE

Pwòpte se yon bagay ki konsekan anpil pou anpeche enfeksyon epi pou ede blese geri.


Men ki jan pou nou panse yon blese...



Premye bagay, lave men nou ak savon epi dlo.


Apre sa lave kote ki blese a byen ak savon epi dlo bouyi.

Lè nap netwaye blese a, fè atansyon pou nou wete tout ti salte, leve tout moso po ki ka leve pou netwaye anba li. Nou ka sèvi ak ti pens pou rache sousi yo, osinon yon lòt bagay pou nou retire ti moso salte. Men chonje se pou nou bouyi yo anvan, pou nou ka sèten yo byen pwòp nèt ale.



Si nou kapab, ponpe dlo bouyi frèt sou blese a ak yon sereng osinon yon ti ponp a men.

Nenpòt ki ti moso salte ki rete nan blese a ka lakòz enfeksyon.



PA JANM mete poupou bèt osinon poupou moun sou yon blese. Yo ka lakòz gwo enfeksyon tankou tetanòs.

PA JANM vide alkòl, tentidyòd osinon *mètyolat* kareman sou blese a. Lè nou fè sa, non sèlman sa ka donmaje vyann lan, men kote ki blese a ap pran plis tan pou li geri. Sèvi ak dlo bouyi frèt epi savon.

KI JAN POU NOU FÈMEN YON BLESE

Yon blese ki fenk fèt, epi ki byen netwaye lamenm ap geri pi vit si nou kole 2 rebò blese yo yonn ak lòt pou blese a rete fèmen.


Pou nou fèmen yon blese ki fon:

- Fòk blese a pa gen douzèdtan depi sa rive
- Fòk blese a byen netwaye
- Fòk nou pa jwenn yon mis osinon yon doktè pou fè sa pou nou jou a.

Anvan nou fèmen blese a, lave li byen lave ak dlo bouyi frèt epi savon. Si nou kapab, ponpe yon ti dlo bouyi frèt ladan l ak yon sereng. Atansyon, veye pou nou pa kite okenn ti salte kache ladan l.

Gen 2 jan nou ka fèmen yon blese:

FÈMEM L AK BANDAJ ADEZIF AN "PAPIYON"



KOUD LI AK FIL

Pou nou konnen si blese a bezwen koud, gade si de rebò yo ka vin kole yonn ak lòt pou kont yo. Si yo kole, pi souvan nou pa bezwen koud yo.


Pou koud yon blese:

- Bouyi yon zegwi pou koud ansanm ak yon ti moso fil (fil nayilonn osinon fil swa pi bon) pandan10 minit.


- Lave blese a ak dlo bouyi frèt epi savon, tankou nou te wè l deja a.

- Lave men nou byen lave ak dlo bouyi tyèd epi savon.

- Koud blese a konsa:



Ki jan pou nou fè yon bon ne



Fè premye kouti a dwat nan mitan blese a, epi mare li pou de rebò yo kontre yonn ak lòt (pòtre nimewo 1 ak pòtre nimewo 2)

Fè kantite kouti nou kwè kap fèmen tout blese a byen fèmen (pòtre nivewo 3)

Kite kouti yo san manyen pandan 6 rive 12 jou (si se sou figi, 6 jou; si sè nan kò moun nan 8 jou; 12 jou si se nan men ak nan pye. Apre sa wete fil la. Koupe fil la bò ne a epi kenbe ne a pou rale fil la soti.

ATANSYON: Chonje, se sèlman lè blese a pwòp, lè li poko gen 12 èdtan depi sa rive nou kapab koud li. Yon blese ki la lontan, ki sal, osinon ki gen tan enfekte, se pou nou kite li louvri. Tout mòde, kit se mòde moun, kit se mòde chen, kochon, osinon lòt bèt, se pou nou kite yo louvri. Si nou fèmen yo, sa ka lakòz yo enfekte.

Si blese nou koud la koumanse vle enfekte, wete fil yo lamenm epi kite blese a louvri (wè p. 95).


BANDAJ

Yo bande yon blese pou kenbe li pwòp. Poutèt sa, bandaj osinon moso twal nou sèvi pou kouvri yon blese fòk li toujou pwòp. Twal nou sèvi pou fè bandaj yo, se pou nou lave yo, lèfini pou nou repase yo ak yon fè cho. Si nou kapab, kouvri blese a ak yon moso gaz esterilize anvan nou bande li. Yo konn vann moso gaz esterilize sa yo byen kachte nan fanmasi.

Pito nou pa mete okenn bandaj pase pou nou mete yon bandaj ki sal osinon ki mouye.

Si lè nou fin mete bandaj la, nou wè li vin mouye osinon salte antre anba l, wete li, lave blese a ankò epi mete yon lòt bandaj pwòp sou li.

Men kèk egzanp bandaj nou ka fè dapre pati nou vle bande a.



FÈ ATANSYON:

Bandaj ki mare yon bra osinon yon janm pa fèt pou li twò sere jouk pou li anpeche san an sikile.

Anpil ti mak grafouyen ak ti koupe pa bezwen bande. Yo geri pi vit si nou lave yo ak dlo bouyi frèt epi savon epi nou kite yo louvri pran lè. Sa ki pi konsekan an, se pou nou **kenbe yo pwòp**.

BLESE KI ENFEKTE:
KI JAN POU NOU REKONÈT YO EPI KI JAN POU NOU TRETE YO


Yon blese enfekte lè:

- li vin **wouj**, li **anfle**, li **cho** epi lap **fè mal**
- li gen **pi** ladan l
- osinon li koumanse **santi**.

Enfeksyon an koumanse mache nan kò a lè:

- li bay **lafyèv**
- gen yon mak **wouj sou anwo kote ki blese a**

- osinon **li ban nou glann.** Glann yo se yon bann ti boul moun gen anba po yo ki sèvi tankou ti pèlen pou mikwòb. Lè yo enfekte, yo gonfle, yo vin sansib.



Lè se glann pa dèyè zorèy moun lan genyen, sa vle di se nan tèt la enfeksyon an ye. Se ka yon blese, osinon pou nan tèt ki lakòz. Gen de lè ribeyòl ka lakòz sa tou.

Lè se glann pa anba zorèy epi nan kou, sa vle di enfeksyon an se nan zorèy, figi, osinon nan tèt (oubyen tibèkiloz).

Lè se glann pa anba machwè, sa vle di se dan ak gòj ki enfekte.

Lè se glann anba bra, sa vle di se nan bra, nan tèt osinon nan pwatrin enfeksyon an ye (kansè nan tete ka lakòz sa tou).

Lè se glann nan lenn, sa vle di se nan janm, nan pye, nan pati sansib, osinon nan twou dèyè enfeksyon an ye.

Men sa pou nou fè pou yon blese ki enfekte:

- Mete konprès cho sou blese a pou 20 minit kat fwa pa jou. Si se men an osinon pye an ki enfekte, tranpe l nan bokit dlo cho ak yon moso savon, osinon ti gout pèmanganat ladan l (Yon ti kiyè pou yon bokit).

- Fè malad la kenbe kote ki blese a leve yon ti jan pi wo pase rès kò a, epi kite l poze trankil.

- Si enfeksyon an grav osinon si moun lan pa pran vaksen pou tetanòs, ba li yon antibyotik tankou penisilin (wè p. 402 , 403)

ATANSYON: Si yon blese ap bay move sant, si lap swente yon dlo mawon osinon gri, epi si po ki kouwonnen blese a vin nwa epi li fè ti anpoul se ka kangrenn. Chache konkou doktè lapoula. Antan nap tann, fè sa yo di pou nou fè pou kangrenn nan paj 230.

BLESE KI FASIL POU ANVLIMEN



Men blese ki fasil pou anvlimen:

- Blese ki sal, osinon blese ki fèt ak yon bagay sal.
- Blese pike ak lòt blese ki fon epi ki pa senyen.
- Blese ki rive kote yo gade bèt, tankou pak, poulaye, pak kochon, ak lòt kote konsa.
- Gwo blese nan vyann ki kraze, osinon ki mètri.
- Koutdan, sitou mòde kochon, chen ak mòde moun.
- Blese fizi osinon revolvè.

Swen espesyal nou ka bay pou blese sa yo ki ka anvlimen fasil:

1. Lave blese a byen lave ak dlo bouyi frèt epi savon. **Wete tout ti kras san kaye, moso vyann ki mouri osinon ki dechire anpil**. Sèvi ak sereng, osinon yon ti ponp pou ponpe kras yo deyò ak yon sereng san zegwi.

2. Tranpe blese a nan dlo pèmanganat (yon ti kiyè nan yon bokit dlo). Apre sa, badijonnen blese a ak vyolèt jansyàn, osinon mete yon pomad antibyotik nan blese a (wè p. 417) epi kouvri li ak yon bandaj pwòp.


3. Si blese a fon anpil, si se yon koutdan, osinon si nou kwè gen kras ladan l toujou, sèvi ak antibyotik. Pi bon an se anpisilin an grenn osinon, si ka a grav anpil, bay piki pito. Si nou pa ka achte anpisilin, sèvi ak penisilin, tetrasiklin oubyen ak yon silfa. Pou kantite pou nou bay la, wè PAJ VÈT YO.

4. **Pa janm** fèmen kalite blese sa yo, pa koud yo, pa mete papiyon adezif sou yo. **Kite blese a louvri.**

Moun ki pa vaksinen pou gwo maladi yo rele tetanòs kap touye moun lan, pi fasil pou yo trape maladi sa a. Pou nou pa kite yon ti chans pou maladi a antre sou moun ki pa pran vaksen tetanòs la, fè li pran penisilin osinon anpisilin lè li gen blese sa a, menm si blese a piti.

Si yon blese konsa grav anpil kay yon moun ki pa vaksinen pou tetanòs, fòk li pran gwo dòz penisilin osinon anpisilin pou yon senmen pou pi piti. Gen yon sewòm pou tetanòs, nou ka kalkile si pou nou sèvi avèk li. Men fòk nou fè atansyon anpil, pran tout prekosyon yo di nou pou pran lè nap sèvi ak li (wè p. 75).

BLESE GRAV KI FÈT AK BAL FIZI, KOUTO AK LÒT KALITE BLESE GRAV.



Atansyon enfeksyon: Nenpòt ki blese ki fèt ak yon bal fizi osinon ak yon kouto fè epi ki fon ka enfekte fasil. Poutèt sa se pou nou bay moun ki blese a yon antibyotik lapoula. Pi bon an se penisilin (wè paj 402) osinon anpisilin (paj 404).

Moun ki pa vaksinen pou tetanòs, fòk yo ta pran yon piki sewòm antitetanik tou.

Si nou kapab, chache konkou doktè.

Blese bal fizi fè nan janm osinon nan pye




- Si blese a ap senyen anpil, rete san an jan nou wè l la nan paj 88 lan.

- Si li pap senyen anpil, kite li senyen pou yon ti tan (yon kadè). Sa ap ede netwaye li.

- Lave blese a ak dlo bouyi frèt epi savon, apre sa mete yon pansman pwòp sou li. Si se yon bal fizi ki blese li, lave deyò a sèlman.

- Li toujou pi bon si nou pa foure anyen nan twou bal la.

- Ba li antibyotik.




ATANSYON:

Si nou sispèk bal la frape yon zo, zo a ka kase.


Si nou sèvi ak pati kase a osinon si nou mete yon chay sou li osinon si nou kanpe sou li, sa ka fè kase a vin pi mal.

Si nou sispèk zo a kase, li pi bon pou nou mare l sou yon moso planch epi pou nou pa sèvi ak li pou kèk senmen.




Lè blese a grav, leve pati ki blese a pi wo pase kè moun lan, epi fè l rete trankil pou l pa fè okenn mouvman.

Konsa blese a va geri vit epi li gen mwens chans pou li enfekte.



WI

NON




Si nou mache sou yon janm ki malad, osinon si nou chita ak janm pandye, sa ap fè blese a pran plis tan pou l geri epi lap ankouraje enfeksyon mete pye.



Fè yon echap pou soutni bra a si se yon blese bal fizi fè osinon pou nenpòt ki lòt blese ki grav.

Gwo blese fon nan kòf lestomak




Blese nan pwatrin ka gen danje ladan yo. Chache konkou doktè lapoula.

- Si blese a rive jouk nan poumon moun lan, epi lè ap antre nan twou a lè moun lan ap respire, kouvri blese a lamenm pou plis lè pa pase ladan l. Pase ***Vazlin*** osinon grès plant sou yon moso gaz osinon sou yon bandaj ki pwòp, epi vlope li sou twou a, sere l, konsa.
- Mete moun blese a nan pozisyon li santi li pi alèz la.
- Si moun lan fè sezisman, chòk, fè trètman pou li (wè p. 82)
- Ba li yon antibyotik ak grenn pou doulè.

Blese bal fizi nan tèt

- Kouvri blese a ak yon pansman.
- Mete moun blese a nan yon pozisyon chita kage.
- Ba li antibyotik.
- Chache konkou doktè.





Gwo blese nan vant

Nenpòt koupe ki travèse po vant moun jouk pou li ta rive nan trip li se danje. **Voye chache doktè lapoula**. Pandan nap tann lan:


Kouvri blese a ak yon pansman pwòp.

Si moso trip soti deyò, kouvri yo ak yon moso twal pwòp nou te tranpe nan yon dlo bouyi tyèd sale.
Pa eseye foure trip la andedan.






Si moun blese a pèdi konesans, leve pye l pi wo pase tèt li.




Pa mete anyen nan bouch li:
pa ba l manje, ni anyen pou bwè, pa menm dlo frèt.

Si moun lan swaf, si l anvi bwè dlo, mouye yon moso twal epi ba l souse l.




Pa janm ba li lavman, menm si vant li moute osinon moun nan pat watè depi kèk jou. Si trip yo chire, yon lavman osinon yon metsin ka touye li.

Ba li yon piki antibyotik
(wè paj apre yo pou konn ki jan)



PA RETE TANN AJANN SANTE A.



MENNEN MOUN MALAD LA NAN SANT OUBYEN LOPITAL KI PI PRE NOU AN SAN PÈDI TAN.

Lap bezwen yo fè operasyon pou li.

RENMÈD POU YON BLESE KI RIVE JOUK NAN TRIP
(pou apendisit ak enfeksyon anndan vant)

Men sa pou nou fè pandan nou poko jwenn konkou doktè:

Bay piki anpisilin (p. 405) 1 gm. (4 anpoul 250 mg) chak katrèdtan.

Si pa gen anpisilin:

Yon piki penisilin (kristalin si nou kapab, p. 403) 5 milyon inite lapoula.

Apre sa, 1 milyon inite chak (4) katrèdtan.

Anmenmtan ak penisilin lan, ba li yon piki: estreptomisin (p. 410), 2 ml. (1 gm.), 2 fwa pa jou osinon kloramfenikòl, 2 anpoul 250 mg. chak (4) katrèdtan.

Si nou pa jwenn piki antibyotik sa yo, ba li bwè grenn anpisilin osinon penisilin ansanm ak kloramfenikòl osinon tetrasiklin, ak yon ti kras dlo tou piti.

GWO DOULÈ MAL VANT KI MANDE SÈVIS PRESE

Gen yon kalite ***gwo doulè nan vant*** ki mande sèvis prese yon doktè pou evite moun lan mouri. Genyen ki mande operasyon. Apendisit, enfeksyon nan vant ak trip bouche, se de twa nan ka ki mande sèvis doktè. Se pa toutan yon doktè ka rekonèt sa ki bay gwo doulè nan vant si li pa louvri vant lan anvan pou li wè andedan li.

Si yon moun gen gwo doulè nan vant san rete avèk vonmisman men san dyare, nou ka sispèk se move malvant lap fè.

Move malvant ki grav anpil:

Mennen li lopital paske yo ka bezwen fè operasyon pou li.

- gwo doulè san rete epi vin lage (kranp) pi mal chak lè
- konstipasyon ak vomisman
- vant anfle, li di (moun lan ap pwoteje vant lan)
- li malad grav

Malvant ki pa twò grav:

Nou ka okipe yo lakay nou osinon nan yon sant sante

- doulè ki mòde lage (lakranp)
- gwo dyare osinon ti dyare
- moun lan bay siy ki moutre lap fè yon enfeksyon, se ka yon grip osinon malgòj
- li konn gen doulè konsa deja
- li pa twò malad

Si yon moun bay siy li gen move malvant, bwote l lopital san pèdi tan.

Trip bouche

Yonn nan kòz gwo doulè malvant se lè yon bagay chita yon kote nan trip la, li bouche li osinon li jennen manje ak okabinen pase. Men bagay ki ka bloke trip moun:

- yon makòn gwo vè (askaris p. 149).
- yon bout trip ki kwense nan yon èni (p. 191).
- yon bout trip ki vlope foure kò li nan trip ki vin apre l la.


Nenpòt kalite gwo doulè malvant ka mache ak siy pou fè nou wè trip yo bouche. Lè sa a trip la pa travay paske chak fwa pou bout ki bloke a ta travay, li fè mal anpil.

Siy trip bloke:

Moun lan santi yon doulè ki san rete epi ki fè mal anpil nan vant la.

Vant pitit sa a anfle, li di, epi li sansib anpil. Lè nou manyen l, li fèl pi mal. Lap eseye pwoteje vant li pou li pa fè mouvman epi li ploye jounou li yo ti gout. Vant li pa fè bri menm. (Lè nou mete zorèy nou sou vant li, nou pa tande okenn ti bri vant moun konn fè).

Moun lan rete konsa li vonmi avèk fòs. Li ka voye vonmi an yon mèt distans osinon pi lwen menm. Vonmi an ka vèt, li ka santi, epi li ka sanble poupou.




Li sere (li pa fè poupou osinon yon ti kal). Si li gen dyare se yon ti watè tou piti li fè. Gen de lè sa ki soti se yon ti glè san ase.

Mennen moun sa a lopital **lapoula.** Lavi li an danje. Yo ka blije opere li.

Apendisit (Enfeksyon anndan vant)

Maladi sa yo se gwo danje, anpil fwa yo mande doktè pou opere yo. Chache konkou doktè lapoula.


Apendisit, se yon enfeksyon nan ***apendis*** yon moun. Apendis la se yon ti sak ki gen fòm yon dwèt epi ki kole ak gwo trip la sou bò dwat vant yon moun. Li pandye desann. Yon apendis ki enfekte ka pete louvri. Lè sa a li lakòz ***enfeksyon anndan vant lan***.




Enfeksyon anndan vant lan, se yon gwo enfeksyon ki gaye nan sak vant ki kenbe trip yo. Sa rive pi fasil lè apendis la osinon yon bout trip pete oubyen chire.

Siy ki fè nou konnen se apendisit:

- Premye siy la se yon gwo doulè nan vant san rete kap vin pi mal chak lè.
- Doulè a pi souvan koumanse bò lonbrit la, epi li desann sou bò dwat vant lan pa anba.
- Malad la pa anvi manje, li ka vonmi, li ka konstipe, osinon li ka bay yon ti lafyèv.



YON SONDAY POU APENDISIT OSINON ENFEKSYON SAK VANT



Antan moun lan kouche sou do, peze vant lan dousman men avèk fòs yon ti jan anwo ren gòch moun lan jouk li fè mal yon ti kras.

Wete men nou vit.

Si moun lan santi yon gwo doulè ki mòde l lè nou wete men nou, gen anpil chans pou se apendisit oubyen enfeksyon sak vant lap fè.

Si li pa santi yon gwo doulè, fè menm bagay la, men fwa sa a pa anlè ren dwat la.

SI NOU KWÈ SE YON KRIZ APENDISIT OSINON ENFEKSYON SAK VANT YON MOUN AP FÈ:

- **Chache konkou doktè lapoula.** Si nou kapab, mennen moun lan kote yo ka fè operasyon pou li.

- **Pa ba li anyen pou li vale,** pa ba li lavman. Si nou wè moun lan manke anpil dlo, lè sa a ba li kèk gòje sewòm oral pou li bwè (p.162) men pa ba l anyen ankò.

- Fè moun lan rete trankil nan yon pozisyon demi chita, demi kouche.

Atansyon: Lè enfeksyon sak vant lan grav anpil, vant lan vin di tankou yon bwa epi lè nou manyen vant lan, li fè moun lan mal anpil. Lavi l an gwo danje. Mennen l lopital lapoula epi sou tout chemen an, ba li renmèd yo moutre nou nan paj 99 la.

BOULE



Ki jan pou nou evite sa:

Moun ka evite pifò ka boule yo. Pran anpil prekosyon ak timoun:

- Pa kite timoun piti pwoche bò kòt difè.
- Mete lanp, bouji, alimèt kote timoun pa ka jwenn yo.
- Veye veso ki sou difè pou timoun pa ka chavire yo.

Gen twa kalite boule:

1) Ti boule ki pa fè zanpoud (Premye degre)

Lè sa a po a vin wouj ase. Pou soulaje boule a epi pou anpeche boule a fè twop donmaj, tranpe kote ki boule a nan dlo frèt **lapoula**. Kouvri boule a ak yon twal mouye jouk doulè a ale. Nou pa bezwen fè anyen apre sa.

2) Gwo boule ki bay zanpoud (Dezyèm degre)

Pa pete zanpoud yo.

Si zanpoud yo pete, lave yo dousman ak dlo bouyi nou kite frèt epi savon. Chofe yon ti ***Vazlin*** jouk li fonn epi li bouyi pou pwòpte li. Lè li frèt, pase l sou yon moso gaz esterilize. Epi mete gaz la sou boule a.

Si nou pa gen ***Vazlin***, kite boule a san kouvri. Pa janm badijonnen li ak grès osinon ak bè.

Li konsekan anpil pou nou kenbe boule a pwòp toutan.
Pwoteje li pou pousyè, kras ak mouch pa touche avè l.

Si nou remake boule a vle anvlimen, si li bay move sant, pi, lafyèv, osinon glann, mete konprès dlo sale tyèd (yon ti kiyè sèl nan yon lit dlo) twa fwa pa jou sou li. Bouyi ni dlo a, ni twal konprès la anvan nou sèvi ak yo. Wete moso po ak vyann ki mouri yo ak prekosyon. Nou ka pase yon ti pomad antibyotik tankou ***Neosporin*** sou li (p. 417). Si li grav anpil, li ta bon pou pran yon antibyotik tankou penisilin osinon anpisilin.

3) Gwo boule fon (Twazyèm degre)

Li pati ak po a epi vyann lan parèt tou wouj osinon kankannen. Boule sa a toujou grav,

menm jan ak tout boule ki kouvri yon gwo pati sou kò moun. Mennen moun lan nan dispansè lapoula. Vlope boule a ak yon moso twal ki pwòp osinon yon sèvyèt.

Si nou pa ka jwenn konkou yon doktè, fè menm bagay yo sot di nou fè pi wo a. Si nou pa gen ***Vazlin***, kite blese a san vlope, men kouvri l ak yon ti moso gaz fen osinon yon dra pou anpeche pousyè ak mouch poze sou li.

Kenbe moso twal la pwòp, chanje l chak fwa li sal ak dlo osinon san kap koule sot nan boule a. Bay moun nan penisilin.

Pa janm mete grès, mantèg, po bèt, ma kafe, zèb osinon poupou sou boule a.


Pou renmèd fèy ki bon pou boule wè Chapit 24 la (paj 374)

Prekosyon espesyal pou gwo boule grav

Lè yon moun boule grav li fasil endispoze (wè p. 82) paske fòs doulè a rèd sou li, lapè nan kò li, epi lap manke dlo nan kò li, lè boule a ap sipire.

Ankouraje moun boule a epi pale ak li pou li pa pè. Ba li aspirin pou doulè a avèk kodeyin si nou ka jwenn. Lave blese a nan yon dlo bouyi frèt ki pa twò sale, sa ka ede soulaje doulè a. Mete yon ti kiyè sèl pou chak lit dlo bouyi epi kite l frèt anvan nou sèvi avè l.

Bay moun boule a anpil likid pou l bwè. Si kote li boule a laj anpil (si li depase de fwa lajè men nou), fè ti posyon sa a pou li.




Moun boule a fèt pou bwè posyon sa a mezi li kapab, jouk li rive fè pipi dri.

Yonn nan bagay ki pi konsekan pou moun ki boule anpil se pou yo manje manje ki gen anpil pwoteyin ladan yo (wè paj 116). Li gen dwa manje tout kalite manje.

Boule bò jwenti.

Lè yon moun boule grav nan fant dwèt li yo, osinon nan zesèl li, osinon nan yon lòt jwenti, se pou nou mete moso gaz ak ***Vazlin*** nan mitan boule yo pou nou anpeche yo kole

yonn ak lòt lè yap geri. Fòk nou lonje dwèt yo, bra yo osinon janm malad yo tout longè yo plizyè fwa pa jou pandan lap geri. Sa ap fè mal, se vre, men sa ap anpeche mak boule a redi po a pou jennen mouvman moun nan. Mete moso gaz esterilize ak vazlin sou li.



ZO KASE (Frakti)

Lè yon zo kase, sa ki pi enpòtan pou nou fè, **se kenbe zo a nan yon pozisyon fiks.** Sa pèmèt zo a rete anplas pou li ka pran pi vit san li pa defòme.


Anvan nou eseye deplase osinon pote yon moun ki gen zo kase, kenbe zo kase a anplas ak yon moso bwa, yon moso tach, yon moso katon di. Pita, ya mete yon aparèy ya fè ak anplat nan yon sant osinon nan yon klinik.

Mete zo kase a nan plas li. Si nou wè zo a sanble li pa deplase, kite l jan li ye a. Paske nan chache ranje l nou ka deranje l pi mal.


Si zo a deplase epi pa gen lontan depi zo a kase, nou ka eseye remete l nan plas li osinon fè l vin dwat anvan nou mete l nan aparèy. Pi bonè se granm maten. Pi bonè nou mete zo a nan plas li, se pi fasil nou kafè l.

MEN KI JAN POU METE ZO PONYÈT KI KASE NAN PLAS LI

Rale men an ak tout fòs epi kenbe li la tòt
pou 5 rive 10 minit pou ka separe bout zo kase yo.



Pandan yon moun ap rale sou men an,
fè yon lòt moun mete de bout zo kase yo
nan plas yo tou dousman.




***ATANSYON*: Si nou pa konnen, nou ka fè plis donmaj nan eseye mete yon zo nan plas li. Sa ki pi bon se pou fè l ak konkou yon moun ki gen eksperyans, ki konnen. Pa fòse fè sa nou pa konnen.**

KONBE TAN SA PRAN POU ZO KASE PRAN?

Plis kase a grav epi plis moun lan granmoun se plis tan lap pran pou l geri. Zo timoun pran vit. Zo granmoun gen de lè yo pa janm ka pran. Se pou nou kite yon bra kase nan aparèy pou yon mwa pou pi piti, apre sa pou yon lòt mwa fòk nou pa fè fòs ak li. Se pou nou kite yon janm kase nan aparèy pou 2 mwa konsa pou l ka byen pran.

ZO KWIS KASE

Lè zo kwis la kase sa konn mande yon swen espesyal. Pi bon bagay se pou nou mare moun malad la nan yon fòm konsa (aparèy),



epi mennen l nan sant san pèdi tan.

KOU KASE AK DO KASE

Si nou sipoze yon moun gen do l osinon kou l ki kase, **pran anpil prekosyon avè l lè nap deplase l**. Eseye kite l nan menm pozisyon an. Li pi bon si nou ta ka voye chache doktè anvan nou deplase l. Si pou yon rezon osinon pou yon lòt nou blije deplase avè l, deplase l san nou pa panche do l osinon kou l sou yon bò. Pou konnen ki jan pou nou pote yon moun aksidante, wè lòt paj la.


ZO KÒT KASE

Sa fè mal anpil, men pi souvan yo geri pou kont yo. Li pi bon pou nou pa mete lestonmak moun lan nan yon aparèy ni pou nou pa mare li. Pi bon renmèd la, se grenn aspirin ak repo pou kò a. Sa ka pran kèk mwa anvan doulè yo al fè wout yo nèt.

Pi souvan yon zo kòt ki kase pa rive peze poumon moun lan. Men si moun lan touse san osinon si li gen pwoblèm pou li pran souf, ba li yon antibyotik (penisilin oubyen anpisilin) epi chache konkou doktè.

ZO KASE KI PEZE PO A POU L PARÈT DEYÒ

Nan yon ka konsa toujou gen gwo danje enfeksyon. Se poutèt sa, sa pi bon pou nou toujou chache konkou ajann sante osinon yon doktè pou okipe ka sa a. Netwaye kote ki blese a ansanm ak bout zo ki parèt la pwòp ak dlo bouyi frèt. **Pa janm eseye mete zo a nan plas li anba po a si nou pa sèten ni kote ki blese a, ni zo a pwòp nèt.**




Mare manm ki blese a sou yon moso planch pou anpeche zo kase a fè plis donmaj.


Si zo a chire po a, ba li yon antibyotik lapoula pou anpeche enfeksyon: gwo dòz penisilin oubyen anpisilin (p.402 , 404).

ATANSYON: **Lè yon moun gen yon manm kase, osinon nou sispèk manm lan kase, pa janm fwote l ni pa ba li masaj.**


MEN KI JAN POU NOU DEPLASE YON MOUN KI FÈ GWO AKSIDAN

Leve moun lan ak anpil prekosyon, san nou pa ploye okenn pati nan kò li.






Fè yon lòt moun vanse branka a nan plas li anba moun lan.



Ansanm ansanm, fè tout moun mete moun ki fè aksidan an sou branka a avèk anpil prekosyon.



Si kou li donmaje osinon kase, pran de ti sak plen sab osinon de moso twal byen ploye, mete yonn sou chak bò tèt li pou kenbe tèt la nan plas li.


ZO DEJWENTE (ZO KI SOTI NAN PLAS YO NAN JWENTI YO)

Gen twa bagay konsekan pou nou fè nan ka sa yo:

- Eseye fè zo a tounen nan plas li. **Pi bonè nou fè sa, pi bon lap ye pou moun lan.**
- Kenbe li mare djanm nan plas li pou li pa chape kò li ankò (pou yon mwa konsa).
- Evite fè fòs ak manm lan toutotan jwenti a poko fin geri nèt (2 osinon 3 mwa).

LÈ YON ZEPÒL DEJWENTE:

Mete moun lan kouche atè sou do. Kouche sou do tou, tèt an ke akote moun malad la. Mete pye nou san soulye anba zesèl li epi rale bra a dousman sou anba yon ti jan sou deyò tankou yo moutre nou la a (1), kenbe li tòt nan pozisyon sa a pou yon 10 minit konsa.





Apre sa vanse bra a pi pre ak kò moun lan, sèvi ak pye nou pou mete zo a nan plas li (2). Se pou zepòl la "vloup" tounen nan plas li.

Apre zepòl la tounen nan plas li, bande bra a byen solid sou kò moun lan. Kite li bande pou yon mwa. Lè moun lan granmoun, pou anpeche zepòl la vin rèd nèt, se pou li wete bandaj la pou yon ti moman 3 fwa pa jou, epi ak bra a pandye sou kote l, se pou li fè kèk ti mouvman won san fòse twòp.


Si nou pa ka mete manm lan nan plas li, chache konkou doktè lapoula. Plis nou tann, plis lap pi rèd pou mete l nan plas li.

ANTÒCH AK FOULAY

Anpil fwa nou pa ka konnen si yon ponyèt osinon yon pye foule osinon si li kase. Li ta bon pou nou fè yon radyografi.

Men, kit se kase, kit se foule, se preske menm bagay pou nou fè. Kenbe jwenti a mare pou li pa fè mouvman, se sèl jan li ka geri. Mare li ak yon bagay kap soutni l byen soutni. Lè nou fè gwo foulay, nou bezwen 3 osinon 4 senmenn pi piti pou l geri. Zo kase pran plis tan.

Aprann vlope yon pye tankou nou wè yo moutre l nan potre a.




ATANSYON: Si nou wè pye a yon ti jan lage osinon si moun lan gen pwoblèm pou l jwe zotèy pye yo, chache konkou doktè. Yo ka blije fè ti operasyon pou sa.


Pou soulaje doulè ak anfleti a, kenbe kote ki fè antòch lan leve wo. Pou premye 24 è yo, mete glas osinon twal mouye ak dlo frèt sou jwenti anfle a. Sa ap ede dezanfle, epi lap soulaje doulè a. Pran aspirin tou.

Apre 24 è, tranpe antòch lan nan dlo cho plizyè fwa pa jou.

Pa janm fwote ni mase yon antòch osinon yon zo kase. Sa pa ka fè anyen ki bon pou moun nan. Avrèdi, li ka fè sa pi mal pou moun nan.



Premye jou a, tranpe jwenti ki fè antòch lan nan dlo frèt.



Apre premye jou a (24 è) sèvi ak dlo cho.

Nan paj 375 la nap jwenn renmèd fèy pou foulay.

PWAZON

Anpil timoun mouri paske yo vale bagay ki pwazon. Men kèk prekosyon pou nou pran pou nou pwoteje timoun nou yo:

Sere tout bagay ki pwazon kote timoun pa ka rive:



Pa janm mete gaz blan, gazolin, osinon lòt pwazon nan boutèy kola, paske timoun ka konprann se kola, ya bwè yo.



MEN KÈK PWAZON KI MANDE PREKOSYON LÈ NAP SÈVI AK YO:

- pwazon rat
- DDT, lendàn, beny pou mouton, ak lòt pwazon pou ti bèt.
- renmèd (tout renmèd se pwazon depi nou depase dòz la)
- tentidyòd
- potas ak bagay pou blanchi
- sigarèt
- fèy ak grenn bwa ki gen pwazon
- grenn masketi
- alimèt
- gaz blan, gazolin ak petwòl
- kloròks, amonyak pou netwaye

Men sa pou nou fè:

Si nou sispèk timoun lan pran pwazon, men sa pou nou fè **lapoula:**


- Fè timoun lan vonmi. Foure yon dwèt nan gòj li, ba li yon gwo kiyè siwo ipeka (p. 430), osinon fè l bwè dlo savon osinon dlo sale.

- Fè li bwè mezi lèt li ka bwè, ze osinon farin brase ak dlo. Si nou genyen, ba li yon gwo kiyè poud chabon (p. 430). Kontinye ba l lèt, ze, ak farin epi kontinye fè l vonmi jouk vonmi an vin klè.

ATANSYON: Pa fè yon moun vonmi si li vale gaz blan, gazolin osinon yon asid ki fò, osinon yon bagay ki ka manje anndan l.

Kouvri moun lan si l frèt, men evite chofe l twòp. **Si moun lan grav anpil, chache doktè.**


MÒDE ESKÒPYON



Gen eskòpyon ki gen pwazon ki pi fò pase lòt. Pou granmoun, mòde eskòpyon pa fasil gen danje ladan l. Pran aspirin epi si nou kapab mete glas sou mòde a (Si nou ka pran ti piki Emetin sou wonn mòde a, lap soulaje doulè a anpil). Pati a ka mouri, lèfini li ka fè mal pandan kèk senmenn osinon kèk mwa. Lè konsa mete konprès dlo cho sou pati a (wè paj 210).

Lè se yon timoun ki poko gen senkan eskòpyon an mode, se ka gwo danje pou timoun lan, sitou si se nan tèt osinon nan kò li bèt la mòde l. Gen kèk peyi kote nou ka jwenn sewòm pou pwazon eskòpyon. Pou li fè travay li byen, fòk moun lan pa kite 2 zèdtan pase anvan li bay piki a. Ba li aspirin osinon asetaminofèn pou soulaje doulè a. Si timoun lan pa respire ankò, fè respirasyon bouch nan bouch pou li (wè p. 85). Si timoun lan piti anpil, osinon eskòpyon an se yonn nan kalite ki touye moun yo, chache konkou doktè.

MÒDE ZARENYEN KI GEN PWAZON




Pifò zarenyen, mete krab zarenyen ladan yo tou, lè yo mòde yo fè mal anpil men yo pa gen danje. Men gen kèk zarenyen menm ki ka fè yon granmoun malad anpil, yo ka gwo danje pou timoun piti. Lè yon zarenyen nwa mòde yon moun, li ka bay gwo doulè nan misk vant li (Gen kèk fwa yo pran l pou apendisit!).

Bay noun lan aspirin epi chache konkou doktè. Renmèd ki ta pi bon yo, nou ka pa jwenn yo nan ti boutik bouk yo. Moun lan dwe pran yon piki 10% Kalsyòm Glikonat 10 ml. Li dwe pran piki a nan venn ***dousman***, pran yon 10 minit konsa pou bay li. Dyazepam p. 431 ka ede tou. Si nou wè li vle endispoze, fè menm tretman ak lè yon moun endispoze osinon fè alèji (p. 75). Pou timoun, nou ka bezwen sèvi ak piki kòtizòn.

CHAPIT 11 MANJE: SA POU NOU MANJE POU NOU AN SANTE

MALADI KI VINI PASKE NOU PA BYEN MANJE



Pou nou grandi byen, travay di, epi rete an sante, fòk nou manje bon manje. Anpil nan maladi nou pi fasil jwenn yo vin sou moun, paske yo pa manje kalite manje kò yo bezwen.

Yon moun ki fèb, ki malad paske li pa manje manje pou li te manje osinon paske li pa manje kont li, yo di moun sa a ***malnouri***. Li soufri ak ***malnitrisyon.***

Pa manje byen lakòz pifò pwoblèm lasante sa yo rive yon moun.

kay timoun

- timoun lan pa grandi, li pa pran pèz (wè p.333)
- li mache ta, li pale ta, li lou
- vant li gwo, bra li chèch, pye l chèch
- li kagou, san vi, li chita dousman dousman
- pye l anfle, figi ak men l anfle, li gen bouton osinon mak sou po kò li
- cheve l vin fen, yo tonbe, yo pèdi koulè yo (yo tankou bab mayi)
- je l chèch, li pa wè ladan yo.

kay granmoun

- feblès ak bouke fasil
- bouch pa gou (pa anvi manje)
- anemi - gwo feblès
- bòkyè
- lang fè mal, epi bouton nan lang
- pye lou

Malnitrisyon ka lakòz pwoblèm sa yo tou, atout gen lòt rezon mete sou malnitrisyon an ki ka lakòz yo:

- dyare
- zòrèy sonnen
- maltèt
- jansiv senyen, jansiv wouj
- nen senyen
- lestonmak fè mal
- po chèch ak po fann
- kriz lakay timoun piti
- lakranp
- batman kè
- kè sote ak pwoblèm nè
- maladi fwa (siwoz)
- enfeksyon tanzantan

Manje bon manje ede kò a kenbe tèt ak maladi.

Pa manje byen ka mennen anpil pwoblèm lasante nou fèk sot pale la a. Pa bay maladi pye sou nou. Men lè nou pa manje kalite manje kò a bezwen sa ka fè kò a vin fèb epi li pa ka kenbe tèt ak lòt kalite maladi, sitou enfeksyon.

- Timoun ki pa byen manje pi fasil pran dyare pase timoun ki manje bon kalite manje. Dyare a ka menm rive touye yo.
- Timoun ki pa byen manje yo pi fasil gen konplikasyon lè yo pran lawoujòl.
- Timoun ki pa byen manje vin gen tibèkiloz fasil, maladi a pi chita sou yo.
- Maladi fwa ki vini lè yon moun bwè alkòl twòp, nou pi vit jwenn li nan moun ki pa byen manje.
- Nenpòt ti pwoblèm, tankou grip, toujou pi mal epi yo chita pi lontan sou moun ki pa byen manje.

Lè yon moun malad, bon kalite manje ede l refè.

Non sèlman bon kalite manje ede moun pa malad fasil, sa ede yo tou pou yo goumen pou soti anba maladi, pou yo ka refè. Se pou sa lè yon moun malad, manje ki gen nanm se sa li bezwen an premye. Se dilere sa pou wè gen manman timoun ki sispann ba yo manje ki gen nanm kou yo malad osinon si yo gen dyare. Konsa timoun yo vin pi fèb, yo pa ka goumen ak maladi a, yo ka menm rive mouri. **Timoun malad bezwen manje ki gen nanm! Si yon timoun malad pa vle manje, ankouraje li manje.**

Nou pi fasil wè yon moun malnouri lè li malad. Konsa, yon timoun ki gen dyare depi anpil jou ka vin gen men l ak pye l anfle, figi l boufi, tach wouj sou tout kò l, osinon bouton kap dekale sou pye l. Tout bagay sa yo vle di li soufri malnitrisyon. Lè konsa timoun lan bezwen manje plis bon kalite manje!

Manje bon kalite, se bagay ki konsekan anpil pou yon moun lè li malad ak lè lap refè.

MANJE
BYEN
KENBE
KÒ NOU
PWÒP
SE PI
BON
GARANTI
POU
LASANTE





Tach nou wè sou bra manman sa a vle di li gen maladi po yo rele pelag. Se malnitrisyon ki ba l sa. Se mayi plis li manje. Li pa manje kont lòt manje ki pou bay fòs tankou pwa, ze, fwi, legim vèt.

Paske li pat manje byen, li pat gen lèt pou pitit li a. Sa lakòz pitit la soufri ak malnitrisyon grav. Pitit la te gen dezan deja lè yo pran pòtrè sa a. Li piti, li chèch anpil ak yon gwo vant anfle, li pa gen anpil cheve ki rete sou tèt li, li gen tout chans pou li rete petevi tout lavi l.

Pou sa pa rive, manman ak pitit yo dwe manje sa ki bon, sa ki pou ba yo fòs.

MANJE KÒ NOU BEZWEN POU NOU RETE AN SANTE


Pou nou an sante, pou nou gen fòs, kò nou bezwen twa (3) kalite manje. Se pou chak jou nou manje ti gout nan chak.

1. Manje Kap Ede Kò Nou Grandi: Pwoteyin

Pwoteyin se kalite manje ki pou mete kò a kanpe. Se yo ki fè kò nou grandi, se yo ki mete vyann sou zo nou, ki fè sèvo nou ak tout lòt pati nan kò nou ka devlope anfòm. Pou nou ka grandi byen epi pou nou ka gen fòs, fòk **chak moun manje kont pwoteyin yo chak jou Bondye mete.**

Men kèk manje ki gen anpil pwoteyin ladan yo:

- vyann
- ze
- pwason
- lèt
- fwonmaj
- poul
- bèt lanmè



Men kèk manje ki gen ti gout pwoteyin ladan yo:


- tout kalite pwa
- nwa, pistach (manba)
- fèy legim vèt (kreson, lyann panye)
- sereyal (ble, avwàn, pitimi...)

2. Manje Kap Ban Nou Fòs Ak Kouraj: Sik, Lanmidon ak Grès

Sik ak lanmidon se manje kap bay fòs kouraj. Yo tankou bwa pou dife nou. Plis yon moun travay, se plis li bezwen manje pou ba l fòs ak kouraj. Men, si se sa sèlman nou manje san nou pa pran pwoteyin, kò nou pap gen fòs. Fòk toude mache ansanm.

Men manje ki gen lanmidon:

- mayi
- ble
- diri
- avwàn
- pitimi ak lòt grenn menm fanmi avè li
- vèmisèl
- makawoni



- ponmtè
- patat
- yanm
- kasav (manyòk)
- bannann
- tayo
- lam







Joumou gen lanmidon ladan l tou.

Men manje ki gen sik ladan yo:

- sik
- siwo myèl
- gwo siwo
- rapadou


Lèt ak fwi tankou fig mi gen sik ladan yo tou.

Grès nan kò nou se rezèv fòs ak kouraj kò a fè pou lè l bezwen. Lè konsa, li fè grès la tounen sik. Lè nou manje twòp grès sa pa bon pou kò nou. Men se pou nou manje ti gout grès chak fwa nap manje.

Manje ki gen anpil grès:

- lwil kwizin
- mantèg
- janbon
- grès vyann
- la kochon
- bè, magarin







Men kèk manje ki pa gen anpil grès:

- manba
- nwa
- wowoli (jijiri)
- zaboka
- lèt
- kokoye






3. Manje Kap Pwoteje Kò nou: Vitamin Ak Mineral.

Vitamin se manje ki pwoteje kò nou. Se yo ki fè tout bagay nan kò nou mache jan pou yo mache. Si nou pa manje manje ki gen vitamin, nap malad. Mineral yo menm, nou bezwen yo pou ban nou bon san, bon zo ak bon dan.

Men kèk manje ki chaje ak vitamin ak mineral:

- fèy, legim (legim vèt ak legim jòn)
- fwi pye bwa yo tankou mango, zaboka



Gen manje kap ede kò nou grandi ki gen anpil vitamin ak mineral tankou manje ki soti nan lèt ak sereyal.

SA SA VLE DI BYEN MANJE

Manje byen vle di **manje kont.** Men sa vle di tou manje yon ti kras nan **twa kalite manje nou te wè kò a bezwen yo.** Pou nou gen lasante, fòk nou manje manje kap ede nou grandi, manje kap ban nou fòs ak kouraj, manje kap pwoteje kò nou. Gen moun ki manje anpil manje ki gen lanmidon tankou diri, mayi, manyòk ak bannann, men yo pa manje kont manje ki bay fòs, ni manje kap pwoteje kò yo tankou pwa, nwa, ze, vyann, pwason, fèy vèt, legim vèt ak fwi. Moun sa yo, menm si yo manje anpil manje ki gen lanmidon, yo pa manje byen.

Nou pi fasil wè malnitrisyon sou timoun paske yap grandi, yo bezwen bon kalite manje ki pou ede yo grandi byen, kap ede yo gen lasante.

Malnitrisyon ki pi grav yo se:

MALNITRISYON CHÈCH OSINON MARAS
- sa vle di: pa manje kont

1. Pitit sa a pa manje kont li nan okenn kalite manje nou te pale yo sitou manje ki bay fòs ak kouraj. Yo di li gen malnitrisyon chèch **(maras)**. Nan bon ti mamit sa vle di lap mouri grangou, kò li piti, li chèch, lap depafini.

Timoun sa a bezwen manje sitou manje ki bay fòs ak kouraj.

PITIT SA A SE *ZO* AK *PO* LI YE



Lè nou gade figi l,
li sanble yon vye granmoun

li toujou grangou

vant li gwo

li pa gen pèz li te dwe genyen pou laj li

li chèch anpil


MALNITRISYON ANFLE OSINON KWATCHÒKÒ
-sa vle di: li pa manje kont pwoteyin-

2. Pitit sa a pa manje kont manje ki gen pwoteyin ki pou ede kò li grandi, menm si li manje kont manje kap ba li fòs ak kouraj. Yo di li gen malnitrisyon anfle ***(kwatchòkò)***. Yo rele li tou **maladi anfle**, paske pye li, men li, figi li anfle.

Atout li sanble li gra, pa gen vyann ki rete sou li. Li menm se zo, po ak dlo li ye.

Pitit sa a bezwen manje kap ede kò li grandi, manje ki gen anpil pwoteyin.

PITIT SA A SE *ZO*, *PO* AK *DLO* LI YE.



figi l anfle won kon "lalin"

li sispann grandi

figi l kagou

li kouvri ak bouton, po l ap dekale

men li ak pye li anfle

cheve l vin wouj

anwo ponyèt li chèch

li pa gen vyann (men li ka gen yon ti grès)

Se lè yon timoun gen dyare osinon yon lòt enfeksyon nou pi fasil wè li soufri malnitrisyon anfle a (kwatchokò). Se timoun ki sevre ki pi fasil soufri malnitrisyon anfle a (kwatchòkò), paske atout yo ba yo manje tankou diri, mayi, sik ak lòt manje ki pou ba yo fòs, yo manke sou lèt ak sou manje ki pou ede kò yo grandi.

Timoun ki gen kwatchòkò plis sanble li gra pase li mèg paske li anfle, epi tou paske li ka gen yon ti grès. Men vyann li fin ale. Si nou gade anwo ponyèt li yo, nap wè yo chèch anpil.

De maladi sa yo: malnitrisyon anfle ak malnitrisyon chèch, yo pa rete konsa yo parèt yon jou sou timoun. Yon timoun kapab manke sou manje li, men nou ka pako wè sa. Pi bon jan pou nou wè si yon timoun malnouri se pou nou mezire anwo ponyèt li.

Ann kontwole pou malnitrisyon: mezire anwo ponyèt li:

Apre ennan, tout timoun ki gen anwo ponyèt yo mezire pi piti pase 13 santimèt se timoun ki pa manje byen. Nou pa bezwen gade si ti pye l yo gwo, si ti men l yo ak figi li gra. Si ponyèt la mezire 12 santimèt, li malad anpil.



Yon lòt jan nou ka wè si timoun lan pa manje byen, se lè nou peze li chak mwa. Yon timoun ki gen lasante, ki manje byen ap pran plis pèz ak laj li. Ki jan pou nou peze timoun yo ak ki jan pou sèvi ak ti fèy chemen lasante a, nap jwenn sa nan Chapit 21 an paj 328.

MANJE KONT BON KALITE MANJE

Gen kèk timoun ki fèb, ki manke sou pèz nòmal yo epi ki koumanse anfle oubyen ki bay lòt siy ki ta vle fè nou wè yo gen kwatchòkò, atout yo bwè yon ti lèt, atout yo manje kèk manje kap ede kò yo grandi. Anpil fwa sa rive paske yo pa manje kont manje kap ba yo fòs ak kouraj. Lè konsa, pwoteyin pou yo ta sèvi pou grandi a, ki pou ta fè yo anfòm lan, kò a blije pran li pou fè lòt travay.

Gen lòt manje tankou bannann vèt, yanm, tayo, mazoubèl, elatriye. Yo gen anpil dlo nan yo ak farin. Sa fè lè timoun lan manje yo, vant yo plen. Sa pa vle di yo jwenn kalite manje yo bezwen pou ba yo fòs ak kouraj. Vant yo plen men kò yo grangou toujou.

Se yon bagay ki konsekan anpil pou timoun konsa manje twa (3) fwa pa jou pou pi piti, **epi li bon pou yo pase yon ti bagay nan bouch yo tanzantan**. Lè nou mete ti gout lwil kwizin nan manje timoun lan sa ka ede tou. Tout jan, chak fwa nou kapab, timoun lan fèt pou l manje manje kap ba li fòs ak kouraj ak pwoteyin plis pase sa ki gen dlo ak farin ladan yo.



TIMOUN SE POUL
SE TOUTAN POU YAP BEKE



Ki jan nou ka evite maladi malnitrisyon ak ki jan nou ka trete l:

Pou tibebe ki fenk fèt, lèt manman se pi bon manje yo ka jwenn. Se pou nou bay timoun yo tete toutotan nou kapab. Gen manman ki konn bay pitit yo tete jouk yo gen dezan, gen lòt ki ba yo pi lontan. Lè timoun lan rive sou kat (4) mwa osinon sou sis (6) mwa, se pou li koumanse pran lòt manje mete sou lèt manman an. Na koze plis sou sa nan paj 129.

Timoun ki gen maladi malnitrisyon anfle bezwen plis pwoteyin pase yonn ki an sante. Si nou ka jwenn lèt an poud, li bon tou. Si timoun lan pa jwenn kont manje ki pou ba li fòs ak kouraj, se pou nou brase lèt la ak yon ti siwo myèl osinon ak yon ti sik. Si lèt an poud la pa fin fre, tankou lèt sinistre a, konsa se pou nou mete ti gout lwil kwizin ladan l tou. Ze, poul, vyann, pwason, se bagay ki chaje ak pwoteyin, men yo koute chè. Pwa tout kalite ak pistach gen pwoteyin ladan yo tou epi yo pi bon mache. Pou timoun piti ka dijere pwa yo pi byen, se pou nou kale yo, kwit yo byen, lèfini kraze yo fè pire.

Lòt kalite maladi malnitrisyon:

Gen de (2) kalite maladi malnitrisyon nou pi fasil jwenn kay moun ki pòv, se malnitrisyon chèch (se grangou ki ba yo li) ak malnitrisyon anfle (se manke yo manke pwoteyin nan manje yo). Men gen lòt kalite malnitrisyon toujou: Se lè moun manke manje vitamin ak mineral. Se konsa:


- Si yon moun pa manje fwi ak legim jòn osinon vèt, si li pa manje manje ki gen vitamin A li ka gen pwoblèm pou l wè lannwit, je l chèch, li ka menm rive pa wè ankò (wè paj 245).

- Timoun ki pa bwè lèt epi ki pa janm al nan solèy ka vin gen janm kanbral, yo ka gen lòt maladi zo (rachitik). Nou ka fè kichòy pou timoun konsa lè nou ba yo lèt ak vitamin D (nap jwenn vitamin sa a nan lwil fwadmori). Men, pi bon jan ki pap koute nou anyen, se pou nou fè timoun lan pase solèy, pou solèy la bat po li.

Moun ki pa manje kont manje ki gen fè, tankou ze, legim vèt, vyann, moun sa yo ka manke san, yo gen anemi (wè p.132)

- Lè yo pa manje fwi, legim ak lòt manje ki chaje ak vitamin (wè p. 251) po bouch yo ka fann, (bòkyè) jansiv yo ka senyen, maladi ka pete sou po yo (wè paj 225).

Pwoblèm sa yo ak kèk lòt ki mare ak koze manje an nap jwenn plis detay sou yo nan chapit sa a ak nan lòt chapit liv sa a.



SOLÈY SE PI BON RENMÈD POU ANPECHE YON TIMOUN VIN RACHITIK OSINON POU TRETE YON TIMOUN RACHITIK.

KI JAN POU NOU MANJE PI BYEN LÈ NOU PA GEN ANPIL LAJAN OSINON ANPIL TÈ



Gen anpil bagay ki lakòz grangou ak malnitrisyon. Yonn nan bagay sa yo se lamizè. Anpil kote sou latè beni, se yon ti ponyen moun ki gen pifò richès ak tè. Yo ka plante jaden fè bèl rekòt tankou rekòt kafe ak tabak, yo vann yo pou yo vin gen plis lajan, men bagay sa yo pa ka ranplase manje. Oubyen, sa ki pa gen yon ti moso tè pou tèt pa yo, ka travay tè yo anfèmen osinon yo pran de mwatye. Men se mèt tè a ki soti ak pifò nan rekòt la. **Pwoblèm grangou nan vant sa a, pwoblèm pa manje byen sa a pap janm ka fin regle toutotan moun pa 'konn separe yonn ak lòt san fè lenjistis.**

Gen anpil bagay yon moun ki pòv ka fè poul manje pi byen san l pa bezwen depanse twòp, epitou lè sa a la gen fòs pou l kanpe pou defann dwa li. Nan paj XV ak XVI nan koze ak ajann sante a, nap jwenn anpil ti bagay yo di nou la a ki ka ede nou manje pi byen.

Nan konsèy sa yo nap wè ki jan nou ka fè pou tè a bay plis rannman, lè nou **chanje plant yo chak lè**, lè nou **fouye kannal nivo**, lè nou fè **irigasyon**. Nou ka fè **basen pwason** tou, **okipe myèl,** fè **bon kolonbye (silo) pou sere rekòt**, ankouraje yo **fè jaden fanmi, sere bon kalite grenn pou fè semans**.

Lè nap gade keksyon manje a an rapò ak tè a, **fòk nou pa bliye yon bout tè ka bay yon kantite moun manje**. Men, si gen twòp moun sou do l, ti rekòt lap bay la pap ka bouche

twou dan tout moun sa yo, sitou si pa gen anpil lòt travay nou ka fè pandan nap okipe tè a. Poutèt sa fòk nou gen valè pitit tè a ka bay manje byen. Se vre, lè nou gen anpil timoun, nou gen anpil bra pou travay. Men sa pa vle di paske nou gen anpil timoun, ti moso tè nou an ap vin pi gwo.

Timoun ki grangou pa travay byen epi anpil ladan yo mouri.

Anpil fwa nou wè yon papa ak manman ki pa gen anpil pitit pi fasil jwenn kont manje pou ba yo. Kalkile sa m di nou an byen. Fè plan pou fanmi nou dapre sa nou genyen. Nan paj XVIII, nap jwenn sa nou te di sou kantite moun yon moso tè ka bay manje. Nan Chapit 20 nou pale sou ki jan pou nou fè plan pou fanmi nou.

Lè pa gen anpil lajan lakay, fòk nou pa gaspiye l. Sa vle di se pou mesyedam yo mete tèt ansanm pou wè sa yap fè. Gen anpil papa pitit kap depanse ti kras lajan yo genyen nan kleren, gwòg, sigarèt, tabak, jwèt aza (bòlèt). Kòb sa a ta ka achte bon manje, yon poul kap bay ze, osinon yon ti bagay an plis pou lasante moun lakay yo. Gason kap chita ansanm pou bwè yo, fòk yon jou yo ta chita ansanm pou yo diskite pwoblèm sa yo, pou yo ka chache yon solisyon pou yo.


Yon lòt bagay ankò, gen manman ki pito achte bonbon, dous, kola pou timoun yo pase yo achte ze, lèt ak lòt manje ki ta pi bon pou yo. Konsa, manman yo ta depanse menm kòb la, men timoun yo ta grandi pi an sante.

SI NOU GEN TI MWAYEN, EPI NOU VLE EDE PITIT NOU GRANDI AN SANTE:
PASE NOU ACHTE SIRÈT, BONBON, OSINON BOUTÈY KOLA POU LI,
PITO NOU ACHTE YON LO ZE BA LI.

NON



WI



Bon manje ki bon mache:

Pifò moun sou latè beni manje anpil manje ki gen lanmidon ladan yo epi yo pa manje kont manje ki gen pwoteyin, vitamin ak mineral ladan yo. Se paske pifò bon manje sa yo koute chè anpil. Bèt yo menm bezwen plis tè patiraj si pou yo bay kantite pwoteyin nou bezwen.

Pifò moun pa ka achte vyann, lèt ak ze pou yo manje. Si nou gade byen, nap wè moun ki pa gen anpil lajan ka jwenn plis pwoteyin ak bon kalite manje si yo **plante osinon si yo achte plant ki gen anpil pwoteyin tankou pwa tout kalite, pistach, nwa, legim vèt, pase pou yo depanse gwo lajan nan achte vyann ak pwason.**

Moun ki jwenn pifò pwoteyin yo nan manje plant, yo kapab gwo nèg, yo kapab an sante.

Tansèlman, fòk nou pa bliye, se yon bon bagay pou nou manje ti gout nan kalite pwoteyin nou jwenn nan bèt tou chak fwa nap manje. Paske menm lè manje plant yo chaje ak pwoteyin yo pa gen tout pwoteyin kò nou bezwen an.


Li pi bon pou nou **manje divès kalite manje plant** pase pou nou rete nan yon grenn osinon de grenn kalite manje. Chak kalite plant bay kò nou yon kalite pwoteyin, vitamin ak mineral. Si de jou nou manje mayi ak pwa, li pi bon pase si nou manje mayi pou kont li yon jou ak pwa pou kont li yon lòt jou. Epi si nou mete yon ti legim osinon yon ti fwi ak li menm, sa pi bon toujou.

Men sa nou ta konseye nou manje pou nou ka gen plis pwoteyin, plis vitamin ak plis mineral san nou pa depanse twòp.



1. Lèt manman. Sa se manje pi bon mache nou ka jwenn pou ti bebe, se pi bon manje nou ka ba li, paske li gen tousa kò timoun lan bezwen. Manman an gen dwa manje anpil manje plant ki gen pwoteyin ladan l, li fè l tounen pi bon manje pou pitit li- lèt manman. Lèt manman non sèlman li bon pou timoun yo li fè nou fè ekonomi !

2. Ze ak poul. Anpil kote ze se manje nou jwenn nan bèt ki koute mwens kòb epi ki gen pi bon kalite pwoteyin. Nou ka mete l ansanm ak lòt manje nou bay tibebe ki pa sa jwenn lèt manman. Nou ka bay timoun ki nan tete ze lè yo koumanse pi gran.







Fanm ansent ki gen maleng leve sou yo, ki soufri dan souke ak lakranp, se kalsyòm yo manke. Yo gen dwa pile po ze melanje nan manje yo.

Poul gen bon kou pwoteyin epi yo pa twò chè, sitou lè yon fanmi gen poul pal lap gade.

3. Fwadi, kè, wonyon ak san. Bagay sa yo gen anpil pwoteyin, vitamin ak fè (ki bon pou moun ki soufri feblès). Pi souvan yo pi bon mache pase lòt kalite vyann yo. Anpil kote, pwason vann pi bon mache pase lòt vyann, men yo gen valè nan koze nitrisyon an.



4. Tout kalite pwa ak lòt legim tankou benzoliv bay pwoteyin, lèfini yo bon mache. Si nou kite grenn pwa yo jèmen anvan nou kwit yo pou nou manje, yo gen plis vitamin toujou. Pou timoun piti, li pi bon pou nou kale pwa a lè li fin byen kwit epi pou nou kraze l fè pire avè l.




Pwa ak lòt legim yo, se pa sèlman bon manje ak pwoteyin yo ye. Men lè nou plante yo, yo refè tè a. Lòt plant nou plante apre nan tè sa a ap pi bèl, yap donnen plis. Sa fè nou wè se yon bagay konsekan (wè paj XV) pou nou pa plante yon sèl kalite plant toutan nan jaden nou.

5. Legim vèt ak fèy vèt pa gen anpil pwoteyin, men yo gen ti gout fè ak anpil vitamin A. Fèy patat, fèy tout kalite pwa, boujon militon, boujon joumou, koupye, zepina, lanmanye, tousa gen anpil valè nan koze manje. Nou ka cheche yo, fè poud ak yo, epi melanje yo ak labouyi nap bay tibebe yo pou mete sou pwoteyin ak vitamin ki nan manje a.



Legim tankou leti ak chou gen yon ti kras pwoteyin ak vitamin. Nan koze manje a, yo pa gen anpil valè.


6. Fèy manyòk dous gen plis pwoteyin ak vitamin pase manyòk la menm. Si nou manje fèy manyòk la, ansanm ak manyòk la, sa ap ban nou yon pi bon manje san nou pa bezwen peye anpil pou sa. Boujon yo pi bon ankò.




7. Mayi chèch. Lè nou moulen de (2) mezi mayi chèch osinon lòt grenn chèch ak yon mezi pwa chèch nenpòt kalite sa ban nou yon manje nou rele AKAMIL. Manje sa a gen vitamin ak pwoteyin ladan l. AKAMIL bon pou evite epi trete malnitrisyon.




8. Diri, ble ak lòt grenn menm fanmi an gen plis valè nan koze bon manje a si nou pa wete pay ki sou yo a lè nap moulen yo. Diri ak ble ki pa twò moulen gen plis vitamin pase diri glase osinon diri machinen.



9. Kwit legim, diri, ak lòt manje nan yon ti kras dlo. Pa kwit yo twòp. Konsa, nap pèdi mwens vitamin ak pwoteyin. Dlo ki kwit yo a bon tou. Nou ka bwè l osinon nou ka fè soup avè l.



10. Anpil grenn bwa chaje ak vitamin C. Gen sik ladan yo tou. Yap ban nou anpil vitamin epi yap mete yon ti diplis sou sa nou manje. (Fè atansyon pou nou pa manje sa ki pa bon, sa ki gen pwazon.)



11. Nan kèk peyi, nou ka jwenn **manje timoun ki tou pare ki pa twò chè.** Yo ka fè yo ak grenn koton, farin bannann, arawout, lèt san grès, osinon pwason chèch. Genyen ki gen pi bon gou pase lòt. Men yo tout pare yon jan pou bay timoun yo bon dòz pwoteyin yo bezwen (Banalakta, Farin Kiskeya, Banana, AKAMIL). Lè nou mete yo nan labouyi osinon nan nenpòt manje nap bay timoun yo, yo fè manje a vin gen plis nanm atout sa pa koute twò chè.




KI KOTE POU NOU JWENN VITAMIN: NAN GRENN RENMÈD, NAN PIKI, NAN SIWO OSINON NAN MANJE?

Depi yon moun manje byen, lap jwenn tout vitamin kò l bezwen. Sa toujou pi bon pou nou manje byen pase pou nap achte grenn vitamin, piki, siwo osinon fòtifyan.

WI **NON**

Si kò nou bezwen vitamin, achte ze ak lòt manje ki pou bay fòs pase pou nou achte grenn renmèd ak piki.





Gen de lè se pa fasil pou nou jwenn manje ki bay fòs. Lè yon moun soufri malnitrisyon, se pou l byen manje mezi li kapab, epi se pou l pran vitamin tou.

Pou pifò moun, vitamin yo ka vale fè menm travay ak piki, yo pi bon mache, lèfini yo gen mwens danje. **Pa pran piki vitamin! Pito nou pran grenn ak siwo vitamin. Men li pi bon toujou lè nou pran vitamin yo nan manje.**

Si nap achte konpoze vitamin nan fanmasi, fòk nou sèten yo gen tout vitamin ak tout mineral nou pa jwenn nan manje ki gen sik ak lanmidon.

Men vitamin ak mineral kò a bezwen:

Nyasin (asid nikotinik)

Vitamin B1 (tiyamin)

Vitamin B2 (riboflavin)

Fè (silfat fè) sitou pou fanm ansent ak moun ki soufri anemi

Gen kèk moun ki bezwen an plis:

Asid folik (folisin) pou fanm ansent

Vitamin A
Vitamin C (asid askòbik) } pou timoun piti
Vitamin D

Vitamin B6 (piridoksin) pou timoun piti ak moun kap pran renmèd pou maladi pwatrin.

Kalsyòm, pou timoun ak fanm nouris ki pa jwenn kont kalsyòm nan manje yo. Nou jwenn kalsyòm nan lèt, nan fwonmaj.

BAGAY POU NOU EGZANTE NAN MANJE NOU


Gen anpil moun ki kwè gen anpil kalite manje kap deranje yo, gen lòt yo kwè se pa pou yo manje yo lè yo malad. Yo di gen manje ki cho, gen manje ki frèt. Yo di moun ki gen maladi cho pa dwe manje manje ki cho, ni moun ki gen maladi frèt pa dwe manje manje ki frèt! Gen lòt ki kwè gen kalite manje ki pa bon pou nouris. Gen lòt ankò ki kwè lè jennmoun ap fòme gen kalite manje yo pa dwe manje pou yo pa siprime. Gen anpil nan koze sa yo ki vre. Men gen ladan yo ki pa vre, paske lè nou gade byen, nou jwenn manje yo di ki pa bon pou tèl maladi, se yo ki pi bon pou kraze maladi a.

Yon moun malad bewzen plis kalite manje kap ede kò li grandi pase yon moun ki gaya. Lè yon moun malad, se pa sitèlman manje ki pa bon pou li pou nou veye pou yo pa ba li, men se pou nou kalkile ki manje li pi bezwen pou l refè, pou l gaya pi vit, tankou fwi, legim, lèt, vyann, ze ak pwason.

Nan pifò ka maladi, menm manje ki bon pou nou lè nou gaya a, se menm manje sa a ki bon pou nou lè nou malad.

Konsa tou, bagay ki pa bon pou nou lè nou gaya, yo kat fwa pi pa bon lè nou malad.

Men bagay pou nou egzante:



- Alkòl bay moun maladi fwa, maladi lestonmak ak maladi nè. Si nou gen maladi sa yo, alkòl la ap fè yo vin pi mal. Lèfini lap ban nou pwoblèm ak moun, met sou li.

- Fimen ka ban nou vye touse sèk ki pa vle geri. Lè nou gen lontan depi nap fimen li ka bann kansè nan poumon ak lòt pwoblèm (wè paj 159). Fimen pa bon menm pou moun ki malad nan poumon yo, tankou maladi touse, opresyon ak bwonchit (souf anlè).

- Manje ki gen twòp grès, ki gen twòp epis cho ladan yo, ak twòp kafe ka ban nou asid ak lòt pwoblèm dijesyon.

- Twòp sik ak twòp bagay dous ka koupe apeti nou, sa ka gate dan nou tou, sa ka ban nou pwoblèm ak kè nou. Li ka antre nan kòz ki bay kansè nan trip. Men tout jan, sik bon paske li bay moun malad ak timoun kap soufri malnitrisyon fòs yo bezwen an.

Gen kèk maladi ki mande pou pa manje tèl osinon tèl kalite manje. Konsa, moun ki soufri tansyon, moun ki gen pwoblèm ak kè yo, moun ki gen pye anfle, fèt pou ralanti sou sèl yo. Si maladi a grav, fòk yo pa pran sèl menm. Tout jan, twòp sèl pa bon pou pèsonn. Moun ki soufri asid ak moun kap fè dyabèt pa ka manje tout bagay (wè p.134, 135).



PI BON KALITE MANJE POU TIMOUN PITI

DEPI YO FÈT RIVE 4 A 6 MWA:

Pa gen lòt manje pase lèt manman sèlman ki pi bon pou timoun anvan yo gen 4 mwa.

Lèt manman pi bon, li pi pwòp pase tout lòt manje pou ti bebe. Li pi bon pase tout manje tibebe nou ka achte. Si nou ba l lèt manman ase pandan 4 a 6 mwa yo, sa ap ede pitit la pou l pa gen dyare ak anpil lòt kalite enfeksyon.

Si manman pa gen kont lèt:

- Se pou manman an bwè anpil dlo ak lòt likid. Plis li bwè, plis lap gen lèt.

- Se pou manman an manje pi byen. Manje ki gen pwoteyin ak vitamin tankou pwa, fèy vèt ak legim, vyann, lèt, fwomaj ak ze. Bagay sa yo ap ede l gen plis lèt pou l bay pitit li.

Si manman an pa gen lèt menm:

- Fè li bwè anpil likid, fè l manje pi byen. Kite pitit la tete tanzantan. Gen defwa sa kont pou fè lèt la moute.

- Si sa pa mache, bay pitit la lòt kalite lèt tankou lèt bèf, lèt kabrit, lèt evapore osinon lèt an poud. Men pa ba l lèt kondanse. Nou ka mete yon ti sik nan lèt nap bay pitit la.

Atansyon: Nenpòt ki kalite lèt nou sèvi se pou nou mete yon ti dlo bouyi ladan l. Men de (2) jan nou ka fè l:

No. 1

2 mezi lèt bèf
1 mezi dlo bouyi
1 ti kiyè sik



No. 2

2 mezi lèt evapore
3 mezi dlo bouyi
1 ti kiyè sik



Si nou sèvi ak lèt an poud ki san grès, se pou nou mete yon gwo kiyè lwil ladan l.

- Toujou bouyi ni dlo, ni lèt nap bay timoun yo. **Li pi bon lè nou bay timoun yo manje nan gode ak kiyè pase pou nou sèvi ak bibwon.** Lave bibwon ak tetin, lèfini kenbe yo pwòp, se pa bagay fasil. Sa lakòz anpil enfeksyon ak dyare (wè p.165). Si nou blije sèvi ak bibwon, se pou nou bouyi ni tetin lan, ni bibwon an chak fwa anvan nou bay pitit la manje ladan yo.

- Si pa gen kont kòb pou achte lèt pou pitit la, fè labouyi ak farin diri, farin mayi osinon ak pitimi, farin bannann ak tout lòt grenn. Fòk nou toujou mete yon ti pwa kraze, ze, vyann, poul ak lòt pwoteyin. Se pou nou kraze yo byen kraze pou timoun yo ka vale yo byen.

***ATANSYON:* Farin mayi ak dlo diri pa gen kont vitamin pou nou ta bay timoun sa ase pou yo manje. Lè konsa yo pap grandi byen, yap mache ta, yo pap pale lè pou yo ta pale a. Yap malad fasil epi yo ka menm rive mouri. TIBEBE FÈT POU MANJE MANJE KI GEN PWOTEYIN LADAN L.**

SOTI 4 MWA RIVE 1 AN :

1. Toujou bay tibebe a tete. Si nou kapab, ba l tete jouk li gen dezan (2).

2. Lè pitit la gen 4 mwa, 6 mwa, koumanse ba l lòt manje tou. Se pou manje a byen kwit epi fòk li byen kraze. Pou nou bay timoun yo manje ki bon pou yo epi ki pa twò chè, fòk nou pran yonn nan chak gwoup sa yo, epi mete yo ansanm.

Pwoteyin nou jwenn nan bèt	**Pwoteyin nou jwenn nan plant**	**Lanmidon (ldrat kabòn)**	**Grès**
lèt bouyi	pwa tout kalite	farin mayi, diri, ble	nenpòt lwil kwizin
osinon poud lèt	pistach	osinon avwàn	nou jwenn nan
ze	nwa	ponmtè kwit	peyi a
vyann, poul	legim vèt	vèmisèl	
fwonmaj	fèy vèt	makawoni	
pwason		joumou	
chevrèt			

Men de jan nou ka pare yon bon manje balanse pou timoun.

1e manje

4 kiyè farin mayi
1 kiyè pwa kwit kraze
1 kiyè poud lèt
1/2 kiyè lwil kwizin

2èm manje

4 kiyè diri kwit
2 kiyè pwatann kwit
1 ze bouyi
1/2 kiyè lwil kwizin

Timoun ki depase 4 mwa, 6 mwa dwe bwè ji, manje fwi ki gen vitamin tankou zoranj, tomat, papay, melon, fig mi, mango kwit. Fèy vèt bay anpil vitamin. Se pou yo byen kwit epi kraze yo byen kraze.

Timoun ki poko gen ennan fèt pou yo manje 5 fwa chak jou epi se pou tanzantan yo pran yon ti goute.

Atansyon: Se lè timoun lan gen 6 mwa pou rive 1 an, li pi vit soufri malnitrisyon. Si nou wè yo blenm blenm, mèg, ak yon gwo vant, pye anfle ak figi anfle, si yo gen bouton kap pete sou kò yo, si yo manje tè, si yo pa grandi ni yo pa pran pèz yo dwe, **se pou yo manje pi byen:**



Pou timoun laj sa a ka gen lasante se pou nou:

TOUJOU BA YO TETE,
BA YO LÒT MANJE BALANSE TOU,
BOUYI DLO NOU BA YO BWÈ A
EPI KENBE TIMOUN YO
AK KOTE YO RETE A PWÒP.

DEPI TIMOUN YO GEN ENNAN:


Apre yon timoun gen ennan, li ka manje menm manje ak granmoun, men se pou yo bwè lèt toutotan yo kapab.

Eseye bay timoun yo manje ki gen anpil pwoteyin, vitamin, fè ak mineral (tankou nan paj 116 ak paj 117) chak jou, pou yo ka grandi anfòm ak an sante.

Timoun ak sirèt: Pa bay timoun piti abitid manje sirèt ak dous, osinon bwè anpil kola. Lè yo manje twòp sirèt, yo pa anvi manje lòt manje ki pi bon pou yo. Lèfini sirèt ak dous gate dan yo tou.

Tansèlman, lè pa gen anpil bon kalite manje pou bay timoun yo, sa bon pou nou mete yon ti sik ak yon ti lwil ki fèt ak grenn bwa nan lèt osinon nan lòt manje nou ba yo. Sa ka ede yo pwofite pi plis pwoteyin yo jwenn nan sa yap manje a.

PI BON KALITE MANJE POU TIMOUN PITI



MOVE LIDE SOU KOZE MANJE A

1. Sa pou manman pitit manje lè yo ti nouris.

Anpil kote yo di gen kalite manje yon fanm ki ti nouris pa dwe manje. Lè konsa yo defann ti nouris yo manje manje yo pi bezwen, epi sa yo kite pou yo manje, se mayi moulen, makawoni, soup diri, bagay kap fè fanm sa yo vin fèb, tonbe anemi. Sa ka menm lakòz yo mouri, paske kò yo pap gen fòs pou goumen ak emoraji ak enfeksyon.


Apre li fin akouche, yon ti nouris bezwen manje pi bon kalite manje li ka jwenn.

Pou kò li ka goumen ak emoraji ak enfeksyon, pou li ka gen kont lèt pou pitit li a, yon ti nouris dwe manje anpil manje ki bati kò tankou pwa, ze, poul, lèt ak tousa li ka fè avèk lèt, vyann, pwason, fwi, ak legim. Nanpwen yonn ladan yo ki pa bon pou li, yo tout ap ba l plis lasante.

Men yon manman ki te manje anpil bon manje ki bay fòs apre li fin akouche:



La a menm se tonm yon manman ki te pè manje ki bay fòs, apre li fin akouche:



2. Se pa vre lè yo di moun ki gen grip, kap touse epi ki gen nen yo bouche pa dwe manje zoranj, gwayav ak lòt fwi, pase sa pa bon pou yo. Lè nou gade byen, fwi tankou zoranj ak tomat chaje ak vitamin C epi se vitamin sa a ki ka ede kò a goumen ak grip osinon ak lòt enfeksyon.

3. Se pa vre lè yo di nou pa ka manje kèk manje tankou vyann kochon, epis, gwayav lè nap pran medikaman. Se lè yon moun malad nan lestonmak li, anba kè l, ak lòt kote nan kannal dijesyon li pou li pa manje grès ak epis. Si yo manje bagay sa yo, yap vin pi mal. Yo te mèt ap pran medikaman, yo te mèt pap pran, se menm bagay.

PWOBLÈM LASANTE KI GEN RAPÒ AK SA MOUN MANJE

Gen kèk maladi se nan manje nou jwenn pi bon jan pou nou evite yo osinon pou nou soti anba yo. Men de twa nan maladi sa yo:

ANEMI (MANKE SAN, FEBLÈS)

Lè yon moun fè anemi san li vin klè. Nou konnen se toutan kò a ap fè san, men lè yon moun rive pèdi anpil san, osinon lè maladi a sitèlman souse san li, kò a pa ka fè kantite

san ki pou koresponn ak san li pèdi a. Li ka pèdi san lè li gen gwo blese, lè li gen ilsè kap senyen, osinon gwo dyare ki pa vle rete. Sa ka ba li anemi. Konsa tou, lè yon fanm gen lalin li, si li pa manje manje kò l bezwen yo, sa ka fè l soufri feblès tou.

Si yon moun pa manje kont vyann, kont legim, kont fèy vèt li ak kont lòt manje ki gen fè ladan yo, sa ka ba li anemi epi si li soufri sa deja, sa ka fè li vin pi mal.

Timoun ki pa manje manje ki gen fè ap soufri anemi. Yon timoun depi li gen 6 mwa, si se lèt ase nou ba li, li te mèt lèt manman osinon lèt nan bibwon, si nou pa koumanse ba li lòt kalite manje ansanm ak lèt la, li ka fè anemi. Bagay ki bay anpil timoun anemi malouk, se yon kalite ti vè (wè paj 151), se dyare ki pa janm rete ak gwo dyare ak san.

Lafyèv palidis (malarya) se yon maladi ki souse globil wouj nan san moun anpil. Li ka lakòz moun lan vin soufri feblès tou.

Men kèk siy kap fè nou wè yon moun ap soufri anemi (feblès, manke san):



- Po li blenm blenm
- Anndan po je l blanch
- Jansiv li blanch
- Zong li blanch
- Li fèb, li toujou bouke
- Si anemi an fò sou li, figi l ak pye l yo ka anfle, kè li bat pi vit, li menm ka gen souf kout.
- Timoun ak fanm ki renmen tè gen anpil chans pou yo soufri anemi.

Pou evite feblès anemi antre sou nou epi pou nou swen moun ki genyen li:

- **Manje manje ki gen fè.** Vyann, pwason, poul, ze gen anpil fè. Fwadi chaje ak fè. Fèy vèt, legim vèt, ak tout kalite pwa gen fè tou.

Si li pa fasil pou nou jwenn manje ki gen fè, osinon si anemi an grav anpil, fòk moun lan pran grenn fanmasi ki gen fè (Gade nan paj 433). Se yon bagay ki konsekan anpil pou fanm ansent ki soufri anemi. Pou pifò ka anemi, renmèd fè pi bon pase ekstrè fwa osinon vitamin B 12. Tout jan **li pi bon pou vale renmèd fè pase pou pran piki,** paske piki fè gen danje ladan l. Se yon kouto de bò.

- Si se dyare ak san, vè, lafyèv malarya, osinon lòt maladi ki lakòz anemi an, fòk nou pran renmèd pou lòt maladi sa yo tou.

- Si anemi an grav, epi kò moun lan pa vle gaya, chache wè doktè. Sa konsekan anpil pou fanm ansent.

Anpil fanm fè anemi, pi souvan se paske yo pa manje kont manje ki gen fè pou ranplase san yo pèdi lè yo gen lalin yo osinon lè yap akouche. Konsa tou, lè yon fanm soufri ak feblès

li pi fasil pèdi pitit la osinon fè gwo emoraji lè lap akouche. Poutèt sa li enpòtan anpil pou fanm manje pwa, legim vèt, vyann, poul ak ze mezi yo kapab, sitou lè yo ansent. Lè yon fanm rete 2 osinon 3 zan anvan li fè yon lòt pitit, sa pèmèt li pran fòs ankò epi li refè san l. (wè Chapit 20). Pou evite fanm ansent yo gen anemi, ba yo yon grenn silfat fè ak asid folik chak jou pandan gwosès la.


Nap jwenn renmèd fèy pou anemi (feblès) nan paj 374.

TANSYON

Tansyon ka lakòz anpil pwoblèm tankou pwoblèm kè, maladi ren, endispozisyon. Moun ki gra pi pote pou yo fè tansyon.

Men kèk siy kap fè nou wè yon moun ap fè tansyon:

- Li toutan ap soufri maltèt
- Chak fwa li fè yon ti mouvman ak kò l, kè l ap bat, souf li kout.
- Li santi feblès epi tèt li ap vire.
- Zepòl gòch li ak lestonmak li fè l mal tanzantan.



Gen lòt maladi ki ka bay pwoblèm sa yo tou. Se poutèt sa, si yon moun sispèk li fè tansyon, fòk li ale nan yon sant osinon lopital pou yo pran tansyon li pou li.

Jan pou nou evite tansyon antre sou nou epi jan pou nou kontwole li:

- Moun ki twò gwo dwe pèdi pwa (wè paj apre sa a)


- Evite manje manje ki gen anpil grès, tankou vyann kochon ak manje ki gen anpil sik ak lanmidon ladan yo. Se pou nou sèvi ak lwil plant pito pase lwil kochon.

- Se pou nou kwit manje nou san sèl osinon batize l ak yon ti sèl.

- Lè tansyon an moute wo, moun nan sant yo (ajann sante yo) ka ban nou renmèd pou fè l desann. Anpil moun ka fè tansyon yo desann si yo pèdi pwa lè yo gwo anpil (wè paj apre sa a) epi tou lè yo aprann pa kite pwoblèm lavi travay tèt yo twòp.

Nap jwenn renmèd fèy ki bon pou tansyon nan paj 379.

MOUN KI GRA



Lè yon moun twò gra, sa pa bon pou lasante l. Twòp grès ka ban nou tansyon. Li ka ban nou maladi kè, kriz, pyè nan ren, dyabèt, doulè nan jwenti pye ak nan janm, ak lòt pwoblèm.

Men ki jan yon moun ki twò gra ka pèdi pwa:

- Pa manje grès, ni manje ki gen grès.
- Pa manje sik ni bagay ki sikre.
- Bay kò nou plis mouvman.
- **Pa manje twòp** manje ki gen lanmidon tankou mayi, pen, ponmtè, diri, vèmisèl ak makawoni, manyòk, elatriye. Moun ki gra pa dwe manje plis pase yon ti moso pen, osinon yon kasav ki piti, lè yap manje. Men yo ka manje plis fwi, plis legim ak vyann mèg.

Pou pèdi pèz, manje mwatye sa nou manje koulye a.

MALADI SIK (DYABÈT)

Moun ki gen maladi sik se moun ki gen twòp sik nan kò yo.

Kèk siy ki moutre yon moun ap fè sik:

- toutan li bezwen bwè dlo
- li pipi tanzantan epi li pipi anpil
- li toujou bouke san li pa konnen pouki
- gratèl ak lòt maladi po ki pa geri fasil

Nan ka grav: (Lè sik la fò sou li)

- li pèdi pwa
- pye l ak men l angoudi osinon yo fè l mal
- blese nan pye ki pa geri
- endispozisyon

Gen lòt maladi tou ki ka ban nou siy sa yo. Pou nou ka sèten se sik moun lan ap fè vre, se pou nou wè si pa gen sik nan pipi li. Yon jan pou nou wè sa, se pou nou veye si foumi pa vin nan pipi moun nan.

Men yon lòt jan tou nou ka wè sa. Nou pran yon papye espesyal ki fèt pou sa, nou tranpe l nan pipi moun lan. Si papye a chanje koule lè nou mete l nan pipi a, nou mèt sèten pipi a gen sik ladan l.

Lè yon moun fè sik apre li gen karantan, se pa tèlman renmèd pou l pran pou l kontwole sik li, se veye pou l veye sa lap manje. **Manje moun ki fè sik se bagay ki konsekan anpil. Se pou l swiv rejim lan chak jou jouk li mouri.**

Dyèt pou moun ki fè sik:


Moun gra ki fè sik dwe pèdi pèz jouk yo rive gen pwa yo dwe genyen an. **Moun ki fè sik pa dwe manje ni sik, ni bagay dous.** Se pou yo manje manje ki chaje ak pwoteyin (ze, pwason, pwa, legim ak fèy vèt, nwa, vyann mèg, eks.) epi manje ki pa gen anpil lanmidon ladan yo.

Gen kèk moun lè yo fè sik, sitou jennmoun yo, yo bezwen pran renmèd tankou ensilin pou desann sik la.

ILSÈ LESTONMAK, LESTONMAK BOULE AK ASID

Nou pi fasil soufri asid ak lestonmak boule, lè nou manje manje ki lou, manje ki gen twòp grès osinon lè nou bwè twòp alkòl. Bagay sa yo fè lestonmak nou fè twòp asid depase sa nou bezwen epi se sa ki fè nou santi nou pa alèz: lestonmak nou ak anba kè nou ap boule nou. Gen kèk moun lè yo santi kalite doulè sa a nan lestonmak yo, yo kwè se kè yo ki malad, yo pa konprann se endijesyon yap fè.

Yon ilsè



se lè asid la twòp nan lestomak la osinon anndan ti trip la.

Lè yon moun toutan ap fè asid, osinon asid la chita sou lestonmak li, li sou wout gen ilsè.

Yon ilsè se lè asid la twòp nan lestonmak lan, li dekale panno anndan lestonmak la osinon anndan ti trip la. Epi kote ki dekale a pa ka geri. Konsa, moun lan santi yon doulè nan kre lestonmak li kap manje l. Chak jou lap vin pi mal. Chak fwa li fèk fin manje ak lè li bwè lèt, doulè a ka ba li kanpo. Men dezè, twazèdtan konsa apre li fin manje, doulè a koumanse fè li mal ankò. Si moun lan pat manje lè pou l te manje, osinon si li te bwè alkòl, osinon si li te manje manje ki gen grès ak twòp epis ladan l, doulè yo ap pi rèd sou li. Lannwit menm doulè yo pap lage l menm.

Si ka a grav, moun nan ka vonmi, li ka menm rive vonmi san tou. Poupou l ka nwa kou goudwon.

Jan pou evite maladi a ak jan pou nou geri l.

- Se pou nou manje manje kap geri ilsè a. Evite manje kap fè nou pi malad.

Sa ki geri ilsè:	**Sa ki pa fè anyen:**	**Sa ki fè nou vin pi malad:**
lèt bouyi	ze bouyi	bweson,
fwonmaj	osinon ze poche	kafe,
krèm lèt	biswit sèk	sigarèt,
avwàn	soup vèmisèl	epis ak pwav,
bannann	ponmtè bouyi	tout kalite kola,
	joumou	manje ki gen grès
	fig mi	

- Lèt se yonn nan pi bon renmèd pou ilsè lestonmak ak asid. Si ilsè a grav, bwè yon vè lèt chak èdtan pou de twa premye jou yo, epi se senk kalite manje kap geri ilsè a pou nou manje. Apre kèk jou, lè doulè a fè yon ti lage nou, nou ka manje manje nan lis sa ki pap fè anyen sou maladi a. Pi bon bagay pou nou fè pandan kèk mwa apre sa, se pou nou bwè lèt chak fwa nap manje, 3 fwa pa jou epi pou nou pran 3 lòt vè lèt, yonn vè dizè (10) nan maten, yon lòt lapremidi vè katrè epi dènye a anvan na l dòmi aswè. Sa fè antou 6 fwa pa jou.

- Gen kèk renmèd pou asid tankou lèt mayezi, mayezi ak idwoksid aliminyòm (p. 423) ki bon pou kraze asid nan lestonmak la epi ki ka ede ilsè a geri. Lè doulè a fò, nenpòt anti-espasmodik ki ka enpoze lestonmak la bat ka ede anpil (wè p. 423). Bay timoun yo idwoksid aliminyòm lan pandan twa jou: timoun senkan rive kenzan mwatye yon grenn; timoun kenzan osinon plis: yon grenn.

- Apre ilsè a fin geri, se pou moun lan evite manje kalite manje ki pa bon pou moun ki soufri ilsè, paske manje sa yo, ka lakòz ilsè a tounen. Se pou li toujou pran ti renmèd pou asid ak ti lèt chak lè li pral dòmi.

DE MESYE SA YO TE GEN ILSÈ LESTONMAK

Nèg sa a manje kalite manje sa yo :



li vin gaya

Nèg sa a fimen, li bwè,li manje kalite manje sa yo:



li vin pi mal

Ilsè se yon maladi moun fèt pou kwape bonè. Si nou pa fè sa, li gen danje ladan l. Li ka fè nou senyen, li ka bay enfeksyon nan vant. Ilsè a toujou bay kanpo si malad la veye tèt li byen pou l manje ak bwè sa ki bon pou li sèlman. Kòlè, move san anndan, tansyon, bagay sa yo fè ilsè a vin pi mal. Se pou nou aprann pran san nou, mete dlo nan diven nou, sa va ede nou anpil. Pa bliye se pou nou toujou veye pou ilsè a pa tounen sou nou ankò.

Sa ki pi bon, **se evite gen ilsè. Pou sa, se pou nou manje byen, pa bwè twòp alkòl, epi pa fimen.**

Nap jwenn renmèd fèy pou ilsè nan trip nan paj 375.

KONSTIPASYON (sere)

Yon moun ki ale di osinon ki pase 2 jou pou pi piti san ale, olye nou di li konstipe, li sere, pi souvan, se paske li pa manje sa pou li manje tankou fwi, legim vèt, osinon manje ki gen ma ak fil, osinon paske li pa bay kò li mouvman.

Si nou bwè plis dlo, si nou manje plis fwi, legim vèt ak manje ki gen ma ak fil tankou kasav ak pay ble, se pi bon metsin nou ka pran. Granmoun yo menm ta bezwen fè ti mache epi fè egzèsis pou ede yo ale nan latrin san pwoblèm.

Si yon moun gen 3 jou pou pi piti depi li pa poupou, si li pa gen gwo doulè anba tivant li, li ka bwè yon metsin chokola tankou ekslaks osinon lèt mayezi. **Men pa pran metsin twò dri.**

Pa janm pran gwo metsin ak lòk si nou gen doulè nan lestonmak nou.

Nap jwenn renmèd fèy pou konstipasyon nan Chapit 24 la (paj 378).

GWO KOU (GWAT)

Lè yon moun gen gwo kou, se yon glann yo rele tiwoyid ki mal devlope.

Pi souvan se lè nou manke yon bagay yo rele yòd nan manje nou ki ban nou gwo kou. Lè yon fanm ansent manke yòd, sa konn fè pitit la mouri osinon pitit la lou, li ka soudè (petevi p. 352). Sa ka rive menm si manman an pa gen gwo kou.

Sa pou nou fè pou evite ak pou trete maladi gwo kou a, epi pou timoun yo pa soti petevi:

Tout moun ki rete kote gen anpil moun ki gen gwo kou dwe sèvi ak **sèl ki gen yòd** ladan. Lè nou sèvi ak kalite sèl sa a, sa va anpeche nou gen maladi gwo kou a epi lap ede moun ki gen gwo kou a geri. (Gwo kou ki la depi lontan, ki di, se operasyon ase ki ka wete l. Men se pa toujou yon moun blije fè sa.)

Si nou pa ka jwenn sèl ki gen yòd ladan li, sèvi ak yon ti tentidyòd. Mete yon (1) gout nan yon vè dlo osinon nan yon vè lèt.

ATANSYON! Tentidyòd gen gwo danje ladan l. Bwè yon (1) gout sèlman chak jou. Epi mete boutèy la yon kote timoun pa ka jwenn li. Se poutèt sa li pi bon si nou sèvi ak sèl ki gen yòd ladan l.

Pifò renmèd fèy pou moun ki gen gwo kou, pa prèske fè anyen pou yo. Men si nou manje krab ak lòt bèt lanmè sa ka fè kichòy pou nou paske yo gen yòd ladan yo. Gen yon kalite ti zèb lanmè nou ka mete nan manje nou ki ka bay yon ti yòd tou. Tout jan, li pi bon si nou sèvi ak sèl ki gen yòd ladan l.

SA POU NOU FÈ POU NOU PA GEN GWO KOU

PA JANM
manje sèl san yòd ladan l.



SÈL KI GEN YÒD
vann pi chè
pase lòt la, men li pi
bon pou lasante.

TOUJOU
manje sèl ki gen yòd.



Atansyon: Si yon moun ki gen gwo kou ap tranble anpil, si li nève fasil, si je li koumanse ap soti, sa kapab yon lòt kalite gwo kou, se pou l chache wè doktè.

CHAPIT 12 KI JAN POU NOU ANPECHE ANPIL MALADI VIN SOU NOU

Evite miyò pase mande padon. Si nou tout nou fè atansyon pou nou **manje byen**, pou **kenbe kò nou, kay nou ak katye nou pwòp** epi pou **timoun yo pran vaksen yo**, sa va anpeche anpil maladi vin sou nou.


PWÒPTE - AK PWOBLÈM MOUN GENYEN LÈ YO MANKE PWÒPTE.

Pwòpte se bagay ki konsekan anpil pou anpeche anpil kalite enfeksyon nan vant, sou po, nan je, nan poumon, nan tout kò nou. Pwòpte kò nou ak pwòpte kote nap viv la, se de bagay ki konsekan anpil.

Anpil enfeksyon moun trape nan vant, yo soti sou yon moun al sou yon lòt, paske moun yo pa kenbe kò yo pwòp epi yo pa pwòpte kote yap viv la. Lè yon moun malad, se yon bann ak yon kantite jèm maladi ak ***vè*** **(osinon *ze vè*)** li rann nan poupou li, jèm sa yo ak vè yo menm pase sot nan poupou malad la, yo rive nan bouch lòt moun. Kouman? Ak dwèt sal, nan dlo ak nan manje ki ***kontaminen***. Men kèk maladi ki ***soti nan poupou moun malad, pou yo pase nan bouch lòt moun:***

- Vè nan trip (anpil kalite)
- Vant mennen ak gwo dyare ak san (se vè amib ak lòt ti jèm ki bay sa)
- Maladi fwa ak lafyèv tifoyid

Gen lòt maladi tankou polyo ki ka pase konsa sot nan yon moun al nan yon lòt.



Yon moun ki gen yonn nan maladi sa yo ka pase dirèk bay yon lòt moun. Se konsa, ann pran yon timoun ki gen vè epi ki bliye lave men l apre li fin poupou. Li fè yon lòt timoun kado yon ti bonbon ak men li tou sal. Dwèt li yo te gen kras poupou, yo te kouvri ak yon bann ti ze tou piti piti nou pa ka wè ak je nou. Gen kèk nan ze yo ki al kole sou ti bonbon an. Lè lòt kamarad lan manje bonbon an, li vale ze yo anmenmtan tou.


Anvan nou bat je nou lòt pitit la vin gen vè. Manman li ka di se paske li manje dous ak bonbon, men se pa vre. Se paske li manje poupou!

Anpil lè, se kochon, chen, poul ak lòt bèt ki rive gaye jèm maladi ak ze ki nan poupou moun. Men yon ka:


Yon moun ki gen dyare, osinon vè al poupou dèyè kay li.



Yon kochon vin manje poupou a , djòl li ak pye li yo pran nan poupou a.



Kochon sa a antre nan kay la.



Nan kay sa a, yon timoun ap woule kò l atè a. Konsa yon ti kras poupou moun malad la vin kole sou li.




Pita , pitit la pran kriye. Manman an pran l nan bra li.




Pita manman an al fè manje ak men li tou sal, li bliye lave men li. Li mete sou tab.



Tout kò fanmi an manje manje a.



Anvan nou bat je nou, tout kò fanmi an gen dyare.



Tankou ze vè, anpil kalite enfeksyon, se jan nou sot wè a yon moun pase li bay yon lòt.

Si moun nan fanmi an te **pran prekosyon** tankou:

- al nan latrin osinon kouvri poupou yo,
- pa kite kochon antre nan kay la,
- pa kite timoun lan jwe kote kochon an te ye a,
- si manman an te lave men li apre li te fin kenbe pitit la, anvan li koumanse fè manje a, tousa pa ta rive, maladi a pa ta gaye konsa.


Si nan bouk nou an, anpil moun gen dyare, vè, ak lòt parazit nan trip, se paske nou pa fè atansyon ase sou koze pwòpte a. Si dyare touye anpil timoun, nou te mèt konnen se paske yo manke kalite manje pou yo te manje. **Pou nou anpeche dyare touye moun, gen 2 bagay ki konsekan anpil: se pwòpte ak bon kalite manje** (wè p.164 ak Chapit 11).

KONSÈY POU NOU SWIV SI NOU VLE GEN PWÒPTE

PRENSIP PWÒPTE KÒ NOU:




1- Se pou nou toujou lave men nou ak savon, lè nou leve nan maten, lè nou soti fè poupou epi anvan nou manje.



2. Se pou nou benyen dri. Lè fè cho, se chak jou pou nou fè l. Benyen apre nou fin travay ak apre nou swe. Lè nou benyen dri, sa anpeche nou pran maladi po, kap nan tèt, bouton nan figi, gratèl, chofi. Tout moun malad, tibebe kou granmoun te dwe benyen chak jou.


3- Kote ki gen vè ankilostòm, pa mache pye atè, pa kite timoun mache pye atè tou. Maladi vè sa a lakòz timoun tonbe anemi. Kalite vè sa a se nan pla pye nou li pase pou antre nan kò nou (wè p. 151).



4- Bwose dan nou chak fwa nou fin manje bagay ki dous. Si nou pa gen bwòs dan ak pat dantifris, fwote dan nou ak yon ti sèl melanje ak bikabonat (wè p 248).




PRENSIP PWÒPTE NAN KAY



1- Pa kite kochon antre nan kay la, ni pa kite l ale kote timoun ap jwe.

2- Pa kite chen niche timoun yo, ni moute sou kabann. Chen tou konn bay maladi.





3- Si timoun osinon bèt fè poupou pre kay la netwaye atè a lapoula. Moutre timoun yo al nan latrin osinon ale lwen dèyè kay la.



4- Pase dra ak lenn nan solèy tanzantan. Si kabann lan gen pinèz, flite li, vide dlo cho sou li epi lave tout dra, tout lenn menm jou a.


5- Wete pou nan tèt tout moun nan kay la (wè p. 217). Pou ak pis pote anpil maladi bay moun. Chen ak lòt bèt ki konn gen pis pate dwe antre nan kay la.






6- Pa krache atè. Krache ka chaje ak maladi. Lè nou touse, lè nou estènye, kouvri bouch nou ak men nou osinon ak yon twal osinon ak yon mouchwa.


7- Netwaye kay la dri. Bale, epi lave atè a, panno kay yo, anba kabann ak anba lòt mèb, kote ravèt, pinèz ak eskòpyon renmen kache.



PWÒPTE NAN SA NAP MANJE AK NAN SA NAP BWÈ:

1-Li ta bon si tout moun ta ka bwè bon dlo ase, kit se bon dlo sous pwòp, kit se dlo ki pase filt osinon dlo bouyi. Men, bon dlo pwòp se bagay ki toujou konsekan anpil pou timoun piti ak lè gen epidemi dyare ak gwo dyare san, osinon lè nou tande lafyèv tifoyid ak lajonis deyò. Dlo nou pran nan twou bò larivyè, menm si nou wè l pwòp, pa fye l. Li ka bannou maladi si nou pa bouyi l anvan nou sèvi ak li.






2- Pa kite mouch, ravèt ak lòt ti bèt poze osinon mache sou manje. Bèt sa yo gen salte ak jèm maladi kole sou tout kò yo. Pa kite kras manje ak veso sal trennen nan kay la, paske yo rale mouch, yo ka tounen yon nich ze ak jèm maladi. Toujou kouvri manje nou osinon sere yo nan bwat osinon nan yon bon gadmanje ki gen til.

3- Anvan nou manje fwi ki tonbe atè, se pou nou lave yo byen lave. Pa kite timoun ranmase fwi ki tonbe atè pou yo manje. Se pou nou lave yo anvan.





4- Manje vyann ki byen kwit. Lè nap manje vyann griye, sitou vyann kochon, fè atansyon pou anndan vyann lan byen kwit tou. Vyann kri osinon vyann ki manke kwit gen anpil ze vè ladan yo.


5- Pa manje manje kwit ki sere la twò lontan,osinon ki gen sant. Se ka yon pwazon. Pa manje manje nan bwat konsèv si nou wè bwat la gonfle lè nou louvri li osinon si li pise dlo osinon si li gen move sant. Fè atansyon anpil ak pwason ki nan bwat konsèv.






6- Moun ki pwatrinè ki pa trete, ki gen move grip, osinon lòt maladi atrapan dwe manje apa. Asyèt, veso ak ajantri moun malad yo ap sèvi, fèt pou bouyi anvan lòt moun sèvi ak yo.

KI JAN POU NOU PWOTEJE LASANTE TIMOUN YO




1- Yon timoun malad dwe dòmi pou kont li.



Se pa pou li ansanm ak lòt ki pa malad yo. Timoun malad osinon timoun ki gen bouton, gratèl, pou, se pou yo toujou domi apa, separe ak timoun ki pa malad yo. Timoun ki gen maladi atrapan tankou koklich, lawoujòl osinon move grip, se pou yo dòmi nan yon chanm apa, si nou kapab. Fòk nou pa kite timoun malad yo pwoche menm kote tibebe ak timoun piti.



2- Fòk nou pwoteje timoun nou yo pou yo pa gen tibèkiloz. Moun ki gen move grip kap donnen sou yo osinon moun nou sispèk ki gen tibèkiloz se pou yo kouvri bouch yo chak fwa yap touse, se pou yo **pa janm** dòmi nan menm chanm ak timoun. Se pou yo prese wè yon doktè. Timoun ki rete ak yon moun ki gen tibèkiloz dwe pran vaksen kont tibèkiloz (vaksen BCG).




3- Benyen timoun yo, chanje rad yo, koupe zong yo tanzantan. Jèm ak ze vè renmen al kache anba zong timoun yo.

4- Prese okipe timoun ki gen enfeksyon osinon maladi atrapan pou lòt timoun yo pa pran li tou.



5- Se pou nou swiv prensip pwòpte nou te pale nan koumansman chapit la. Se pou nou moutre timoun yo tout prensip pwòpte sa yo tou epi pou nou esplike yo poukisa yo konsekan. Ankouraje timoun yo bay kout men nan tout travay nap fè lakay nou, nan lakou nou osinon nan katye nou yo, pou kote nap viv la vin pwòp.



6- **Se pou nou sèten timoun yo manje kont bon kalite manje** yo bezwen pou pwoteje kò yo, pou yo pa pran enfeksyon fasil. Yon timoun ki byen manje gen plis chans pase yon timoun ki mal manje pou l pa pran enfeksyon, osinon pou l soti anba yon enfeksyon (wè Chapit 11).

PWÒPTE KOTE NAP VIV LA

1- Se pou nou kenbe pi, twou ak sous kote tout moun pran dlo yo pwòp. Pa kite bèt pwoche bò kote nou pran dlo pou nou bwè. Sak ta pi bon, se pou nou sèke l ak yon lantouray pou bèt pa pwoche.

Piga nou poupou (chye) osinon jete fatra bò kote nou pran dlo. Lè se dlo larivyè nou pran, se pou nou kenbe tout bò anwo kote nou pran dlo nan larivyè a pwòp.

2- Boule tout fatra ki ka boule. Fatra nou pa ka boule, se pou nou fouye twou pou nou mete yo. Fòk twou a pa twò pre kay la, ni twò pre kote nou pran dlo a.

3- Fè latrin (watè, komòd) pou kochon ak lòt bèt pa al jwe nan poupou moun. Fouye yon twou byen fon, mete yon ti kay sou li, epi nou bon.



Men plan yon latrin ki fasil pou fèt.

Li bon pou nou lage yon ti lacho, yon ti tè osinon yon ti sann nan twou a apre nou fin poupou, pou sant la pa moute nan nen nou ak pou anpeche mouch vole sou li.

Fòk gen yon distans 20 m pou pi piti ant latrin lan ak kay kote nou rete a osinon ak kote nou pran dlo a.

Si nou pa gen latrin, fòk nou pa fè bezwen nou tou pre kote moun benyen osinon kote nou pran dlo pou bwè. Moutre timoun yo fè menm bagay la tou.

Lè nou sèvi ak latrin, sa ede nou pa pran anpil maladi.


Nap jwenn jan pou fè latrin tou senp nan paj kap vin apre yo. Epitou, latrin ka ban nou fimye pou jaden nou . Si nou bezwen plan pou nou fè latrin ekri yon lèt bay responsab lasante nan zòn nou rete a.

PI BON LATRIN


Latrin osinon komòd nou fèk wè nan paj anvan an fasil pou fèt epi li pap koute nou anpil kòb. Men li louvri anlè, epi li kite mouch antre.

Latrin ki fèmen pi bon paske mouch yo rete deyò, sant latrin lan rete anndan. Yon latrin ki fèmen gen yon platfòm ak yon bouch osinon de bouch ak yon kouvèti sou chak bouch. Platfòm siman an pi bon paske la l chita pi byen epi li pa fasil pouri.


Men yon jan pou nou fè platfòm siman an:




1- Fouye yon twou plat nan tè a. Fè li kare kare, yon mèt chak bò, ak 7 santimèt pou fondè. Fè fon twou a byen nivo.




2- Koupe yon griyay fè menm lajè a, yon mèt chak bò. Nou ka pran fè sèso osinon fè ka pou fè li. Na kite yon espas dis santimèt nan mitan fè yo. Fè yon twou nan mitan griyay la gwosè dèyè yon bokit.




3- Mete griyay la nan twou a. Vire chak bout fè yo sou anba osinon mete yon ti wòch nan chak kwen pou griyay la pa chita atè a, pou l rete 3 santimèt anlè.



4- Mete yon vye bokit nan twou griyay la.




5- Brase mòtye a ak siman, sab, gravwa ak dlo epi vide li jouk li moute 5 santimèt wotè. (Pou chak pèl siman, mete 2 pèl gravwa).




6- Wete bokit la kou mòtye a koumanse pran (apre yon 3 èdtan konsa) Apre sa, kouvri mòtye a ak twal mouye, sab, pay, osinon yon moso plastik. Rouze li pou l rete mouye. Retire platfòm latrin lan apre twa (3) jou. Tann twa jou anvan nou wete l nan twou a. Pou fè yon latrin fèmen, platfòm lan fèt pou moute sou yon twou won. Fouye twou won an yon ti jan pi piti pase yon (1) mèt. Ba li yonn osinon de (2) mèt fondè.


Pou pwoteje moun kap viv bò la, fòk gen 20 mèt distans pou pi piti ant latrin lan ak kote moun rete, kote gen pi dlo, larivyè osinon kannal dlo moun sèvi. Si se kote moun pran dlo pou bwè, mete latrin lan **sou anba kote nou pran dlo a**.



Kenbe latrin nou yo pwòp. Moutre timoun yo ak lòt moun jan pou yo fè pou yo pa sal yo.



Chak bouch latrin dwe gen kouvèti pa yo, epi se pou nou kenbe bouch latrin yo kouvri lè nou pap sèvi. Kouvèti sa a ka fèt ak yon moso planch.




Si nou pito gen yon latrin pou moun chita nou kapab fè yon ti kòf an siman tankou sa a osinon fè yon latrin ak yon gwo kòf an bwa.

Pou nou fè yon fòm pou ti kòf an siman an, nou ka sèvi ak 2 bokit ki pa menm gwosè, yonn anndan lòt.

VÈ AK PARAZIT NAN TRIP

Gen anpil kalite vè ak lòt ti bèt parazit ki rete nan trip moun epi ki ba yo maladi. Moun ka wè sa ki pi gwo yo.



1- ASKARIS (gwo vè won)

3- TRIKOSEFAL

2- OKSIYI (vè zepeng)


4- ANKILOSTÒM

5- Tenya (vè solitè)

Vè nou ka wè nan poupou se askaris, oksiyi ak tenya a. Trip nou ka plen trikosefal ak ankilostòm epi nou pa janm ka wè yo nan poupou nou.

Atansyon: pifò renmèd vè gen yon bagay yo rele piperazin ladan yo. Piperazin sa a bon pou askaris ak oksiyi ase. Se lòt kalite renmèd pou nou pran pou lòt vè yo.

Askaris (Gwo vè won)



Li ka rive gen 2 osinon 30 santimèt longè.
Li koulè woz osinon koulè blan.

Ki jan yo gaye:

Sot nan poupou rive nan bouch. Lè pa gen pwòpte, ze vè yo soti nan poupou yon moun malad, yo ale nan bouch yon lòt moun.

Dega yo fè:

Lè nou vale ze yo, ti vè yo kale epi yo pase nan san nou. Lè konsa sa ka ban nou anvi grate nan tout kò nou. Ti vè sa yo alèkile naje nan san nou jouk yo rive nan poumon nou. Rive la, yo konn bay moun lan yon tous chèch. Yo menm ka ban nou nemoni ak yon tous san. Lè nap touse, ti vè yo moute nan ti gòjèt nou, rive nan gòj nou, nou vale yo. Lè sa a, yo glise desann nan trip nou kote yo grandi rive tout gwosè yo.

Lè yon moun gen anpil gwo vè nan trip li, li pa santi li alèz. Lestonmak li boulvèse, li fèb. Timoun ki gen anpil gwo vè konn gen vant yo anfle byen gwo. Kèk fwa gwo vè yo ka menm bay moun yo opresyon, kriz nè osinon yo ka fè yon bouchon nan trip timoun yo (wè p. 100). Lè timoun lan gen lafyèv, vè yo konn soti nan poupou li osinon yo moute soti nan bouch li osinon nan nen li. Gen de lè yo eseye antre nan ti gòjèt moun lan. Sa fè yo ap toufe.

Pou nou pa genyen yo:

Sèvi ak watè, lave men nou anvan nou manje osinon anvan nou manyen manje. Pa kite mouch poze sou manje yo. Swiv prensip pwòpte nou te jwenn nan koumansman Chapit sa a.

Tretman:

Sèvi ak mebendazòl (paj 420) osinon albendazòl (paj 466) osinon ak piperazin pou debarase nou ak askaris yo. Wè paj 419 pou ki dòz piperazin pou nou pran. Gen kèk renmèd fèy nou ka fè (wè p. 379).

Oksiyi:

Yo gen yon santimèt longè, yo blanch, yo tou pitit tankou yon ti fil.

Ki jan moun rive genyen yo:



Vè sa yo ponn mil ze konsa (yon pakèt) pa deyò twou dèyè moun ki genyen yo. Lè sa a li vin gen yon sèl gratèl. Lannwit li pi mal. Lè yon timoun grate dèyè li, ti ze vè yo rete kole anba zong yo. Lè timoun lan manyen manje ak lòt bagay, li lage ze vè yo ladan li. Konsa, ze vè yo rive nan bouch timoun lan ankò osinon nan bouch yon lòt moun ki vin trape oksiyi alèkile.

Dega yo fè:

Vè sa yo pa yon danje pou lavi nou. Se gratèl la ki pi anbetan, li ka anpeche timoun lan dòmi.

Ki sa pou nou fè lè nou genyen li ak sa pou nou fè pou nou pa genyen:

- Yon timoun ki gen oksiyi, fòk li toujou gen yon kouchèt tache byen sere sou li, osinon yon pantalon lè lap dòmi pou anpeche li grate twou dèyè li.

- Lave men timoun lan epi fè ti twalèt twou dèyè li chak maten kou li leve epi tou chak fwa li soti nan latrin. Pa janm bliye lave men li anvan li manje.

- Koupe zong li yo byen kout.

- Benyen li toutan. Chanje rad sou li tanzantan. Chonje pou nou lave zong li yo ak twou dèyè li byen lave.

- Aswè, anvan l ale dòmi, mete yon ti ***vazlin*** nan twou dèyè li ak sou tout rebò l pou timoun lan pa grate li.

- Ba li yon renmèd vè ki gen piperazin ladan l. Pou kantite pou nou bay la, wè paj 419. Lè nap bay yon timoun renmèd vè sa a, li ta bon pou nou bay tout lòt moun kap viv nan menm kay la renmèd vè a menm lè a tou (wè tretman pou askaris la).

Pwòpte se pi bon bagay nou ka fè pou nou pa trape oksiyi. Menm si nou rann tout vè yo lè nou pran renmèd la, si nou pa kenbe kò nou pwòp, nap toujou ka pran vè sa a ankò. Oksiyi a viv yon sis (6) senmenn konsa. **Si nou kenbe kò nou pwòp apre kèk senmenn, nap gen tan rann pifò nan vè yo menm si nou pa bwè renmèd vè.**

Trikosefal:

Yo gen 3 rive 5 santimèt longè. Koulè yo woz osinon gri.

Vè sa yo, tankou askaris, yo sot nan poupou yon moun malad yo rive nan bouch yon lòt moun. Nòmalman vè sa yo pa fatige nou twòp, men yo konn bay dyare. Lè timoun gen vè sa a, sa konn fè trip yo soti nan twou dèyè yo. Pou nou pa genyen yo pran menm prekosyon ak pou vè askaris.

Tretman:

Si vè sa a bay pwoblèm, bay moun lan tyabendazòl osinon mebendazòl osinon albendazòl. Pou kantite pou nou bay la wè p. 419, 420 ak 466.


Lè trip li ap soti nan twou dèyè li, viré pitit la tèt anba epi vide dlo frèt sou trip la, sa va fè trip la tounen nan plas li.

Ankilostòm:

Yo gen yon (1) santimèt longè: Koulè yo wouj.

Nou pa fasil wè ankilostòm yo nan poupou moun ak je nou. Fòk yo analize poupou a pou wè si yo la.

Ki jan ankilostòm lan gaye:



3- Lè moun lan touse, ti vè yo moute nan bouch li epi moun lan vale yo.

4- Apre kèk jou moun lan gen dyare ak vant fè mal.

2- Yo mache moute nan venn lan. Apre kèk jou yo rive nan poumon li. Yo pase nan gòjèt li. Yo ka fè moun lan touse sèk. Yon lè konsa, li ka bay yon ti san.

5- Ankilostòm yo kwoke kò yo sou trip moun lan pou souse san li. Lè gen anpil, yo ka bay feblès ak gwo anemi.

1- Se yon vè ki atrapan anpil. Ti ankilostòm tou piti yo antre nan pye moun ki pye atè. Yo pase nan san l, sa ka fè pye moun lan grate l.

6- Ze ankilostòm yo soti nan poupou moun lan. Ze yo kale lè yo jwenn yon ti tè ki byen fre.

Enfeksyon vè ankilostòm se yonn nan pi gwo maladi timoun ka soufri. Lè nou wè yon timoun manke san, li blenm epi lap manje tè, se ka vè ankilostòm li genyen. Fè analize poupou li si nou kapab.

Tretman: Bay moun lan tyabendazòl, mebendazòl, albendazòl, tetra-klowoetilèn (TKE) osinon befenyòm. Pou kantite pou nou bay ak prekosyon pou nou pran , wè p. 419, 420 ak 466. Pou manke san an, fè moun lan manje manje ki gen fè. Si se nesesè, fè yo pran grenn renmèd fè (p. 433).


***Pou evite vè ankilostòm*: Sèvi ak latrin. Pa kite timoun yo mache pye atè**

Tenya (vè solitè):


Tenya a grandi nan trip moun , li ka vin long anpil. Men tanzantan li pèdi yon ti moso plat tou blanch nou ka wè nan poupou moun ki genyen l lan. Moso yo gen yon santimèt (1) longè konsa.

Gen de fwa, yon ti moso ka soti deyò pou kont yo. Lè konsa nou jwenn yo nan kalson osinon nan pantalèt nou.

Moun rive gen tenya lè yo manje vyann kochon, vyann bèf osinon lòt vyann ki pa byen kwit.



Pou nou pa trape yo: **Fòk nou sèten tout vyann nou manje yo byen kwit sitou vyann kochon.** Lè nap kwit gwo moso vyann, fòk yo byen kwit jouk anndan.



Jan sa aji sou sante nou:

Tenya nan trip moun ka ba li doulè nan vant, men pa twòp lòt pwoblèm.

Pi gwo danje a se lè ***kis yo*** (ti sakit ki gen vè tou piti yo) al nan sèvo yon moun. Sa rive lè ze a pase nan poupou epi li antre nan bouch moun lan. Se poutèt sa, **depi yon moun gen tenya, se pou li swiv prensip pwòpte yo byen, epi se pou li chache tretman san pèdi tan.**

Tretman:

Pran niklozamid (***Yomesan***, wè p. 421), Diklowofèn (***Antifèn*** p. 421) kinakrin (Mepakrin, ***Atabrin*** p. 415) osinon albendazòl (paj 466). Fòk nou sèten nou pran renmèd sa yo jan yo di l la.

Trichin:

Nou pa jan n wè vè sa yo nan poupou moun paske yo fouye twou nan trip moun lan epi yal kache nan vyann kò moun lan. Moun pran vè sa yo menm jan ak tenya, lè yo manje vyann kochon osinon lòt vyann ki enfekte epi ki pa byen kwit.

Jan sa aji sou sante moun:

Sa pral chita sou kantite vyann enfekte moun nan manje a. Moun lan ka pa santi anyen, konsa tou li ka vin malad anpil, li menm ka rive mouri. Apre li fin manje vyann malad la, li ka gen yon dyare ak doulè nan vant li. Pou kèk moun, dyare a ka parèt touswit , pou lòt moun menm, li ka rive sou senk jou anvan li parèt.

Nan ka grav, men siy nou ka wè moun lan genyen:

- lafyèv frison
- ti tach nwa osinon ble sou tout po li
- tout kò li fè li mal
- gen san nan blan je li yo.
- tout bò je l anfle, defwa menm pye l ka anfle tou.

Gen ka grav ki ka dire 3 rive 4 senmenn.

Tretman:


Chache konkou doktè lopital osinon nan sant lasante lapoula. Tyabendazòl ka ede tou, men fòk se yon ajann sante osinon yon doktè ki pou bay li.

Atansyon: Si nou ta wè anpil moun ki manje vyann menm kochon an tonbe malad ansanm, se pou nou sispèk maladi trichin lan. Gen danje nan sa. Chache konkou doktè lopital.

Pou nou pa trape trichin:


- Manje vyann kochon ak lòt vyann ki byen kwit.
- Pa bay kochon manje retay vyann osinon kras vyann san nou pa kwit yo anvan.

jan nou wè amib
nan yon mikwoskòp



Amib:

Se pa vè yo ye. Men se ti bèt piti piti osinon parazit kap viv nan trip moun. Se nan ***mikwoskòp*** nou ka wè yo. Mikwoskòp la se yon machin ki fè bagay parèt pi gwo pase jan yo ye.



Ki jan yo gaye:

Lè yon moun gen parazit sa yo, chak fwa l ale watè, se milyon ven ti parazit sa yo li rann nan poupou li. Si pa gen bon pwòpte nan zòn lan, parazit yo ka rive nan sous dlo nou bwè osinon nan manje nou, konsa, lòt moun vin pran maladi a.

Men siy kap fè nou wè yon moun gen amib:

Anpil moun ki gaya gen amib san yo pa konn sa. Men se amib yo ki lakòz pifò gwo dyare ak ***disantri*** (dyare ki gen san) ladan yo. Si moun lan te deja tou fèb paske li te gen lòt maladi osinon paske li pat manje bon kalite manje, dyare a ap pi fò sou li. Gen ka kote amib la ka bay apse nan fwa. Men sa pa rive fasil.

Men kèk kalite dyare amib la bay:

- dyare kap ale vini. Lè pa gen dyare moun lan sere
- lakranp nan vant, yon anvi ale nan watè epi nou pa fè anyen osinon ti kras poupou. Kèk lè, se yon glè ase nou rann
- anpii tata mou (pa dlo), avèk anpil glè ladan li, kèk fwa yon ti mak san
- lè ka a grav, anpil san. Moun lan ka vin fèb
- nòmalman pa gen lafyèv

Se amib osinon bakteri ki ka lakòz dyare ak san. Tansèlman, disantri bakteri a (shigela) parèt lapoula, poupou a pi dlo epi lafyèv toujou mete pye (p. 169). Men yon ti règ:

Dyare	**+**	**san**	**+**	**lafyèv**	**=**	**enfeksyon bakteri (shigela)**
Dyare	**+**	**san**	**+**	**pa gen lafyèv**	**=**	**amib**
Dyare	**+**	**san**	**+**	**vant mòde**	**=**	**kolerin (disantri)**

Gen lòt bagay ki ka bay dyare ak san. Se pou sa, fòk nou fè ***analize poupou yo***, chak fwa nou gen dyare ak san.

Amib yo konn ale nan fwa yon moun epi yo fè yon **apse** la. Sa bay moun nan yon ti doulè, osinon yon pwen sansib bò vant sou bò dwat pa anwo. Doulè a ka moute sou tout bò dwat lestonmak li epi lè moun lan mache, li fè l pi mal. Konpare doulè dyare a ak doulè fyèl (p. 363) doulè epatit (p. 184) osinon doulè siwoz fwa (p. 362). Si nou remake moun nan gen bagay sa yo epi li koumanse touse, krache yon ti dlo mawon, sa vle di li gen yon apse amib kap devèse nan poumon li.

Tretman:

- Depi nou kapab , al wè doktè lopital, epi fè analize poupou nou.


- Pou ti enfeksyon trip amib la bay, nou kapab pran tetrasiklin, swa pou kont li osinon ak diyodo-idwoksin. Pou kantite pou nou pran an, ak konbe tan pou nou pran renmèd la, ak prekosyon pou nou pran, wè paj 407 ak paj 414.

- Pou gwo dyare, osinon apse amib la bay, pran tetrasiklin ansanm ak metwonidazòl (pou kantite a wè paj 414). Si nou pa ka jwenn metwonidazòl la, sèvi ak klowokin (wè paj 413).

Prevansyon:

Fè latrin pou moun sèvi, pwoteje kote nou pran dlo pou bwè epi annou swiv prensip pwòpte yo. Manje byen, evite fatige kò nou twòp, epi evite vin sou; bagay sa yo enpòtan anpil pou anpeche nou gen dyare amib bay.

Gyadya:



Tankou amib, se pa vè li ye, se yon parazit ki viv nan trip moun epi ki lakòz moun gen dyare, sitou timoun. Dyare a ka pa janm pase osinon li ka ale vini.

Lè yon moun gen dyare jòn ki santi (gen move sant) epi ki gen yon bann ti boul ladan l nou te mèt sèten se gyadya li genyen. Vant moun lan ka balonnen ak gaz epi li pa santi li alèz. Li gen lakranp nan trip li, lap plede fè van anpil. Se pa fasil pou l gen lafyèv.


Pou pifò moun, enfeksyon gyadya a disparèt pou kont li. Manje byen ap ede nou nan sa. Pi bon renmèd pou ka ki grav yo se metwonidazòl (pou kantite nou bezwen an, wè p. 414). Kinakrin (***Atabrin*** p. 415) pi bon mache, men li pa sitèlman bon pase sa.

VAKSEN - JAN KI PI FASIL POU NOU PWOTEJE TÈT NOU

Vaksen bay pwoteksyon pou anpil maladi ki grav anpil. Si yo pa bay vaksen bò kote nou rete a, pran timoun yo mennen yo nan sant ki pi pre a pou yo ka pran vaksen. Pito nou mennen yo al pran vaksen antan yo gaya a, pase pou nou mennen yo al chache renmèd lè yo malad osinon prèt pou mouri. Nòmalman yo pa mande lajan pou vaksen.

1- D.T.P, pou evite difteri, tetanòs ak koklich.- Fòk pitit la pran tou le twa (3) piki yo si nou vle pwoteje yo nèt. An Ayiti, premye piki a se lè yo gen yon mwa edmi konsa pou yo pran li, dezyèm piki a lè yo gen 2 mwa edmi epi twazyèm piki a lè yo gen twa mwa edmi. Yon lane apre sa, timoun nan dwe pran yon lòt piki rapèl (chak peyi gen pwogram pa yo ki ka pa menm).

2- POLYO (timoun ki kokobe).- An Ayiti, yo bay vaksen polyo a menm lè ak D T P, men se nan bouch yo bay li. Yo bay premye vaksen an lè timoun nan gen yon mwa edmi.



3- B C G, pou tibèkiloz (maladi touse).- Se yon grenn piki yo bay nan po a, nan zepòl **dwat** timoun lan. Yo dwe vaksinen timoun lè yo fenk fèt osinon anvan li gen 5 mwa. Si gen yon moun nan kay la ki pwatrinè, se pou yo vaksinen timoun yo bonè bonè. Vaksen an ap fè yon ti maleng epi lap kite yon mak.

4- LAWOUJÒL.- Yon grenn piki yo bay pitit la apre li gen nèf mwa.

5- TETANÒS.- Tout moun dwe pran vaksen kont tetanòs , sitou kiltivatè yo, fanm ki nan laj pou fè pitit yo ak fanm ansent yo. Fanm ansent yo dwe fin pran de dòz vaksen tetanòs yo anvan yo akouche. Konsa, yap pwoteje tibebe yo kont tetanòs lè yo fenk fèt (wè paj 197 ak paj 275).

6- LAVARYÒL. - Granmèsi tout gwo jefò yo te fè pou vaksinen tout moun toupatou sou latè, maladi sa a bata disparèt. Konsa, vaksen sa a alèkile pa sitèlman nesesè ankò. Òganizasyon Mondyal pou Sante (O.M.S) a ap travay pou yo jwenn vaksen pou lalèp ak malarya.

ATANSYON: Vaksen gate fasil. Lè konsa yo pa fè travay yo. Se pou nou mete vaksen Lawoujòl ak BCG yo **kote yo fè glas** nan frijidè (ant 2 ak 8 degre S). Mete DTP ak tetanòs kote ki frèt anpil nan frijidè, **pa kote yo fè glas**. DTP ki bon an, lè nou souke li se pou l rete yon ti jan blanch inèdtan omwens apre nou fin souke li. Si nou wè li vin klè anvan inèdtan nou te mèt konnen li gate, li pa bon.

Bay timoun yo vaksen kou yo gen laj la pou pran yo.
Se pou nou sèten yo pran tout dòz yo dwe pran pou chak vaksen.

LÒT BAGAY NOU KA FÈ POU ANPECHE MALADI AK AKSIDAN

Nan Chapit sa a nou pale nou ki jan pou nou anpeche enfeksyon nan vant ak lòt kalite enfeksyon lè nou **kenbe kò nou ak zòn kote nou rete a pwòp** ak lè nou **pran vaksen**. Nan tout liv sa a, nou jwenn konsèy ki di jan pou nou anpeche maladi antre sou nou ak ki prekosyon pou nou pran pou aksidan pa rive nou lè nou kenbe kò nou an sante paske nou manje manje ki bon pou lasante, lè nou sèvi ak bon renmèd fèy osinon bon renmèd fanmasi.

Nan premye koze nou fè ak ajann sante yo, nou bay kèk lide sou jan pou moun yo travay nan tèt ansanm pou yo ka rive chanje move kondisyon kap ba yo move lasante.

Nan rès chapit yo, nou pral diskite sou kèk pwoblèm lasante, nap bay anpil jan nou ka evite yo. Si nou swiv konsèy sa yo, nap ede kenbe lakay nou ak zòn kote nou rete a pi pwòp pou moun ka viv an sante.

Foure sa byen nan tèt nou: pi bon jan pou nou anpeche gwo maladi ak lanmò, se lè nou koumanse tretman an bonè, epi se pou nou sèten se yon bon tretman ki kwape maladi nou genyen an menm.


Si nou vle fè yon bon travay pou anpeche moun yo tonbe malad,
se pou nou ankouraje yo fè tretman ki koumanse bonè epi
ki bon pou maladi yo genyen an.

Anvan nou fini ak chapit sa a, mwen ta renmen gen yon ti rale ankò sou kèk koze nou deja fè lòt kote nan liv la pou evite maladi. Koze sa yo konsekan. Se poutèt sa nap tounen sou yo ankò.

MOVE ABITID AK VIS KI KRAZE LASANTE KAY MOUN

Gen anpil move abitid nou genyen non sèlman ki pa bon pou nou menm, men ki nwizib tou pou lòt moun kap viv ansanm ak nou. Nou ka kite anpil nan vye abitid sa yo, osinon nou ka evite lage kò nou ba yo. Men anvan tout bagay se pou nou chache konprann poukisa se pou nou kite vye abitid sa yo.

BWÈ: (Bwesonyè)



Si lè yon moun bwè alkòl sa fè kè l kontan, fòk li konnen anmenmtan an tou sa ka lakòz anpil moun soufri, sitou madanm osinon mari ak timoun moun bwesonyè yo. Yon ti alkòl yon lè konsa ka pa fè nou mal. Men se piti piti ki tounen gwo. Anpil kote sou latè, moun ki bwè anpil ak moun ki bwè twòp se yonn nan pi gwo pwoblèm lasante, menm pou moun ki pa bwè yo. Non sèlman bwè twòp la ap fini ak lasante moun ki bwè yo, (li ba yo maladi tankou siwoz nan fwa, p. 362).

Men li kraze fanmi moun lan ak zòn kote lap viv la anpil jan. Moun lan pèdi bon konprann li lè li sou. Lè li pa sou menm li pa fè respè tèt li, konsa li pa janm kontan, lap gaspiye tout bagay li genyen epi lap aji brital ak tout moun. Lè konsa se moun li renmen pi plis yo sa fè mal anpil.

Konbe papa pitit ki gaspiye tout ti lajan yo genyen nan bwè epi yo kite timoun yo ap soufri grangou lakay? Konbe maladi ki rive paske yon moun depanse tout ti kòb li fè anplis sou travay li nan bweson pase pou li sèvi avè li pou mete fanmi an pi alèz? Konbe moun ki vin rayi pwòp tèt yo paske yo fè moun yo pi renmen yo mal antan yo te sou, kifè yo tounen bwè ankò pou yo ka bliye sa?

Kou yon moun wè klè nan zafè bweson sa a, lap gaspiye lasante li epi li lakòz moun bò kote l yo pa gen kè kontan, ki sa li ka fè?

Premye bagay pou li fè, se pou li admèt koze bwè a se yon pwoblèm. Li fèt pou li onèt ak tèt li epi ak lòt moun yo tou. Gen moun ki ka rete konsa yo deside yo pap bwè ankò. Men pifò moun bezwen lasistans ak ankourajman fanmi li, zanmi li, ak lòt moun ki konprann jan sa rèd pou kite vye abitid sa a. Moun ki te konn bwè anpil epi ki vin kite bwè, se yo ki pi bon pou ede lòt moun fè menm bagay la.

Men, bwè pa sitèlman pwoblèm chak moun apa, se pwoblèm tout kominote a. Lè yon kominote rekonèt sa, gen anpil bagay li kapab fè pou ankouraje sila yo ki anvi chanje. Si sa fatige nou pou nou wè jan moun ap touye kò yo anba bweson nan kanton nou, se pou nou ede òganize yon reyinyon pou diskite sou pwoblèm sa yo epi pou yo deside ki sa yo ka fè.

Anpil pwoblèm jwenn solisyon yo lè moun mete tèt ansanm pou travay, lèfini pou yonn ankouraje lòt, yonn ede lòt.

FIMEN:

Gen anpil rezon ki fè nou wè poukisa fimen gen danje ladan li pou lasante pa nou menm ak lasante fanmi nou.

1- Moun ki fimen pi fasil pran kansè nan poumon ak nan po bouch. (Plis nou fimen, se plis chans nou genyen pou kansè fin ak nou.)

2- Fimen bay anpil maladi grav nan poumon moun, tankou bwonchit ki pa vle geri, etoufman (pou moun ki te gen maladi sa yo osinon opresyon, fimen an ka lakòz yo mouri).


3- Fimen ka yonn nan kòz ki bay ilsè lestonmak osinon ki fè li vin pi grav si li te genyen deja.


4- Nou jwenn plis nemoni ak lòt maladi nan kannal respirasyon lakay pitit moun ki fimen, pase kay pitit moun ki pa fimen.


5- Nou gen plis chans pou trape maladi kè osinon pou nou mouri lè nou fè atak kè.

6- Pitit manman ki fimen pandan yo ansent lan soti pi pitit epi yo pran plis tan pou yo grandi pase pitit manman ki pa fimen.

7- Papa, manman, pwofesè, ajann sante ak lòt moun ki fimen bay move egzanp pou timoun yo ak jennjan yo. Sa ankouraje timoun yo koumanse fimen tou.







8- Fimen koute lajan, Lè nou achte yon sigarèt osinon yon fèy tabak, se pa anpil kòb nou depanse. Men lè nou mete tout kòb sa yo yonn sou lòt, nou konte yo, nou wè sa fè yon pakèt lajan. Peyi kote ki gen moun ki pòv yo, anpil nan moun ki pi pòv yo depanse plis lajan nan achte tabak pase lajan leta depanse pou yon moun nan pwogram lap fè pou lasante nan peyi a. **Si nou pran lajan nou depanse nan tabak pou nou achte manje pou nou manje, timoun yo ak tout kòt fanmi nou yo ap pi an sante.**


Nenpòt moun ki enterese nan lasante lòt moun pa dwe fimen, epi fòk li ankouraje lòt moun pa fimen tou.

KOLA (SODA, KOLA, PEPSI, TOUT KALITE KOLA)

Gen kote bweson sa yo fin pran peyi a nèt pou yo. Anpil fwa yon manman ki pa gen anpil lajan pito achte yon kola bay pitit li a ki deja pa manje bon manje pase li achte 2 ze osinon yon lòt kalite manje kap ba li fòs.

SI NOU VLE GEN TIMOUN AN SANTE AK TI KÒB NOU GENYEN POU ACHTE BAGAY POU YO A...

Achte yon pil ze osinon lòt manje ki bay fòs



Wi

pa achte kola!



Non

Kola pa gen okenn valè nan koze manje a, sof pou sik ki ladan l lan. Lèfini yo koute twò chè pou kantite sik ki ladan yo. Timoun yo bay bwè kola dri epi ki manje anpil dous, tablèt ak lòt bagay sikre, dan yo vin gen twou fasil epi yo pouri bonè. Kola pa bon menm sitou pou moun ki fè asid osinon ki gen ilsè lestonmak.

Ji nou fè ak fwi pi bon lontan pou lasante, lèfini yo pi bon mache tou pase kola.

Pa kite timoun nou pran abitid bwè kola toutan.

CHAPIT
13

KÈK MALADI NOU KA JWENN FASIL

DEZIDRATASYON - Manke dlo

Pifò timoun ki mouri ak dyare se paske yo pa gen kont dlo rete nan kò yo ankò. Lè yon moun manke dlo konsa, se sa yo rele dezidratasyon.

Dezidratasyon rive lè kò a pèdi plis dlo pase dlo li pran. Sa ka rive lè moun lan gen gwo dyare, sitou lè li gen vonmisman tou. Sa ka rive tou nan ka gwo maladi, lè yon moun malad twòp kifè li pa ka bwè, li pa ka manje.


Timoun kou granmoun ka manke dlo, men **maladi sa a mache pi vit epi li gen plis danje kay timoun piti.**

Nenpòt timoun ki gen yon dyare sou li, nan chimen manke dlo.


Se bagay konsekan anpil pou tout moun konnen - sitou manman pitit - siy kap fè nou rekonèt lè yon moun manke dlo, epitou ki jan nou ka anpeche sa rive ak ki jan pou nou swen li si sa rive.

Siy pou manke dlo:


- Li pa pipi anpil osinon li pa pipi menm, pipi a fonse anpil
- Li rete konsa li pèdi pwa, li desann vit
- Bouch li chèch
- Je li fon, li pa bay dlo lè lap kriye
- Fontenn tèt li vin fon (kay tibebe)
- Po li vin fennen.



Leve po a ak de dwèt konsa....



Lè nou lage po a, po a rete plise, li pa tounen nan plas li touswit, pitit la manke dlo.



Lè moun lan manke twòp dlo, sa ka fè kè moun lan bat vit, men tou fèb, (wè chòk p. 82) souf li rapid, epi fò. Li ka gen lafyèv osinon li ka fè kriz (wè kriz p. 192).

Jan pou anpeche ak jan pou trete manke dlo:


- Yon moun ki manke dlo dwe bwè anpil dlo ak bagay ki gen dlo tankou te, soup. Men **nou pa bezwen tann pou siy maladi a parèt sou moun lan anvan.**

- Depi yon moun gen dyare ak vonmisman osinon san vonmisman, nou ka anpeche li manke dlo, si kou maladi a koumanse, nou ba li anpil likid, osinon sewòm oral nou pral moutre nou fè pi ba a. Sa konsekan anpil sitou pou timoun piti kap poupou dlo.


- Men ki jan pou nou fè sewòm oral pou anpeche moun manke twòp dlo, osinon pou swen moun ki manke dlo.

SEWÒM ORAL POU BAY POU ANPECHE MOUN MANKE TWÒP DLO OSINON POU SWEN MOUN KI PÈDI TOUT DLO YO

Plen twa boutèy kola vid ak dlo pwòp (dlo bouyi pi bon, men pa pèdi tan fè sa).



Vide dlo a nan yon veso pwòp



Mete yon ti ti kiyè sèl ra bouch san tiyon
+
de gwo kiyè sik ra bouch san tiyon
+
kèk gout ji sitwon



ATANSYON: Avan nou bay malad la bwè l, goute pou wè si li pa pi sale pase dlo je.

Si nou gen ji zoranj osinon dlo kokoye, mete mwatye yon tas nan sewòm lan osinon si nou gen fig mi, kraze yon moso mete nan sewòm lan.

Bay moun malad la bwè sewòm sa a **tanzantan**, lajounen kou lannwit, jouk pipi li vin nòmal. Yon gwo moun dwe bwè 3 lit osinon plis chak jou. Yon timoun bezwen yon (1) lit pou pi piti chak jou, osinon yon (1) vè chak fwa li poupou dlo.

Kontinye bay sewòm lan **tanzantan pa gòje, menm si moun lan vonmi.** (Li pap janm vonmi tout sewòm lan). Si maladi a ap vin pi mal, osinon si moun lan rete katrèdtan (4) osinon (6) sizèdtan san fè pipi, chache yon mis pou ba li sewòm nan venn.

Lè nap bay yon moun sewòm pou dyare, **se pou nou toujou bal manje. Si se timoun nan tete, toujou bal tete.**

Atansyon: Nou ka fè sewòm lan ak sik wouj, osinon ak siwo myèl. Men, gen kalite siwo myèl ki ka bay alèji. Nou ka jwenn ti chache poud pou sewòm lan tou pare nan fanmasi ak nan boutik. Nou annik fonn li nan twa (3) boutèy kola dlo bouyi frèt. Poud la gen yon ti sik ladan l, ti sèl, ti bikabonat ak potasyòm (wè p. 424). Dlo sa a pi bon pou timoun ki malnouri anpil osinon ki manke twòp dlo. Men sa toujou bon pou manman timoun konn fè sewòm lan lakay yo menm ak sik, sèl, epi dlo. Ya mete yon ti *ji* zoranj, oswa yon ti dlo kokoye osinon yon ti fig mi kraze pou bay potasyòm. Pa bliye, sewòm oral bon pou nenpòt moun ki gen dyare.


Nan Chapit 24 la (paj 375) nap jwenn renmèd fèy ki bon pou dyare.

DYARE SENP AK DYARE SAN (DISANTRI)

Lè yon moun poupou dlo li gen ***dyare senp***. Men, si li poupou anpil nan jounen an, se kapab yon ka grav. Si gen glè osinon san nan poupou a, se dyare san ***(disantri).***


Dyare a ka piti, li ka grav. Li ka rete konsa li pran nou ak fòs. Lè konsa lale vini. Osinon li chita sou nou, li pa vle sispann.

Se lakay timoun piti nou pi fasil jwenn dyare. Li pi danje pou yo tou, sitou si timoun lan pa byen manje.



Timoun sa a byen manje, li pap trape dyare fasil. Si li rive genyen l, lap refè lamenm.

Timoun sa a pa byen manje, lap trape dyare fasil fasil epi li gen plis chans pou l mouri.



Gen anpil bagay ki bay dyare. Gen ka dyare ki mande yon tretman espesyal. Tansèlman, **nou ka geri pifò moun ki gen dyare lakay nou**, menm si nou pa konn sa ki lakòz dyare a.

MEN SA KI PI FASIL BAY MOUN DYARE:

Pa manje byen (p. 164). Sa fè pitit la vin fèb. Konsa li pi fasil pou lòt bagay vin bal dyare, lèfini pou dyare a fini avè l.

Enfeksyon nan trip (ki bay yon ti dyare).

Enfeksyon nan trip ki soti nan bakteri (p.140), amib (p. 154), osinon gyadya (p. 156).

Enfeksyon vè (p. 149 rive 154)

Lòt enfeksyon tankou enfeksyon zorèy, p. 341; nan gòj (amigdal) p. 342; lawoujòl, p. 344; enfeksyon nan kannal pipi p. 254).

Malarya (p. 201).

Pwazon nan manje (manje gate p. 144).

Lè moun lan pa ka dijere lèt sitou timoun ki malnouri ak kèk granmoun.

Timoun ki pa dijere fasil manje yo poko abitye manje.

Alèji moun fè pou kèk kalite manje (pwason ak kèk lòt bèt lanmè p. 177). Gen timoun ki pa ka sipòte ni lèt bèf ni lòt kalite lèt.


Se kapab yon renmèd li pran ki fèl sa tankou anpisilin ak tetrasiklin (p. 60).

Metsin, lòk, plant ki fè moun grate, plant ki gen pwazon, ak lòt kalite pwazon.

Manje twòp fwi ki poko mi osinon manje manje ki gen anpil grès, manje ki lou.

Ki sa pou nou fè pou anpeche dyare antre sou moun:

Atout se vre gen anpil bagay ki ka bay dyare, gen de bagay ki pi fasil bay sa: **Se enfeksyon ak malnitrisyon. Si nou pwòp ak kò nou, si nou manje byen, nou ka anpeche pifò ka dyare tonbe sou nou.** Epitou si nou swen timoun yo byen, ap gen mwens timoun kap mouri si yo ta rive gen dyare.



Timoun ki pa byen manje trape dyare pi fasil, lèfini yo mouri pi fasil tou pase timoun ki byen manje. Tansèlman dyare a ka lakòz malnitrisyon tonbe sou timoun lan. Konsa si timoun lan te tou malnouri, dyare a ap fè l vin pi mal.

Malnitrisyon bay dyare.
Dyare bay malnitrisyon

Se nan laviwonn dede sa a, yonn ap fè lòt vin pi mal. Se poutèt sa **manje byen se yon bagay ki konsekan anpil ni pou anpeche dyare, ni pou trete dyare.**

Se nan laviwonn dede malnitrisyon ak dyare sa a anpil timoun pèdi lavi yo.


Evite malnitrisyon pou nou ka evite dyare
Evite dyare pou nou ka evite malnitrisyon.

Pou nou konnen ki kalite manje ki ka ede kò a poul goumen ak dyare ak anpil lòt kalite maladi, li Chapit 11 lan.

Pou evite dyare gen 2 bagay pou nou fè: se **manje byen**, epi **kenbe kò nou pwòp**. Nap jwenn anpil konsèy sou jan pou nou kenbe kò nou ak kote nou rete a pwòp nan Chapit 12. Nap fè nou chonje de twa ladan yo! Se pou nou sèvi ak **latrin**. Sa konsekan anpil pou nou sèvi ak bon **dlo pwòp** epi pou nou **anpeche pousyè ak mouch vin nan manje nou**.

Men kèk lòt ti konsèy konsekan pou nou swiv pou evite dyare kay tibebe.

- **Bay pitit la tete, pa ba l bibwon**. Bal tete sèlman pandan 4 premye mwa yo. Lèt manman fè pitit la pi gwonèg pou l ka goumen ak enfeksyon ki bay dyare yo. Si nou pa ba l tete, ba l manje ak yon gode epi ak yon ti kiyè. **Pa sèvi ak bibwon** paske se pa fasil pou nou lave l pwòp, lèfini li ka bay timoun enfeksyon pi fasil.



- **Lè nou fèk koumanse bay tibebe a yon lòt kalite manje** osinon gwo manje, koumanse ba l yon ti goute epi kraze li byen pou li. Fòk lestonmak li aprann dijere lòt kalite manje sa yo. Men, si li manje twòp yon sèl kou, li ka gen dyare.

- Kenbe timoun lan pwòp yon kote ki pwòp. Pa kite li mete bagay ki sal nan bouch li.

- Pa bay tibebe renmèd lè li pa malad, ni renmèd li pa bezwen.

Men ki sa pou nou fè lè moun gen dyare:

Nan pifò ka lè moun gen dyare, yo pa bezwen pran renmèd. Si dyare a grav anpil, pi gwo danje a se **manke dlo**. Si dyare a rete lontan sou li, pi gwo danje a se **malnitrisyon**. Konsa, sa ki pi enpòtan lè nap okipe moun ki gen dyare se ba l **kont dlo** ak **bon kalite manje**. Depi yon moun gen dyare, de bagay pou nou toujou fè pou li. Men yo:

1. PA KITE L MANKE TWÒP DLO. Yon moun ki gen dyare dlo dwe bwè anpil likid. Si dyare a grav anpil osinon si nou koumanse wè moun lan ap pèdi anpil dlo, ba li sewòm oral (p. 162). Men, si l pa vle bwè l, ankouraje l pran kichòy. Tanzantan fè l vale kèk gòje.

2. BA LI MANJE LI BEZWEN. **Yon moun ki gen dyare bezwen manje nòmalman.** Sa enpòtan anpil sitou pou timoun piti ak moun ki pa manje bon kalite manje.

- Pa sispann bay yon timoun ki gen dyare tete.

- Yon timoun ki piti osinon ki pa gen kont pèz, osinon nenpòt moun ki chèch, ki fèb, dwe manje anpil manje ki pou fè kò a grandi (pwoteyin) avèk manje ki bay fòs ak kouraj toutan li gen dyare a, menm lè li fin geri. Si li sispann manje paske li malad twòp osinon paske lap vonmi, se pou li rekoumanse manje kou li kapab pran kichòy. **Atout lè nou bay malad la manje sa ka fè l watè pi dri nan koumansman, men bout pou bout sa ka sove lavi li.**

- Si yon timoun ki pa gen kont pèz gen yon dyare ki rete lontan sou li osinon yon dyare kap ale vini, ba li manje ki gen anpil pwoteyin ladan l. Anpil fwa nou pa bezwen okenn lòt renmèd.

- Lè yon timoun ki gran osinon yon granmoun ki konn **manje bon kalite manje** gen yon dyare ki grav anpil sou li, li ka refè pi vit si nou ba li manje ki mou: te, bouyon, potaj ak sewòm oral. Men, si apre yon jou dyare a pa kite l, se pou l koumanse manje ankò.

MANJE POU YON MOUN KI GEN DYARE

Lè moun lan ap vonnmi osinon li twò malad, li pa ka manje se pou li bwè:

lèt manman
te
dlo diri
bouyon fèt ak poul, vyann, ze, osinon pwa
ji fwi
dlo kokoye
AKAMIL
SEWÒM ORAL

Kou moun lan ka manje, fòk li pa sispann bwè bagay nou te di pou li bwè yo, men se pou li manje manje balanse ki gen kalite manje nan lis manje nap ban nou la osinon ki sanble ak yo:

manje ki bay fòs :

fig mi osinon
bannan bouyi
biswit sèk
diri
avwàn osinon lòt kalite grenn byen kwit
mayi (byen kwit)
ponmtè
papay

manje ki bati kò:

lèt (gen de lè li bay pwoblèm, gade nan paj apre a)
poul (bouyi osinon griye)
ze bouyi
vyann mèg byen kwit, san grès
tout kalite pwa (byen kwit epi an pire)
pwason (byen kwit)

PA MANJE, PA BWÈ BAGAY SA YO

fwi ki pa mi

manje ki gen twòp epis, twòp piman

bweson ki gen alkòl
tout kalite metsin ak lòk

Dyare ak lèt:

Lèt manman se pi bon manje pou timoun. Pa sispann bay timoun lan tete lè li gen dyare. Sa pa bay timoun dyare epi sa ede timoun lan refè pi vit.

Lèt bèf, lèt an poud ak lèt evapore (lèt nan bwat) ka bay timoun ki gen dyare pwoteyin yo bezwen an. Tansèlman, si timoun lan malnouri anpil, li ka gen pwoblèm pou li dijere lèt la. Lè sa a, sa ka eksite dyare a. Si sa rive, eseye ba li mwens lèt osinon mele lèt la ak lòt manje. Men chonje byen: **yon timoun ki gen dyare epi ki pa ka manje, se pou ba li kont pwoteyin.** Konsa, si nou ba li mwens lèt, fòk nou ba li lòt kalite manje byen kwit tankou pwa, jòn ze, vyann osinon pwason. Li ta bon pou pase yo nan moulen, osinon nan pilon. Pwa pi fasil pou dijere lè nou fè pire ak yo epi lè nou wete po pwa a. Pa kwit yo nan grès ni pa mete grès ladan l.

Plis pitit la ap refè, nap wè lap bwè plis lèt san li pa ban nou dyare.

Renmèd pou dyare:

Pifò dyare pa bezwen renmèd. Men, gen de fwa yon bon renmèd ka nesesè. Tansèlman, anpil nan renmèd nou gen abitid pran pou dyare, pa fè anpil osinon yo pa fè anyen pou dyare a. Genyen menm ki ka gwo danje pou malad la.

AN PRENSIP, PI BON KONSÈY SE PA PRAN RENMÈD SA YO LÈ NOU GEN DYARE:

Renmèd kont dyare ki gen kaolen ak pektin (tankou kaopektak, p. 425) fè poupou moun lan pi pwès, li poupou mwen dri. Men, sa pa ede avèk dlo moun lan pèdi a, ni sa pa kontwole enfeksyon ki ba li dyare a. Gen lòt renmèd kont dyare tankou difenoksilat (Lomotil) ki fè enfeksyon an trennen pi lwen pi lontan sou moun lan.



RENMÈD KONT DYARE SE TANKOU YON BOUCHON, PASE YO PA KITE ENFEKSYON AN SOTI DEYÒ,YO KENBE L ANNDAN.



Pinga nou sèvi ak renmèd kont dyare ki gen neomisin osinon estreptomisin ladan yo, paske bagay sa yo tizonnen trip moun epi yo fè plis bagay ki mal pase bagay ki byen.

Antibyotik tankou anpisilin ak tetrasiklin pa ka fè anyen pou kèk kalite dyare. Yomenm pou tèt pa yo, yo konn bay moun dyare, sitou timoun piti. Lè nap pran antibyotik sa yo, si sou 2 osinon 3 jou nou wè dyare a vin pi mal, sispann pran yo. Se ka antibyotik la ki lakòz dyare a.

Kloramfenikòl gen danje ladan l (wè paj 408). Nou pa janm dwe pran li pou ti dyare, ni nou pa dwe bay tibebe ki poko gen yon mwa.

Pinga nou bay yon moun ki gen dyare okenn kalite **metsin**. Nap fè l vin pi mal epi nap fè li manke dlo li pi vit.

Tretman espesyal pou divès kalite dyare:

Nou te wè pou pifò ka dyare nou pa bezwen renmèd. Se annik bay moun lan anpil likid pou li bwè ak bon manje fòtifyan. Men, gen dyare ki mande yon tretman espesyal.

Lè nap konsidere ka yon moun ki gen dyare, fòk nou toujou chonje gen dyare, sitou ak timoun, se pa yon **enfeksyon nan trip** yo genyen ki ba yo li. Pou sa, gade si yo pa gen **enfeksyon nan zorèy, nan gòj, nan kannal pipi yo**. Si nou jwenn yon enfeksyon konsa, se li pou nou okipe geri. Gade tou si se pa **lawoujòl** li genyen.

Si nou wè timoun lan gen grip ansanm ak yon ti dyare, se ka yon viris osinon grip entestinal ki dwe ba l dyare a. Li pa bezwen okenn medikaman. Sèlman ba li anpil likid.

Gen de lè fòk nou analize poupou moun lan nan laboratwa pou yo ka konnen ki jan pou yo rete dyare a. Men, òdinèman lè nou mande malad la kèk keksyon, lè nou wè poupou a epi lè nou chache pou kèk siy, sa kont pou fè nou konnen ki kalite dyare li genyen.

Men kèk ti konsèy pou nou swiv si nap chita sou jan nou wè malad la:

1. **Yon ti dyare ki pa rete. Pa gen lafyèv** (Lestonmak li deranje? Grip entestinal?)

- Bwè anpil dlo. Nòmalman li pa bezwen renmèd. Pou sere moun lan, nou ka ba li yon konpoze kaolen ak pektin, tankou ***kaopektak***, men sa pa janm nesesè. Lèfini sa pap anpeche moun lan manke dlo, ni sa pap ede l mete enfeksyon an deyò. Poukisa ankò pou nou gaspiye kòb achte l? Tout jan se pa pou nou bay moun ki malad anpil yo, ni timoun ki piti renmèd sa a (wè p. 425 pou kantite pou nou bay la).

- Si moun lan gen gwo kolik ak kranp nan vant, se pou nou ba l yon bagay pou desann doulè a, tankou beladòn (wè p. 423 pou prekosyon pou nou pran ak ki kantite pou nou bay). Nap jwenn renmèd fèy pou kolik nan Chapit 24 la nan paj 378.

2. **Dyare ak vonmisman.** (Gen anpil bagay ki ka bay sa)

- Si yon moun gen dyare epi lap vonmi anmenmtan, lap manke dlo nan kò li pi vit, sitou pou timoun piti. Se yon bagay konsekan pou nou ba li ti sewòm lan (p. 162), te, kola, osinon nenpòt likid li ka bwè. Ba li bwè kèk gòje tanzantan chak 5 a 10 minit konsa. Si vonmisman an pa rete, nou ka ba li ti renmèd tankou pwometazin (p. 428) osinon fenobabital (p. 430).



- Si nou pa ka jwenn bout vonmisman an, osinon si nou wè lap fin chèch paske li deja manke twòp dlo, voye l nan dispansè, kouri kay doktè avè l.

3. **Dyare ak glè epi san. Li pa vle rete. Pa gen lafyèv.** (Se kapab dyare ti parazit yo rele amib yo bay. Pou plis detay, wè p. 154).

- Sèvi ak tetrasiklin (p. 407), metwonidazòl (414) osinon pou pi bon, toulede ansanm. Pran renmèd yo jan yo di nou pou nou pran yo a. Si dyare a pa rete apre tretman sa a, voye li nan dispansè, chache wè doktè.

4. Gwo dyare ak lafyèv, li ka gen san, li ka pa gen san. (Disantri? Lafyèv tifoyid? Malarya?)

- Si moun ki gen dyare a gen lafyèv ki kenbe la pou 6 zèdtan apre nou koumanse ba li sewòm oral la epi si nou ta wè li vle malad anpil, ba li anpisilin si nou kapab (p. 404), osinon ba li tetrasiklin (p. 407).
- Si eta moun lan ba anpil, osinon si li pa refè ak anpisilin lan osinon tetrasiklin lan, voye li nan dispansè wè doktè. Si nou wè kèk siy ki ta fè nou kwè se lafyèv tifoyid li genyen, (wè p. 205) ba li kloramfenikòl (p. 408) jan yo di pou nou ba li a.
- Si se kote ki gen malarya **falsiparum** lan anpil, li bon pou moun ki gen dyare ak lafyèv pou yo pran yon ti klowokin (wè p. 413) sitou si yo gen gwo larat.

5. Dyare jòn, ki gen sant ak kim ladan l, men ki pa gen san ni glè. (Gyadya? wè p. 156).

Se kapab yon ti parazit tou piti yo rele Gyadya ki bay li, osinon se ka malnitrisyon ki bay li. Nan toude ka yo, sèl renmèd se ba li anpil likid, bon kalite manje, epi fòk li poze kò li. Lè enfeksyon gyadya a grav anpil, nou ka bay moun lan metwonidazòl (p. 414) Mepakrin (**Atabrin**) pi bon mache, men li pa bon tankou premye a.


6. Dyare vant mennen (dyare ki donnen lontan osinon ki ale vini).

Se malnitrisyon ki pi fasil ka fè sa. Se kapab tou paske moun lan gen yon enfeksyon tankou sa amib bay. Veye pou timoun lan manje plis bon kalite manje sitou manje ki gen anpil pwoteyin ladan l (p. 116). Si dyare a pa rete, mennen malad la nan dispansè wè doktè.

7. Dyare ki sanble ak dlo diri. (Kolera?)

Lè poupou moun lan tankou dlo diri, se yon siy ki moutre moun lan gen kolera. Nan peyi kote maladi grav sa a konn parèt, kolera vini tankou yon epidemi (anpil moun vin gen maladi a menm lè). Li toujou pi mal pou timoun ki pi grandèt ak pou granmoun. Lè konsa, moun lan pèdi dlo anpil sitou si moun lan ap vonmi anmenmtan tou. Ba li bwè anpil likid ak sewòm pou ranplase dlo lap pèdi a, anmenmtan ba li Doksisiklin. Wè paj 466 pou dòz yo. Sèvi ak kotrimoksazòl osinon eritwomisin pou timoun ki peze pi piti pase 15 kilo. Bay yon mililit kotrimoksazòl pou chak kilogram pèz li de fwa pa jou pandan twa jou osinon bay menm dòz eritwomisin lan twa fwa pa jou pandan twa jou. Bay fanm ansent 5 mg. firazolidin pou chak kilo pèz yo chak jou pandan twa jou. Se pou nou voye avèti dispansè ki pi pre nou an gen kolera. Epi wè doktè.


Yon kabann pou moun ki gen kolera. Nou ka fè li pou moun ki malad anpil ak dyare. Veye pou wè kantite dlo moun lan ap pèdi pou nou ka ba l bwè menm kantite sewòm ak kantite dlo li pèdi a, si se pa plis.



Sèvi ak yon moso plastik pou kouvri dra a epi pou fè kanal goutyè pou poupou dyare a.

JAN POU NOU SWEN TIBEBE KI GEN DYARE


BA LI TETE



Dyare se gwo danje pou tibebe ak timoun piti. Pou pifò ka, nou pa bezwen ba yo renmèd, tansèlman se pou nou okipe yo yon jan espesysal paske yon tibebe ka mouri fasil lè li manke dlo.

- Kontinye ba li tete, epi tanzantan ba li kèk gòje sewòm oral.

EPI BA LI SEWÒM ORAL



- Si lap vonmi tou, ba li tete tanzantan, men yon ti kras chak fwa. Ba li sewòm oral la tou, ba li kèk gòje chak 5 rive 10 minit konsa (wè Vonmisman p. 172).

- Si li pa nan tete ankò, eseye ba li bwè lòt kalite lèt, pa ba li twòp yon grenn kou. Lè nou fin pare lèt la, **dekoupe l ren pou ren ak dlo bouyi.** Si nou ta wè lèt la fè dyare a vin pi mal, ba li lòt pwoteyin (poul, ze, vyann mèg, pase yo nan moulen osinon pire fèt ak pwa san po. Melanje yonn nan manje sa yo ak yon ti myèl, sik osinon yon dlo diri, osinon ak yon lòt kalite manje ki gen sik ak lanmidon ladan l ak dlo bouyi.

Si pitit la poko gen yon mwa, chache wè yon ajann sante anvan nou ba li okenn renmèd. Si pa gen ajann sante nan zòn nan osinon si timoun lan malad anpil, ba li yon ti siwo pou timoun ki gen anpisilin ladan l: mwatye yon ti kiyè te 4 fwa pa jou (wè p. 404). Pa sèvi ak okenn lòt kalite antibyotik.

KI LÈ POU NOU VOYE MOUN KI GEN DYARE AL JWENN DOKTÈ

Dyare senp ak dyare ki gen san ka touye moun sitou timoun piti (chonje timoun se ze fele). **Men lè pou nou kouri al chache konkou doktè (osinon al nan dispansè):**

- Pou granmoun, si dyare a la ak moun lan depi 4 jou li pa vle rete. Pou timoun menm, apre yon jou si li gen gwo dyare.

- Si timoun lan manke twòp dlo epi lap vin pi mal, lap desann toujou.

- Si timoun lan vonmi tousa li bwè osinon si li refize bwè okenn bagay.

- Si timoun lan koumanse gen kriz osinon si pye li ak figi li vin anfle. (Sitou pou timoun piti ak vye granmoun)

- Si gen anpil san nan poupou li, sa ka gen danje ladan l menm si li pa gen gwo dyare (wè entesten bloke p. 101).

MEN SA POU NOU FÈ POU YON MOUN KI GEN GWO DYARE

DYARE

Èske li pèdi anpil dlo? (Li pa pipi anpil osinon li pa pipi pyès, je li fon, bouch li chèch, eks.)

NON

Anpeche li manke dlo, ba li bwè anpil likid

WI

Okipe manke dlo a: ba li bwè anpil likid ak sewòm oral (wè p. 162)

ANPECHE LI MALNOURI OSINON SWEN LI SI LI MALNOURI: Ba li manje kou li ka pran kichòy. Melanje manje a byen kraze ansanm ba li. Fòk manje a byen balanse, ba li manje ki gen pwoteyin ak manje ki bay enèji. (Sik ak lanmidon). Kontinye bay tibebe a tete.

Èske lafyèv la pa desann sizèdtan apre nou koumanse ba li bwè anpil likid?

NON

WI

Dyare ak san osinon glè?

NON

WI

Ba li tetrasiklin ak Metwonidazòl pou amib. Nou ka bay yonn nan renmèd sa yo osinon tou de ansanm (wè p. 414)

Ba li anpisilin pou 8 jou (wè p. 404)

Li pa refè

Li geri

Li pa refè

Li geri

Dyare jòn ak anpil kim?

NON

WI

Pou ti dyare, pa bay renmèd, osinon bay kaolen ak pektin (p. 425)

Ba li Metwonidazòl osinon kikakrin pou gyadya (wè p. 414)

Gade si gen yon siy ki ta fè nou kwè se lafyèv tifoyid lap fè? (Li gen yon lafyèv ki moute chak jou, kè li bat dousman, li malad anpil, eks., wè p. 205).

NON

WI

Li pa refè

Li geri


Li pa refè

Li geri

Ba li kloranfenikòl pou 2 senmenn (wè p. 408)

Li pa refè

Li geri



MENNEN L NAN DISPANSÈ AL WÈ DOKTÈ

VONMISMAN

Anpil moun, sitou timoun, yon lè konsa rete yo gen kè plen epi yo vonmi. Anpil fwa nou pa konnen pou ki rezon. Yo ka gen yon ti lestonmak fè mal osinon vant yo ap fè yo mal, konsa tou yo ka gen lafyèv. Kalite vonmisman sa a pa twò grav epi lap pase pou kont li.



Lè moun vonmi, se yon siy ki di nou moun lan malad. Sa ka pa grav, tankou tou li ka grav anpil. Se poutèt sa li konsekan anpil pou nou egzaminen malad la byen. Pi souvan se pwoblèm nan lestonmak ak nan vant (osinon trip) ki lakòz vonmisman an. Se ka:

- yon enfeksyon (wè dyare, p. 163)
- anpwazonnman ak manje gate (p. 144)
- osinon gwo doulè nan vant (tankou apendisit)
- osinon entesten bloke (p. 101).

Men tou, nenpòt maladi ki bay gwo lafyèv osinon gwo doulè ka bay vonmisman, sitou:

- lafyèv malarya (p. 201)
- maladi fwa, lajonis (p. 184)
- chè nan gòj (p. 342),
- zòrèy fè mal (p. 341),
- mennenjit (enfeksyon sèvo) (p. 200)
- enfeksyon nan aparèy pipi (p. 254)
- enfeksyon nan fyèl (p. 363)
- osinon tèt fè mal (p. 173).

Men ki lè pou nou voye moun ki gen vonmisman nan dispansè al wè doktè san pèdi tan:

- lè moun lan manke anpil dlo san nou pa ka rete manke dlo a (p. 162)
- si moun lan pase tout yon jounen ak tout yon nwit ap vonmi
- gwo vonmisman sitou lè vonmi an vèt fonse, mawon, li santi tankou poupou (tousa se sitou siy pou di nou trip yo bloke (p. 101)
- doulè nan vant ki pa rete, sitou si moun lan pa ka poupou osinon nou pa ka tande gaz nan vant li lè nou mete zorèy nou sou vant li (wè gwo doulè nan vant; trip bloke, apendisit, p. 100)
- Vonmisman ki gen san ladan li (wè ilsè, p. 136 ; siwoz fwa p. 362).

Pou fè vonmisman an rete:



- Pa manje anyen lè vonmisman an fò sou moun lan.
- Bwè kèk gòje kola. Gen te fèy, ki ka ede tou. (wè paj 379).
- Pou ranplase dlo lap pèdi a fè li bwè kèk gòje kola, te, osinon sewòm oral (p. 162).
- Si vonmisman an pa rete, ba li yon renmèd pou rete vonmisman an tankou pwometazin (p. 428), difenidramin osinon fenobabital (p.430).

Nou jwenn renmèd sa yo sou tout fòm, grenn, siwo, piki, osinon sipozitwa (yon renmèd pou nou foure nan **twou dèyè).** Nou gen dwa mete grenn lan osinon siwo a nan twou dèyè tou. Kraze grenn lan, fè l tounen poud, mete l nan yon ti dlo. Sèvi ak yon bòk lavman osinon ak yon sereng san zegwi.

Lè se vale pou nou vale yo, se pou nou bwè yon ti gout dlo dèyè yo, pa twòp. Lèfini, se pou nou rete yon ti tan, 5 minit konsa, anvan nou pran anyen. Pa janm depase dòz yo mande pou nou bay la. Piga nou bay moun lan yon dezyèm dòz toutotan li pa sispann pèdi dlo, epi li koumanse pipi ankò. Lè vonmisman an grav epi vin jwenn ak dyare, sa fè nou pa ka ba li renmèd ni nan bouch ni nan twou dèyè l. Lè konsa, na ba li yon piki pou kontwole vonmisman an. Pwometazin pi bon. Fè atansyon pou nou pa ba yo twòp.

MALTÈT AK TÈT FÈ MAL

Pou ti maltèt ak maltèt nève gen renmèd fèy ki fè menm travay ak renmèd fanmasi.



renmèd fèy
nan peyi Dayiti

Pou **TI MALTÈT**, yon ti repo ak grenn aspirin ka kont pou fè l pase. Anpil fwa sa ede lè nou mete yon konprès dlo cho dèyè nwa kou nou epi nou fè rale dèyè kou a ansanm ak zepòl yo dousman. Gen lòt renmèd fèy ki ka ede tou (wè paj 378).

Maltèt renmen mache ak maladi ki bay lafyèv. Si maltèt la grav anpil, gade wè si moun lan pa ba nou siy mennenjit (paj 200).

Maltèt kap ale vini kapab fè nou konnen nou gen yon maladi kap donnen sou nou osinon malnitrisyon. Lè konsa, sa konsekan anpil pou nou manje byen epi pou nou dòmi kont nou. Si maltèt la pa rete, al wè doktè.

aspirin




TÈT FÈ MAL (migrenn) se yon gwo maltèt, nou santi yon sèl bò tèt nou kap fann. Nou kapab santi atak tèt fè mal la chak mwa osinon chak lanne.

Konsa tou, nou ka genyen l dri. Anvan tèt fè mal la pran nou, nou koumanse pa wè byen, nou wè yon bann ti tach blanch devan je nou, epi nou santi yon men nou osinon yon pye nou ap mouri. Apre sa, nou santi yon gwo maltèt ki ka kenbe la anpil tan, menm kèk jou. Anpil fwa li vini ak vonmisman. Tèt fè mal la fè soufri anpil, men li pa danjere.

MEN SA POU NOU FÈ POU RETE YON TÈT FÈ MAL, KOU NOU SANTI LAP VINI:

- Pran de aspirin avèk yon tas kafe fò osinon yon tas te byen fò.



- Kouche yon kote ki fè nwa, ki pa gen bwi. Fè tousa nou kapab pou rete trankil, voye tout pwoblèm dèyè tèt nou.

- Si tèt fè mal la rèd anpil, bay moun lan ti grenn ègotamin ki gen kafeyin ladan li (***Kafègot***, paj 422). Pou koumanse, pran de grenn, apre sa a chak demiyè (30 minit) pran yon grenn jouk maltèt la ale. Pa pran plis pase 6 grenn nan yon jounen.

RIM AK GRIP

Rim ak grip se enfeksyon viris (move mikwòb) ban nou. Yo ka lakòz nen nou koule sòs, nou touse, gòj nou fè nou mal. Anpil fwa yo bay lafyèv ak doulè nan jwenti. Yo ka bay yon ti dyare tou piti, sitou lè timoun nan piti.

Rim ak grip al fè wout yo san renmèd. **Pinga nou sèvi ak penisilin, tetrasiklin, osinon lòt antibyotik** paske yo pap ede. Sa ki pi rèd, yo ka menm rive bay pwoblèm.



Bwè anpil dlo, poze kò nou anpil.

- Pran aspirin (p. 421)osinon asetaminofèn (p. 422) pou ede desann lafyèv la, pou wete doulè nan kò a ak pou kraze maltèt la. Asetaminofèn pi bon pou timoun pase aspirin. Gen grenn pou grip ki vann pi chè, men yo pa pi bon pase aspirin. Poukisa pou nou gaspiye kòb nou?

- Nou pa bezwen manje yon manje espesyal. Men, ji, sitou ji zoranj ak sitwon ap ede anpil.

- Kenbe nen timoun yo pwòp.

Pou tous la ak rim kap koule nan nen an, wè paj kap vin apre yo.

Si yon rim osinon yon grip depase yon senmenn sou yon moun, osinon si moun lan gen lafyèv, si lap touse yon bann ***flenm*** vèt, si souf li kout, osinon si li gen doulè nan pwatrin, se ka yon bwonchit osinon nemoni moun lan ap fè (wè p. 182 ak 183). Lè sa a nap bezwen ba li antibyotik. Granmoun ak timoun ki deja malad nan poumon yo, tankou sa ki gen bwonch ki pa geri, pi fasil pou yo fè nemoni lè yo gen grip ak rim.

Malgòj renmen mache ak grip. Nou pa bezwen pran renmèd pou sa, men sa ka ede si nou gagari ak yon ti dlo cho. Tansèlman, si malgòj la parèt yon sèl kou avèk gwo lafyèv, se kapab yon move malgòj (sa bakteri bay la). Lè sa a, nou bezwen bon tretman espesyal (wè paj 342).

Nap jwenn renmèd fèy ki bon pou grip nan paj 375.

Ki jan pou nou anpeche grip vin sou nou:

- Lè nou dòmi kont, epi lè nou manje byen, sa ede kò a pou l pa kite grip antre sou nou. Manje zoranj, tomat ak lòt fwi ki gen vitamin C, sa tou ap ede pou grip pa antre sou nou.

- Anpil moun kwè yon moun vin gen grip lè li pran fredi, seren, kourandè osinon paske li mouye. Men se pa vre. Se yon ti mikwòb ki bay grip la. Grip se bagay nou trape lè yon moun ki gen maladi a estènye, lè sa a ti mikwòb grip la gaye nan lè nap respire a.

- Lè yon moun gen grip, si li pa vle bay lòt moun li, se pou li manje apa, se pou l dòmi apa pou kont li, epi se pa pou li pwoche bò kote tibebe menm menm. Se pou li kouvri nen li ak bouch li lè lap touse osinon lè lap estènye.


- Pou nou evite yon grip ban nou maladi zòrèy, (p. 341) **pinga nou mouche, men se siye pou nou siye nen nou sèlman**. Aprann timoun yo fè menm bagay la tou.

NEN BOUCHE AK NEN KOURI LARIM

Nen nou bouche, osinon lap kouri larim lè nou gripe osinon lè nou fè yon alèji (wè paj ki vin apre a). Yon pakèt larim nan nen ka lakòz timoun yo gen enfeksyon nan zorèy. Pou granmoun sa ka ba yo sinizit. Yo ka vin gen pwoblèm ak sinis yo.

Men sa pou nou fè pou netwaye yon nen ki bouche:

1. Pou timoun piti, rale larim lan ak yon twal mouye osinon ak yon aparèy pou rale larim osinon ak **yon sereng san zegwi tankou sa a:**





2. Timoun ki pi gran ak granmoun ka mete yon ti dlo sèl nan nen yo epi yo rale li nan twou nen yo. Sa ap fè larim lan koule.


3. Respire vapè dlo cho jan yo moutre nou fè l nan paj 181, sa ka ede nen an debouche.

4. Siye yon nen kap koule, men **pinga nou mouche**. Lè nou mouche twò fò, sa ka ban nou pwoblèm ak zorèy nou osinon ak sinis nou.

5. Moun ki abitye gen pwoblèm ak zorèy yo osinon ak sinis yo, lè yo gripe yo ka evite pwoblèm sa yo si yo sèvi ak ***gout*** pou yo mete nan nen yo tankou fenilefrin (p. 426). Rale yon ti dlo sale nan twou nen nou, apre sa mete gout yo konsa nan nen nou:

Kage tèt nou sou kote, mete 2 osinon 3 degout nan twou nen nou sou bò nou panche a. Tann yon ti moman, apre sa fè lòt bò a.

ATANSYON: Pran prekosyon ak gout pou nen yo. Pa mete li plis pase 3 fwa nan yon jounen epi pa depase 3 jou ap sèvi avè l.



Gen siwo pou debouche nen (ak fenilefrin osinon lòt renmèd ladan l) ki ka ede nou tou.

Evite enfeksyon zòrèy ak sinis - siye nen nou, pa mouche.

PWOBLÈM SINIS LA (SINIZIT)


Sinizit la se yon enfeksyon grav ki chita nan sinis yon moun, ki vle di twou zo ki louvri nan nen moun.

Siy:

- Doulè nan figi, anwo ak anba je, la konsa. (li fè pi mal lè nou bay kèk ti kou sou zo yo osinon lè moun lan panche tèt li sou devan.)

- Larim pwès osinon pi kap koule soti nan nen an, li ka gen yon sant. Nen an fasil bouche.

- Li konn gen lafyèv.



Men sa pou nou fè:

- Rale yon ti dlo sale nan twou nen nou (wè paj sa a)

- Mete konprès dlo cho sou figi a.

- Sèvi ak gout pou debouche nen tankou fenilefrin (***neo sinefrin*** p. 426)

- Sèvi ak antibyotik tankou tetrasiklin p. 407, anpisilin (p. 404) osinon penisilin (p. 402)


- Si moun lan pa refè, fè l wè doktè.

Men ki jan pou nou evite maladi a:

Lè nou gen grip ak nen bouche, degaje nen nou pou li pa rete bouche. Swiv konsèy nou jwenn nan paj 175 la.

ALÈJI:

Lè nen yon moun ap kouri larim epi je li ap grate li, se ka yon alèji lap fè paske gen yon bagay nan lè a moun lan respire ki pa ale ak kò li (wè paj ki vin apre a). Gen epòk nan lanne a sa pi mal pase lòt.



Men jan pou nou trete sa:

Sèvi ak yon anti-istamin tankou klofeniramin (p. 428) Dimenidrinat (***Dramamin*** p. 429) yo pran pou mal kamyon ak mal lanmè bon tou.

Men jan pou nou evite sa:

Chache konnen ki bagay ki lakòz alèji a. (se ka pousyè, plim poul, ***ti poud jòn flè yo***, bagay ki mwezi) epi evite pwoche bò kote yo.

REYAKSYON ALÈJI

Alèji a se divès kalite reyaksyon kò nou fè pou li goumen ak yon bagay ki pa ale avè li epi ki vini sou li.

- lè nou pran souf

- lè nou manje

- lè nou pran yon piki

- lè bagay la touche po kò nou

Reyaksyon kò nou fè a li ka piti, li ka grav anpil. Men kèk reyaksyon li ka fè:

- gratèl demanjezon, egzema (p. 220) glòb sou po

- nen koule larim ak je kap grate, osinon kap boule yon moun (p. 177)


- iritasyon nan gòj, difisil pou respire, osinon opresyon (wè paj apre a)

- chòk alèji (p. 75)

- dyare (pou timoun ki pa tolere lèt, se yonn nan bagay ki konn ba yo dyare p. 163)


Yon alèji pa yon enfeksyon, lèfini li pa atrapan. Tansèlman timoun ki gen papa yo osinon manman yo ki fè alèji gen tandans pou yo genyen l tou.

Moun ki fè alèji, gen epòk yo soufri plis pase yon lòt nan lanne a osinon nenpòt kilè yo bare ak bagay ki pa dakò ak yo a. Men kèk bagay ki pi fasil bay moun alèji:



OPRESYON

Yon moun ki gen opresyon fè kriz, lè konsa li pa ka respire byen. Koute si nou tande tankou yon ti bri souflèt sitou lè moun lan ap fè lè a soti nan poumon li. Lè lap fè lè a antre, po dèyè kou li ak po nan mitan kòt li yo ap danse paske lap fè anpil jefò pou rale lè a antre. Si moun lan pa jwenn kont lè, zong li yo ak bouch li vin tou nwa epi venn nan kou li yo ka gonfle. Nòmalman li pa gen lafyèv.



chita pou nou ka respire

Se sitou lè yon moun timoun opresyon ka parèt sou li, lè konsa li donnen sou li pou tout rès lavi li. ***Se pa yon maladi nou ka trape,*** men timoun ki fèt nan yon fanmi ki gen moun ki fè opresyon ka genyen li fasil fasil. Maladi sa a gen mwa nan lanne a kote li pi mal. Pou lòt moun se lannwit li pran yo. Moun ki gen opresyon donnen lontan sou yo ka fasil trape yon lòt maladi yo rele anfizèm (wè p.183).

Yon moun ka fè kriz opresyon lè li manje manje ki pa ale avè l osinon lè li pran sant yon bagay ki ba li yon alèji (wè p. 178).

Pou timoun, opresyon an ka koumanse tankou yon grip. Lè yon moun nève osinon li gen tèt chaje sa ka yon kòz pou moun lan fè kriz opresyon.


Ki jan pou nou trete opresyon:

- Si nou remake moun lan pi mal lè li anndan kay la, se pou nou fè li ale deyò yon kote ki gen bon lè fre. Noumenm kap okipe malad la, pa eksite. Se pou nou aji dous ak li. Pale byen avè l, fè kè l poze.

- Ba li bwè anpil dlo. Sa va dekole vye flenm lan epi sa ap fè li respire pi byen, pi fasil. Si li ka respire vapè dlo, sa ka ede tou (wè p. 181).

- Si opresyon an pa pran l fò, ba li efedrin osinon teofilin (wè p. 427).

- Si li pa gen rezilta, ba li yon piki ***Adrenalin***. Pou granmoun: mwatye (1/2) anpoul la, pou timoun wè paj 427. Nou ka rekoumanse dòz la apre yon demiyè (30 minit) selon jan moun lan ye a jouk nou rive sou 3 piki. Pa ba l plis. Wè p. 427 pou prekosyon pou nou pran.



Se anba po pou nou bay piki *Adrenalin* lan

- Si moun lan gen lafyèv osinon kriz opresyon an depase 3 jou sou li, ba li tetrasiklin (p. 407) osinon eritwomisin p. 406).

- Kèk fwa gwo vè yo (askaris) konn bay moun opresyon tou. Eseye ba timoun ki fè opresyon piperazin (p. 419) si nou kwè li gen vè.

- **Si moun lan pa refè, chache konkou doktè.**

Pou timoun ki soufri opresyon:

Si timoun nan gen pwoblèm pou li pran souf, fè li respire salbitamòl (Vantolin) epi ba li piki epinefrin anba po (0,01 ml. pou chak kilogram pèz timoun nan). Si timoun nan pa gen pwoblèm pou li pran souf, ba li grenn ki gen 4mg. salbitamòl twa fwa pa jou pandan 5 jou: timoun ki gen 2 mwa rive 11 mwa: 1/4 grenn; timoun ki gen plis pase 12 mwa: 1/2 grenn.

Nap jwenn renmèd fèy ki bon pou opresyon nan paj 378.

Jan pou nou evite maladi a:

Moun ki konn gen opresyon pa dwe janm manje ni pran sant bagay ki konn ba li kriz deja. Se pou l kenbe kay li ak kote lap travay la toujou pwòp. Pa kite poul osinon lòt bèt antre nan kay la.Tanzantan pase kabann li nan solèy. Gen de lè sa bon pou li dòmi nan frechè. Moun ki fè opresyon konn refè lè yal rete yon lòt kote yo ka jwenn bon lè fre.

Si nou fè opresyon, pa fimen -
fimen donmaje poumon nou pi mal toujou.

TOUSE


Touse pa yon maladi, men se yon siy ki fè nou konnen nou gen yonn nan anpil maladi nou ka genyen kit nan gòj nou, nan poumon nou, nan bwonch nou (tout kannal kote lè antre nan poumon nou). Men kèk maladi ki ka lakòz divès kalite touse:

TOUS CHÈCH KI KA GEN YON TI KRAS FLENM:	TOUS AK LAGOUM OSINON YON KRAS FLENM:	TOUS KI VINI AVÈK YON RAL, LÈ KONSA SOUF MOUN LAN WO:
rim ak grip (p. 174) vè ki pase nan poumon moun (p. 149) lawoujòl (p. 344) touse moun ki fimen p. 159)	bwonch (p. 182) nemoni (p. 183) opresyon (p. 179)	opresyon (p. 179) koklich (p. 346) difteri (p. 347) pwoblèm kè (p. 358)

TOUS KI TRENNEN OSINON PA VLE PASE:	TOUS AK SAN:
tibèkiloz (p.193) tous moun ki fimen osinon moun ki travay nan min anba tè (p. 159) opresyon (lè kriz yo vin dri) (p. 179) bwonch ki donnen (p. 182) anfizèm (p. 183)	tibèkiloz (p. 193) nemoni (flenm jòn, vèt osinon ak tras san ladan l p. 183) enfeksyon vè ki grav anpil (p. 149)

Lè moun touse se yon jan kò a fè pou l netwaye sistèm respiratwa (kannal lè a) epitou pou l detache flenm ak postim ansanm ak jèm maladi ki nan gòj li ak nan poumon li mete deyò. Lè yon moun ap touse epi lap rann flenm, **pinga nou ba l renmèd pou rete tous la. Men, sak pi bon se pou nou fè kichòy pou nou ede tout lagoum lan dekole pou soti deyò.**

Men sa pou nou fè lè yon moun gen tous:




1. **Pou dekole lagoum lan,** epi pou kalma tous la, **bwè anpil dlo** sa pi bon pase anpil renmèd nou ka pran. (Men, gen potasyòm yode ki ka ede nou tou (wè p.426).

Respire vapè dlo cho tou . Men ki jan pou nou fè. Chita sou yon chèz, mete yon bokit ki gen dlo cho anpil ladan l atè devan pye nou. Mete yon dra sou tèt nou, kouvri bokit la tou pou fè chalè kap moute a rive nan figi nou. Respire fò pou vapè a antre anndan nou. Fè sa pandan 15 minit (1/4 dè). Rekoumanse fè sa plizyè fwa pa jou. Gen moun ki renmen mete yon ti fèy mant osinon yon ti fèy ekaliptis osinon yon ti pomad Viks nan dlo cho a, men dlo cho pou kont li a bon.

2. **Pou tout kalite tous,** sitou tous chèch, nou ka ba yo ti siwo sa a:

brase ansanm:



Pran yon gwo kiyè chak dezèdtan osinon twazèdtan. **Pou timoun piti, osinon pou moun ki pa ka respire byen pa mete wonm ladan li.**

3- **Pou yon tous chèch ki rèd anpil ki pa ban nou kanpo pou nou dòmi**, nou ka pran siwo ki gen kodeyin ladan l (p.426), osinon yon ti melanj idrat kloral (p. 426) ladan li. Grenn aspirin ki gen kodeyin (osinon aspirin odinè a pou kont li konsa) ka bon pou sa. Si gen anpil flenm osinon souf li anlè, pa ba li kodeyin.

4. **Pou yon moun ki gen tous epi ki pa pran souf fasil**, wè Opresyon (p. 179) Bwonchit Kwonik (p. 182) (kap donnen) ak Pwoblèm Kè (p. 358).


5. **Chache konnen kilès maladi ki lakòz tous la pou nou ka trete li.** Si tous la rete lontan sou moun lan, si gen san, pi, osinon flenm ki santi lè li krache, osinon si moun lan pèdi pwa (pèz) osinon si toutan li pa respire fasil, wè ajann sante nan zòn lan.

6. **Depi nou touse, nenpòt kalite tous sa ye, sispann fimen.** Fimen donmaje anndan poumon yon moun.

Pou anpeche tous la antre sou nou, pa fimen.
Pou okipe tous la, okipe maladi ki lakòz la - epi pa fimen.
Pou kalma tous la, epi pou detache flenm lan, bwè anpil dlo - epi pa fimen.

KI JAN POU FÈ FLENM LAN SOTI NAN POUMON YON MOUN (POZISYON POU FLENM LAN KOULE SOTI DEYÒ):

Lè moun ki gen gwo tous sou li a se yon granmoun, osinon yon moun fèb ki pa ka detache tout lagoum osinon flenm ki sou lestonmak li, ba li bwè anpil dlo pou ede li. Epi, men sa pou li fè:



- Premye bagay, fè li respire vapè dlo pou dekole flenm lan.

- Apre sa, fè li kouche sou kabann li sou vant avèk tèt li epi lestonmak li pandye sou rebò kabann lan. Bat do li tou dousman. Sa va ede flenm lan desann sot deyò.

BWONCH (Bwonchit)

Bwonch lan se enfeksyon moun genyen nan ti tiyo ki mennen lè a antre nan poumon yo. Li fè moun lan gen yon vye tous sou li ak ral ki mache ak flenm. Nòmalman se yon viris ki bay maladi bwonch la, se poutèt sa antibyotik pa ka fè anyen. **Sèvi ak antibyotik sèlman si bwonch la depase yon senmenm epi moun lan pa refè**, osinon si nou ta wè se siy **nemoni** moun lan ap fè (wè paj apre a), osinon si li deja genyen yon **pwoblèm nan poumon kap donnen sou li.**

BWONCH KAP DONNEN SOU YON MOUN:

Siy:


- Yon tous ki gen flenm epi ki rete donnen sou yon moun pandan mwa e menm pandan lanne. Gen de lè tous la vin pi mal epi moun lan ka gen lafyèv. Yon moun ki gen kalite tous

sa a sou li, si li pa soufri maladi pwatrin osinon opresyon, nou mèt sèten li gen bwonch kap donnen an.

- Se sitou granmoun ki te konn fimen anpil ki trape maladi sa a.

- Li ka bay ***anfizèm,*** yon gwo maladi poumon ki pa gen gerizon pou li. Yon moun ki gen maladi sa a pa ka pran souf byen, sitou lè li fè yon ti egzèsis. Lè konsa, lestonmak li vin gwo tankou yon" ti barik".

"lestonmak ti barik"



Opresyon osinon bwonchit kap donnen ka bay anfizèm.

Ki sa pou nou fè pou trete li:

- Sispann fimen.

- Pran grenn pou opresyon ki gen efedrin osinon teofilin ladan l (p. 427)


- Moun ki gen bwonch toutan dwe sèvi ak anpisilin osinon tetrasiklin chak fwa li gripe osinon lè li anrimen epi li gen lafyèv.

- Si moun lan gen traka lè lap touse pou l detache flenm lan, fè li respire vapè dlo cho (p. 181), lèfini fè li pran pozisyon pou fè flenm lan koule a (wè p.182).



Si nou gen yon tous kap donnen sou nou

(osinon si nou pa vle gen tous konsa) pa fimen!



Nan paj 374 la, nap jwenn renmèd fèy pou bwonch ak tous.

NEMONI

Nemoni se yon gwo enfeksyon ki atake poumon moun. Moun pi vit genyen l apre yo te pase anba lòt maladi nan kannal lè yo tankou lawoujòl, koklich, grip, bwonchit, opresyon osinon nenpòt lòt maladi grav (wè paj 27).

Ki sa kap fè nou rekonèt se nemoni:

- Frison ak gwo lafyèv

- Souf moun nan wo epi li kout. Nou ka tande l fè ti ral osinon yon bri tankou yon siflèt kap soufle nan poumon li. Twou nen li louvri gran chak fwa lap pran souf.

- Lafyèv (lè se tibebe ki fenk fèt osinon granmoun ak moun ki fèb ki fè gwo nemoni, yo ka gen yon ti lafyèv. Konsa tou, yo ka pa gen lafyèv menm).

- Tous (anpil fwa li krache yon krache jòn, yon ti jan vèt; li ka menm gen san nan flenm lan).


- Doulè nan lestonmak kèk fwa.

- Lè nou gade moun lan, nou wè li malad anpil.

- Bouton lafyèv konn pete tout bò bouch li ak nan figi l (p. 251)

- Lè yon timoun malad anpil, si nou wè souf li anlè epi li pran souf depase 50 **fwa** nan yon minit, se ka nemoni li fè.

Si nou wè souf li rapid epi **gwo**, kontwole si se pa twòp dlo li manke (p. 161) osinon si li pap fè kriz (p. 24).



Ki sa pou nou fè pou trete nemoni:

- Pou ka nemoni, se pou nou sèvi ak antibyotik si nou vle sove lavi malad la. Bay penisilin (p. 402) osinon grenn silfonamid (p. 409). Lè ka a grav, ba li yon piki penisilin pwokayin (p. 404), granmoun 400.000 inite (250 mg) 2 osinon 3 fwa pa jou, osinon ba li anpisilin (p.), 500 mg. 4 fwa pa jou. Ba li aspirin osinon asetaminofèn (p. 422) pou desann lafyèv la ak soulaje doulè. Bay malad la bwè anpil likid. Si moun lan pa vle manje, ba li likid osinon sewòm oral (p. 162). Ba li anpil dlo pou kalma tous la epi pou dekole flemm lan sou lestomak li. Fè li respire dlo cho (wè paj 181). Fè li pran pozisyon pou rann flemm yo (wè p. 182). Si moun lan gen ral, yon ti renmèd pou opresyon tankou teofilin osinon efedrin ka ede li.


Pou timoun ki gen nemoni: Si timoun nan poko gen 2 mwa osinon si li gen plis pase laj sa a epi li gen gwo nemoni, voye li lopital san pèdi tan. Si se pa sa, timoun nan kapab trete lakay li. Ba li yonn nan medikaman sa yo pandan 5 jou: Amoksisilin an grenn osinon an siwo, piki Penisilin pwokayin osinon Penisilin G, Kotrimoksazòl (Baktrim) an grenn osinon an siwo. (Wè tablo ki nan paj 186 la pou dòz yo). Anpisilin pi bon pou timoun ki poko gen 5 mwa. Bay timoun piti 1/4 osinon 1/2 dòz granmoun lan. Bay timoun nan Asetaminofèn si li gen lafyèv ki depase 38,5 degre santigrad.

Pou evite: Timoun yo dwe pran vaksen kont Lawoujòl ak Koklich.

LAJONIS

Lajonis se yon viris (mikwòb) ki atake fwa moun. Atout gen moun ki rele li lafyèv jòn, (wè p. 26) lajonis pa fasil bay lafyèv, epi si li bay lafyèv, lafyèv la pa twò cho. Nòmalman, lajonis pa rèd pou timoun, men li pi grav pou granmoun.

Sa kap fè nou rekonèt li:



- Moun lan pa vle manje, li pa vle fimen. Li ka pase anpil jou san li pa manje anyen.

- Kèk fwa li ka santi yon doûlè sou bò dwat anba kòt li, bò kote fwa li.

Li ka gen lafyèv.

- Apre kèk jou, je li vin tou jòn.

- Depi li pran sant manje sa kont pou fè l vonmi.

- Pipi li vin fonse tankou Koka-Kola epi poupou li vin pi blan.

Pou pifò ka lajonis, moun lan ka byen mal pou de senmenn konsa epi sa ap kite l ak yon feblès kap bat li nan tout kò l pou yon (1) mwa rive twa (3) mwa apre sa.

Ki sa pou nou fè pou trete lajonis:

- Antibyotik pa ka fè anyen kont lajonis. **Pa sèvi ak renmèd menm,** paske gen renmèd ki ka donmaje fwa a plis toujou.

- Se pou malad la ret kouche epi pou l bwè anpil dlo ak lòt likid. Si li pa vle manje menm, ba li ji zoranj, ji papay, ak ji lòt fwi. Fè li pran an plis ti konsonmen poul, bouyon legim ki gen pwoteyin ladan yo (p. 116). Ba li ti vitamin. Sa ka ede l tou.

- Si lap vonmi, wè paj 172 pou rete vonmisman an.

- Lè malad la ka manje, ba li manje ki balanse pou ba li fòs ak pwoteyin. Pwa, vyann, poul ak ze bouyi bon anpil. Pa ba li manje ki gen twòp grès. Apre li fin geri se pou l pase kèk tan san li pa bwè kleren, **ni okenn bweson ki gen alkòl ladan yo.**

Nap jwenn renmèd fèy pou lajonis nan paj 378.

Prekosyon:

- Viris (mikwòb) lajonis lan soti nan poupou yon moun malad, li pase nan dlo osinon nan manje pou li rive nan bouch yon lòt moun. Pou nou pa bay yon lòt moun maladi a, se pou nou antere poupou moun malad la osinon boule poupou a, epi kenbe malad la pwòp. Moun kap okipe malad la menm gen pou lave men li byen lave chak fwa li fin pwoche bò malad la.

- Timoun piti konn gen lajonis, men nou ka pa wè sa. Atousa, yo ka bay lòt moun maladi a. Se yon bagay ki konsekan anpil pou tout moun nan kay la swiv tout ti konsèy sou jan pou yo kenbe kò yo ansanm avèk kote yap viv la pwòp (wè p. 142 rive paj 148).

ATANSYON: Nou ka trape lajonis si nou pran piki ak zegwi ki sèvi deja. Toujou sèvi ak sereng ak zegwi ki pou jete apre.

RIMATIS (DOULÈ NAN JWENTI, JWENTI ANFLE)


Pifò doulè granmoun gen nan jwenti yo (doulè rimatis) pa janm fin geri nèt. Men sa nou ka fè pou soulaje yo:

- **Repo.** Depi nou kapab, pa fè gwo travay di ni egzèsis ki twòp pou nou, kap fè jwenti nou yo fè nou mal pi rèd. Si doulè a ban nou lafyèv, sa bon pou nou fè yon ti dòmi lajounen.

- **Mete konprès cho** (twal mouye nan dlo cho sou jwenti kap fè nou mal la (wè p. 211)

- **Aspirin** ap soulaje doulè a. Kantite aspirin pou nou pran pou rimatis la pi gwo pase sa nou ta pran pou soulaje lòt kalite doulè. Pran 3 grenn aspirin 4 fwa pa jou. Si zorèy nou koumanse kònen, pran mwens. Pou nou evite gen pwoblèm ak lestonmak nou, pran aspirin lan antan nap manje, osinon ak lèt, osinon ak bikabonat, oubyen ak anpil dlo.

- Li bon pou nou fè ti **egzèsis** pou jwenti ki malad yo pa rete rèd, pou yo ka lache.



Si se yon sèl jwenti nan kò nou ase ki gen doulè epi ki cho, se kapab yon enfeksyon nap fè, sitou si nou gen lafyèv. Pran yon antibyotik tankou penisilin (wè p. 402), epi si nou kapab al wè yon ajann sante. Lè jennmoun ak timoun gen rimatis, se ka yon kout klòch pou di nou li gen yon lòt maladi ki pi konsekan, tankou lafyèv rimatis (p. 343) osinon tibèkiloz (p. 193).


Nan paj 379 la nap jwenn renmèd fèy pou rimatis.

Pou timoun ki gen nemoni

Laj	Kotrimoksazòl 2 fwa pa jou		Amoksisilin 4 fwa pa jou		Piki penisilin pwokayin osinon penisilin G yon fwa pa jou nan misk
	Grenn ki gen 400 mg silfametoksazòl ak 80 mg trimetoprin	Siwo ki gen 200 mg silfametoksazòl ak 40 mg trimetoprin nan 5 ml	Grenn 250 mg	Siwo 125 mg/5ml	
timoun ki poko gen 2 mwa	1/4	2,5 ml	1/4	2,5 ml	200.000 inite
timoun ki gen 2 rive 12 mwa	1/2	5 ml	1/2	5 ml	400.000 inite
timoun ki gen plis pase 12 mwa	1	7,5 ml	1	10 ml	800.000 inite

DOULÈ DO

Anpil bagay ka bay moun doulè nan do. Men kèk ladan yo:




Sa pou nou fè pou geri doulè do ak sa pou nou fè pou nou pa genyen l:


- Si se tibèkiloz, yon enfeksyon nan pipi osinon maladi nan fyèl ki lakòz doulè a, okipe geri maladi a anvan. Si nou sispèk yon maladi grav, chache wè doktè.

- Nou ka anpeche ti doulè nan do (tankou doulè moun ansent yo konn genyen an) vin sou nou, osinon nou ka anpeche yo vin pi mal si nou:


toujou kanpe dwat



dòmi sou bagay ki byen dwat tankou sa a




fè egzèsis pou plwaye do nou




- Pran aspirin, mete konprès dlo cho (p. 212), gen anpil chans pou sa kalma doulè a.

- Pou doulè nan senti ki vini paske nou leve yon bagay twò lou osinon paske nou fè yon foulay, men sa nou ka fè pou lache doulè a:

Fè moun lan kouche sou do ak yon pye li anba jenou l konsa:






Apre sa, peze zepòl sa a desann antan nap fòse pouse jenou sa a konsa, tankou si nou ta vle vire do moun lan.

Fè sa yon bò, epi fè l lòt bò a apre.


Atansyon: Pa fè sa si se tonbe nou te tonbe osinon si se kou nou te resewa.

- Si se lè nap leve kanpe osinon lè nap vire do nou nou santi yon doulè ki la tankou nou ta di se kout kouto yap ban nou, lè nou eseye bese, si doulè a desann nan janm nou, osinon si yonn nan janm nou yo mouri osinon vin fèb, sa se yon bagay ki grav anpil. Yonn nan nè ki soti nan do nou kapab al kwense nan mitan 2 ti zo ki fè rèl do nou an. Li ta pi bon lè nap kouche pou nou ret kouche plat atè pou kèk jou. Sa ka ede nou tou si nou mete yon bagay pou soutni anba jenou nou ak nan mitan rèl do nou.



- Pran aspirin, mete konprès dlo cho. Si doulè a pa ban nou kanpo apre kèk jou, chache wè doktè osinon al nan sant.

VARIS (VENN ANFLE)



Varis se lè venn yon moun anfle, yo gonfle epi yap fè l mal. Se sitou nan janm granmoun ak fanm ansent osinon fanm ki fè anpil pitit nou wè yo.

Men sa pou nou fè pou sa:


Pa gen renmèd pou varis (venn anfle). Men, si nou fè bagay sa yo, sa va ede nou.

- Pa ret kanpe lontan ni pa ret chita lontan ak pye nou pann anba. Si nou pa ka anpeche sa, si nou blije ret kanpe lontan osinon chita lontan, se pou nou eseye kouche tanzantan ak pye nou anlè. Dòmi ak pye nou anlè tou (sou yon zorye).

- Sèvi ak ba elastik yo fè espre pou sa, osinon bande janm lan ak yon bann elastik pou ede nou kenbe venn yo. Pa bliye wete yo aswè lè nal dòmi.

- Si nou okipe venn yo byen konsa, sa va anpeche nou vin gen maleng osinon ***java*** (wè p. 230) bò je pye nou. - Nan paj 379 nap jwenn renmèd fèy pou varis.

EMOWOYID



Se yon kalite varis nou gen bò twou dèyè nou. Venn yo soti tankou ti boul. Sa ka fè mal, men sa pa grav. Se lè yon fanm ansent li pi fasil genyen l epi apre li fin akouche, la l fè wout li poukont li.

- Si emowoyid la pete, li koumanse senyen epi li pa vle rete, nou ka rete san an si nou ka wete boul san kaye ki nan venn gonfle a. Nou ka sèvi ak yon pens pou wete plim sousi tankou sa a pou nou wete ti boul san kaye a. Men fòk nou bouyi pens la byen bouyi pou l byen pwòp.

- Konstipasyon ka bay moun emowoyid tou. Lè konsa, se pou nou manje anpil fwi ak manje ki gen fil tankou kasav ak manyòk dous.

- Dlo cho kapab soulaje tou.

- Lave twou dèyè nou ak dlo tyèd chak fwa nou sot watè.

- Si gen anpil gwo emowoyid, yo ka blije opere nou. Chache wè doktè osinon al nan dispansè.

PYE AK LÒT PATI NAN KÒ NOU KI ANFLE

Gen divès kalite pwoblèm ki ka lakòz pye yon moun anfle. Gen ladan yo se ti bagay san danje, gen lòt ki pi grav. Men si moun lan anfle nan figi osinon nan lòt pati nan kò li tou, se yon siy ki fè nou konnen ka a grav anpil.

Fanm ansent konn gen pye yo anfle sitou lè yo sou 3 dènye mwa yo. Odinèman sa pa grav. Sa rive yo paske pitit la peze sou venn ki sot nan janm yo. Sa anpeche tout san an moute nan kè a jan pou l ta moute a. Men, si men ak figi madanm ansent lan anfle tou, si l gen tèt vire, si l pa wè byen, osinon si li pa pipi kont li, sa vle di li gen yon maladi yo rele anpwazonman gwosès moun ansent (wè p. 275). Se pou l prese al nan sant wè doktè.

Granmounn ki ret chita anpil, ki kanpe yon grenn kote lontan konn gen pye yo anfle paske san yo pa sikile byen. Men pwoblèm kè osinon maladi nan ren ka bay granmoun pye anfle tou (wè p. 358 ak 254) .

Feblès (p. 132) ak malnitrisyon (p. 113) ka lakòz timoun gen pye anfle. Lè ka a grav, figi li ak men li yo ka anfle tou (wè kwatchòkò p. 118).

Men sa pou nou fè pou trete anflamasyon:

Pou nou fè anfle a desann, okipe maladi ki lakòz anflamasyon an. Pa sèvi ak anpil sèl, osinon koupe sèl nan manje. Bwè te ki fè moun pipi anpil.


Nan paj 375 la, nap jwenn renmèd fèy pou dlo nan kò.

Men sa nou ka fè tou lè pye nou anfle:

Pa chita lontan ak pye nou atè konsa, sa fè yo anfle pi plis.



Lè nou chita, mete pye nou anlè. Konsa anflamasyon an va desann. Chita konsa ak de pye nou anlè anpil fwa nan jounen an.




Dòmi ak pye nou wo konsa.




ÈNI

Yon èni se yon twou osinon yon chire ki fèt nan sak vant nou. Sa lakòz yon moso trip pase ladan l, li fè yon ti boul anba po a. Yon moun fasil gen èni lè li leve bagay ki lou osinon lè lap fè gwo jefò (tankou medam yo lè yap akouche). Men kèk ti bebe ki fèt ak èni (wè p. 351). Se nan lenn gason pi fasil gen èni. Glann anfle (p. 94) ka bay boul nan lenn tou.

Se bò la konsa nou jwenn èni an parèt,




epi nou ka santi l ak yon dwèt konsa.



Li vin gwo lè nou touse (osinon lè nou leve yon bagay.)

Se bò isit glann anfle yo parèt



epi yo pa vin pi gwo lè nou touse.

Men sa pou nou fè pou evite gen èni:

Leve bagay ki lou konsa



pa leve yo konsa.





Men sa pou fè pou nou viv ak yon èni:

- Evite leve bagay ki lou.
- Fè yon senti pou kenbe l anndan.

MEN YON SENTI ESPESYAL NOU KA FE POU SA :

Mete yon kousen isit la





pou li ka peze sou lenn nou sou pozisyon èni an.

Atansyon: Si èni an rete konsa li vin gwo epi li fè nou mal, eseye fè li tounen nan plas li. Pou sa, kouche sou do ak pye nou pi wo pase tèt nou epi peze tou dousman sou boul èni an. Si li pa vle antre, al nan sant osinon al wè doktè.

Si èni an fè moun lan mal anpil, si li fè l vonmi, epi si moun lan pa al watè, sa ka grav anpil. Sa ka mande opere. Prese wè doktè osinon al nan sant san pèdi tan. Tan nap tann lan, fè menm bagay ak pou apendisit (p. 101).

KRIZ

Lè yon moun pèdi konesans, lap bat kò l, osinon tout kò l pran tranble, lap voye pye, lap voye men, yo di li gen kriz. Sa sòti nan sèvo moun lan ki gen yon pwoblèm. **Gwo lafyèv** ak **dezidratasyon (manke dlo)** ka bay timoun kriz. **Mennenjit, lafyèv malarya nan sèvo** ak **pwazon** ka bay moun malad kriz tou. Yon moun ki gen kriz tanzantan ka soufri malkadi.

- Bat pou jwenn sa ki lakòz kriz la, epi trete maladi a si nou kapab.
- Si yon timoun gen lafyèv cho, desann lafyèv la lapoula ak dlo frèt (wè p. 81).
- Si timoun lan manke dlo, ba li yon lavman ak sewòm oral **dousman**. Voye chache konkou doktè osinon ajann sante. Pa janm ba li anyen pou l vale pandan kriz la.
- Si nou kwè lap fè yon kriz mennenjit (p. 200) koumanse tretman pou mennenjit la epi rele ajann sante an osinon doktè.
- Si nou sispèk se malarya nan sèvo li genyen, (p. 413), ba li piki klowokin (p. 413).

MALKADI (EPILEPSI)

Moun ki soufri malkadi, lè yo pa gen kriz, yo pa sanble moun malad. Lèfini, pa gen lè pou yo gen kriz la. Yo ka pase senmenn, mwa san fè kriz. Gen moun lè yo gen kriz, yo pèdi konesans, yo tonbe epi yap fè yon bann gwo mouvman ak kò yo, je yo vire lanvè. Lè kriz la pa twò fò, moun lan ka soule san tonbe, li fè kèk mouvman dwòl, osinon li aji yon ti jan dwòl. Gen fanmi ki pi fasil fè malkadi (ereditè). Konsa tou, sa ka soti nan donmaj ki ka rive sèvo moun lan lè li tap fèt, osinon nan gwo lafyèv kay timoun ak ze vè solitè ka l chita nan sèvo a (p. 153).

Malkadi pa yon enfeksyon, se pa yon maladi atrapan. Men pifò moun ki genyen l soufri avè l jouk yo mouri, timoun piti konn soti anba l apre yon tan.


Renmèd pou kwape malkadi yo:

Atansyon: Renmèd sa yo pa ka geri malkadi a; men yo ka anpeche moun lan gen kriz. Pifò moun ki gen maladi sa a fèt pou pran renmèd sa yo jouk yo mouri.

- Ya sèvi ak fenobabital pou kraze kriz la. Sa pa koute chè (wè p. 430).
- Difenilidantoyin ka sèvi lè fenobabital la pa bay rannman. Anpil fwa de medikaman sa yo ka mache ansanm. Sèvi ak dòz ki piti a pou anpeche kriz la vini (wè p. 430).

Sa pou nou fè lè yon moun gen kriz:

- Wete tout bagay bò kote l pou moun lan pa fè kò li mal. Si nou wè nesesite, mete yon bwa mayi osinon yon ti moso bwa woule nan twal nan mitan de ranje dan li pou li pa mòde lang li.
- Pa ba li anyen pou li bwè.
- Apre kriz la, moun lan ka lou epi li ka anvi dòmi. Kite l dòmi
- Si kriz la rete sou li lontan, ba li yon piki dyazepam *(Valyòm)* osinon fenobabital. Pou dòz pou ba li a wè p. 430. Si apre 15 minit kriz la pa sispann, ba li yon lòt dòz.



CHAPIT
14 MALADI GRAV KI MANDE ALE NAN DISPANSÈ

Nan chapit sa a nou pral fè yon rale sou maladi ki difisil pou geri osinon ki pa geri menm si moun lan pa ale nan dispansè. Pou anpil nan maladi sa yo, nou pa fasil ka jwenn renmèd ki bon pou yo andeyò. Ti renmèd fèy pa ka geri yo. Si yon moun lakay nou gen yonn nan maladi sa yo, chonje pi bonè se granm maten.


PI BONÈ LA L NAN DISPANSÈ, PLIS LI GEN CHANS POU L REFÈ.

ATANSYON: Anpil nan maladi nou wè nan lòt chapit yo ka vin grav tou, lè sa a se pou nou ale nan dispansè ak moun lan (wè p. 44 **pou siy kap fè nou rekonèt maladi grav yo**).

TIBÈKILOZ (TB, MALADI PWATRIN, MALADI TOUSE)

Maladi pwatrin se yon maladi ki ***trennen*** sou moun, lèfini ki ***atrapan***. Nenpòt moun ka trape l. Men se moun ki deja gen 15 an ak moun ki pako gen 35 an ki pi fasil trape l - sitou sa ki fèb yo, sa ki pa manje kont yo, osinon sa kap viv ak yon moun ki gen maladi a.

Maladi pwatrin se yon maladi ki ka geri, men se pa ti kras moun ki mouri ak maladi sa a chak lanne. Ni pou evite maladi a, ni pou tretman l, **li bon pou nou pran sa bonè**. Poutèt sa, nou fèt pou **konnen sentòm osinon ti siy ki pou fè nou wè moun ki gen maladi sa a, epi tou pou nou ouvri je nou pou yo.**



Siy maladi Tibèkiloz nou pi fasil wè:

- Yon touse ki pa vle rete, sitou lè moun lan fenk leve.
- Moun lan gen yon ti lafyèv chak apremidi, epi li swe lannwit.
- Li ka gen doulè nan kòf lestonmak osinon nan do l bò anwo.
- Chak jou moun lan ap pèdi pwa, lap vin pi fèb.

Lè ka a grav, osinon lè li sou moun lan depi kèk tan:

- Moun lan krache san (yon ti kras, pafwa anpil).
- Po li pèdi koulè l, li vin blenm.
- Vwa li anwe

Tibèkiloz se maladi nou jwenn pi fasil nan poumon. Men li kapab manje nenpòt ki kote nan kò moun. Kay timoun piti, li ka ba yo mennenjit (enfeksyon sèvo), (wè p. 200). Pou pwoblèm po tibèkiloz ka bay, wè p. 229.

Si nou kwè nou gen tibèkiloz:


Ale wè doktè. Kou nou wè yon ti siy ki ta vle di nou gen maladi a, ale nan dispansè kote si se posib yo ka fè radyografi pou nou, epi yo ka fè analize krache nou pou wè si nou fè maladi pwatrin lan osinon si nou pa fè l. Yo ka fè tès nan bra pou timoun ki pa ka fè analiz krache. Gen anpil peyi kote leta bay renmèd tibèkiloz gratis. Mande nan dispansè a. Ya ban nou de, osinon twa nan medikaman sa yo:

- Piki estreptomisin (p. 410)
- Grenn Izonyazid (I.N.H) (p. 410)
- Grenn Tyasetazòn (p. 411) ak INH (Tyazina)
- Grenn Etanbitòl (p. 411)

Se pou nou pran medikaman yo jan yo di pou nou pran yo a. Pou pi piti, fòk nou pran 2 nan medikaman sa yo anmenmtan. (Pou prekosyon pou nou pran ak danje ki gen nan medikaman sa yo, wè p. 410 ak 411).

Se pou nou pran medikaman sa yo jouk moun nan dispansè yo di nou, nou geri. Pa sispann pran medikaman yo paske nou santi nou pi byen. **Pou geri maladi pwatrin, sa pran yon lane.**

Manje byen si nou kapab: manje anpil manje ki gen pwoteyin ak vitamin epi manje ki bay fòs tou (p. 116, 117).



Se pou nou poze kò nou mezi nou kapab. Rete kouche sou kabann nou. Sispann travay, pa leve ni lou ni lejè jouk nou koumanse santi nou pi byen. Apre sa, lè nou reprann travay nou, fòk nou pa travay twòp pou nou pa bouke epi pou nou pa ka respire byen. Bat pou nou poze kò nou epi pou nou dòmi kont nou.

Lè nou gen tibèkiloz nan lòt pati nan kò nou, se pou nou trete sa menm jan ak tibèkiloz nan pwatrin nou. Pou timoun ki gen tibèkiloz nan zo do yo , doktè ka blije fè yo operasyon pou yo pa vin paralize.

Yon moun ka bay yon lòt maladi tibèkiloz si li pa trete osinon si li pa pran medikaman yo jan yo di pou li pran yo. Moun ki rete nan menm kay ak yon moun ki pwatrinè, sitou timoun, gen plis chans pou yo trape maladi sa a .

Lè nou gen tibèkiloz, se medikaman yo ki pi enpòtan pou nou jwenn gerizon.

Si yon moun nan kay la gen tibèkiloz :

- Fè tout fanmi an al fè tès pou tibèkiloz nan dispansè.

- Fè tout timoun yo pran vaksen tibèkiloz la (B.C.G).
- Tout moun, sitou timoun yo dwe manje kont manje ki gen nanm pou kò yo (wè p. 116).
- Moun ki pwatrinè, toutotan li gen tous la ak li fèt pou manje apa, li dwe dòmi pou kont li tou si posib nan yon chanm apa.
- Se pou l kouvri bouch li lè lap touse, epi se pa pou li janm krache atè.
- Depi nou sispèk yon timoun pwatrinè, osinon si li gen yon grip ki chita 2 senmenn sou kòf lestonmak li, pa mize, mennen l nan dispansè.
- Okipe maladi a lamenm. Yon moun ki geri pa ka bay yon lòt maladi a ankò.

Pran bonè, swiv tout tretman an nèt si nou vle evite maladi a gaye.

LARAJ



Laraj se yon maladi nou pran lè yon bèt ki anraje mòde nou, se ka yon chen, yon chat. Gen lòt kalite bèt toujou tankou chòvsourit ki ka bay maladi sa a tou.

Sak fè nou rekonèt maladi laraj:

Kay yon bèt:

- Li yon jan dwòl, yon lè li kagou, yon lè li pa konn kote poul met kò l, li eksite fasil.
- Li gen kim nan bouch li, li pa ka manje, li pa ka bwè.
- Yon lè li fou, li mòde tousa ki bò kote l, te mèt bèt osinon moun.
- Sou 5 osinon 7 jou bèt la mouri.

Kay yon moun:

- Kote bèt la mòde l la ap fè l mal, lap grate l.
- Li pa ka vale byen, gòj li ap fè li mal. Anpil krache pwès ki kole tankou lakòl nan bouch li.

- Gwo kriz nè ki pran li tanzantan, apre sa, li rete byen dousman.
- Lè li prèt pou mouri, lap fè gwo kriz (bat kò l) epi lap paralize.

Si nou kwè yon bèt ki mòde yon moun gen laraj, men sa pou nou fè:

- Mare bèt la osinon fèmen li nan kalòj pou yon senmenn.
- Netwaye kote li mòde moun lan ak gwo dlo, ak savon epi ak dlo oksijene. Pa fèmen blese a, kite l louvri.
- Si bèt la mouri anvan senmenn lan pase (osinon si yo touye bèt la, osinon si yo pa ka pran l), mennen moun li te mòde a nan dispansè touswit pou yo ka ba l piki sewòm pou kraze laraj la.

Premye siy laraj la pap parèt sou moun lan anvan 10 jou apre bèt la te mòde li a. Konsa tou li ka parèt sou dezan, men li pi fasil parèt sou twa osinon sèt senmenn apre mòde a. Se pou nou koumanse tretman an anvan nou wè premye siy maladi a parèt sou moun lan. Si nou kite maladi a gen tan pran pye sou moun lan, pa gen anyen nou ka fè pou li ankò, lap mouri.

- Lè nou sispèk yon bèt anraje, touye l, epi antere l (osinon mare l nan kalòj pou yon senmenn).

- Bay konkou nou nan pwogram pou vaksinen chen.

- Pa kite timoun pwoche bò kote yon bèt ki kagou, ki yon ti jan dwòl.

Fè atansyon lè nap okipe yon bèt ki kagou osinon kap fè bagay ki dwòl. Menm si li pa mòde pèson, bav li ka bay laraj si li tonbe sou yon blese osinon yon kòche yon moun genyen.

TETANÒS (MALADI KÒ RÈD)


Maladi tetanòs la soti nan yon mikwòb kap viv nan poupou bèt osinon nan poupou moun ki pase antre nan kò yon moun kote moun lan gen ti blese. Blese ki fon epi ki sal, se danje.

Blese ki pi fasil bay maladi kò rèd la:

lè bèt mòde nou, sitou chen ak kochon



lè nou blese ak bal fizi osinon ak kouto



twou yo fè ak zegwi ki sal



blese nan fil fè



lè pikan, klis bwa, mòso boutèy osinon klou wouye pike nou




Men sa ki konn bay tibebe tetanòs:

Mikwòb tetanòs la antre nan ***kòd lonbrit*** tibebe a lè manke pwòpte osinon lè yo pa pran kont prekosyon. Men bagay ki ka fè l pran tetanòs pi fasil...


- lè manman an pa vaksinen
- lè kòd lonbrit la koupe ak yon bagay ki pat byen bouyi osinon ki pat pwòp
- lè kòd la pat koupe toupre kò tibebe a (wè p. 290) osinon lè yo kite l mouye.

LÈ KÒD LONBRIT LA KOUPE BYEN LONG TANKOU SA A, LI GEN PLIS CHANS POU L BAY TETANÒS.



Ki sa kap fè nou rekonèt yon moun gen tetanòs:

- Yon blese ki enfekte (se pa tout lè nou ka wè blese a).
- Li pa alèz, ni li pa ka vale byen.
- Machwè l koumanse sere, apre sa venn nan kou li ak nan tout kò li koumanse rèd.
- Tanzantan machwè li sere, yap fè li mal. Bout pou bout kriz la mache jouk li pran tout kò a. Si nou deplase moun lan osinon si nou manyen l, sa ka ba l yon ***kriz*** konsa:



Eri ki fè l sote osinon gwo limyè ka ba li kriz sa yo.

Kay tibebe ki fenk fèt, siy tetanòs la parèt lè tibebe a gen ant 3 jou ak 10 jou depi li fèt. Lè konsa pitit la ap kriye san rete epi li pa ka tete. Tout bò lonbrit li sal, li konn gen enfeksyon. Apre yon bon ti tan osinon kèk jou, machwè l koumanse sere epi lap fè kriz yo tanzantan jouk tout kò li rèd.

Sa konsekan anpil pou nou koumanse tretman tetanòs la depi nou wè premye siy yo. Si nou sispèk se tetanòs moun lan genyen, osinon si yon tibebe kriye san rete, osinon si li pa vle tete, fè tès sa a pou li:

TÈS REFLÈKS JENOU AN


Kenbe janm lan anba anba konsa. Ba li yon kou anba zo kakòn jounou an.



Si janm lan vole yon ti kras, li nòmal.



Si janm lan vole wo, nou mèt sèten li gen yon maladi grav tankou tetanòs (osinon mennenjit osinon li dwe pran pwazon nan yon medikaman osinon nan pwazon rat.)



Tès sa a ap ede nou anpil lè nou sispèk yon tibebe ki fenk fèt gen tetanòs.

Sa pou nou fè lè nou wè siy maladi tetanòs yo:

Tetanòs se maladi ki mennen lanmò fasil. Chache konkou nan dispansè osinon kay doktè lè nou wè premye siy yo. Si nou pa ka jwenn doktè touswit, men sa pou nou fè:

- Egzaminen tout kò moun lan pou wè si l gen blese enfekte osinon yon maleng. Blese a ka gen pi ladan li. Louvri blese a, lave li ak savon epi ak dlo bouyi; wete tout kras malpwòpte, postim, pikan, klis bwa. Lage bonkou dlo oksijene ladan l si nou genyen.

- Ba li yon piki penisilin pwokayin, yon milyon inite lamenn. Apre douzèdtan (12) ba li yon lòt piki (p. 403). Pou tibebe ki fenk fèt, penisilin kristalin lan pi bon. Si pa gen penisilin, sèvi ak yon antibyotik tankou tetrasiklin.

- Si nou ka jwenn **sewòm antitetanik**, ba li 40.000 rive 50.000 inite. Atansyon pou nou pran tout prekosyon nou fèt pou pran (wè p. 75).

- Toutotan moun lan ka vale, ba li manje manje likid ki byen balanse pou l bwè ti gout tanzantan.

- Pou kontwole kriz yo, ba li yon piki fenobabital (wè p. 430 pou kantite a) osinon ba li dyazepam (**Valyòm**, p. 431). Pou granmoun, ba li 10 osinon 20 mg pou koumanse epi ba li enpe plis si nou wè nesesite.

- Pa manyen moun lan, ni pa deplase l san nesesite. Evite bri ak gwo limyè.

- Si nou kapab, sèvi ak yon **tib kawotchou** na mete nan tèt yon sereng pou nou rale flenm nan nen li, nan gòj li, pou l ka pran souf pi byen.

Ki jan pou nou evite tetanòs:

Menm nan pi bon lopital, mwatye nan moun ki pran tetanòs mouri. Li pi fasil pou nou evite pran tetanòs pase pou nou geri lè nou genyen l.

Vaksen: Se pi bon pwoteksyon nou ka genyen pou tetanòs. Timoun kou granmoun dwe pran vaksen an. Fè tout fanmi nou al pran vaksen nan dispansè osinon nan sant ki nan zòn lan (wè p. 156). **Lè yon fanm ansent pran vaksen pou tetanòs, sa ap anpeche tibebe ki fenk fèt la pran tetanòs** (wè p. 275).

- Lè nou gen yon blese, sitou yon blese ki sal, ki fon, se pou nou netwaye l epi se pou okipe l jan yo di l nan paj 95 la.

- Si blese a gwo anpil, si li fon anpil, epi si li sal anpil tou, al nan dispansè. Si nou pat pran vaksen tetanòs la, pran penisilin. Li ta bon pou nou ta chache pran yon piki antitetanik.


- Kenbe timoun ki fenk fèt yo pwòp, sa enpòtan anpil nan koze anpeche tetanòs la. Bagay nou sèvi pou koupe kòd lonbrit la dwe byen pwòp (wè p. 290). Kòd lonbrit la dwe koupe kout, lèfini kenbe lonbrit la byen pwòp, epi byen chèch.

KÒD LONBRIT TIBEBE SA A TE KOUPE KOUT, YO PA KITE LONBRIT LA MOUYE EPI YO PAT METE ANYEN DWÒL SOU LI.



LI AN SANTE.

KÒD LONBRIT TIBEBE SA A TE KOUPE LONG, YO METE FIL ZARENYEN SOU LI EPI YO PA CHANJE BANN LAN LÈ LI MOUYE, YO PA KENBE L CHÈCH.




LI MOURI AK TETANÒS.

MENNENJIT (enfeksyon sèvo)

Sa a se yon kalite enfeksyon nan sèvo ki grav anpil. Nou fasil jwenn li nan timoun. Li ka koumanse tankou konplikasyon yon lòt maladi tankou lawoujòl, malmouton, koklich osinon yon enfeksyon zorèy. Pitit yon fanm ki gen tibèkiloz ka pran mennenjit la nan premye mwa yo apre li fin fèt.

Sa kap fè nou rekonèt mennenjit la:



- Lafyèv.
- Gwo tèt fè mal.
- Kou rèd. Pitit la parèt malad anpil, li kouche ak tèt li kase sou dèyè konsa.
- Rèl do li rèd, nou pa ka mete tèt li nan mitan de janm li yo.
- Si tibebe a poko gen ennan, fontenn tèt li (kote ki pi mou anwo tèt la) moute gonfle.
- Li ka gen vonmisman tou.
- Li toutan bezwen dòmi.
- Gen de lè li fè kriz osinon lap fè mouvman dwòl ak kò li.
- Konsa konsa pitit la vin pi mal, pi mal jouk li pèdi konesans.
- Mennenjit ki soti nan tibèkiloz pran tan pou l devlope, li ka pran jou, li ka pran senmenn. Lòt kalite mennenjit yo pran pi vit. Se bagay yon ti moman.

Tretman:

Pa rete ap gade maladi a, kouri mennen l lopital osinon rele doktè anvan li twò ta. Tan nou ap tann lan:

- Ba li yon piki anpisilin 500 mg. chak katrèdtan (4) (wè p. 404) osinon penisilin kristalin 1.000.000 inite chak katrèdtan (4) (wè p. 404).

- Si li gen gwo lafyèv ki depase 40 degre, ba li aspirin osinon asetaminofèn (wè p. 421 ak 422) pou bese lafyèv la, osinon mete twal mouye nan dlo frèt sou li.

- Si manman an gen tibèkiloz osinon si nou gen lòt bon rezon pou nou sispèk timoun nan gen tibèkiloz nan sèvo, epi ale lamenm wè doktè. Si enfeksyon sèvo a se pa tibèkiloz ki bay li, ba li piki anpisilin osinon penisilin .

Prekosyon:

Pou anpeche pitit yon fanm ki gen tibèkiloz pran tibèkiloz nan sèvo, se pou nou ba yo vaksen BCG kou yo fèt. Pou tibebe ki fenk fèt, ya ba li 0,05 ml. (mwatye dòz nòmal la 0,1 ml). Pou lòt prekosyon pou nou pran ak tibèkiloz, wè paj 193 ak paj 194.

MALARYA

Malarya se yon enfeksyon nan san ki ban nou lafyèv ak frison. Se yon kalite marengwen ki mache bay moun parazit malarya a. Lè li pike yon moun malad, li souse parazit malarya ki nan san moun lan. Apre sa, lè li pike yon lòt moun, li mete parazit yo nan kò moun lan.


Sa ki fè nou rekonèt malarya:

- Lè nap fè kriz malarya, nou santi sekous maladi a chak 2 osinon 3 jou. Kriz la menm ka pran yon bon ti tan, men ki jan li devlope:

1. Li koumanse ak frison, maltèt. Moun lan vin frèt osinon li pran tranble. Sa ka dire yon kadè jouk inèdtan konsa.

2. Apre frison an pase, lafyèv di men mwen. Yon lafyèv cho ki 40 degre osinon plis. Moun lan fèb, po li vin wouj, epi lap depale. Lafyèv la ka rete lontan sou li.

3. Lè kriz la pral fini, moun lan koumanse swe epi lafyèv la tonbe. Apre yon kriz lafyèv konsa, moun lan santi l fèb, men li pa santi l malad.



- Malarya konn bay lafyèv chak 2 osinon 3 jou (dapre kalite malarya nou genyen an). Men, lè nou fèk pran li, li ka ban nou lafyèv chak apremidi. Sou timoun piti ak sou moun ki fè malarya deja, li ka pa parèt jan nou di l la a. Se poutèt sa, nenpòt lè yon moun gen lafyèv li pa konn sak ba li l, se pou l fè yon analiz san pou malarya.

- Moun ki toutan ap soufri malarya yo vin gen gwo ***larat***, epi yo soufri anemi (san yo dlo).

Analiz ak tretman:

- Si nou kwè se malarya nap fè osinon si nou gen yon lafyèv kap ale vini, ale nan dispansè pou yo fè yon analiz san pou nou.

- Si pa gen dispansè pre lakay nou, pran klowokin osinon nenpòt grenn lafyèv malarya nou wè ki pi bon pou zòn lan. Pou klowokin lan, sèvi ak grenn ki gen 150 mg. Granmoun va pran 4 grenn pou koumanse, 3 grenn demen maten epi 3 grenn apre demen maten. Sa fè 10 grenn klowokin. Wè paj 413 pou dòz pou timoun.

- Si apre nou pran klowokin lan, nou fè yon ti refè, men nou wè lafyèv la rekoumanse apre kèk jou, nou ka bezwen yon lòt renmèd, tankou primakin. Mande konsèy nan dispansè a.

- Si yon moun ki soufri malarya koumanse ap fè kriz osinon li bay lòt siy sèvo l atake (p. 200) lè sa a li ka gen ***malarya nan sèvo***, ale wè doktè lamenm. Pou piki klowokin (wè p. 413).

- Pran aspirin pou kalma doulè a.


- Bwè anpil dlo, anpil ji, anpil bouyon, menm si bouch la pa gou.


KI JAN POU NOU EVITE MALARYA:

Malarya se maladi yo jwenn nan anpil peyi kote ki fè cho sou latè a. Si tout moun kole zepòl ansanm, yo ka rive kontwole li. Tout mwayen kontwòl sa yo, se pou nou fè yo tout ansanm, anmenmtan.

1. Pa kite marengwen pike nou. Dòmi kote ki pa gen marengwen osinon anba dra.


Kouvri kabann tibebe yo ak yon moustikè osinon yon ti twal fen fen.






2. Bay ajan yo tout konkou nou kapab lè yo vin nan bouk nou an. Di yo si gen moun nan fanmi an ki gen lafyèv epi kite yo pran san pou analiz.

3. Si nou kwè nou gen malarya, pran renmèd lapoula. Apre nou fin pran renmèd, marengwen ki mòde nou pap ka bay lòt moun malarya.






4. Detwi tout marengwen ansanm ak ***pitit yo***. Marengwen peple nan dlo ki dòmi. Netwaye tout ma dlo, tout twou, tout ti mamit, mòso vesèl, po lanbi, po kokoye, kawotchou machin ki kenbe dlo. Chache tout basen dlo ak marekaj kote marengwen al ponn, osinon vide lwil ladan yo. Si nou sèvi ak banbou pou fè lantouraj, fè timoun yo plen twou yo ak sab.


5. Nou ka anpeche malarya a antre sou nou, osinon nou ka kraze fòs li, si chak lè nou pran grenn pou lafyèv malarya (ale wè nan paj 412 rive 414, kote na jwenn sa pou nou fè).

6. Pou evite fanm ansent yo fè malarya, ba yo de grenn 150 mg. klowokin chak semenn pandan tout gwosès la.

MALADI CHABON

Se yon mikwòb ki bay maladi chabon an. Mikwòb sa a lage yon pwazon (toksin) nan kò a. Se yon maladi bèt ka genyen, moun kapab trape maladi a nan bèt ki malad. Moun ki malad la kapab bay lòt moun maladi a tou.





Bèt ki konn gen maladi sa a se chwal, bèf, mouton, kabrit, kochon. Nou jwenn maladi sa a sitou lè gen gwo chalè.

Ki jan nou kapab sispèk yon bèt gen maladi chabon?

- Ti boul dlo leve sou kò bèt la
- Lang bèt la vin tou nwa
- Bèt la pa vle manje, li pa vle bwè.
- Lè bèt la mouri san nwa soti nan dèyè l

Ki jan moun kapab trape maladi chabon?

Se nan kòche bèt ki gen mikwòb la, nan manyen po bèt sa yo, nan manyen zo yo osinon san bèt la, jèm maladi a ka antre nan po moun nan si li gen yon ti kòche, yon ti blese.

Twa (3) jou apre mikwòb la antre nan kò moun nan, ti boul dlo (dife volan) vin parèt, li pran gwosi epi li vin fè yon kwout tou nwa ki viwonnen ak ti boul dlo. Li ban nou yon ti lafyèv.

Nan moman sa a, si moun nan jwenn yon bon tretman antibyotik maladi a pap pouse pi lwen.

Si se pa sa, maladi a pral laji sou moun nan, lap bali anflamasyon, boul dlo yo ap vin pi gwo jou an jou.

Maladi chabon an gen dwa anvayi poumon (fwa mou) yo tou. Lè sa a li parèt tankou bwonkonemoni. Kèk fwa li ka atake sèvo a tou (mennenjit, ansefalit).

TRETMAN:

Maladi chabon se yon maladi ki grav. Tretman li fèt ak antibyotik sitou ak piki penisilin osinon estreptomisin. Fòk tretman an pouswiv pandan 2 senmenn pou pi piti.

Pou evite maladi chabon:

- Depi nou sispèk yon bèt gen maladi chabon, pa kite l ak lòt bèt yo. Si nou pa gen mwayen pou nou ba li gwo dòz antibyotik, se pou nou touye li epi evite manyen l.
- Fouye yon twou byen fon pou mete bèt la, vide lacho sou li.
- Lè nou fin entere l, vide lacho anwo tè a. Si nou pa gen lacho boule bèt la.
- Si nou sispèk se maladi chabon ki touye yon bèt, fè ajan veterinè osinon agwonòm zòn nan konn sa.
- Tout bèt (chwal, kochon, kabrit, bèf, mouton) ta dwe pran vaksen kont maladi chabon chak lanne.


LAFYÈV TIFOYID

Tifoyid se yon enfeksyon nou gen nan trip ki fè tout kò a vin malad. Men jan tifoyid gaye: li soti nan watè moun malad, li pase nan manje ak dlo epi li antre nan bouch moun ki gaya. Lè konsa sa bay **epidemi** (anpil moun malad ansanm). Nan tout kalite lafyèv ki genyen (wè p. 26), se tifoyid la ki gen plis danje.

Siy:

Premye senmenn:

- Li koumanse tankou yon grip.
- Tèt fè mal ak gòj fè mal.
- Lafyèv la fè yon ti moute chak jou jouk li rive 40 degre osinon plis.
- Kè moun lan bat pi dousman pase pa yon moun ki gen yon lòt kalite lafyèv. Konte batman kè li, pran tanperati li chak demiyè. **Si chak fwa kè a bat pi dousman epi lafyèv la menm plede ap moute, se ka tifoyidmoun lan ap fè** (wè p. 26)
- Pafwa gen vonmisman, dyare osinon konstipasyon.



Dezyèm senmenn:

- Gwo lafyèv, kè a bat twò dousman pou degre lafyèv lap fè.
- Tach wouj ka parèt sou tout kò a.
- Tranbleman
- Moun lan depale (li pa ka kalkile, pawòl li pa vle di anyen).
- Li fèb, li pèdi pwa, li manke dlo nan kò li epi li ka mouri.

Twazyèm senmenn:

- Si pa gen konplikasyon, chak jou lafyèv la ak lòt siy yo ap desann jouk yo disparèt nèt.

Tretman:

- Chache wè doktè.
- Ba li kloramfenikòl (wè p. 408) pou granmoun: 3 grenn 250 mg 4 fwa pa jou. Si nou pa gen kloramfenikòl, sèvi ak anpisilin. Si nou pa gen anpisilin, sèvi ak tetrasiklin.
- Fè lafyèv la tonbe. Pou sa, mete twal mouye ak dlo frèt sou tout kò li (wè p. 81).
- Ba l anpil likid pou l bwè: dlo, soup, ji, tizann, sewòm oral pou l pa pèdi tout dlo li.
- Ba l manje ki balanse ki pa gen twòp grès, ba li manje ki likid si l pa ka manje. Li pa dwe bwè alkòl ak kleren.
- Se pou moun lan rete nan kabann li jouk lafyèv la desann nèt. Chanje dra kabann lan pi souvan.
- Si moun lan watè ak yon ti san, osinon si nou wè siy enfeksyon nan vant (p. 101) osinon nemoni (p. 183), kouri lopital avè l. Pa mize.

Ki jan pou nou evite tifoyid:

- Pou evite tifoyid, se pou nou pran anpil prekosyon pou nou pa kite dlo ak manje nou kontamine ak poupou moun. Nou dwe lave men nou ak savon chak fwa nou soti nan watè epi lè nou pra l manje. Swiv tout konsèy nou te bay nan Chapit 12 sou jan pou nou kenbe kò nou ak katye bò lakay nou pwòp. Fè latrin epi sèvi ak yo. Fòk gen yon bèl distans ant kote nou fè latrin lan ak kote moun pran dlo pou yo bwè.

- Tifoyid parèt pi fasil apre siklòn, inondasyon ak lòt gwo malè konsa. Lè sa yo, se pou nou fè plis atansyon ankò avèk pwòpte. Se pou nou sèten dlo nou bwè a pwòp. Si gen moun nan zòn bò lakay nou ki gen tifoyid, se pou nou bouyi dlo nou bwè. Gade sa ki ka kontaminen dlo ak manje nou.

- Pou anpeche lafyèv tifoyid la gaye, se pou moun malad la rete nan yon chanm apa. Pèsonn pa dwe bwè ni manje nan veso li sèvi. Fòk nou boule watè moun malad la osinon mete li nan yon twou byen fon. Moun kap okipe li a fèt pou lave men yo byen lave lè yo fin okipe l.

- Moun ki te gen tifoyid, menm lè yo refè, yo ka gen mikwòb la nan kò yo. Konsa, fasil yo ka bay yon lòt moun li. Se pou yo pran anpil prekosyon ak pwòpte kò yo. Se pa pou yo travay nan restoran ni kote ki okipe manje. Pou moun ki gen jèm maladi a nan trip yo toujou apre yo refè, se anpisilin ki bon pou dechouke maladi a sou yo.


LALÈP

Se yon maladi ki pran anpil tan (de twa lanne) pou li devlope kay yon moun, Men lè li parèt li rete chita lontan sou li. Li pa fasil soti sou yon moun pou ale sou yon lòt. Men moun ki rete lontan an kontak ak yon moun ki genyen l ka trape li.

Siy kap fè nou rekonèt li:

- Se pa tout moun ki pote menm rezistans ak maladi a. Konsa, pou chak moun li yon ti jan diferan.

- Premye siy la **se lè moun lan pa santi anyen**. Sa vle di si nou pike li, li pa briding, si li boule nan dife li pa menm santi sa. Se nan men ak nan pye li koumanse pa sansib.




Gen anpil kalite siy ki ka parèt sou po li:

- Pou yonn, yon kalite gwo tach blanch tou won tankou pyas, men tout andedan an mò.

- Pou de, venn nè yo gonfle, yo kòde anba po a san yo pa fè mal.

- Pou twa, gwo maleng ki pa fè mal, ki pa grate.

Gen yon kalite lalèp se nan figi moun li parèt. Po figi a vin pwès li fè boul boul, fèy zorèy yo vin pwès tou, yo vin kare kare, pwal sousi yo tonbe yonn apre lòt.





MEN KÈK SIY MALADI LALÈP

- Lè maladi a la lontan sou moun lan, men l ak pye l yo ka paralize, yo pran fòm zago zannimo. Dwèt yo ak zòtèy yo vin tou kout, jouk men yo osinon pye yo vin ti bout monyon.


Men sa pou nou fè pou moun ki gen lalèp:

Se yon maladi ki ka geri, men se pou moun lan pran renmèd pandan lontan. Pi bon renmèd la se silfòn yo (wè p. 412). Si antan lap pran renmèd la nou wè lap fè lafyèv, li gen gratèl, men li ak pye l yo ap fè li mal, yo ta vle anfle, osinon li ta gen pwoblèm je, se pou l toujou pran renmèd yo, men se pou l chache wè doktè.

Prekosyon pou moun malad la pran ak men li epi ak pye li:

Nou wè anpil moun ki gen maladi lalèp gen gwo maleng, men yo ak pye yo tounen bout monyon. Se pa maladi a ki lakòz sa. Nou ka pran prekosyon lè nou gen maladi a pou sa pa rive nou. Sa rive paske men nou ak pye nou mò. Konsa, lè nou frape yo osinon lè nou blese yo, nou pa okipe yo jan pou nou ta okipe yo, paske yo pa fè nou mal.


Se konsa, pran yon moun ki pa malad, si li mache lontan lap koumanse gen zanpoul, yo fè l mal, lè sa a lap rete osinon lap bwete. Doulè a fè l pwoteje pye li pou li pa vin pi mal. Men, yon moun ki gen lalèp, li pap santi okenn doulè, lap mache sou pye li yo alèz. Lè sa a zanpoul yo pete, yo tounen gwo blese. Enfeksyon mete pye. Men, paske li pa santi anyen, li pa okipe sa. Li pa pran renmèd. Enfeksyon an gaye jouk li rive manje zo yo. Se konsa men yo ak pye yo donmaje. Men, avèk anpil prekosyon nou ka evite sa:





1- Pwoteje men nou ak pye nou pou anyen pa koupe yo, ni frape yo, ni blese yo, ni boule yo:

Pinga nou mache pye atè, sitou kote ki gen wòch pwenti osinon pikan. Mete soulye osinon sapat nan pye nou. Mete yon ti kousen nan soulye a osinon anba kòd sapat la pou yo pa fwote sou pye nou.



Lè nap travay ak men nou, osinon lè nap fè manje, mete gan nan men nou. Anvan nou ranmase yon chodyè osinon nenpòt bagay ki cho se pou nou pwoteje men nou ak yon gwo gan byen pwès osinon ak yon mòso twal ploye. Si posib, evite tout travay kap blije nou sèvi ak zouti ki gen pwent osinon ak bagay cho. Pinga nou fimen.

2- Chak swa Bondye mete (pi souvan menm si nap travay rèd osinon si nap mache anpil), gade men nou ak pye nou yo byen osinon fè yon moun gade yo pou nou. Chache mak koupe, anflamasyon, osinon pikan (ak klis bwa). Chache si pa gen kèk kote nan men nou ak nan pye nou ki wouj, ki cho, ki anfle osinon kap koumanse fè bouton, osinon zanpoul. Si nou jwenn yonn nan bagay sa yo, fè men an osinon pye a poze jouk po a geri. Konsa po nou ap vin pi di, pi fò, pase pou li kouvri ak zanpoul epi blese. Nou ka evite maleng tou.

3- Si nou gen yon maleng deja, netwaye li byen pwòp, poze pati a jouk li geri nèt. Apre sa, pran anpil prekosyon pou nou pa blese menm kote sa a ankò.

Si nou fè bagay sa yo, epi si nou koumanse tretman maladi a bonè...

Nou ka evite pifò nan donmajman ki ka rive moun ki gen lalèp.

CHAPIT 15 MALADI PO

Gen maladi po se po a ase ki malad, tankou pyas, chofi kouchèt, osinon veri (bouton chen). Men gen maladi po nou ka genyen, se yon siy yo ye pou di nou se kò nou menm ki malad, tankou bouton, lawoujòl, osinon tach pelag (malnitrisyon). Gen lòt maladi po osinon bouton ki ka yon siy pou fè nou konnen nou gen yon maladi grav sou nou: tankou maladi tibèkiloz, sifilis osinon lalèp.

Nan chapit sa a nap fè yon koze sou maladi po nou kontre pi fasil nan zòn andeyò. Chonje, gen depase san (100) kalite maladi po. Gen ladan yo ki sanble anpil, nou fasil pran yonn pou lòt. Men anpil maladi ka bay menm siy yo. Konsa renmèd ki bon pou yonn pa bon pou lòt la.


Si nou gen yon maladi po ki grav,
osinon kap vin pi mal malgre tousa nou fè, chache wè doktè.

MEN KI JAN POU NOU SWEN MALADI PO

Atout gen anpil maladi po ki mande yon tretman espesyal, men kèk ti konsèy pou nou swiv ki ka toujou ede nou.


PREMYE RÈG

Si kote po a malad la **cho**, si li fè mal, se pou nou kenbe l cho. Mete yon twal mouye cho sou li ***(konprès cho).***



DEZYÈM RÈG

Si kote po a malad la ap grate nou si lap pike nou tou, si lap bay sòs, se pou nou kenbe l **frèt**. Mete yon twal mouye fre sou li ***(konprès fre).***



PREMYE RÈG LA (detaye)

Si nou wè po a koumanse bay siy li mal anpil, tankou si nou wè:



- li anfle (tout kote ki malad la vin tou wouj)
- li gonfle
- li fè mal
- li cho (nou santi lap boule nou)
- li gen pi ladan l

Men sa pou nou fè:

- Pa fatige kote ki malad la, kenbe l anlè (mete l pi wo pase rès kò a).
- Mete yon twal mouye ak dlo cho sou li.




- Si enfeksyon an grav osinon si moun lan gen lafyèv, ba li antibyotik (penisilin osinon silfonamid).

Men siy ki pou fè nou konnen gen danje: se lè glann yo koumanse anfle, lè yon mak wouj parèt kote ki malad la osinon lè li bay yon vye sant. Si bagay sa yo pa koumanse pase ak tretman an, pran antibyotik epi al nan dispansè.

DEZYÈM RÈG LA (detaye)


Si nou wè po a koumanse bay siy li mal, si nou wè po a fè zanpoul, osinon yon kwout, si li fè sòs, si li grate nou, si li pike nou, men sa pou nou fè:



- Mete twal mouye ak dlo frèt melanje ak yon ti vinèg (2 kiyè vinèg nan yon boutèy ka plen bon dlo pwòp bouyi) sou li.
- Lè nou koumanse santi lap bon, li pa koule ankò epi li fè yon lòt ti po byen bèl, pase poud tibebe ak dlo (1 mezi poud pou 1 mezi dlo) sou li.
- Lè li geri epi lòt po a koumanse vi . di, lap fè kal, pase yon ti lwil kwizin sou li osinon lwil tibebe pou fè l vin mou.


TWAZYÈM RÈG

Si kote ki malad la se yon kote ki toujou nan solèy, pa kite l pran solèy.



KATRIYÈM RÈG

Si kote ki malad la se kote ki toutan kouvri anba rad, pase l solèy pou 20 minit, 2-3 fwa pa jou.




MEN KI JAN POU NOU SÈVI AK KONPRÈS CHO:


1. Bouyi dlo a, apre sa kite l tyèd kont pou nou ka mete men nou ladan l.



2. Ploye yon moso twal pwòp, fòk li yon ti jan pi laj pase kote ki malad la.




3. Mete twal la sou kote ki malad la.




4. Kouvri twal la ak yon moso plastik.



5. Vlope li ak yon sèvyèt pou kenbe chalè a anndan.




6. Mete kote ki malad la yon ti jan anlè.





7. Lè twal la koumanse frèt, mete li nan dlo cho a ankò epi rekoumanse.










JAN POU NOU REKONÈT KI KALITE MALADI PO NOU GENYEN

SI NOU WÈ SOU PO A	EPI LI SANBLE TANKOU SA	MEN MALADI NOU KA GENYEN	WÈ PAJ
 ti bouton kap pete osinon ki fè maleng	ti bouton osinon ti maleng ki grate anpil. Yo koumanse nan fant dwèt osinon sou ponyèt oswa nan senti nou. 	lagal	216
	ti bouton osinon ti maleng ki bay sòs osinon ki anfle, pi souvan paske nou grate kote yon ti bèt pike nou. Sa ka ban nou glann. 	enfeksyon ki soti nan bakteri (mikwòb)	218
	Plak bouton kap gaye ak yon kwout jòn klere. 	enpetigo (enfeksyon bakteri) (mikwòb)	219
	ti bouton jenn moun gen nan figi yo osinon sou lestomak yo ak nan do yo. Yo konn gen yon ti tèt ak pi ladan l. 	akne (ti bouton kwasans) pwen nwa	228
	Yon bouton nan pati yon moun ki pa grate, ki pa fè mal. 	sifilis apse lenn	260 262
Yon gwo maleng ki pa vle fèmen, osinon java 	Yon gwo blese ki pa vle geri, po ki sou kote l la wouj. Se toupre osinon bò je pye granmoun ki gen varis. 	lè san pa sikile byen (maladi sik ka bay java)	230 135
	Maleng sou zo ak nan jwenti moun ki malad anpil epi ki pran kabann lontan. 	maleng kabann	231
	Maleng, men moun lan pa santi anyen nan men osinon nan pye a (menm lè nou pike yo ak yon zegwi). 	lalèp	207
yon ti boul anba po 	Yon ti boul ki cho, ki fè mal, epi ki konn pete 	apse osinon klou	219
	Yon ti boul ki cho, ki fè mal nan tete yon nouris. 	mastit (enfeksyon bakteri), se ka kansè tou	309 308
	Yon ti boul kap grandi. Lè li fenk parèt li konn pa fè mal. 	kansè (osinon wè glann)	310 94

JAN POU NOU REKONÈT KI KALITE MALADI PO NOU GENYEN


SI NOU WÈ SOU PO A	EPI LI SANBLE TANKOU SA	MEN MALADI NOU KA GENYEN	WÈ PAJ
glann 	Glann bò kou ki toutan ap pete louvri epi ap fèmen. 	yon kalite tibèkiloz nan glann	229
	Glann nan lenn nou ki toutan ap pete, louvri epi ap fèmen. 	abse lenn	262
gwo tach  nwa →	Plak nwa sou fwon ak bò machwè fanm ansent. 	mak fanm ansent	224
	Plak nwa ki sanble kout solèy nan bra, nan janm, nan kou ak nan figi epi kap dekale. 	pelag (yon kalite malnitrisyon)	225
	Timoun ki gen pye yo anfle ak gwo mak wouj osinon maleng kap dekale. 	malnitrisyon	225
tach blanch 	Plak won nou jwenn sitou kay timoun sou figi ak nan kò yo 	lota (enfeksyon chanpiyon)	223
→	sitou nan men, nan pye ak nan po bouch  li koumanse san okenn lòt mak	vitiligo (pèdi koulè sèlman)	224
tach wouj 	Plak wouj osinon pakèt ti bouton bò figi, dèyè jarèt ak anba zesèl sitou kay timoun. 	egzema	233
→	Yon plak wouj ki cho, ki fè mal epi kap mache gaye. 	erisipèl (yon move kalite enfeksyon bakteri)	229
→	Plak wouj nan fant janm tibebe ki nan kouchèt. 	chofi kouchèt se pipi ak chalè ki bay sa	232
→	Plak wouj tout kote po a ploye ak yon sòs blanch. 	moniliasis (enfeksyon chanpiyon)	265
tach wouj osinon gri	Plak wouj osinon gri ki bay yon kwout klere kap fè kal sitou nan koud ak nan jenou (li ale vini) 	psoriasis (osinon tibèkiloz sou po)	234 229


JAN POU NOU REKONÈT KI KALITE MALADI PO NOU GENYEN

SI NOU WÈ SOU PO A	EPI LI SANBLE TANKOU SA	MEN MALADI NOU KA GENYEN	WÈ PAJ
veri, bouton chen	Ti bouton ki pa twò laj 	veri òdinè (enfeksyon viris)	227
	Gwo bouton laj nan men ak nan pye sitou 	yon kalite tibèkiloz sou po	229
 Plak won ak yon rebò wouj anfle, mitan an ka pa gen anyen  	Ti plak won, kap vin pi laj epi kap gaye, li ka grate tou. 	dat (enfeksyon chanpiyon)	222
	Gwo plak won ki gen yon rebò pwès ki pa grate 	sifilis ki la lontan	261
	Gwo plak (nou pa santi anyen lè nou pike nan mitan an) 	lalèp	207
	Ti plak won ki konn gen yon ti twou nan mitan, bò tanp, bò nen ak nan kou. 	kansè po	228
 gratèl chofi	Yon chofi ki grate anpil, li ka fè glòb, boul (yo ka vini epi yo ale anvan nou bat je nou). 	alèji	220
 zanpoul klòk  	Zanpoul ak boul ki grate epi kap fè sòs. 	alèji (plant)	221
	Ti zanpoul sou tout kò moun nan ak lafyèv. 	varisèl	344
	Yon bann ti zanpoul ki parèt yon kote nan kò nou. 	zona	221
	Yon maleng koulè gri preske nwa, santi anpil, ak zanpoul ladan li epi kap gaye vit. 	kangrenn	230
Yon bann ti bouton wouj osinon yon gratèl sou tout kò a ak lafyèv.	Yon bann ti bouton ki leve sou kò timoun malad. 	lawoujòl	344
	Apre kèk jou lafyèv, yon bann plak wouj parèt sou tout kò a, moun lan malad anpil. 	lafyèv tifoyid	205

LAGAL

Nou pi fasil jwenn lagal kay timoun. Li fè yon bann ti boul ki grate anpil. Boul sa yo ka parèt sou tout kò a, men nou pi vit jwenn yo nan:





Lè nou wè ti bouton gratèl sou ti pijon ak sak grenn jenn ti gason, gen anpil chans pou se lagal yo ye.

Se yon ti bèt tou piti ki bay lagal la. Li sanble tik ak karang. Li fè chimen anba po moun. Nou trape li lè nou manyen kote ki malad la osinon rad ak dra moun malad la. Lè nou grate, sa ka lakòz enfeksyon ka mete pye epi li fè maleng ak postim, li ka bay glann ak lafyèv tou.

Tretman:

- Si yon moun gen lagal tout moun nan kay la alawonnbadè dwe trete anmenmtan avè l.
- Kenbe kò nou pwòp se premye bagay. Benyen epi chanje rad sou nou chak jou. Lave tout rad ak tout dra epi blayi yo nan solèy.
- Fè ti renmèd sa a pou li ak lendàn (gama benzèn egzaklorid p. 418) ak ***Vazlin*** (petwoleyòm p. 417). Nan anpil peyi yo vann lendàn tankou renmèd pou mouton ak bèf. Nou ka sèvi tou ak benzil benzoat ki vann tou pare nan fanmasi.


lendàn, 1 mezi
Vazlin (osinon lwil tibebe), 15 mezi


Lave tout kò moun nan ak dlo cho epi savon.
Fwote l byen fwote.
Chofe ***Vazlin*** lan ak lendàn lan
epi brase yo byen brase ansanm.
Pase ponmad la sou tout kò l, esepte figi li.
Kite l yon jou, apre sa benyen l .
Mete rad pwòp sou li ak dra pwòp sou kabann li.
Refè menm renmèd la pou li yon senmenn apre.

ATANSYON: Tout renmèd pou maladi po danjere. Pa bwè yo epi pa kite yo kote timoun ka jwenn yo.

Lendàn se yon renmèd ki fò anpil. Li ka anpwazonnen nou si nou sèvi ak li twò dri. Pa mete l pi plis pase yon fwa pa senmenn. Pa bliye se pou nou benyen malad la yon jou apre nou pase ponmad la sou li.


- Men yon lòt jan nou ka fèl. Nou mete 4 gout lendàn sou yon bò sitwon. Apre 5 minit konsa, nou fwote sitwon an sou tout kò moun lan, esepte sou figi l. Koumanse ak kote ki pi mal yo.





Atansyon: Gen lòt renmèd tankou ponmad osinon dlo fèt ak gama benzèn egzaklorid osinon ak benzil benzoat ***(Kwell, Gameksan*** p. 418) ki ka touye ti bèt yo, men yo pi chè. Si nou pa ka jwenn ni yo, ni lendann lan, pran yon mezi souf mete l nan 10 mezi lwil tibebe osinon mantèg pou fè pomad pou mete sou po moun lan.

POU



Pou nan tèt ak nan kò fè moun grate, li ka fè po a fè maleng, lèfini li ka bay glann. Pou nou evite pou, se pou nou kenbe kò nou toujou pwòp. Mete dra, zòrye ak kòt kabann nou deyò nan solèy chak jou. Benyen epi lave tèt nou dri. Gade cheve timoun yo. Si yo gen pou, trete yo lapoula. Pa kite yon timoun ki gen pou dòmi ak lòt.

Tretman:

- Lave tèt la ak lendàn (p. 418), dlo, epi savon (1 mezi lendàn pou 10 mezi dlo). Lave tèt la byen lave. Fè atansyon pou lendàn lan pa antre nan je l. Kite renmèd la nan cheve a pou 15 minit konsa. Apre sa rense l byen rense ak dlo pwòp. Rekoumanse yon senmenn aprè.




- Pou nou fini ak ze ti bèt sa yo, mete cheve yo tranpe pou 30 minit (yon demiyèd tan) konsa ak yon dlo nou dekoupe ak vinèg. Apre sa, penyen tèt li ak yon peny ti dan.


Nap jwenn renmèd fèy ki bon pou Pou nan paj 379.

TIK AK KARANG

Lè nap wete yon tik ki kole rèd, fè atansyon pou tèt li pa rete anba po a, paske sa ka bay enfeksyon. Pa janm rale li soti. Men ki jan pou nou fè:

mete yon sigarèt limen tou pre li osinon mete yon ti alkòl sou li





Pou wete tik ki piti anpil, sèvi ak yonn nan renmèd yo bannou pou lagal la (wè p. 216).

Pou soulaje doulè ak gratèl kote tik yo mòde a, pran yon aspirin epi fè sa yo di nou pou nou fè pou gratèl nan paj 220 an.

Pou anpeche tik mòde nou, mete yon ti poud souf sou tout kò nou anvan na l nan jaden, nan rakbwa, sitou bò talon pye nou, nan jwenti ponyèt nou, nan senti nou ak anba zesèl nou.

TI BOUTON AK PI (POSTIM)

Pifò ti bouton ak pi soti nan grate nou grate kote bèt mòde nou, osinon lè nou gen lagal, osinon gratèl, nou grate yo ak dwèt sal.

Pou trete ak pou evite:

- Lave ti bouton yo ak dlo bouyi epi savon. Kite kal la tranpe jouk li tonbe. Fè sa chak jou jistan pa gen pi ankò.

- Kite ti bouton yo san kouvri. Fè pansman pou gwo bouton yo. Chanje l kou li mouye.

- Si po ki bò bouton an vin wouj epi li cho, osinon moun lan gen lafyèv, si nou wè yon mak wouj koumanse nan bouton an, osinon si glann yo anfle, ba li yon ti antibyotik tankou grenn penisilin (p. 402) osinon grenn silfa (p. 409).



- Pa grate ti bouton yo. Lè nou fè sa yo vin pi mal epi enfeksyon an ka gaye pi vit nan tout kò nou. Koupe zong timoun yo kout kout, osinon mete gan osinon chosèt nan men yo pou yo pa ka grate.

- Pa janm kite yon timoun ki gen bouton osinon yon lòt enfeksyon po ni jwe ni dòmi ak lòt timoun. Enfeksyon sa yo atrapan fasil.

ENPETIGO



Se yon kalite bakteri (mikwòb) ki bay bouton sa yo. Yo pa pran tan pou yo gaye. Yo konn gen yon kwout jòn klere. Nou jwenn yo pi fasil sou figi timoun, sitou bò bouch yo. Enpetigo atrapan fasil. Lòt moun pran nan sòs bouton yo osinon ak dwèt ki kontaminen.


Tretman:

- Lave kote ki malad la ak savon epi dlo bouyi, tranpe kwout yo pou yo ka soti pou kont yo.
- Badijonnen tach yo avèk vyolèt jansyàn (p. 417) osinon pase yon krèm antibyotik tankou ***polisporin*** (p. 417) osinon tetrasiklin si se sa nou genyen.
- Si enfeksyon an gaye anpil sou po a, osinon si li bal lafyèv, ba l grenn penisilin (wè p. 402).

Pou evite:

- Swiv prensip pou pwòpte kò nou (p. 142). Benyen timoun yo chak jou epi eseye pa kite pinèz ak bigay mòde yo. Si yon timoun gen lagal, okipe sa lapoula, pa mize.
- Pa kite yon timoun ak enpetigo dòmi osinon jwe ak lòt timoun. Koumanse tretman an kou nou wè premye siy yo.

KLOU AK APSE



Yon klou osinon yon apse se yon enfeksyon ki fè yon ti sakit pi anba po. Se ka apre yon blese ak yon bagay pwenti osinon apre yon piki nou pran ak yon zegwi sal li fòme. Yon klou fè mal anpil epi po a ki bò kote li vin tou wouj epi li cho. Li ka bay glann ak lafyèv.

Tretman:

- Mete konprès cho sou klou a anpil fwa nan lajounen (wè ki jan pou nou fè sa nan p. 212).
- Kite klou a pete pou kò l. Apre li pete, toujou mete konprès cho sou li. Kite pi a koule, men **pinga nou janm peze klou a** paske sa ka fè enfeksyon an gaye epi li parèt lòt kote.
- Si klou a ban nou glann, pran grenn penisilin (p. 402) osinon eritwomisin (p. 406).

Nap jwenn renmèd fèy ki bon pou Abse nan paj 374.

GRATÈL , CHOFI, REYAKSYON ALÈJI



Lè nou manyen yon bagay san nou pa ale avè l, lè nou manje yon manje ki soti sou nou osinon lè nou pran yon piki, osinon lè nou pran sant yon bagay ki pa ale ak nou sa ka lakòz nou vin gen yon gratèl osinon glòb sou tout kò nou. Pou plis detay wè Reyaksyon Alèji, p. 177.

Glòb yo fè douk osinon plak anfle ki sanble piki myèl epi yo grate. Yo ka ale vini osinon yo ka mache, yon lè nou santi yon kote, yon lòt lè yon lòt kote.


Veye pou wè ki reyaksyon yon moun ka fè apre li pran kèk kalite renmèd, sitou piki penisilin ak sewòm kont pwazon osinon antitoksin ki fèt ak sewòm chwal. Yon sèl gratèl osinon glòb ka parèt yon ti kadè apre li pran piki a. Konsa tou, li ka tann rive 10 jou anvan l parèt.

Si nou wè gratèl, chofi, glòb osinon lòt alèji parèt sou po nou apre nou pran yon piki, pa janm sèvi ak kalite piki sa a ankò jouk nou mouri. Menm bagay la tou pou nenpòt lòt medikaman.

Sa konsekan anpil si nou vle evite CHÒK ALÈJI (wè p. 75)

Tretman gratèl:

- Benyen nan dlo fre osinon mete konprès fre (twal mouye nan dlo fre osinon nan dlo glase) kote kap grate nou yo.
- Konprès fèt ak dlo avwàn fre osinon dlo lanmidon kapab kalme gratèl la. Bouyi avwàn lan nan dlo, koule li, epi sèvi ak dlo a lè li frèt (lanmidon ka sèvi nan plas avwàn).



- Si gratèl la rèd, pran yon ti anti-istamin tankou klofeniramin p. 428).
- Pou anpeche yon ti bebe grate kò l, koupe zong li kout, osinon mete gan osinon chosèt nan men li.

PLANT AK LÒT BAGAY KI KA LAKÒZ GRATÈL OSINON KI KA BOULE PO MOUN



Chadwon, plant ki gen pikan, pwa grate, ak anpil lòt plant ka lakòz zanpoud, boule osinon glòb ak gratèl leve sou po moun. Gen kèk chini ak kèk lòt ti bèt ak zèl ki bay menm reyaksyon an tou. Gen bèt ak plant nan lanmè ki konn bay sa tou.


Nan moun kap fè alèji, lè chofi, osinon gratèl kap bay sòs parèt sou kò li, se ka kèk bagay ki touche ak po a osinon yo mete sou po a. Soulye kawotchou, brasle mont, renmèd pou zòrèy ak lòt renmèd, krèm pou figi, odè ak savon, tout bagay sa yo ka lakòz pwoblèm sa yo tou.

Tretman:

Tout iritasyon sa yo al fè wout yo pou kont yo lè bagay ki lakòz yo a pa touche po a ankò. Yon pat fèt avèk avwàn osinon lanmidon mele ak dlo ka ede kalma gratèl la. Aspirin ak anti- istamin (p. 428) ka ede nou tou. Lè ka a grav, nou ka sèvi ak krèm ki gen kòtizòn osinon kòtiko-estewoyid ladan yo (wè p. 417).

Nap jwenn renmèd fèy ki bon pou gratèl nan paj 375.

ZONA



Siy li:

Lè nou wè yon wonn osinon yon plak zanpoud ki fè mal rete konsa yo parèt yon bò kò moun lan, se ka zona li genyen. Pi fasil se nan do moun li konn parèt, osinon sou lestonmak li, bò kou li ak nan figi l. Ti zanpoul sa yo rete 2-3 senmenn epi apre sa yo disparèt pou kont yo. Men doulè a ka rete osinon li ka tounen byen lontan apre zanpoul yo disparèt.

Zona se menm viris ki bay varisèl la ki bay li, epi se moun ki te gen varisèl deja ki vin pran li pi fasil. Pa gen danje ladan l. (Sèlman, sitou pou granmoun, se ka yon ti siy ki di nou moun lan ka gen lòt maladi pi grav tankou kansè).

Tretman:

- Mete yon ti bandaj leje sou gratèl la pou rad la pa fwote sou li.

- Pran aspirin pou kraze doulè a (Antibyotik pap fè anyen pou sa).


PYAS, LATENG AK DAT (ENFEKSYON CHANPIYON)

Enfeksyon chanpiyon ka parèt nenpòt kote nan kò moun, men nou pi fasil jwenn yo:

nan po tèt




kote pa gen cheve



nan fant zòtèy ak fant dwèt



nan fant janm



Enfeksyon chanpiyon fè tankou yon plak won. Yo konn grate. Pyas nan tèt la tankou yon tach won ki gen kal sou li epi ki san cheve. Lè chanpiyon an pran anba zong, li fè zong lan vin rèd epi pwès.

Tretman:

- Dlo ak savon. Lave kote ki malad la chak jou avèk savon epi dlo. Si nou kapab, sèvi ak savon egzaklowofèn (p. 416).


- Fè tousa nou kapab pou kote ki malad la pa rete mouye. Pa kouvri l pou lè ak solèy bat li. Chanje tout anbarad dri (kalson, chemizèt, pantalèt, jipon, chosèt), sitou si malad la swe anpil.

- Sèvi ak yon pomad ki fèt ak souf ak mantèg (1 mezi souf pou 10 mezi mantèg). -

- Pomad ki gen asid salisilik osinon asid oundesilenik (p. 417) ede geri chanpiyon ki nan fant dwèt, nan fant zòtèy ak nan fant janm.

- Pou pyas ki mal anpil, osinon pou nenpòt ki enfeksyon chanpiyon ki gaye sou tout kò a osinon ki pa vle geri, apre nou fè tout tretman nou sot pale nou la a, pran griseofilvin, 1 gram chak jou pou granmoun, yon demi-gram pou timoun (p. 418). Nou ka blije pran renmèd la pandan anpil senmenn, mwa menm anvan pou nou geri nèt.

- Anpil fwa pyas timoun geri pou kont yo, kou yo fin fòme (11 an rive 14 an). Lè pyas la fè gwo plak anfle plen pi, se pou nou swen yo ak konprès dlo tyèd (p. 212). Li ta bon anpil pou nou wete tout cheve kote ki malad la. Sèvi ak griseofilvin, si nou kapab.



Ki jan pou nou evite li:

Pyas ak lòt enfeksyon chanpiyon se bagay ki ***atrapan*** fasil fasil. Pou nou anpeche yo gaye men sa pou nou fè:

- Pa kite yon timoun ki gen pyas dòmi ak lòt timoun.
- Pa kite timoun sèvi ak menm peny lan. Pa kite yonn mete rad lòt. Si yonn dwe mete rad yon lòt, fòk rad la lave byen pwòp anvan.
- Kou yon timoun malad, mete renmèd pou li.


TI TACH BLANCH SOU FIGI AK KÒ MOUN

Ti tach blanch ki pran tout fòm epi ki parèt nan kou, sou lestonmak ak nan do moun, se ka yon enfeksyon chanpiyon yo rele **pityriasis versicolor** (lota). Odinèman li pa grate, se pa yon maladi grav.

Tretman:



- Fè yon pomad avèk souf epi mantèg (1 mezi souf pou 10 mezi mantèg) pase l sou tach yo chak jou jouk yal fè wout yo.
- Sodyòm tyosilfat pi bon ankò. Se yon dlo fotograf yo sèvi lè yap devlope pòtre. Fonn 1 ti kiyè sodyòm tyosilfat la nan yon vè dlo, pase l sou tach yo. Apre sa fwote po a ak yon ti moso koton tranpe nan vinèg.
- Pou nou anpeche tach yo tounen, li bon pou nou pase renmèd la chak 2 senmen apre nou geri.




Gen yon lòt kalite ti tach blanch nou jwenn bò machwè timoun ki gen po koulè nwa epi ki rete anpil nan solèy. Nou pa wè rebò tach yo fasil. Tach sa yo pa konsekan. Lè timoun lan grandi ya l fè wout yo. Nou pa bezwen pase renmèd.

Tach sa yo, se pa yon siy ki di nou soufri anemi tankou anpil moun kwè sa. Yo pap ale si nou pran fòtifyan ak vitamin pou yo. Tach ki parèt sèlman sou po bò figi pa bezwen renmèd.

VITILIGO (GWO TACH BLANCH SOU PO)

Gen moun kap pèdi koulè po yo. Lè konsa gwo tach blanch parèt sitou nan men, nan pye, nan figi ak pati anwo kò yo. Lè nap pèdi koulè po nou konsa, yo rele sa vitiligo. Se pa yon maladi li ye. Nou ka di se tankou cheve kap blanchi nan tèt granmoun. Nou pa bezwen pran renmèd pou sa. Sèl bagay, kouvri li ak twal osinon ak yon ti ponmad oksid zenk pou solèy pa boule l.



Nenpòt tach blanch nou wè, si lè nou pike l ak zepeng nou pa santi anyen se ka lalèp nou genyen (wè p. 207).

Gen kèk enfeksyon chanpiyon ki bay tach blanch (wè lota nan paj anvan an).

MAK FANM ANSENT

Gen anpil fanm lè yo ansent, yo vin gen yon bann mak nwa yon jan vèt sou figi yo, sou tete yo ak nan mitan vant yo desann. Pi souvan lè pitit la fèt yo disparèt. Men kèk fwa yo make nèt.



Dòt fwa menm, se fanm kap pran grenn pou yo pa fè pitit ki genyen yo.


Pou mak sa yo, nou pa bezwen pran okenn renmèd paske fanm lan byen, li nòmal, li pa malad.

PELAG AK LÒT PWOBLÈM PO MALNITRISYON BAY MOUN


Pelag se yon kalite maladi ki pete sou po moun kap soufri malnitrisyon, anmenmtan li atake kannal manje nou ak nè nou. Nou jwenn li pi souvan kote moun manje anpil mayi ak lòt manje ki gen lanmidon epi yo manke manje kont pwa, vyann, ze, legim ak lòt kalite manje kap ede kò nou grandi ak manje pou pwoteje kò a (wè paj 116 ak 117) .

Siy malnitrisyon sou po (wè potre ki nan paj apre a):

Lè granmoun gen pelag, po a chèch epi li fè kal; tout kote solèy frape pi fasil sou kò moun tankou:



Lè timoun soufri malnitrisyon, po nan janm yo (ak nan bra yo tou) ka gen mak nwa ak maleng kap dekale, pye yo ka anfle (wè p. 119)



Lè nou wè bagay sa yo, nou mèt sèten gen lòt ti siy nou ka wè ankò ak yo, ki fè nou konnen se malnitrisyon moun nan ap soufri: vant anfle, bòkyè, lang wouj ki fè mal anpil, feblès, pa anvi manje (bouch pa gou), pèd pèz; eks. (wè Chapit 11, p. 113).

Tretman:

- Manje manje ki bon pou lasante nou, sa geri pelag la. Chak jou se pou yon moun manje pwa, pistach (manba), nwa, osinon poul, pwason, ze, vyann ak fwomaj. Lè nou ka chwazi, pito nou sèvi ak ble (ble antye pi bon) pase pou nou manje mayi.

- Pou pelag ki mal anpil, ak lòt fòm malnitrisyon, sa ka ede nou si nou pran vitamin. Men chonje **byen manje se sa ki pi enpòtan an**. Se pou nou sèten nou pran vitamin ki gen vitamin B ladan l, sitou nyasin. Malta gen vitamin B ladan l.



ANVAN
TIBWAY SA A
KOUMANSE
MANJE BYEN
EPI

APRE



Mak nwa epi enflamasyon nan janm ak pye tibway sa a se paske li pa manje bon kalite manje, li manje mayi pi fò, san li pa pran lòt manje ki pou ba li pwoteyin ak vitamin.


Yon senmenn sèlman apre li koumanse manje pwa, ze, ansanm ak mayi a, anflamasyon an ale, epi tach nwa bata fin disparèt.





Mak nou wè sou janm madanm sa a, se siy ki fè nou konnen li gen pelag paske li pa manje byen (wè p. 225).

VERI (BOUTON CHEN, GRENN SÈL)



Pi fò bouton chen, sitou pou timoun, rete 3 rive 5 lanne, apre sa yo ale pou kò yo. Lè nou gen bouton plat ki fè mal anpil anba pla pye nou, se ka bouton chen. (Osinon se ka kò. Wè pi ba nan menm paj la).

Tretman:

- Renmèd fèy ak senp konn geri kalite bouton sa yo. Men, pa sèvi ak asid ki fò osinon plant ki pwazon paske yo ka boule po a epi sa ka ban nou maleng ki pi mal pase bouton yo.

- Yon ajann sante ka wete bouton chen anba pye ki fè mal anpil.

KÒ


Kò se yon pati po nou ki vin di, pwès. Se kote sapat nou osinon soulye nou peze sou po a, osinon lè yon zòtèy peze sou yon lòt. Kò ka fè mal anpil.

Tretman:


- Mete sapat ak soulye ki yon jan twò gran pou nou pou yo pa peze kò yo.

- Pou kò yo sispann fè nou mal, men sa pou nou fè:

1. Tranpe pye a nan dlo tyèd pou 15 minit



2. Ak yon lim osinon yon rap, limen kò a jouk li vin mens.



BOUTON AK PWEN NWA (AKNE)




Jennmoun yo fasil gen bouton nan figi yo, nan lestonmak yo, nan do yo, sitou si po a gra. ***Bouton*** yo fè yon ti tèt blanch ki gen pi osinon ***pwen nwa*** ak salte. Yo ka anvlimen epi lè konsa yo konn fè mal.

Tretman:

- Lave figi a de fwa pa jou ak savon epi dlo cho.
- Solèy ede netwaye bouton yo. Kite solèy la bat sou pati ki malad la.
- Manje bon kalite manje, bwè anpil dlo, dòmi kont nou.
- Anvan nou al dòmi, pase alkòl mele ak souf sou figi nou (10 mezi alkòl pou 1 mezi souf).
- Nan ka grav, lè yo fè yon gwo boul osinon lè yo gen pi, si bagay sa yo pa koumanse pase ak renmèd nou wè deja yo, tetrasiklin ka ede. Pran 1 grenn 4 fwa chak jou pandan 3 jou, apre sa de grenn chak jou. Nou ka blije pran yonn osinon 2 grenn chak jou pou anpil mwa.

KANSÈ PO

Moun ki gen po yo koulè blanch trape maladi sa a pi fasil lè yo rete twòp nan solèy. Se kote solèy la frape yo plis la nou wè li parèt sitou:




Tout kansè po pa parèt menm jan. Òdinèman li koumanse tankou yon ti wonn ki gen yon ti twou nan mitan li. Lap gwosi piti piti.

Si nou swen kansè po bonè, pa gen danje ladan l. Doktè ap fè nou yon ti operasyon pou wete l. Si nou wè nou gen yon ti bouton ki pa vle ale, sa kapab yon kansè po nou genyen. Al wè yon ajann sante.

Pou nou evite gen kansè po, moun ki gen po koulè blanch pa dwe rete nan solèy, se pou yo toujou mete chapo. Moun ki te gen kansè po deja, si yo gen pou yo travay nan solèy, yo ka achte yon ti pomad espesyal pou yo pase sou po yo. Pomad oksid zenk bon mache epi li bon pou sa.


TIBÈKILOZ SOU PO OSINON NAN GLANN

Menm mikwòb ki ban nou maladi tibèkiloz la kapab parèt sou po moun sou divès fòm, men tout jan, li pa fè mal.



An prensip tibèkiloz sou po moun devlope dousman, li pran anpil tan pou li geri, epi li ale apre anpil mwa menm apre kèk lanne.

Konsa tou, tibèkiloz ka bay glann sou bò kou ak sou zepòl moun. Glann yo vin gwo, yo louvri, yo koule pi (postim), yo fèmen pou yon ti tan, apre sa yo louvri ankò epi yo koumanse koule pi ankò. **Òdinèman yo pa fè moun mal.**



Tretman:

Nan ka moun ki gen maleng, java osinon glann anfle ki pa vle geri, pi bon bagay se pou nou chache wè doktè. Ya fè analiz pou nou pou yo ka jwenn lakòz maladi sa yo. Nou swen tibèkiloz sou po menm jan nou swen tibèkiloz nan poumon (wè p. 194). Pou anpeche l tounen fòk nou pran renmèd la san dezanpare kèk mwa apre nou geri.

ERISIPÈL




Maladi sa a fè mal anpil. Se yon enfeksyon ki fè po a vin cho tou wouj, epi anfle. Li koumanse nan figi bò nen moun, epi li gaye. Li konn bay glann, lafyèv ak frison.

Tretman:

Koumanse tretman an san pèdi tan. Sèvi ak antibyotik: grenn penisilin, 400.000 inite, 4 fwa pa jou, pou ka ki mal anpil, pran piki penisilin pwokayin 800.000 inite chak jou (wè p. 403). Kontinye pran antibyotik yo de jou apre nou wè tout tach anflamasyon ale. Mete konprès dlo cho sou pati a, epi pran aspirin pou kalma doulè a.

KANGRENN



Maladi sa a se yon enfeksyon ki grav anpil, li bay yon sòs yon ti jan mawon ki santi anpil, sou tout rebò maleng lan ka gen bouton ki nwa. Vyann lan ka gen ti boul van ladan l. Enfeksyon sa a parèt sizèdtan apre nou blese. Konsa tou li ka pran plis tan tou menm anvan li parèt. Li gaye vit epi li anvlimen fasil. Si nou pa swen li, anvan twa kat jou moun lan ka mouri.


Tretman:

- Louvri blese a lajè nou kapab. Lave li ak dlo bouyi epi savon. Wete tout po ak moso vyann ki pouri. Si nou kapab, lage yon ti dlo oksijene sou li chak dezètan konsa.

- Ba l piki penisilin (kristalin si nou kapab), 1.000.000 (yon milyon) inite chak twazèdtan.

- **Pa kouvri blese a pou lè ka bat li. Ale kay doktè.**

MALENG KI VINI PASKE SAN NOU PA SIKILE BYEN



Anpil bagay ka lakòz ilsè po, osinon gwo maleng ki louvri (wè p. 19). Men ilsè ki donnen bò je pye granmoun, sitou fanm ki gen gwo venn ble ki parèt nan janm yo, se paske san yo pa sikile jan sa te dwe fèt la. Po ki bò ilsè a vin tou ble, li klere epi li vin fen. Pye yo konn anfle tou.

Tretman:

- Kalite ilsè sa yo pran tan pou yo geri, epi se si nou okipe yo byen. Sa ki pi enpòtan an **se pou mete pye yo anlè**. Kou nou jwenn yon ti tan leve yo wo mezi nou kapab. Dòmi ak de zòrye anba pye nou. Pandan lajounen, pran yon ti kanpo ak pye nou leve anlè pou yon 15 a 20 minit konsa. **Lè nou mache, sa ede sikilasyon an fèt pi byen, men, ret kanpe yon grenn kote a osinon ret chita ak pye nou pann pa bon menm.**

- Mete ba elastik pou soutni venn ble yo osinon bande yo. Kontinye sèvi ak sa epi tou leve pye nou anlè tanzantan menm lè pye yo fin geri. Fè atansyon pou nou pa grafouyen malad la ni blese li paske po a frajil.


- Mete konprès dlo sale sou ilsè yo, yon ti kiyè sèl pou yon lit dlo bouyi. Kouvri ilsè a ak gaz esterilize osinon twal pwòp. **Pa kite ilsè a sal.**

Pou anpeche ilsè po - swen gwo venn ble nan janm yo san pèdi tan (wè p. 189).

Nap jwenn renmèd fèy pou ilsè po nan paj 375 .


MALENG KABANN

Maleng sa yo parèt sou moun ki malad kouche epi ki pa ka vire nan kabann yo. Granmoun ki mèg anpil epi ki fèb fasil genyen yo. Maleng yo parèt kote moun gen zo ki parèt anba po osinon kote po a peze sou kabann lan. Nou wè yo bò dèyè, nan do, nan jwenti bra ak nan pye.



Ki jan pou nou anpeche sa rive:

- Chak èdtan vire moun lan fas anba, fas anlè, osinon sou bò goch, apre sou bò dwat.
- Benyen l chak jou, apre sa pase yon ti lwil tibebe sou tout kò li.
- Sèvi ak dra ak alèz ki dous, chanje yo chak jou epi chanje yo tou chak fwa kabann lan sal ak pipi, watè, vonmi osinon ak lòt bagay.



- Mete yon kousen anba moun lan pou kote ki zo yo ka pi alèz.
- Bay moun lan manje byen. Si li pa ka manje kont, yon ti vitamin ap bon pou li (wè p. 125).

- Yon timoun ki gen yon maladi grav kap dire sou li, se pou manman l mete l tanzantan sou jenou li.


Tretman:

- Fè tousa yo fèk di nou pou nou fè yo.

- Lave kote ki malad yo ak dlo bouyi melanje ak yon ti sèl osinon ak dlo oksijene. Mete yon ti bann gaz esterilize sou yo pou pwoteje yo.

PWOBLÈM PO TIBEBE

CHOFI KOUCHÈT




Lè tibebe gen chofi wouj nan fant janm yo, osinon bò dèyè yo, se pipi nan kouchèt osinon nan kabann ki lakòz.

Tretman:

- Benyen timoun lan chak jou nan yon ti dlo tyèd ak savon twalèt.

- Pou anpeche timoun lan gen chofi a osinon pou geri li, kite pitit la toutouni, san kouchèt epi mete li nan solèy.



Lè nou sèvi ak kouchèt, chanje yo kou yo mouye. Apre nou fin lave kouchèt yo, rense yo ak dlo ak yon ti vinèg ladan l.

- Poudre yo ak yon ti poud tak lè chofi a fin pase.

CHAPLÈT (KAP NAN TÈT)



Chaplèt se yon gwo kal jòn plen grès ki kouvri tèt timoun yo. Po a wouj, li irite. Se lè yo pa lave tèt timoun lan dri, osinon lè yo toufe tèt li twòp, li fasil gen chaplèt.

Tretman:

- Lave tèt la chak jou. Si nou kapab sèvi ak yon savon ki gen renmèd espesyal (wè p. 416).

- Wete kap yo ak kwout la dousman. Pou kal yo ka soti pi fasil, vlope tèt la nan yon sèvyèt mouye ak dlo tyèd anvan nou lave l.

- **Pa kouvri** tèt tibebe yo pou lè ak solèy jwenn ak tèt yo.

PA KOUVRI TÈT YON TIBEBE KI GEN CHAPLÈT AK YON BONÈT NI AK YON MOSO TWAL. KITE L SAN KOUVRI.



NON

WI




TÈT TOUTOUNI PI BON

- Si nou wè li vle anvlimen, se pou nou fè menm bagay nou fè pou enpetigo a (wè p. 219).

EGZEMA (PLAK WOUJ PLEN TI BOUTON)

Men ki jan nou ka rekonèt sa:



- Pou timoun piti: yon gwo plak wouj osinon gratèl parèt bò machwè yo osinon sou bra yo ak janm yo. Se yon bann ti bouton osinon zanpoul kap bay dlo (yo pete epi dlo a soti).

- Pou gran timoun ak pou granmoun, egzema yo gen mwens dlo ladan yo epi se dèyè jenou nou jwenn yo pifò ak nan jwenti bra.

- Li pa koumanse tankou yon enfeksyon. Li pi sanble yon alèji nou fè.

Tretman:


- Mete konprès dlo frèt kote kap grate a.

- Si nou wè li ta vle parèt yon bagay ki anvlimen (p. 94) fè menm bagay nou fè pou enpetigo (p. 219).

- Kite solèy jwenn ak plak yo.

- Lè ka a grav, sèvi ak yon ti krèm kòtizòn osinon kòtiko-estewoyid (wè p. 417).

PSORIASIS



Ki jan pou nou ka rekonèt yo:

- Se plak pwès koulè wouj osinon gri ki parèt sou po a epi ki kouvri ak ti kal blanch klere. Plak yo parèt pi souvan nan pati kò moun nou wè nan pòtre a.

- Yo rete lontan, osinon yo ale, yo tounen. Se pa yon enfeksyon epi li pa gen danje ladan l.

Tretman:

- Pa kouvri kote ki malad lan paske solèy la ap ede l geri.


- Benyen nan lanmè konn ede tou.

- Pomad ki gen kòtiko-estewoyid (p. 417) ka ede.

- Nan ka grav chache wè doktè.

CHAPIT

16 JE YO




SIY KAP FÈ NOU REKONÈT GEN DANJE POU JE NOU

Je moun se bagay ki delika anpil, se pou nou okipe yo byen. Si nou wè yonn nan bagay nou pral pale la a rive nou, kouri al kay doktè pou je nou:

1. Nenpòt lè nou pran yon kou nan je ki koupe l osinon ki pete grenn je a.
2. Si nou wè tach gri sou glas je a ki fè nou mal epi tout wonn glas je a vin tou wouj (ilsè nan glas je).
3. Si nou santi gwo doulè andedan boul je a (se ka maladi nan glè je a osinon glokòm)
4. Si nou wè de nwa je yo pa menm gwosè lèfini nou gen doulè nan je osinon maltèt.





Lè de nwa je yo pa menm gwosè, se ka sèvo nou ki pran yon chòk, se ka yon kriz nap fè, osinon je nou ki sibi yon frakti. (Men gen moun se konsa yo fèt menm, yon nwa je pi gwo pase lòt.)

5. Si nou koumanse pa wè nan yon je osinon nan toude je yo.
6. Lè nou gen enfeksyon nan je osinon je anfle, nou mete ponmad antibyotik pou je ladan yo, je a pa refè apre senk (5) osinon sis jou (6).

BLESE NAN JE

Tout blese nou pran nan je gen danje ladan l paske li ka fè nou pa wè nan je a ankò.


Nenpòt ti koupe nan **glas** je a (yon kal tankou yon ti moso glas ki kouvri nwa je a ak glè je a) ka anvlimen epi li ka donmaje je a si nou pa okipe l jan pou nou fè l.

Si boul je a koupe fon anpil rive jouk nan kouch nwa ki dèyè kouch blanch lan, ka a grav anpil.

Si nou resevwa yon kou (tankou yon kout pwen) sou je a epi je a vin tou wouj ak san, se yon gwo danje pou je a (wè p. 244).

Danje a pi grav toujou si doulè nou santi a vin pi fò apre de twa jou, paske se ka glokòm (p. 241).

Tretman:




- Si moun lan wè byen toujou nan je ki malad la, mete yon pomad antibyotik pou je (p. 421) nan je a, epi mete yon bandaj pwès, men swa sou je a. Si apre yonn osinon de jou je a pa koumanse refè al wè doktè lapoula.
- Si moun lan pa ka wè byen nan je ki malad la, si blese a fon, si nou wè san nan je a dèyè glas je a (p. 244), kouvri je a ak yon bandaj pwòp epi al wè doktè.
- **Pa eseye** wete pikan osinon ti klis bwa ki kole nan boul je a. Chache wè doktè.

KI JAN POU NOU WETE PAY OSINON POUSYÈ KI ANTRE NAN JE NOU

Nou fasil ka wete pousyè osinon grenn sab ki ka tonbe nan je nou si nou louvri je a nan dlo pwòp (p. 50). Nou ka wete yo ak yon pwent twal pwòp osinon yon pwent koton mouye.

Si se anba po anlè a pay la ye, vire po je a sou yon ti moso bwa alimèt pou nou ka jwenn li.



Nap pi fasil jwenn li nan ti kannal ki toupre rebò po je a. Wete l ak pwent yon twal pwòp.

Si nou pa ka wete ti pay la fasil, mete yon ti ponmad antibyotik pou je ladan l, mete yon banday sou li, epi al wè doktè.

JE WOUJ, JE KAP FÈ MAL - SAK FÈ SA


Anpil bagay ka fè je moun wouj osinon yo fè nou mal. Tablo sa a ap ede nou rekonèt sa ki lakòz sa:

si se yon bagay ki tonbe nan je a (pousyè, pay ..) (p. 236)	lè konsa se ka **yon sèl grenn je** ki pran; li ka vin wouj, li ka fè mal
gwo chalè ki boule je a, osinon yon dlo ki tonbe nan je a ki ka donmaje je a (p. 50)	se ka nan yonn osinon nan toude. Je a ka wouj, li ka fè mal
je wouj, konjonktivit (p. 238) alèji, (p. 177) trakòm (p. 238) lawoujòl (p. 344)	**se toude je** yo ki konn pran ansanm (li ka koumanse nan yonn osinon yonn ka pi mal pase lòt la) blan je a vin wouj sou rebò epi nou santi je a ap "boule" nou, men pa twòp. 
glokòm (p. 241). iritis, glè je a anfle (p. 240) glas je a blese osinon li gen ilsè (p. 243)	Li konn pran nan **yon grenn je**. Blan je a wouj bò glas je a, lèfini je a ka fè mal anpil. 

Lè je yo wouj epi yap fè nou mal, anvan nou fè tretman se pou nou konnen ki sa ki lakòz. Gade byen siy nan je yo pou nou ka rekonèt sa ki ban nou je wouj sa a.

JE WOUJ (KONJONKTIVIT)

Maladi sa a se yon kalite enfeksyon ki fè je a vin wouj, li bay yon ti pi, epi li boule nou yon ti kras. Nou ka genyen l nan yonn osinon nan toulede je yo. Lè konsa nou pa ka louvri je nou lè nou fin dòmi. Po je yo kole.



Men sa pou nou fè:

Wete pi a ak yon moso twal pwòp nou mouye ak yon ti dlo bouyi. Apre sa mete yon pomad antibyotik pou je (p. 421). Rale po anba je a epi mete yon ti kras ponmad **ladan** l, konsa: — — — — — — — — —

Si nou mete ponmad la sou deyò po je a, li pap fè anyen pou li.

Men sa pou nou fè pou nou pa pran konjonktivit:


Maladi sa a atrapan fasil. Yon moun fasil bay yon lòt li. Pa kite timoun ki gen je wouj jwe ak lòt, ni pa kite yo dòmi ak lòt. Pa kite yo sèvi ak menm sèvyèt ak lòt moun. Lè nou fin manyen je malad la lave men nou pwòp.

Nap jwenn renmèd fèy ki bon pou maloje nan paj 378 .

TRAKÒM


Trakòm se yon kalite konjonktivit ki pa vle ale, epi je wouj la ap vin pi mal chak jou. Li ka chita la pou kèk mwa osinon kèk lanne. Si nou pa pran bonè ak li, li ka pete je nou, fè nou pa ka wè. Se nan manyen osinon se mouch ki fè yon moun bay yon lòt li. Moun kap viv nan move kondisyon, yonn sou lòt trape l fasil.

Siy:




- Trakòm la koumanse ak yon je wouj kap kouri dlo, tankou konjonktivit la.
- Apre yon mwa osinon plis, yon bann ti boul gri woz parèt andedan po je anwo moun lan. Pou wè sa, vire po je a lanvè tankou yo moutre nou nan paj 263.
- Blan je moun nan koumanse anfle.
- Si nou gade byen osinon si nou sèvi ak yon loup, na wè rebò anwo glas je a chanje koulè, paske gen yon bann ti venn kap pote san ladan l.


- Depi nou wè ti boul gri yo anba po je anwo a ansanm ak ti venn sa yo nan glas je a, nou mèt sèten se trakòm moun lan genyen.
- Apre kèk lanne boul yo disparèt men yo kite ti mak blan anba po je a.



Mak sa yo fè po je a vin pwès epi li ka anpeche je a louvri nèt.



Osinon yo ka fè pwal je moun lan antre nan je a al fwote sou glas je a, yo ka fè moun lan pa wè nan je a ankò.



Ki sa pou nou fè lè nou gen trakòm:

Mete pomad tetrasiklin pou je anndan je yo 3 fwa pa jou (p. 421) pandan 1 mwa. Fòk nou pran grenn tetrasiklin tou (p. 407) osinon grenn silfonamid (p. 409) pou 10 jou rive 2 senmenn.

Ki jan pou nou evite trape li:

Lè yon moun gen trakòm, okipe sa lapoula jouk li geri. Sa va anpeche li gaye. Tout moun ki ret nan menm kay ak yon moun ki gen trakòm sitou timoun, fè yo konsilte je yo tanzantan. Si yo bay yon ti siy, fòk nou bay renmèd la bonè. Lè konsa se pou nou swiv konsèy chemen pwòpte nou te bay nan Chapit 12 la.

Pwòpte ede nou evite trakòm.

LÈ TIBEBE KI FENK FÈT GEN JE WOUJ



Si je yon tibebe ki fenk fèt vin wouj sou yonn osinon de jou, si yo anfle, epi si yo gen anpil pi ladan yo, gen anpil chans pou se ekoulman ki ba li I (p. 256). Tibebe a trape maladi a lè lap soti nan vant manman l. Pa dòmi sou sa. Okipe sa **lapoula**, si nou pa vle pou li pèdi je li yo.

Sa pou fè lè konsa:

- Bay ti bebe a yon piki Seftriyaksòn (50 mg. pou chak kilogram pèz li) yon sèl kou osinon ba li yon piki 200.000 inite Penisilin kristalin de fwa pa jou pandan twa jou.

- Si nou pa gen Seftriyakzòn osinon Penisilin, nou kapab ba li yon piki Jantamisin (5 mg. pou chak kilogram pèz timoun lan) yon sèl kou. Mete ponmad tetrasiklin 1% nan je tibebe a chak jou inèdtan premye jou a. Apre sa mete ponmad la yon fwa chak witèdtan pandan 10 jou.

Ki jan pou nou evite sa:

Pwoteje je **tout** timoun pou afè ekoulman sa a, sitou lè nou konnen manman timoun yo ka gen maladi sa a, osinon pati papa yo boule yo lè yap pipi. (Yon fanm ka gen ekoulman san li pa janm konn sa.)


Mete yon gout nitrat dajan 1% **yon grenn fwa ase** nan chak je tibebe a lè li fèt. Si nou pa gen nitrat dajan an sèvi ak pomad tetrasiklin pou je twa fwa pa jou pandan twa jou.

Si yon tibebe vin gen ekoulman nan je, se pou **ni papa a, ni manman an** pran renmèd pou ekoulman.


IRITIS (GLÈ JE ANFLE)

Siy nou ka wè:

JE SA A BON



JE SA A MALAD



Doulè a ka rete konsa epi li parèt, osinon li ka koumanse piti epi chak lè lap vin pi mal. Je a bay anpil dlo. Doulè a pi rèd lè gen gwo limyè. Pa gen pi, tankou nan konjonktivit la. Moun lan wè twoub twoub.

Fòk nou kouri ale wè doktè. Pomad antibyotik pou je pap fè anyen. **Al wè doktè je.**


GLOKÒM

Gwo maladi sa a rive lè gen twòp tansyon nan je a. Nou pi fasil jwenn li kay moun ki depase karantan (40 an). Se yonn nan bagay ki lakòz moun vin avèg. **Se pou nou rekonèt siy glokòm lan kou yo parèt epi al wè doktè je san pèdi tan.**

Gen de kalite glokòm.

Glokòm ki vin tankou yon kriz:

Li pran nou yon grenn kou ak yon maltèt osinon gwo doulè nan je. Je a vin wouj, nou wè twoub. Lè nou manyen grenn je a, li di tankou wòch, nou ka vonmi tou. Nwa je ki malad la pi gwo pase nwa je ki bon an.




Si nou pa okipe je a lapoula, kriz glokòm nan ka fè nou pa wè nan je nou apre kèk jou. Yo ka blije opere nou. **Al kay doktè je.**

Glokòm ki vini piti piti a:

Se piti piti tansyon an ap vin pi fò. Lè konsa je a ka pa fè mal. Piti piti moun lan koumanse pa wè byen sou kote, men li pa wè sa. Si nou fè yon ti tès pou moun lan nou ka wè si li gen maladi a.

TÈS POU GLOKÒM



Fè moun lan kouvri yon grenn je. Fè li gade yon bagay ak lòt je a drèt devan l. Make ki kote li ka wè dwèt nou kap mache soti dèyè chak bò tèt li.

Moun ki pa malad koumanse wè dwèt yo isit la.

Moun ki gen glokòm koumanse wè dwèt yo pi devan.

Si nou rekonèt maladi a bonè, nou ka fè tretman ak yon kalite gout pou je (pilokapin) ki fèt espre pou sa. Sa ka anpeche moun lan avèg. Se yon doktè osinon yon mis ki pou di nou dòz pou nou mete dapre tansyon je a yo pran tanzantan. Se pou nou mete gout yo pou rès tan nap viv la.


Ki jan pou nou evite maladi a:

Moun ki depase karantan (40) osinon ki gen moun nan fanmi yo ki gen glokòm, fèt pou fè yo pran tansyon je yo chak lanne.

ENFEKSYON NAN SAK DLO JE A

Siy:

Anba je a bò kote nen an vin tou wouj, li fè mal, epi lap anfle. Je a kouri dlo anpil. Yon gout pi ka parèt nan kwen je a lè nou peze yon ti kras sou kote ki anfle a.




Ki sa pou nou fè:

- Mete konprès dlo cho.
- Mete gout antibyotik pou je osinon ponmad pou je.
- Pran penisilin (p. 402)

LÈ NOU PA KA WÈ TWÒ BYEN


Timoun ki pa ka wè twò byen osinon ki gen maltèt osinon je fè mal lè yap li, ka bezwen pote linèt. Fè doktè egzaminen je yo.

Se bagay nòmal pou **granmoun** depi laj ap antre, chak jou lap pi difisil pou yo wè byen. Yap bezwen linèt pou li. Men pou je yo pa fatige osinon pou yo pa gen maltèt, se pou yo pote linèt ki bon pou yo dapre preskripsyon doktè je.




JE VÈWON AK JE LOUCH

Si yon tibebe osinon yon timoun piti gen je kap gade sou anndan osinon sou deyò, oubyen ki tanzantan ap woule, kouvri je ki **bon** an ak yon ti moso katon. Sa ka ede.



si je sa a vèwon,

kouvri je ki bon an.




Sa ka ede je ki fèb la gade dwat.

Si nou kapab, fè sa lè timoun lan gen 6 mwa. Kouvri je ki bon an. Kite l kouvri jouk lòt la vin gade dwat. Pou yon timoun ki gen sis (6) mwa sa ka pran yon senmenn osinon de. Plis timoun lan gran plis tan lap pran. Pou yon timoun ki gen setan (7), li ka pran yon lanne. Pou sa ki pi gran yo, pale sa ak yon mis pou konnen konbe tan sa ka pran.

Lè nou bande bon je a byen bonè sa ka anpeche timoun nan rete ak je vèwon pou restan lavi li.


Si gen yon je ki toutan vire lanvè, nou te mèt kouvri je ki bon an, sa ap ede je vèwon an vin dwat. Gen linèt espesyal ki ka ede lè konsa. Men menm si yo fè operasyon pou fè je a gade dwat, se pa sa kap fè moun lan wè pi byen.

KLOU NAN JE



Yon ti boul anfle tou wouj arebò po je a. Pou fonn klou a, mete konprès dlo cho sou li, ak yon ti sèl nan dlo a. Si nou mete yon ti ponmad antibyotik pou je 3 fwa pa jou sa ka anpeche lòt klou parèt.


CHÈ NAN JE



Yon ti moso chè ki pouse sou je a epi kap grandi soti sou kwen je a ale sou glas je a, se solèy ak pousyè ki fasil bay sa. Linèt nwa ka kalme iritasyon an epi li ka ralanti chè a sou kous li. Se pou nou al wè doktè je pou li opere nou anvan chè a rive sou nwa je a.

Renmèd moun konn ap mete tankou poud koki ap fè plis mal pase li fè byen.

YON KÒCHE NAN JE, ILSÈ OSINON YON KWOUT SOU GLAS JE A




Si ti po ki sou glas je a kòche osinon donmaje lè gen enfeksyon, sa ka lakòz yon **ti ilsè devlope nan glas je a** ak doulè. Si nou gade je a byen ak yon bon limyè, nou ka wè yon ti pati nan glas je a ki pa klere, ki pèdi koulè li epi ki vin gri.

Si nou pa okipe sa byen, ilsè a ka fè moun lan vin avèg. Mete ponmad antibyotik pou je, ba li penisilin epi kouvri je a ak yon moso twal fen. Si je a pa vin pi bon apre de jou, al wè doktè.

Yon **kwout sou glas je a** se yon plak blanch ki

pa fè mal. Se ka yon ilsè ki bay li, yon boule osinon nenpòt ki lòt malè ki te rive je a. Sèl bagay ki pou trete l se operasyon pou yo mete yon lòt glas je pou moun lan. Men se bagay ki koute chè epi li pa toujou bay bon rezilta. Yo ka fè operasyon an sèlman si moun lan avèg men li ka wè limyè toujou.




SAN NAN BLAN JE A

Yon plak san wouj ki pa fè mal nan blan je a konn parèt apre moun lan leve yon bagay ki lou, apre li touse twò fò (tankou ak koklich) osinon si moun lan frape je l. Se yon ti veso san ki pete nan je a ki bay sa. Li pap fè mal epi la pral fè wout li pou kont li. Nou fasil wè ti plak san wouj nan je tibebe ki fenk fèt. Nou pa bezwen okipe sa.




SAN KI SOTI DÈYÈ GLAS JE A

Lè gen san dèyè glas je a se yon siy danje pou nou. Se lè yon bagay ki gen fòs tankou pwen yon moun frape je a. Mete yon pansman sou je yo epi fè moun lan pran repo nan kabann li pou kèk jou. Si apre kèk jou nou wè doulè a vin pi mal, je a ka vin di, li ka fè glokòm (p. 241). Mennen l al wè doktè **san pèdi tan.**



PI DÈYÈ GLAS JE A

Lè gen pi dèyè glas je a sa vle di nap fè gwo ***anflamasyon***. Nou ka wè sa lè moun lan gen ilsè nan glas je li, epi se yon ti siy ki fè nou wè gen danje pou je a. Bay penisilin (p. 402) epi al wè doktè san pèdi tan. Si nou okipe ilsè a byen, pi dèyè glas je a pral fè wout li pou kò l.



KATARAK

Ti miwa ki pa dèyè ti twou ki nan nwa je a koumanse vin twoub, li fè ti twou je a pèdi koulè nwa li. Se granmoun ki pi fasil gen katarak. Timoun piti ka genyen li tou, men se pa fasil. Si yon moun pa ka wè paske li gen katarat, men atousa li ka rekonèt lè gen yon ti limyè ak lè li fè nwa, osinon si li wè lè bagay ap deplase, yo ka fè l yon operasyon pou l ka wè nan je l ankò. Men apre sa lap bezwen pote gwo linèt pwès. Lèfini lap pran yon ti tan pou l vin abitwe ak linèt sa yo. Renmèd pa ka fè anyen pou katarak.




ZEWOFTALMI (AVÈG LAN NWIT) (LÈ YON MOUN MANKE VITAMIN A)



Nou jwenn sa pi fasil lakay timoun ki gen dezan (2) rive sou senkan (5). Se paske li pa manje kont manje ki gen vitamin A ladan yo. Si nou pa wè sa touswit pou bay timoun lan renmèd bonè, sa ka fè timoun lan avèg.

Siy pou maladi a:


- Premye siy la, pitit la **pa wè lannwit.** Li pa ka wè nan fènwa menm jan ak lòt moun.




- Apre sa, je li yo koumanse **vin chèch** (zewoftalmi). Blan je a pèdi ti klere li gen sou li a epi li koumanse plise.

- Yon bann ti boul ki fè plak (tach Bitot) ka parèt nan je a.

- Lè maladi a ap vin pi mal, glas je a pou kont pa li koumanse vin chèch, li pa klere ankò, li ka menm rive gen yon bann ti twou.




- Avèk kous maladi a, glas je a ka rete konsa li vin mou, li gonfle, li ka menm rive pete. Lè konsa moun lan pa santi anyen. Enfeksyon, kwout, osinon nenpòt lòt malè ka lakòz moun lan pa wè. — — — — — —



- Lè yon timoun soufri lòt maladi tankou dyare, koklich, osinon tibèkiloz, zewoftalmi sa a ka parèt sou li. Si li genyen l deja, lòt maladi sa yo ap fè l vin pi mal. **Gade je tout timoun ki malad osinon ki manke pèz pou siy maladi a.**

Jan pou nou anpeche zewoftalmi sa a antre sou moun ak jan pou nou swen maladi a :



Nou ka anpeche maladi sa a antre fasil lè nou manje manje ki gen vitamin A ladan yo. Men sa pou nou fè:

- Bay tibebe yo tete jouk yo rive gen dezan (2) si nou kapab.

- Bay timoun ki gen lawoujòl Vitamin A (wè p. 433)

- Lè yon timoun gen sis (6) mwa, koumanse ba li manje ki gen anpil vitamin A, tankou fèy ak legim vèt, fwi ki wouj osinon jòn. Lèt, ze, fwa ak wonyon se bagay ki chaje ak vitamin A. Bay timoun ki gen sis (6) mwa rive ennan 100.000 Inite Vitamin A epi timoun ki gen plis pase ennan 200.000 inite Vitamin A chak 4 mwa.

- Si timoun lan pa manje kalite manje sa yo, osinon si nou wè timoun lan pa wè byen lannwit, ba li 200.000 inite vitamin A (60 mg. retinòl) yon fwa chak 6 mwa (p. 433). Pa bay timoun ki poko gen 6 mwa renmèd sa a.

- Si maladi a gen tan rive lwen, bay timoun lan yon sèl grenn 200.000 inite vitamin A touswit. Si timoun nan ap vonmi, ba li yon piki 100.000 inite nan dèyè.- Ba li 200.000 inite nan demen epi 200.000 inite 4 senmenn apre.

ATANSYON: Twòp vitamin A se pwazon; pa bay plis pase 200.000 inite pou yon senmenn. Lèfini pa bay plis pase 1.000.000 inite (5 grenn) antou.

Si kondisyon je timoun lan grav anpil epi nou wè glas je a pèdi klere li, li plen ti twou, osinon li pete, al wè doktè. Bande je timoun lan epi ba li vitamin A lapoula. Sa ta pi bon toujou si nou ta ka ba li yon piki 100.000 inite vitamin A.

Fèy, legim vèt ak legim jòn anpeche timoun vin avèg.


TACH OSINON "MOUCH" DEVAN GRENN JE MOUN

Gen de lè, granmoun yo konn plenyen yo wè kèk tach kap deplase devan je yo lè yap gade yon bagay ki klere (tankou yon gwo miray osinon syèl la). Tach yo deplase lè je a vire, yo sanble ti mouch tou piti kap vole.

Tach sa yo pa grav epi nou pa bezwen okipe yo. Men si nou gade epi nou wè yon bann tach ki rete konsa yo parèt an kantite, epi nou koumanse pa ka wè yon bò, se yon bagay ki mande doktè je san pèdi tan.

WÈ DOUB

Gen anpil bagay ki ka fè nou wè tout bagay doub.



Si nou rete konsa nou koumanse wè doub, osinon si se yon bagay kap donnen sou nou, oubyen kap vin pi mal, se yon siy ki di nou, nou ka nan gwo pwoblèm. Al wè doktè je.

Si se yon lè konsa nou wè doub, se ka paske nap soufri feblès, nou bouke kò a twòp, osinon nou pa manje byen.

Li Chapit 11 sou bon kalite manje epi bat pou manje byen, mezi nou kapab. Si je a pa vin pi bon, al wè doktè.

CHAPIT

17 DAN, JANSIV AK BOUCH

KI JAN POU NOU SWEN DAN NOU AK JANSIV NOU

Swen dan nou ak jansiv nou byen se bagay ki konsekan anpil, paske:

- Bon dan ki gen fòs nan bouch nou pèmèt nou kraze manje yo byen. Sa pèmèt lestonmak nou dijere pi byen tou.
- Si dan nou pa tonbe epi si yo pwòp, nou gen pi bèl lè.
- Si nou pa swen dan nou yo byen, yo ka gate, yo ka gen twou kap fè nou mal, yo ka pouri. Sa ka ban nou gwo enfeksyon ak apse ki ka lakòz lòt maladi nan kò nou.

Men jan pou nou kenbe dan nou ak jansiv nou anfòm:

1. **Evite twòp bagay dous.** Lè nou manje bagay dous anpil tankou kann, dous, tablèt, sik nan te osinon nan kafe, kola, bagay konsa sa fè dan nou gate vit.


Pa bay timoun abitid manje bagay dous ak bwè kola si nou vle yo gen bon dan.



Manje bagay dous anpil fè dan nou gate pi vit

2. Bwose dan nou byen, chak jou omwens 2 fwa, maten ak aswè, epi chak fwa nou fin manje yon bagay ki dous. Nou fèt pou bwose lang nou tou lè nap bwose dan nou. Depi timoun nan koumanse fè dan, se pou nou koumanse bwose dan li yo tou. Kou yo ka fè l pou kont yo, moutre yo jan pou yo foubi dan yo epi veye wè si yo fè l byen.

Men ki jan nou dwe bwose dan nou



Netwaye tout dan nan yon machwè anvan nou ale nan lòt machwè a.

Toujou apiye bwòs la sou jansiv la pou nou mennen l sou dan an.


Pa janm bwose yo ale vini.

Bwose devan dan yo, dèyè dan yo ak bò ki kraze manje yo.

3. **Pa bay timoun ki koumanse gran bwè nan bibwon.** Lè yon timoun bwè nan bibwon sa fè dan li toutan nan yon dlo dous epi sa ka lakòz li vin gen twou nan dan. Pi bon bagay la se pa bay tibebe a bibwon pyès (wè p. 301).

SI NOU PA GEN PAT DANTIFRIS:

Fè yon ti poud pou bwose dan nou yo. Melanje yon valè sèl ak yon menm valè bikabonat. Mouye bwòs la anvan nou mete l nan poud la.



Sèl ak bikabonat sèvi menm jan ak pat dantifris pou netwaye dan. Si nou pa gen bikabonat, nou gen dwa sèvi ak sèl la pou kòl.

KARI DANTÈ (TWOU NAN DAN):

Lè kari dantè fèk koumanse nan yon dan, ti twou li fè a twò piti pou nou wè li touswit. Anplis, lè twou a nan mitan de (2) dan ki kole, nou pa kapab wè li ditou. Men, si lè nap manje yon bagay dous nou santi yon ti doulè nan dan an, se konn siy gen kari nan dan an. Si kari sa a vin pi grav, twou a parèt aklè epi li vin tou nwa. Lè sa a lap fè nou mal tanzantan. Lè a rive tou pou nou ale wè yon dantis san pèdi tan. Lap kapab netwaye dan an, epi plen twou a, konsa nou pap pèdi dan an.



Lè nou gen yon dan ki gen twou, pa tann li fè nou mal anpil.
Fè dantis plen twou a lapoula.

MALDAN AK APSE


Si nou kite kari twò lontan nan yon dan, san nou pa fè yon dantis netwaye l, li kapab fè apse.

Yon apse dan, se yon enfeksyon. Li kapab ban nou yon gwo anflamasyon tou nan machwè nou. Lè sa a, nap bezwen pran antibyotik tankou grenn penisilin (p. 402) osinon grenn eritwomisin (p. 406) osinon grenn silfonamid (p. 409).

Epi ale wè yon dantis, paske menm si machwè a fin dezanfle, enfeksyon an toujou rete nan dan an. Se dantis la sèlman kap kapab di nou sa lap kapab fè ak dan sa a.

Apse se bagay pou nou okipe touswit, anvan enfeksyon an gen tan gaye lòt kote nan kò nou.

Nap jwenn kèk renmèd fèy ki ka soulaje maldan nan paj 378.



Nou gen maldan lè yon twou dan vin enfekte.


Yon *apse*, se lè enfeksyon an rive nan rasin dan epi li fè pi.

PIYORE, MALADI JANSIV SENYEN, JANSIV ANFLE

Lè yon moun gen jansiv li anfle tou wouj, kap fè li mal, epi ki senyen fasil, se paske:

1- Oubyen li pa netwaye dan li ak jansiv li yo byen osinon li pa fè sa chak jou.

2- Oubyen li pa manje kont manje kò li bezwen (malnitrisyon).



Si se paske moun nan te fè neglijans nan netwaye dan li, lè sa a li kapab genyen anpil kras di ki rasanble sou dan yo, epi anba jansiv yo.

Pou ekzante epi trete piyore:

Bwose dan nou byen omwens 2 fwa chak jou (maten ak aswè). Wete kras tout kalite ki kole nan fant dan yo. Sa bon pou nou netwaye anba jansiv yo ak yon ti fil pou dan, nap pase nan fant dan yo. Lè nou fèk koumanse fè sa, jansiv la ka senyen, men apre kèk tan, jansiv la ap vin pi fèm, li pap senyen ankò. Si nou manje bagay ki gen fil tankou mango ak kann, pa kite fil yo rete kole nan fant dan nou.


Atansyon: Gen de lè renmèd yo bay pou malkadi ka lakòz jansiv yo anfle (wè p. 431). Si sa rive, wè yon ajann sante pou li ka bannou yon lòt kalite renmèd.

Nap jwenn renmèd fèy pou jansiv wouj ki senyen fasil nan paj 375.

BÒKYÈ, MAK FANN NAN KWEN BOUCH


Pifò timoun ki gen bokyè nan kwen bouch yo se paske yo soufri malnitrisyon.

Timoun ki gen mak fann sa yo dwe manje manje ki gen anpil vitamin ak pwoteyin ladan yo tankou lèt, vyann, pwason, pistach, ze, fwi ak legim vèt.




PLAK BLANCH AK TACH BLANCH NAN BOUCH

Lang nan kouvri ak yon kouch blanch. Gen anpil maladi ki ka lakòz bouch ak lang moun kouvri ak yon kouch blanch. Nou jwenn li pi fasil lè moun lan gen lafyèv. Atout se pa bagay ki grav anpil, se pou nou lave bouch la ak yon ti dlo cho ak yon ti bikabonat ladan l tanzantan pou lajounen an. Souke dlo a nan bouch nou byen souke.




Lè nou wè **ti tach tou piti tankou ti grenn sèl**, nan bouch yon timoun ki gen lafyèv, se ka yon siy pou fè nou konnen li pral gen lawoujòl (p. 344).

Chanklèt: Se yon bann ti tach blanch ki parèt anndan bouch ak sou lang nan epi ki sanble lèt kaye ki kole sou yon vyann kri. Se yon chanpiyon yo rele moniliasis ki bay kalite enfeksyon sa a (wè p. 268). Nou pi fasil wè li sou timoun ki fenk fèt, sou moun ki gen SIDA ak sou moun kap pran yon kalite antibyotik tankou tetrasiklin osinon anpisilin. Esepte si nou blije pran antibyotik sa yo, pito nou sispann pran yo lè nou wè tach yo. Badijonnen tout anndan bouch la ak vyolèt jansyàn. Manje yon ti bout lay osinon bwè yon ti lèt kaye. Lè ka a grav, sèvi ak nistatin (p. 416).



Nan paj 374 la nap jwenn renmèd fèy ki bon pou chanklèt.

Ti bouton blanch (af): Se yon bann ti bouton piti, tou blanch epi ki fè mal anpil anndan po bouch la osinon nan bouch la menm. Yo ka parèt apre yon lafyèv osinon apre yon gwo tèt chaje. Apre de twa senmenn, yal fè wout yo. Lave bouch la ak yon ti dlo sèl, osinon mete yon ti dlo oksijene osinon ti ponmad kòtiko-estewoyid sou yo (p. 417). Antibyotik pap fè anyen pou ka sa a.



BOUTON GRIP AK BOUTON LAFYÈV

Se yon bann ti zanpoud ki fè mal anpil ki parèt sou po bouch nou (osinon nan pati nou), yo pete epi yo vin fè yon kal. Se yon jèm maladi (viris) ki lakòz yo. Yo geri apre yonn osinon de senmenn. Si nou kenbe yon ti moso glas sou bouton yo pandan inèdtan jou yo koumanse a sa ka geri yo.


CHAPIT

18 APARÈY PIPI AK PATI POU FÈ PITIT

Aparèy pipi a se tout bagay ki sèvi pou wete salte ki nan san nou epi ki voye yo jete deyò lè nou fè pipi.


Ren yo (grenn vant) se de ti paswa fen ki pase san nou pou wete tousa ki pa bon ladan yo. Se la pipi a koumanse.

Soti nan ren yo, pipi a pase nan ***kannal marasa*** yo ale nan blad pipi a.



Blad pipi a (vesi) se yon ti sak kote pipi a al chita. Plis lap plen se plis lap gonfle, lap vin pi gwo.

Kannal pipi a mennen pipi a rive nan pijon gason an osinon nan ti twou pipi ki louvri nan bouboun fi a.



PWOBLÈM NAN APARÈY PIPI A

Gen divès kalite maladi yon moun ka genyen nan aparèy pipi li. Se pa toujou fasil pou rekonèt yo. Gen ladan yo ki grav anpil, genyen ki pa grav menm. Yon maladi ka grav anpil, atout lè li koumanse li pa parèt sa. Se pa bagay fasil pou moun kap sèvi ak yon liv tankou liv sa a pou rekonèt kalite maladi a. Lè konsa yo bezwen al wè yon moun ki gen ladrès pou kalite maladi sa yo ki ka fè analiz pou yo. Se poutèt sa toujou pran konsèy nan men yon ajann sante.

Men **maladi nan aparèy pipi** nou pi fasil jwenn:

1- Enfeksyon nan aparèy pipi yon moun pa ka bay yon lòt lè yo gen rapò.

2- Pyè nan ren.


3- Pwostat (lè glann lan vin gwo epi pipi a pa ka pase, nou pi fasil jwenn sa kay granmoun gason).

4- Ekoulman (doulè lè nap pipi; se yon kalite enfeksyon, yon moun ki nan rapò ak yon lòt ka ba li l fasil).

ENFEKSYON APARÈY PIPI YON MOUN PA KA BA YON LÒT LÈ YO NAN RAPÒ

Siy ki fè nou rekonèt yo:


- Se ka lafyèv ak frison osinon maltèt.
- Se ka doulè bò vant.
- Doulè lè nap pipi ak anvi fè pipi toutan.
- Pipi a ka twoub osinon yon ti jan wouj (ak san).



- Se ka doulè, nan do (bò ren nou).
- Doulè a ka mache desann nan janm nou.
- Lè ka a grav (maladi nan ren), pye yo ak figi moun lan ka vin anfle.

Anpil fanm soufri ak ti enfeksyon nan aparèy pipi yo. Pou gason se pa fasil. Sèl ti siy nou ka wè se boule **pipi a boule nou** lè nap pipi ak yon **anvi fè pipi toutan**. Gen lòt siy nou ka wè tankou **san nan pipi a** avèk **doulè anba vant**. Lè nou santi yon doulè nan do kap mache bò ren yo gaye de bò anba zo kòt nou avèk lafyèv, sa vle di pwoblèm lan grav.

Sa pou nou fè lè konsa:



- **Bwè anpil dlo.** Anpil nan ti enfeksyon aparèy pipi a ka ale poukont li si nou bwè anpil dlo san nou pa bezwen pran medikaman pou sa. Men si moun lan pa kapab pipi osinon si men li ak figi li koumanse anfle, fòk li pa bwè anpil dlo.

- Si moun lan pa refè lè li bwè anpil dlo osinon si li gen lafyèv, se pou l pran grenn silfonamid (p. 409), anpisilin (p. 404) osinon tetrasiklin. Pa depase dòz pou nou pran an, swiv konsèy yo bay pou yo. Pou nou sèten enfeksyon an ale nèt, fòk nou pran medikaman an pandan dis (10) jou pou pi piti. Pa bliye pandan nap pran renmèd sa yo se pou nou **toujou bwè anpil dlo sitou lè se silfonamid nap pran.**

- Si moun lan pa refè lapoula, mennen l nan konsiltasyon kay doktè.

PYÈ NAN REN

Siy kap fè nou konnen se maladi sa a nou genyen:

- Li koumanse ak yon gwo doulè nan ren, sou kote osinon anba ti vant osinon nan rasin pijon pou gason yo.
- Kannal pipi a ka bouche. Lè konsa li difisil pou moun lan pipi, li pa ka pipi menm. Osinon nou ka wè ti degout san lè moun nan koumanse pipi.
- Moun lan ka gen enfeksyon nan aparèy pipi li anmenmtan.

Sa pou nou fè:

- Menm bagay nou sot wè talè a lè gen enfeksyon nan aparèy pipi a.
- Bay aspirin osinon nenpòt lòt renmèd pou kraze doulè a, ak yon renmèd pou lache misk yo (anti-espamodik).
- Eseye fè pipi kouche. Sa konn pèmèt ti grenn pyè yo woule tounen nan blad pipi a pou kite pipi a pase nan kannal lan.
- Nan ka ki grav anpil chache wè doktè. Gen ka ki ka mande operasyon.


GLANN PWOSTAT LA ANFLE

Maladi sa a se granmoun gason ki pi fasil genyen l. Lè konsa glann pwostat la ki chita ant blad pipi a ak gwo kannal pipi a vin anfle.

- Moun lan gen pwoblèm pou li fè pipi osinon pou li fè poupou. Pipi a ka degoute ase, men kannal pipi a ka sitèlman bouche moun lan ka pase plizyè jou san fè pipi.
- Si li gen lafyèv, se yon siy ki fè nou konnen li fè enfeksyon tou.


Sa pou nou fè pou moun kap soufri pwostat:

- Si moun lan pa ka pipi, lap eseye chita nan yon benwa dlo cho konsa. Si sa pa mache yo blije mete yon sonn pou li (p. 256).
- Si li gen lafyèv ba li antibyotik tankou anpisilin (p. 404) osinon tetrasiklin (p. 407).
- Chache wè doktè. Ka ki donnen yo ka blije fè yon operasyon.



ATANSYON: Sa bon anpil pou nou rekonèt sa ki maladi pwostat ak sa ki maladi ekoulman. Paske toude maladi sa yo kapab bouche kannal pipi a. Si moun lan granmoun, gen plis chans pou se yon pwostat anfle li genyen. Men yon jenn gason ki te gen rapò ak yon fanm malad (de twa jou osinon detwa senmenn anvan) ka gen ekoulman.

KI LÈ EPI KI JAN NOU DWE SÈVI AK SONN (YON TI TIYO KAWOTCHOU KI POU FÈ PIPI A KOULE SOTI DEYÒ)



Ki lè pou nou sèvi ak li, ki lè pou nou pa sèvi ak li:


- **Pinga nou sèvi ak sonn si nou ka fè yon lòt jan osinon si nou ka mennen moun lan kay doktè.** Menm lè nou pran tout prekosyon pou nou sèvi byen ak sonn lan, sa ka bay gwo enfeksyon, osinon sa ka donmage kannal pipi moun lan.

- Si moun lan bay yon ti pipi tou piti, pa mete sonn pou li.

- Si yon moun pa ka pipi, fè li chita sou yon benwa dlo cho pou l eseye pipi (p. 255). Koumanse bay renmèd pou ekoulman osinon maladi pwostat lapoula.

- Si blad pipi moun nan gonfle anpil, lap fè l mal, epi li pa ka pipi, osinon si li bay siy pipi a ap pase nan san l, se lè sa a sèlman pou nou sèvi ak sonn.

Siy ki fè wè pipi a ap pase nan san moun lan:



- Souf moun lan gen sant pipi.
- Pye l ak men l anfle.
- Li gen vonmisman, lap depale.
- Lap pèdi tèt li.


Atansyon: Moun ki soufri ak maladi pwostat osinon pyè nan ren dwe achte yon sonn pou yo mete la pou yo jwenn li anba men yo lè yo bezwen li.

KI JAN POU NOU SÈVI AK YON SONN

1. Bouyi sonn lan pandan 15 minit.



2. Lave pijon moun nan ak tout bò kote li ak savon epi ak dlo bouyi tyèd.




3. Lave men nou byen pwòp ak dlo bouyi epi savon.




4. Kouvri tout bò kote pijon moun nan avèk twal byen pwòp, esterilize si nou kapab.




5. Lave men nou ak alkòl. (Si gen gan esterilize, sèvi ak yo).



6. Grese sonn lan ak yon ti ponmad antibyotik osinon ak yon Vazlin ki esterilize.



7. Foure sonn lan piti piti, pran anpil prekosyon.



PRAN TOUT KALITE PREKOSYON POU SONN LAN PA JANM MANYEN AK LÒT BAGAY PASE TWOU PIJON AN EPI MEN NOU.

Si sonn lan pa ka antre fasil, woule li dousman avèk dwèt nou epi deplase pijon an, men nou pa dwe janm fòse sonn lan antre. Se bagay fasil pou yon moun donmaje kannal pipi a, sa ka bay moun lan gwo pwoblèm. Lè nou wè pipi a koumanse ap soti, rete, pa eseye foure sonn lan pi fon.

Kenbe pijon an konsa pou kannal pipi a pa koube.


ENPÒTAN:

Si nou wè kèk siy ki fè nou kwè pipi andedan vant lan ap pase nan san l , pa kite tout pipi a deboulinen yon grenn kou. Se pou nou fè li soti piti piti. Li ka pran yon dezèdtan (2) konsa pou pipi.

Gen kèk fanm ki konn pa ka pipi apre yo fin akouche, lè konsa yo ka bezwen yon sonn. Se menm jan an pou nou mete sonn lan, men chonje kannal pipi fi a pi kout pase pa gason an.

Pati pou fè pitit

Pou gason:



kannal jèm yo


Pwostat, se glann ki bay dlo blanch ki pote jèm yo deyò.

Vezikil seminal, se rezèvwa jèm yo.

Grenn yo se de glann ki fè ***jèm*** yo. Jèm yo piti anpil anpil, yo gen yon ti ke. Lè yonn ladan yo kontre ak ze fanm lan, lè sa a fanm lan vin ansent.



Pou fi:
Pati sou deyò




Langèt: pati ki sansib anpil nan bouboun fi a, li sanble yon ti pijon tou piti.

twou pipi a: kote pipi a soti

twou vajen an, kote pitit la soti (wè pati anndan pou fi fè pitit)


Pati anndan



MALADI NOU KA TRAPE LÈ NOU NAN RAPÒ AK YON MOUN

EKOULMAN (BLENORAJI, GRANN CHALÈ, GONORE)

Se yon maladi moun trape lè yo nan rapò ak yon moun ki malad deja.



Siy pou fè nou rekonèt sa:

Kay yon gason:

- Lè lap pipi li boule l.
- Gout pi kap soti nan pati l.
- Rive yon lè pipi a pa kapab pase menm.
- Lafyèv yon lè konsa.

Apre kèk mwa osinon kèk lanne:

- Jwenti jenou l kapab anfle li vin di ak anpil lòt pwoblèm tou.

Kay yon fi:

- **Lè maladi a koumanse, li pa fasil wè anyen** (li ka santi yon ti boule lè lap pipi osinon li ka gen yon swente nan vajen li).
- Si yon fanm ansent gen ekoulman, si li pa okipe sa anvan timoun lan fèt, tibebe a ka pran enfeksyon nan je (wè paj 239) ki rann li avèg.

Apre kèk mwa osinon kèk lanne:

- Doulè anba ti vant (enfeksyon anba ti vant p. 270).
- Pwoblèm avèk règ li.
- Fanm lan **pa ka fè pitit.**
- Lòt pwoblèm.

Pou gason, premye siy ekoulman yo ka parèt 2 osinon 5 jou (li ka menm parèt apre 3 senmenn epi menm pita toujou) apre li te nan rapò ak yon fanm malad. Pou fanm, plizyè lanne ka pase anvan li wè okenn siy, men sa pap anpeche l **bay yon lòt moun maladi a** depi sou de twa jou apre li trape l li menm.

Sa pou nou fè:

- Bay piki Espektinomisin (de gram yon sèl kou) osinon bay piki penisilin pwokayin 4,8 milyon inite, yon sèl kou. Bay mwatye dòz la nan chak bò dèyè moun lan (wè p. 403). Se pou nou sèvi ak penisilin pwokayin, pa avèk penisilin kristalin. Si nou ka jwenn pwobenesid, bay moun lan 1 gram yon demiyè anvan nou ba li piki penisilin lan. Si nou pa gen penisilin osinon si penisilin lan gen lè pa bay rannman, sèvi ak Kotrimoksazòl (Baktrim) ki gen 80mg. Trimetwopim ak 400 mg Silfametoksazòl: 10 grenn yon fwa pa jou pandan 3 jou.

- Si moun nan pa ka pipi, se pou l eseye antan li chita nan yon gwo benwa dlo cho (p. 255). Si malgre sa li pa ka pipi, se pou nou sèvi ak yon ***sonn*** pou nou debouche blad pipi a (wè p. 256). Chache wè doktè.

- Si yon gason ki gen ekoulman al kouche ak madanm li, se pou madanm li pran piki tou. Atout madanm lan pa gen okenn siy maladi a, gen anpil chans pou l genyen li. Si li pa trete ansanm ak mari a, lap bay misye a maladi a ankò.

- Se pou nou pwoteje je tibebe yo pou yo pa pran jèm ekoulman an ki ka fè yo vin avèg. Lè tibebe yo fenk fèt, mete nan chak je yo kèk gout ajiwòl (5 %) osinon yon gout nitrat dajan (1 %) (wè paj 421).

- Nenpòt moun ki nan rapò ak yon moun ki gen ekoulman fèt pou li swiv tretman tou, sitou madanm gason ki enfekte yo.

ATANSYON: Yon moun ki gen ekoulman ka gen sifilis tou, san li pa konnen. Se poutèt sa li pi bon pou moun lan tou swiv tretman pou sifilis paske tretman pou ekoulman an ka anpeche premye siy sifilis la parèt sou moun lan, **san li pa geri maladi a pou sa.**

Pou anpeche ekoulman ak lòt maladi nou ka trape lè nou nan rapò ak yon moun, wè paj 262.

SIFILIS

Sifilis se yon maladi ki kouran epi ki grav anpil. Se lè yon moun ki gen maladi a nan rapò ak lòt moun li bay lòt moun maladi sa a.

Siy:

- Premye siy nou ka wè se yon bouton yo rele ***chank***. Li parèt sou 2 rive 5 senmenn apre nou te nan rapò ak yon moun ki gen sifilis. Chank la ka sanble yon ti pwen wouj osinon yon glòb. Pi souvan se nan pijon gason an osinon nan bouboun fanm lan yo parèt (kèk fwa yo ka parèt nan bouch osinon anndan bouch, nan fant dwèt, nan twou dèyè). **Bouton sa yo pa fè moun mal, konsa si se andedan vajen fanm lan li ye, fanm lan ka pa menm konnen li genyen l, men li fasil pou li bay yon lòt moun li.**




- Bouton an pa fè lontan. Apre sa, l ale poukont li san renmèd. **Men maladi a rete toujou ap mache nan tout kò a.**

- Apre kèk senmenn osinon kèk mwa, moun nan ka gen mal gòj, yon ti lafyèv, bouton pete nan bouch li, oubyen jwènti li yo anfle.

Lè konsa nou ka wè nenpòt nan siy sa yo parèt sou po moun lan:

yon chofi ki fè mal gaye tou wouj sou tout kò li.



gwo plak won (tankou itikè)



yon gratèl nan men ak nan pye.



Tout siy sa yo al fè wout yo poukont yo. Lè konsa moun lan menm kwè li geri, men, se pa vre, maladi a la pi rèd. **Si nou pa trete sifilis la byen, lap gaye nenpòt kote nan kò yon moun, li gen dwa ba li maladi kè, paralizi, fè l pèdi tèt li, ak anpil lòt pwoblèm.**

ATANSYON: Si yon moun wè li gen gratèl osinon lòt maladi po li pa konprann kèk jou osinon kèk senmenn apre li te wè yon bouton osinon yon chank parèt nan pati li, se ka sifilis li genyen. Pou nou ka sèten, chache wè doktè.

Men sa pou nou fè pou moun ki gen sifilis:


- Si moun lan fenk gen sifilis: Ba li piki penisilin benzatin: 1,2 milyon inite nan chak bò dèyè yon sèl kou osinon ba li piki penisilin pwokayin: 1,2 milyon inite pa jou pandan 10 jou yonn dèyè lòt. Moun ki fè alèji lè yo pran penisilin, yo kapab pran tetrasiklin: yon grenn 500 mg. 4 fwa pa jou pandan 15 jou.

- Si sifilis la ap trennen sou moun lan depi lontan: Ba li piki penisilin: 2,4 milyon inite chak senmenn pandan twa senmenn yonn dèyè lòt osinon piki penisilin pwokayin: 1,2 milyon inite pa jou pandan 20 jou yonn dèyè lòt. Moun ki fè alèji ak penisilin, yo kapab pran tetrasiklin: yon grenn 500 mg. 4 fwa pa jou pandan 30 jou.

- Nenpòt moun ki nan rapò ak yon moun ki gen sifilis, se pou li pran renmèd pou sifilis la tou, sitou misye ak madanm moun ki gen maladi sa a.

Pou anpeche sifilis, wè paj ki vin apre a.

APSE LENN - GLANN BÒ LENN (Lymphogranuloma venereum)



Siy:

- **Nan gason:** Gwo boul nwa nan lenn moun lan. Li pete, li koule pi, epi li fèmen, apre yon tan li parèt ankò, li pete.
- **Nan fi:** Menm jan ak pa gason yo. Osinon bouton nan twou dèyè ki fè mal epi kap swente.

Men sa pou nou fè:

- Ale wè yon ajann sante.
- Bay yonn osinon 2 grenn tetrasiklin 250mg 4 fwa pa jou pandan 2 senmenn.
- Pa al nan rapò ak moun toutotan apse yo poko fin geri nèt.

Men ki jan pou nou evite bay lòt moun kalite maladi sa yo:

1. **Chache tretman lapoula:** Se pou tout moun ki gen kalite maladi sa yo pran renmèd lapoula pou yo pa bay lòt moun maladi a. Epi tann twa jou apre nou fini tretman an anvan nou al nan rapò.

2. **Pale lòt moun si yo bezwen fè tretman:** Lè yon moun vin konnen li gen yonn nan kalite maladi sa yo, fòk li di tout moun ki te nan rapò avè l yo sa. Moun sa yo va tou konnen pou yo pran renmèd tou. Gason gen obligasyon di tout fanm li te nan rapò ak yo sa, paske san fanm lan pa konnen sa, li ka bay yon lòt moun maladi a, si lap fè pitit, tibebe a ka vin avèg epi li menm tou li ka pa ka fè pitit ankò, li ka malad anpil tou.

3. **Fè atansyon ak ki moun nou nan rapò:** Yon moun ki nan rapò ak anpil moun diferan pi fasil pran maladi sa yo. Nan kafe se la maladi sa yo chita. Pinga ale la! Lè nou al lavil pa kite yo pran tèt nou. Lè nou sèvi ak kapòt, sa ka anpeche nou pran maladi nan rapò (men se pa tout tan).

4. **Ede lòt moun:** Lè yon zanmi nou gen yonn nan maladi sa yo, fè li swiv tretman, epi pale l pou li tann li fin geri nèt anvan pou li gen rapò ankò.

SIDA (Sendwom Imino Defisitè Atrapan)


SIDA se yon nouvo maladi ki grav anpil. Se yon viris ki bay maladi atrapan sa a. Jounen jodi a, SIDA gaye nan tout peyi sou latè, men gen kèk kote jou an jou lap vin pi plis.

SIDA fè kò moun nan pèdi posibilite li te genyen pou li defann tèt li kont maladi. Konsa, yon moun ki gen SIDA kapab byen fasil trape divès maladi tankou dyare, nemoni ak yon espès kansè po. Pi fò moun ki fè SIDA se maladi yo pa kapab goumen avèk yo ki touye yo.




SIDA a transmèt se lè san, likid dechay gason, osinon likid vajen fanm gen viris la ladann epi viris la soti nan kò yon moun pou al antre nan kò yon lòt. Sa ka rive nan:

- Fè lanmou ak yon moun ki gen viris la. Ki fè, yon moun ki fè lanmou ak plis pase yon moun gen plis chans pou li trape SIDA.



- Sèvi ak menm sereng osinon zegwi epi nenpòt ki lòt zouti ki ka blese moun, (pa ekzanp jilèt, razwa) ak lòt moun san li pa esterilize. Konsa, si gen moun ki sèvi ak menm sereng lan pou yo pran dwòg, gen anpil chans pou yo trape SIDA.



- Yon fanm ansent ki enfekte ak viris la ka bay pitit nan vant li a maladi a. Preske 50 sou 100 tibebe manman yo gen viris la vin fè SIDA.

ENPÒTAN: Nou ka trape SIDA nan rapò ak yon moun ki parèt an sante. Anpil mwa osinon lanne gen dwa pase depi viris la fin antre nan kò moun nan anvan pou premye siy maladi a parèt sou li. Pandan tan sa a moun nan kapab bay lòt moun SIDA nan fè lanmou osinon nan sèvi ak menm sereng.

Moun pa pran SIDA nan kontak nòmal tout moun genyen tankou bay lanmen, jwe, manje ansanm. SIDA pa transmèt nan manje, nan dlo, nan piki marengwen, nan bouch latrin, nan sèvi ak menm gode.

Siy SIDA yo varye.

Souvan siy sa yo se menm ak siy lòt maladi, men yo pi grav epi yo dire pi lontan. Si plizyè nan siy nou pral di la yo parèt ansanm sou yon moun epi moun nan ap vini pi mal jou an jou, moun sa a pètèt fè SIDA (men nou pa ka sèten si moun nan pa fè yon tès espesyal).

- moun nan ap vin piti, lap depafini;
- dyare toutan ki dire plis pase yon mwa;
- lafyèv souvan pandan plis pase yon mwa, pafwa li fè ale vini;

Moun nan ka gen yonn osinon plizyè nan lòt ***siy sa yo:***

- yon vye tous ki dire plis pase yon mwa;
- chanklèt nan bouch (champiyon);
- glann (gangliyon) ki parèt nenpòt kote sou kò li;
- gratèl;
- bouton chen (grenn sèl, veri) oubyen ti blese kap gwosi epi ki pa geri malgre tretman, sitou sa ki nan zòn bò pati moun nan ak bò dèyè li;
- moun nan santi li bouke toutan.

Tretman:

Poko gen medikaman pou geri SIDA. Men, moun yo trape divès enfeksyon ki difisil pou yo konbat, fòk yo pran tretman pou yo:

- Pou dyare, bay sewòm oral (wè p. 162).
- Pou chanklèt, vyolèt jansyann (wè p. 417), ti tomat (wè p. 374).
- Pou grenn sèl (veri) mete asid biklowoasetic osinon podofilin.
- Pou lafyèv, bay anpil likid, aspirin, fè moun nan benyen nan dlo frèt (wè p. 80 ak p. 81).
- Pou tous ak nemoni, bay antibyotik (wè p. 183).

Prekosyon:

- Fè lanmou ak yon sèl moun nou ka gen konfyans nan li osinon toujou sèvi ak kapòt.

- Si nou ta sispèk nou menm oubyen moun nou pral dakò avè l la ta ka gen enfeksyon sa a, sèvi ak kapòt.

- Pa fè lanmou ak moun ki boule ak plizyè lòt, tankou jamè dodo yo (gason kou fi).

- Pa pran piki pou dan ri . Pran piki doktè preskri nou ase.

- Si pou nou pran piki, fòk nou sèten zegwi ak sereng nan se yon sèl sèvis lap fè, oubyen fòk yo tranpe nan kloròks pandan 20 minit epi fòk yo byen bouyi.

- Fòk nou sèten jilèt fanmsay yo, zouti kap sèvi pou pèse zorèy, rache dan, fè labab byen esterilize oubyen bouyi.


- Si nou blije pran san, fòk nou sèten yo te teste san an anvan. Menm si nap pran san yon moun nan fanmi nou oubyen yon zanmi nou, fòk san an teste. Pa gen asirans sou sa.

- Chache bay jennjan, jennfi, tout moun bon jan enfòmasyon, edikasyon sou ki jan pou yo pa trape SIDA.

- Moun kap okipe moun ki gen maladi SIDA lakay yo oubyen nan lopital, fèt pou yo evite gaye viris la, simen l bay lòt moun. Nòmalman pa gen gwo danje nan sa, men fòk nou chonje kèk bagay:

  Rad sal plen san, twal kabann, twal règ ka simen viris la. Se pou nou pran prekosyon ak bagay sa yo epi fè yo tranpe nan kloròks pandan 20 minit oubyen mete yo bouyi pandan 20 minit.

  San ak blese ka simen viris la. Pou tèt sa mete gan kawotchou osinon plastik, si nou kabab epi lave men nou souvan.



CHAPIT

19 SA TOUT FANM DWE KONNEN

RÈG (LALIN, PYE) - LÈ FANM LAN AP SENYEN CHAK MWA


Pifò tifi gen premye lalin yo osinon règ yo apre yo gen 11 an, anvan yo gen 16 an. Sa vle di yo fòme, yo ka vin ansent.

Pifò fi gen lalin yo sou chak 28 jou konsa, epi san an ka pran 3 rive 6 jou pou l koule. Men pou kèk lòt fanm se ka pa menm bagay.

Jenn tifi ki poko gen 20 an yo pi fasil gen doulè epi lalin yo pa toujou vin sou dat li. Men sa pa vle di yo gen kichòy pou sa.

Si nou gen doulè lè nou gen lalin nou:

Nou pa bezwen rete kouche nan kabann nou. Pou di vre, lè nou rete kouche, sa ka fè l fè nou pi mal.



Li pi bon pou nou si nou fè ti mache ak ti travay, osinon egzèsis san nou pa fatige kò a twòp.



Nou ka bwè te cho, osinon tranpe pye nou nan dlo cho.



Pran aspirin, sa ka ede nou. (p. 421) Konsa tou nou ka mete konprès dlo cho sou vant nou.

Fanm fèt pou kenbe kò yo pwòp toutan. Lè yo gen lalin yo menm se pi mal, lèfini se pou yo dòmi kont yo, epi pou yo manje tout kalite manje ki bon pou kò yo. Yo gen dwa manje tout bagay yo abityè manje epi yo pa bezwen sispann travay yo konn fè.

Men kèk siy ki ka fè nou konnen nou gen pwoblèm ak lalin nou:

- Lè nou pa regle sou menm kantite jou a chak fwa, pou kèk fanm se konsa yo ye, men pou lòt se ka yon ti siy ki fè yo konnen yo malad. Se ka yon maladi kap minen yo anndan, se ka anemi, malnitrisyon osinon yon enfeksyon, osinon yon timè nan vant.

- Si lalin lan pa parèt lè li dwe parèt la, se ka yon siy ki fè nou wè moun lan ansent. Men gen anpil tifi ki fèk fòme ak fanm ki depase 40 an ki konn sote yon mwa osinon ki pa regle chak fwa sou menm kantite jou. Lè yon fanm gen gwo pwoblèm kap chaje tèt li sa ka boulvèse dat lalin li tou.

- Si yon fanm ansent koumanse senyen, gen anpil chans pou se yon foskouch lapral fè (tibebe a tonbe, wè p. 271).

- Si yon fanm wè lalin li ap koule depase 6 jou, si lap senyen anpil, osinon si san an parèt ankò anvan 25 jou, se pou l al wè doktè.

Nan paj 375 la, nap jwenn renmèd fèy pou doulè règ ak fè san vini.

MENOPOZ - LÈ YON FI RETE (LÈ YON FI SISPANN GEN LALIN LI)



Lè fi ap granmoun, rive yon lè yo pa regle ankò, yo di yap fè menopoz yo. Apre menopoz li, yon fanm pa ka fè pitit ankò. Pou pifò fi se ant 40 ak 50 an gwo chanjman sa a fèt nan lavi yo. Lè konsa, lalin lan koumanse rate tanzantan pou kèk mwa anvan li rete nèt.

Lè yon fi ap fè menopoz li, tanzantan lap santi kò li pa yès, kè li pa anplas, li gen kè sere, li kagou, boufe chalè (yon ti moman nou rete nou santi nou cho, nou pa sipòte kò nou) doulè kap mache nan tout kò nou, ak anpil lòt ti pwoblèm konsa. Lè sa fè yon bon tan depi règ la rete nèt (2 zan - 3 zan), pi fò fanm yo santi yo byen ankò.

Lè yon fi wè lap senyen anpil, osinon li gen gwo doulè anba vant li antan lap fè menopoz li, osinon si li koumanse senyen ankò apre li te fin rete nèt pou kèk mwa osinon kèk lanne, se poul l al wè doktè. Fòk yo egzaminen fanm lan pou yo wè si se pa kansè osinon you lòt gwo pwoblèm li ka genyen (wè p. 271).

PWOBLÈM FANM

Pèt
(yon dlo pwès ki sanble ak pi kap koule soti nan vajen fanm lan):

Tout fanm rann yon ti dlo klè nan vajen yo. Li ka blanch, li ka yon ti jan jòn, se bagay nòmal. Si li pa grate li osinon si li pa bay move sant, nanpwen pwoblèm nan sa.

Men anpil fanm, sitou lè yo ansent, yo gen anpil pèt epi yo gen vajen yo kap grate yo. Gen anpil kalite enfeksyon ki ka bay pèt sa a. Pifò ladan yo anbetan, men yo pa danjere.


1. Yon pèt ki tou piti, ki fè kim ak yon ti koulè gri ale sou jòn osinon blanch, ki gen yon sant fò epi ki grate. Se ka enfeksyon **Trikonomas** la moun lan genyen. Lè lap pipi sa boule li. Gen de lè tou vajen li ap fè li mal osinon li anfle.

Men sa pou fè:

- Premye devwa nou se kenbe bouboun nou pwòp.

- Lave vajen nou, osinon ba li yon ***douch*** ak dlo tyèd, dekoupe ak vinèg. Sa ka ede anpil.

Mete 3 ti kiyè vinèg
nan yon (1) lit dlo tyèd.



Se pou fanm lan pran yon douch twa fwa konsa pa jou jouk li refè. Si pa gen vinèg mete ji sitwon nan dlo a.

- Si se trikomonas, ni fanm lan, ni mesye a fèt pou bwè 2 gram metwonidazòl yon sèl kou. Si bouboun fi a boule li anpil, la sèvi plis ak sipozitwa pou vajen ki gen metwonidazòl osinon yon lòt renmèd ki bon pou trikonomas (wè paj 414 ak paj 416).

ENPÒTAN: Gen anpil chans pou mari yon fanm ki gen trikomonas la gen enfeksyon an tou, menm si li pa santi anyen li menm. (Gen gason lè yo gen trichomonas yo santi kannal yo boule yo lè yap pipi.) Si fanm lan ta rive gen yon lòt gwo enfeksyon apre li te fin fè tretman an, se pou ni li, ni mari li, yo chak pran 2 gram metwonidazòl menm jou a. Bwè grenn metwonidazòl sèlman si enfeksyon an grav anpil.

2 - Pèt blanch ki tankou lèt kaye osinon krèm lèt epi ki santi kanni osinon tankou pen cho. Maladi sa a ka yon kalite enfeksyon chanpiyon yo rele moniliasis. Li ka grate anpil

anpil. Po bouch bouboun nan lè konsa konn wouj epi yo fè mal. Lè lap pipi, pipi a boule. Nou pi fasil jwenn maladi sa a lakay fanm ansent ak fanm ki malad, fanm ki fè dyabèt (p. 135), osinon fanm ki pran grenn antibyotik, oubyen grenn pou yo pa fè pitit.

Men ki jan pou nou trete maladi sa a:

Douch avèk dlo vinèg (wè p. 268) osinon dlo vyolèt jansyàn (2 ti kiyè vyolèt jansyàn deleye nan yon demi lit dlo). Osinon sèvi ak sipozitwa pou fanm ki gen nistatin 200 mg. Klotrimazòl chak jou pandan twa jou osinon sipozitwa nistatin. Pou kantite pou mete ak tout lòt detay nou bezwen konnen, wè p. 416. Gen moun ki mete lèt kaye nan vajen yo, yo di se yon bon renmèd pou enfeksyon chanpiyon.

ATANSYON: Pa janm sèvi ak antibyotik pou kalite enfeksyon sa a. Antibyotik fè maladi sa a vin pi mal.


3. Pèt ki pwès ki sanble lèt epi ki bay yon sant rans. Sa ka yon enfeksyon ki soti nan yon mikwòb yo rele **hemophilus**. Fòk nou fè analiz espesyal pou nou konnen si se maladi sa a osinon enfeksyon trikomonas la nap fè. Pran douch ak dlo vinèg (p. 268). Mete yon sipositwa pou vajen ki gen silfatyazòl 2 fwa pa jou pandan 2 senmenn (wè p. 416).

4. Pèt dlo, koulè mawon osinon gri, ki gen tras san ladan l, ki santi. Siy sa yo fè nou konnen enfeksyon an grav anpil. Se ka menm kansè (p. 271). Si gen lafyèv, pran yon antibyotik (anpisilin ta pi bon - wè p. 404). **Epi al wè doktè san pèdi tan.**

ENPÒTAN: Si yon pèt rete lontan sou fanm lan, osinon si fanm lan pa refè lè li fin pran renmèd yo, se al wè doktè.

MEN KI JAN YON FANM KA EVITE ANPIL ENFEKSYON:


1. Kenbe bouboun nou toujou pwòp. Lè nap benyen, lave li pwòp ak savon twalèt.
2. Pipi chak fwa nou fin nan rapò ak yon gason. Sa ka anpeche nou pran enfeksyon nan kannal pipi nou (men sa pap anpeche nou ansent).
3. Lè nap siye dèyè nou apre nou fin poupou, fè atansyon. Se pou nou toujou siye nou soti devan ale dèyè.



Lè nou siye nou soti dèyè al devan sa ka fè jèm maladi, amib, osinon ze vè antre nan vajen nou. Chonje tou lè nap siye dèyè ti fi yo pou nou toujou soti devan al dèyè, epi pou nou moutre yo pou yo fè menm jan an tou lè yo vin gran.

DOULÈ AK JENNMAN FANM SANTI NAN ANBA TI VANT YO

Anpil bagay ka lakòz sa. Men yon lis kèk bagay ki ka bay fanm doulè anba ti vant yo ak keksyon nou ka mande pou chak.



Nap bay nimewo paj kote nou fè yon ti koze pou chak.

1.- Règ nou fè nou mal (p. 266). Èske li pi mal anvan règ la osinon pandan règ la?

2.- Enfeksyon blad pipi nou (p. 254). Se yonn nan bagay ki pi fasil lakòz anba ti vant nou ap fè nou mal. Nou pipi dri osinon nou pipi ak doulè?

3.- Enfeksyon chanpiyon (p. 268) osinon trikomonas (p. 268). Enfeksyon sa yo konn rive jouk anndan matris la osinon pase nan kannal ze yo (twonp) rive nan ovè yo. Èske nou gen pèt? Ak ki sa li sanble?

4.- Enfeksyon anba tivant. Se moun ki kite maladi ekoulman an granmoun sou li (p. 259) ki fasil genyen l. Doulè a ka lanse l epi li bay menm siy ak siy moun ki fè enfeksyon nan vant osinon kriz apendisit (p. 101). Konsa tou doulè a ka yon ti doulè anba tivant li ki kenbe l osinon ki ale vini ak yon jennman ki ka mache ak lafyèv ak frison.

5.- Pwoblèm ki gen rapò ak yon boul osinon yon mas vyann anba tivant. Se ka yon **kis nan ovè**, yon **gwosès ki pa nan matris** (se lè pitit la pa chita anndan manman vant lan), se ka fibwòm osinon **kansè**.

6. -Yon enfeksyon osinon lòt pwoblèm nan trip osinon nan twou dèyè (p. 155). Èske nou santi doulè a lè nap manje osinon lè nap watè?

Gen kèk pwoblèm nan sa yo ki pa twò grav. Men gen lòt ki grav anpil. Se pa bagay fasil pou nou konnen kilès nan yo nou genyen. Fòk yo fè analiz espesyal pou sa, osinon se pou yo konsilte nou byen.

Si nou pa sèten ki sa ki ban nou doulè a,
osinon si nou pa refè apre kèk tan, chache wè doktè.


KANSÈ NAN MANMAN VANT LAN

Se lakay fanm ki depase karantan nou pi fasil jwenn kansè nan vant. Kansè ka devlope nan manman vant lan, nan bouch manman vant lan osinon nan poch ze yo. Premye siy la se ka anemi (gwo feblès) osinon yon senyen nou pa ka esplike. Se nan apre nou santi yon boul nan anba ti vant nou kap jennen nou pou koumanse osinon kap fè nou mal.

Depi nou sispèk se kansè, chache konkou doktè.

Renmèd lakay pap ka ede nou.

GWOSÈS SOU DEYÒ MANMAN VANT LAN (Gwosès *ektopik*)



Gen de lè tibebe a koumanse devlope sou deyò manman vant lan, nan yonn nan kannal ki soti nan pòch ze yo.

Nou ka wè règ fanm lan vini atout li ban nou siy li ansent ak lakranp pa anba tivant li epi yon bò mou sou kote deyò manman vant lan.

Lè yon tibebe koumanse devlope kote li pat dwe, li gen anpil chans pou li pa viv. Si tibebe a grandi sou deyò manman vant lan, se operasyon yap blije fè lopital pou nou. **Si nou sispèk malè sa a rive nou, chache wè doktè touswit paske gwo emoraji anndan ka parèt sou nou nenpòt ki lè.**


FOSKOUCH

Foskouch se lè pou yon fanm pèdi pitit ki nan vant li a. Odinèman se nan 3 premye mwa yo sa konn rive. Pi souvan tibebe a pa fòme byen epi se konsa li koule pou pa bay plis pwoblèm.

Pi fò fanm fè yonn osinon anpil foskouch nan lavi yo. Anpil fwa yo pa menm konprann se yon foskouch yap fè, yo di se yon pèdisyon yo genyen. Gen lòt ki konprann se lalin yo ki te an reta epi lè li vini, li vini ak boul san. Fòk yon fanm aprann rekonèt lè yap fè yon foskouch, paske ka gen danje ladan li.

Lè yon fanm gen gwo emoraji apre li pa wè lalin li pou yonn osinon de twa mwa, gen anpil chans pou se yon foskouch lap fè.

Yon foskouch se tankou yon akouchman paske ni tibebe a, ni mèt vant lan, gen pou soti. Senyen an pap rete toutan toude pa fin soti.




Tretman:

Si li pa senyen anpil, òdinèman pa gen pwoblèm. Fanm lan fèt pou rete kouche nan kabann li epi se pou yo okipe fanm lan menm jan yo ta okipe l si se te yon akouchman nòmal.

Si li senyen anpil osinon si li pase kèk jou ap senyen:

- Chache konkou doktè osinon fanmsaj. Fanm lan ka bezwen yo fè l yon ti operasyon (kitaj) pou li.
- Fòk li rete kouche jouk san an rete epi fòk li pase de osinon 3 jou ankò nan kabann apre foskouch la.
- Si san an vin anpil, fè sa yo di pou nou fè nan paj pou fanm kap senyen apre akouchman (paj 296).
- Si nou wè lafyèv mete pye osinon lòt siy enfeksyon, fè menm jan pou **lafyèv apre akouchman** (paj 307).


Si nap senyen epi nou sispèk nap fè foskouch,



rete kouche jouk tout bagay fin soti, epi jouk san an rete.

ANSENT - GWOSÈS (FANM LAN AP FÈ DE BON)

Sa ki fè nou konnen fi a ansent:



- Fanm lan pa wè lalin li (premye siy).

- Nan maten lè li leve li gen kè plen ak anvi vonmi, se lè moun lan ap mache sou 2 mwa osinon 3 mwa, sa pi rèd pou li.

- Li ka anvi pipi dri.

- Vant li koumanse ap moute.

- Tete li koumanse vin pi gwo.

- Mak gwosès (gwo mak nwa sou figi l, sou tete l ak sou vant li)

- Depi sou 5 mwa konsa, pitit la koumanse ap souke kò l nan vant manman l.

KI JAN POU YON FI RETE AN SANTE LÈ LI ANSENT:

- Premye bagay pou l fè se pou l **byen manje.** Pa bliye kò moun bezwen manje ki gen pwoteyin, vitamin, ak mineral ladan l, sitou fè (Li Chapit 11 nan liv sa a).

- **Sèvi ak sèl ki gen yòd** ladan l pou nou bay pitit la plis chans pou l fèt gaya, epi pou l pa soti petevi. Men, pou nou pa gen pye anfle ak lòt pwoblèm, li bon pou nou pa pran twòp sèl.

- **Kenbe kò nou pwòp.** Benyen, fè twalèt nou san mank, bwose dan nou chak jou.

- Lè nou sou dènye mwa ansent lan, li ta bon pou nou **pa kouche ak mari nou pou nou** pa pete sak dlo pitit la, pou sa pa ban nou enfeksyon.

- **Si nou kapab, pa pran renmèd menm.** Gen renmèd ki ka make timoun lan nan vant. Si se pou nou pran renmèd, se renmèd ajann sante a osinon doktè a ban nou ase pou nou bwè. (Si yon ajann sante gen pou ban nou yon renmèd, depi nou sispèk nou ansent, se pou nou di li sa). Nou ka pran aspirin osinon renmèd pou asid, yon lè konsa si nou bezwen yo. Vitamin ak grenn ki gen fè ladan yo ap bon pou kò a. Yo pap fè nou anyen depi nou pa depase dòz pou nou pran an.

- **Pa fimen, pa bwè** pandan nou ansent la. Fimen ak bwè alkòl pa bon pou manman an, lèfini yo ka aji sou ti pitit la nan vant.

- Pa pwoche kote timoun ki gen lawoujòl, sitou si se **ribeyòl** la (wè ribeyòl, p. 345).

- Wè paj 383 pou nou konnen ki renmèd fèy ki pa bon pou fanm ansent.

TI PWOBLÈM NOU KA GENYEN LÈ NOU ANSENT:

1. **Kè plen osinon anvi vonmi:** se sitou nan maten, lè yon fanm gen 2 mwa ap mache sou 3 mwa gwosès sa rive l. Pou ede l, lè konsa li ka manje yon bagay ki chèch tankou biswit sèk osinon pen rasi anvan li leve kite kabann li nan maten. Se pou l pa manje yon pakèt manje lè lap manje, men la manje yon ti manje tanzantan nan lajounen an. Si anvi vonmi an rèd, la pran yon renmèd pou koupe vonmisman an (anti-istamin) (wè p. 428) lè li pral dòmi ak lè li leve le maten. Evite manje ki gen grès.


2. Boule ak doulè nan lestonmak osinon anba kè: Pou endijesyon osinon kè boule (wè p. 136), manje yon ti bagay, pa anpil, chak fwa nap manje. Si nou kapab, bwè lèt. Pa pran renmèd pou asid. Souse sirèt ki di ka ede nou anpil. Lè nap dòmi, kenbe tèt nou wo ak zorye.

3. Pye anfle: Tanzantan nan lajounen an, fè ti chita epi lonje pye yo anlè (wè p. 190). Te yo fè ak bab mayi ka ede nou tou (wè p. 375). Si pye yo anfle anpil, epi men nou ak figi nou ap anfle tou, chache wè doktè. Pi souvan se lè fanm lan ap mache sou dènye mwa li yo, pitit la vin lou, li ap peze sou vant manman l. Sa ka lakòz pye l yo anfle. Sa pi mal pou fanm kap soufri feblès, ki malnouri, osinon ki manje twòp sèl.

4. Doulè anba do, nan ren: Gen anpil moun ki soufri ak sa, lè yo ansent. Lè konsa se pou nou fè ti egzèsis, epi veye lè nou kanpe osinon lè nou chita pou nou kenbe do nou dwat (p. 188).


5. Anemi ak malnitrisyon: Anpil fanm ki rete andeyò soufri anemi (feblès) menm anvan yo ansent. Konsa yo vin pi fèb ankò lè yo ansent. Yon fanm bezwen manje manje ki gen pwoteyin ak fè pou pitit li a ka fèt an sante pou li byen vini. Si fanm lan blenm anpil, si li fèb osinon si nou wè lòt siy ki fè nou kwè lap soufri anemi (feblès), osinon malnitrisyon (wè p. 132 ak p. 113),se pou l manje plis pwoteyin. Lap jwenn sa lè li manje pwa, pistach ak nwa, poul, lèt, fwonmaj, ze, vyann, pwason ak legim vèt. Se pou l pran grenn vitamin fè tou (p. 433) sitou si li pa ka jwenn kont manje ki pou ba li fòs. Konsa, san l ap vin pi rich. Lap gen plis rezistans si li ta rive senyen lè lap akouche. Si nou kapab jwenn grenn vitamin fè ki gen asid folik ak vitamin C ladan l tou, sa pi bon toujou.

6. Varis (Venn anfle) : Se bagay ki rive toutan, lè pitit la vin peze sou venn ki moute soti nan janm manman li. Leve pye nou wo chak fwa nou kapab (wè p. 189). Si venn yo vin gwo anpil epi yap fè nou mal, vlope yo tankou nan pòtre sa a ak yon bann elastik. Nan aswè wete bann lan.



Nap jwenn renmèd fèy pou varis (venn anfle) nan paj 379.

7. Emowoyid: Se lè venn ki nan twou dèyè nou yo anfle. Se pèz tibebe a nan vant nou ki fè sa.



Pou soulaje doulè a, mete nou ajenou epi leve dèyè nou anlè konsa.

Wè p. 189 tou.

8. Konstipasyon (Sere, pa ka poupou): Bwè anpil dlo. Manje fwi ak manje ki gen fil tankou manyòk osinon diri solèy ak ble jòn lan. Fè anpil egzèsis. **Pa pran gwo metsin ak lòk.**

Nap jwenn renmèd fèy pou konstipasyon nan paj 378.

SIY KAP FÈ NOU KONNEN GEN DANJE LÈ YON FANM ANSENT:


1. Emoraji (lè fanm lan ap senyen): Si yon fanm fè emoraji pandan li ansent, menm si se pa anpil, se pa pou li jwe ak sa. Se ka yon foskouch lap fè (pèdi tibebe). Se pou fanm lan kouche trankil epi chache yon ajann sante. Si fanm lan gen 6 mwa gwosès deja lè li fè emoraji a, sa ka vle di **se plasenta a** ki vin chita bloke twou kote pou pitit la soti a. Si li pa jwenn bon konkou lapoula, li ka mouri. Se mennen li lopital san pèdi tan.

2. Gwo feblès: Fanm lan fèb, li bouke epi li blenm (wè siy sou feblès p. 132). Si nou pa okipe l, li ka mouri ak emoraji lè lap fè pitit la. Si feblès la grav anpil, li ta mèt jwenn bon manje an kantite pou li manje, manje ki gen nanm, sa pap kont pou remonte l pou akouchman an. Fòk li wè yon ajann sante pou li pran grenn osinon piki fè (wè p. 433). Li ta pi bon pou li pou l al kouche lopital, pou si li ta bezwen san.

3. Anfleti: Pye, men ak figi fi a ka anfle, epi li ka gen maltèt ak toudisman, lèfini li ka pa wè twò byen. **Bagay sa yo se siy kap fè nou wè fanm lan ap soufri yon kalite maladi yo rele anpwazonman gwosès**. Lòt siy ki konsekan ankò se lè fanm lan ap vin gra yon sèl kou, tansyon li moute wo, epi lap pèdi yon pakèt pwoteyin nan pipi li. Lè konsa, si nou kapab, al wè yon ajann sante osinon yon fanmsaj ki kapab fè tès pou nou. Depi gen anfleti, fòk fanm lan chache konkou doktè lapoula.

Men sa pou yon fanm ki soufri anfleti fè anvan li jwenn doktè:

- Rete kouche trankil nan kabann li.
- Manje manje ki gen pwoteyin, men sèvi ak yon ti sèl.
- Si li pa koumanse refè lamenm, si li pa wè byen, si figi l vin pi anfle, osinon si lap fè kriz, chache konkou doktè pou li lapoula. Lavi l an danje.



Pou evite ANPWAZONMAN GWOSÈS, se pou manje manje ki gen nanm, pa bliye manje manje ki gen pwoteyin ladan yo (p. 116), epi pa manje anpil sèl.

FÈ DOKTÈ WÈ NOU TANZANTAN PANDAN NOU ANSENT LAN (Swen pou fanm ansent)

Gen anpil dispansè ak anpil fanmsaj ki ankouraje fanm ansent pou yo vini **fè vizit chak lè nan sant lan**, anvan pitit la fèt epi pou yo ka fè ti pale ak yo sou sa yo ka bezwen pou sante yo. Si nou ansent epi nou gen chans pou fè vizit sa yo, nap aprann anpil bagay ki ka pèmèt nou evite anpil pwoblèm pou noumenm ak pou pitit nap pote a.

Si se fanmsaj nou ye, nou ka rann fanm ansent yo ansanm ak tibebe yo yon gwo sèvis lè nou ankouraje yo vin lakay nou pou swiv gwosès la, osinon si nou menm nou deplase al wè yo. Li ta bon pou wè yo **yon fwa chak mwa pandan 8 premye mwa yo,** epi **yon fwa chak senmenn pandan dènye mwa a.**

Men koze nou ka fè lè vizit sa yo:

1. Pale yonn ak lòt sou gwosès la.

Mande fanm ansent lan ki pwoblèm li genyen, jan li santi kò l ak pitit li. Chache konnen konbe fwa li te ansent, ki lè li te fè dènye pitit li, avèk nenpòt ki pwoblèm li te genyen lè li te ansent, osinon lè li tap akouche. Pale li sou ki jan li ka kenbe tèt li ak tibebe a an sante:

- **Manje sa pou l manje.** Ankouraje fanm lan pou li manje manje ki chaje ak pwoteyin, vitamin, fè ak kalsyòm (wè Chapit 11).

- **Kenbe kò l pwòp** (Chapit 12).

- Li konsekan anpil pou li **pa pran twòp medikaman.** Li ta pi bon toujou pou li **pa pran pyès medikaman** lè li ansent (p. 56).

- Li konsekan anpil tou pou li **pa fimen** (p. 159) epi **pa bwè alkòl** (p. 158).


- Se pou li fè kont **egzèsis epi pou li poze kò l.**

- Pou tibebe a **pa fè tetanòs, se pou li pran vaksen antitetanik.** Si se premye fwa lap pran vaksen antitetanik lan, li dwe pran (de) dòz: premye dòz la lè li vin an vizit pou premye fwa, dezyèm dòz la yon mwa apre premye dòz la. Chak fwa li ansent, li dwe pran yon dòz rafrechi (3 fwa pou pi piti).

2. Manje .

Èske manman an parèt yon moun ki manje byen? Èske li soufri feblès? Si wi, diskite avèk li sou kalite manje ki bon pou li.Li ta bon pou fè l pran grenn fè - si grenn lan gen asid folik ak vitamin C ladan li tou, lap pi bon toujou. Moutre li sa pou l fè lè li malad nan maten (p. 274) epi lè lestonmak li ap boule l (p. 136).

Èske li gwosi nòmalman? Li ta bon pou yo pran pèz li chak fwa li vin an vizit. Pandan 9 mwa gwosès la se 8 rive 10 kilogram (20 liv) pou fanm lan pran sèlman. Si li te koumanse ap gwosi, epi li rete, se yon move siy. Men si li rete konsa li koumanse ap gwosi twòp, sitou sou dènye mwa, se danje. Si nou pa gen yon balans, se je nou ki pou ban nou.



3. Ti pwoblèm

Mande manman an si li gen ti pwoblèm gwosès konn bay yo. Esplike li sa pa grav, epi ba li konsèy (wè p. 274).

4. Danje ak malè ki ka rive

Nan paj 275 la nou te pale sou kèk siy ki ka fè nou konnen gen danje.Kontwole pou wè si fanm lan pa bay okenn nan siy sa yo. **Pran pèz madanm lan** chak fwa li vin nan vizit. Sa pèmèt nou konnen ki jan li konn ye sizoka li ta vin bay yon pwoblèm pita (pa egzanp chòk anpwazonman gwosès bay osinon gwo emoraji). Si nou gen tansyomèt (wè p. 134) **pran tansyon li epi pran pèz madanm lan.**

Men kèk siy danje pou nou louvri je nou chache:

- si li vin twò gwo yon grenn kou
- si men li ak figi li anfle
- tansyon l ap moute
- gwo feblès (p. 132)
- lap senyen (p. 275)


Siy ki fè nou konnen lap soufri anpwazonman gwosès (p. 276)

Gen kèk fanmsaj ki konn sa pou fè pou mezire pwoteyin ak sik nan pipi. Si li wè pwoteyin lan anpil nan pipi a, moun lan kapab ap fè entoksikasyon. Si li wè sik la anpil, konnen moun lan ap fè dyabèt (p. 135).


Si nou wè yonn nan siy sa yo, fè fanm lan wè doktè san pèdi tan. Fòk nou kontwole **malè ak konplikasyon** ki ka rive yo lè yap akouche (p. 285). Si fanm lan bay siy li ka bay konplikasyon, li ta pi bon pou l al akouche lopital.

5. Ki jan tibebe yo grandi ak pozisyon yo nan vant manman an

Manyen vant manman an chak fwa li vin an vizit osinon moutre l jan pou li fè sa li menm.




Chak mwa, mezire kote vant lan rive epi ekri l sou papye. Pou kalkile kote vant lan rive, konte konbe dwèt ou ka mete ant tèt vant lan ak lonbrit la. A 4 mwa edmi konsa, vant lan rive wotè lonbrit la. Anvan li anba lonbrit la. Apre li anwo lonbrit la. Vant lan ka parèt twò gwo lè se marasa.



Eseye wè nan ki pozisyon pitit la ye nan vant lan. Si li kouche sou kote, se pou manman an al kay doktè **anvan** tranche a koumanse paske yo ka blije louvri vant lan pou pran pitit la. Pou kontwole pozisyon pitit la, lè fanm lan prèt pou akouche wè paj 286.


6. Batman kè tibebe a

Fetoskòp




Apre 5 mwa, nou ka tande batman kè tibebe a. Koute bri a byen epi gade si lap fè mouvman. Nou ka mete zorye nou sou vant manman an pou koute, men nou ka pa tande byen. Lap pi fasil si nou gen yon ***sonn*** ki fèt pou sa. Si nou pa genyen nou ka fè yonn an seramik, osinon an bwa.

Si nou tande bri a pi fò sou anba lonbrit la pandan dènye mwa a, sa vle di tèt tibebe a bay sou anba, lè lap fèt se tèt li kap devan.



Si nou tande bri a pi fò sou anwo lonbrit la, sa vle di tèt li bay sou anwo. Lap fèt de pye devan osinon pa dèyè.



Si nou gen yon mont ki gen ti zegwi kap bay segond yo, sèvi avè l pou koute batman kè tibebe a. Si nou jwenn 120 rive 160 batman nan yon minit, tout bagay bon. Men si li bat pi piti pase 120, gen yon bagay ki pa bon. (Men atansyon, se ka nou menm ki konte mal osinon se ka batman kè manman an nou konte. Koute batman kè manman an nan ponyèt li. Se pa fasil pou tande batman kè tibebe. Se pou nou abitye pou fè l.)

7. Pare manman an pou tranche a

Lè jou yo ap pwoche, fòk nou wè manman an dri. Si li fè pitit deja, mande l konbe tan li pase ak tranche a anvan li te delivre epi si li te gen pwoblèm. Moutre li sa li ka fè pou akouchman an fèt pi fasil epi pou li soufri mwens (wè nan paj ki vin apre yo). Nou ka moutre li jan pou li aprann pran gwo souf dousman pou li ka fè sa lè doulè yo koumanse. Esplike li poukisa se pou l aprann lage tout kò l lè doulè yo bese.

Si nou sispèk konplikasyon ka mete pye pou sitirasyon an vin twòp pou nou, voye manman an al akouche nan yon sant osinon lopital. Pou sa, lè lap mache sou dènye jou li yo, se pou l al rete nan yon kay ki pa twò lwen lopital la.

KI JAN YON MANMAN KA KONNEN
KI DAT PITIT LA SIPOZE FÈT:

Koumanse konte jou sou dat nou te gen lalin nou dènye fwa a,
wete 3 mwa sou dat la epi mete 7 jou sou li.

Pa egzanp, si nou te gen dènye lalin nou jou ki te 10 Me,

wete 3 mwa, sa fè 10 Fevriye,
mete 7 jou sa ban nou 17 Fevriye.

Nou te mèt espere pitit la pou 17 Fevriye.

8. Make tousa ki pase sou papye

Pou nou ka konpare sa nou jwenn chak mwa yonn ak lòt, pou konnen si tout bagay ap mache byen pou manman an ak pitit la, sa ta bon pou nou kouche sou papye tousa nou jwenn tankou nan lòt paj ki vin apre a. Nap jwenn yon modèl fich pou sa. Nou gen dwa chanje tousa nou wè ki merite chanje ladan li. Plis fich la laj, se plis li pi bon. Chak manman gen dwa kenbe fich yo nan men yo. Yo pote l chak fwa ya pra l fè vizit kontwòl nan sant la, osinon kay fanmsaj la.

FICH FANM ANSENT

1. Dat vizit nan klinik _____ 2. Nº dosye fanm ansent lan
3. Non ak siyati _____
4. Non mari a _____
5. Non manman an _____
6. Adrès (kote l rete) _____
7. Laj _____ 8. Konbyen gwosès _____
9. Konbyen foskouch _____ 10. Konbyen timoun vivan koulye a _____
11. Istwa fanm lan: a) Ereditè _____
    b) Pèsonèl _____
    c) Pwoblèm fanm: Dat premye lalin _____ Chak konbyen jou _____ Konbyen jou _____
    d) Pwoblèm fanm ansent: _____
12. Dènye akouchman

Dat	Ki kote (lopital osinon lakay)	Konbyen mwa gwosès	Gwosès la kenbe (wi/non)	Konplikasyon pandan gwosès la	Ki jan akouchman an pase	Ki jan tibebe a fèt (vivan osinon mouri)

13. Gwosès koulye a
    a) Dat dènye lalin _____ b) Dat nou sipoze pitit la ka fèt _____
    c) Konbyen mwa gwosès _____ d) Èske fanm lan te vle ansent? _____
    e) Èske fanm lan fè planin? _____
    f) Èske fanm lan ansent ak yon metòd planin? _____ g) Ki metòd li tap swiv? _____

14. Egzamen laboratwa
    a) Kàn _____
    b) Pipi _____
    c) Poupou _____
    d) Emogram _____

15. Egzamen fanm lan lè li vini
    a) Janm _____
    b) Je _____
    c) Tete _____
    d) Kè _____
    e) Poumon _____
    f) Fwa _____
    g) Larat _____

16. Vaksen antitetanik:
    Dat I _____
    II _____
    III _____
    Rapèl _____
    Rapèl _____

17. Non moun ki fè konsiltasyon an: (Doktè, Infimyè, Oksilyè)
    _____

18. Anba ti vant: _____

19. Bay dwèt _____


20. Egzamen fant ansent:

Dat	Pèz	T	Wotè matris	Jan tibebe a parèt	Pozisyon	Kè tibebe a	Pipi	Obsèvasyon	Non moun ki fè konsiltasyon an


MEN SA YON FANM DWE GEN TOU PARE ANVAN LI AKOUCHE

Chak fanm ansent dwe gen bagay sa yo pare depi yo rive sou sèt mwa:

Anpil twal osinon kòt kabann byen pwòp



Yon savon antiseptik (osinon ke nenpòt).



Yon bwòs pou netwaye zong ak men.




Alkòl pou fwote nan men nou lè nou fin lave men nou.




Koton pwòp.




Yon jilèt tou nèf (na dekachte li sèlman lè nou pare pou koupe kòd lonbrit la.



(Si nou pa gen jilèt nou ka pare yon bon sizo ki pa wouye). Kou nou pare pou koupe kòd lonbrit la, bouyi li anvan nou sèvi avè l.




Kare twal gaz esterilize osinon ti moso twal byen pwòp pou kouvri lonbrit la.



2 ti riban osinon 2 ti lèz twal pwòp




Se pou nou vlope ni twal gaz esterilize ni ti riban yo nan yon fèy papye epi kachte yo byen kachte.
Pase yon fè byen cho sou yo tou vlope a.



LÒT BAGAY TOU FANMSAJ KA BEZWEN


Flash




Yon ti aparèy tankou sa a pou nou wete bav nan nen ak nan bouch tibebe a



Zegwi ak sereng esterilize.




Kèk anpoul piki ègonovin (osinon ègometrin).




De (2) kivèt - yonn pou lave men, lòt la pou mete manman vant la pou yo ka egzaminen li byen apre pitit la fèt.






Fetoskòp
Sonn ki fèt pou nou ka koute batman kè pitit la nan vant manman li.


Sizo ki gen pwent won pou koupe kòd lonbrit la anvan tibebe a fin soti nèt.
(Lè nou blije fè sa lè ka a grav)




De ti pens pou kenbe kòd lonbrit la osinon pou kenbe venn kap senyen si fanm lan chire pandan akouchman an.



Zegwi ak fil espesyal pou koud manman an si li chire pandan akouchman an.



Kèk gout nitrat dajan osinon ajiwòl pou je tibebe a.



ANN PARE POU AKOUCHMAN

Akouchman se yon bagay ki natirèl. Lè manman an an sante epi si pa gen pwoblèm, manman an ka akouche san moun pa ede li. Lè tout bagay ap mache nòmalman, se mwens travay pou fanmsaj la osinon pou moun kap asiste akouchman an. **Si yo pa wè rezon pou yo mete men, se plis chans pou tout bagay byen pase.**


Tansèlman, pwoblèm ka rive pandan akouchman an, lè sa a, lavi manman an osinon lavi pitit la ka an danje. **Si fanmsaj lan kwè ka gen konplikasyon nan akouchman an ki ka depase li, se pou li mande lasistans yon lòt fanmsaj ki pi abil, osinon yon doktè ki gen esperyans nan zafè akouchman.**

Men kèk ti siy ki avèti nou konplikasyon ka rive. Lè konsa se pou gen yon bon fanmsaj osinon yon doktèt ki abil anpil pou asiste madanm lan pandan lap akouche a:

- Si fanm lan ap senyen anvan li koumanse santi tranche a.
- Si nou wè siy fanm lan ap soufri entoksikasyon gwosès (wè paj 276).
- Si fanm lan gen yon maladi kap donnen sou li osinon si lap fè yon kriz maladi grav.
- Si fanm lan ap soufri gwo anemi osinon si pou nenpòt ti blese li senyen anpil anvan pou san an rete.
- Si li poko gen 15 an osinon si li depase 40 an osinon si li depase 35 an epi se premye premye pitit lap fè.
- Si li kout depase mezi, osinon si ranch li twò piti (p. 297).
- Si li te gen gwo pwoblèm ak emoraji lè lòt timoun yo tap fèt la.
- Si li fè dyabèt (sik) osinon si li gen maladi kè.
- Si li gen èni.
- Si nou sispèk li pral fè marasa (wè p. 299).
- Si nou sispèk tibebe a pa nan bon pozisyon nan vant manman li.
- Si apre fanm lan kaselezo 12 èdtan pase (solèy kouche jouk solèy leve) san li pa santi doulè tranche (gen plis danje toujou si li gen lafyèv).


AKOUCHMAN KI PI FASIL BAY TRAKA:

Se premye fwa ak dènye pitit apre yon pakèt lòt pitit



KONTWÒL SI TIBEBE A NAN BON POZISYON

Pou nou sèten tèt tibebe a bay sou anba, nan bon pozisyon pou l fèt la, manyen pou wè kote tèt la ye, konsa:




1. Fè manman an pouse tout lè ki anndan lestonmak li.

Ak pous nou epi 2 dwèt, pouse bò isit la, yon ti jan pi wo pase ***zo basen an***.


Ak lòt men an, chache anlè vant lan.

Dèyè tibebe a pi laj lèfini li pi gwo,

Tèt li di epi li won.



sa vle di **dèyè li bay sou anwo.**




Lè se pwent sou anba a ki pi gwo, sa vle di, **dèyè li bay sou anba.**

2. Pouse kò tibebe a tou dousman sòt yon bò al lòt bò, koumanse ak yon men apre sa pran lòt men an.


Si nou pouse dèyè tibebe a tou dousman sou kote, tout kò li ap deplase tou.

Men si nou pouse tèt la tou dousman sou kote, kou li ap ploye konsa rès kò a pap deplase.



Si tibebe a wo toujou nan vant la, nou ka deplase tèt la tikras. Men si li angaje deja, pare pou li soti, nou pa ka deplase li ankò.

Lè se premye pitit yon fanm ap fè, pitit la ap foure tèt li pa anba depi sou 2 senmenn anvan doulè tranche yo koumanse. Sou lòt timoun yo pitit la pap foure tèt li anvan doulè yo koumanse.



Si tèt tibebe a bay <u>sou anba</u>, akouchman an ap fasil.
Si tèt tibebe a bay <u>sou anwo</u> lap fèt de pye devan, akouchman an pap fasil. Lè sa a lap pi bon pou manman al akouche lopital osinon yon kote ki pre lopital.
Si tibebe a kouche <u>sou kote</u>, fòk manman an al lopital pou akouchman an, paske ni pou li menm, ni pou timoun nan, lavi yo an danje (wè p. 297).

SIY KI FÈ NOU KONNEN DAT AKOUCHMAN PRE


- Kèk jou anvan doulè yo koumanse, **tibebe a koumanse ap desann pi ba nan vant lan.** Lè sa a manman an pran souf pi byen, men lap anvi pipi pi dri, paske pitit la peze sou blad pipi manman an. (Lè se premye pitit yon fi pral fè, sa ka koumanse 2 senmenn anvan dat akouchman an.)

- Yon ti moman anvan doulè yo koumanse, **gen yon ti boul glè kap soti.** Li ka soti 2 osinon 3 jou anvan doulè yo koumanse. Gen de lè li ka gen yon ti san mele ak li. Se nòmal. Pa evapore.


- **Vant lan rete konsa epi li mòde nou**, apre sa li lage nou, se doulè tranche yo kap ale vini, yo ka koumanse kèk jou anvan dat pou fanm lan akouche a. Lè yo koumanse, doulè yo ka ban nou yon ti kanpo pou yon bon ti tan, anvan yo pran nou ankò. Lè doulè yo koumanse vin pi fò, pi dri, tranche a koumanse.

- Gen kèk fanm ki santi **yon ti doulè mòde lage** kèk senmenn anvan yo akouche. Sa se nòmal. Gen fanm doulè tranche a konn bay rèz, epi anyen menm. Lè konsa yo konn gen gwo doulè kap ale vini dri epi yo rete konsa yo frèt. Doulè a sispann pou kèk èdtan osinon kèk jou menm anvan akouchman an koumanse. Gen delè si moun lan fè yon ti mache, osinon pran yon lavman sa ka ede doulè a frèt si fanm lan poko pare, osinon ede li akouche pi vit si li te pare.

Doulè tranche yo se lè manman vant lan ap ranmase kò li, lap sere kò li pou l pouse pitit la deyò. Lè doulè a frèt, anvan yon lòt sekous koumanse, manman vant lan lage kò l konsa:



Lè doulè a pran ankò, vant lan ranmase kò l, lap sere epi li moute konsa:



Chak fwa tranche a pran li, sa fè ti twou kote pou pitit la soti a louvri yon ti kras pi laj.

- **Kaselezo**. Rive yon lè, ti sak ki kenbe pitit la nan vant manman an pete epi moun lan rann yon pakèt dlo. Sa konn rive apre doulè tranche yo koumanse. Si fanm lan kaselezo anvan doulè yo koumanse, nou te mèt pare pou tranche a koumanse lapoula. Apre fanm lan kaselezo, fòk li rete pwòp. Si li fè yon ti mache ale vini, sa ka ede pou tranche a vin pi vit.

TAN AKOUCHMAN

Akouchman fèt an twa tan:

- Premye tan an koumanse lè doulè yo ap vin pi fò epi pi dri jouk tibebe a desann nan anba vant manman an.
- Dezyèm tan an koumanse lè pitit la rive nan anba ti vant manman an jouk li soti.
- Twazyèm tan an koumanse apre pitit la fin fèt jouk mèt vant lan soti deyò (delivrans).


PREMYE TAN TRAVAY LA ka pran 10 èdtan rive 12 èdtan konsa, lè se premye akouchman fanm lan. Pou lòt pitit yo, li ka pran 7 èdtan rive 10 èdtan. Tout fanm pa gen menm pye.

Pandan premye tan an, se pa pou manman an eseye fè anyen pou l fè akouchman an fèt vit vit. Kite travay la fèt poukont li. Manman an ka menm santi travay la pap vanse. Sa ka fatige tèt li. Ba li kouraj, remoute moral li. Di l pifò fanm gen menm pwoblèm sa yo.

Se pou manman an pa pouse. Se lè pitit la koumanse desann nan kannal la, se lè sa a sèlman lap santi li bezwen pouse.

Se pou manman an pa kenbe pipi ak tata nan vant li.

Si blad pipi a ak trip yo plen, yap jennen pitit la lè lap fèt la.



Pandan tranche yo, se pou manman an pipi tanzantan. Si li pa fè bezwen li depi kèk tan, yon lavman kap fè travay akouchman an mache pi vit. Toutotan manman an gen doulè yo, se pou l bwè anpil dlo osinon anpil ji. Lè yon fanm gen doulè, si li pa gen kont dlo nan kò li, sa ka fè travay la mache pi dousman osinon sa ka rete doulè tranche yo. Si travay akouchman an pran anpil tan, se pou l manje ti manje lejè tou. Si lap vonmi, se pou l bwè yon ti sewòm oral, te, osinon ji chak fwa tranche a ba li yon ti kanpo.

Pandan doulè yo, tanzantan manman an fèt pou chanje pozisyon, osinon li ka leve fè yon ti mache.

Lè doulè tranche yo fenk koumanse, men sa pou fanmsaj la osinon pou moun kap ede manman an fè:

- Lave vant manman an, pati li, dèyè li ak janm li yo byen lave avèk dlo cho epi savon. Se pou kabann lan nan yon chanm ki pwòp epi fòk gen kont klète pou moun wè byen.

- Mete dra pwòp, sèvyèt beny, osinon papye jounal sou kabann lan epi chanje yo kou yo mouye osinon kou yo sal.

- Pare jilèt nèf tou kachte pou koupe kòd lonbrit la, osinon bouyi yon sizo pou 15 minit. Kite sizo a nan dlo nou bouyi l la byen kouvri jouk nap bezwen li.


Se **pa** pou fanmsaj la bay masaj, ni se pa pou l pouse sou vant lan. Li **pa** dwe mande manman an pou l pouse.

Si manman an pè osinon si lap soufri anpil, fè li pran gwo souf **dousman** toutan li santi doulè a epi pou li respire nòmalman lè doulè a ale. Sa ap ede l kontwole doulè yo epi sa ap fè l ret dousman.

DEZYÈM TAN AKOUCHMAN AN, se lè pitit la ap fèt la. Gen de lè se kou manman an kaselezo li koumanse. Tan sa a konn pi fasil pase premye tan an epi li pran mwens tan tou. Chak fwa doulè a pran l, manman an pouse pitit la ak tout fòs li. Lè doulè a lage l, li ka tankou yon moun ki bouke anpil, epi kap kabicha. Se bagay nòmal. Pa gen anyen nan sa.

Pou l pouse, se pou manman an pran yon gwo souf, kenbe souf la, epi pouse ak vant li tankou si li tap fè bezwen. Si pitit la fin desann nan kannal lan apre manman an kaselezo, manman an ka ploye jounou li konsa;

si li akwoupi, si li chita osinon si li apiye, kouche sou do.




Lè twou a koumanse louvri epi tèt pitit la ap parèt, fanmsaj la osinon moun kap ede a, dwe gen tout bagay pare pou akouchman an. Lè sa a, se **pa** pou manman an pouse. Konsa tèt pitit la va soti pi dousman epi manman an pap chire (wè p. 299 pou plis detay).

Si tout bagay ap pase byen, fanmsaj la *pa dwe janm* bezwen foure men li osinon dwèt li andedan manman an. Se sa ki konn lakòz manman an trape enfeksyon apre pitit la fèt.

Lè tèt pitit la fin soti fanmsaj la ka soutni l, men li ***pa dwe janm* rale** sou li.


Pi souvan timoun fèt tèt devan konsa:

1.




Koulye a pouse fò

2.




Koulye a eseye pa pouse fò ankò. Pran anpil ti souf tou kout men vit yonn dèyè lòt. Sa ede nou pou nou pa dechire (wè paj 299).

3.



Pi souvan tèt la soti ap gade anba.


4.



Apre sa, kò timoun lan vire sou kote pou yonn nan zepòl yo ka soti deyò.


Si zepòl yo kole apre tèt la fin soti:

1.



Fanmsaj la ka pran tèt pitit la nan men li epi desann li dousman, pou zepòl la ka soti deyò.

2.



Apre sa li ka leve tèt la anlè yon ti kras pou lòt zepòl la ka sòti.

Pa bliye se manman an ki pou fè tout fòs pou pitit la soti, fanmsaj la **pa dwe rale sou tèt la,** paske lè sa a nou ka donmaje tibebe a.


TWAZYÈM TAN AKOUCHMAN AN koumanse lè tibebe a fèt la epi li fini lè plasenta a (mèt vant lan) soti deyò. Pi souvan, mèt vant lan soti pou kont li 5 minit osinon inèdtan apre pitit la fèt la. Pandan tan sa a nou menm, okipe tibebe a.

SA POU FÈ POU TIBEBE A APRE LI FÈT

Kou tibebe a soti:

- Mete tèt tibebe a anba pou tout flenm yo soti epi pou yo pa rete nan bouch li ak nan gòj li. Kenbe l konsa jouk li koumanse respire.

- Kenbe pitit la ***pi ba*** pase manman an jouk kòd la mare. (Konsa pitit la pran plis san, epi lap vin pi fò.)



- Si tibebe a pa koumanse respire touswit, fwote do ak yon sèvyèt osinon ak yon twal.

- Si malgre sa li pa respire, retire flenm yo nan bouch li ak nan nen li ak yon sereng osinon ak yon moso twal pwòp nou vlope sou dwèt nou.

- Si tibebe a pa koumanse respire yon minit apre li fèt la, koumanse fè metòd respirasyon bouch nan bouch la **touswit** (wè p. 85).


- Vlope tibebe a nan yon twal pwòp. Se yon bagay ki enpòtan anpil pou nou pa kite li vin frèt sitou si li fèt anvan 9 mwa (prematire).

MEN KI JAN POU NOU KOUPE KÒD LONBRIT LA:

Lè pitit la fèt la, kòd la ap bat epi li gwo, li tou ble. **TANN**.



Fè yon ti tann. Apre yon ti moman, li koumanse vin piti, epi li vin blan. Li pa bat ankò. Alèkile, mare li 2 kote ak yon moso twal osinon yon riban pwòp. Se pou nou te gen tan repase yo ak fè anvan sa. Koupe nan mitan 2 kote ki mare yo, konsa:




ATANSYON: Koupe kòd la ak yon jilèt pwòp ki poko janm sèvi. Anvan nou wete l nan papye a, lave men nou byen pwòp. Si nou pa gen yon jilèt nèf, koupe kòd la ak yon sizo nou fenk bouyi. **Toujou koupe kòd la toupre kò tibebe a**. Kite yon moso longè 2 santimèt konsa kole ak tibebe a. Tout prekosyon sa yo se pou tibebe a pa trape tetanòs (wè p. 197).

SA POU NOU FÈ POU BOUT KÒD LONBRIT LA:


Pi bon jan pou pwoteje lonbrit ki fenk koupe a, pou l pa pran enfeksyon, se pou toujou **kenbe l chèch**. Pou l ka rete chèch, **fòk nou kite lè bat li**. Si kay la pwòp epi si pa gen mouch, kite lonbrit la dekouvri, pou lè bat li.

Men si gen pousyè ak mouch, kouvri lonbrit la byen kouvri. Li pi bon pou nou sèvi ak twal gaz ki esterilize. Koupe twal gaz la ak sizo nou te bouyi a, mete l konsa:

1.




2.




Koupe twal gaz la konsa:

3.



4. Pase yon bann lonbrit tou, men pa sere l



Si nou pa gen twal gaz esterilize, nou ka kouvri lonbrit la ak yon twal pwòp nou fèk kouri fè cho sou li. Li ta pi bon si nou pa sèvi ak yon bann lonbrit, men si nou vle sèvi ak yonn, sèvi ak yon ti twal lejè ki pa pwès epi pa mare li sere pou lè ka pase anba l. Sa va kenbe lonbrit la chèch. Pa mare l sere.

Pa kite kouchèt tibebe a kouvri lonbrit la, konsa lonbrit la pap mouye ak pipi.

PWÒPTE TIBEBE KI FENK FÈT LA:

Pran yon moso twal lejè, tranpe l nan dlo cho epi tòde l byen tòde. Sèvi avèl tou dousman pou wete tout mak san ak tout lòt kras ki sou tibebe a.

Li ta pi bon si nou **tann lonbrit la tonbe** anvan pou nou benyen tibebe a. Lonbrit la pran 5 jou rive 8 jou anvan li tonbe. Apre sa benyen li chak jou ak dlo tyèd epi ak bon savon twalèt.

METE TIBEBE KI FENK FÈT LA NAN TETE LAPOULA:


Mete tibebe a nan tete kou nou fin koupe kòd lonbrit la. Si manman an bay tibebe a tete, sa ap fè li delivre pi vit, epi sa ka anpeche l senyen, osinon pa kite l senyen twòp.

DELIVRANS LAN (LÈ MÈT VANT LAN SOTI)

Yon fanm ka tann 5 minit rive inèdtan apre pitit la fèt anvan pou mèt vant lan soti. Men sa konn pran plis reta tou.

Kontwole mèt vant lan:

Lè mèt vant lan soti, ranmase li epi egzaminen li byen pou wè si tout la. Si li chire epi si nou wè sanble gen kèk moso ki manke ladan l, chache konkou doktè. Si yon moso nan mèt vant lan rete nan vant lan sa ka lakòz fanm lan senyen san rete epi li ka rive pran enfeksyon.



Lè mèt vant lan pran reta pou li soti:


Si fanm lan pap pèdi twòp san, pa fè anyen. **Pa janm rale sou rès kòd lonbrit la.** Sa ka lakòz fanm lan senyen anpil.

Si fanm lan ap senyen anpil, manyen bò anba ti vant lan pou santi matris lan anba men nou, pou ka wè ki jan li ye. Si li mou, men sa pou nou fè:

Fè yon ti masaj dousman jouk manman vant lan vin di. Sa kont pou fè manman vant lan ranmase pou l pouse mèt vant lan deyò.



Si mèt vant lan pa soti touswit epi fanm lan ap senyen toujou, fèmen yon men nou, mete l sou bò anwo vant lan epi pouse dousman, anmentan kenbe bò anba vant lan ak lòt men an konsa.



Si atousa mèt vant lan pa soti epi fanm lan ap senyen anpil toujou, men sa pou nou fè pou nou eseye rete san an epi chache konkou doktè.

EMORAJI (SENYEN ANPIL)

Lè mèt vant lan ap soti, toujou gen yon ti san ki pou koule soti menm lè a tou. Pi souvan ti senyen an se pou kèk minit sèlman. Lè sa a se yon ka lit san (yon tas) konsa ki pèdi. Gen moun ki ka gen yon ti senyen pou kèk jou apre, men sa pa grav). Nou ka ede moun nan senyen mwens lè nou fè li bay pitit la tete. Si pitit la pa tete, yon moun ka bat osinon woule pwent tete manman an.

ATANSYON: Gen de lè yon fanm ka ap senyen anpil anndan, men se yon tikras san ki soti deyò. Se poutèt sa manyen vant lan tanzantan. Si nou wè lap vin pi gwo, se ka san kap plen li konsa. Konte batman kè fanm lan tanzantan epi veye si nou pa wè siy chòk (p. 82).

Si lap fè gwo senyen toujou osinon si fanm lan ap pèdi anpil san, men sa pou nou fè:

- Chache konkou doktè lapoula. Si senyen an pa rete, yo ka bezwen ba li san nan venn.


- Si nou gen piki **ègonovin** osinon **ositosin** ba li l. Nap jwenn jan pou bay li nan paj ki vin apre sa a. (Sèvi ak ositosin lan pito pase ègonovin lan si mèt vant lan poko soti).

- Se pou manman an bwè anpil likid (dlo, ji fwi, te, soup osinon sewòm oral p. 162). Si lap pèdi konesans, osinon si batman kè li vin fèb osinon si li moutre lòt siy ki fè nou kwè li genyen **chòk**, leve pye li anlè, mete tèt li anba (wè p. 82).

- Si manman an ap pèdi anpil san jouk tan pou nou ta pè li mouri, men sa pou nou fè pou eseye rete san an:

Mase vant lan jouk nou santi matris lan vin di.

Apre sa leve matris lan ak yon men konsa,




epi ak lòt men an mase anba vant lan.

Kou matris lan vin di epi nou wè li pa senyen ankò, sispann fè masaj la jouk li vin mou ankò. Kontwole li tanzantan.

- Si atout nou fè masaj la, senyen an pa rete, men sa pou nou fè:

Peze vant lan sou anba lonbrit la ak tou 2 men nou yo, yonn sou lòt, mete tout fòs kouraj nou. Apre san an rete, peze pou kèk tan toujou.



- Atout nou fè sa lap senyen toujou:

Ranmase manman vant lan nan men nou yo konsa, epi peze li fò. Peze li jouk nou wè san an rete pou kèk minit osinon jouk nou jwenn konkou doktè.

MEN KI JAN POU NOU SÈVI AK PIKI OSITOSIK: ÈGONOVIN, OSITOSIN, *PITOSIN*, EKS.

Ositosin yo se yon kalite renmèd ki gen ègonovin, osinon ositosin ladan yo. Yo fè matris lan ranmase kò li ansanm ak venn san li yo. Yo konsekan, men gen danje ladan yo tou. Men si nou sèvi avè l jan pou nou sèvi avè l la, yo ka sove lavi anpil moun. Men ki jan pou sèvi ak yo:

1. **Pou rete san an apre pitit la fèt**. Sa se travay li menm. Lè moun lan ap senyen anpil apre mèt vant lan soti, ba li yon piki ègonovin, osinon ègometrin maleat (0,2 mg nan anpoul lan), oubyen ba li bwè 2 tablèt 0,2 mg ègonovin osinon ègometrin maleat (***Ègotrat***,eks.p. 431) yon fwa chak inèdtan pandan 3 èdtan osinon jouk san an rete. Apre san an rete, ba li yon piki osinon yon grenn chak 4 èdtan pandan 24 è. Si nou pa gen ègonovin osinon si nou wè gwo emoraji (anpil anpil san ap soti) anvan mèt vant lan soti, bal yon piki ositosin (***Pitosin***, p. 432) pito.

ATANSYON. Se pou fanm ki ansent lan ak fanmsaj la gen kèk piki ègonovin toupre anba men yo pou yo ka goumen ak gwo senyen an si ka a ta prezante. Men, renmèd sa yo, se sèl lè bagay la mangonmen pou nou sèvi ak yo.

2. **Pou anpeche gwo senyen apre pitit la fèt**. Si se yon fanm ki te senyen anpil lè li tap fè premye pitit li yo, pa tann li senyen pou nou ba li yon piki (osinon 2 grenn) ègonovin kou mèt vant lan soti deyò epi chak 4 èdtan pandan 24è.

3. **Pou ede emoraji fanm kap fè foskouch** (p. 271) ositosik yo se danje lè konsa. Se poutèt sa, se moun ki konnen ki pou sèvi avè l. Men, si yon fanm ap senyen anpil epi nou pa ka jwenn konkou doktè fasil, sèvi ak ositosin lan jan nou di sa pi wo a. Ositosin (pitosin) ka pi bon nan ka konsa.

DANJE: Gen gwo danje ni pou manman an ni pou pitit la lè nou sèvi ak ***Ègotrat, Pitosin,*** osinon ***Pituitin*** pou fòse yon fanm akouche pi vit osinon pou bay fanm lan plis fòs lè li nan travay.Se nan kèk ka sèlman pou nou sèvi ak ositosin anvan pitit la fèt la, epi lè sa se yon fanmsaj ki abil anpil ki ka bay li.

PA JANM SÈVI AK OSITOSIK ANVAN PITIT LA FÈT:

SI NOU SÈVI AK OSITOSIK PANDAN PITIT LA AP FÈT LA POU BAY MANMAN AN FÒS,





NOU KA TOUYE MANMAN AN, OSWA PITIT LA, OSWA TOULEDE

* **Pa gen bon renmèd** ki pou garanti bay manman an fòs osinon pou fè pitit la soti pi vit osinon pi fasil.


Si nou vle fanm lan gen kont fòs kouraj lè lap akouche a, fè li manje manje ki pou bay fòs, manje kap remoute l pandan 9 mwa li ansent la. Lèfini ankouraje l pou li pa fè timoun dri. Ba li konsèy pou li tann li gen tan reprann fòs li anvan li vin ansent ankò (wè planin p. 312).

AKOUCHMAN DIFISIL (tèt chaje)


Se pou nou voye chache konkou doktè depi lè nou wè fanm lan gen pwoblèm serye antan lap akouche a. Gen divès pwoblèm ak konplikasyon ki ka mete pye, genyen ki pi rèd pase lòt. Men kèk konplikasyon nan sa nou jwenn pi fasil yo:

1. **DOULÈ YO KONN VIN FRÈT,** yo dire lontan apre yo te koumanse fò osinon apre fanm lan kaselezo. Anpil bagay ka lakòz sa:

- **Fanm lan ka pè osinon li ka boulvèse.** Sa ka ralanti doulè yo, sa ka menm rete yo nèt. Pale ak li. Eseye ba li kouraj. Esplike li doulè yo ralanti, men pa gen gwo pwoblèm nan sa: ankouraje l chanje pozisyon tanzantan, ba li bwè, ba li manje, ankouraje l pipi.



- **Tibebe a ka nan yon pozisyon dwòl.** Manyen vant lan nan mitan de soukous doulè a pou nou santi si pitit la pa **sou kote**. Gen de lè fanmsaj la ka vire tibebe a lè lap manyen vant fanm lan dousman. Eseye vire tibebe a ti pa ti pa nan mitan 2 soukous doulè, jouk tèt la vin bay sou anba. Men **pinga nou janm fòse anyen** paske sa ka dechire manman vant fanm lan. Si nou pa ka vire tibebe a, fè yo mennen manman an lopital.



- **Si tibebe a ap gade devan**, pase pou l ap gade dèyè, lè nou pase men sou vant manman an, nou ka santi ti bra l yo ak janm li yo pase pou nou santi ti do won an. Sa pa toujou yon gwo pwoblèm. Men sa ka lakòz fanm lan pran plis tan pou l akouche, lèfini li ka gen plis doulè nan do. Fòk li chanje pozisyon tanzantan, paske sa ka ede tibebe a vire tou.

- **Tèt tibebe a ka twò gwo pou li pase nan pasaj la.** Pi fasil, se fanm ki gen zo basen yo piti osinon fanm ki kout anpil anpil pase mari yo. (Fanm ki fè pitit deja pa fasil gen pwoblèm sa a.) Nou ka santi tibebe a pa desann menm. Si nou sispèk li ka gen pwoblèm sa a, mennen fanm lan lopital lapoula, paske li ka bezwen opere (sezaryèn). **Fanm ki gen basen yo piti, osinon fanm ki kout anpil ta dwe akouche premye pitit yo lopital osinon yon kote ki pre ak yon lopital.**

- **Si fanm lan te vonmi anpil, osinon si li te manke bwè likid, li ka manke twòp dlo.** Sa kont pou ralanti doulè yo osinon pou rete travay la. Ba li bwè sewòm oral, osinon lòt likid nan mitan chak 2 soukous doulè.

2. TIBEBE A PARÈT PYE DEVAN Fanmsaj la ka santi si pitit la nan pozisyon sa a lè li manyen vant fanm lan (p. 287) epi lè li eseye koute batman kè tibebe a (p. 279).



Lap pi fasil pou fanm lan akouche nan pozisyon sa a:

Si janm tibebe a soti, men bra yo pa soti, lave men nou pwòp, fwote yo ak alkòl osinon mete gan esterilize epi fè sa:

Foure dwèt nou anndan epi pouse zepòl tibebe a sou deyò konsa:




Oubyen pouse bra a kole ak kò li konsa:




Si tèt la kole, fè manman an vire kouche sou do. Foure dwèt nou nan bouch tibebe a epi rale tèt li pou l vin kole sou lestonmak li. Anmenmtan, fè yon moun peze sou vant manman an pou pouse tèt tibebe a anba konsa:

Fè manman an pouse fò. Men pa janm rale sou kò tibebe a.




3. **YON BRA DEVAN** (men an soti anvan). Si bra tibebe a soti devan, chache konkou doktè lapoula. Yo ka blije opere fanm lan pou wete tibebe a.

4. **Si KÒD LONBRIT LA VLOPE SERE NAN KOU PITIT LA** sitèlman pitit la pa ka soti nèt, eseye glise ne kòd la, fè l pase anwo tèt li. Si nou pa kapab, se pou nou klanpse kòd la osinon ba li yon ne epi koupe l. Sèvi ak sizo ki gen pwent won epi ki esterilize.



5. POUPOU NAN NEN AK NAN BOUCH TIBEBE A. Lè fanm lan kaselezo, si nou wè premye poupou tibebe a nan dlo a, lavi tibebe a ka an danje. Si li respire poupou a epi poupou a antre nan lestonmak li, li ka mouri. Kou tèt li soti, di manman an pou li pa pouse men pou li pran ti souf kout, men rapid rapid. Anvan tibebe a koumanse respire, rale poupou a soti nan nen li ak nan bouch li ak yon ti aparèy espesyal osinon ak yon sereng. Menm si li koumanse ap respire lapoula, netwaye l jouk nou wete tout ti kras poupou yo.

6. MARASA. Fè pitit marasa pi fasil pou bay konplikasyon pase fè yon sèl pitit, lèfini gen plis chans danje ni pou manman an, ni pou pitit yo.



Pi bon bagay la, se pou manman an al fè marasa yo lopital.

Lè manman an ap pote marasa, doulè yo ka koumanse pi bonè. Se poutèt sa, **depi sou sèt mwa, li ta bon pou manman an al rete yon kote ki pa twò lwen ak lopital la.**

Siy ki fè nou wè fanm lan pral fè marasa:

- Vant la gwosi pi vit epi li pi laj pase nòmalman sitou nan dènye mwa yo (wè p. 278).

- Si fanm lan pran pèz pi vit pase nòmalman osinon si pwoblèm fanm konn genyen lè yo ansent (tankou maladi maten, doulè nan do, varis (venn anfle), emowoyid, kò anfle ak souf wo) pwoblèm sa yo pi mal pase nòmalman, gade wè si se pa marasa lap pote.

- Gen de lè tou nou ka tande 2 batman kè san konte batman kè manman an, men sa pa fasil. Pandan dènye mwa yo, si fanm lan poze li anpil, si li pa fè gwo travay lou, gen anpil chans pou marasa yo pa fèt anvan lè yo.

- Marasa toujou piti lè yo fèt, fòk nou ba yo swenyaj espesyal. Tansèlman, pa kwè koze moun kap di marasa gen pouvwa dwòl ak pouvwa maji. Se pa vre.

SA POU NOU FÈ LÈ TWOU NESANS LA CHIRE


Twou kote pitit la soti a gen pou l louvri anpil pou tibebe a ka soti. Gen de lè li konn chire. Lè se premye pitit, fanm lan pi fasil chire.

Si nou pran prekosyon nou ka evite chire a.


Kou tèt pitit la parèt deyò, se pou manman an sispann pouse.



Lè twou a ap louvri, fanmsaj la ka soutni li ak yon men l konsa epi ak lòt men an, dirije tèt la pou li pa soti twò vit.



Si nou mete yon konprès dlo cho sou po fanm lan pa anba twou a sa ka ede tou. Mete li depi lè nou wè twou a koumanse louvri.



Si fanm lan chire, chache yon moun ki konnen koud po moun pou fè sa pou li, apre mèt vant lan va fin soti deyò (wè p. 92 ak 423).


SWENYAJ POU TIBEBE KI FENK FÈT LA

KÒD LONBRIT:

Se pou nou kenbe kòd lonbrit la **pwòp** epi **chèch** pou sa anpeche l enfekte. Plis nou kenbe li chèch, mwens tan lap pran pou li tonbe epi lonbrit la ap geri pi vit. Se poutèt sa li ta **pi bon** si nou pa sèvi ak bann lonbrit, men si nou blije sèvi ak yonn, pa sere li twòp (Wè p. 200 ak 293).

JE YO:

Mete yon gout nitrat dajan 1% osinon yon gout ajiwòl 5% osinon tetrasiklin pou je nan toulede grenn je pitit la kou li fèt, pou sa anpeche li pran konjonktivit (p. 239).



KENBE PITIT LA CHO - MEN PA TWÒ CHO:


Vlope pitit la pou li pa frèt, tansèlman, pa kenbe l twò cho. Mete rad sou li tankou nou ta abiye tèt nou.

KOTE KI FÈ FRÈT



VLOPE LI BYEN VLOPE.

MEN KOTE KI FÈ CHO
(OSINON LÈ LI GEN LAFYÈV)



KITE LI TOUTOUNI.

PWÒPTE:

Sa konsekan anpil pou nou swiv prensip pwòpte nou te bay nan Chapit 12 la. Fè atansyon anpil ak bagay sa yo:

- Chanje kouchèt tibebe a chak fwa li mouye osinon chak fwa li sal. Si po li vin wouj, chanje l pi dri. Li ta pi bon lè konsa pou nou pa mete kouchèt menm sou li (wè p. 232).

- Apre bout lonbrit la fin tonbe, benyen pitit la chak jou avèk savon twalèt nan dlo tyèd.

- Si gen mouch ak moustik, kouvri kabann pitit la ak yon moustikè osinon yon ti twal fen.

- Moun ki gen java, grip, malgòj, moun ki pwatrinè osinon ki gen yon lòt maladi atrapan pa dwe kenbe tibebe a, ni vin twò pre li.

- Mete pitit la yon kote ki pwòp, kote ki pa gen lafimen ak pousyè.

MANJE:

(Gade nan paj 128 pou pi bon kalite manje pou timoun piti)

Lèt manman se pi bon manje pou tibebe. Tibebe ki bwè lèt manman gen pi bon lasante, yo grandi pi byen, yo pa mouri fasil. Men poukisa:

- Lèt manman gen tout kalite manje tibebe a bezwen epi byen balanse ankò, bagay nou pa jwenn fasil nan lòt lèt: lèt vach, lèt bwat osinon lèt poud.

- Lèt manman an tou pwòp. Lè nap ba l lòt manje, sitou lè nap sèvi ak bibwon, se pa fasil pou kenbe veso yo pwòp pou anpeche tibebe a pran dyare ak lòt maladi.

- Lèt manman pa janm ni twò cho, ni twò frèt.

- Lèt manman gen bagay ladan l yo rele antikò ki la pou pwoteje tibebe a si li gen kèk maladi, tankou lawoujòl ak polyo ki ta vle rantre sou li.

Se pou manman an mete tibebe a nan tete kou li fenk fèt. Premye jou yo manman an pa gen anpil lèt. Se nòmal. Se **pa pou l koumanse bay pitit la bibwon,** men fòk li **ba l tete tanzantan**. Plis pitit la va souse, plis la fè lèt la moute.

Yon manman ki gen kont lèt dwe bay pitit li tete ase pou 4 rive 6 premye mwa yo. Apre sa, la toujou bal tete, men la koumanse ba li lòt manje nourisan tou (wè p. 129).

KI JAN YON MANMAN KA RIVE GEN PLIS LÈT:

Men sa pou l fè:


- Bwè anpil likid,
- Manje bon manje, sitou lèt, tout bagay yo fè ak lèt epi manje ki bay fòs (p. 116),
- Dòmi kont epi pa fatige kò l, ni pa kontrarye,
- Bay pitit li tete pi souvan.

Nan paj 378 la, nap jwenn renmèd fèy pou fè lèt la moute.

TIBEBE KI BWÈ LÈT MANMAN PI AN SANTE



TIBEBE KI PRAN LÈT NAN BIBWON VIN MALAD PI FASIL EPI YO MOURI PI FASIL



PREKOSYON POU NOU PRAN LÈ NAP BAY TIBEBE RENMÈD:

Anpil renmèd se danje pou tibebe yo. Sèvi ak renmèd nou konnen ki bon pou tibebe epi sèvi ak yo sèlman lè nou bezwen yo tout bon vre. Fòk nou konnen ki dòz pou nou ba li, epi pa janm bal twòp. Kloramfenikòl se gwo danje pou tibebe ... epi li pi grav ankò pou tibebe ki fèt anvan tèm osinon si li peze pi piti pase 4 liv (osinon 2 kilogram).

MALADI TIBEBE

Li konsekan anpil pou louvri je nou pou wè tout pwoblèm osinon maladi tibebe a genyen epi fè sa pou nou fè a vit san pèdi tan.

Maladi ki pran anpil jou ak senmenn pou touye yon granmoun ap touye yon tibebe anvan nou bat je nou.

MALADI TIBEBE KI FENK FÈT (Wè p. 350 tou)

Se ka yon bagay ki pase mal pandan tibebe a tap devlope nan vant manman li, osinon lè li te nan pasaj. Egzaminen tibebe a byen kou li fèt.

Si nou wè yonn nan siy sa yo, se ka yon bagay grav ki pa mache byen pou li:

- Si li pa respire kou li soti.
- Si nou pa ka jwenn batman kè li osinon si batman kè li pi piti pase 100 fwa pou yon minit.
- Si figi li ak kò li tou blanch, ble osinon jòn apre li koumanse respire.
- Si bra li ak janm li yo lage li pa fè mouvman ak yo pou kont li, ni lè nou pichkannnen li.
- Si li plenn osinon si li pa ka respire byen apre yon ka dè.

Se ka yon donmaj pitit la gen nan sèvèl tèt li lè lap fèt la ki ka lakòz. Se pa fasil pou se enfeksyon ki lakòz sa (esepte si manman an te kaselezo 24è anvan pitit la te fèt la. Ti renmèd lakay pap ka fè anyen. Eseye jwenn konkou doktè.

PWOBLÈM KI VINI APRE TIBEBE A FIN FÈT LA (Premye jou yo osinon premye senmenn yo):

1. **Lè lonbrit la bay pi osinon yon vye odè, se siyal danje**. Veye pou siy tetanòs (p. 197) osinon pou enfeksyon bakteri nan san (p. 306). Lave lonbrit la byen lave ak dlo oksijene epi badijonnen li ak vyolèt jansyàn (wè p. 417) epi kite l san kouvri pou l ka pran lè. **Si nou wè po toutotou lonbrit la vin cho epi wouj**, ba li anpisilin (p. 404) osinon penisilin ak estreptomisin (p. 405).

2. Si tanperati kò li **pi ba pase 35 degre**, osinon **si li gen gwo lafyèv**, toulede se yon siyal enfeksyon. ***Gwo lafyèv depase 39 degre se danje pou yon tibebe ki fenk fèt.*** Wete tout rad sou li epi tanponnen pitit la ak dlo frèt tankou nou wè nan paj 85 la. Epi gade si nou wè kèk siy ki di nou si lap dezidrate (wè paj 161). Si nou wè siy sa yo, bay tibebe a lèt manman li epi bal bwè sewòm oral (p. 162).

3. **Kriz:** (wè p. 192). Si tibebe a gen lafyèv tou, fè sa nou sot di a la pou lafyèv la. Gade si li pap manke dlo. Si kriz yo koumanse jou pitit la fèt la, se ka sèvèl li ki donmaje nan pasaj. Si kriz yo koumanse kèk jou apre pitit la fèt la, gade wè si nou pa remake kèk bagay ki di si lap fè tetanòs (maladi kò rèd), wè p. 197 osinon mennenjit (p. 200).

4. **Pitit la pa pran pèz**: Anpil timoun pèdi ti pèz premye jou yo. Se bagay nòmal. Men apre premye senmenn lan, yon tibebe ki gen lasante dwe pran 200 gram konsa chak senmenn (yon demi liv konsa). Sou 2 senmenn, yon tibebe ki gen lasante dwe peze menm pwa li te genyen lè li fenk fèt la. Si li pa pran pwa osinon si lap pèdi pwa, gen yon bagay ki pa mache byen. Èske tibebe a te parèt an sante lè li te fèt la? Èske li manje byen? Egzaminen tibebe a byen pou chache kèk siy enfeksyon osinon lòt pwoblèm. Si nou pa ka jwenn lakòz pwoblèm li an, chache konkou doktè.

5. **Vonmisman**. Lè yon tibebe ki an sante ap rann gaz, sa konn rive pou li vonmi yon ti lèt. Sa, se bagay nòmal. Pou ede pitit la rann gaz apre li fin manje, kenbe li sou zepòl nou epi bat do l konsa.



FÈ TIBEBE A RANN GAZ LÈ LI FIN MANJE

Si yon tibebe vonmi lè nou mete li kouche apre li fin manje, mete li chita pou yon ti moman chak fwa li fin manje. Lè yon tibebe ap vonmi ak fòs, osinon ap vonmi anpil, oubyen ap vonmi tèlman dri nou wè li koumanse pèdi pwa osinon li ka dezidrate, sa vle di li malad. Si pitit la gen dyare tou, se ka yon enfeksyon nan trip li genyen (p. 168). Gen lòt enfeksyon ki ka lakòz vonmisman an tankou enfeksyon bakteri nan san (wè paj kap vini yo), mennenjit (p. 200).

Si vonmi an jòn osinon vèt, se ka trip li ki bouche (p. 101) sitou si nou wè vant lan anfle osinon si tibebe a pa watè. Mennen pitit la nan dispansè lapoula **san pèdi tan**.

6. **Pitit la sispann tete byen**. Si apre katrèdtan nou wè tibebe a pa vle pran tete, gen danje nan kay la - sitou si tibebe a anvi dòmi toutan osinon si li parèt malad, oubyen lap kriye, osinon lap bat kò li, gen anpil maladi ki ka fè li fè sa, men maladi nou jwenn pi fasil epi ki pi danje yo nan 2 premye senmenn lavi tibebe a, se **enfeksyon bakteri nan san** (wè 2 paj kap vini yo) ak **tetanòs** (p. 197).

Lè yon tibebe pa vle tete sou 2 jou rive sou 5 jou apre li fèt, se ka enfeksyon bakteri nan san lap fè.

Lè yon tibebe pa vle tete sou 5 jou rive sou 15 jou apre li fèt, se ka tetanòs lap fè.

Si yon tibebe pa tete byen osinon si nou ta sispèk li malad:

Gade l byen, egzaminen l nan tout kò l jan yo di l la nan Chapit 3 a. Men kèk bagay pou nou kontwole:

- Gade wè **si li pa respire byen**. Si nen li bouche, souse li pou debouche l jan nou wè nan paj 175 la. Si souf li anlè anlè, si lap respire vit (50 fwa osinon plis nan yon minit), si li blanch osinon blenm, si li gen ral, si tout ti zo kòt li parèt lè lap respire, tout bagay sa yo se ti siy ki di nou lap fè yon nemoni (p. 183). Tibebe kap soufri nemoni pa fasil touse, gen de lè tou yo pa bay okenn siy pou moun ka wè yo malad. Si nou sispèk lap fè nemoni, fè menm jan nou ta fè pou enfeksyon nan san (wè paj ki vin apre sa a).


- Gade **koulè po tibebe a.**

Si po bouch li ak figi li tounen vyolèt, se kapab nemoni, osinon yon maladi kè, oubyen yon lòt pwoblèm tibebe a te fèt avèk li.

Si figi li ak blan je li koumanse vin jòn (lajonis) sou premye jou li fèt la osinon apre senkyèm jou a, ka a grav. Chache konkou doktè. Si se sou dezyèm jou a oubyen anvan senkyèm jou a nou wè li bay yon ti koulè jòn sa pa twò grav. Bay pitit la anpil likid pou l bwè. Sewòm oral la pi bon toujou. Pa sispann ba li tete (p. 163). Wete rad sou li, epi mete li bò yon fennèt pou li pran lè, men pa kite solèy bat li.

- Manyen **kote ki mou nan fontenn tèt pitit la** (wè p. 10).






ENPÒTAN: Si yon tibebe manke dlo anmenmtan lap fè mennenjit, fontenn tèt la ka nòmal. Veye pou lòt siy pou nou wè si li manke dlo (wè p. 161) epi si lap fè mennenjit (wè paj 200).

- **Gade mouvman pitit la ap fè ak kò li, gade figi li byen.**

Si kò li ap vin rèd, osinon si lap fè mouvman ki dwòl ak kò li, se yon siy ki vle di lap fè tetanòs, osinon mennenjit, osinon sèvo li donmaje lè lap fèt la oubyen se lafyèv. Si lè nou manyen tibebe a osinon lè nap deplase l, li fè yon grimas epi tout kò li redi, se tetanòs lap fè. Gade wè si machwè li ka louvri epi kontwole reflèks jenou an (p. 198).



Si pitit la rete konsa lap fè gwo mouvman kriz epi nou wè je l ap vire lanvè osinon ap plede vire won, gen anpil chans pou se **pa** tetanòs lap fè. Kriz sa yo se **ka** mennenjit ki bay yo, men fasil pou se dezidratasyon ak gwo lafyèv ki fè sa. Eske nou kapab mete tèt tibebe a nan mitan de jenou l yo? Si kò pitit la twò rèd pou sa osinon si li pete rele paske sa ap fè li mal, se kapab mennenjit (wè p. 200).

- Chache siy ki di lap fè enfeksyon nan san.

ENFEKSYON NAN SAN (SEPTISEMI)

Tibebe ki fenk fèt pa kapab goumen ak enfeksyon byen. Se poutèt sa lè pitit la ap fèt, si gen mikwòb ki pase nan po tibebe a osinon nan lonbrit li pou antre nan san l, mikwòb sa a ap gaye nan tout kò li. Men, paske sa pran yonn osinon de jou pou sa fèt se toujou sou dezyèm jou a maladi enfeksyon nan san an parèt.

Siy:

Tibebe ki fenk fèt pa bay menm siy ak timoun ki pi gran. Pou tibebe yo, enfeksyon nan san an ka ba yo anpil siy. Men kèk siy nou ka wè:

- li pa tete byen
- vant li anfle
- li anvi dòmi toutan
- po li vin jòn (lajonis)
- li blenm (anemi)
- lap fè kriz
- li gen vonmisman osinon dyare
- li pèdi koulè, anba po l tou ble
- li gen lafyèv cho, osinon kò l pi frèt pase nòmal. (anba 35 degre)

Se pa septisemi an ase ki ka bay siy sa yo. Gen lòt maladi ki ka bay yo tou. Men, **si tibebe a gen anpil nan siy sa yo ansanm, gen anpil chans se septisemi lap fè.**

Tibebe fenk fèt pa toujou gen lafyèv lè yo gen yon enfeksyon grav. Kò yo ka cho, li ka frèt, konsa tou li ka nòmal.

Men sa pou nou fè lè nou sispèk yon tibebe gen septisemi:

- Ba li piki anpisilin (p. 405), 125 mg de fwa pa jou.
- Osinon, ba li piki penisilin - 150 mg (250.000 inite) penisilin kristalin 2 fwa pa jou, ansanm ak estreptomisin - 20 mg pou chak kilogram pèz tibebe a (60 mg pou yon tibebe ki peze 3 kilogram) **yon fwa pa jou.** Fè atansyon, pa bay twòp estreptomisin (wè p. 410).
- Fòk nou sèten tibebe a bwè kont li. Ba li bwè lèt manman li nan kiyè epi ba li sewòm oral si li bezwen (wè p. 162).
- Chache konkou doktè.

Se pa toujou fasil pou nou rekonèt lè yon tibebe ap fè enfeksyon paske li konn pa bay lafyèv. Si nou kapab, chache konkou doktè. Si nou pa kapab, ba li anpisilin jan nou sot wè a. Anpisilin se yonn nan antibyotik ki pi bon epi ki sèvi pi byen pou tibebe.



LASANTE TINOURIS

Manje ak pwòpte:

Tankou nou te wè sa nan Chapit 11 lan, apre tibebe a fèt, **tinouris la fèt pou li manje tout kalite manje ki bon pou lasante li ka jwenn.** Pa gen manje li dwe evite manje. Manje ki pi bon pou li se lèt, fwonmaj (fwonmaj peyi tou) poul, ze, vyann, pwason, fwi, legim, grenn pwa, manba eks. Si se mayi moulen ak pwa sèlman li genyen se pou li manje yo chak fwa lap manje. Lèt ak lòt bagay ki soti nan lèt (bè, fwonmaj, lèt kaye) va ede nouris la pou li gen kont lèt pou tibebe a.

Se pou nouris la benyen depi sou premye jou apre pitit la fèt la. Premye senmenn lan, li pi bon si li benyen ak yon sèvyèt mouye san li pa antre nan dlo a. Apre sa li te mèt benyen nòmalman. **Pa koute moun kap di nou sa pa bon pou nou benyen apre nou fin fè pitit.** Fanm ki kite anpil jou pase anvan yo benyen ka trape kèk enfeksyon kap fè po yo sal epi ki ka fè tibebe yo malad.

Men sa yon ti nouris dwe fè:

Manje bon kalite manje ki gen nanm epi **benyen toutan**





Lafyèv apre akouchman:

Gen nouris ki konn gen lafyèv ak enfeksyon apre pitit la fèt la. Pi souvan se paske fanm saj la pat kenbe tout bagay pwòp, osinon paske li te foure men l pa anndan nouris la.

Siy lafyèv apre akouchman an:

Se lafyèv frison osinon lafyèv cho, maltèt, doulè nan anba do, kèk fwa doulè nan vant ak yon move sant osinon yon ti san tanzantan melanje ak pèt nan vajen an.

Tretman: Grenn penisilin 400.000 inite, yon grenn 4 fwa pa jou, osinon piki penisilin prokayin, 250.000 inite, 2 fwa pa jou pandan yon senmenn (wè p. 403). Nou ka sèvi ak lòt kalite antibyotik (anpisilin osinon silfadyazin) si nou pito.

Lafyèv apre akouchman gen danje ladan l.
Si nouris la pa refè touswit, chache konkou doktè.

SWEN TETE YO

Okipe tete yo byen se yon bagay ki konsekan ni pou sante manman an, ni pou sante pitit li a. Se pou nouris la koumanse bay pitit li tete menm jou li fèt la. Premye fwa yo, tibebe a ka pa tete anpil, men sa pèmèt kò nouris la vin abitye ak souse a epi sa anpeche pwent tete yo vin fè l mal. Premye lèt tete yo bay la, yo rele li kolostwòm (wè rapò). Se tankou yon renmèd. Li pi bon pase nenpòt lòk pou anpeche tibebe pran enfeksyon e li chaje ak pwoteyin. Menm si nou wè li klè (yon ti jan dlo), premye lèt sa a bon anpil pou tibebe a. Konsa...


KOUMANSE BAY TIBEBE A TETE MENM JOU LI FÈT LA.

Tete yo fè kantite lèt tibebe a bezwen. Si tibebe a ta rive devide yo nèt, lamenm yap koumanse bay plis lèt. Si tete a pa fin devide, yap koumanse bay mwens lèt. Se poutèt sa, kou yon tibebe malad epi li pa tete manman li, apre kèk jou tete yo pa bay lèt ankò. Epi lè tibebe a refè, lè sa a li bezwen anpil lèt ankò, men li ka pa sa jwenn kont li. Poutèt sa:


Lè yon tibebe malad epi li pa ka tete manman l, se yon bagay ki konsekan anpil pou tete manman an pa sispann bay lèt.
Lè konsa se pou li tire lèt la ak men li.

POU TIRE LÈT LA:


Kenbe tete a pa dèyè konsa,



epi vanse men nou yo sou devan, peze li,



epi pou fini, pije lèt la soti nan pwent tete a.




Yon lòt rezon ankò ki fè sa bon pou nou tire lèt la lè tibebe a pa tete ankò, se pou anpeche tete yo vin twò plen. Lè yo twò plen, yo fè nou mal epi yo fasil bay apse. Epi tou, lè tibebe a ta vle tete sa ka ba li traka pou l souse lèt la.


Si tibebe a twò fèb pou l tete, tire lèt la ak men nou epi ba li l nan kiyè osinon ak konngout.

Kenbe tete yo pwòp toutan. Anvan nou bay tibebe a tete, netwaye pwent tete a ak yon twal mouye pwòp. **Pa savonnen yo** chak fwa nap netwaye yo, paske sa ka fè po a fann, pwent tete a ka koumanse ap fè nou mal, epi enfeksyon va mete pye.

PWENT TETE YO KAP FÈ NOU MAL:

Pwent tete yo ka fè nou mal lè tibebe a mòde tibout pwent tete a pase li foure tout pwent tete a nèt nan bouch li pou l tete. Sa pi fasil rive fanm ki gen pwent tete yo twò kout.






Sa pou nou fè pou anpeche pwent yo fè nou mal:

Si yon fanm gen pwent tete li yo kout, se pou l peze wonn pwent tete a konsa tanzantan pandan gwosès la pou ranfòse l. Lè sa a lap pi fasil pou pitit la pran l nan bouch li epi sa ka anpeche pwent tete yo fè mal.

Men sa pou nou fè si tete nou ap fè nou mal:

Se pou nou pa sispann bay pitit la tete menm si tete nou ap fè nou mal. Lè nap ba li tete, mete li nan tete ki fè nou mwens mal la anvan. Yon sèl bagay, si pwent tete a ap bay san osinon pi, pa bal tete ankò. Lè konsa, pije lèt la ak men nou jouk bout tete a geri. Lè li geri bay pitit la tete, men fè atansyon pou tout pwent tete a antre nèt nan bouch pitit la.

APSE NAN TETE
(Enfeksyon pa anndan tete a, Mastit):



Lè pwent tete yo blese osinon fann,enfeksyon ka antre andedan tete a, epi lap ban nou yon apse. Sa rive fasil nan premye senmenn osinon nan premye mwa yon nouris koumanse bay tete.

Siy ki fè nou wè gen apse:

Yon kote nan tete a vin cho, li wouj, li anfle epi lap fè nou mal. Glann anba bra nou ka anfle tou epi yo ka fè nou mal. Lè apse a mi, li konn pete epi li bay pi.

Sa pou nou fè pou nou anpeche sa:

- Kenbe tete nou yo pwòp. Si pwent tete a blese osinon si li fann epi lap fè nou mal, pa kite pitit la tete twò lontan epi ba l tete pi souvan.
- Mete yon ti lwil doliv osinon lwil tibebe sou pwent tete a chak fwa nou fin bay tete.

Sa pou nou fè pou l geri:

- Nou mèt kite pitit la tete nan tete ki gen apse a, osinon tire tete a nou menm ak men nou (fè sa ki fè nou mwens mal la).
- Mete konprès dlo frèt osinon konprès glas pou soulaje doulè a. Pran grenn aspirin tou.
- Pran yon antibyotik tankou lè nou gen lafèyv akouchman (wè p. 307).

Divès kalite boul nan tete:

Lè yon nouris santi yon boul nan tete l ki cho epi kap fè li mal, se ka yon apse li gen nan tete (enfeksyon).


Lè yon fanm gen yon boul nan tete l ki pa fè li mal, se ka kansè.

KANSÈ NAN TETE


Se fasil pou jwenn fanm ki gen kansè nan tete yo, kalite kansè sa a gen gwo danje ladan l. Gen anpil chans pou nou jwenn bon tretman si nou gen tan wè siy yo bonè epi al kay doktè pou li okipe sa touswit pou nou. Nou ka blije fè operasyon.


Siy ki fè nou wè nou gen kansè nan tete:

- Nou ka wè yon boul, sa rive plis bò la konsa nan tete.
- Osinon tete a ka gen yon douk osinon yon ti bouton ki dwòl oubyen yon bann ti twou tankou po zoranj.
- Anpil lè li gen gwo glann anba bra, men ki pa fè li mal.
- Chak lè boul la fè yon ti gwosi.
- Lè li fèk parèt li pa fè mal, li pa cho. Men apre kèk tan li ka fè nou mal.



MEN KI JAN NOU KA EGZAMINEN TETE NOU YO NOUMENM:





Tout fanm dwe aprann jan pou yo egzaminen tete yo pou wè si pa gen siy kansè. Fè sa yon fwa pa mwa.

- Gade wè si de tete nou yo menm gwosè, si yo gen menm fòm, si nou pa wè okenn nan siy nou sot pale talè a.

- Antan nou kouche, pran yon zorye osinon yon dra nou ploye mete li anba do nou, tate tete nou yo ak dwèt nou yo konsa. Peze tete yo epi woule dwèt nou yo sou li. Koumanse bò pwent tete a epi mache fè wonn tete a epi rive bo anba bra nou.

- Apre sa, peze pwent tete a pou wè si li pa ban nou yon ti san osinon yon ***ti dlo***.

Si nou wè yon boul osinon yon bagay ki dwòl, chache konkou doktè. Gen anpil boul ki pa kansè. Chache konnen bonè ki kalite boul sa a nou genyen an.

GWO DANJE POU MANMAN YO AK TIBEBE YO

Yon dènye ti koze pou fanmsaj yo, pou ajann sante yo ak pou tout moun ki vle ede lòt:

Gen yon kalite fanm ki pi fasil gen pwoblèm nan akouchman ak pwoblèm apre akouchman, gen anpil chans tou pou tibebe sa yo soti piti piti (pa gen pèz) epi pou yo malad. Fanm sa yo se fanm ki pa gen yon gason ak yo, yo pa gen kay, yo pa manje byen, yo jenn anpil, lespri yo lou osinon yo deja gen pitit kap soufri malnitrisyon osinon ki malad.



Si yon fanm konsa ka jwenn yon fanmsaj, yon ajann sante, osinon yon lòt moun pou ba li lasistans, pou ede l jwenn bon manje, ak zanmitay li bezwen lè konsa, se pi bon bagay ki ka rive l ni pou li ni pou pitit la.

Lè yon fanm konsa nan nesesite, pa tann li mache sou nou, se nou ki pou mache sou li.




CHAPIT 20

FÈ PLAN POU FANMI NOU POU NOU KA FÈ VALÈ PITIT NOU VLE

FANMI SA A GEN ANPIL PITIT



FANMI SA A PA GEN ANPIL PITIT



Gen manman ak papa ki vle fè anpil pitit. Kote timoun yo mouri jenn, papa ak manman santi yo bezwen anpil timoun pou ede yo travay epi pou yo ka sèten lè yo granmoun gen moun ki pou pran swen yo.

Konsa tou, gen anpil manman ak papa ki vin konprann lè yo gen anpil timoun sa ka ba yo gwo pwoblèm tankou:

- Lè nou gen anpil timoun li pi difisil pou jwenn manje pou ba yo, pou biye yo, pou mete yo lekòl jan sa dwe fèt.

- Lè yon manman fè pitit dri yonn dèyè lòt (san pran souf), manman sa a fasil vin fèb. Lè sa a li pap gen anpil lèt, tibebe l yo pi fasil mouri (gade nan paj 301). Lè l fè twòp timoun kè l vin fatige, matris li travay twòp, li vin an danje, li ka mouri nan yon akouchman, lèfini pou l kite yon bann timoun san manman.

- Lè manman ak papa fè anpil pitit, lè timoun yo vin gran yo ka pa jwenn kont tè pou fè jaden pou tout moun ki nan fanmi yo ka travay pou yo viv. Konsa, timoun yo ka tonbe nan grangou. Sa deja rive divès kote. Menm si gragou sou latè a ta twaka disparèt, si tè ak lajan te separe jan sa te dwe fèt, fòk nou pran prekosyon. Paske si tout fanmi ta rive gen kont tè ak anpil richès, si nap plede fè anpil timoun toujou, tout jan nap rive yon lè nou pap gen kont tè pou travay osinon nou pap jwenn kont manje pou bay tout moun nan fanmi nou yo, menm si moun ta rive konn separe.

Sèl jan pou sitirasyon an chanje, se lè chak moun nan chak fanmi, nan chak zòn, va rive konprann tout kantite bagay ki gen rapò ak sante yo epi pou yo travay pou asire yon bon jan lavi pou pitit yo ak pou tout pitit pitit yo.

FÈ PLAN POU FANMI NOU, KONTWOLE KONBE PITIT NAP FÈ



Chak papa ak manman ka gen rezon pa yo ki fè yo kontwole kantite pitit yap fè. Gen kèk moun ki pito kite kèk tan pase anvan yo gen yon pitit. Gen kèk jenn marye ki pa ta renmen fè pitit la menm. Yo ta renmen tann yo travay pou yo gen kont kòb pou okipe pitit yo byen. Gen papa ak manman ki pa vle fè timoun, yo fè plan konbe pitit yo bezwen epi yo rete la. Gen kèk lòt menm ki pa vle fè yo dri, men ki pito tann kèk lanne pase anvan yo fè yon lòt timoun. Konsa, ni manman an, ni timoun yo ka gen pi bon lasante.

Fè plan pou fanmi nou se pran desizyon pou fè valè pitit nou vle ak lè nou vle fè yo.

Lè se papa ak manman yo menm ki deside lè yo vle ak lè yo pa vle fè pitit, yo gen dwa chwazi yonn nan divès metòd ki genyen pou anpeche madanm lan ansent toutotan yo pa vle. Se sa yo rele metòd pou kontwole fè pitit.

Gen kèk moun ki bezwen pitit epi ki pa ka fè. Yo menm se pou yo li paj 325 la.

KONTWOLE FÈ PITIT LA BON - LI PA GEN DANJE LADAN L ?

1. Èske nou kwè l bon ?

Gen anpil moun nan anpil peyi ki fè anpil koze pou konnen si divès metòd fè pitit la bon, si pa gen danje ladan yo. Gen kèk relijyon ki te kont tout metòd pou kontwole fè pitit la, esepte si mesyedam yo dakò pou yo pa gen rapò. Men gen anpil chèf relijyon ki vin wè jan sa bon pou lasante ak pou byennèt moun nan tout zòn yo, lè moun yo ka sèvi ak bon metòd ki garanti, yo fè pitit lè yo vle san pwoblèm.

Anpil kote, gen medam ki rive ansent atout yo pat vle fè pitit. Lè konsa ya l fè avòtman, yo fè wete tibebe a nan vant yo. Gen peyi kote lalwa **bay moun dwa fè avòtman.** Kote sa yo, yo ka fè sa alèz nan dispansè byen pwòp, nan bon kondisyon san danje pou medam yo. Men, kote yo pa pèmèt moun fè sa a menm, medam yo fè l ankachèt pou moun pa konnen. Lè konsa ya l kote ki pa pwòp, ya l jwenn moun ki pa gen ladrès pou fè sa pou yo. Konsa se pa ti kras fanm ki konn mouri nan avòtman. Si fanm yo ta jwenn chans pou yo sèvi ak kèk metòd ki pou ta ede yo fè pitit lè yo vle, si yo ta jwenn moun pou di yo ki jan pou yo sèvi ak metòd yo, fanm yo pa ta bezwen al nan fè avòtman, kit yo te gen dwa fè l, kit yo pat gen dwa fè l. Avèk sa pa tap gen twòp moun kap soufri epi kap mouri pou granmesi.

Gen moun ki kwè se moun rich ak gouvènman gran peyi yo kap pouse koze pou moun fè planin paske yo pa vle pèdi kontwòl yo genyen sou moun ki pa genyen yo. Yap kontwole valè pitit moun sa yo ka fè. Moun rich yo ak grannèg yo wè sa rèd, pou yo dakò ak moun kap di jan yap dirije byen latè ak richès latè a, reskonsab anpil pou grangou kap touye moun sou latè, yo pito wè moun kap fè anpil pitit. Gen peyi kote doktè yo boukle medam yo pa fòs, osinon yo sèvi ak medam yo pou eseye kèk metòd nèf ki ka gen danje ladan yo. Se poutèt sa moun ki kanpe pou pòv yo, kap mande chanjman nan sosyete a, gen tandans pran pozisyon kont tout pwogram pou kontwole fè pitit.

Se dilere sa. Paske sa pou yo atake a, se pa pwogram pou kontwole fè pitit la, se moun ki sèvi mal avè l la pou yo denonse. Konsa tou, yo denonse tout lenjistis kap layite kò yo nan sosyete, ak jan tè a ak richès peyi a mal separe. Si yo sèvi ak metòd pou kontwole fè pitit la byen, sa ka ede malere yo gen fòs kouraj pou yo goumen pou defann dwa yo tankou moun. Men, se moun yo menm ki pou fè desizyon yo vle pou fè plan pou fanmi yo. Se reskonsablite yo.

Se nou menm ki pou deside pou kont nou konbe timoun nou vle fè.
Pa kite lòt moun deside pou nou.

2. Èske li gen danje ?

Gen anpil koze ki fèt pou konnen si divès metòd pou kontwole fè pitit yo gen danje osinon pa gen danje. Konsa, gen moun ki pa dakò ak metòd pou kontwole fè pitit la, pou rezon relijyon ak politik epi kap eseye fè fanm yo pè lè yo di kontwole fè pitit la gen danje vre. Men, bagay ki pi konsekan pou medam yo konnen se **kontwole fè pitit la gen mwens danje pase ansent la**, sitou pou fanm ki fè anpil pitit deja.

Lè yon fanm ansent, li gen plis chans pou sa fè l malad osinon pou sa touye l, pase lè li sèvi ak nenpòt metòd pou kontwole fè pitit nou pi konnen yo.

Gen anpil pale anpil sou grenn pou kontwole fè pitit yo. Men, gen plis danje pou fanm ansent yo. Metòd grenn lan sitèlman mache byen pou fanm ki pa vle tonbe ansent, anpil moun pito sèvi avè l pase pou yo sèvi ak lòt metòd yo konnen ki gen mwens danje, men ki pa bay bon rezilta.

CHWAZI YON METÒD POU NOU KONTWOLE FÈ PITIT

Nan paj kap vini yo, nou pral bay anpil metòd pou kontwole fè pitit. Gen kèk ki fè kèk moun byen pase lòt. Li paj sa yo byen epi pale ak fanmsaj osinon mis nan sant yo, osinon doktè pou nou ka konnen ki metòd yo genyen ak ki metòd ki pi bon pou nou. **Konsidere chak metòd apa: chans pou yo bay bon rezilta, danje ak konplikasyon yo ka genyen, fasilite pou jwenn sa nou bezwen yo, pri yo ak sa kap pi alèz pou moun yo.** Se mari yo ak madanm yo ki dwe deside ansanm epi ki pou pran reskonsablite yo.

DAPRE KALKIL KI FÈT POU CHAK METÒD


Pou chak 20 fanm ki sèvi ak metòd	Men kantite nan yo ki gen chans pou vin ansent atout yo sèvi ak metòd sa a...		epi men kantite ki blije sispann osinon ki ta dwe sispann poutèt pwoblèm li ba yo.
GRENN			
KAPÒT			
DYAFRAG			
FILAMAN			
KRÈM			
VOYE DEYÒ			
OPERASYON			*
EPONJ			
KONTWÒL JOU APRE RÈG		ANSANM	
KONTWÒL GLÈ			


*Avèk operasyon an pa gen pwoblèm menm, fanm lan osinon gason an pap janm fè pitit ankò.

GRENN POU KONTWOLE FÈ PITIT

Se yonn nan metòd ki bay pi bon rezilta pou evite ansent, depi nou pran grenn lan jan pou nou pran l lan. Sèlman, gen fanm ki pa ka pran grenn, swa tibebe yo twò piti, paske grenn lan cheche lèt la osinon yo gen varis, osinon yo fè kè, tansyon. Moun sa yo ka sèvi ak yon lòt metòd (gade nan paj 317 lan). Li ta pi bon pou se mis nan sant yo ki bay grenn yo osinon moun ki te aprann jan pou moun sèvi ak li.

Grenn yo toujou vin nan yon ti pakèt ki gen 21 osinon 28 grenn. Pakèt 21 an byen souvan pi bon mache, lèfini gen mak ki pi bon mache pase lòt. Chak mak pa gen menm kantite renmèd nan grenn yo. La bon pou nou gade nan PAJ VÈT YO, paj 434, pou nou chwazi kalite ki bon pou nou an.





Men jan pou pran grenn yo - Pakèt 21 grenn lan:

Nap pran premye grenn lan sou senkyèm jou règ nou. Nap pran yon grenn chak jou, jouk yo fini. Sa va fè 21 jou.

Lè nou fin pran tout pakèt la, nap tann sèt jou anvan nou tanmen yon lòt pakèt, toujou pran yon grenn chak jou. Konsa, nap pase twa senmenn ap pran grenn epi apre sa nap pase yon senmenn san nou pa pran l. Nòmalman, se pandan senmenn nou pa pran grenn lan, règ la ka vini. Men, menm si règ la pa vini, tanmen yon lòt pakèt sèt jou apre nou fini ak yon pakèt.

Si nou pa vle vin ansent, se pou nou pran grenn yo chak jou. Si nou bliye pran li yon jou, pran 2 grenn nan denmen (yonn maten, yonn aswè.)

Pakèt 28 grenn lan:

Nap tanmen pran grenn nan sou senkyèm jou règ la, menm jan ak pakèt 21 an. Pran yonn chak jou. Gen 7 nan grenn yo ki yon lòt koulè osinon yon lòt fòm. Se pou nou toujou pran yo tou, lè nou fin pran lòt yo. Jou nou pran dènye grenn lan, nan denmen tanmen yon lòt pakèt. Pran yonn chak jou, san sote yon jou, pakèt apre pakèt, depi nou pa vle ansent. Nou pa bezwen fè okenn dyèt lè nap pran grenn lan. Menm si nou ta rive gripe osinon nou ta gen lòt maladi lè nap pran grenn yo, se pou nou toujou pran yo. Si nou sispann pran yo anvan pakèt la fini nou ka vin ansent.

Men kèk pwoblèm grenn yo ka ban nou:

Gen kèk fanm ki konn gen yon ti maladi nan maten, tete yo vin pi gwo epi yo konn gen kèk lòt siy tankou yo ta ansent lè yo fèk koumanse ap pran grenn nan. Pa bat kò nou, se paske grenn yo gen yon òmòn ladan yo ki menm kalite ak renmèd òmòn yon fanm gen nan san l lè l ansent. Men, sa pa vle di li malad pou sa osinon li dwe sispann pran grenn yo. Siy sa yo toujou disparèt apre 2 osinon 3 mwa. Pou soulaje ti maladi nan maten an, gade nan paj 274.


Gen kèk fanm ki konn bay plis san lè yo konn gen règ yo osinon yo ka wè lalin yo de fwa nan yon mwa. Sa pa twò konsekan. Kèk fwa, sa konn mache byen lè yo sèvi ak yon lòt mak grenn. Sa konn rive tou lè yo pran grenn lan an dezòd, lè yo sote jou. Lè yo pran yon grenn chak jou san sote jou, sa konn mache byen, na wè plis koze sou sa nan PAJ VÈT YO (paj 434).

Èske gen danje nan pran grenn lan?

Menm jan ak tout renmèd, grenn pou kontwole fè pitit la, ka bay kèk moun gwo pwoblèm (gade nan paj kap vin apre yo). Pi gwo pwoblèm nou ka genyen lè nap pran grenn lan se boul san kaye nan kè nou, nan poumon yo osinon nan tèt nou (gade paralizi nan paj 360). **Sèlman medam ki ansent yo gen plis chans pou yo soufri ak boul san kaye a pase lè y'ap pran grenn.**

Moun ki mouri paske yo tap pran grenn se bagay ki ra anpil. Lè nou mete danje ki genyen nan ansent ak nan akouchman ak danje ki genyen nan pran grenn, nou wè gwosès ak akouchman 50 fwa pi danje.

Nan kenzmil fanm ki vin ansent, men kantite ki gen chans mouri nan konplikasyon gwosès osinon nan akouchman



Nan kenzmil fanm kap pran grenn, gen sèlman yonn ki gen chans mouri nan konplikasyon pran grenn lan, ki vle di:




GEN PLIS DANJE NAN VIN ANSENT PASE NAN PRAN GRENN.

Pifò fanm san pwoblèm lè yo pran grenn. Konsa, li pi bon pou yo pran grenn pase pou yo vin ansent. **Men, gen kèk fanm ki gen menm chans pou yo malad kit yap pran grenn, kit yo ansent. Medam sa yo ta dwe sèvi ak yon lòt metòd si yo pa vle vin ansent.**

KI MOUN KI PA FÈT POU PRAN GRENN LAN

Fanm ki gen ant 35 ak 40 an, sitou si yo fimen, pa fèt pou pran grenn lan. Yon fanm ki gen nenpòt nan maladi sa yo, **pa fèt pou pran ni grenn, ni piki pou anpeche l vin ansent.**

- **Doulè nan yon janm osinon nan yon kwis.** Se ka yon enflamasyon nan venn ki fè sa (flebit osinon boul san kaye ladan l). Lè sa a pa pran grenn pou kontwole fè pitit. (Fanm ki gen **varis** ka pran grenn lan san pwoblèm si venn nan pa anfle. Men fòk yo sispann pran l kou yo wè venn lan tanmen anfle.)




- Anemi falsifòm




- **Paralizi. Yon fanm ki gen nenpòt siy maladi paralizi** (paj 360) pa fèt pou pran grenn lan.

- **Lajonis (paj 184), siwoz (paj 362) osinon nenpòt lòt maladi fwa.** Fanm ki gen pwoblèm sa yo osinon fanm ki gen je yo toujou jòn lè yo ansent, fanm sa yo pa ka pran grenn lan. Fòk yo tann ennan apre yo te gen maladi sa yo, anvan pou yo pran grenn lan.



- **Kansè.** Si nou sispèk nou gen kansè nan tete osinon nan matris osinon si nou te gen kansè nan yonn nan pati sa yo, pa bwè grenn pou kontwole fè pitit la. Egzaminen tete nou byen egzaminen anvan nou tanmen pran grenn lan (gade nan paj 311). Nou ka fè yo fè yon ti egzaminen pou nou nan dispansè yo pou wè si nou pa gen kansè nan matris nou. Grenn lan pa bay kansè. Men, si yon moun te deja gen yon kansè nan tete osinon nan matris li, grenn lan ap tou mete l deyò.



Si yon moun te deja gen yon pwoblèm nan sante li, li vin pi mal lè lap pran grenn lan. Konsa, si nou wè nou gen yonn nan pwoblèm sa yo, pito nou swiv yon lòt metòd, si nou kapab.

- **Tèt fè mal** (paj 173). Fanm ki soufri ak gwo tèt fè mal pa dwe pran grenn lan. Men, si se yon ti maltèt ki ka pase lè nou pran aspirin, sa pa ka enpoze yon moun pran grenn lan.

- **Enfeksyon nan blad pipi avèk maladi pye anfle** (paj 254).

- **Maladi kè** (paj 358), tansyon.

- **Rann anpil san lè yo gen règ yo**.


Si nou soufri maladi opresyon, tibèkilòz, dyabèt osinon kriz malkadi, pito nou pran konsèy doktè anvan nou pran grenn lan. Pou wè sa, gen anpil fanm ki gen maladi sa yo epi ki pran grenn yo san pwoblèm.

MEN PREKOSYON POU TOUT FANM PRAN LÈ YAP PRAN GRENN LAN

1. Fòk yo ka egzaminen tete yo byen egzaminen pou chache boul nan tete yo osinon lòt siy kansè (gade nan paj 311)



2. Se pou yo kontwole tansyon yo chak 6 mwa.



3. Veye si nou gen yonn nan maladi nou pale nan paj 317 ak 318 la sitou:

- Gwo tèt fè mal kap ale vini toutan (paj 173).
- Vètij (lawouli), maltèt, dekonpozisyon ki fè nou pa ka wè byen, nou difisil pou nou pale epi nou pa ka fè mouvman ak yon bò kò nou osinon yon bò figi nou.
- Doulè nan janm, pye anfle ak kwis anfle (se ka boul san kaye ki bloke yon kote)
- Gwo doulè osinon doulè toutan nan lestonmak. Gade si se pa pwoblèm kè (paj 358).

Si nou gen yonn nan pwoblèm sa yo, al kay doktè epi sispann pran grenn lan. Lè sa a pou nou pa vin ansent tou, sa nap fè, nap sèvi ak yon lòt metòd. Paske pwoblèm sa yo ap pi grav pou nou si nou vin ansent.

KEKSYON AK REPONS SOU GRENN POU KONTWOLE FÈ PITIT YO.

	Gen kèk moun ki di grenn lan bay kansè. Se vre?	**Non! Tansèlman si moun lan te deja gen kansè nan tete osinon anba ti vant li, grenn lan ap mete l deyò, lap fè timè a parèt pi vit.**
	Si yon moun sispann grenn lan, èske l ka fè pitit ankò?	**Wi. (Kèk fwa li ka pran yonn osinon de mwa anvan li ka vin ansent.)**
	Yon fanm ki tap pran grenn lan, èske li pa gen chans si li rive fè pitit apre sa pou li fè marasa, osinon pou pitit la soti mal fòme?	**Non. Se menm bagay pou yon fanm ki pa janm pran grenn.**
	Èske se vre si yon fanm nouris pran grenn lan, grenn lan ap cheche lèt li?	**Gen anpil fanm ki pa gen pwoblèm sa a. Men gen kèk nouris ki bay mwens lèt osinon ki pa gen lèt menm lè yap pran grenn lan. Se poutèt sa, li bon pou nouris yo sèvi ak yon lòt metòd pou kontwole fè pitit pandan 6 premye mwa apre akouchman yo epi ya pran grenn lan apre.**


Gade nan PAJ VÈT YO, paj 434 nap jwenn plis enfòmasyon ki va ede nou chwazi metòd pou kontwole fè pitit la.

MEN LÒT METÒD POU KONTWOLE FÈ PITIT LA.




KAPÒT la se yon ti sak an kawotchou, yon sache tou long epi jis gason yo sèvi pou kouvri tèt pati yo lè yap gen rapò ak medam yo. Sa ede madanm yo pou yo pa vin ansent.


Epi, si yonn nan de moun yo gen yon move maladi atrapan nan pati yo, sa ka ede pou anpeche maladi a pase al nan lòt moun lan. Yo vann kapòt nan pifò fanmasi. Genyen ki pi bon mache pase lòt. Chak fwa yon gason pral sèvi ak kapòt la, fòk li sèten li pa gen twou.



DYAFRAG se yon bagay ki fèt ak kawoutchou mou an fòm yon ti soukoup. Se fanm lan ki pou mete l nan fon vajen li lè l gen rapò ak mari l. Epi se pou l kite l la pou pi piti sizèdtan apre sa. Se yon bon metòd, sitou lè nou sèvi avè l ansanm ak krèm lan. Se fanmsaj yo, doktè ak mis nan dispansè yo ki va ede fanm yo chwazi dyafrag kap bon pou yo, paske gen divès gwosè pou koresponn ak gwosè kannal fi yo. Chak fwa nou pral sèvi ak dyafrag lan, se pou nou gade byen pou nou wè si l pa gen twou. Epi chanje l, achte yon nèf chak lanne. Yo pa koute chè pase sa.




KRÈM lan konn vin nan yon tib osinon nan yon ti fèblan. Fanm lan mete l nan fon vajen li avèk yon aplikatè fèt tou espre pou sa. Se pou li mete l inèdtan pou pi plis anvan l gen rapò ak mari l. Epi se pou l kite l nan vajen an toujou pou 6 èdtan apre l fini. Sèlman li yon ti jan nwizib paske si nap gen rapò anpil fwa nan yon sèl nwit lan se pou yo mete l chak fwa anvan. Men se yon bon metòd pou evite gwosès si nou sèvi avè l jan nou dwe fè l.



FILAMAN (Esterilè) se yon gwo fil plastik osinon metal yo mete nan matris fanm lan pou anpeche l ansent. Men se doktè ak mis yo moutre jan pou yo mete l ki pou fè sa. Toutotan filaman an nan matris lan, pa gen ansent pou fanm lan. Men pou kèk fanm filaman an konn rete konsa epi li soti, osinon li fè yo mal, osinon yo pa alèz avèk li, oswa li ba yo gwo pwoblèm. Men, pifò fanm pa gen okenn pwoblèm lè yo mete l. Se yon metòd ki senp anpil, epi ki pi ekonomik pou fanm ki ka sèvi avè l yo.

VOYE DEYÒ se yon metòd ki pa koute lajan menm. Lè gason an prèt pou voye, li pa kite dlo ki gen jèm yo tonbe anndan vajen madanm lan, li voye jèm yo deyò. Metòd sa a deranje mesyedam yo nan rapò yo, lèfini kèk jèm konn gen tan tonbe anndan vajen fanm lan anvan gason an wete pati l. Sa ka lakòz fanm lan vin ansent.


PIKI. Gen kèk piki espre pou anpeche fanm ansent. ***Depo provera*** se yonn nan yo. Fòk fanm lan pran yon piki chak 3 mwa. Gen medam ki ka pran tan pou yo ansent ankò lè yo fin pran piki sa yo.



Pou metòd piki a se menm bagay ak metòd grenn lan, se menm pwoblèm li ka bay. Fanm ki pa ka pran grenn lan pa ka pran piki a non plis.

METÒD POU MOUN KI PA JANM VLE FÈ PITIT ANKÒ


OPERASYON : se pou moun ki pa nan fè pitit ankò. Pa gen danje nan operasyon an. Yo ka fè l ni pou fanm ni pou gason. Gen peyi kote yo fè operasyon sa yo gratis. Pran ransèyman pou sa nan yon dispansè nou konnen.



- Operasyon yo fè pou gason an rele vazektomi. Yo ka fè sa nan klinik yon doktè osinon dispansè. Yo fè yon ti fant nan sak grenn yo la konsa epi yo koupe ti kannal kote jèm yo pase a, yo mare de bout yo.

Operasyon sa a pa chanje anyen nan pisans gason li, ni sa pa wete anyen sou plezi l. Lap toujou santi l gason, lap toujou voye. Men dlo lap voye a pa gen jèm ladan l pou ansent yon fi. Fòk gason an tann 3 mwa oubyen fè 15 voye anvan li sèten li pa ka ansent yon fi.


- Pou fi a menm, se yon ti operasyon yo rele ligati. Sa vle di yo mare kannal kote pou ti ze fi a pase. Se yon operasyon tou senp. Yo gen dwa fè sa san yo pa bezwen andòmi fanm lan epi yo ka fè l byen vit. Yo sèlman koupe yon ti kote anba vant fanm lan epi yo mare de kannal yo.




Operasyon sa a pa chanje anyen nan fanm lan, lap toujou gen règ li, lap toujou santi l fanm epi lap pran plis plezi nan rapò li paske l konnen pa gen ansent pou li ankò.

METÒD LAKAY (PEYI) POU MOUN KI PA VLE ANSENT

Chak peyi gen ti metòd pa yo granmoun lontan te moutre yo pou moun ki pa vle ansent. Se donmaj pifò nan yo pa bay bon rezilta, osinon gen danje ladan yo. Se konsa, nou wè gen kèk fanm ki kwè si yo fè twalèt osinon si yo fè pipi kou yo sot nan rapò ak mari yo, yo pap ansent. **Men se pa vre.**



METÒD EPONJ. Se yon metòd lakay (peyi) ki pa gen danje epi ki konn bon. Nou pa ka di nou sèten lap anpeche nou ansent chak fwa. Men nou ka sèvi avè l si pa ka gen lòt metòd anba men nou.



Men jan pou fè l. Nou bezwen yon eponj, **ti gout vinèg osinon sitwon,** osinon **sèl yo mete nan manje.** Si nou pa gen eponj nou jwenn nan lanmè a, nou ka sèvi ak eponj atifisyèl la. Si nou pa gen eponj, eseye jwenn yon ti koton fè yon ti boul ak li osinon yon ti moso twal fen.



- Nap pran yon tas plen dlo,

  nap mete


  de gwo kiyè vinèg ladan l,

  osinon

  yon ti kiyè ji sitwon

  osinon

  nap mete yon gwo kiyè sèl fen nan 4 gwo kiyè dlo.



- Nap tranpe eponj lan nan yonn nan melanj sa yo.
- Nap foure eponj lan fon non vajen nou (kannal) anvan nou gen rapò ak mari nou. Nou ka mete l ladan l pou inèdtan anvan, pa plis.
- Lè nou fin gen rapò ak mari nou, kite eponj lan toujou nan vajen (kannal) nou pou sizèdtan. Apre sa, wete l.

Si nou gen pwoblèm pou rale l soti, mete eponj la ak yon ti riban osinon mare l ak yon ti fil pou nou ka rale l soti fasil. Nou ka lave eponj lan pou l ka sèvi ankò plizyè fwa.

Nou ka pare melanj lan met la davans epi sere l nan yon boutèy pou lè nou bezwen.

BAY TETE. Lè yon fanm ap bay pitit li tete, li gen anpil chans pou l pa vin ansent sitou lè se tete a sèlman l bay pitit la. Sou kat mwa, lè pitit la tanmen manje lòt manje, fanm lan gen plis chans pou l vin ansent, fòk li swiv yon metòd pou kontwole fè pitit depi pitit la rive sou yon mwa edmi osinon de mwa. Plis li pran bonè, se plis li gen chans pou l pa ansent. Men li pa ka pran grenn lan anvan pitit la gen 6 mwa paske grenn lan cheche lèt la. Konsa, la sèvi ak yon lòt metòd jouk tan pitit la gen 6 mwa.

METÒD KI PA MACHE TWÒ BYEN

METÒD KONTWOLE JOU YO:


Metòd sa a pa twò garanti pou yon fanm pa ansent. Avantaj ki gen ladan l, nou pap depanse senk kòb. Se fanm ki gen règ yo sou chak 28 jou osinon anvan 28 jou ki ka swiv metòd sa a. Fòk ni gason an ni fanm lan dakò pou yo pase yon senmenn chak mwa san yo pa gen rapò.

Yon fanm gen 8 jou chak mwa kote li ka vin ansent. 8 jou sa yo koumanse 10 jou apre règ la. Pou yon fanm evite ansent, fòk li ka pase 8 jou sa yo san l pa gen rapò ak mari l. Pou rès mwa a li pap ansent.

Pou fanm lan chonje, fòk li sèvi ak yon almanak pou l make 8 jou sa yo, ki lè pou li pa gen rapò ak mari l.

Ann pran yon ka: tankou si nou gen règ nou jou ki te 5 nan mwa me a:


Make l konsa:



Konte 10 jou apre sa. Koumanse sou dizyèm jou a, mete yon liy anba 8 jou ki vin apre yo konsa:

Pandan 8 jou sa yo, pa gen rapò ak mari nou.

Koulye a, tankou si apre sa nou gen règ nou premye jen, make l menm jan an konsa:





Yon lòt fwa ankò, sote 10 jou epi mete yon liy anba 8 jou ki vin apre yo. Se jou pou nou pa gen rapò ak mari nou.

Si madanm lan ak mari li evite gen rapò pandan wit jou sa yo chak mwa, yo ka pase anpil lanne anvan yo rive gen yon lòt pitit. Tansèlman, pa gen anpil mari ak madanm ki rive kenbe pandan lontan. Se poutèt sa, metòd sa a pa fin garanti nèt , esepte si anmentan nou sèvi ak lòt metòd tankou kapòt osinon dyafrag.

METÒD GLÈ: Se yon lòt metòd pou kontwole dat lalin lan anpil relijyon ankouraje. Metòd sa a bon pou anpil fanm men pa pou tout. Se pa yon metòd ki garanti nèt ale yon fanm pap ansent, men li pa koute chè, lèfini li pap bay lòt pwoblèm pase pwoblèm gwosès. Madanm lan gen pou egzaminen glè ki nan vajen li chak jou, esepte jou li gen lalin li. Men ki jan pou li fè sa: La netwaye yon dwèt li byen netwaye, la foure l nan vajen an pou l pran yon ti glè epi la mete glè a nan mitan gwo pous li ak dwèt jouda a pou wè si lap file.

Si glè a pwès, si li gonmen - si li kole sou de dwèt yo san li pa file - sa vle di madanm lan ka gen rapò ak mari l, li pap ansent.





Men si glè a file tankou blan ze nan mitan de dwèt yo, sa vle di madanm lan ka ansent si li gen rapò ak mari l. Konsa, se pou madanm lan pa gen rapò ak mari l pandan tout jou li wè glè a file, ak pandan kat premye jou apre glè a vin gonmen ankò. **Glè a file pandan de twa jou nan mitan de lalin. Jou sa yo koresponn ak jou fanm lan ka ansent, jou kote pou li pa gen rapò ak mari l dapre metòd kontwole jou yo.**

Pou plis garanti, sèvi ak toude metòd sa yo ansanm. Men pou plis garanti toujou, men sa pou fè:

Sèvi ak de metòd diferan anmenmtan

Si nou vle plis garanti pou madanm lan pa ansent, li toujou pi bon pou nou sèvi ak de metòd diferan anmenmtan. Fi a ka pran metòd kontwole jou yo osinon metòd glè a epi li sèvi ak dyafrag , eponj osinon krèm pou plis garanti. Konsa tou, si yon gason sèvi ak kapòt epi madanm li sèvi ak dyafrag osinon krèm anmenmtan, gen mwens chans pou fi a ansent.

Se pa anpil moun ki fè fòs yon fanmi, se byen manje, se manje kont.
Konsa, pran tèt nou, fè plan pou fanmi nou.

GASON AK FANM KI PA SA FÈ PITIT (ESTERIL)

Anpil fwa yon gason ak yon fanm anvi gen pitit, men fanm lan pa ka vin ansent. Se yonn ladan yo, fanm lan osinon gason an ki pa ka fè pipit. Se pa toutan yo ka fè anyen pou sa. Sa chita sou sa ki lakòz li.

MEN SA KI FÈ MOUN PA KA FÈ PITIT:

1. Wong (Milèt) - Moun lan fèt yon jan li pap janm ka fè pitit. Gen fanm ak gason ki fèt tou Wong (Milèt). Gen de fwa se ze fi a ki pa rive mi. Gen defwa se matris li ki gen yon pwoblèm tankou li mal fòme, li gen fibwòm.

2. Feblès osinon malnitrisyon. Gen fanm kap soufri gwo anemi (feblès), ki manje mal osinon ki pa gen kont yòd yo bezwen an. Sa ka anpeche yo vin ansent. Konsa tou si li vin ansent li ka pèdi piti la. Gen defwa sa konn rive anvan fanm lan konnen li ansent (wè foskouch p. 271.)


Yon fanm ki pa ka vin ansent, osinon ki fè anpil foskouch, se pou l manje anpil manje ki bon pou kò li. Se pou l sèvi ak sèl ki gen yòd ladan l epi si i gen yon gwo feblès anemi fòk li pran grenn ki pou ba li fè, p. 273. Sa ka bal yon bon chans pou l vin ansent epi pou li gen yon tibebe byen anfòm.

3. Enfeksyon kap donnen, sitou enfeksyon anba tivant (wè Gonore p. 259) sa lakòz anpil fanm pa ka ansent. Yo ka pran renmèd pou trete maladi a depi maladi a pa gen tan rive twò lwen. Lè nou pran prekosyon pou nou pa pran ekoulman ak lè nou pran renmèd pou maladi a pa trennen sou nou, sa vle di ap gen mwens fanm ki pa ka fè pitit.

4. Gen gason ki pa ka fè pitit, paske yo gen mwens jèm pase kantite nòmal yon gason dwe genyen. Lè konsa gason an rete kèk jou san li pa nan rapò ak madanm li anvan dat pou madanm li rive nan peryòd li ka ansent lan, ki vle di nan tan ki drèt nan mitan dat lalin lan pati a ak dat pou lalin lan vini an (wè metòd glè a ak metòd pran tanperati a p. 323 ak 324). Konsa, la ka bay fanm lan tout kantite jèm li ka genyen lè ya kouche ansanm nan jou fanm lan ka vin ansent.

Atansyon: Omòn yo konn bay fanm ak gason ki pa ka fè pitit rezilta nan plizyè ka. Men fòk tretman sa yo fè ak bon jan siveyans doktè.

Si nou se fanm ki pa fè pitit, gen anpil bagay nou ka fè pou nou viv lavi nou byen ak kè kontan:



- Nou ka pran yon timoun pou nou okipe osinon nou ka adopte yonn ki pa gen fanmi, osinon ki bezwen yon kay pou li rete. Gen anpil fanm ak gason ki adopte yon timoun epi ki vin renmen li tankou si se te pa yo.
- Nou ka aprann fè travay yon ajann sante osinon ede moun nan zòn kote nou rete a anpil jan. Renmen pou nou ta bay pitit nou yo, nou ka bay lòt moun li. Konsa, tout moun va pwofite.
- Kote nap viv la, yo ka pa byen gade yon fanm ki pa ka fè pitit. Lè sa a, nou ka ale noumenm ansanm ak lòt moun, nou ka fè yon gwoup pou ede moun ki bezwen. Konsa nap moutre lòt moun se pa fè pitit ase ki pou fè yon fanm itil nan sosyete a.

CHAPIT

21 SANTE AK MALADI TIMOUN

SA POU NOU FÈ POU KENBE TIMOUN YO AN SANTE

BON MANJE



BON LIJYÈN



EPI VAKSEN



SE TWA BAGAY SA YO KI GAD KÒ A, SE YO KI KENBE TIMOUN YO NAN BON SANTE, KI PWOTEJE YO ANBA ANPIL MALADI.

Nan Chapit 11 ak Chapit 12, nap jwenn plis koze sou enpòtans bon manje, pwòpte, ak vaksen. Papa pitit ak manman pitit dwe li Chapit sa yo byen li. Lèfini yo va sèvi ak sa yo li ladan yo pou okipe epi moutre timoun yo. Nan Chapit sa a nap annik pale sou koze ki pi konsekan yo.

BON MANJE KI POU BATI KÒ A:

Li pi bon pou timoun yo manje bon manje ki gen nanm pou yo ka grandi byen epi tou pou yo pa tonbe malad. Nou pa dwe bay timoun yo nenpòt kalite manje konsa konsa. Se pou nou bay timoun yo manje ki bon pou laj yo:

- Lè timoun yo fenk fèt, ba yo lèt manman sèlman jouk yo rive gen 4 mwa. Yo pa bezwen anyen ankò.

- Pran 4 mwa rive sou ennan, ba yo lèt manman an ansanm ak kèk lòt bon manje ki pou bati kò yo tankou: pire pwa, ze, vyann, fwi, legim ak labouyi.

- Lè timoun yo gen ennan, chak fwa nap ba yo manje, ba yo manje pou bati kò a, manje pou pwoteje kò ak manje ki bay fòs. Sa yo rele yon manje byen balanse. Chak manje nap fè pou timoun yo dwe gen yonn nan chak gwoup nou pral site la yo:

- Manje ki bati kò a, se lèt osinon manje ki fèt ak lèt tankou fwonmaj, ze, poul,

pwason, vyann, lèt manman, pwa tout kalite, AKAMIL, nwa, pistach.

- Manje pou pwoteje kò a, se tout kalite fwi tankou zoranj, mango, kowosòl, papay elatriye ak legim, tankou kawòt, lyann panye, kreson elatriye.

- Manje ki bay fòs: diri, mayi moulen, pitimi, ble, ponmtè, malanga, yanm, patat, manyòk, bannann, lamveritab, labapen.

- Timoun yo dwe jwenn **kont manje** pou yo manje.

- Fòk manman ak papa timoun yo veye tout siy timoun yo ka bay ki vle di yo malnouri, lèfini pou yó ba yo pi bon manje yo kapab.

PWÒPTE:

Timoun ki gen plis chans pou gen lasante se timoun ki rete nan kay pwòp. Fòk lakou ak zòn kote yo rete a pwòp epi yo menm fòk yo ka pwòp tou. Se pou nou swiv konsèy pwòpte nou jwenn nan Chapit 12 lan. Moutre timoun nou yo pou yo swiv yo tou epi pou yo konprann ki valè sa genyen pou yo. Koulye a, nap repete prensip pwòpte ki pi konsekan yo:

- Benyen timoun yo dri epi chanje rad sou yo dri tou.

- Moutre timoun yo pou yo lave men yo chak maten lè yo leve, chak fwa yo fin fè poupou, anvan yo manje osinon anvan yo manyen yon manje.

- Fè latrin pou moun ka al degaje yo.

- Moutre yo pou yo ale nan latrin chak maten.

- Pa kite timoun yo mache pye atè. Mete sapat nan pye yo osinon soulye epi mete kouchèt, kilòt osinon pantalon sou yo tou.

- Moutre timoun yo pou yo bwose dan yo chak fwa yo fin manje sitou aswè. Pa ba yo anpil bonbon, sirèt, osinon kola.

- Koupe zong timoun yo byen kout pou yo pa kenbe kras.

- Pa kite timoun malad osinon ki gen bouton, ki gen gratèl, ki gen pyas ak vè, dòmi ansanm avèk lòt timoun.

- Pa kite yo mete menm rad osinon sèvi ak menm sèvyèt.

- Depi yon timoun gen bouton, pyas, vè ak lòt maladi atrapan, ba li renmèd lapoula pou maladi a pa gen chans soti sou timoun malad la al sou lòt timoun.


- Pa kite timoun yo mete bagay sal nan bouch yo. Pa kite chen niche figi yo.

- Pa kite kochon, chen ak poul ap antre soti nan kay la.

- Bay timoun yo bwè bon dlo osinon dlo bouyi, sa konsekan anpil pou tibebe yo.

VAKSEN:

Vaksen pwoteje timoun kont anpil maladi grav ki konn fè malè sou yo tankou koklich, difteri, tetanòs, polyo, lawoujòl, malmouton ak tibèkiloz.




Fòk nou mennen timoun yo pran vaksen bonè bonè. Tounen nan paj la pou nou wè ki lè pou yo pran chak kalite vaksen. Depi timoun yo gen yon mwa edmi ba yo gout pou polyo, paske se timoun ki poko gen ennan ki pi fasil pran maladi yo rele polyo a (maladi kokobe a).

Atansyon: Pou timoun yo jwenn pwoteksyon nèt anba maladi sa yo, fòk yo pran vaksen DTP (kont difteri, koklich, tetanòs) ak vaksen polyo, yon dòz chak mwa pandan 3 mwa. Sou ennan apre twazyèm dòz la, fòk yo pran yon lòt dòz ankò.

Lè yon fanm ansent, fòk li pran vaksen tetanòs pou pwoteje timoun ki nan vant li a kont maladi tetanòs la (maladi kò rèd la).

Fòk nou sèten timoun nou yo pran tout vaksen yo bezwen.

JAN TIMOUN GRANDI AK "CHEMEN LASANTE"



Yon timoun ki an sante ap gwandi byen. Si l jwenn bon manje kont li epi si li pa fè okenn maladi grav, pèz timoun lan ap moute chak mwa.

Yon timoun kap grandi, ki byen vini, se timoun ki an sante.

Yon timoun nou wè ki pa vini tankou lòt timoun, ki rete ak yon sèl pwa osinon kap pèdi pwa, timoun sa a pa gen lasante. Se swa timoun lan pa manje bon kalite manje osinon li gen yon maladi grav. Konsa tou, se ka toulede ansanm.


Bon jan pou konnen si timoun lan gen lasante osinon si l manje valè bon manje li bezwen pou kò li, se pou peze l chak mwa, nap gade nap wè si timoun lan pran pwa nòmalman. Si yo kenbe yon kat chemen lasante pou timoun lan, chak mwa make pèz li.

Lè sa a nou annik voye je nou sou kat la, avèk ti pwen yo mete chak mwa sou kat timoun lan, se fasil pou wè si timoun lan ap pran pwa nòmalman.

Nan paj apre a nap jwenn modèl yon kat chemen lasante. Nou gen dwa gade sou li pou fè yonn sou yon lòt fèy papye. Konsa tou, nou ka jwenn kat chemen lasante tou fèt nan sant pou timoun, nan klinik osinon lopital, dispansè, ki pi pre nan zòn lan.

Li ta bon anpil pou chak manman gen yon kat chemen lasante pou chak pitit li ki poko gen senkan. Si gen dispansè osinon yon sant sante nan zòn lan, ya mennen timoun yo chak mwa ansanm ak kat yo pou yo peze yo epi pou yo wè jan timoun yo ap grandi chak mwa. Ajann sante a kapab esplike ki jan yo sèvi ak kat la.


Se pou kat la rete nan yon plastik konsa pou l pa chire.



KAT CHEMEN LASANTE

DEVAN

AJ 3 - 4 TRAN AJ 4 - 5 KAN



FÈ PLANIN

AK PLANIN NAN GASON PWOTEJE SANTE MADANM LI AK PITIT LI YO

KAT NASYONAL VAKSINASYON

VAKSEN

	1è dòz	2èm dòz	3èm dòz	Rapèl
Di Te Pè				
Polyo				
Tetanòs				
Lòt				

	Yon dòz	
Woujòl		
BCG		
Rougeole		
BCG		

RANDEVOU


SÈVIS	DAT

AKAMIL

FÒS AK ENÈJI POU TIMOUN TANKOU GRANMOUN

MINISTÈ SANTE PIBLIK AK POPILASYON
KAT CHEMEN LASANTE


1. Komin _____
2. Dispansè _____
3. Pòs rasanbleman _____
4. Non _____ Tinon _____
5. Sèks [G | F]
6. Nimewo _____
7. Dat _____
8. Vak. Rang. _____ Paj _____



FÈ PRAN PÈZ TIMOUN YO CHAK MWA KONSA NA WÈ SI YO PWOFITE

CHEMEN LA SANTE

BAY TIMOUN YO TETE
Lèt manman se pi bon lèt




KONBLE KOLÒ-N SA-A AVÈK MWA E ANE TIMOUN NAN FÈT LA.
KONBLE LÒT KOLÒ-N YO AK TOUT MWA KI SWIV YO.

Ki jan pou nou prepare sewòm oral si nou pa jwenn sache tou pare?
- Mete ansanm nan yon veso pwòp:
• 3 boutèy kola vid plen dlo pwòp (se yon lit dlo) • yon ti kiyè sèl byen kraze • 2 gwo kiyè sik ak • kèk gout ji sitwon

(Sewòm sa a pa dwe genyen ni gou sik ni gou sèl)

MEN JAN POU NOU SEVI AK KAT CHEMEN LASANTE A



PREMYE bagay nou fè: se ekri non tout mwa yo nan ti kare ki anba kat la.

Ekri mwa tibebe a te fèt la nan premye kare anba sou bò gòch la konsa, mwa sa a ap toujou ekri nan premye kare sou anba tout kat timoun lan. Modèl kat sa a moutre tibebe a te fèt nan mwa mas.


Mas




yon balans ak kwòk pou peze timoun piti

DEZYÈM bagay nou gen pou fè se peze timoun lan. Tankou timoun sa a ki fèt nan mwa avril rive nan mwa daout li peze 6 kilo.


TWAZYÈM bagay nou fè, nou pran kat la, nou chache sou bò gòch la, anba mo kilo a, nimewo ki koresponn ak pèz timoun lan (nan kat pa nou an se " 6 ").



Apre sa nou chache mwa yo mennen tibebe a pou pran pèz li. Nan kat pa nou an se mwa Out nan lanne tibebe a te fèt la.


KATRYÈM
bagay nou fè, avèk yon pwent kreyon nou swiv liy ki sot nan nimewo 6 la ale sou bò dwat la, anmenmtan tou nou gade anba nou swiv liy nimewo 6 la.
AJ 2 - 3 ZAN
AJ 1 - 2 ZAN
AJ 0 - 1 NAN
N
I
II
III
Kote liy yo kwaze a nou mete yon pwen.
Avril Me Jen Jiye Out Sòkt. Okt. Nov. Des. Jan. Fev. Mas
Lap pi fasil pou nou konnen kote pou mete pwen an, si nou kenbe yon moso papye kare kare sou kat la konsa.
1. Nou fè anwo papye a koresponn ak liy ki soti devan nimewo pwa timoun lan.
2. Nou fè rebò dwat papye a koresponn ak premye liy ki soti devan non mwa pèz la
3. Nap mete pwen an sou kat la devan kwen papye a.
Chak mwa nou peze timoun lan, mete yon pwen sou kat la.
Si timoun lan an sante, se chak mwa pou ti pwen yo ap moute pi wo sou kat la.
Pou konnen si timoun lan grandi byen, mare tout ti pwen yo yonn ak lòt pou fè yon chenn.

MEN JAN POU NOU LI KAT LA:



De tras long nou wè sou kat sa a, yo make chemen lasante kote pwa timoun nòmal yo dwe mache moute:

Chenn pwen yo make pwa timoun lan sot nan yon mwa al nan mwa apre a. Konsa konsa sot nan yon lanne al nan yon lòt lanne.

Timoun nòmal la, ki an sante a, chenn pèz li pase nan mitan de tras long yo. Se pou sa yo rele l Chemen Lasante.

Si pwen yo pran moute chak mwa yonn dèyè lòt andedan 2 tras long yo, nou ka di, timoun sa a an sante.

Depi yon timoun an sante, depi li jwenn kont bon manje li, timoun sa a ap chita, lap mache epi lap pale menm lè avèk timoun nap gade nan pòtre sa yo.

KOTE TIMOUN YO BYEN MANJE



Yo chita pou kont yo lè yo gen 6 - 8 mwa.




Yo fè 10 pa, pou kont yo san kenbe sou 12-16 mwa.



Yo koumanse di kèk mo al sou 11 -18 mwa.

Yo fè ti fraz kout. 3 zan




Depi yon timoun byen manje, pwa timoun sa a toujou ap moute. Pwen yo ap toujou kouche nan mitan de tras ki make Chemen Lasante a.

Lè yon timoun malnouri, li fasil malad, kat timoun sa a ap sanble kat nou wè anba a. Si nou gade byen nap wè chenn pwen yo pèdi chemen lasante a. Yo pase pa anba. Lèfini pwen yo moute desann pito.



KAT YON TIMOUN KI MALNOURI KI PA PRAN PWA



Yon timoun ki gen yon kat tankou kat nap gade la a, se yon timoun ki fè malnitrisyon, li manke anpil sou pwa li. Sa ka rive paske l pa jwenn ase manje osinon li te fè kèk maladi grav tankou tibèkiloz osinon malarya, osinon toulede. Timoun sa a dwe manje pi bon manje yo jwenn pou ba li. Li ta dwe al kay ajann sante osinon nan sant tanzantan jouk pwa a moute epi l tounen anndan Chemen Lasante a.


MEN MODÈL KAT KI MOUTRE KI JAN YON TIMOUN KI MALNOURI VIN REFÈ:

Ti bebe sa a te ansante pandan 6 mwa li tap pran pwa nòmal paske tout lè sa a li te nan tete.

Lè l gen 6 mwa, manman l vin ansent ankò. Sa manman an fè, li tou sevre tibebe a, li bal manje ti mayi moulen ak diri sèlman. Lè sa a pwa a sispann moute.

Sou 10 mwa, pitit la gen yon sèl dyare kap ale vini sou li. Li tanmen pèdi pwa, li vin mèg yon sèl kou, li vin byen mal.

Lè timoun nan gen 13 mwa, manman l vin konnen ki jan sa konsekan pou l bay pitit li bon manje ki gen nanm. Konsa, li tanmen bal manje, pwa timoun lan vin moute ankò byen vit. Lè l gen 2 zan li tounen nan chemen lasante a ankò.



Kat chemen lasante a se yon bagay ki konsekan anpil. Li ede manman yo konnen lè pitit yo bezwen plis bon manje ak bon swen. Li ede ajann sante a konprann sa timoun yo ak fanmi l bezwen pi plis. Sa fè manman an konnen tou lè lap fè yon bon travay.

KOUT FLACH SOU PWOBLÈM LASANTE TIMOUN YO DISKITE DEJA NAN LÒT CHAPIT YO.

Anpil maladi yo diskite nan lòt chapit liv sa a, timoun ka genyen yo tou. Isit la nap fè yon pase sou kèk maladi yo pi fasil genyen. Si nou ta renmen plis detay sou maladi sa yo, nap bay paj kote nou ka jwenn yo nan liv la.


Pou koumanse, gade depi nan paj 300 rive nan paj 306 nap jwenn plis enfòmasyon sou prekosyon pou nou pran ak timoun ki fenk fèt ansanm ak pwoblèm yo ka bay.

Chonje byen: ak timoun, maladi toujou vin grav sou yo lapoula. Kote yon maladi ta ka pran kèk senmenn anvan l vin grav pou l donmaje osinon pou l touye yon granmoun, menm maladi sa a ka touye yon timoun anvan nou bat je nou. **Konsa, fòk nou veyatif anpil pou nou rekonèt tout siy maladi nan timoun yo, pou nou mete yo anba renmèd lamenm.**

TIMOUN KI GEN MALNITRISYON

Anpil timoun rive gen malnitrisyon paske yo pa jwenn ase manje pou yo manje. Men gen kèk timoun ki gen maladi a paske yo manje yon sèl kalite manje toutan, tankou mayi moulen, diri, manyòk, kasav osinon bannann. Li pa jwenn ase manje pou bati kò li epi manje pou pwoteje kò li, tankou lèt, ze, vyann, fwi ak legim. Pou diskite plis sou manje timoun yo bezwen , li Chapit 11 lan, espesyalman paj 130. Pou tibebe yo, li paj 128 rive 130.

2 TIMOUN SA YO GEN MALNITRISYON



PA TWÒ GRAV

piti

pèdi pèz

gwo vant

ponyèt fen
pye fen


GRAV

chagren

pèdi pèz
(li ka peze
plis tou pou
yon titan
paske l
anfle)

tach nwa
sou po l,
osinon pete
fè maleng

pye anfle



Malnitrisyon ka lakòz timoun yo gen anpil lòt pwoblèm.

Nan ka ki pa twò grav yo:	**Nan ka ki pi grav yo:**
- mal grandi	- pwa fèb
- gwo vant	- pye anfle
- li mèg	- kèk fwa figi anfle tou
- pèdi apeti	- tach nwa, bouton, maleng
- li blenm (feblès)	- cheve wouj osinon san cheve
- li anvi manje tè	- pa anvi ri, pa anvi jwe
- bòkyè bò bouch	- maleng andedan bouch
- gripe fasil	- manke devlopman nan konprann li
- ak lòt enfeksyon	- "je chèch" (zewoftalmi)
- pa wè lannwit	- avèg (paj 245)

Pou malnitrisyon anfle a ak malnitrisyon chèch la ale nan paj 118 kote nap jwenn koze sou sa ki lakòz yo ak sou jan nou ka evite yo.

Siy malnitrisyon an toujou parèt apre yon gwo maladi tankou dyare, lawoujòl. Yon timoun malad osinon yon timoun ki soti anba yon maladi, bezwen pi bon manje pase yon timoun ki gen bon sante.

Pou evite malnitrisyon ak pou trete l se bay timoun nou anpil manje ki gen nanm pou bati kò ak pou pwoteje kò tankou lèt, ze, vyann, pwason pwa tout kalite, fwi ak legim.

DYARE AK DISANTRI

(Gade nan paj 163 ak nan paj 171 nap jwenn plis detay toujou.)



Pi gwo danje ki gen pou yon timoun lè l gen dyare se si l gen vonmisman tou, osinon si l pèdi twòp dlo nan kò l. Sa ka lakòz timoun lan vin chèch. Fòk nou ranplase tout dlo li pèdi yo. Ba l bwè sewòm oral. Pou sa, al wè paj 162.Si timoun lan nan tete, toujou ba l tete, men ba l ti sewòm li tou. Dezyèm danje ki gen pou yon timoun lè l gen dyare, se bagay yap rele malnitrisyon an. Lè dyare a koupe, fòk nou bay timoun sa a manje ki pou bati kò l, pou ba l fòs.

LAFYÈV (wè paj 80):

Lè timoun piti gen yon lafyèv cho sou li, lafyèv 39 degre konsa, lafyèv sa a ka ba l kriz osinon donmaje sèvèl li. Fòk nou desann lafyèv la vit. Men sa nap fè: dezabiye timoun lan, benyen l nan dlo frèt, fè van pou li. Nap ba li asetaminofèn osinon aspirin. Nap ba li dòz ki bon pou laj li (wè paj 421 ak paj 422). Epi ba l bwè anpil likid.




KRIZ (wè paj 192):

Maladi ki pi fasil bay timoun yo kriz se gwo lafyèv, se manke twòp dlo nan kò yo, se malkadi, se mennenjit. Si lafyèv la cho, desannn li lamenm (li paj 81), chache siy manke dlo (p. 161) osinon mennenjit (paj 200). Lè timoun lan ap fè kriz san lafyèv, san lòt siy, se ka malkadi li genyen, (wè paj 192), sitou si timoun lan sanble li an sante lè li pa gen kriz la. Si premye kote maladi a atake l se nan machwè, apre sa tout kò a vin rèd se kapab tetanòs (p. 197).



MENNENJIT (wè paj 200):

Maladi grav sa a toujou vin sou timoun apre yo fè yon gwo maladi tankou lawoujòl osinon kèk lòt maladi grav. Si manman timoun yo soufri tibèkiloz, timoun yo ka gen mennenjit tibèkiloz. Lè yon timoun malad anpil, si nou wè l kouche ak tèt li kage al dèyè, kou l rete tou rèd epi kò l ap detire, nap konnen timoun sa a gen mennenjit.



FEBLÈS - ANEMI (wè paj 132):

Siy maladi sa a nan timoun lan:

- Lè nou gade andedan po je timoun lan, jansiv li, epi zong li, yo tout tou blanch
- Timoun lan fèb epi bouke fasil
- Li renmen manje tè



Men sa ki lakòz maladi sa a:

- Manje yo pa gen fè nan yo (paj 132)
- Enfeksyon ki chita nan vant li (paj 156)
- Ankilostòm (vè ak kwòk) (paj 151)
- Malarya (paj 201)

Jan pou yo evite maladi a ak jan yo fè tretman pou li:


- Manje manje ki gen anpil fè ladan l tankou vyann ak ze. Pwa tout kalite, nwa, pistach ak fèy vèt gen fè tou.

- Chache trete kòz anemi an. Pa mache pye atè si anpil moun nan zòn lan gen vè ak kwòk. Si nou sispèk timoun lan gen vè ak kwòk, mennen l nan sant pou yo fè yon egzamen poupou pou timoun nan. Si timoun nan gen vè ak kwòk, trete l pou vè sa a (paj 419).

Bay timoun ki pa gen gwo anemi grenn fè ak asid folik chak jou pandan de mwa. Bay timoun de mwa rive ennan yon grenn; timoun ennan rive senkan: de grenn; timoun senkan osinon plis: twa grenn.

VÈ AK LÒT MALADI NAN VANT (wè paj 149):

Si yon timoun nan fanmi an gen vè, tout moun nan fanmi an ta dwe pran renmèd. Pou anpeche timoun pran vè, men sa pou yo fè:



- Swiv regleman lijyèn.

- Sèvi ak latrin.


- Pa janm mache pye atè.

- Pa janm manje vyann kri osinon ki manke kwit.

- Bwè bon dlo pwòp osinon dlo bouyi.

Nan Chapit 24 la nap jwenn renmèd fèy pou vè.

MALADI PO (wè Chapit 15 lan):



Men maladi po timoun pi fasil genyen:

- lagal (wè paj 216)
- bouton ak pi, enpetigo (wè paj 218 ak paj 219)
- pyas ak lòt enfeksyon chanpiyon (wè paj 222)


Pou evite maladi po, fòk nou swiv reglemam lijyèn:

- Benyen timoun yo dri.

- Pwòpte kay nou pou pa gen pinèz, pis ak ti bèt ki bay lagal.

- Lè yon timoun gen lagal, pou, pyas, bouton enfeksyon, pa kite l dòmi, ni jwe ansanm ak lòt timoun. Fòk nou bay timoun ki malad yo renmèd lapoula.

JE WOUJ (Maloje, Konjonktivit) (wè paj 238)



Se pou nou mete pomad je **andedan** po je a (paj 421) 3 fwa pa jou pandan 7 jou epi pa kite timoun ki malad nan je a jwe osinon dòmi ak lòt timoun. Si nou wè l pa refè apre 3 jou, pa mize, mennen l kay doktè.

Nan paj 378 la nap jwenn renmèd fèy ki bon pou maloje.

GRIP (wè paj 174):



Lè timoun gen grip, nen ap koule larim, yo fè ti lafyèv, yo touse, gòj yo fè yo mal, sa ba yo ti dyare tou, men se pa twò grav pou timoun lan.

Tretman maladi sa a, se aspirin osinon asetaminofèn (paj 422) pou ba li epi se pou timoun lan bwè anpil. Si timoun ki gen maladi sa a vle rete nan kabann li, se pou nou kite l kouche paske sa bon pou li. Bon manje ak anpil fwi ede timoun yo pa gripe epi sa fè yo refè pi vit.


Penisilin, tetrasiklin ak lòt antibyotik yo pap fè anyen pou grip la. Nou pa bezwen pran piki pou grip la.

Si yon timoun ki gripe vin malad anpil ak gwo lafyèv epi souf li kout, anlè anlè, timoun sa a ka gen **nemoni** (wè paj 183). Lè sa a, nou ka bay timoun sa a antibyotik epi veye si li pa gen enfeksyon nan zòrèy osinon nan gòj tou (paj 343).

Nan paj 375 la, nap jwenn renmèd fèy ki bon pou grip.

MALADI TIMOUN YO PA PALE NAN LÒT CHAPIT YO

Doulè nan Zòrèy ak Enfeksyon nan Zòrèy:



Se timoun piti ki pi fasil gen enfeksyon nan zòrèy. Enfeksyon an toujou tanmen kèk jou apre timoun lan gripe osinon lè nen l bouche. Lafyèv la ka vin cho sou li, lè konsa timoun lan ap kriye epi lap grate bò zòrèy li. Kèk fwa zòrèy timoun lan konn gen pi. Lè yon timoun piti gen enfeksyon nan zòrèy, sa konn lakòz li gen dyare ak lafyèv. Fòk nou sèten nou gade anndan zòrèy li byen.

Tretman:

- Timoun ki gen gwo doulè nan zòrèy yo kap koule depi mwens pase de senmenn: ba yo Kotrimoksazòl ki gen 80 mg. Trimetoprim ak 400 mg. Silfametoksazòl (Baktrim) de fwa pa jou pandan 5 jou. Bay timoun 2 mwa rive ennan: mwatye yon grenn; timoun ennan rive kenzan: yon grenn; timoun kenzan osinon plis: 2 grenn.

- Timoun ki gen zòrèy yo kap koule depi plis pase de senmenn ki pa gen doulè ak lafyèv: pran yon sereng ki pa gen zegwi pou netwaye zòrèy la yon fwa pa jou ak dlo tyèd pwòp. Rekòmanse menm bagay la jouk dlo kap soti nan zòrèy la pwòp. Cheche zòrèy la ak yon twal pwòp. Pa bouche zòrèy la ak koton, ak fèy osinon ak lòt bagay.

Pou evite maladi a:

- Moutre timoun yo pou yo **pa** mouche nen yo, men pou yo siye nen yo lè yo gripe.


- Pa bay tibebe bibwon. Lè nou blije fè l, pa ba yo bibwon lè yo kouche sou do, lèt la ka pase nan nen yo al nan zòrèy yo pou ba yo enfeksyon an.

- Lè nen timoun yo bouche, mete kèk gout dlo sale nan twou nen l yo epi rale larim lan met deyò jan yo moutre sa nan paj 175 lan.

Enfeksyon nan kannal zòrèy la:

Nap rale fèy zòrèy la tou dousman. Si zòrèy la fè timoun lan mal, konnen zòrèy la gen enfeksyon. Men sa pou fè. Nap mele 1 kiyè dlo bouyi ak 1 kiyè vinèg, na sèvi ak yon konngout pou mete kèk gout nan zòrèy la, 3 osinon 4 fwa pa jou. Si timoun nan gen lafyèv, osinon si zòrèy la ap fè pi, nou ka ba li antibyotik.

MALGÒJ AK AMIGDAL ANFLE:



Maladi sa yo toujou tanmen ak yon grip. Gòj la ka vin wouj epi li fè mal lè timoun lan ap vale. Gen 2 ti boul chè yonn chak bò lalwèt la, se amigdal yo. Yo konn vin gwo epi yo fè mal, yo konn bay pi. Timoun lan ka gen lafyèv cho 40 (karant) degre konsa.

Tretman:

- Gagari ak dlo sèl tyèd (mete yon ti kiyè sèl kraze nan yon vè dlo).

- Bwè aspirin osinon asetaminofèn pou doulè.

- Si doulè ak lafyèv la parèt epi li dire sou timoun lan plis pase 3 jou, wè paj ki vin apre a.

Malgòj ki bay lafyèv ak danje lafyèv rimatis:

Pou malgòj ki fasil mache ak yon grip, antibyotik pa bon pou sa. Pito nou fè tretman an avèk aspirin epi gagari.


Sèlman, gen yon mikwòb yo rele **estreptokòk** ki bay yon kalite malgòj ki fèt pou trete ak penisilin. Se timoun ak jennmoun ki plis gen maladi sa a. Li toujou ak yon gòj fè mal ak yon gwo lafyèv, san grip, san tous. Fon anndan bouch la ak amigdal yo vin tou wouj. Glann anba machwè yo ka vin anfle epi yo vin mou.

Bay moun lan penisilin pou 10 jou (wè paj 402). Si nou pran bonè ak maladi a li pap vin pi grav jouk pou l ta bay lafyèv rimatis. Yon timoun ki gen kalite malgòj sa a pa dwe manje, ni dòmi ak lòt timoun, pou yo pa pran maladi a tou. Bay timoun lan yon dòz piki benzatin penisilin: 600.000 inite pou timoun ki poko gen senkan; 1.200.000 inite pou timoun ki gen senkan osinon plis. Nou kapab sèvi ak grenn amoksisilin osinon penisilin pandan 5 jou.

LAFYÈV RIMATIS:

Se timoun ak jennmoun ki konn genyen l. Li toujou tanmen yonn (1) osinon de (2) senmenn apre moun lan gen malgòj nou sot pale a .

Men jan pou nou rekonèt maladi sa a. (Nou konn jwenn twa (3) siy osinon kat (4) ladan yo):



- lafyèv
- doulè nan jwenti sitou nan zo ponyèt ak nan zo je pye yo, apre sa zo koud bra yo ak zo jenou yo pran fè yo mal tou. Lè konsa, jwenti yo vin anfle epi yo cho, yo vin tou wouj.
- gen yon bann tras wouj osinon ti boul ki parèt anba po a.
- nan ka ki pi grav moun lan fèb, souf li kout, li ka gen doulè nan kè tou.


Tretman:

- Si nou sispèk li gen lafyèv rimatis, mennen l jwenn yon ajann sante paske li ka gen pwoblèm nan kè.
- Ba l gwo dòz aspirin (wè paj 421). Yon timoun douzan (12 an) ka pran 2 osinon 3 grenn aspirin 300 mg 6 fwa pa jou. Bwè yo ak lèt ki gen ti bikabonat ladan l pou evite doulè lestonmak. Si zòrèy moun lan tanmen kònen, desann dòz la.
- Ba l grenn penisilin 400.000 inite yon grenn 4 fwa pa jou pandan 10 jou (wè paj 402).

Prekosyon pou evite maladi sa a:

- Pou pa gen lafyèv rimatis la se pou nou kraze kalite malgòj sa a bonè ak penisilin pandan 10 jou. Pou pa tounen gen lafyèv rimatis ankò ak pou pwoblèm kè a pa vin pi mal, timoun ki te gen lafyèv rimatis la yon premye fwa dwe pran penisilin

pandan dis (10) jou kou l santi gòj li ap fè l mal. Si li deja bay siy li gen pwoblèm kè a, li dwe pase yon mwa ap pran piki penisilin benzatin (wè paj 403). Konsa tou, li ka blije pran l chak jou, jouk li mouri. Tout jan, swiv konsèy doktè a osinon ajann sante a va ban nou sou sa.



MALADI ATRAPAN KAY TIMOUN

Varisèl:

Varisèl se pa yon maladi ki pi grav pase sa, men li atrapan anpil. Yon timoun ki genyen l fasil bay yon lòt li. Maladi a pran de osinon twa senmenn anvan l parèt.





Men siy maladi a:





Nap wè yon bann ti mak wouj parèt sou timoun lan epi kap grate l. Apre sa yo tounen ti bousòl, osinon glòb kap pete. Yo tanmen sou kò a anvan. Apre sa, yo parèt nan figi, nan ponyèt epi nan pye. Mak wouj yo, bouton yo ak glòb yo, tout ka parèt ansanm. Sa toujou bay yon ti lafyèv.

Tretman:

Pa gen renmèd pou sa. Apre yon senmenn, maladi a ap fin fè kous li. Benyen timoun lan chak jou ak dlo tyèd. Savonnen l. Pou kalma gratèl yo, tranpe yon twal nan dlo avwàn bouyi osinon dlo lanmidon epi pase l sou yo. Koupe zong timoun lan byen kout. Si bouton yo rive gen enfeksyon,mete ponmad antibyotik sou yo osinon vyolèt jansyàn.

Saranpyon- Lawoujòl:



Se yon maladi atrapan ki grav anpil. Enfeksyon an pi danje pou timoun ki malnouri osinon timoun ki gen tibèkiloz. Dis jou apre timoun lan pran mikwòb saranpyon an, li tanmen ak yon grip - lafyèv, rim ap koule nan nen l, je l wouj epi lap touse.

Chak jou timoun lan vin pi malad. Bouch li ka fè l mal epi dyare ka mete pye tou.

Apre 2 osinon 3 jou, kèk ti bouton blanch parèt nan bouch li tankou grenn sèl. Apre yonn osinon 2 jou ankò, yo parèt dèyè zòrèy yo, nan gòj, nan figi, nan tout kò l, apre sa nan ponyèt epi nan janm li. Apre bouton yo fin parèt, timoun lan toujou tanmen refè. Bouton yo pase poukont yo apre 5 jou konsa.

Tretman:

- Timoun lan dwe ret kouche nan kabann li. Bal bwè anpil dlo ak ji, ba l bon manje ki gen nanm. Si timoun lan pa ka tete, fòk nou tire lèt la ba li ak yon ti kiyè (gade paj 128).
- Bay timoun lan Vitamin A (paj 433).
- Pou lafyèv ak kò kraz la, bay timoun lan asetaminofèn (osinon aspirin).
- Si zòrèy la ap fè l mal, bay antibyotik (gade paj 402).
- Si l bay siy li gen nemoni, (paj 183) mennenjit (paj 200) osinon gwo doulè nan zòrèy osinon nan lestonmak al kay doktè avè l.

Prekosyon pou pa gen saranpyon:

Lè yon timoun gen saranpyon, li pa dwe rete menm kote ak lòt timoun. Se pou yo dòmi apa tou. Eseye pwoteje timoun ki malnouri osinon timoun ki gen tibèkiloz epi timoun ki malad lontan. Timoun lòt fanmi pa dwe al lakay timoun ki gen saranpyon. Si gen timoun ki rete nan menm kay ak timoun ki gen saranpyon yo, menm si timoun sa yo poko gen saranpyon, yo pa dwe al lekòl, ni nan pwomennen pou 10 jou.

Pou anpeche saranpyon touye timoun nou yo,
fòk nou sèten tout timoun nou byen manje epi yo tout te vaksinen
kont saranpyon depi yo te gen 9 mwa.

Ribeyòl:

Ribeyòl lan pa grav tankou saranpyon. Maladi a pase sou 3 osinon 4 jou. Bouton yo konn leve dèyè tèt la epi kou a konn vin anfle tou epi mou. Timoun lan dwe rete nan kabann epi se pou l pran aspirin si se nesesè.

Atansyon:


Si yon fanm ansent 3 mwa epi l gen ribeyòl, li ka fè yon timoun donmaje osinon defòme. Se poutèt sa yon fanm ansent ki poko gen ribeyòl osinon ki pa sèten l poko genyen l, dwe rete lwen timoun ki gen maladi sa a.

Malmouton:

Premye siy yo parèt sou 2 osinon 3 senmenn apre nou fin pran l kay yon lòt moun.


Malmouton tanmen ak yon lafyèv epi doulè nan machwè lè pou moun lan louvri bouch li pou l manje. Sou de jou, anba zòrèy yo vin anfle epi yo mou rive jouk nan machwè. Li toujou tanmen yon bò machwè anvan. Apre sa li vire nan lòt bò a.

Tretman:



Li dezanfle poukont li sou 10 jou konsa san renmèd. Nou ka ba l aspirin pou doulè ak lafyèv. Bay timoun lan manje ki mou tankou soup, bouyon, pire ponmtè, sòs pwa, elatriye. Epi, se pou li ka kenbe bouch li pwòp toutan.

Konplikasyon:



Granmoun ak timoun ki depase onzan, apre premye senmenn yo gen malmouton an, yo ka gen doulè nan vant osinon gwo doulè ak anfleti nan ti sak grenn yo pou gason.

Fi yo menm ka gen doulè ak anfleti nan tete. Lè konsa moun lan dwe ret trankil, lèfini se pou l mete glas osinon twal mouye sou pati anfle nan kò l la pou kalma doulè a epi pou fè l dezanfle tou. Si l sanble l ta gen mennenjit, mennen l kay doktè (paj 200).

Koklich:



Maladi koklich la atrapan fasil. Li pase yonn osinon 2 senmenn ap kouve nan kò timoun lan. Li tanmen tankou grip ak lafyèv, nen l ap koule epi lap touse.

De senmenn apre, koklich la di men li. Timoun lan touse dri plizyè fwa san pran souf, jouk yon pòch flenm detache, epi lè sa a, lè antre nan poumon l ak fòs tank li touse. Lè lap touse konsa, po bouch li ak anba zong li ka vin tou ble paske l manke lè, lap toufe. Apre l fin touse, li ka vonmi. Lè timoun lan pa gen atak tous la, li tankou yon timoun ki anfòm. Men koklich la konn pase 3 mwa osinon pi plis sou timoun lan.

Koklich pi danje pou timoun piti ki poko gen ennan. Konsa, fòk nou vaksinen timoun yo bonè. Timoun piti ki poko gen koklich se pa fasil pou konnen si yo genyen l osinon si yo pa genyen li. Lè gen moun ki gen koklich nan zòn kote nou rete a, si nou wè tibebe a ap touse, je l anfle osinon yo wouj, fòk nou ba li renmèd pou koklich **lamenm**.

Tretman:

Se pou pran bonè ak koklich la anvan l chita sou moun lan. Bay timoun lan eritwomisin (paj 406), tetrasiklin osinon anpisilin (paj 404). Sa ka ede timoun lan. Kloramfenikòl bon tou, men li ka gen danje ladan l. Pou dòz pou tibebe, gade nan paj 408. Si tibebe a poko gen 6 mwa, se pou nou ba li renmèd sou premye siy ki parèt la.

- Nan ka ki pi grav pou koklich, fenobabital ka ede (paj 403). Sitou lè touse a fè timoun lan pa ka dòmi osinon ba li kriz.

- Pou timoun lan pa gen malnitrisyon epi pou l pa pèdi pwa, timoun lan dwe manje bon manje ki gen nanm apre l fin vonmi.

Konplikasyon:


Yon san wouj ka parèt nan blan je timoun lan lè lap touse. Pa gen tretman pou sa (gade paj 244). Si timoun lan ap fè kriz, si l sanble l vle gen nemoni (paj 183) osinon mennenjit (paj 200) al kay doktè avè l .

Pwoteje timoun nou kont koklich.
Ba yo premye vaksen an lè yo gen yon mwa edmi.

Difteri:

Li tanmen tankou yon grip ak lafyèv, maltèt, mal gòj. Apre sa tout fon gòj li ka kouvri ak yon plak jòn ki ka gaye rive nan nen l osinon po bouch li. Kou timoun lan konn vin anfle epi nou ka pran yon move odè nan bouch li.

Si nou sispèk yon timoun gen difteri:



- Mete l kouche nan yon chanm apa poukont li.

- Al kay doktè lamenm. Gen bon renmèd pou maladi sa a.

- Bay timoun lan penisilin, 1 grenn 400.000 inite 3 fwa pa jou pou timoun ki gran.


- Fè l gagari dlo tyèd ak ti sèl ladan l.

- Fè l respire vapè dlo cho toutan (paj 181).

- Si nou wè timoun lan vle toufe, si nou wè lap chanje koulè, lap vin gen koulè ble, eseye louvri machwè l. Pran yon moso twal, vlope l nan dwèt nou,foure l nan gòj li pou rache plak jòn lan.

Difteri se yon maladi ki grav anpil. Prekosyon pou nou pran se pou bay timoun nou vaksen DTP. **Epi fòk nou sèten timoun nou yo vaksinen.**

Paralizi Timoun (Polyo, Maladi Kokobe a):



Se timoun ki poko gen dezan ki pi fasil trape maladi sa a.

Maladi sa a se yon enfeksyon ki koumanse tankou yon ti grip ak lafyèv, vonmisman, epi doulè nan tout kò a. Kèk fwa se sa sèlman li ka genyen. Kèk fwa tou se yon bò nan kò timoun lan ki vin fèb osinon ki paralize. Se toujou yonn osinon toude janm yo ki konn paralize yon sèl kou. Apre kèk tan, bò ki paralize a vin pi piti pase lòt la. Li pap janm rive devlope tankou lòt la.


Tretman:

Depi maladi a koumanse fè kous li, pa gen renmèd ki ka koupe l. Antibyotik pa ka fè anyen pou li. Nap ka sèlman kalma doulè a ak aspirin osinon ak asetaminofèn epi mete konprès cho kote timoun lan santi li gen doulè a.

Prekosyon:

Mete timoun sa a nan yon chanm apa pou lòt timoun pa al kote l. Epi fòk manman an lave men l chak fwa li fin manyen timoun malad la. Pi bon pwoteksyon ki gen kont maladi polyo se vaksen polyo.


Fòk nou sèten timoun yo pran vaksen polyo.




Se de gout yo ba yo bwè lè yo gen yon mwa edmi, 2 mwa edmi ak 3 mwa edmi. Yon timoun ki pase polyo fèt pou manje bon manje ki gen nanm, lèfini se pou l fè egzèsis pou manm li yo ka pran fòs ankò. Sou ennan li ka reprann fòs li ankò. Ede timoun lan aprann mache jan l kapab. Pou koumanse, nap plante 4 pikèt epi nap mete 2 bwa long sou yo. Timoun lan va rete nan mitan, la kenbe travès yo pou l jwenn sipò pou l mache. Apre sa, nap fè beki pou li.

Nap jwenn renmèd fèy ki bon pou maladi atrapan nan paj 378.

MEN KI JAN POU FÈ BEKI YO BYEN SENP






PWOBLÈM TIMOUN FÈT AK YO

Zo ranch dejwente:

Gen kèk timoun ki fèt ak zo ranch yo tou dejwente, ki vle di zo janm lan soti nan jwenti ki kole ak zo ranch lan. Se ti fi ki pi fasil gen pwoblèm sa a. Fòk nou pran bonè pou janm lan pa rete donmaje. Konsa, egzaminen timoun yo pou wè si zo ranch yo pa dejwente sou 10 jou apre yo fèt.



1. Gade de janm yo byen, nap wè si gen yonn nan zo ranch yo ki dejwente.


Lè konsa, anwo janm lan moute kouri bò lenn lan.
Pa gen anpil pli nan vyann kwis la tankou lòt bò a.

Janm lan menm sanble l pi kout osinon li tounen yon ti jan lanvè.

2. Kenbe toude janm yo ak jounou yo, ploye yo konsa



louvri yo laj konsa



Si yon janm pran tranble osinon krake lè nou louvri l laj, nap konnen zo ranch lan dejwente.

Tretman:

Kenbe tibebe a ak jounou li yo louvri:

Men sa nou fè lè konsa: Pouse jounou an moute epi louvri l byen laj. Nou ka mete kouchèt pwès sou li konsa



Osinon nou ka kenbe janm li yo louvri konsa (lè tibebe a ap dòmi)




Osinon pote l konsa.



Gen kote medam yo pote tibebe yo ak janm yo louvri konsa sou kote yo, sa kont pou geri timoun lan.

Èni nan Lonbrit:

Yon lonbrit ki soti longè sa a pa yon pwoblèm, li pa bezwen ni renmèd ni tretman. Nou te mèt eseye mare l ak twal osinon yon bann lonbrit, sa pap fè anyen pou lonbrit la.



Men si lonbrit lan soti gwosè sa a, sa pa grav, lèfini gen anpil chans pou l antre pou kont li. Si nou ta wè l toujou apre timoun lan gen 5 an, li ka bezwen opere. Pran konsèy nan men doktè.




Ti Sak Grenn Lan Anfle
(Se ka Makloukou osinon Èni):

Si timoun lan gen ti sak ki kenbe grenn li yo anfle yon bò, se ka paske l plen ak dlo, se makouklou osinon paske gen yon moso nan trip li ki gonfle desann nan pati l, se èni.


Pou konnen si moun lan gen èni, osinon makouklou, nou pran yon flach pou klere pa dèyè kote ki anfle a.

Si nou wè limyè a travèse sak la, nap konnen se yon **makouklou**.




Yon makouklou ka toujou disparèt pou kont li san pran renmèd. Men si nou wè l dire plis pase ennan, fòk nou wè doktè.

Si lè nou klere flach la, nou wè limyè a pa travèse sak la, epi si lap vin pi gwo lè tibebe a ap touse osinon lè lap kriye, nap konnen se yon **èni**.



Si se yon èni, fòk yo fè operasyon (gade paj 191).

Kèk fwa se anwo bò lenn tibebe a **èni** a gonfle, men pa andedan sak la.



Li ka sanble yon glann ki anfle (paj 94), men èni a menm anfle sèlman lè tibebe a ape kriye osinon lè nou kenbe l doubout. Li disparèt lè tibebe a kouche trankil.

TIMOUN KANNANNAN, SOUDÈ, BÈBÈ OSINON DONMAJE

Gen timoun ki konn fèt soudè, bèbè, kannannan. ***Sèvo I mal pou devlope*** osinon li ka donmaje. Konsa tou, ***kèk pati nan kò I ka mal fèt.*** Se pa toutan nou ka jwenn rezon pou sa. Konsa tou nou pa ka rann pèsonn reskonsab.

Tansèlman, gen kèk bagay ki konn bay timoun lan plis chans pou li fèt mal. **Si papa ak manman yo pran prekosyon, tibebe a gen plis chans pou I byen soti.**

1. **Lè yon fanm ansent manke manje bon manje ki gen nanm,** sa ka bay timoun lan yon reta nan sèvo li, osinon kò li ka mal fèt.

Pou fè pitit ki anfòm, fanm ansent lan dwe manje bon manje ki gen nanm (gade paj 116).

2. **Lè yon fanm ansent manke yòd nan manje I sa ka fè timoun lan soti kannannan.** Lè konsa, figi bebe a boufi, li sòt, lang li pandye deyò, epi sou devan tèt li ka plen cheve. Li fèb, li mal pou manje. Li gen yon ti kriye tanzantan lap bay, epi li renmen dòmi. Li pran tan pou I grandi, li ka soudè. Lap mache epi lap pale pi ta pase lòt timoun ki gen lasante.



Pou anpeche nou gen yon timoun kannannan nan fanmi nou, fòk fanm ansent yo sèvi ak sèl ki gen yòd ladan I (sèl nan bwat) pase pou yo sèvi ak gwo sèl la (gade paj 139).

3. **Si yon fanm ansent chita ap fimen, ap bwè kleren**, sa ka fè tibebe a fèt tou piti osinon li ka gen lòt pwoblèm (gade paj 159). Pa bwè kleren, pa fimen anpil, sitou lè nou ansent, medam!

4. **Apre yon manman gen 35 an laj**, li pi vit ka fè yon timoun ki soti ak yon donmaj. Timoun gwo tèt ki sanble li kannannan, se toujou timoun ki fèt nan granmoun.

Li ta bon pou fanm yo òganize lavi yo pou yo pa fè pitit apre 35 an (gade nan Chapit 20).

5. **Lè yon fanm ansent, se pa tout kalite renmèd pou I bwè.** Gen anpil renmèd ki ka deranje tibebe a. Sèvi ak renmèd ki bon pou fanm ansent, renmèd nou sèten ki pa gen danje pou pitit ki nan vant nou an.

Gen renmèd fèy pou nou pa bay fanm ansent (Wè paj 383).


6. **Lè papa ak manman yo gen menm san**, tankou lè yo kouzen yonn ak lòt, yo pi gen chans fè timoun ki donmaje, ki kannannan. Timoun konsa ka fèt ak **je louch (twèt), ti dwèt anplis, osinon zòtèy anplis, pye kwochi, bouch fann, osinon ak anvi zago bèf.**

Pou gen mwens chans gen pwoblèm sa yo, osinon lòt pwoblèm konsa, pa marye ni fè zafè avèk fanmi pre nou. Epi si nou ta wè nou gen plis pase yon timoun ki mal fèt, pito nou pa fè timoun ankò, kontwole kò nou (gade Chapit 20).

Si timoun nou fèt ak yon donmaj, mennen l nan sant, gen anpil chans yo ka fè kichòy pou li.

- Pou je vewon (twèt) gade paj 242.


- Si ti dwèt anplis, osinon zòtèy anplis la tou piti, si li pa gen zo ladan l, mare l ak yon fil byen sere. Lap chèch epi lap tonbe poukont li. Si li gwo, osinon si l gen zo ladan l, kite l konsa, osinon mennen l kay doktè ki va koupe l.



dwèt anplis

- Si yon tibebe fèt ak pye l tounen lanvè, osinon mal fèt, kwochi, eseye vire l pou li vin dwat. Si nou ka fè sa fasil, fè l anpil fwa chak jou. Pye a ka pran anpil tan pou l vin dwat.


- Si nou pa ka vire pye a fasil pou fè l vin dwat, mennen l nan yon sant kote yo ka mete pye a nan aparèy. Pou nou ka jwenn pi bon rezilta, **li pi bon pou nou fè sa 2 jou apre l fèt. Pa tann twò lontan.**



pye kwochèt

pye nan aparèy

- Si timoun lan fèt ak anvi zago bèf, ki vle di po bouch li fann, li ka rive jouk nan twou nen li, li ka gen traka pou l tete. Se pou nou tire lèt la epi na ba li l ak kiyè osinon ak konngout. Yo ka fè l operasyon pou koud po bouch la. Laj ki pi bon pou fè operasyon an se toujou 4 a 6 mwa pou po bouch la osinon 18 mwa pou fèmen twou ki nan nen an.



anvi zago bèf, anvi krab

7. Lè manman an gen **difikilte nan akouchman, sa ka lakòz timoun lan gen yon donmaj nan sèvo li**, ki fè l gen **kriz** tanzantan osinon lap **paralezi** nan yon pati nan kò li. Sa pi rèd si timoun lan pran tan pou l respire lè li fin fèt, osinon si moun kap akouche manman an ba li yon twò gwo dòz piki ositosik anvan ti pitit la fèt.

Lè nap akouche lakay nou, chwazi yon fanmsaj ki fòme. Pa kite yo ban nou piki ositosik anvan pitit la fèt.

Timoun Ki Paralize nan Sèvo:



Lè yon timoun paralize nan sèvo, li pa ka kontwole mouvman kò li. Li entatad epi lap tranble chak fwa li fè yon mouvman. Lè konsa tou, li ka gen pati nan kò l li redi epi li kwaze janm li yo tankou sizo.

Lè timoun lan fenk fèt, li sanble li nòmal. Tansèlman, kò l ka yon ti jan lage lage. Se lè lap grandi kò a pran redi. Sèvo li ka mal devlope.

Pa gen renmèd pou geri donmaj nan sèvo sa a ki fè timoun lan paralize konsa, men timoun konsa bezwen yon swen apa. Pou anpeche janm timoun lan, osinon pye l yo redi, fè menm tretman yo fè pou timoun ki gen zo ranch li dejwente (paj 350) ak pou timoun ki gen pye l kwochi si se nesesè (paj 353).

Ede timoun lan vire kò l, ede l chita, fè l kanpe, ede li aprann mache tankou yo moutre nou sa nan paj 348. Ankouraje l sèvi ak tèt li ansanm ak kò li jan l kapab. Ede li aprann (gade nan paj apre sa a). Men si l mal pou pale, li ka gen bon tèt pou aprann anpil bagay si yo bali chans fè l. **Ede l ede tèt li.**

Pou anpeche timoun yo fèt ak sèvo yo donmaje osinon ak lòt enfimite, tout fanm fèt pou chonje bagay sa yo:

1. Pa marye ni fè zafè avèk kouzen nou, osinon ak yon fanmi pre nou.
2. Manje byen lè nou ansent: tankou vyann, ze, fwi ak legim, mezi nou kapab.
3. Sèvi ak sèl ki gen yòd ladan l pase pou sèvi ak gwo sèl la, sitou lè nou ansent.
4. Pa fimen, pa bwè, pa pran dwòg lè nou ansent (gade paj 159).
5. Lè nou ansent, pa bwè nenpòt renmèd. Pito nou sèvi ak renmèd nou konnen ki pa gen danje ni pou nou ni pou pitit ki nan vant nou an.
6. Lè nou ansent, pa ale kote moun ki gen ribeyòl.
7. Pa chwazi nenpòt ki fanmsaj, lèfini pa kite yo ban nou piki ositosik (paj 296) anvan pitit la fèt.
8. Pa chita ap fè timoun si nou wè nou gen de timoun ki fèt ak menm donmaj la (gade paj 312 nan Chapit 20 an).
9. Depi nou depase 35 an, chache evite fè pitit.

Reta Nan Premye Mwa Yo:

Gen timoun atout yo an sante lè yo fèt, yo pa byen vini. Sèvo yo manke devlope paske yo pa manje ase bon manje ki gen nanm. Lè timoun lan fèt, pandan premye mwa yo, se sèvo l ki devlope pi vit pase rès kò li. Se poutèt sa, pandan tan sa a, fòk timoun lan byen manje. Sa konsekan anpil. Lèt manman se pi bon manje pou yon tibebe. (Gade nan paj 128 pou pi bon manje pou tibebe.)

EDE TIMOUN YO APRANN:

Lè yon timoun ap grandi, yo ka moutre l anpil bagay. Konesans ak ladrès yo ba li lekòl ka devlope konprann li pou li ka fè pi plis pita. Konsa, lekòl ka konsekan, men se pa tout la sa.

Yon timoun aprann plis bagay nan sa l wè lakay li,osinon nan mache ak nan jaden. Lap gade sa moun ap fè, lap tande epi lap eseye fè menm bagay la tou. Konsa, li aprann plis nan gade sa lòt moun ap fè pase lè yo di l sa li gen pou l fè. **Gen anpil bagay konsekan yon timoun ka aprann, tankou pou l gen bon levasyon ak tout moun, pou l pran reskonsablite l osinon pou aprann separe ak moun - se pa avèk pawòl nan bouch, men avèk bon egzanp li jwenn kay moun ki avè l yo.**

Yon timoun aprann anpil bagay nan chache konnen pou tèt pa l. Li bezwen aprann ki jan pou l fè kèk bagay pou tèt li, atout li ka fè fot. Lè timoun lan piti toujou nou pwoteje l pou danje pa rive l. Men kou l koumanse ap grandi, moutre l pou l swen tèt li. Bali kèk reskonsablite, respekte opinyon li, menm si noumenm nou pa dakò ak sa li di.

Lè yon timoun piti toujou, se tèt li ase li konnen. Li gen tandans chache fè tèt li plezi anvan. Se apre, lè li vin pi gran, li wè kalite plezi ki gen nan ede lòt moun, nan fè bagay pou rann moun sèvis. Se poutèt sa, toujou ankouraje yon timoun ki vle ede nou fè kichòy, fè l konprann jan sa fè nou plezi.



Timoun ki pa pè, renmen poze anpil keksyon, se pou papa yo ak manman yo, pwofesè lekòl ansanm ak lòt moun nan sosyete a, pran tan yo pou yo reponn keksyon yo byen san bay manti. Se pou yo di yo pa konnen, lè yo pa konnen. Lè konsa timoun lan va toujou ap poze keksyon. Epi plis lap grandi, se plis li va chache yon jan pou fè zòn kote l rete a vin pi bon pou moun ka viv pi byen.


CHAPIT

22 LASANTE AK MALADI GRANMOUN

Nan Chapit sa a nou pral pale sou ki jan nou ka evite pwoblèm nou pi fasil jwenn kay granmoun ak ki jan nou ka trete yo.

DE TWA MO SOU MALADI NOU PALE DEJA NAN LÒT CHAPIT NAN LIV LA

PWOBLÈM JE: (wè paj 242)



Anpil moun lè yo depase karantan, gen pwoblèm ak je yo, yo pa ka wè bagay ki toupre byen. Yo ka wè lwen. Pou anpil moun, pote linèt se solisyon an.

Depi yon moun depase karantan, li fèt pou l veye pou nenpòt ti siy avètisman maladi glokòm, ki ka fè l pa wè menm, si li pa trete l. Depi yon moun wè yon siy maladi sa a (wè paj 241), se pou l chache wout kay doktè je.

Katarak (wè paj 244) ak ti bèt devan je nou (yon pil ti pwen kap mache devan je nou (wè paj 246) se de lòt pwoblèm je pou granmoun.

FEBLÈS, FATIG AK MANJE:



Granmoun gen mwens fòs ak kouraj pase lè yo te jenn. Tout moun konn sa. Men yap pi fèb toujou si yo pa manje byen. Atout granmoun pa toujou renmen manje anpil, yo fèt pou yo manje chak jou manje kap bay materyo pou kò yo ak manje kap pwoteje kò yo. (Wè paj 116 ak 117).

PYE ANFLE: (wè paj 190)

Anpil maladi ka bay gwo pye, men pou granmoun, sa soti nan san yo ki pa sikile byen (wè paj 230), osinon nan pwoblèm kè (wè paj 358). Nenpòt sa ki lakòz gwo pye a, **pi bon tretman se kenbe pye yo wo**. Mache ka ede tou men pa rete twò lontan kanpe osinon chita ak pye yo anba. Mete pye yo wo chak fwa yo kapab.

MALENG NAN JANM OSINON NAN PYE: (wè paj 19)



Se ka san moun lan ki pa sikile byen paske venn yo malad. Moun lan gen varis (wè paj 189). Konsa maladi dyabèt (sik) ka lakòz sa tou (paj 135). Ale nan paj 19 pou lòt esplikasyon.

Lè se san an ki pa sikile byen, maleng lan pap geri vit.

Kenbe maleng lan pwòp mezi nou kapab. Lave li ak dlo bouyi, ak savon ki pa santi bon, chanje pansman an dri. Si nou wè li vle bay postim, fè tretman nap jwenn nan paj 95.

Lè nou chita osinon lè nap dòmi, kenbe pye a wo.

PA FÈ PIPI FASIL: (wè paj 255)

Pou granmoun gason ki gen pwoblèm pou fè pipi, osinon se degoute pipi a degoute, se ka glann pwostat la ki anfle ki ka lakòz sa. Ale wè nan paj 255.

TOUSE ANPIL: (wè paj 180)




Granmnoun kap touse anpil fèt pou sispann fimen, lèfini pou chache wout kay doktè pou ba yo konsèy. Si lè yo te pi jenn yo te bay siy maladi tibèkiloz, osinon si yo te konn touse san, se ka maladi tibèkiloz la ki sou yo.

Si yon granmoun ap touse toutan epi anmenmtan li santi kò kraz osinon li gen pwoblèm pou l respire (souf li kout) osinon si pye l yo anfle tou, se ka kè l ki pa twò bon (wè paj ki vin apre a).

DOULÈ RIMATIS (Doulè nan jwenti): (wè paj 186)

Anpil granmoun gen doulè nan jwenti.

Pou ede soulaje doulè sa yo:



- Repoze jwenti kap fè mal la.
- Mete konprès dlo cho (wè paj 212).
- Pran renmèd pou doulè, aspirin pi bon. Pou gwo doulè, pran 2 osinon 3 grenn aspirin. Pa depase sis fwa pou chak jounen, avèk ti gout bikabonat, lèt osinon anpil dlo. (Si zòrèy yo koumanse kònen, pran mwens aspirin.)
- Fè egzèsis mezi nou kapab pou jwenti yo pa rete rèd.


LÒT GWO MALADI GRANMOUN

Maladi kè:

Maladi kè se yon maladi nou jwenn fasil kay granmoun, sitou lè yo gwo anpil, lè yo fimen, osinon lè yo fè tansyon (yo soufri tansyon wo).

Ti siy maladi kè:

- Kè sere, pwoblèm pou nou respire apre nou fin fè yon ti egzèsis (bay kò nou mouvman); souf nou vin kout, si nou kouche nou santi li pi mal.
- Batman kè nou rapid, men li fèb osinon li pèdi konpa l.
- Pye yo anfle sitou nan aprèmidi.



- Doulè atake nou nan kòf lestonmak, nan zepòl goch, osinon nan bra lè nap fè egzèsis. Depi nou pran yon ti repo, li pase (anjin pwatrin).
- Yon doulè ki kenbe tankou yon pwasenkant ki chita sou lestonmak nou. Nou ta mèt pran repo li pa pase (atak kè).

Tretman:

- Tout maladi kè pa trete menm jan. Yo chak gen renmèd pa yo. Lèfini se pou nou pran anpil prekosyon nan sèvi ak renmèd yo. Lè nou kwè yon moun gen maladi kè, fè l wè doktè, paske nou pa fèt pou ba li nenpòt renmèd konsa.


- Moun ki gen maladi kè pa fèt pou travay twò di jouk pou yo gen doulè nan lestonmak yo osinon pou yo gen pwoblèm nan pran souf. Tansèlman, yon ti egzèsis chak lè ap ede nou pa fè kriz kè.

- Moun ki gen pwoblèm ak kè yo pa fèt pou manje grès. Lèfini si yo twò gwo, yo fèt pou pèdi pwa.

- Si yon granmoun ta koumanse santi li gen pwoblèm pou l pran souf, osinon lè nou wè pye l vle anfle, se pou li sispann sèvi ak sèl, se pou l manje manje san sèl. Pou rès lavi li, li pa fèt pou manje sèl osinon pou l pa manje anpil sèl. (Se pou l batize manje l ak sèl, osinon pa manje sèl menm).

- Si yon moun gen anjin pwatrin, osinon si lap fè yon kriz kè, se pou l poze kò a yon kote ki fè fre jouk doulè a pase.

Si doulè nan lestonmak la fò anpil, si li pa pase atout moun lan poze kò li, si moun lan tankou yon moun ki sibi **chòk** (wè paj 82) se ka kè a ki donmaje anpil. Lè sa a moun lan fèt pou li rete nan kabann li pandan sèt jou pou pi piti, osinon toutotan li santi doulè a, osinon li santi lap dekonpoze a. Apre sa, li ka koumanse fè ti chita, fè ti mache nan kay la, men se pou li rete dousman pandan yon mwa pou piti, se pou l anvizaje pran konsèy doktè.



Pou evite: Wè paj kap vini apre a.

KONSÈY NAP BAY JENNMOUN KI PA TA RENMEN MALAD LÈ YO GRANMOUN

Anpil maladi moun genyen lè yap antre nan laj, lè yap fin granmoun, te mèt tansyon, varis, maladi kè ak paralizi, sa soti nan jan yon moun tap viv, sa l te konn manje, bwè, si l te konn fimen lè l te jenn. Yon moun gen plis chans pou li viv pi lontan san malad si li pran prekosyon sa yo:

1. **Manje byen** kont manje nourisan, men ki pa twò rich ni ki pa gen twòp grès. Evite pou nou pa twò gwo, ni twò gra.

2. **Pa bwè anpil alkòl**.

3. **Pa fimen, pa pran dwòg**.


4. **Toujou kenbe ni kò nou ni lespri nou anfòm ak ti travay.**

5. **Toujou chache bay kò a kont repo, pa rate nan dòmi nou.**

6. **Konn ki jan nou ka kalme nè nou**, ak ki jan pou nou pran pwoblèm lavi a pou sa pa fatige nou twòp.

Tansyon wo (wè paj 134) ak ateryoesklewòz se de bagay ki pi fasil bay maladi kè ak kriz kè. Moun ka evite yo, osinon gen mwens chans pou genyen yo, si nou swiv ti konsèy yo ban nou pi wo a. Si nou vle evite maladi kè ak kriz kè, se pou nou toujou kenbe tansyon nou nòmal. Moun ki soufri tansyon wo dwe fè kontwole tansyon yo chak lè, lèfini pou yo bese l si nesesè. Pou moun ki twò gwo, si yo pa rive desann tansyon yo atout yo ralanti sou

manje yo, yo kite fimen, yo fè plis egzèsis, yo pa kite pwoblèm lavi a fatige yo twòp, li ta ka pran kèk renmèd pou bese tansyon (anti-tansyon).



NAN DE MESYE SA YO, KILÈS KI GEN PLIS CHANS POU LI VIV LONTAN, POU L GEN LASANTE LÈ LI GRANMOUN? KILÈS NAN YO KI GEN PLIS CHANS WÈ YON MALADI KÈ OSINON YON KRIZ KÈ POTE LI ALE? POUKISA? KONBE REZON NOU KA JWENN POU SA?

KRIZ KÈ, (Paralizi, konjesyon serebral, aksidan venn sèvo)

Ki fè granmoun yo fè ***kriz kè, paralizi***, sa rive lè yo gen boul san kaye osinon yon emoraji nan sèvo. Nou di se ***kriz*** moun lan fè paske maladi a vini san bay avètisman. Moun lan annik rete konsa li tonbe, li pèdi konesans. Lè konsa, li dekonpoze, souf li kout, batman kè li fò, men li pa rapid. Li ka tonbe nan koma, li pèdi konesans pandan de twazèdtan osinon kèk jou. Si li pa mouri, li ka gen pwoblèm tankou: pa ka pale byen, pa wè byen, pa kalkile byen (tèt la pa travay byen). Konsa tou, tout yon bò figi l ak tout yon bò kò l ka paralize. Lè kriz la fèb (lè se yon ti kriz li fè) li ka gen menm pwoblèm sa yo san li pa janm pèdi konesans (tonbe nan koma). Men, menm si pwoblèm sa yo pa rive disparèt nèt apre kèk tan, moun lan ka fè yon bon refè.



Tretman:

Mete moun lan kouche avèk tèt li pi wo pase pye l. Si li pèdi konesans, voye tèt li yon ti jan sou dèyè, epi vire l sou kote. Konsa, krache li (osinon vonmisman li) ka koule soti nan bouch li, li pap pase nan ti gòjèt li al nan poumon l. Pandan tout tan moun lan nan koma, pa ba l manje, pa ba l bwè, pa ba l okenn renmèd pou l vale (wè moun ki pèdi konesans paj 83). Si gen posiblite voye chache doktè.

Apre kriz la si moun lan gen pati nan kò l ki rete paralize, ede l mache ak yon baton. Ankouraje l sèvi ak bon men an pou l okipe tèt li. Men se pou l evite fè travay lou, evite fè kòlè.

Pou evite fè kriz kè, wè paj ki vin anvan sa a.

Atansyon: Si yon jennmoun osinon yon moun antdezaj rete konsa epi li gen yon bò figi l ki paralize, san li pa gen okenn lòt kriz kè, se ka yon nè figi l ki paralize, men pou yon tan, pa pou toutan (Paralizi Bell). Apre kèk senmenn osinon de twa mwa, lap pati jan li te vini. Pèsonn pa ka di sa ki lakòz maladi sa a. Pa gen renmèd pou sa. Men konprès dlo cho ka ede anpil. Si nou gen yon je ki pa ka fèmen, fèmen l ak yon mòso adezif aswè anvan nou al dòmi. Konsa, je a pap cheche.

MALADI SOUD KI MACHE AK ZÒRÈY KÒNEN ANSANM AK TÈT VIRE

Lè yon moun ap vin soud ti pa ti pa san li pa soufri okenn doulè, pa gen anyen yo ka fè pou li. Men yon aparèy pou tande ka ede l. Gen defwa tou, yon maladi enfeksyon nan zorèy ka rann yon moun soud (wè paj 342).



Si yon granmoun nan laj rive pa tande nan yonn osinon nan toude zòrèy li yo - avèk tanzantan yon gwo tèt vire - lèfini zorèy kònen fò, sa vle di li gen maladi " Menière" la. Se pou li pran renmèd anti-istamin tankou dimenidrinat (***Dramamin*** paj 429) epi pou l rete kouche nan kabann li jouk li pa santi tèt vire a ak zorèy kònen an ankò. La manje manje san sèl. Si li pran tan pou l refè osinon si maladi a tounen sou li ankò, se pou l chache wè doktè san pèdi tan.

Nap jwenn renmèd fèy ki bon pou tèt vire nan paj 379.

PA KA DÒMI (ENSOMNI)

Se bagay nòmal pou granmoun pa bezwen dòmi anpil tankou jennmoun. Lè lannwit long menm, yo ka pase anpil tan anvan dòmi pran yo .

Gen kèk medikaman ki ka ede moun dòmi, men li pi bon pou nou pa sèvi ak yo, sof lè nesesite.

Men kèk konsèy pou moun ki vle dòmi:


- Bay kò nou ti mouvman lajounen.
- Pa bwè kafe sitou nan aprèmidi osinon nan aswè.
- Anvan na l dòmi, bwè yon vè lèt cho, osinon lèt ak siwo myèl.
- Benyen nan dlo tyèd anvan nou moute kabann nou.

- Si malgre sa nou pa ka dòmi, eseye pran yon anti- istamin tankou pwometazin (***fenègan***, paj 428) osinon dimenidrinat (***Dramanin***, paj 429) yon demiyè anvan nou moute kabann nou, medikaman sa yo pa twò fò, yo pap fasil fè abitid pran yo tounen yon nesesite.

Nan Chapit 24 la (paj 379) nap jwenn renmèd fèy pou pa ka dòmi (ensomni).

MALADI YO JWENN PI FASIL NAN MOUN KI DEPASE 40 AN

Siwoz fwa:



Nou jwenn maladi sa a kay gason ki depase 40 an paske yo pat manje byen, yo te bwè twòp alkòl.

Siy maladi a:

- Siwoz la koumanse tankou maladi fwa (epati). Moun lan santi feblès, li pa anvi manje, lestonmak li plen, ak ti doulè bò dwat moun lan kote fwa a ye a.

- Tank maladi a ap fè kous li, se tank moun lan ap vin pi mèg chak jou. Li ka rive vonmi san. Lè maladi a pran fòs kay moun lan pye l ap anfle, vant li ap gonfle ak dlo jouk li rive gen fòm yon barik. Je yo ak pipi a ka vin tou jòn.


Tretman:

Lè maladi a avanse sou moun lan, li difisil pou nou trete l. Gen kèk medikaman ki ka ede anpil. Men pi fò moun ki gen maladi sa a mouri. Si nou pa vle mouri, **depi sou premye siy maladi a** men sa pou nou fè:

- Pa mete alkòl nan bouch nou ankò. Alkòl ap anpwazonnen fwa nou.
- Manje byen mezi nou kapab. Chache manje ki gen anpil pwoteyin ak vitamin.
- Lè yon moun ki gen siwoz rive anfle, li pa fèt pou l janm sèvi ak sèl nan manje l.

Evite maladi sa a fasil: **PA BWÈ TWÒP TAFYA.**

PWOBLÈM AK FYÈL LA:



Fyèl la se yon ti sak ki kole sou fwa a. Se ladan l nou jwenn yon dlo vèt anmè anpil yo rele bil. Bil sa a nesesè pou desann manje ki gen grès ladan yo. Maladi fyèl sa a, nou jwenn li pi fasil nan" gwo fanm gra ki depase 40 an."

Siy:

- Gwo doulè nan lestonmak sou bò dwat anba zo kòt yo. Doulè a ka moute rive nan do sou bò dwat anwo.
- Moun lan ka santi doulè a inèdtan osinon plis apre li fin manje manje ki gen anpil grès. Doulè a ka fò jouk li rive fè moun lan vonmi.
- Moun lan ka gen lafyèv.
- Gen moun ki ka gen je yo vin tou jòn tou (lajonis).

Tretman:

- Pran beladòn osinon anti- espasmodik ki konbat doulè (wè paj 423). Moun lan ka bezwen renmèd pou touye doulè a. (Aspirin pap fè anyen pou li.)
- Si moun lan gen lafyèv, se pou l pran tetrasiklin (paj 407) osinon anpisilin (paj 404).
- Pa manje grès. Moun ki twò gwo va ralanti sou manje l, pou l ka pèdi pwa.
- Si maladi a fè moun lan soufri twòp, osinon si li chita sou moun lan, chache wè doktè. Gen ka ki mande operasyon.

Pou evite maladi a:

Fanm ki twò gwo fèt pou pèdi pwa (wè paj 135). Pa manje manje ki twò rich, ki dous, ki gen grès. Pa manje anpil.

Bil la pase nan san moun:

Nan anpil peyi ak nan divès lang, tankou lakay nou, lè yon moun gen move karaktè, yo di bil pase nan san li. Gen moun ki kwè se lè yon moun gen twòp bil li fè kòlè fasil. Pou di vre, anpil moun ki gen move karaktè pa gen pwoblèm ak fyèl yo osinon bil yo. Tansèlman, moun ki soufri ak maladi sa a toujou pè pou doulè a pa tounen sou li. Sa ka lakòz yo fè kòlè fasil, yo toujou gen kè sote pou nenpòt ti malèz yo santi.

ASEPTE LANMÒ

Anpil fwa, vye granmoun pi fasil pare pou asepte lanmò lè yo wè l ap vini pase moun ki renmen yo. Moun ki byen viv lavi yo, yo pa fasil pè mouri. Yo konnen lanmò se bout lavi, se yon lwa yo leve jwenn. Twò souvan, nou fè menm erè a, nap chache kenbe yon moun kap mouri pou l pa mouri, nou fè sa nou kapab pou l pa rann dènye souf li. Gen de lè se plis soufrans ak plis tèt chaje pou moun lan, ni pou fanmi li. Gen anpil ka kote pi bon bagay yon moun dwe fè lè konsa, se pa bat kò nou pou nou chache pi bon renmèd ak pi bon doktè, se rete la ak moun lan pou soutni l. Kite l konnen nou te kontan tout tan li te pase ak nou an, tout okazyon kè kontan ak lapenn nou te pase ansanm, men anmenmtan an nou ka asepte lanmò a. Pandan dènye jou moun lan, moutre l jan nou renmen l, sa pi bon lontan pase nenpòt ki renmèd.

Anpil moun ki granmoun anpil, osinon ki gen maladi ki pa geri, pito rete lakay yo, nan mitan fanmi yo osinon moun yo abitye, pase yo rete lopital. Sa vle di moun lan ka gen plis chans pou l mouri pi bonè. Men se pa yon bagay nou ka di ki toujou mal. Se pou nou manyè konprann santiman moun lan, sa li anvi, anmenmtan wè sa ki bon pou nou. Anpil fwa, yon moun kap mouri, soufri plis lè li konnen tout lajan yap depanse pou anpeche l mouri a pral lakòz moun yo fè dèt, timoun yo ap rete grangou. Lè konsa, tousa moun lan ka mande, se kite l mouri epi, gen de lè, se ka pi bon desizyon pou nou pran.

Men gen moun ki pè mouri. Menm si yap soufri, yo pa wè ki jan pou yo kite lavi yo konnen an. Chak sosyete gen kwayans yo sou lanmò, chak gen lide yo sou lavi apre lanmò. Kwayans sa yo, lide sa yo ak koze sa yo bay yon moun kouraj devan lanmò.

Lanmò ka rive sibit lè nou pa atann, konsa tou li ka pran tan pou l vini. Se pa bagay fasil pou ede yon moun nou renmen pou l asepte lanmò, pou l pare pou lanmò. Nan ka konsa, sa nou ka fè se soutni moun lan, fè ti jès avè l, fè l wè nou vle konprann li.

Lanmò yon jennmoun osinon yon timoun pa janm yon bagay moun asepte fasil. Men se pou nou aji byen avè l, pa chache twonpe l, paske yon timoun - nenpòt moun ki pral mouri ka santi sa fasil, si se pa sou jan li santi kò l, se ka sou jan li wè moun ki renmen l yo pè, yo dekouraje. Kit moun kap mouri a jenn, kit li granmoun, si li mande nou laverite, se pou nou di l, men di l li yon jan ki pap ofiske l, men toujou kite yon pòt louvri pou yon ti espwa. Si nou pa ka kenbe kriye a, kriye kriye nou, men tou fè l konnen jan nou renmen l, epi se paske nou renmen l, nou gen kouraj pou nou kite l ale. Sa ka ba l fòs ak kouraj tou pou li asepte kite nou dèyè. Men konprann byen pou fè moun lan santi tout bagay sa yo, nou pa bezwen pale. Depi noumenm nou santi yo nan kè nou, lap parèt sou figi nou, ak nan tousa nap fè.

Nou tout gen pou nou mouri. Nou pa janm konnen, travay ki pi konsekan yon doktè ka fè, se ede moun asepte lanmò lè se posib, osinon lè nou pa ka evite l, anmenntan lap ede soulaje lapenn moun ki vivan toujou yo.



CHAPIT

23 BWAT FANMASI



Chak fanmi, nan chak ti bouk, fèt pou gen kèk medikaman toujou pare pou ka nesesite:

- Chak fanmi fèt pou gen BWAT FANMASI pa I (wè paj 368) avèk medikaman nesesè pou pansman, ti enfeksyon ak lòt pwoblèm maladi nou fasil jwenn.

- Chak ti bouk fèt pou gen BWAT FANMASI pa I (wè paj 370) ak bonkou medikaman nesesè pou ti pwoblèm maladi nou ka jwenn chak jou, konsa tou, pou gwo ka maladi, osinon ka prese. Ya chwazi yon moun tankou yon ajann sante, yon pwofesè lekòl, yon papa osinon yon manman, yon mèt boutik, osinon nenpòt lòt moun yo fè konfyans nan kanton an. Fè mwayen posib pou tout moun nan bouk la bay pa yo pou mete bwat fanmasi sa a sou pye. Moun ki ka bay anpil va bay anpil, men se pou tout moun konnen **bwat fanmasi sa a la pou tout moun, ni pou moun ki ka peye, ni pou moun ki pa ka peye.**

Nan paj kap vini yo nap jwenn kèk konsèy sou sa bwat fanmasi sa yo ka gen ladan yo. Nou gen dwa chanje lis medikaman an dapre sa nou konnen ki pi bon pou moun nan kanton an, epi dapre mwayen nou. Atout se medikaman fanmasi ki nan lis la, gen anpil kèk bon renmèd lakay nou konnen ki bon, ki pap bay traka nou gen dwa mete ladan l tou.

Ki kantite nan chak renmèd pou nou genyen?

Lis renmèd nou bay la se pi piti kantite renmèd pou nou gen anba men nou. Pou pifò ladan yo, nap gen kont pou **koumanse yon tretman.** Apre sa, nou ka blije pou mennen malad la lopital osinon pou noumenm al achte lòt kantite menm renmèd la, lapoula.

Pou kantite chak kalite medikaman nou fèt pou gen nan bwat fanmasi a, sa chita sou kantite moun nou vle sèvi, ak ki distans pou nou ale pou nou jwenn medikaman an lè li fini. Sa chita tou sou pri medikaman an, ak sou wotè ponyèt moun yo ka rive pou lajan an.

Gen kèk medikaman ki chè anpil. Men, li toujou bon pou gen kont medikaman ki pi konsekan yo anba men nou pou lè nou gen ka ki mande sèvis prese.

Atansyon: Pou ka akouchman, fanmsaj yo ak fanm ansent yo gen yon seri bagay nap bezwen pare pou lè lè a rive. Nap jwenn lis la nan paj 283 ak paj 284.

KOUMAN POU NOU OKIPE BWAT FANMASI A

1. **ATANSYON: Toujou mete medikaman nou yo yon kote timoun pa ka rive jwenn yo.** Nenpòt medikaman nou pran twòp ka touye nou.

2. **Se pou nou sèten tout medikaman yo gen non yo make sou yo, ansanm ak jan pou yo sèvi avè l.** Toujou mete yon kopi liv sa a nan bwat la.

3. **Mete tout medikaman yo yon kote ki pwòp ki sèk epi ki fre, kote ravèt ak rat pap ka jwenn yo.** Vlope tout zouti, twal gaz ak koton byen vlope, nan ti sache plastik byen fèmen.

4. **Toujou gen yon kantite medikaman ki pi konsekan yo anba men nou pou lè nou gen sèvis prese.** Kou yo preske fini, achte lòt mete la.

5. **Pou chak medikaman kontwole ki dat li pap bon ankò**. Lè dat la pase osinon si nou wè medikaman an gen lè varye, disparèt li, achte lòt nèf.

Atansyon: Gen medikaman tankou tetrasiklin ki ka fè gwo malè si yo depase dat yo. Tansèlman, pou penisilin chèch la (an grenn osinon an poud pou fè siwo osinon an piki) te mèt ennan apre dat li depase nou ka sèvi avè l toujou, depi nou sere l yon kote ki pwòp, ki sèk epi ki fre. Vye penisilin sa yo ka pèdi nan fòs yo. Lè sa a nou ka blije ba l pi gwo kantite. *(**Men atansyon:*** nou ka fè sa ak penisilin lan. Men pou lòt medikaman yo, gen toujou yon gwo danje lè nou depase kantite yo di pou nou bay la).

Toujou mete medikaman kote timoun pa ka jwenn yo.




FÈ PWOVIZYON POU BWAT FANMASI A

Nou ka jwenn pifò renmèd nou bay konsèy sèvi nan lis la nan fanmasi lavil. Si anpil fanmasi osinon tout moun nan bouk la mete ansanm pou achte sa yo bezwen an anmenmtan, fanmasiyen an ta fè pi bon pri pou yo. Si nou ka achte medikaman yo ak lòt provizyon yo nan ajans yo menm, yap koute nou pi bon mache toujou.

Si fanmasiyen an pa gen mak medikaman nou bezwen an, achte yon lòt mak, men se pou nou sèten se menm kalite medikaman an. Lèfini gade byen ki jan pou nou sèvi avè l.

Lè nap achte medikaman, toujou pran pri divès mak. Gen mak ki va vann pi chè pase lòt, atout se menm kalite medikaman an. Yon mak medikaman ki pi chè pa pi bon pase sa. **Chak fwa sa posib, pito nou achte medikaman an sou non kalite li, pase sou non mak li,** paske non kalite a toujou pi bon mache. Gen de lè nou ka depanse mwens lè nou achte an gwo, osinon an kantite. Konsa tou, yon poban penisilin ki kenbe 600.000 inite ap koute nou ti kras pi chè pase yon poban ki gen 300.000 inite. Lè sa a nap achte gwo poban an. Lèfini nap sèvi de fwa avè l pou de dòz.



BWAT FANMASI POU LAKAY

Nan chak fanmi, men medikaman ak lòt pwovizyon ki pou nan bwat fanmasi a. Medikaman sa yo ak pwovizyon sa yo kont pou geri pifò pwoblèm nou ka jwenn nan zòn andeyò.

Pa bliye mete kèk renmèd lakay nan bwat la tou.

PWOVIZYON

Sèvis	Pwovizyon	Pri	Kantite	Wè paj
POU TI BLESE AK POU LÒT MALADI PO				
	ti kare twal gaz pwòp nan anvlòp yo.	_____	20	105, 236, 293
	woulo twal gaz 1-2-3 pous lajè	_____	2 nan chak	93
	bon koton pwòp	_____	yon ti bwat	77, 89, 283
	woulo adeziv 1 pous lajè	_____	2 woulo	91
	savon dezenfektan (Dyal, Betadin, osinon Fizoèks)	_____	yon ba osinon yon boutèy	416
	alkòl 70 osinon 90 degre	_____	1/4 lit (mezi yon boutèy kola)	77, 218, 228, 283
	dlo oksijene (idwojèn pewoksid) nan yon boutèy nwa	_____	yon ti boutèy	89, 199, 230, 231
	Petwoleyòm (Vazlin) nan ti bokal osinon nan yon tib	_____	1	98, 104, 150, 216
	vinèg blan	_____	1/2 lit	217, 268, 322, 342
	souf	_____	100 gram	217, 222, 223, 228
	sizo pwòp (pa wouye)		1 1	91, 283, 292
	ti pensèt ak pwent pwenti			90, 189
POU PRAN DEGRE CHALÈ KÒ MOUN:				
	tèmomèt pou bouch pou dèyè		1 1	30, 43
POU KENBE TOUT BAGAY PWÒP:				
	ti sache plastik		divès gwosè	212, 366

MEDIKAMAN

Bon	Medikaman (bon non li)	Non mak yo	Pri	Kantite	Wè paj
POU ENFEKSYON MIKWÒB:					
	1. Penisilin, tablèt 250 mg	_____	_____	40	402
	2. Silfa (nenpòt kalite) tablèt 500 mg	_____	_____	100	409
	3. Anpisilin	_____	_____	24	404
POU VÈ:					
	4. Piperazin tablèt osinon siwo	_____	_____	40 tablèt 500 mg osinon 2 boutèy	419
POU LAFYÈV AK DOULÈ:					
	5. Aspirin, tablèt 300 mg. osinon 5 gren	_____	_____	50	421
POU MANKE DLO:					
	6. Sèl ak sik osinon sache sewòm oral	_____	_____	1 liv 40 sache	162 424
POU ANEMI (FEBLÈS):					
	7. Fè (silfat fèt), grenn 200 mg. (lap pi bon toujou si grenn yo melanje ak vitamin C ansanm ak asid folik)	_____	_____	100	433
POU LAGAL AK PIS:					
	8. Lendàn (gamabenzèn egzaklorid)	_____	_____	1 boutèy	418
POU GRATÈL AK VONMISMAN:					
	9. Pwometazin tablèt 25 mg	_____	_____	12	428
POU TI MALADI PO:					
	10. Vyolèt jansyàn ti boutèy: osinon yon pomad antibyotik	_____	_____	1 boutèy 1 tib	416
POU MALADI JE WOUJ:					
	11. Ponmad antibyotik pou je	_____	_____	1 tib	421

BWAT FANMASI POU BOUK LA

Se pou yo jwenn ladann tout zouti ak medikaman nou bay pou bwat fanmasi lakay, men an pi gwo kantite, dapre konbe moun ki nan bouk la (zòn lan) ak distans pou nou rale anvan nou jwenn yon pi gwo fanmasi. Nan bwat fanmasi bouk la nou fèt pou mete medikaman nap bay pi ba a. Pifò nan medikaman sa yo bon pou gwo maladi grav. Konsa tou dapre maladi ki pi kouran nan zòn lan, nou gen dwa chanje lis la osinon mete sou li.

LÒT ZOUTI

Bon	Non zouti yo	Pri	Kantite	Wè paj
POU BAY PIKI:	sereng 5 mililit zegwi Nº 22. 3 santimèt longè Nº 25, 1 santimèt 1/2	_____	2 3-6 2-4	70
POU MOUN KI GEN PWOBLÈM POU FÈ PIPI	sonn an kawotchou osinon an plastik Nº 16 franse	_____	2	256
POU FOULAY AK VENN ANFLE:	woulo bandaj elastik 2-3 pous lajè	_____	3-6	110, 189, 230
POU RALE LARIM, GLÈ AK PI:	yon ti ponp kawotchou	_____	1-2	90, 284, 341
POU GADE ANNDAN ZÒRÈY:	yon ti flash	_____	1	34, 284, 341

LÒT MEDIKAMAN

Bon	Non medikaman an	Non mak li	Pri	Kantite	Wè paj
POU GWO ENFEKSYON:					
1.	Penisilin, an piki: se yon sèl kalite, penisilin pwokayin 600.000 inite	_____	_____	20-40	403
2.	Anpisilin, an piki anpoul 250mg.	_____	_____	20-40	405
	avèk/osinon estreptomisin ti poban 1mg pou melanje ak penisilin si penisilin lan twò chè.			20-40	
3.	Tetrasiklin, kapsil osinon tablèt 250 mg	_____		40-80	407

Bon	Non medikaman an	Non mak li	Pri	Kantite	Wè paj
POU AMIB AK GYADYA:					
4.	Metwonidazòl, tablèt 250 mg.	————	————	40-80	414
POU KRIZ NÈ, TETANÒS AK KOKLICH:					
5.	Fenobabital tablèt 15 mg ak piki 200 mg.	————	————	40-80	430
POU GWO ALÈJI AK OPRESYON:					
6.	Adrenalin an piki anpoul 1mg.	————	————	5-10	427
POU OPRESYON:					
7.	Efedrin, tablèt 15mg	————	————	20-100	427
POU GWO SENYEN APRE AKOUCHMAN:					
8.	Ègonovin, an piki anpoul 0,2 mg.	————	————	6-12	431

LÒT MEDIKAMAN YO KA BEZWEN KÈK KOTE MEN PA TOUPATOU

Bon pou	Non medikaman an	Non mak li	Pri	Kantite	Wè paj
KOTE KI GEN PWOBLÈM JE CHÈCH (Zewosis):					
	Vitamin A, kapsil 200.000 inite	————	————	10-100	433
KOTE KI GEN PWOBLÈM TETANÒS:					
	Sewòm antitetanik 50.000 inite (si gen mwayen: lyofilize)	————	————	2-4 boutèy	429
KOTE KI GEN PWOBLÈM TIFOYID:					
	Kloramfenikòl, kapsil 250 mg	————	————	50-200	408
KOTE ESKÒPYON, KRAB ZARENYEN BAY PWOBLÈM:					
	Antipwazon ki bon pou sa	————	————	2-6	429
KOTE KI GEN PWOBLÈM MALARYA:					
	Klowokin tablèt 150mg osinon lòt bon remèd yo sèvi nan zòn lan	————	————	50-200	413
KOTE ANKILOSTÒM BAY PWOBLÈM:					
	Tyabendazòl, grenn 500mg. (osinon lòt remèd ki bon pou kalite vè sa a)	————	————	25-100	419
POU TI BEBE FENK FÈT KAP SENYEN OSINON POU ANPECHE L SENYEN:					
	Vitamin K, an piki anpoul 1 mg.	————	————	3-6	434

MEDIKAMAN POU MALADI KI DONNEN SOU MOUN

Li pa toujou bon pou gen medikaman pou maladi tankou tibèkiloz, lalèp nan bwat fanmasi ti bouk la. Paske, anvan nou sèten se yonn nan maladi sa yo yon moun genyen, se pou nou voye l fè tès nan yon sant sante, kote yap tou ba li renmèd li ka bezwen. Si nou konnen gen anpil ka nan zòn lan, lèfini nap jwenn moun ki konnen sèvi ak medikaman sa yo, nou ka mete yo nan bwat fanmasi a.

VAKSEN

Nou pa mete vaksen nan lis bagay ki pou ale nan bwat fanmasi bouk la, paske òdinèman se Depatman Sante Piblik la ki bay yo. Tansèlman, se pou nou fè sa nou kapab pou tout timoun yo vaksinen depi yo rive laj pou divès vaksen yo (paj 156). Se poutèt sa, si gen yon frijidè ki ka sèvi, nou mèt mete kèk vaksen nan lis bwat fanmasi a, tankou vaksen D T P, Polyo ak Lawoujòl ki pi konsekan.



TI KOZE AK MOUN KI GEN BOUTIK (OSINON FANMASYEN)



Zanmi mwen,

Si nap vann medikaman nan boutik nou, nap jwenn moun kap vin mande nou ki renmèd pou yo achte, kilè ak ki jan pou yo pran yo. Sa vle di nou nan yon pozisyon kote nou ka aji anpil sou konesans moun yo ak lasante yo.

Liv sa a ka ede nou anpil pou nou ka bay bon konsèy, pou nou pa kite pratik nou yo achte renmèd yo pa bezwen.

Nou konn sa pase nou. Anpil fwa moun depanse ti lajan yo genyen an nan renmèd ki pap fè anyen pou yo. Men noumenm, nou ka ede yo konprann pi byen sa yo bezwen tout bon pou lasante yo.

Konsa, yo ka depanse lajan yo san gaspiyay. Annou pran kèk egzanp:

- Si yon moun vin mande nou siwo pou moun kap touse, osinon yon renmèd pou dyare tankou kaopektat, osinon vitamin B12, osinon ekstrè fwa pou trete anemi, penisilin pou geri doulè osinon yon foulay, tetrasiklin lè yo gripe, esplike yo se pa renmèd sa yo, yo bezwen. Sa ki pi rèd, li ka fè yo pi mal pase byen. Pale ak yo sou sa yo ka fè pito.

-Si yon moun ta vle achte yon fòtifyan ak vitamin ladan l, ankouraje l achte ze, fwi ak legim pou l manje pito. Ede l konprann bagay sa yo gen plis vitamin, yo pi bon fòtifyan pou menm kantite lajan an.

- Si yon moun mande yon piki lè nou konnen yon renmèd pa bouch kap bay menm rannman an, san konte li gen mwens danje (se toujou konsa òdinèman) se pou nou di yo sa.

- Si yon moun vle achte grenn pou grip osinon lòt fòm aspirin ki koute chè, ankouraje li fè ekonomi, fè l achte grenn aspirin senp pou l bwè ak anpil dlo, anpil ji.

Lap pi fasil pou nou pale konsa ak moun yo si nou ouvri liv sa a pou chache konesans. Nou te mèt li l tou ansanm ak yo.

Tout jan, se pou vann renmèd ki ka sèvi moun yo. Achte medikaman nap jwenn nan lis renmèd yo bay pou bwat fanmasi lakay ak pou ti bouk la pou mete nan boutik nou. Achte lòt renmèd ak medikaman nou konnen ki konsekan pou maladi ki pi kouran nan zòn lan. Eseye achte medikaman ki pa chè, osinon mak ki pi bon mache a. Pa janm vann medikaman ki depase dat yo, ki sibi donmaj osinon ki pa bon pou maladi a. Nou ka fè boutik la tounen yon kote moun aprann anpil sou jan yo pran swen kò yo. Si nou ka ede moun sèvi byen ak medikaman yo, si nou toujou sèten nenpòt moun kap achte medikaman konnen byen konnen jan pou li pran li, ak kantite pou li pran, danje ki gen nan medikaman ak prekosyon pou yo pran, se yon kokennchenn sèvis nap rann tout moun nan kanton an.

Mwen swete lachans pote pou nou nan sa nap fè a.

Ak tout kè mwen,

David Werner

David Werner.

CHAPIT 24 RENMÈD FÈY

Depi nan Ginen, nèg Dayiti ap sèvi ak renmèd fèy. Anpil renmèd fanmasi se nan fèy yo soti. Men gen fèy ki se pwazon. Genyen tou ki pa pwazon men ki kapab fè dega si nou bwè yo twòp osinon si nou sèvi avèk yo mal.

Nan Chapit sa a, nap jwenn kèk maladi ak renmèd fèy ki bon pou yo. Nap jwenn tou kèk plant ki gen danje ladan yo. Tout renmèd sa yo chita sou eksperyans lasyans. Nou kapab chwazi **yonn** ladan yo lè nou malad.

MEN KÈK FÈY NOU KAPAB SÈVI LÈ NOU GEN KÈK MALADI:

1- Apse

- Rache yon zonyon, kwit li san grès, mete sou kote a.
- Chofe fèy piman, mete grès sou yo, mete sou apse a. Men pa sèvi twòp avè l.
- Kraze chè papay, mete sou kote a.
- Kraze yon kalalou, mete sou apse a.

2- Anemi- Feblès

- Bwè ji bètrav, ji kawòt, anpil sòs pwa.
- Manje legim sa yo san pa kwit yo twòp: zepina, pèsi, navè, kreson.
- Fè labouyi ak avwàn ak ble nan lèt.

3- Bèt pike

- Fwote kote a avèk fèy pèsi, planten osinon moso lay, zonyon osinon powo.

4- Boule

- Pase lwil kokoye sou li.
- Pile grenn woukou, melanje ak lwil kokoye, pase sou li.
- Chode moso fèy bannann, mete sou li.

5- Bwonch- tous

- Bouyi dlo, lage sou kèk fèy ekaliptis. Kouvri bonm lan, bwè. Pa bay fanm ansent te sa a.
- Kwit yon zonyon osinon yon navè nan sik, bwè yon ti kiyè tanzantan.
- Bwè te fèy planten.
- Manje anpil kreson ak anpil lay.

6- Chanklèt

- Pase moso yon ti tomat vèt nan bouch la, osinon yon moso lay osinon moso siv.
- Nou ka fè ji ak moso rasin banann, pase nan bouch la tou.

7- Cheve kap tonbe

- Mete kèk piman tranpe nan alkòl, fè friksyon nan po tèt la.
- Mete ji kreson nan alkòl, fè friksyon nan po tèt la.

8- Dyare

- Fè te ak fèy gwayav osinon fèy malonmen osinon fèy planten.
- Kwit kèk kawòt, pase nan paswa ak dlo, bwè dlo a.
- Bwè dlo diri.
- Fè te kòs kanèl, te fèy rezen.
- Bwè sewòm oral.

9- Dlo nan kò (anfleti)

- Bwè te bab mayi.
- Manje anpil zonyon kri, anpil powo.
- Bwè dlo kokoye vèt.
- Bwè ji kawòt kri.

10- Doulè kè osinon ilsè nan trip

- Bwè ji chou kri, ji kawòt kri osinon ji ponmtè kwit.
- Fè rafrechi ak ti moso lalwa pou bwè.

11- Doulè règ

- Fè te ak ti moso fèy amwaz.
- Fè te ak fèy pèsi osinon bwè ji fèy la.

12- Fè san vini - Fè règ vini

- Bwè ji bètrav.
- Fè te ak ti moso fèy amwaz osinon ak fèy zaboka, fèy pèsi, ekòs bwadchenn. Pa bay fanm ansent te sa yo.

13- Foulay

- Bwè ji fèy kanpèch.
- Pile fèy masketi, mare sou kote a.

14- Gaz- Gonfleman

- Bwè te fèy sitwonèl, bazilik, ti bonm, mant, lanni, atiyayo, koulant.
- Bwè te ekòs kanèl, grenn jiwòf osinon jenjanm.

15- Gratèl - Pwoblèm po

- Benyen ak fèy frenn osinon ak lay.
- Pou lota: fè beny ak fèy dat.

16- Grip

- Fè te ak ekòs kanèl, fèy sitwonèl, ten, planten, ekaliptis (pa bay fanm ansent te ekaliptis la).
- Bwè anpil ji sitwon, ji seriz.
- Manje anpil gwayav.

17- Ilsè po


- Graje kèk kawòt, mete sou po a.
- Pile fèy planten, mete sou po a.
- Fwote kote a ak kèk fèy simen kontra.

18- Jansiv wouj ki senyen fasil

- Mache fèy koupye, fèy kreson nan bouch nou.
- Fwote jansiv yo ak yon ti lwil doliv osinon ak anndan po yon sitwon.

19- Kòlè- Move san

- Bwè te fèy gwayav, benyen ak li tou.
- Bwè te fèy zoranj si ak tout flè a, benyen ak li tou. Pa ale nan solèy apre sa.
- Kraze moso lay, pase l sou fwon moun lan.
- Bwè te bazilik.



Asosi
Momordica charantia




Aticho
Cynara scolymus




Atiyayo
Ocimum gratissimum




Fèy ave
Petiveria alliacea



Bonbonyen
Lantana camara




Bouyon Blan
Verbascum Thapsus



Chadwon beni
Argemone mexicana



Ekaliptis
Eucalyptus globulus



Dèyè do
Phyllanthus amarus

20- Kolerin (Disantri)

- Bwè te malonmen.
- Kraze grenn papay byen fen, pase li nan paswa. Mete sik osinon kola ladann l bwè l granm maten pandan 3 jou.

21- Kolik

- Bwè te ekòs kanèl.
- Bwè te fèy bazilik.

22- Konstipasyon

- Fè te ak moso donn kas dou san po a.
- Manje anpil tamaren, mango, tomat, melon dlo, melon frans, zepina, koupye, leti, chou.
- Manje labouyi avwàn.
- Pran yon ti kiyè lwil doliv chak maten.
- Bwè anpil dlo.

23- Lajonis - Iktè - Maladi fwa

- Fè te ak safran, ak fèy tamaren.
- Kwit manje ak moso papay vèt.
- Bwè ji kawòt kri, ji sitwon san dous.

24- Lapeti (bay apeti)

- Bouyi dlo, lage sou yon ti moso fèy aticho pou bwè.
- Bwè te seleri.
- Manje kreson.
- Fè tranpe nan kleren ak po zoranj si. Bwè ti kras chak jou.

25- Lafyèv

- Bwè te fèy dèyè do, benyen ak li tou.
- Bwè te flè ak fèy zoranj si, benyen ak li tou, men pa ale nan solèy apre.
- Bwè te jenjanm.
- Bouyi dlo lage sou kèk fèy ekaliptis pou bwè. Pa bay fanm ansent ak fanm kap bay tete te sa a.

26- Lèt - Fè lèt moute

- Bwè te ki fèt ak grenn kawòt osinon grenn lanni osinon fèy malonmen.
- Mete fèy masketi sou tete yo.

27- Maladi atrapan

Lè yon maladi kontajye rantre sou yon moun nan yon kay:

- Bay lòt moun yo bwè te klou jiwòf, te lay, te sitwon osinon ji sitwon.
- Boule kèk fèy ekaliptis chèch anndan kay la osinon fè yo bouyi nan yon bonm san kouvèti anndan kay la.

28- Maldan

- Fè tranpe ak fèy ave, lave bouch la.
- Pase ji tomat vèt sou dan an.
- Pile kèk klou jiwòf, foure l nan twou dan an.

29- Maloje

- Fè te ak fèy planten, lave je a avè l.
- Fè tranpe ak kalalou, lave je a avèl.

30- Maltèt

- Kraze kèk fèy ak rasin ave, santi yo.
- Fè beny tèt ak fèy zoranj si. Pa ale nan solèy apre.
- Kraze fèy lougawou osinon koray, mare sou tèt la.
- Bwè te bazilik.

31- Opresyon

Lè moun nan gen kriz la:

- Fèl fimen fèy chèch konkonm zonbi (men pa sèvi avèl twòp) osinon ekaliptis. Pa bwè te konkonm zonbi a ! Pa bay fanm ansent li.
- Bwè te malonmen osinon te bouyon blan.

32- Nève - Pa ka dòmi

- Bwè te fèy sa yo: bazilik, leti, zoranj si.
- Bwè ji grenadya, manje mandarin.

33- Pou

- Fwote tèt la ak fèy tabak.
- Kraze grenn ak fèy zabriko, fwote tèt la ak yo.

34- Rimatis

- Bwè te fèy sa yo : bab mayi, lay, aticho, atiyayo. Nou ka bwè ji fèy atiyayo a tou.
- Fè masaj ak lwil masketi osinon chofe yon fèy masketi, mare sou kote a.
- Chofe yon fèy lougawou, mare sou kote a.

35- Sevraj

- Pile fèy pèsi, mete sou tete yo.
- Pile fèy lanni, mete sou tete yo.

36- Sezisman

- Bwè te fèy gwayav, fè friksyon ak li tou.
- Bwè te fèy zoranj si, benyen ak li tou.

37- Sikilasyon san

- Bwè te fèy rezen wouj ak te ekòs kanèl.
- Bwè anpil ji sitwon.
- Manje anpil lay ak zonyon.

38- Tansyon

- Bwè te fèy kann osinon pèsi, osinon koulant.
- Bwè te lay osinon te bab mayi.

39- Varis (venn anfle)

- Bwè te fèy rezen wouj.
- Manje anpil lay.
- Kraze fèy chou, mete sou li.

40- Vètij (Tèt vire)


- Bwè te grenn kafe griye osinon te fèy gwayav.
- Fè beny tèt ak fèy zoranj si. Pa ale nan solèy apre.

41- Vè

- Kraze grenn papay, pase yo nan paswa, mete kola ladan l. Bwè granm maten pandan 3 jou.
- Kraze yon tèt lay, lage dlo cho sou li, kite l poze. Pase l nan yon twal, mete sik wouj ladan l osinon myèl. Pran 2 -3 ti kiyè chak maten.
- Kraze kèk grenn sitwon, mete yon ti myèl ladan l. Pran l granm maten.
- Pran 3 kiyè lèt papay vèt, mete myèl osinon sik wouj ladan l ak yon ti dlo cho, bwè l granm maten.

42- Vonmisman


- Bwè te jenjanm, te ekòs kanèl osinon te fèy gwayav.
- Si nou pral fè wout nan machin, bwè yon te jenjanm anvan nou pati.



Frenn
Simaruba glauca




Kalalou
Hibiscus esculentus




Kanpèch
Haematoxylon Campechianum




Konkonm zonbi
Datura stramonium



Koray
Hamelia patens



Koulant
Eryngium foetidum



Koupye
Portulaca oleracea

MEN KÈK TE POU NOU PA ABIZE (PA BWÈ TWÒP)

Te bonbonyen: Li ka ban nou pwoblèm nan fwa (lajonis, fwa anfle)

Te simen kontra: Li ka bay kè tounen, vonmisman, pwoblèm pou pran souf, pwoblèm nan kè.

Te amwaz: Si nou fè te sa a twòp, li ka ban nou pwoblèm fwa ak ren. Sa ka rive tou si nou fè te a twò fò.

Te fèy asosi: Li ka ban nou pwoblèm nan fwa si nou bwè li twòp.

Te flè choublak: Li ka fè nou pa ka gen pitit si nou abize l.

MEN KÈK TE POU NOU PA JANM BWÈ

Sezi : Li fè tansyon moute twò wo, li bay palpitasyon, li fè kè a deregle.

Chadwon beni : Bay paralizi, pwoblèm kè, pwoblèm nan je.

Monben bata: Vonmisman, ranvèsman ak tout yon kokenn dyare mizerere.

Sonèt: Pwoblèm nan fwa, fè kè nou plen.

Bwa lèt: Pwoblèm kè.

Kalbas (chè fwi a): Gen yon gwo pwazon ladan l ki sanble ak syani.

Konkonm zonbi: Li bay vètij (soulay, lawouli), batman kè, paralizi.

Metsinyen beni ak barachen: Bay vonmisman , dyare ki vini ak san.

Madan Bouven : Bay vonmisman epi li gen ladan l de bagay ki aji sou kè.

Tibi: Gen gwo pwazon ladan l.

Asosi (donn lan): Fè moun pa ka fè pitit.

Tcha-tcha: Koupe lapeti, bay feblès.

Lorye woz: Vonmisman , doulè vant, pwoblèm pou pran souf, pwoblèm kè.

Imòtèl: Grenn lan bay kò lage, feblès nan tout misk, depresyon sistèm nève.

Lamitye : Deranjman nan fwa.

MEN KÈK RENMÈD POU NOU PA BAY FANM ANSENT:


Simen Kontra
Zaboka (fèy la)
Choublak
Pèsi
Papay (grenn yo)
Ekaliptis
Kanèl
Amwaz
Anana (fwi a)

Tout renmèd sa yo ka fè fanm yo pèdi pitit yap pote a.


MEN KÈK FÈY AK GRENN POU NOU PA KITE TIMOUN MANYEN OSINON JWE AVÈK YO:

grenn lyann legliz
grenn sabliye
grenn metsinyen
grenn sonèt
donn pwa grate
grenn lila
fèy ak donn madan Bouven
donn bonbonyen
fèy ak flè lorye woz
fèy ak donn sezi
grenn ak donn masketi
grenn aki
grenn pwadchous kri
donn pwa pyant
grenn imòtèl
grenn lanman
fèy ak donn konkonm zonbi
donn asosi
fèy ak donn monben bata
fèy ak donn chadwon beni


Tout grenn ak fèy sa yo kapab fè anpil dega sou sante timoun yo si yo vale yo.




Lanni
Foeniculum vulgare



Lanman
Solanum nigrum



Lay
Allium sativum





Lila
Melia azedarach




Lorye woz
Nerium oleander

Fèy Lougawou
Kalanchoe pinnata





Lyann Legliz
Abrus precatorius




Madan bouven
Asclepias curassavica

MEN NON LASYANS (lòt bo dlo) BAY PLANT YO

Aki:	Blighia sapida
Amwaz:	Artemisia vulgaris
Asosi:	Momordica charantia
Aticho:	Cynara scolymus
Atiyayo:	Ocimum gratissimum
Ave:	Petiveria alliacea
Avwàn:	Avena sativa (li pa leve nan peyi a)
Bannann:	Musa paradisiaca
Bazilik:	Ocimum basilicum
Bètrav:	Beta vulgaris
Ble:	Triticum vulgare (li pa leve nan peyi a)
Bonbonyen:	Lantana camara
Bouyon blan:	Verbascum thapsus
Bwadchèn:	Catalpa longissima
Bwa lèt:	Tabermontana citrifolia
	Cameraria latifolia
Chadwon beni:	Argemone mexicana
Chou:	Brassica oleracea
Choublak:	Hibiscus rosa-sinensis
Dat :	Cassia alata
Dèyè do:	Phyllanthus amarus
Diri:	Oryza sativa
Ekaliptis :	Eucalyptus globulus
Frenn :	Simaruba glauca
Grenadya:	Passiflora edulis
Gwayav:	Psidium guajava
Imòtèl:	Erythrina sp
Jenjanm:	Zingiber officinale
Jiwòf:	Syzygium aromaticum
Kafe:	Coffea arabica
Kalalou:	Hibiscus esculentus
Kalbas:	Crescentia cujete
Kanèl:	Cinnamomum zeylanicum
Kann :	Saccharum officinarum
Kanpèch :	Haematoylon campechianum
Kas:	Cassia fistula
Kawòt:	Daucus carota

Konkonm zonbi:	Datura stramonium
Kokoye:	Cocos nucifera
Koray:	Hamelia patens
Koulant:	Eryngium foetidum
Koupye:	Portulaca oleracea
Kreson:	Rorippa nasturtium- aquaticum
Lalwa:	Aloe vera
Lamitye:	Cuscuta americana
Lanman :	Solanum nigrum
Lanni:	Foeniculum vulgare
Lay :	Allium sativum
Leti:	Lactuca sativa
Lila:	Melia azedarach
Lorye woz:	Nerium oleander
Lougawou:	Kalanchoe pinnata
Lyann legliz:	Abrus precatorius
Lyann panye:	Chamissoa altissima
Madan Bouven:	Asclepias curassavica
Malonmen :	Euphorbia hirta
Mandarin:	Citrus reticulata
Mango:	Mangifera indica
Mant:	Mentha arvensis
Masketi:	Ricinus communis
Mayi:	Zea mays
Metsinyen barachen:	Jatropha gossypifolia
Metsinyen beni:	Jatropha curcas
Melon dlo:	Citrullus lanatus
Melon frans :	Cucumis melo
Monben Bata:	Trichilia hirta
Papay:	Carica papaya
Pèsi:	Petroselinum sativum
Piman zwazo:	Capsicum frutescens
Planten:	Plantago major
Ponmtè:	Solanum tuberosum
Powo:	Allium porrum
Pwa:	Phaseolus vulgaris
Pwadchous:	Phaseolus lunatus
Pwa pyant:	Senna occidentalis
Pwa grate:	Mucuna pruriens
Rezen:	Vitis vinifera



Masketi
Ricinus communis
Malonmen
Euphorbia hirta
Rezen
Vitis vinifera
Planten
Plantago major

Simen Kontra
Chenopodium ambrosioides






Sezi
Thevetia peruviana



Sonèt
Crotalaria retusa


Sabliye:	Hura crepitans
Safran:	Curcuma longa
Seleri:	Apium graveolens
Seriz:	Malpighia punicifolia
Sezi:	Thevetia peruviana
Simen kontra:	Chenopodium ambrosioides
Sitwon:	Citrus aurantifolia
Sitwonèl:	Cymbopogon nardus
Siv:	Allium schoenoprasum
Sonèt:	Crotalaria retusa
Tabak:	Nicotiana tabacum
Tamaren:	Tamarindus indica
Tcha-tcha:	Albizia lebbeck
Ten:	Thymus vulgaris
Tibi:	Polygala penaea
Tibonm:	Mentha nemorosa
Tomat:	Lycopersicon esculentum
Woukou:	Bixa Orellana
Zaboka:	Persea americana
Zabriko:	Mammea americana
Zanana:	Ananas comosus
Zepina:	Spinacia oleracea
Zepina peyi:	Amaranthus sp
Zonyon:	Allium cepa
Zoranj:	Citrus sinensis
Zoranj si:	Citrus aurantium



Tamaren
Tamarindus indica



Ti bonm
Mentha nemorosa



Woukou
Bixa orellana

MEN KÈK LIV NOU TE KONSILTE POU FÈ TRAVAY SA A

Becker, G. (1984) *Les Plantes Toxiques,* Editions Grund Paris, 224 PP.

Bulletin de Liaison de l'Agence de Coopération Culturelle et Technique, Vol O, No 0- Vol 1, No 1- Vol 1, No 2- Vol 2 No 1 Vol 2, No 2- Vol 3, No 1- Vol 3, No 2.

Charles, Y.J. et Darrigol J.L. (1988) *Guide Pratique de Diététique Familiale,* Edition Dangles, 320 PP.

Debuigne, G. (1972) *Dictionnaire des Plantes qui Guérissent,* Librairie Larousse, Paris, 256 PP.

Duke, J. A. (1985) *Handbook of Medicinal Herbs*, C.R.C. Press Inc. Florida, 677 PP.

Ministère de la Santé et de la Famille, (1981), *Pharmacopée Francaise*, IX Edition. Presse de l'Imprimerie Maison Neuve, France.

Morton, J. F. (1981) *Atlas of Medicinal Plants of Middle America,* c.c Thomas Pub. Springfield, U.S.A, 1420 PP.

Oliver- Berver B. *Medicinal Plants in Tropical West Africa,* Cambridge University Press, Cambridge, 375 PP.

Paris R. R. et Moyse H. *Précis de Matière Médicale,* Tomes I, II, III Paris, France.

Pousset , J. L . (1989) *Plantes Médicinales Africaines, Utilisation pratique,* A.C.C.T., Edition Marketing, Paris,156 PP.

Tramil III (1988) *Eléments pour une Pharmacopée Caraibe,* Enda Caraibe, 318 PP.

Valnet , J. (1975) *Aromathérapie* , Maloine S. A. Ed. 542 PP.

PAJ VÈT YO

KOUMAN POU NOU SÈVI AK MEDIKAMAN KI EKRI NAN LIV SA A



Medikaman yo ranje dapre fason nou sèvi ak yo. Pa egzanp tout medikaman nou sèvi pou enfeksyon vè bay, yo ranje yo anba POU VÈ.

Si nap chache yon enfòmasyon sou yon medikaman, chache non li nan LIS MEDIKAMAN ki koumanse nan paj 396. Osinon chache nan LIS NON MEDIKAMAN ki koumanse nan paj 399. Lè nou jwenn non medikaman nap chache a, gade nan ki paj li ye.

Yo konnen medikaman yo dapre **non kalite yo** pito pase **non mak la** (non yo bay nan laboratwa). Yo fè sa paske se menm non kalite an nan tout peyi, tandiske non mak lan chanje nan chak peyi. Epitou, **medikaman yo yon ti jan pi bon mache lè nou achte yo sou non kalite a pase lè nou achte yo sou non mak yo.**

Gen kèk kote, yo bay non mak la apre yo fin bay non kalite a. Nan liv sa a non mak la ekri ak **ti lèt panche** epi li koumanse ak gwo lèt. Pa egzanp, ***Fenègan*** se non mak yon medikaman anti-istamin yo rele **pwometazin** (pwometazin se non kalite a).

Pou chak kalite medikaman, yo kite yon kote vid _____ pou nou kapab **ekri** non ak pri medikaman yo achte pi fasil epi ki pi bon mache nan zòn lan. Pa egzanp si se ***teramisin*** ki pi bon mache osinon si se limenm nou jwenn pou tetrasiklin, nou dwe make l kote ki vid lan konsa:

Tetrasiklin (tetrasiklin HCL, oksitetrasiklin, eks.)

Non:_____Teramisin_____ pri:___6 goud 25___ pou___6 kapsil___.

Tansèlman, si nou jwenn nou kapab achte **tetrasiklin** lan sou non kalite pi bon mache pase *teramisin*, ekri pito:

Non:_____oksitetrasiklin_____ pri __5 goud_____ Pou ___60 kapsil___.

Atansyon: Nou pap bezwen tout medikaman ki nan PAJ VÈT YO nan Bwat fanmasi pou lakay osinon pou Bouk la. Medikaman yo pa menm tout kote, se pou sa yo bay non plizyè medikaman kap fè menm travay lan. Tansèlman toujou chonje:

Kenbe yon ti kantite medikaman sèlman pou nou sèvi.

MEN KOUMAN YO ESPLIKE DÒZ MEDIKAMAN YO:

FRAKSYON YO EKRI KONSA

1/2 grenn = mwatye yon grenn = 

1 1/2 grenn = yon grenn ak yon demi grenn = 

1/4 grenn = yon ka grenn osinon yon mwatye nan demi grenn = 

1/8 grenn = yon wityèm grenn (lè nou fè yon grenn fè wit (8) moso, nou pran yonn ladan l) = 

KOUMAN NOU KA KONNEN DÒZ POU BAY YON MOUN LÈ NOU KONNEN PÈZ MOUN LAN

Nan paj sa yo, yo esplike dòz yo dapre laj moun nan. Se menm jan tou, timoun yo pran dòz ki pi piti pase pa granmoun yo. Men li pi bon pou konnen dòz la dapre pèz moun nan. Yo konn bay esplikasyon sa yo tou kout nan yon parantèz ( ), pou ajann sante yo ki gen mezi. Si nou li...

(100 mg. / kg / jou),

sa vle di 100 miligram pou chak kilo pèz malad la chak jou. Ki vle di, pou tout yon jounen (24 è) bay 100 mg. medikaman an pou chak kilo pèz malad la.

Men yon egzanp : si nou vle sèvi ak aspirin pou bay yon timoun ki gen lafyèv rimatis epi ki peze 36 kilo. Dòz ki bon pou nou ba li a pou jan lafyèv sa a se 100 mg./kg/ jou. Miltipliye l konsa:

100 mg X 36 = 3.600 mg.

Fòk nou bay timoun nan 3600 mg. aspirin chak jou. Si yon grenn aspirin gen 300 mg aspirin ladan l, se 12 grenn ki fè 3600 mg. Konsa nou konnen nou dwe bay timoun nan de grenn 6 fwa chak jou (oubyen de grenn chak kat (4) èdtan).

Se yon fason pou nou kalkile dòz anpil medikaman. Pou nou konnen pi plis ki jan pou nou mezire epi kalkile dòz plizyè medikaman, wè Chapit 8 lan.

POU TOUT MOUN KAP FÈ EDIKASYON AK PLANIFIKASYON POU BAY BON JAN SWEN LASANTE AK MOUN KAP DISTRIBIYE LIV SA A.

Si liv lan dwe sèvi nan yon pwogram fòmasyon pou ajann sante nan zòn andeyò oubyen si lap distribiye nan yon pwogram ki bay swen lasante, **anpil enfòmasyon sou non ak pri medikaman yo nan zòn lan dwe ale ak liv sa a.**

Nou konseye tout moun kap distribiye liv la nan zòn lakay yo, pou yo sèvi ak yon fèy pou ekri tout enfòmasyon sa yo pou moun kap sèvi ak liv la kapab kopye yo.

Chak fwa se posib, mete nan liv sa a tout **non komès medikaman yo** osinon tout materyo ki bon mache nan zòn lakay nou (Wè "Fè pwovizyon pou Bwat Fanmasi" paj 367).

LIS MEDIKAMAN NAN PAJ VÈT YO

Lis sa a fèt dapre lòd medikaman yo parèt nan liv la

ANTIBYOTIK

Penisilin yo: Antibyotik ki enpòtan anpil

Wè paj

Penisilin pa bouch
Penisilin G osinon V 402

Piki Penisilin
Penisilin ki travay yon ti tan nan kò moun:
Penisilin kristalin, benzilpenisilin, penisilin G, penisilin nan dlo, penisilin ki ka fonn, penisilin sodyòm, penisilin potasyòm, ... 403
Penisilin ki travay yon ti tan pi long nan kò moun:
penisilin pwokayin, penisilin pwokayin aliminyòm monostearat (PAM) 403
Penisilin ki rete anpil tan ap travay nan kò moun:
penisilin benzatin osinon penisilin benetamin 403

Anpisilin ki bon pou anpil kalite jèm maladi 404

Penisilin ak Estreptomisin 405

Eritwomisin:
Li ka sèvi nan plas penisilin 406

Tetrasiklin:
yon medikaman ki bon pou anpil kalite jèm maladi

Tetrasiklin, tetrasiklin HCL, oksitetrasiklin, eks. 407

Kloramfenikòl:
Yon antibyotik pou tifoyid 408

Silfa osinon silfonamid yo:

Medikaman bon mache pou enfeksyon òdinè

Silfadyazin, silfisoksazòl, silfadimidin, trisilfa 409

Medikaman Pou Tibèkiloz

Estreptomisin 410
Izonyazid (INH) 410
Tyasetazòn 411
Etanbitòl 411

Pou maladi Lalèp Silfòn

Dapsòn (dyaminodifenilsilfòn, DDS) 412

LÒT MEDIKAMAN

Pou Malarya

Klowokin 413
Primakin 414
Pirimetamin 414

Pou Amib ak Gyadya

Tetrasiklin 407
Metwonidazòl 414
Kinakrin 415
Diyodoidwoksikin 415
Iodokloridwoksikin ***(Antewo-Vyofòm)*** ... 415

Pou enfeksyon nan vajen

Vinèg blan 416
Metwonidazòl 416
Diyodoidwoksikin, sipozitwa
pou mete nan vajen 416
Nistatin an grenn, an krèm
epi an sipozitwa pou vajen 416
Jansyàn (Vyolèt) 416
Silfatyazòl-sipozitwa pou vajen 416

Pou maladi po

Savon 416
Savon ki gen egzaklowofèn 416
Souf 416
Jansyàn (Vyolèt) 417
Pèmanganat Potasyòm 417
Pomad antibyotik 417
Pomad osinon losyon
kòtiko-estewoyid 417
Petwoleyòm *(Vazlin)* 417

Pou pyas
ak lòt enfeksyon chanpiyon sou po

Pomad ki gen asid oundesilenik,
benzoyikosinon salisilik 417
Souf ak vinèg 418
Tyosilfat Sodyòm 418
Griseofilvin 418
Jansyàn (Vyolèt) - pou chanklèt 418
Nistatin - pou chanklèt 418

Pou Lagal ak Pou

Gama benzèn egzaklorid - (lendàn) 418
Benzil benzoat, Krèm osinon losyon 419
Souf nan ***Vazlin*** osinon nan mantèg 419

Pou Vè

Piperazin - pou askaris ak oksiyi 419
Tyabendazòl - pou divès kalite vè 419
.Tetrakloretilèn (TKE) pou ankilostòm 420
Mebendazòl (***Vèmoks, Vèmizol***) 420
Befenyòm - pou ankilostòm 420
Niklozamid (**Yomezan**)-pou tenya 421
Diklowofèn (**Antifèn**)- pou tenya, eks... 421

Pou je

Pomad pou enfeksyon nan je-
pou je wouj 421
Gout nitrat dajan,1%
pou je tibebe ki fenk fèt 421

Pou kraze doulè:
Analjezik

Aspirin 421
Asetaminofèn (parasetamòl) 422
.Ègotamin ak kafeyin - 422
pou tèt fè mal (migrenn)

Pou anpeche moun soufri
lè nap fèmen yon blese
Anestezik

Lidokayin (Zilokayin) 423

Pou doulè kranp nan vant
anti - espasmodik

Beladòn (avèk osinon san fenobabital) .. 423

Pou endijesyon asid, lestonmak
boule ak ilsè lestonmak
Anti-asid

Idwoksid aliminyòm ak idwoksid
mayezyòm (osinon trisilikat) 423
Bikabonat sodyòm 424

Pou moun ki manke dlo

Sewòm oral 424

Pou moun ki sere (ki watè di anpil)
Ti metsin pou lache

Lèt mayezi - (Idwoksid mayezyòm) 425
Sèl depsonn (silfat mayezyòm) 425
Lwil mineral 425

Pou ti dyare

Kaolen avèk pektin (Kaopektat) 425

Pou nen bouche

Gout pou nen avèk efedrin osinon fenilefrin 426

Pou Tous
Medikaman pou kalme tous

Kodeyin 426
Idrat kloral 426

Medikaman pou dekole larim

Yodi potasyòm 426

Pou opresyon

Efedrin 427
Teofilin osinon aminofilin 427
Adrenalin ***(epinefrin, adrenalin)*** 427

Pou alèji ak vonmisman
Anti- istaminik

Pwometazin ***(Fenègan)*** 428
Difenidramin ***(Benadril)*** 428
Klofeniramin 428
Dimenidrinat ***(Dramamin)*** 429

Antitoksin

Sewòm antipwazon osinon sewòm antivenen eskòpyon 429
Sewòm antitetanik (SAT) 429

Lè yon moun vale pwazon

Siwo Ipeka 430
Poud chabon 430

Pou Kriz

Fenobabital ***(Fenobabitòn)***
Difenilidantoyin ***(Dilantin, Fenitoyin)*** 430
Dyazepam ***(Valyòm)*** 431

Pou fi kap senyen lè yo fin akouche

Ègonovin osinon ègometrin maleat ***(Ègotrat, Metèjin)*** 431
Ositosin (Pitosin) 432

Pou Emowoyid

Sipozitwa pou emowoyid 432

Pou malnitrisyon ak anemi (feblès)

Poud lèt (lèt chèch san grès) 432
Vitamin melanje (miltivitamin) 432
Vitamin A- pou moun ki pa wè nan fè nwa, pou moun kap soufri zewosis 433
Silfat fè pou anemi (feblès) 433
Asid folik - pou anemi 433
Vitamin B12- (syanokobalamin) pou kèk kalite anemi **sèlman** 434
Vitamin K (fitomenadyòn) lè yon tibebe fenk fèt koumanse ap senyen 434
Vitamin B6 (piridoksin) pou moun kap pran izonyazid 434

Metòd pou kontwole fè pitit

Grenn pou kontwole fè pitit 434
Kapòt 435
Dyafrag 435
Krèm pou pa fè pitit 435
Esterilè (filaman) 436
Piki pou pa fè pitit 436

LIS NON MEDIKAMAN KI NAN PAJ VÈT YO (Non kalite yo)

Lis sa a fèt daprè lòd lèt yo nan alfabè ayisyen an:
A-, -B-, -CH-, -D-, -E-, -F-, -G-, -I-, -J-, -K-, -L-, M-, -N-, O-, -P-, -R-, -S-, -T-,-U-, -V-, -W-, -Y-, Z-.

- - - - - - - - - - - - - - -

Atansyon: Nap jwenn medikaman ki pa nan paj vèt yo nan lis mo yo (paj jòn)

A

Adrelanin 427
Alèji, medikaman pou 428
Amib, medikaman pou 414
Aminofilin 427
Analjezik 421
Anemi, medikaman pou 432
Anestezik 423
Anpisilin 404
Anti asid 423
Antibyotik 402
Anti-espasmodik 423
Anti-istamin 428
Asetaminofèn 422
Asid asetilsalisilik 421
Asid benzoyik 417
Asid folik 433
Asid undesilenik 417
Asid salisilik 417
Aspirin 421

B

Befenyòm 420
Beladòn 423
Benetamin 404
Benzil benzoat 419
Benzatin 404
Bikabonat 424

D

Dapsòn 412
Difenidramin 428
Difenilidantoyin 430
Diklowofèn 421
Dikloksasilin 402
Dlo, sèvi ak 426
Diyodoidwoksikin 415
Doulè, medikaman pou 421
Dimenidrinat 429
Dyare, medikaman pou 425
Dyazepam 431
Dyafrag 435

E

Efedrin 427
Ègometrin 431
Ègonovin 431
Ègotamin ak kafeyin 422
Egzaklowofèn 416
Emoraji, medikaman pou 431
Emowoyid, medikaman pou 432
Enfeksyon chanpiyon, medikaman pou .. 417
Enfeksyon, medikaman pou 402
Enfeksyon nan vajen, medikaman pou .. 416
Epinefrin 427
Eritwomisin 406
Esterilè (filaman) 436
Estreptomisin 410
Etanbitòl 411

F

Feblès (anemi), medikaman pou 432
Fenègan 428
Fenilefrin 426
Fenobabital 430
Fenobabitòn 430
Fenoksimetil (penisilin V) 402
Fitomenadyòn 434

G

Gama benzèn ekzaklorid 418
Grenn pou kontwole fè pitit 434
Griseofilvin 418

I

Idrat kloral 426
Idwoksid aliminyòm 423
Idwoksid mayezyòm 425
Izonyazid (INH) 410

J

Je, medikaman pou 421

K

Kaolen ak pektin 425
Kapòt 435
Kinakrin 415
Klofeniramin 428
Kloksasilin 402
Kloramfenikòl 408
Klotetrasiklin 421
Klowokin 413
Kodeyin 426
Kòtiko- estewoyid 417
Kòtizòn 432
Krèm pou pa fè pitit 435
Kriz, medikaman pou 430

L

Lagal, medikaman pou 418
Lakranp nan vant, medikaman pou 423
Lalèp, medikaman pou 412
Larim, medikaman pou dekole 426
Lendàn 418
Lèt mayezi 425
Lidokayin 423
Lwil mineral 425

M

Maladi po, medikaman pou 416
Malarya, medikaman pou 412
Malnitrisyon, medikaman pou 432
Maltèt, medikaman pou 422
Manke dlo, medikaman pou 424
Mebendazòl 420
Mepakrin 415
Metèjin 431
Metisilin 402
Metòd pou kontwole fè pitit 434
Metwonidazòl 414

N

Nafsilin 402
Nen bouche, medikaman pou 425
Neomisin 417
Niklozamid 421
Nistatin 416
Nitrat dajan 421

O

Oksasilin 402
Oksitetrasiklin 407
Opresyon, medikaman pou 427
Ositosin 432

P

Parasetamòl 422
Penisilin 402
  Anpisilin 404
  Benetamin 404
  Benzatin 404
  Benzilpenisilin (penisilin G) 402
  Fenoksimetil (penisilin V) 402
  Kristalin 404
  PAM (penisilin pwokayin aliminyòm monostearate) 403

Pwokayin 404
Ak estreptomisin 405
Pèmanganat potasyòm 417
Petwoleyòm 417
Piki pou pa fè pitit 436
Piperazin 419
Piridoksin (Vitamin B6) 434
Pirimetamin 414
Pituitrin 431
Polimiksin 417
Pomad antibyotik 417
Pou, medikaman pou 417
Poud chabon 430
Poud lèt 432
Primakin 414
Pwazon, medikaman pou lè moun vale 430
Pwometazin 428
Pyas, medikaman pou 417

S

Savon 416
Sewòm antipwazon 429
Sewòm antipwazon eskòpyon 429
Sewòm antitetanik (SAT) 429
Sewòm oral 424
Sèl Depsonn 425
Senyen, medikaman pou 431
Silfa (silfonamid) 409
Silfadimidin 409
Silfadyazin 409
Silfametazin 409
Silfisoksazòl 409
Trisilfa 409
Silfat fè 433
Silfatyazòl 416
Silfòn (dapsòn, DDS) 412
Siwo lpeka 430
Souf 412
Syanokobalamin (Vitamin B12) 430 416 434

T

Teofilin 427
Tetrakloretilèn (TKE) 420
Tetrasiklin 407
Oksitetrasiklin 407
Tetrasiklin (HCL) 407
Tenya, medikaman pou 421
Tibèkiloz, medikaman pou 409
Tifoyid, medikaman pou 408
Ti metsin pou lache 424
Tous, medikaman pou 426
Tyabendazòl 419
Tyasetazòn 411
Tyosilfat sodyòm 418

V

Vazlin 417
Vè, medikaman pou 419
Vinèg blan 416
Vitamin 432
Vonmisman, medikaman pou 428
Vyolèt jansyàn 417

Y

Yodi potasyòm 426
Yodokloridwoksikin 415
Yoksyamin (atwopin) 423

Z

Zilokayin 423

SÈVI SÈLMAN AK YON MEDIKAMAN LÈ NOU SÈTEN LI NESESÈ EPI LÈ NOU KONNEN KOUMAN POU NOU SÈVI AVÈK LI

SA POU NOU KONNEN SOU MEDIKAMAN

ANTIBYOTIK

PENISILIN YO : BON RENMÈD POU TOUYE MIKWÒB, JÈM MALADI

Penisilin se yonn nan renmèd yo pi sèvi pou touye jèm maladi. Li bon pou anpil kalite enfeksyon, menm enfeksyon ki bay postim, men li pa bon pou pifò kalite dyare, pou pifò enfeksyon nan aparèy pipi, maldo, grafouyen, grip òdinè, varisèl, osinon lòt kalite enfeksyon ak lòt jèm maladi (wè paj 17 ak 18).

Yo mezire dòz penisilin lan an miligram (mg.) osinon an inite (I). Konsa, penisilin G, 250 mg. = 400.000 I

Danje ak prekosyon pou tout kalite penisilin (anpisilin ladan l):

Pou pifò moun, penisilin se yonn nan medikaman ki pa gen danje ladan l. Lè yo pran yon dòz depase, li pap fè yo anyen. Sèlman se gaspiye yo gaspiye lajan yo. Men lè yo pran yon dòz twò fèb, **li pa rete enfeksyon an**, lèfini sa ka lakòz jèm maladi a vin pi difisil pou mouri.

Men, gen kèk moun san yo pa ale ak penisilin. Yo fè **alèji ak penisilin.** *San yo pa ale avè l.* Lè konsa yo konn gen gratèl ak chofi ki leve sou tout kò yo.

Sa konn pran kèk tan, menm kèk jou apre yo fin pran penisilin lan anvan yo parèt. Konsa tou, moun lan ka pase **kèk jou ak alèji a**. Anti-istamin yo (paj 428) ka ede fè gratèl la sispann.

Yon lè konsa nou ka jwenn moun ki ka fè **gwò alèji**, ki ka pran **gwo chòk.** Lè konsa, fini moun lan fini pran penisilin lan, li koumanse dekonpoze, li pa ka pran souf byen, li tankou yon moun ki pran yon chòk (wè paj 75). **Se pou yo ba li adrenalin lamenm.**

Se pou nou toujou gen *Adrenalin* la tou pare lè nap bay piki penisilin (wè paj 427).

Si yon moun wè penisilin lan ba li **alèji (nenpòt ki alèji)** yon fwa, yo **pa fèt pou yo janm ba li** apre sa okenn kalite penisilin osinon anpisilin. Paske yon lòt fwa, alèji a ka pi fò, li ka rive touye l menm.

Pou pifò enfeksyon penisilin ka geri, nou gen dwa pran penisilin yo ka pran nan bouch. Piki penisilin gen plis danje ladan l pase nan penisilin yo ka pran nan bouch la.

Sèvi ak piki penisilin sèlman pou gwo enfeksyon, ak pou enfeksyon ki gen danje ladan l.

Anvan nou bay piki penisilin osinon nenpòt lòt medikaman ki gen penisilin ladan l, pran tout prekosyon yo bay nan paj 75 la.

Lè penisilin lan pa travay:

Gen de lè penisilin lan pa fè anyen sou enfeksyon an, li pa ka kontwole ni konbat enfeksyon an, jan pou l ta fè l la. Se ka paske jèm maladi a vin gen yon fòs pou kenbe tèt ak penisilin lan, konsa penisilin lan pa fè l anyen. Nan maladi ki ka kenbe tèt ak penisilin lan nou jwenn enpetigo, maleng nan po ki bay pi ak lòt maladi enfeksyon zo (osteomyelit).

Si yonn nan maladi sa yo soti pou kenbe tèt ak penisilin lan, nou mèt eseye yon lòt antibyotik. Gen lòt kalite penisilin tankou metasilin, nafsilin, oksasilin, kloksasilin, dikloksasilin ki ka bay ranman.

Lè se ekoulman kap kenbe anba penisilin lan, sèvi ak tetrasiklin osinon estreptomisin jan yo di l nan paj 259 ak paj 410.

PENISILIN PA BOUCH

Penisilin G osinon V:

Non:_____ pri: ____ pou: ____.

Eritwomisin lan pa gen danje ladan l, men atansyon pou nou pa depase dòz yo bay pou chak kalite moun. Nou ka bay li pandan de senmenn, pa plis, paske li ka bay lajonis.

Dòz eritwomisin pou moun ki gen san yo pa ale ak penisilin:

Li toujou bon pou nou pran eritwomisin antan nap manje pou l pa boulvèse lestonmak nou.

Bay yon dòz kat fwa pa jou.

Nan chak dòz, na bay:

granmoun: 500 mg. (2 grenn osinon 4 ti kiyè siwo)

timoun ant 8 ak 12 an: 250 mg. (1 grenn osinon 2 ti kiyè siwo)

timoun ant 3 ak 7 an: 150 mg. (yon mwatye grenn osinon yon ti kiyè siwo)

timoun ki poko gen twazan: 75 mg. rive 150 mg. (yon ka rive yon mwatye grenn osinon yon demi ti kiyè osinon yon ti kiyè).

TETRASIKLIN
YON MEDIKAMAN KI BON POU ANPIL KALITE JÈM MALADI

<u>Tetrasiklin (tetrasiklin HCL, oksitetrasiklin,</u> eks. (Mak ***Teramisin*** lan pi chè)

Non:——————————

Nou jwenn li pi fasil:
an kapsil ki gen 250 mg.
pri:——pou——
osinon an siwo
ki gen 125 mg. nan chak ti kiyè
pri:——pou——.

Tetrasiklin se yon medikaman ki bon pou anpil kalite jèm maladi. Li pi bon pou nou pran tetrasiklin pa bouch pase an piki, paske li fè menm travay la epi li bay mwens pwoblèm.

Yo ka sèvi ak tetrasiklin pou:

dyare osinon disantri ki soti nan bakteri (jèm maladi) ak nan parazit yo rele amib la.
enfeksyon nan kannal souf moun (bwonchit eks)
sinizit (enfeksyon nan twou zo figi moun)
enfeksyon nan aparèy pipi
trakòm
enfeksyon nan fyèl

Tetrasiklin pap fè anyen pou moun ki gen grip òdinè a. Konsa tou pou anpil lòt ti enfeksyon, penisilin ak renmèd silfa yo pi bon pase l. Lèfini, li chè tou. Pa sèvi twòp avè l.

Danje ak prekosyon:

1. Fanm ansent pa fèt pou pran tetrasiklin depi sou katriyèm mwa yo paske sa ka donmaje dan ti pitit la. Se pou menm rezon sa a timoun ki poko gen sizan pa fèt pou pran tetrasiklin esepte si pa gen okenn lòt medikaman yo ka ba yo. Menm lè sa a, yo pa fèt pou yo pran l pandan anpil jou.

2. Tetrasiklin ka bay moun dyare osinon ka deranje lestonmak yo si yo pran l pandan anpil jou san rete.

3. Gen gwo danje lè nou sèvi ak tetrasiklin ki depase dat li, osinon ki la twò lontan.

Dòz pou tetrasiklin (20 rive 40 mg. pou chak kilogram pèz moun lan chak jou) - kapsil ki gen 250 mg. ak siwo ki gen 125 mg. nan chak 5 mililit:

Nou bay tetrasiklin pa bouch 4 fwa pa jou.

Nan chak dòz, bay:

granmoun: 250 mg. (yon kapsil)

timoun ki gen ant 8 ak12 an: 125mg. (yon mwatye kapsil, osinon yon ti kiyè siwo)

timoun ki gen ant 4 ak 7 an: 80 mg. (yon tyè nan yon kapsil osinon de tyè yon ti kiyè siwo)

Penisilin ki rete anpil tan ap travay nan kò moun: Se benzatin osinon penisilin benetamin. Penisilin sa a pase tou dousman nan san moun kote li ka rete pandan yon mwa konsa ap travay. Yo pi fasil sèvi avè l pou geri yon kalite malgòj ki retif anpil osinon pou anpeche moun trape lafyèv rimatis. Li ta bon tou, lè malad la pa gen moun pre l ki pou ba li piki, osinon lè yo pa ka fye malad la pou l pran grenn penisilin. Pou yon ti enfeksyon ki pa twò grav, yon sèl piki ka kont. Pifò piki Benzatin penisilin yo konpoze ansanm ak lòt ki aji vit yo.

Penisilin kristalin (li aji vit pou yon ti tan)

Non:_____ pri: ____ pou ___.

Yo jwenn li pi fasil nan ti poban ki gen yon milyon inite ladan l (625 milligram)

Dòz penisilin kristalin pou nou bay pou gwo ka enfeksyon , se menm dòz ak nenpòt lòt penislin ki aji vit yo.

Bay yon piki chak katrèdtan osinon chak sizèdtan.

Nan chak piki, bay:
- yon milyon inite pou granmoun
- 500.000 inite pou timoun ant 8 ak 12 an
- 250.000 inite pou timoun ant 3 ak 7 an
- 125.000 inite pou timoun ki poko gen 3 an
- 150.000 inite **de fwa** pa jou ase pou tibebe ki fenk fèt.

Penisilin pwokayin (li rete pi lontan nan kò moun ap travay)

Non:_____ pri: ____ pou ___.

Yo jwenn li pi fasil nan ti poban ki gen 300.000 inite, 400.000 inite, osinon plis tou.

Dòz pou nou bay nan gwo ka enfeksyon ki pa twò anvlimen:

Bay **yon** piki chak jou.

Nan chak piki nap bay:
- 600.000 rive 1.200.000 inite pou granmoun
- 600.000 inite pou timoun ant 8 ak 12 an
- 300.000 inite pou timoun ant 3 ak 7 an
- 150.000 inite pou timoun ki poko gen 3 an.

Pa bay timoun ki fenk fèt, esepte si nou ka jwenn lòt kalite penisilin osinon anpisilin. Nan ka prese sa yo bay 75.000 inite.

Lè enfeksyon an grav anpil, double dòz la. Tansèlman, pito nou sèvi ak penisilin ki aji vit yo.

Nou bay menm ***dòz*** tankou pou penisilin pwokayin senp lan.

Penisilin pwokayin lan pi bon pou tretman ekoulman ak sifilis. Men lè sa a, se pou nou bay gwo dòz. Wè paj 260 ak paj 261 pou dòz yo.

Penisilin benzatin (li rete anpil tan ap travay nan kò moun)

Non:_____ pri: ____ pou ___.

Nou jwenn li pi fasil nan ti poban ki gen 1.200.000 osinon 2.400.000 inite

Dòz nou bay pou ti enfeksyon osinon gwo enfeksyon ki pa twò anvlimen:

Bay yon piki chak 4 jou. Pou ti enfeksyon, yon sèl piki kont:

granmoun: 1.200.000 inite
timoun ant 8 ak 12 an 600.000 inite
timoun ant 3 ak 7 an: 300.000 inite
timoun ki poko gen 3 an 150.000 inite

Pou anpeche lafyèv rimatis tounen sou yon moun ki te gen maladi sa a na ba li yon dòz doub chak twa osinon chak kat senmenn (wè paj 343).

ANPISILIN:
(YON KALITE PENISILIN KI FÒ ANPIL)

Anpisilin

Non:_____ pri: ____ pou ___.

yo jwenn li fasil:
an poud pou fè siwo

125 osinon 250 mg.
nan chak ti kiyè pri:_____pou:____.
an kapsil, (grenn) 250 mg.
pri:_____pou:____.
an piki, 250 mg. pri:_____pou:____.

Anpisilin **se yon kalite penisilin ki fò anpil,** li bon pou anpil kalite maladi. Li touye plis kalite jèm maladi pase lòt penisilin yo. Li gen mwens danje pase lòt antibyotik ki bon pou anpil kalite jèm maladi tankou l. Li bon anpil pou tibebe ak timoun.

Men pou yonn, li chè anpil. Pou de, li ka bay dyare osinon chanklèt, se poutèt sa depi nou ka sèvi ak lòt kalite penisilin senp yo pou menm rannman an, pa sèvi ak anpisilin.

Anpisilin lan an siwo osinon an kapsil bay bon rezilta. Sèvi ak piki a sèlman pou gwo ka enfeksyon tankou mennenjit, enfeksyon nan vant ak apendisit, osinon lè malad la ap vonmi, lè li pa ka vale medikaman.

Anpisilin bon sitou pou geri:

enfeksyon nan san ak lòt maladi timoun fenk fèt ka genyen
nemoni
enfeksyon nan zorèy kay timoun ki poko gen sizan
gwo dyare osinon disantri ki mache
ak lafyèv
mennenjit
enfeksyon nan vant
apendisit
gwo enfeksyon nan aparèy pipi a
lafyèv tifoyid (lè yo fin kontwole maladi a ak kloramfenikòl osinon lè kloramfenikòl lan pa fè anyen - si maladi a ap kenbe tèt ak kloramfenikòl lan).

Moun ki fè alèji lè yo pran penisilin pa fèt pou pran anpisilin. Wè ***Danje ak prekosyon*** lè nap bay penisilin, nan paj 402.

Dòz pou anpisilin:

Pa bouch - (25 rive 50 mg. pou chak kilogram pèz moun pa jou):
kapsil ki gen 250 mg.; siwo ki gen 125 mg. nan chak ti kiyè

Bay 4 dòz chak jou.

Nan chak dòz, bay:

granmoun: 2 kapsil osinon 4 ti kiyè (500 mg.)
timoun ant 8 ak 12 an: 1 kapsil osinon 2 ti kiyè (250 mg.)
timoun ant 3 ak 7 an: mwatye (1/2) kapsil osinon 1 ti kiyè (125 mg.)
timoun ki poko gen twazan: Yon ka (1/4) kapsil osinon demi (1/2) ti kiyè (62 mg.)
timoun ki fenk fèt: menm dòz ak timoun ki poko gen twazan.

An piki, pou gwo ka enfeksyon (50 rive 100 mg. pou chak kilogram pèz moun lan pa jou - pou mennenjit: nou ka rive bay 300 mg. pou chak kilogram pèz moun lan pa jou):
ti poban ki gen 250 mg.

Bay 4 dòz pa jou, yonn chak sizèdtan.

Nan chak dòz, na bay:

granmoun: 500 mg. (2 ti poban 250 mg.)
timoun ant 8 ak 12 an: 250 mg. yon (1) ti poban 250 mg.)
timoun ant 3 ak 7 an: 125 mg. (yon demi poban 250 mg.)
timoun ki poko gen twazan: 62 mg. (yon ka poban 250 mg.)
pou timoun ki fenk fèt: 125 mg. (yon 1/2 poban 250 mg.), **de fwa** ase pa jou.

Kontinye bay anpisilin lan de jou apre tout siy enfeksyon an disparèt.

PENISILIN AK ESTREPTOMISIN

Nan anpil peyi yo jwenn yon kalite penisilin ki mele ak estreptomisin. Moun yo renmen sèvi twò dri avè l. Si nan zòn nou an nou konnen yon kalite penisilin konsa moun yo konn sèvi, make non li, fòs li, ak pri li.

Non:————pri:————pou——

Penisilin ak estreptomisin fèt pou sèvi ansanm sèlman nan ka espesyal nan plas anpisilin, lè anpisilin lan twò chè, osinon lè yo ka jwenn li. Yo pa fèt pou sèvi pou ti ka enfeksyon osinon pou ti grip òdinè.

Lè nou sèvi twòp ak estreptomisin pou nenpòt ti maladi ki pa tibèkiloz, lè nou jwenn moun nan zòn lan ki gen tibèkiloz tout bon, jèm maladi a ap kenbe tèt ak estreptomisin lan. Tretman an vin pi difisil. Lèfini, estreptomisin lan ka fè moun lan pa tande.

Nou ka sèvi ak penisilin mele ak estreptomisin lan nan plas anpisilin pou pifò ka maladi kote anpisilin lan bon (wè paj 405). Men anpisilin lan gen mwens danje, sitou pou timoun.

Nòmalman, pase pou nou achte piki penisilin lan tou melanje ak estreptomisin lan, pito se nou menm ki fè piki yo yonn apre lòt. Pou yonn, lap pi bon mache si nou achte yo chak apa. Pou de, lap pi fasil pou nou konnen ki dòz pou nou bay.

Dòz penisilin lan ansanm ak estreptomisin - **pou gwo ka enfeksyon:**

Bay penisilin ki aji vit la, ki gen pou pi piti 25.000 inite pou chak kilogram pèz moun malad la kat fwa pa jou, ansanm ak yon dòz estreptomisin ki gen 30 rive 50 mg. pou pi plis pou chak kilogram pèz moun malad la chak jou.

Pou tibebe ki fenk fèt, bay penisilin ki aji vit la ki gen 50.000 inite pou chak kilogram pèz moun lan, de fwa chak jou ansanm ak yon dòz estreptomisin ki gen 20 mg. pou chak kilogram pèz timoun lan yon fwa chak jou.

	Bay penisilin ki aji vit la ki gen	**ak estreptomisin ki gen**
granmoun	1.000.000 inite 4 osinon 6 fwa pa jou	1 gram (òdinèman 2 mililit) yon fwa pa jou
timoun ki gen ant 8 ak 12 an	500.000 inite, kat osinon 6 fwa pa jou	750 mg. (osinon yon mililit edmi) yon fwa pa jou
timoun ki gen ant 3 ak 7 an	250.000 inite kat osinon 6 fwa pa jou	500 mg. (osinon yon mililit) yon fwa pa jou
timoun ki poko gen twazan	125.000 inite kat osinon 6 fwa pa jou	250 mg (yon demi mililit) yon fwa pa jou
timoun ki fenk fèt	150.000 inite 2 fwa pa jou	60 mg (yon uityèm mililit) yon fwa pa jou

Pou ka enfeksyon ki anvlimen anpil, tankou enfeksyon anndan vant, apendisit, mennenjit, osinon gwo enfeksyon nan zo osteomyelit), nou ka bay yon pi gwo dòz penisilin. **Men tout jan pa janm depase dòz estreptomisin nou bay pi wo a.**

Pou ka enfeksyon ki pa twò grav men ki mande pou yo bay penisilin ansanm ak estreptomisin, nou gen dwa sèvi ak penisilin pwokayin la ansanm ak estreptomisin lan. Pou dòz pou nou bay pou penisilin pwokayin lan, wè paj 404. Pou estreptomisin lan, bay menm dòz nou bay pi wo a.

Se pou nou sèten nou li koze nou fè sou ***danje ki genyen ak prekosyon pou nou pran***, lè nap bay penisilin ak estreptomisin nan paj 402 ak nan paj 410.

ERITWOMISIN YON MEDIKAMAN KI KA RANPLASE PENISILIN

Eritwomisin

Non:_____

Nou pi fasil jwenn li:
an grenn osinon an kapsil 250 mg.

pri:_____pou_____

an siwo ki gen 125
osinon 250 mg. pou chak 5 mililit:

pri:_____pou_____

Eritwomisin lan pa fò tankou penisilin lan, lèfini li pi chè, men yo ka sèvi avè l nan plas penisilin pou moun ki gen san yo ki pa ale ak penisilin. Li bon pou yo mete l nan bwat fanmasi lakay osinon nan fanmasi bouk la lè nou konnen gen moun ki gen san yo ki pa ale ak penisilin.

Nou jwenn li: an grenn ki gen 250 mg. (400.000 inite) an dlo osinon an poud pou fè dlo, 125 osinon 250 mg nan yon ti kiyè.

(Kò moun pi fasil sèvi ak penisilin V a pase ak penisilin G a, men penisilin V a, pi chè).

Li pi bon pou sèvi ak penisilin nou ka vale pase pou nou pran penisilin an piki, pou enfeksyon ki pa twò avanse tankou:

apse dan osinon dan enfekte
blese kap fè pi ak anpil maleng ki enfekte
enpetigo
erisipèl
enfeksyon nan zorèy
sinizit
malgòj ak gwo lafyèv cho
bwonchit (pa tout lè)
pou anpeche tetanòs lakay moun ki pat pran vaksen epi ki blese osinon blese yo sal.

Si enfeksyon an la kèk jou, li ta pi bon pou koumanse tretman an avèk piki penisilin, men lè li koumanse geri, pito nou bay penisilin pou vale.

Si apre 2-3 jou tretman nou pa wè yon kòmansman gerizòn, chache yon lòt kalite antibyotik epi wè doktè nan sant lan.

Dòz penisilin pa bouch la - pou grenn ki gen 250 mg.: 20 mg. pou chak kilogram pèz moun lan pa jou

Pou ti enfeksyon:
granmoun: 250 mg. (yon grenn) kat (4) fwa pa jou
Timoun 6 an rive 12 an: 125 mg. (yon 1/2 grenn) 3 osinon 4 fwa pa jou.
Timoun piti ki poko gen 6 an: 50 rive 75 mg. (yon ka grenn) 3 osinon kat (4) fwa pa jou.
Pou gwo enfeksyon: double dòz yo.

ATANSYON: Se pou nou sispann pran grenn yo lè nou wè de twa jou pase san lafyèv, osinon apre nou pa santi gwo enfeksyon an ankò.

Pou renmèd la ka aji pi byen nan kò nou, **toujou vale penisilin lan lè lestonmak nou vid,** inèdtan anvan nou manje. (Konsèy sa a pi konsekan pou penisilin G a pase pou penisilin V a).

PIKI PENISILIN

Se pou nou sèvi ak piki penisilin pou gwo maladi enfeksyon tankou:

mennenjit
septisemi
tetanòs
gwo nemoni
maleng ki anvlimen
kangrenn
enfeksyon nan zo
osinon pou anpeche enfeksyon lè yon zo kase parèt deyò
ekoulman
sifilis

Gen divès kalite piki penisilin. Tout pa aji menm jan. Anvan nou bay piki penisilin, toujou sèten nou konnen ki **kalite** li ye ak ki **kantite** pou nou bay.

Chwazi kalite piki penisilin ki koresponn ak ka maladi a:

Gen yon kalite penisilin ki aji vit men ki rete pou yon ti tan ap travay nan kò nou. Gen lòt ki aji tou dousman. Yo menm yo rete pi lontan ap travay nan kò nou. Dapre ka maladi a nou ka sèvi pito ak yon kalite pase ak yon lòt.

Penisilin ki travay yon ti tan nan kò moun: Yo ba yo divès non. Yo rele yo penisilin kristalin, benzil-penisilin, penisilin nan dlo, penisilin ki ka fonn, penisilin sodyòm, penisilin potasyòm, ak penisilin G. Piki Penisilin sa yo aji vit, men yo rete yon ti tan ase ap travay nan kò moun. Konsa se pou nou bay yon piki chak sizèdtan (4 fwa pa jou). Kalite penisilin sa yo bon pou gwo ka enfeksyon, lè nou bezwen bay gwo dòz penisilin. Konsa, lè gen kangrenn, osinon lè yon zo kase epi li parèt deyò, se sa pou nou bay.

Penisilin ki travay yon ti tan pi long nan kò moun: Se penisilin pwokayin, osinon penisilin pwokayin aliminyòm monostearat (PAM). Yo menm yo aji pi dousman epi yo rete yon jou konsa ap travay nan kò moun. Konsa se pou nou bay yon piki chak jou. Pou pifò ka maladi ki mande piki pensilin, ba yo penisilin pwokayin osinon melanje penisilin pwokayin lan ak yonn nan kalite penisilin ki aji vit yo.

timoun ki gen ant 1 an rive 3 an : 60mg (yon ka kapsil osinon mwatye yon ti kiyè siwo)

timoun ki poko gen ennan: 25 mg. (yon dizyèm nan kapsil la, osinon yon senkyèm yon ti kiyè siwo)

timoun ki fenk fèt: (lè yo pa ka jwenn lòt antibyotik pou ba yo): 8 mg. (yon trantyèm yon kapsil osinon 6 gout siwo a)

Pou tetrasiklin lan ka travay pi byen nan kò yon moun, se pou l pa bwè lèt inèdtan anvan ak inèdtan apre li pran medikaman an.

Pou pifò maladi enfeksyon yo, se pou yo toujou pran tetrasiklin lan pandan yonn osinon de jou apre siy enfeksyon yo disparèt. Gen kalite dyare kap rete apre de twa dòz. (Pou lòt medikaman pou dyare wè paj 167 rive nan paj 169).

KLORAMFENIKÒL YON ANTIBYOTIK POU TIFOYID.

<u>Kloramfenikòl *(klowomisetin)*</u>

Non:——————————

Yo jwenn li pi fasil:
an kapsil ki gen 250 mg. pri:——pou——
an konpoze ki gen 125 mg. nan chak 5 mililit an piki, pri:——pou——
poban ki gen 250 mg.)
pri:——pou——

Antibyotik sa a kraze anpil anpil jèm maladi. Li bon mache, men tou gen danje si nou pa konnen jan pou nou sèvi avè l. Se poutèt sa yo pa sèvi avè l twòp.

Yo dwe sèvi ak kloramfenikòl pou **tifoyid** ase ak pou lòt ka dyare ki grav anpil osinon pou lòt kalite enfeksyon lè silfa, penisilin, tetrasiklin osinon anpisilin pa ka geri yo.

Esepte pou tifoyid, pou tout lòt ka yo, anpisilin ap bay menm rezilta, pou pa di lap bay pi bon rezilta pase kloramfenikòl. Lèfini li gen mwens danje. Se dilere paske anpisilin lan pi chè. Se poutèt sa gen de lè pito nou sèvi ak kloramfenikòl lan.

ATANSYON: Kloramfenikòl konn gate san kèk moun. Li gen plis danje toujou pou **tibebe ki fenk fèt. Sa pi mal toujou pou tibebe ki fèt anvan tèm. Konsa, si yon tibebe ki fenk fèt gen gwo enfeksyon, evite tout jan pou ba li kloramfenikòl. Pito nou ba li anpisilin.** Pran sa pou prensip: **pa janm bay yon tibebe ki poko gen yon mwa kloramfenikòl.**

Veye tou pou nou pa janm depase dòz kloramfenikòl yo di pou bay la. **Pou tibebe, dòz la piti anpil (wè pi ba).**

Evite sèvi twòp osinon twò lontan avè l.

Lè nap trete yon ka tifoyid, depi nou wè maladi a koumanse ale si nou tap ba li kloramfenikòl, chanje, ba li anpisilin pou rès tretman an. (Gen zòn kote kloramfenikòl lan pa ka kraze jèm maladi tifoyid la. Lè konsa, se pou yo fè tout tretman ak anpisilin.)

Anpil fwa, grenn osinon konpoze kloramfenikòl lan pi bon pase piki a. Lèfini yo gen mwens danje. Konsa, esepte pou yon moun ki pa ka vale, **evite bay piki kloramfenikòl.**

Dòz pou kloramfenikòl - (50 rive 100 mg. pou chak kilogram pèz moun lan chak jou) - kapsil ki gen 250 mg. osinon konpoze ki gen 125 mg. nan chak 5 mililit:

Bay kloramfenikòl pou vale a kat fwa pa jou.

Nan chak dòz, nap bay:

granmoun: 500 rive 1000 mg. (2 osinon 4 kapsil).
Pou ka tifoyid, enfeksyon anndan vant ak lòt ka enfeksyon, bay dòz ki pi fò a. (3 kapsil kat fwa pa jou sa fè 12 kapsil chak jou).

timoun ki gen ant 8 ak 12 an: 250 mg. (yon kapsil osinon 2 ti kiyè konpoze a).

timoun ki gen ant twa ak setan (7): 125 mg. (mwatye kapsil osinon yon ti kiyè).

tibebe ki gen ant yon mwa ak dezan: bay 12 mg. (yon demi mililit konpoze a osinon yon ventyèm nan kapsil pou ***chak*** kilogram pèz timoun lan. (Konsa, yon tibebe ki peze 5 kilogram, nou ba li 60 mg. ki koresponn ak yon demi ti kiyè konpoze a osinon yon ka nan kapsil lan, pou chak dòz. Nan yon jou, lè nou fin ba li kat dòz li yo, sa fè li pran antou yon kapsil osinon 2 ti kiyè.

tibebe ki fenk fèt: ***Pran sa pou prensip, pa sèvi ak kloramfenikòl pou yo.*** Men, si pa gen okenn lòt jan nou ka fè l, nap bay 5 mg. (yon ka mililit - osinon 5 gout konpoze a) pou chak kilogram pèz tibebe a.

Konsa, si tibebe a peze 3 kilogram, nap ba li 15 mg. (15 gout konpoze a) kat fwa pa jou, osinon yon ka nan kapsil lan chak jou. Pa ba li plis pase sa.

SILFA (OSINON SILFONAMID): MEDIKAMAN BON MACHE POU ENFEKSYON ÒDINÈ

Silfadyazin, silfisoksazòl, silfadimidin, osinon trisilfa

Non:———————————

Nou jwenn li:
an grenn ki gen 500 mg.
pri:———pou——
an konpoze ki gen 500 mg. pou chak 5 mililit pri:——— pou——

Silfa yo osinon silfonamid kraze divès kalite jèm maladi. Men, yo pi fèb pase anpil lòt antibyotik. Lèfini gen anpil chans pou san moun pa ale ak yo, lè konsa yo bay gratèl ak lòt pwoblèm. Men, atoutsa yo bon toujou, paske yo bon mache, nou ka pran yo nan bouch.

Yo sèvi anpil ak silfa yo pou enfeksyon nan aparèy pipi a. Yo ka sèvi ak yo tou pou kèk enfeksyon nan zorèy, pou enpetigo ak pou lòt enfeksyon po ki bay pi.

Yo pa sèvi ak tout silfa yo menm jan, yo chak gen dòz pa yo. Si nou jwenn yon silfonamid ki pa menm ak sa nou bay pi wo a, fòk nou sèten nou konnen jan pou nou sèvi avè l, ki dòz pou nou bay anvan nou sèvi avè l. Silfatyazòl tankou silfa nou bay pi wo yo, lèfini li pi bon mache. Tansèlman, nou pa konseye nou sèvi avè l paske li ka bay lòt pwoblèm.

Silfa yo pa geri dyare jan yo te konn fè l nan tan lontan, paske gen anpil mikwòb ki bay dyare ki kenbe tèt avè yo koulye a.

ATANSYON: Depi yon moun ap pran silfa, se pou li **bwè anpil anpil dlo** pou ren li pa donmaje.

Si nou wè silfa a ban nou demanjezon, gratèl, doulè nan jwenti, lafyèv, doulè nan ren osinon san nan pipi, **sispann li lapoula, lèfini bwè anpil dlo.**

Pa janm bay yon moun ki manke twòp dlo medikaman silfa.

ATANSYON: Pou medikaman silfa yo fè nou byen, se pou nou pran dòz yo di pou nou pran, li te mèt anpil. Pran dòz pou nou pran an- men pa pran twòp!

Dòz pou silfadyazin, silfiksazòl, silfadimidin, osinon trisilfa: (200 mg. pou chak kilogram pèz moun lan chak jou):
- grenn ki gen 500 mg. osinon konpoze ki gen 500 mg. nan chak 5 mililit.

Bay kat dòz chak jou **ak anpil anpil dlo**!

Nan chak dòz, nap bay:

granmoun: twa rive kat gram (6 rive 8 grenn) pou premye dòz la, apre sa yon gram (2 tablèt) pou lòt dòz yo.

timoun ki gen ant 8 ak 12 an: 2 gram (4 grenn osinon 4 kiyè konpoze a) pou premye dòz la.
Apre sa yon (1) gram (2) grenn osinon 2 ti kiyè pou lòt dòz yo.

timoun ki gen ant 4 ak 8 an: 750 mg. (yon grenn edmi, osinon yon ti kiyè edmi) pou chak dòz.

timoun ki gen ant 2 ak 4 an: 500 mg. (yon grenn osinon yon ti kiyè) pou chak dòz.

tibebe ki gen ennan osinon pi piti: **Pa ba yo silfa.** Si se yon ka nesesite, si nou pa gen lòt medikaman pou ba yo pase silfa yo, nap bay 250mg. (yon mwatye grenn osinon yon demi ti kiyè) kat fwa pa jou.

MEDIKAMAN POU TIBÈKILÒZ

Lè nap bay tretman pou tibèkiloz, nou fèt pou bay de osinon twa medikaman anmenmtan pou kraze maladi a. Si nou bay yon sèl medikaman, mikwòb tibèkiloz la gen dwa kenbe tèt avè l. Lè sa a, lap pi difisil pou moun lan geri.

Pou anpeche maladi a tounen sou moun lan, **se pou li swiv tretman an pandan lontan,** an prensip apre tout siy maladi yo disparèt yon lanne pou pi piti.

Medikaman pou tibèkiloz yo chè anpil si nou achte yo nan fanmasi, men nan pifò peyi, leta gen yon pwogram ki fè tès pou wè si moun yo gen maladi a epi ki bay medikaman yo gratis osinon ki vann yo bon mache. Mande nan sant sante ki pi pre nou an.

Pou trete tibèkiloz, li pi bon pou nou koumanse ak 3 medikaman: **estreptomisin, Izònyazid** ak yon lòt antibyotik pou tibèkiloz. Se pou noubay 1 gram estreptomisin chak jou osinon chak 2 jou jouk malad la pran 30 dòz. Men pou Izonyazid la ak lòt medikaman pou tibèkiloz, se pou nou bay yo pandan 1 an. Lè nou pa vle maladi a tounen sou yon moun, **se pou nou fè tout tretman an nèt pou li.**

Estreptomisin

Non:---------- pri.------ pou------

Nou fasil jwenn li nan ti poban ki gen 1 gram estreptomisin pou chak mililit.

Estreptomisin se yon medikaman ki bon anpil pou swen moun ki gen tibèkiloz. **Sèten, se pou li toujou mache ak lòt medikaman.** Nou gen dwa mete estreptomisin ansanm ak penisilin pou swen moun ki gen gwo enfeksyon (Wè estreptomisin ak penisilin, paj 405). Men, pito nou pa sèvi avè l twòp pou lòt maladi pase tibèkiloz, paske lè nou sèvi avè l twòp pou lòt maladi, si nou vin gen tibèkiloz, li pap ka aji sou tibèkiloz lan jan pou l ta aji a.

Danje ak prekosyon.

Veye anpil pou nou pa depase dòz ki bon pou maladi a. Si antan nap pran medikaman an zorèy nou pran kònen osinon nou wè nou pa tande byen, sispann medikaman an epi wè ak yon ajann sante.

Dòz pou estreptomisin - nou ka jwenn li an poud ou fonn nan dlo (yon gram estreptomisin nan de mililit dlo).

Pou trete moun ki gen tibèkiloz:

timoun: 20-30 miligram estreptomisin pou chak kilogram pèz timoun lan chak jou;

granmoun ki poko gen 40 lane: yon gram chak jou osinon chak de jou pou rive 30 dòz.

granmoun ki gen plis pase 40 lane: 0g75 chak jou osinon chak de jou pou rive 30 dòz.

Se pou estreptomisin lan toujou mache ak de lòt medikaman pou tibèkiloz, pa egzanp:

Tyazina (150 mg. Tyasetazòn ak 300 mg. Izonyazid) yon grenn chak jou pandan douz mwa osinon

Etanbitòl (800 mg. rive 1200 mg.) ansanm ak Izonyazid 300 mg. chak jou pandan douz mwa.

Estreptomisin pou moun ki gen ekoulman:

Lè yon granmoun ki gen ekoulman pa ka sèvi ak penisilin osinon si li wè penisilin pa fè anyen pou li (wè paj 402), li ka pran yon sèl grenn dòz piki ki gen 4 gm (osinon 8 mililit) estreptomisin. Ba li mwatye nan chak bò dèyè. Pa janm sèvi ak estreptomisin, esepte lè nou wè lòt medikaman yo pa ka kraze enfeksyon an.

Izonyazid (INH)

Non:————pri:——pou——

Nou fasil jwenn li an tablèt ki gen 200 mg. osinon 300 mg.

Se pi bon medikaman ki genyen pou kraze tibèkiloz. Men depi nou kapab, se pou nou toujou pran l ansanm ak yon lòt medikaman ki bon pou tibèkiloz tou.

Danje ak prekosyon:

Izonyazid ka bay moun feblès, doulè nan men ak nan pye, doulè nan venn, osinon kriz. Men se pa fasil sa rive. Tout jan, nou toujou ka evite sa rive depi nou pran yon grenn 100 mg. piridoksin (vitamin B 6) chak jou. Men, pou nou pa gaspiye lajan, na tann moun lan bay siy li ta vle gen ti pwoblèm sa yo anvan nou ba li piridoksin (vitamin B 6) lan.

Dòz pou Izonyazid la an tablèt ki gen 300 mg nan chak.

Nou bay Izonyazid la yon fwa chak jou pandan yon lane.

granmoun: 300 mg.;

timoun: 5 rive 10mg. pou chak kilo pèz timoun nan.

Tyasetazòn

Non ----------Pri ---------Pou ---------

Nou pi fasil jwenn Tyazina ki gen 150mg. Tyasetazòn ak 300mg. INH pou granmoun osinon Tyazina ki gen 100mg. INH ak 25mg. Tyasetazòn pou timoun.

Pwoblèm: Li ka bay gratèl, vonmisman, tèt vire, li ka fè nou pa anvi manje. Sa ka rive fasil.

Dòz pou Tyasetazòn - Grenn ki gen 150 mg Tyasetazòn ak 300 mg. INH:

Bay medikaman an yon grenn fwa chak jou pandan yon lane.

Nan chak dòz bay:

granmoun: 1 grenn Tyazina (300mg INH ak 150 mg Tyasetazòn)

timoun: 2 rive 3 mg pou chak kilogram pèz timoun nan (100mg INH ak 25 mg Tyasetazòn)

Etanbitòl: (non mak nou pi fasil jwenn: ***Myambitòl***)

Non:————pri:——pou——

Nou fasil jwenn li an grenn ki gen 200 osinon 400 mg.

Pwoblèm: Li ka bay doulè nan je, li ka menm rive donmaje je nou si nou pran l twòp pandan twò lontan.

Dòz etambitol: - lè nou sèvi ak grenn ki gen 400mg nan chak:

Bay grenn nan yon fwa chak jou pandan 12 mwa.

granmoun: 800 rive 1200 mg

timoun: 20 rive 25 mg pou chak kilogram pèz timoun lan.

Gen kèk kote nan peyi a kote yap eseye trete malad ki gen tibèkiloz yo pandan 8 mwa. Tretman sa a fèt sou kontwòl doktè ak 4 medikaman: INH (800mg.), Etanbitòl (800 rive 1200 mg.), Pirazinamid (1500 rive 2000 mg.) ak Rifanpisin (600 mg.). Malad la dwe pran medikaman yo chak jou pandan 2 mwa. Apre sa, li dwe pran yon grenn Tyazina chak jou pandan 6 mwa. Si san malad la pa ale ak Tyazina, osinon si li gen jèm SIDA a nan kò l, yo ba li INH ak Etanbilòl.

POU MALADI LALÈP: SILFÒN

Dapsòn (diaminodifenilsifòn, D.D.S. Disilòn)

Non:————pri:——pou——

Nou fasil jwenn li an grenn ki gen 5 mg., 50 mg. osinon 100 mg.

Tretman maladi lalèp la ka pran dezan. Konsa tou li ka pa janm fini jouk nou mouri. Men pou evite jèm maladi kenbe tèt ak DDS la, se pou nou pran renmèd la san sote yon fwa. Toujou achte mete la anvan sa nou te genyen an fini.

Pwoblèm: Yon lè konsa DDS ka lakòz yon lòt pwoblèm yo rele reyaksyon "Lalèp". Li ka ban nou lafyèv, venn yo ka anfle, yo sansib ak boul anfle anba po. Jwenti yo ka fè mal tou, men ak pye ka anfle, donmaj nan je ki ka menm fè nou pèdi je yo tou.

Si nou gen pwoblèm sa a, pa sispann pran DDS la, men se pou pran renmèd pou kraze enflamasyon an (kòtiko-estewoyid). Lè konsa toujou pran konsèy nan men yon ajann sante ki konnen osinon nan men yon doktè, paske kòtiko-estewoyid la ka ban nou lòt pwoblèm grav tou.

Ya konnen lè se pou nou pran yon pi gwo osinon yon pi piti dòz.

ATANSYON: DDS se yon renmèd ki gen danje ladan l. Pa mete l kote timoun ka jwenn li.

Gen lòt kalite medikaman yo bay ansanm ak silfòn yo pou trete lalèp alèkile.

Gen Rifanpisin (Rimaktàn) ak Klofazimin (Lanprèn).

Malad ki pa gen anpil mikwòb lalèp nan kò yo (posibasilè) pa kapab bay lòt moun maladi a. Malad sa yo kapab trete pandan 6 mwa. Yo bay malad sa yo Disilòn ansanm ak Rifanpisin.

Malad ki gen anpil mikwòb lalèp nan kò yo (miltibasilè) kapab bay lòt moun maladi a. Malad sa yo dwe trete pandan dezan. Yo bay malad sa yo Rifanpisin, Lanprèn ak Disilòn.

Pou evite jèm maladi a kenbe tèt ak renmèd yo, se pou pran renmèd yo jan yo di pou nou pran yo.

Depi nou sispèk nou gen lalèp, chèche yon sant sante kote yo trete maaldi sa a san pèdi tan.

MEDIKAMAN POU MALARYA

Gen twa jan yo ka sèvi ak medikaman ki bon pou malarya:

1. **Tretman** pou moun ki gen maladi a. Nou ba li medikaman an chak jou pandan de twa jou.

2. **Pou kraze jèm maladi a** (parazit la) ki ka nan san nou pou li pa fè nou malad. Yo fè tretman sa a nan zòn kote yo konnen moun fasil ka pran maladi sa a, sitou pou timoun ki fèb osinon ki malad. Yo ba yo medikaman an yon fwa chak senmenn.

3. **Pou kontwole maladi a**: kalite tretman sa a atout li pwoteje yon moun pou li pa pran malarya, li kite kò l pran fòs pou li ka defann tèt li limenm. Lè sa a, se pou nou pran ransèyman nan Depatman lasante osinon nan men yon ajann sante pou nou konnen ki medikaman kap pi bon pou zòn kote nou rete a.

Anpil kote se **klowokin** ki pi bon medikaman pou malarya. Men, gen kèk kalite malarya, lè nou genyen yo, se pou nou pran **primakin** ansanm ak klowokin lan.

Klowokin: (non mak nou pi fasil jwenn lan se : ***Aralèn***

Non:————————————

Nou pi fasil jwenn li:
an grenn ki gen 250 mg. fosfat klowokin osinon 150 mg. silfat klowokin
pri:———pou———

toude kalite grenn sa yo gen 150 mg. **klowokin senp**

An piki - 200 mg. nan chak 5 mililit:
pri:———pou———

Dòz pou grenn klowokin - grenn ki gen 150 mg. klowokin

Pou trete moun ki fè malarya:

Bay grenn klowokin lan yon fwa chak jou pandan 3 jou:

Granmoun: 4 grenn premye jou a, 3 grenn dézyèm jou a, 3 grenn twazyèm jou a.
Timoun ki poko gen 6 mwa: yon ka grenn;
Timoun 6 mwa rive 11 mwa: mwatye yon grenn;
Timoun ennan rive dezan: yon grenn;
Timoun twazan rive sizan: yon grenn edmi;
Timoun setan rive onzan: de grenn;
Timoun douzan rive katòzan: twa grenn;
Timoun kenzan rive pi plis: kat grenn.

Pou evite fanm ansent fè malarya, ba yo de grenn ki gen 150 mg. klowokin chak senmenn pandan tout gwosès la.

Pou kraze malarya ak klowokin:

Chak senmenn nou bay:

Granmoun 2 grenn (300 mg. klowokin senp)

Timoun witan rive douzan: 1 grenn (150 mg. klowokin senp)

Timoun twazan rive setan: yon mwatye grenn (75 mg. klowokin senp

Timoum ki poko gen twazan: yon ka grenn (37 mg. klowokin senp)

Pou kontwole maladi a ase, pran menm dòz la, men chak de osinon kat senmenn.

Pou trete moun ki gen apse nan fwa lè se amib ki ba yo li:

granmoun: twa osinon kat grenn (500 mg. klowokin senp) de fwa chak jou pandan de jou. Apre sa yon grenn edmi osinon de grenn (250 mg. klowokin senp), chak jou pandan twa senmenn.

pou timoun: ba yo pi piti dòz dapre laj yo ak pèz yo.

Piki klowokin: lè pou nou bay piki a:

Yo pa bay piki sa a menm, esepte nan ka ki prese anpil. Si yon moun bay siy li ka gen malarya, osinon si lap viv nan yon kote gen anpil malarya epi lap vonmi, lap fè kriz, osinon li bay lòt siy li ta ka gen mennenjit (wè paj 200), li ka ap fè malarya nan sèvo. **Lè sa a, ba li piki a lapoula**, men se pou nou **sèten nou ba li dòz ki bon** pou li a.

Dòz pou piki klowokin - (4 mg.pou chak kilogram pèz moun lan) - Nou jwenn li an anpoul ki gen 200 mg. nan chak 5 mililit.

Bay dòz la yon sèl grenn fwa (bay mwatye dòz la nan chak bò dèyè):

Granmoun: 200 mg. (tout anpoul 5ml la nèt)

Timoun: bay 0.1 ml (yon dizyèm mililit) pou chak kilogram pèz timoun lan.

Yon timoun ennan ki peze 10 kilogram ka pran 1 ml. piki)

Nou ka bay yon dizyèm dòz yon jou apre si nou pa wè moun lan vle refè. Lèfini chache wè doktè.

Primakin

Non:----------pri:----------pou-------

Nou fasil jwenn li an grenn ki gen 26.3 mg. fosfat primakin ki koresponn ak 15 mg. primakin senp

Yo sèvi ak Primakin ansanm ak klowokin pou evite rechit nan kèk ka malarya. Li pa bay bon rezilta lè nou sèvi avè l pou kont li pou moun kap fè gwo kriz malarya.

Dòz primakin:

Bay yon fwa chak jou pandan katòz jou.

Pou chak dòz na bay:

Granmoun: yon grenn (15 mg. primakin senp)

Timoun witan rive douzan: yon mwatye grenn (7 mg. primakin senp)

Timoun twazan rive setan: yon ka grenn (4 mg. primakin senp)

Pirimetamin

Non: ----------pri ----------pou ------

Nou fasil jwenn li an grenn ki gen 25 mg.

Yo sèvi avè l plis pou kraze malarya.

Men ***dòz*** yo bay pou yo **kraze** malarya:

Chak senmenn nap bay:

Granmoun: yon grenn (25 mg.)

Timoun witan rive douzan: yon grenn (25 mg.)

Timoun twazan rive setan: yon mwatye grenn (12 mg.)

Timoun ki poko gen dezan: yon ka grenn (6 mg.)

Pou kontwole malarya, bay menm dòz la, men yon fwa chak de osinon kat senmenn.

ATANSYON: Twòp pirimetamin gen danje ladan l. Mete medikaman an kote pou timoun pa ka jwenn li.

POU AMIB AK GYADYA

Lè nou gen amid nan trip nou, sa ban nou dyare. Lè konsa nou ale nan watè dri, ak glè ladan l. Nou ka bay ti san tou. Nou fasil gen kranp nan vant avèk yon ti lafyèv osinon san lafyèv. Nou trete kalite dyare sa a ak **metwonidazòl**, osinon ak **tetrasiklin** (wè paj 407). Sa pi bon lè nou ka pran toude medikaman sa yo ansanm. Men, metwonidazòl la chè anpil. Gen yon lòt medikaman ki ka sèvi nan plas li: se **diyodoidroksikin**. Men li pa bon tankou metwonidazòl la. Nou ka toujou pran l ansanm ak tetrasiklin lan.

Se pou nou swiv yon tretman ki long (detwa senmenn konsa) epi kap koute nou chè, si nou vle touye tout amib yo nèt nan trip nou. Men li toujou bon pou nou sispann pran medikaman yo lè moun lan pa bay okenn siy li gen amib ankò. Konsa nou bay kò a chans pou li goumen limenm ak de twa amib ki rete yo. Sa bon pou nou fè sa lè zòn kote nou rete a gen anpil chans pou nou kontaminen ankò.

Lè se gyadya ki ban nou dyare a, poupou a fasil gen yon koulè jòn ak anpil van ladan l. Men li pa gen glè, li pa gen san. Pi bon renmèd la se metwonidazòl men **kinakrin** la pi bon mache.

Tetrasiklin (wè paj 407)

Metwonidazòl: (Non mak nou pi fasil konnen an se : ***Flajil***)

Non:----------

Nou fasil jwenn li:
an grenn ki gen 250 mg: pri:----pou----
an sipozitwa pou vajen
ki gen 500 mg. pri:----------pou----

Metwonidazòl la bon pou dyare lè nou gen amib osinon gyadya. Li bon tou pou fanm ki gen enfeksyon nan vajen yo ki soti nan trikomonas.

PREKOSYON: Se sèlman lè enfeksyon an grav pou nou sèvi ak metwonidazòl la, paske yo sispèk medikaman sa a ka bay kansè. Lèfini, depi nap pran l, **piga nou bwè alkòl menm**, paske sa ka ban nou gwo anvi vonmi.

Dòz pou gwo enfeksyon amib:

Bay 30 mg. metwonidazòl pou chak kilo pèz moun lan twa fwa chak jou pandan 5 osinon 10 jou.

Nan ka grav yo, bay yon piki kloridrat diidwoemetin pandan 5 jou.

Dòz pou gwo enfeksyon **gyadya**:

Bay 15 mg. metwonidazòl pou chak kilo pèz moun lan twa fwa pa jou pandan 5 jou osinon bay kinakrin.

Dòz pou enfeksyon **trikomonas** nan vajen fanm yo:

Fanm lan ak msye li fèt pou pran 8 grenn (2 gm.) anmenmtan, yon sèl fwa. Lèfini pou l mete yon sipozitwa nan vajen li de fwa chak jou pandan dis osinon ven jou. Si enfeksyon an tounen,se pou ni madanm lan ni msye li pran 8 grenn anmenmtan, yon sèl fwa (se pou msye pran dòz la menm si li pa santi anyen).

ATANSYON: Si enfeksyon trikomonas la grav anpil, se grenn metwonidazòl la ase pou l pran.

Kinakrin (mepakrin) (Non mak moun pi fasil konnen an se: ***Atabrin***)

Non:----------pri:----------pou----------

Nou fasil jwenn li an grenn ki gen 100 mg. ladan l.

Yo ka sèvi ak medikaman sa a pou gyadya, malarya ak vè solitè. Men se pa li ki bon pou yo. Yo sèvi avè l paske li bon mache.

Dòz kinakrin pou **gyadya**:

Bay 7 mg. kinakrin pou chak kilo pèz moun lan twa fwa pa jou pandan 5 jou.

Dòz kinakrin pou ***vè solitè***:

Yon demiyè anvan nou bay kinakrin lan, bay moun lan yon anti alèji tankou **pwometazin**, pou moun lan pa vonmi.

Bay yon sèl gwo dòz ase:

granmoun: 1 gm (10 grenn)

timoun witan rive douzan: 600 mg. (6 grenn)

timoun twazan rive setan: 400 mg. (4 grenn)

Diyodoidwoksikin (Non mak moun pi fasil konnen: ***Diyodokin***

Nou fasil jwenn li an grenn ki gen 650 mg:
pri:------- pou------

osinon an sipozitwa pou vajen:
pri:------- pou------

Yo ka sèvi ak diyodoidwoksikin pou ti enfeksyon nan vant lè moun lan gen parazit amib, osinon apre yo te swiv yon tretman ak tetrasiklin osinon metwonidazòl. Men li pa bon pou evite enfeksyon. Lèfini nou pa fèt pou nou sèvi twò lontan avè l, paske li ka donmaje je nou. **Yodokloridwoksikin** (***antewo vyofòm***: grenn ki gen 250 mg.) ka pase nan plas li, men gen plis chans pou je nou donmaje.

Dòz diyodoidwoksikin pou moun ki gen amib. (40 mg. pou chak kilogram pèz moun lan chak jou. - grenn ki gen 650mg.

Bay medikaman an 3 fwa pa jou (si ka pa grav) osinon 4 fwa pa jou (si ka a grav).

Pou yon bon tretman, pran medikaman an pandan dis osinon kenz jou.

Nan chak dòz nap bay:

granmoun: yon grenn (650 mg.)

timoun witan rive douzan: yon mwatye grenn (325 mg.)

timoun twazan rive setan: yon ka grenn (160 mg.) Pa bay timoun ki poko gen twazan

Dòz si nap sèvi ak sipozitwa.

Pou fanm ki gen enfeksyon trikomonas nan vajen yo, mete yon sipozitwa byen fon nan vajen an yon fwa osinon de fwa chak jou pandan kat rive wit senmenn.

POU ENFEKSYON NAN VAJEN

Lè vajen an ap bay glè, osinon si li grate, si li jennen fanm lan, se ka paske li gen enfeksyon. Gen de kalite bagay ki ka ba li enfeksyon nan pati li, se **trikomonas** ak **moniliasis**. Si nou kenbe l pwòp, lèfini si nou ba li douch ak dlo vinèg sa ka ede nou elimine enfeksyon an. Men kèk medikaman ki bon pou sa tou:

Vinèg blan pou douch (lave anndan vajen an):

Pri:————pou————

Mete de osinon twa gwo kiyè vinèg blan nan yon lit dlo bouyi. Pran yon douch chak jou pandan yon senmenn (wè paj 268 pou ki jan pou nou fè sa). Si nap sèvi ak krèm osinon sipozitwa pou vajen, sa toujou bon pou pran yon douch anvan nou mete yo nan vajen an.

Metwonidazòl, Nou ka pran grenn pou vale osinon sipozitwa pou mete anndan vajen an. (wè paj 414):

Pou enfeksyon trikomonas nan vajen.

Diyodoidwoksikin sipozitwa pou mete nan vajen.

Wè sou menm paj lan pou dòz ki bon pou enfeksyon trikomonas nan vajen.

Nistatin an grenn, an krèm osinon an sipozitwa pou vajen.

Wè paj 418 pou dòz ki bon pou enfeksyon moniliasis nan vajen.

Vyolèt jansyàn Yon konpozisyon ki gen yon pou san vyolèt jansyàn ladan l. (Wè paj 417):

Pri:————pou:————

Pou trete jèm enfeksyon anndan vajen an: mete yon sipozitwa byen fon nan vajen an de fwa chak jou pandan twa senmenn.

Sipozitwa silfatyazòl pou vajen:

Pri:————pou:————

Pou trete jèm enfeksyon anndan vajen an.

Mete yon sipozitwa byen fon nan vajen an de fwa chak jou.

POU MALADI PO

Si nou lave men nou dri, si nou benyen dri ak savon nan gwo dlo, sa ka ede nou evite anpil enfeksyon po ak enfeksyon nan vant. Lè nou blese, se pou lave l byen lave ak savon nan dlo bouyi anvan nou mete pansman sou yo, osinon anvan yo fèmen.

Si nou fwote kò nou dri ak savon nan gwo dlo, se ka sèl tretman nou bezwen fè pou kap, chaplèt, bouton, ti enpetigo ak pyas (si li pa twò grav), lota, pou nenpòt kalite enfeksyon chanpiyon nou ka gen nan po kò nou osinon nan po tèt nou. Lè konsa li ta bon pou nou ta sèvi ak savon ki gen antiseptik (pou touye jèm) tankou **egzaklowofèn** nou jwenn nan savon ***Fizorèks*** osinon savon ***Gamofèn***, oswa tankou yod nou jwenn nan ***Betadin***.

Savon ki gen egzaklowofèn ladan l

Non:————————————

Nou ka jwenn li:
an pen pri:————pou——
osinon an likid: pri:————pou——

Sèvi avè l jan nou di l pi wo a. Lè ajann sante yo lave men yo chak jou avèk kalite savon sa yo, men yo ap toujou pi pwòp. Sa bon tou pou nou sèvi ak kalite savon sa yo pou fè twalèt tibebe. Men lè nou sèvi avèk yo chak jou pandan lontan, sa ka donmaje nè tibebe yo.

Souf

Nou fasil jwenn li an poud jòn:
pri:———— pou————
Nou ka jwenn li an losyon ak nan pomad pou po.

Souf la bon pou anpil maladi po:

1. Pou anpeche tik, karapat, pou, pis mòde nou, anvan nal nan jaden osinon nan bwa kote ki gen anpil bèt sa yo, soupoudre janm, je pye, ponyèt, ren ak kou avèk poud souf la.
2. Pou trete moun ki gen pis, pou, ak ti tik (menm si yo antre anba po nou): fè yon pomad: melanje 1 mezi souf pou 10 mezi ***Vazlin*** epi mete l sou po a (wè paj 216).
3. Pou pyas, lota ak lòt kalite enfeksyon chanpiyon, sèvi ak menm pomad la 3 osinon 4 fwa chak jou. Nou gen dwa sèvi ak yon losyon souf ak vinèg (wè paj 222).
4. Pou chaplèt ak kap ki vin anpil, sèvi ak menm pomad la osinon soupoudre tout tèt la ak poud souf.

Vyolèt jansyàn

Nou jwenn li fasil an ti kristal ble fonse

Pri:————pou————

Avèk vyolèt jansyàn lan nou ka trete kèk enfeksyon po tankou enpetigo ak bouton ki gen postim. Yo ka sèvi avè l tou pou trete chanklèt (moniliasis), osinon enfeksyon chanpiyon nan bouch, nan bouboun ak nan po kote li fè pli.

Fonn yon ti kiyè vyolèt jansyàn nan demi lit dlo. Sa ap ban nou yon dlo ki gen 2 pou san vyolèt jansyàn. Pase l sou po a, nan bouch la osinon sou bouboun nan.

Pèmanganat potasyòm

Nou jwenn li: an ti grenn kristal wouj fonse:
Pri:—— ---------- pou ----------

Sa ban nou yon bon antiseptik (pou touye jèm maladi), pou lave bouton ki enfekte. Mete yon pense kristal nan yon lit dlo (yon mezi pèmanganat potasyòm nan 1000 mezi dlo).

Pomad antibyotik

Non:----------pri:----------pou----------

Pou koumanse, yo chè anpil. Lèfini, yo pap ban nou plis rannman pase vyolèt jansyàn lan. Tansèlman, li pa tache ni po a, ni rad moun.

Yo ka sèvi avè l tou pou trete ti enfeksyon po tankou enpetigo. Pomad ki pi bon yo se sa ki gen yon konbinezon neomisin/polimiksin ladan l (tankou **Neosporin** ak **Polisporin**). Yo ka sèvi ak pomad tetrasiklin.

Pomad osinon losyon kòtiko estewoyid

Non:————pri:————pou————

Yo ka sèvi pou gratèl osinon iritasyon po kap koule apre ti bèt azèl mode nou, osinon yon plant ki gen pwazòn (tankou pwa grate) osinon lòt bagay ki ka irite po a. Yo sèvi ak yo pou trete gwo egzema (wè paj 233) ak psoriasis (wè paj 234). Pase l sou po a twa osinon kat fwa chak jou.

(*Vazlin* Petwoleyòm)

Pri:————————pou————

Yo sèvi avè l pou fè pomad ak pansman pou trete maladi tankou:

lagal (wè paj 216 ak paj 419)
pyas (paj 222)
gratèl vè oksiyi (paj 150)
boule (paj 103 ak paj 104)
blese nan pwatrin (paj 98)

POU PYAS AK LÒT ENFEKSYON CHANPIYON

Anpil enfeksyon chanpiyon pa fasil pou trete. Pou nou rive detwi yo nèt se pou nou swiv tretman an pandan anpil jou, senmenm menm, apre siy yo disparèt. Sa bon tou pou nou kenbe kò nou pwòp, pou nou benyen dri.

Pomad ki gen asid undesilenik, benzoyik osinon salisilik

Non:————pri:————pou——

Pomad ki gen asid sa yo bon pou pyas, pou lota ak lòt enfeksyon chanpiyon. Yo konn melanje souf avèk yo. Yo ka sèvi ak pomad salisilik ak souf pou chaplèt (sebore).

Pomad ak losyon ap koute nou pi bon mache si nou fè yo nou menm. Melanje 3 mezi asid salisilik ak/osinon 6 mezi asid benzoyik

avèk 100 mezi Vazlin, lwil mineral, mantèg, osinon 40 pou san alkòl (osinon wonm). Fwote li sou po a twa osinon kat fwa chak jou.

Souf ak vinèg

Pran 5 mezi souf mete l nan 100 mezi vinèg, lap ban nou yon losyon ki bon pou trete enfeksyon po. Kite l cheche sou po a. Nou ka fè yon pomad avèk souf: yon mezi pou chak 10 mezi mantèg.

Tyosilfat sodyòm ("ipo")

Nou jwenn li: an ti kristal blan. Yo vann li nan magazen pou foto sou non "ipo".

Pri:————pou————

Yo sèvi avè l pou enfeksyon po yo rele **tinea versicolor (lota)**.

Fonn yon kiyè tyosilfat sodyòm nan yon demi tas dlo. Pase l sou po a avèk yon moso koton. Lèfini, nou fwote po a avèk yon moso koton plen vinèg. Fè l twa fwa chak jou jouk tach yo disparèt, apre sa, yon fwa chak de senmenn pou anpeche enfeksyon an tounen.

Griseofilvin

Non:———— pri:———pou———

Nou fasil jwenn li an grenn osinon an kapsil ki gen 250 osinon 500 mg. griseofilvin nan chak.

Si nou ka jwenn li an ti moso piti piti, yo pi bon.

Se yon medikaman ki chè anpil. Nou ka sèvi avè l sèlman lè enfeksyon an grav, osinon lè pyas la fouye po tèt la fon. Fanm ansent pa dwe sèvi ak medikaman sa a.

Dòz griseofilvin - 15 mg. pou chak kilogram pèz moun lan chak jou - an ti moso piti piti: kapsil ki gen 250 mg. ladan l.

Chak jou nap bay yon sèl fwa:

granmoun: 500 rive 1000 mg. (2 rive 4 kapsil)
timoun witan rive douzan: 250 mg. rive 500 mg. (1 rive 2 kapsil)
timoun twazan rive setan: 125 mg. rive 250 mg. (yon mwatye kapsil rive yon kapsil)
timoun ki poko gen twazan: 125 mg. (yon mwatye kapsil)

Vyolèt jansyàn pou chanklèt (wè paj 251)

Nistatin - pou chanklèt

Non:————————pri:———— pou———

Nou jwenn li an likid, an poud, an grenn pou vajen epi an pomad.

Yo sèvi avè l pou trete chanklèt (moniliasis) nan bouch, nan vajen, nan po kote li fè pli. Li pa bon pou okenn lòt enfeksyon.

Dòz pou nou bay: se menm dòz la ni pou granmoun, ni pou timoun.

Chanklèt nan bouch: mete yon mililit dlo a nan bouch la, kenbe l nan bouch la pandan yon minit pou pi piti anvan nou vale l. Fè sa twa osinon kat fwa chak jou.

Enfeksyon chanpiyon sou po: kenbe po a byen chèch, soupoudre nistatin lan, osinon pase pomad sou li twa osinon kat fwa chak jou.

Enfeksyon chanpiyon nan vajen: mete poud la anndan nan vajen an, de fwa chak jou, osinon mete yon tablèt anndan vajen an chak aswè pandan de senmenn.

POU GRATÈL AK POU: ENSEKTISID (PWAZON POU TI BÈT)

Gama benzèn egzaklorid (lendàn)
(non yo pi fasil konnen: ***Kwell, Gamezan, Elenòl***)

Non:————————pri:————pou————

Medikaman yo fè pou moun yo koute chè anpil epi sa yo fè pou bèt yo pi bon mache. Yo bon pou moun tou. Lendàn pou mouton osinon pou bèf bon mache anpil, men li twò fò pou moun. Si nou vle sèvi avè l, se pou nou pran yon mezi nan medikaman pou bèt yo, nou mete l nan 15 mezi dlo osinon ***Vazlin*** paske pou bèt yo 15 fwa pi fò. Sèvi avè l sou po a jan nou di l nan paj 216 lan. Pou wete pou nan tèt wè paj 217.

Pase renmèd lan yon grenn fwa. Lè se pou nou fè l yon dezyèm fwa tann yon senmenn pase anvan.

Benzil Benzoat - krèm osinon losyon

Non:————————pri:————pou————

Sèvi avè l menm jan ak krèm osinon losyon ki gen gama benzèn egzaklorid.

Souf nan Petwoleyòm (*Vazlin*) osinon nan mantèg

Nou gen dwa sèvi ak renmèd sa a pou lagal si nou pa ka jwenn Benzil Benzoat la.

Mete yon mezi souf nan 20 mezi ***Vazlin***, lwil mineral osinon mantèg pou fè yon konpozisyon ki gen 5 pou san souf.

POU VÈ

Lè nou gen vè, non sèlman se pou nou pran medikaman pou mete yo deyò osinon pou touye yo nan kò nou, men se pou nou kenbe kò nou pwòp, epi pou zòn kote nap viv la pwòp tou. Si nou pa fè sa, vè yo ap tounen sou nou ankò. Depi yon moun nan yon fanmi gen vè, se pou tout lòt moun nan kay la swiv tretman tou.

Piperazin-pou Askaris (gwo vè won ak pou vè oksiyi)

Non: ————————————

Li vin sou divès kalite konpozisyon: sitrat, tatrat, idrat, adipat osinon fosfat

Nou fasil jwenn li:
an grenn ki gen 500 mg. nan chak
pri:————pou——
an siwo ki gen 500 mg. nan chak 5 mililit
pri:————pou——

Yo bay yon sèl gwo dòz pou gwo vè yo. Pou vè oksiyi yo, yo bay divès ti dòz chak jou pandan yon senmenn. Yo pa bay pwoblèm.

Dòz piperazin pou **gwo vè won** (Askaris) - 120 mg. pou chak kilogram pèz moun lan.
- grenn ki gen 500 mg nan chak osinon ki gen 500 mg nan chak 5 mililit.

Bay yon sèl dòz:

granmoun: 4 gram (8 grenn osinon 8 ti kiyè)
timoun witan rive douzan: 3 gram (6 grenn osinon 6 ti kiyè)
timoun twazan rive setan: 2 gram (4 grenn osinon 4 ti kiyè)
timoun ennan rive twazan: 1 gram edmi (3 grenn osinon 3 ti kiyè)
tibebe ki poko gen ennan: 1 gram (2 grenn osinon 2 ti kiyè)

Dòz piperazin pou **vè oksiyi** (40 mg. pou chak kilogram pèz moun lan chak jou):

Bay de dòz chak jou pandan yon senmenn.

granmoun: 1 gram (2 grenn osinon 2 ti kiyè)
timoun witan rive douzan: 750 mg. (1 grenn ak mwatye osinon yon ti kiyè edmi)
timoun twazan rive setan: 500 mg. (1 grenn osinon yon ti kiyè)
timoun: ki poko gen twazan: 250 mg. (yon mwatye grenn osinon yon demi ti kiyè).

Tyabendazòl: - pou divès kalite vè

Non:————pri:——pou——

Nou jwenn li fasil an grenn ki gen 500 mg. osinon an siwo ki gen 1 gram nan chak 5 mililit.

Yo ka sèvi avè l pou trete moun ki gen vè ankilostòm, trikosefal ak yon kalite vè yo rele Stwongiloyid. Li bon tou pou gwo vè ak pou vè oksiyi. Men avèk piperazin lan nou gen mwens pwoblèm. Li ka bay yon ti soulajman pou vè trichin.

ATANSYON: Tyabendazòl ka fè askaris yo (gwo vè won) moute nan gòj moun. Lè konsa moun lan ka toufe. Si nou sispèk yon moun gen gwo vè ansanm ak lòt kalite vè, ba li piperazin anvan nou ba li tyabendazòl la.

Pwoblèm: Tyabendazòl konn fè moun santi yo bouke, kò yo pa bon, li konn fè moun vonmi tou.

Dòz pou tyabendazòl (50 mg. pou chak kilogram pèz moun chak jou):

- grenn ki gen 500 mg. nan chak osinon siwo ki gen 1 gram nan chak 5 mililit.

Bay li de fwa chak jou pandan twa jou. Se pou yo kraze grenn yo nan bouch yo.

Nan chak dòz bay:

granmoun: 1500 mg. (3 grenn osinon 1 ti kiyè edmi)
timoun witan rive douzan: 1000 mg. (2 grenn osinon yon ti kiyè)
timoun twazan rive setan: 500 mg. (yon grenn osinon yon demi ti kiyè)
timoun ki poko gen twazan: 250 mg. (yon mwatye grenn osinon yon ka ti kiyè)

Tetrakloretilèn (T.K.E) pou vè ankilostòm

Non:----------pri:---------pou-------

Nou jwenn li fasil an dlo osinon an kapsil jelatin.

Se medikaman pi bon mache pou kalite vè sa yo, men li bay ***anpil pwoblèm*** tankou doulè vant ak tèt fè mal. Fanm ansent pa dwe pran li, ni tou timoun ki soufri malnitrisyon osinon feblès. Se pou nou remoute yo anvan. Toujou bay medikaman sa a lè lestonmak la vid.

ATANSYON: Toujou sere medikaman sa a nan boutèy nwa, byen bouche, paske limyè solèy ka fè l tounen pwazon. Toujou sèten nou pa depase dòz la.

Se pou nou toujou bay moun lan renmèd pou gwo vè askaris **anvan** nou ba li medikaman sa a pou ankilostòm.

Dòz: 0.12 mililit pou chak kilogram pèz moun lan, men pa janm depase 5 mililit.

Bay yon dòz pou li vale. Tann de jou anvan nou bay dezyèm dòz la.

Pou chak dòz, nap bay:

granmoun: yon ti kiyè (5 mililit)
timoun: yon demi mililit pou chak 5 kilogram pèz timoun lan, men pa janm depase 4 mililit (yon ti kras pi piti pase yon ti kiyè)

Mebendazòl *(Vèmòks, Vèmizòl)*

Non:----------pri---------pou------

Nou fasil jwenn li an grenn ki gen 100 mg. nan chak.

Se yon medikaman ki tankou tyabenzazòl la, men li pi bon pase l. Li bon pou anpil kalite vè: ankilostòm, trikosefal, stwongiloyid, askaris, oksiyi. Li bon lè yon moun gen anpil kalite vè anmenntan. Lè konsa moun lan ka gen doulè vant osinon dyare, men mebendazòl pa bay vonmisman ak lòt pwoblèm tyabendazòl la konn bay. Lè nap pran mebendazòl, nou pa bezwen pran renmèd pou gwo vè askaris anvan.

ATANSYON: Pa janm bay fanm ansent ak timoun ki poko gen dezan mebendazòl.

Dòz mebendazòl: sèvi ak grenn ki gen 100mg chak

Sèvi ak menm dòz la ni pou granmoun, ni pou timoun.

Pou vè oksiyi, pou gwo vè (Askaris) trikosefal, ankilostòm ak stwongiloyid: yon grenn, de fwa chak jou (maten, aswè) pandan twa jou (antou 6 grenn).

Befenyòm-pou vè ankilostòm

Non:----------pri:-------pou---------

Nou jwenn li fasil an ti sache ki gen 5 gram nan chak.

Pa janm bay ni fanm ansent li, ni timoun ki soufri malnitrisyon osinon feblès. Se pou nou remoute yo anvan. Medikaman sa a bon ni pou askaris ni pou ankilostòm. Lè konsa, nou pa bezwen bay moun lan yon renmèd pou gwo vè anvan.

Dòz Befenyòm pou ankilostòm: - sèvi ak ti sache ki gen 5 gram nan chak .

Bay yon sèl dòz, pou vale.

granmoun ak timoun ki depase senkan: 5 gram (yon sache)
timoun ki poko gen senkan: 2 gram edmi (yon mwatye sache)

POU TENYA (VÈ SOLITÈ)

Niklozamid *(Yomezan)* - pou moun ki gen tenya.

Non:——————pri:———pou———

Nou fasil jwenn li an grenn ki gen 500 mg.

Niklozamid se yon bon medikaman pou kalite vè sa a. Lèfini li pa bay anpil pwoblèm. Li bon pou tout kalite tenya moun ka gen nan trip, men li pa bon pou kis vè sa yo konn bay lòt kote nan kò moun.

Kraze grenn yo byen kraze nan bouch nou anvan nou vale yo. Pran yon sèl dòz. Pa manje anvan nou pran l. Lèfini rete san manje dezèdtan apre nou pran l.

granmoun ak timoun ki depase witan: 2 gram (4 grenn)

timoun dezan rive witan: 1 gram (2 grenn) timoun ki poko gen dezan: 500 mg. (1 grenn)

Diklowofèn *(Antifèn)* - pou tenya

Non:——————pri:———pou———

Nou fasil jwenn li an grenn ki gen 500 mg. nan chak.

Yon medikaman ki pa gen danje ladan l. Li ka bay dyare, vonmisman ak doulè nan vant. Yon lè konsa li bay lajonis.

Dòz diklowofèn pou tenya (70 mg. pou chak kilogram pèz moun lan).

Pran l yon sèl fwa dezèdtan anvan nou manje nan maten.

granmoun: 3 rive 4 gram (6 rive 8 grenn)
timoun witan rive douzan: 2 gram (4 grenn)
timoun katran rive setan: 1 gram edmi (3 grenn)
timoun dezan rive katran: 500 mg. rive 1 gram (yonn osinon 2 grenn).

Kinakrin, (mepakrin, Atabrin)-pou tenya (wè paj 415)

POU JE

Pomad antibyotik pou je
je wouj (konjonktivit)

Gen divès kalite: nan yo gen pomad oksitetrasiklin, osinon klotetrasiklin pou je

Non:——————pri:———pou———

Nou ka sèvi ak pomad sa yo pou moun ki gen je wouj enfekte ak mikwòb, osinon pou moun kap soufri trakòm (te nan je). Si se trakòm moun lan genyen se pou l bwè grenn tetrasiklin tou (wè paj 407).

Pou pomad sa yo fè kichòy pou je malad yo, se pou nou mete l **anba popyè je yo**, pa sou deyò. Mete l, twa osinon kat fwa chak jou.

Gout nitrat dajan 1 pou san - pou pwoteje je tibebe ki fenk fèt.

Non:——————pri:———pou———

Lè yon timoun fenk fèt, mete yon gout nitrat dajan 1 pou san nan chak je l yo. Sa anpeche je tibebe a pran mikwòb ekoulman. Mete nitrat dajan nan je tout tibebe ki fenk fèt.

POU DOULÈ: ANALJEZIK

Atansyon: Gen divès kalite renmèd pou kraze doulè. Anpil ladan yo gen danje pou moun (an premye sa ki gen **dipiwòn** ladan yo). Sèvi sèlman ak sa nou konnen ki pa gen twòp danje tankou **aspirin** ak **asetaminofèn**. Lè nou bezwen yon medikaman ki pi fò pase sa yo pou kraze doulè, wè **kodeyin** (paj 426)

Aspirin - (asid asetilsalisilik)

Nou jwenn li fasil:
an grenn ki gen 300 mg.
pri:——pou——
an grenn pou timoun ki gen 75 mg. (osinon aspirin pou timoun)
pri:——pou——

Aspirin se yon bon renmèd pou kraze doulè, li pa koute chè. Li kraze doulè, li desann lafyèv epi li goumen ak anflamasyon. Konsa tou, li kalme tous ak gratèl.

Anpil medikaman yo vann pou doulè, pou doulè nan jwenti, osinon pou grip gen aspirin ladan yo, men yo pi chè, lèfini yo pap fè plis pou nou pase aspirin lan.

Danje ak prekosyon:

1. Pou yonn, pa pran aspirin pou doulè lestonmak osinon pou lestonmak chaje. Aspirin se yon asid li ye, li ka fè lestonmak nou fè nou pi mal. Se poutèt sa lè **yon moun soufri asid li pa dwe janm sèvi ak aspirin.**
2. Aspirin bay anpil moun doulè nan lestonmak, li ka fè lestonmak yo boule tou. Pou evite sa, pran aspirin lan ak lèt, ak yon ti gout bikabonat osinon ak anpil dlo. Li pi bon toujou pou nou pran l antan nap manje.
3. Lè yon moun manke twòp dlo nan kò li, pa ba li plis pase yon dòz aspirin, jouk li wè li ka pipi byen.
4 **Pito nou pa sèvi ak aspirin menm pou timoun ak moun ki soufri opresyon (sa ka fè l fè yon kriz).**
5. Toujou mete aspirin yo kote timoun pa ka jwenn yo. Lè yo pran twòp aspirin li ka anpwazònnen yo.

Dòz aspirin: pou lafyèv -
grenn ki gen 300 mg.

Bay aspirin lan twa fwa pa jou pandan yonn osinon twa jou:

timoun kenzan osinon plis: de grenn;

timoun senkan rive kenzan: yon grenn.

(Lè se yon ka gwo doulè nan jwenti osinon lafyèv rimatis, nou gen dwa double dòz la, osinon bay 100 mg. pou chak kilogram pèz moun lan chak jou. Si zòrèy li pran kònen, desann dòz la.)

- tablèt aspirin pou timoun: 75 mg. nan chak

Bay timoun yo aspirin kat fwa chak jou.

timoun witan pou douzan: 4 tablèt (300 mg.)
timoun twazan pou setan: de osinon 4 tablèt (150 rive 225 mg.)
timoun ennan rive dezan: yon tablèt (75 mg.)
pa bay timoun ki poko gen ennan aspirin

Asetaminofèn (parasetamòl) - pou doulè ak lafyèv.

Non:————————pri:————pou————

Nou jwenn li fasil an grenn ki gen 500 mg. nan chak. Nou jwenn li an siwo tou. Siwo a pi bon pou timoun piti.

Asetaminofèn lan pi bon pou timoun pase aspirin. Li pa boule lestonmak non plis, konsa li pi bon pase aspirin pou moun ki soufri ilsè lestonmak.

Dòz asetaminofèn pou doulè ak lafyèv:

lè nou sèvi ak grenn ki gen 500 mg. nan chak, vale yon dòz kat fwa chak jou:

Nan chak dòz nap bay:

granmoun: 500 mg. rive yon gram (yonn osinon 2 grenn)

Pou timoun ki poko gen senkan sèvi ak grenn ki gen 100 mg. parasetamòl ladann. Bay timoun yo parasetamòl la twa fwa pa jou pandan yonn osinon twa jou:

timoun de mwa rive ennan: mwatye yon grenn;
timoun ennan rive senkan: yon grenn

Ègotamin ak kafeyin (***kafègot***) - pou tèt fè mal

Non:————————pri:————pou————

Nou jwenn li fasil an grenn ki gen 1 mg. ègotamin nan chak.

Dòz ègotamin ak kafeyin pou tèt fè mal.

granmoun: pran de grenn lè tèt la fenk koumanse ap fè nou mal, apre sa,

pran yon grenn chak demiyè jouk doulè a pase. Men pa depase 6 grenn antou.

Prekosyon: Pa pran medikaman sa a dri. Pa bay fanm ansent li.

POU ANPECHE NOU SOUFRI LÈ NAP FÈMEN YON BLESE

ANESTEZIK

Lidokayin: (*zilokayin*) -
Konpozisyon de pou san (avèk osinon san epinefrin).

Non:——————pri:———pou———

Nou jwenn li fasil: an anpoul osinon an ti poban pou piki.

Lè nou gen pou koud yon blese, nou bay piki lidokayin lan sou tout rebò blese a pou nou ***mouri tout zòn lan nèt***, konsa sa pap fè moun lan mal lè nap ba li kout zegwi yo.

Pike moun lan nan po ak anba po divès kote, distans yon santimèt konsa. Chak fwa nou fin pike, anvan nou pouse piston sereng lan antre fè yon ti rale piston an sòti. Chak kote nou pike bay 1 mililit anestezi pou chak de santimèt po. Si blese a pwòp, nou gen dwa degoute anestezi a sou rebò anndan blese a. Menm si blese a pa pwòp, netwaye po ki sou rebò blese a, bay piki yo la. Lè nou fin fè sa, **na netwaye anndan blese** a anvan nou fèmen l.

Sèvi ak Lidokayin mele ak epinefrin lè nou gen pou koud yon blese. Epinefrin lan fè pati a rete mouri pi lontan. Lèfini li ede pou blese a pa senyen twòp.

Sèvi ak Lidokayin lan senp pou blese moun lan ka gen nan dwèt, nan zòtèy, nan pati li, nan zòrèy ak nan nen. Si nou sèvi ak epinefrin lan li ka bloke san an. Sa ka donmaje tout pati sa yo.

Men yon lòt lè nou ka sèvi ak Lidokayin mele ak epinefrin: **Lè nen yon moun ap senyen**, pran yon ti boul koton, tranpe l nan medikaman an epi boure twou nen an avè l. Epinefrin lan pra l aji sou venn yo epi san an ap rete.

POU LAKRANP NAN TRIP: ANTI-ESPASMODIK

Beladòn (avèk osinon san fenobabital):

Non:——————pri:———pou———

Nou jwenn li fasil : an grenn ki gen 8 mg. beladòn nan chak

Gen anpil medikaman anti-espasmodik. Men pi fò ladan yo gen beladòn (osinon atwopin, yosyamin) ak fenobabital. Pa sèvi twòp ak medikaman sa yo, sèvi ak yo sèlman yon lè konsa lè nou santi doulè, lakranp (kolik) nan lestonmak osinon nan trip nou. Konsa tou si se yon doulè osinon yon enfeksyon nou gen nan blad pipi nou osinon yon anflamasyon nan fyèl nou, Beladòn lan ka sèvi tou pou moun ki soufri ilsè.

Dòz beladòn pou lakranp nan trip: grenn ki gen 8 mg. beladòn nan chak:

granmoun: yon grenn 3 rive 6 fwa chak jou
timoun witan rive douzan: 1 grenn de osinon twa fwa chak jou.
timoun senkan rive setan: mwatye yon grenn de osinon twa fwa chak jou
pa bay timoun ki poko gen senkan

ATANSYON: Lè nou pran medikaman sa a twòp li ka tounen pwazon. Mete l yon kote pou timoun pa ka rive jwenn li.

Lè yon moun soufri glokòm li pa fèt pou li pran medikaman ki gen beladòn osinon atwopin ladan yo.

POU ENDIJESYON, LESTONMAK BOULE AK ILSÈ, NAN LESTONMAK: ANTI ASID

Idwoksid aliminyòm ak idwoksid mayezi (osinon trisilikat)

Non:——————pri:———pou———

Nou jwenn li fasil an tablèt ki gen 500 rive 750 mg. osinon an melanj ki gen 300 rive 500 mg. pou chak 5 mililit.

Nou ka pran yo chak lè nou santi endijesyon asid la osinon lè lestonmak nou ap boule nou. Nou ka sèvi avèk yo lè nap swiv tretman pou ilsè lestonmak. Pi bon lè pou pran yo se inèdtan apre nou fin manje ak lè nou pral dòmi. Kraze de osinon twa tablèt nan bouch nou. Lè nap soufri ilsè lestonmak nou gen dwa rive pran 3 jouk 6 tablèt (osinon ti kiyè) chak inèdtan.

Bikabonat sodyòm

Nou jwenn li fasil an poud blanch:
pri:————pou———

Pou asidite, sèvi avè l yon lè konsa lè yon moun gen lestonmak li boulvèse avèk asid osinon li wote si, osinon lè lestonmak li ap boule li. **Men si nou gen kèk tan depi nap soufri ak lestonmak nou ki pa dijere byen, osinon ki gen ilsè, pa sèvi avè l.** Atout nou ta wè l ban nou yon ti soulajman lè nou fèk pran l, lap fè lestonmak la bay plis asid toujou. Konsa, maladi a ap vin pi grav. Yo sèvi ak bikabonat pou moun ki leve an mal makak apre li te bwè twòp gwòg anvan l al dòmi Lè konsa nou ka pran aspirin ansanm avè l tou (pa pou endijesyon asid). **Alka sèlzè** se yon melanj bikabonat sodyòm ak aspirin. Lè nou vle pran l pou asidite, melanje yon demi ti kiyè bikabonat ak ti gout dlo epi bwè li. Pa sèvi twò dri avè l.

Pou netwaye dan, melanje ti gout bikabonat ak yon ti sèl fen, sèvi ak melanj sa a lè nou pa gen pat dantifris (paj 248)

ATANSYON: Lè yon moun soufri kè osinon gen pye anfle osinon figi li anfle, li pa fèt pou l sèvi ak bikabonat, ni avèk okenn lòt bagay ki gen sodyòm anpil ladan l (tankou sèl).

POU MOUN KI MANKE DLO

Sewòm oral

Non:————————pri:————pou———

Nou jwenn li fasil nan sache ki gen dòz pou fè yon lit sewòm.

Ale nan paj 162 kote nap jwenn jan nou ka fè sewòm oral la nou menm avèk sik odinè.

Nan anpil peyi, Depatman lasante bay poud pou sewòm oral nan ti sache ki gen dòz pou fè yon lit sewòm. Poud sa yo gen glikoz osinon sakawoz. Glikoz la se yon kalite sik kò timoun yo pi fasil dijere pase sik odinè a. Lèfini li ede sewòm lan pase pi vit nan kò timoun yo. Konsa, si nou gen yon timoun kap soufri malnitrisyon grav osinon ki gen gwò dyare, pito nou sèvi ak glikoz pase nou sèvi ak sakawoz. Nan bon poud pou sewòm oral, nou toujou jwenn ti gout sèl potasyòm pou koresponn ak kantite sèl odinè ki ladan l tou.

Si kote nou ye a nou ka jwenn klori potasyòm ak glikoz, men yon lòt resèt pou pare sewòm oral la nan plas resèt paj 162 la.

Melanje: nan 1 lit (4 gwo tas) dlo bouyi:

20 gram poud glikoz (osinon 8 ti kiyè san tiyon)
2 gram sèl odinè (osinon mwatye ti kiyè san tiyon)
2 gram bikabonat (osinon mwatye yon ti kiyè san tiyon).
1 gram edmi klori potasyòm (osinon yon tyè ti kiyè san tiyon) .

Si nou ka jwenn glikoz la san klori potasyòm lan, lè sa a mete mwatye dòz sèl la ak mwatye dòz bikabonat.

Pou trete yon moun ki manke anpil dlo wè paj 162.

POU MOUN KI SERE, KI ALE DI ANPIL TI METSIN POU LACHE

Nan paj 12 lan nou fè yon bon koze sou keksyon metsin ak lòk. Moun gen tandans pou sèvi twòp ak metsin. **Se yon lè konsa** pou yo pran metsin, lè yo ale di, osinon lè yo sere. **Pa janm bay yon moun ki gen doulè nan vant, ki gen dyare, osinon ki manke twòp dlo metsin.** Ni pa bay timoun metsin si yo poko gen dezan.

Lè yon moun ale di, pi bon renmèd pou nou ba li se manje ki gen fil tankou kasav osinon manyòk dous. Sa bon tou pou li bwè anpil dlo epi pou l manje anpil fwi.

Lèt mayezi (idwoksid mayezyòm) - se yon ti metsin anmenmtan li ka konbat asidite.

Non:————————pri:————pou———

Nou fasil jwenn li an lèt

Dòz lèt mayezi a:

Pou konbat asidite:

granmoun ak gran timoun: mwatye yon ti kiyè rive yon ti kiyè twa osinon kat fwa nan yon jounen

Tankou ti metsin, bay yon dòz anvan yo dòmi:
granmoun ak timoun ki depase witan: yonn osinon de gwo kiyè
timoun dezan rive setan: mwatye yon gwo kiyè osinon yon gwo kiyè.
pa bay timoun ki poko gen dezan

Sèl depsonn (silfat mayezyòm)- se yon ti metsin, li bon pou gratèl tou

Non:——————————pri:————pou————

Nou jwenn li fasil an poud osinon an ti grenn kristal

Dòz pou sèl depsonn:

Tankou yon ti metsin, melanje dòz la nan dlo epi fè moun lan bwè l:

granmoun : yonn osinon de ti kiyè

timoun sizan rive douzan: mwatye yon ti kiyè rive yon ti kiyè

timoun dezan rive sizan yon ka rive mwatye yon ti kiyè

pa bay timoun ki poko gen dezan lèt mayezi

Pou gratèl: melanje 8 ti kiyè sèl depsonn nan yon lit dlo. Sèvi avè l pou fè konprès pou mete kote gratèl la ye a osinon pou tranpe l.

Lwil mineral - ti metsin

Non:——————————pri:————pou————

Se ti metsin ki bon pou moun ki soufri emowoyid ki ale di, moun ki sere. Tansèlman, li pa ramoli poupou a, se grese ase li grese l. Li pi bon pou moun lan si li manje manje ki gen fil tankou kasav ak manyòk dous.

Dòz lwil mineral pou ti metsin:

granmoun ase: vale yonn osinon de gwo kiyè inèdtan apre nou fin manje nan aswè. Pa pran l antan nap manje, paske lwil la ap vòlò anpil nan vitamin ki nan manje a.

POU TI DYARE:
MEDIKAMAN POU DYARE

Kaolen avèk pektin *(Kaopektat)*

Non:——————————pri:————pou————

Nou fasil jwenn li an lèt

Yo ka sèvi avè l pou fè poupou a vin pi di, pou dyare a ka fatige moun lan mwens. **Men li pa ka kraze sa ki lakòz dyare a. Ni tou li pa ka anpeche moun lan manke dlo nan kò li,** ni li pa ka geri moun ki manke dlo nan kò yo. Nou pa janm bezwen sèvi avè l pou geri moun ki gen dyare, se yon gwo gaspiyay lajan. **Pa janm bay ni granmoun ki malad anpil, ni timoun piti medikaman sa a.**

Dòz kaolen avèk pektin pou **ti dyare:**

Sèvi ak yon konpozisyon estanda tankou ***kaopektat.***

Bay yon dòz chak fwa li sot fè poupou, osinon 4 osinon 5 fwa pa jou.

Nan chak dòz bay:

granmoun: de rive 8 gwo kiyè
timoun sizan rive douzan: yonn osinon de gwo kiyè
timoun dezan rive sizan: yonn osinon de gwo kiyè
Pa bay timoun ki poko gen dezan.

POU NEN BOUCHE

Pa debouche nen moun ki bouche, annik rale ti gout dlo sale nan chak twou nen yo jan nou moutre sa nan paj 175 la. Sa ka ban nou bon rannman. Men gen de lè nou ka sèvi ak gout pou nen jan nou pral moutre sa:

Gout pou nen avèk efedrin osinon fenilefrin. ***(neo sinefrin)***

Non:————————pri:————pou————

Nou ka sèvi ak gout sa yo lè nen nou bouche osinon lè lap koule. Li bon anpil pou moun ki gen (osinon ki konn gen) enfeksyon nan anndan zòrèy li.

Dòz pou gout nen yo:

Mete yonn osinon de gout nan chak twou nen jan nou moutre ou sa nan paj 176 la. Fè sa kat fwa pou yon jounen. Pa mete gout yo pandan anpil jou, ni pa pran abitid sèvi twòp ak gout yo.

Si nou vle sèvi ak grenn efedrin pou fè gout pou nen, wè paj 427.

POU TOUS

Lè moun touse se yon jan kò yo fè pou li netwaye kannal lè ki desann al nan poumon yo, pou anpeche flenm, ak mikwòb ki nan kannal lè a desann al nan poumon an! Se konsa, lè nou pran renmèd pou rete tous la osinon pou kalma tous la, nou ka fè plis mal pou moun lan pase nou fè l byen. Se sèlman lè moun lan gen yon tous chèch, yon kent ki anpeche l dòmi nou ka ba li renmèd an siwo pou rete tous la. Gen renmèd siwo ki ede nou krache flenm lan, kap fè l koule pi fasil. Pou pifò tous, pito nou sèvi ak renmèd pou fè flenm lan koule pase pou nou pran renmèd kap rete tous la.

Pou di vre, moun sèvi twòp ak ni yonn ni lòt. Pifò siwo yo varın pou tous gen renmèd ladan yo ki danje pou timoun epi yo pa fè anyen pou moun lan, se lajan jete. **Pi bon renmèd ki gen pou tous se dlo.** Bwè anpil dlo, respire anpil vapè dlo cho sa ap fè flenm lan koule, lèfini lap rete tous la pi byen pase anpil siwo pou tous. Wè paj 181 pou jan pou nou sèvi ak dlo nan ka sa yo. Nan paj 181 nap jwenn jan nou menm nou ka fè yon ti siwo tous lakay nou.

<u>Renmèd pou rete tous: kodeyin ak idrat kloral</u>

Non:————pri:——pou——

Nou pi fasil jwenn li an siwo osinon an likid. (Nou ka jwenn kodeyin lan an grenn, avèk osinon san aspirin)

Kodeyin lan se yon renmèd ki fò anpil pou kraze doulè. Se yonn nan pi bon renmèd pou kalma tous. Men lè nou koumanse sèvi avè l, kò a ta toujou renmen pran l. Se poutèt sa yo pap vle vann nou li konsa. Men nou jwenn li fasil nan siwo pou tous osinon an grenn. Pou kantite pou nou pran an, swiv konsèy yo bay nan papye ki ansanm ak konpoze a. Nou bezwen mwens pou tous la pase pou kraze doulè a. Pou kalma tous lakay granmoun, nap bay 7 rive 15 mg. kodeyin. Sa ap kont pou yo. Pou timoun, bay mwens dapre laj yo ak pèz yo (wè paj 66).

Idrat kloral se yon renmèd pou fè moun dòmi. Li bon pou timoun ki gen tous kap anpeche l dòmi. Li bon anpil pou timoun ki gen koklich. Nou ka bay timoun ki gen koklich fenobabital tou (wè paj 430).

Dòz idrat kloral pou kalma tous lè nou sèvi ak siwo kloral pou tous (Elikzir kloral BPC):

Pa depase 4 dòz pou yon jounen

pou timoun ki depase dezan: bay 10 ml (2 ti kiyè)
pou timoun ki poko gen dezan: yon kiyè eka osinon yon kiyè edmi pou pi plis.
Pou tibebe piti bay pi piti dòz.

<u>Pou dekole larim lan: Yodi potasyòm</u>

Non: ————————pri:————pou————

Nou fasil jwenn li an grenn ki gen 300 mg. yodi potasyòm nan chak osinon an likid.

Yodi potasyòm lan debloke larim ki nan ti kannal poumon yo pou moun lan ka krache l.

Dòz yodi potasyòm pou debloke larim lan:

Bay li 3 osinon 4 fwa nan yon jounen

Pou chak dòz bay:

granmoun: yon grenn ki gen 300 mg. yodi potasyòm ladan l osinon dis gout likid la.
timoun: ya ba yo pi piti dòz dapre laj yo ak pèz yo (wè paj 66).

POU OPRESYON

Pou anpeche yon moun gen opresyon epi pou nou okipe moun ki soufri opresyon (wè paj 179)

Efedrin

Non:————————pri:————pou————

Nou jwenn li fasil an grenn ki gen 15 mg. (osinon 25 mg.) efedrin ladan l.

Efedrin lan bon pou moun ki pap fè gwo kriz opresyon. Lè yon moun ap fè gwo kriz, li ka pran l apre yon kriz pou anpeche kriz la tounen. Travay li se louvri kannal ki mennen lè nan poumon yo, pou moun lan ka pran souf pi fasil. Se poutèt sa li bon tou pou moun ki gen souf yo kout lè yap soufri nemoni osinon bwonchit.

Nou pi fasil jwenn efedrin lan konbine ak **teofilin, aminofilin** osinon **fenobabital**. ***Tedral*** se non yo bay yonn nan konbinezon ki bon pou opresyon, men li chè anpil.

Dòz efedrin pou opresyon
(yon mg. pou chak kilogram pèz moun lan twa fwa nan yon jounen) - lè nap sèvi ak grenn ki gen 15 mg. efedrin,

bay dòz la twa fwa nan yon jounen.

Nan chak dòz bay

granmoun : 15 rive 60 mg. (yonn rive kat grenn)
timoun ant 5 ak 10 an: 15 rive 30 mg. (yonn osinon 2 grenn)
timoun ant ennan ak katran: 15 mg. (1 grenn)
PA BAY timoun ki poko gen ennan

Lè nen nou bouche, nou ka sèvi ak gout pou nen ki gen efedrin ladan l. Nou ka konpoze dlo a noumenm: nap fonn yon grenn nan yon ti kiyè dlo.

Teofilin osinon Aminofilin

Non:————————pri:————pou————

Nou jwenn li fasil an grenn osinon an siwo ki pa gen menm fòs.

Yo bon pou kontwole opresyon an ak pou anpeche moun lan fè kriz.

Dòz (twa rive senk mg. pou chak kilogram pèz moun lan chak sizèdtan.

Si nap sèvi ak grenn ki gen 100 mg. nan chak:

pou granmoun: de grenn chak sizèdtan
pou timoun ki gen setan pou rive douzan: yon grenn chak sizèdtan.
pou timoun ki poko gen setan: yon mwatye grenn chak sizèdtan
PA BAY TIBEBE LI

Lè moun lan ap fè yon gwo kriz osinon lè dòz yo di pou bay la pa kont pou kontwole opresyon an, nou met double dòz la. Men pa bay plis pase sa.

Adrenalin (epinefrin)

Non:————————pri:————pou————

Nou jwenn li fasil nan anpoul pou piki ki gen yon mg. nan chak 1 mililit.

Nap sèvi ak adrenalin:

1. **lè moun lan ap fè yon gwo kriz** opresyon epi li pa ka pran souf.

2. **lè moun lan ap fè gwo alèji** apre yon piki penisilin, sewòm antitetanik ak lòt sewòm yo fè ak san chwal (wè paj 75).

Dòz adrenalin pou moun kap fè kriz opresyon osinon pou chòk alèji: - lè nou sèvi ak anpoul ki gen 1 mg. nan chak yon mililit piki a -

Anvan nou bay piki a, si moun lan ap fè yon kriz opresyon, se pou nou toujou konte batman kè li.

pou granmoun: mwatye yon mililit
pou timoun 0,01 ml. pou chak kilogram pèz timoun nan.

Si kriz la pa pase apre yon demiyè, nou ka ba li yon dezyèm dòz ak yon twazyèm dòz dezèdtan apre. Men pa bay plis pase twa dòz. Men si apre nou bay premye dòz la nou wè kè

li bat pi vit pase 30 batman pandan yon minit, pa bay lòt dòz yo.

Lè nap sèvi ak adrenalin, veye pou nou pa janm depase kantite yo di nou gen dwa bay la.

POU ALÈJI AK VONMISMAN: ANTI ISTAMIN

Se yon kalite medikaman yo ka bay pou ede kò a kontwole tèt li divès jan:

1. Pou kalme osinon anpeche reyaksyon alèji tankou gratèl ak bousòl sou po, nen koule ak lafyèv.

2. Pou anpeche osinon ede moun gen mal machin, mal avyon, osinon vonmisman.

3. Kalite medikaman sa yo ka bay moun ti soulay. Lè nap pran yo, pa kondi machin, pa fè travay ki mande pou moun veyatif anpil.

Pwometazin (*Fenègan*)

Non ----------

Nou fasil jwenn li:
an grenn ki gen 12.5 mg.
pri:———pou——
nan anpoul piki ki gen 25 mg. nan chak yon mililit pri:———pou——

Dòz la se yon miligram pou chak kilogram pèz moun lan chak jou - lè nou sèvi ak grenn ki gen 12. 5 mg.

Men dòz pou nou bay de fwa chak jou:

granmoun, nan chak dòz: 25 rive 50 mg. (2 rive 4 grenn)
timoun ki ant setan ak douzan: 12.5 rive 25 mg. (yonn osinon de grenn)
timoun ki ant dezan ak sizan: 6 rive 12 mg. (mwatye yon grenn rive yon grenn)
tibebe ki gen ennan: 4 mg. (yon tyè yon grenn)
timoun ki poko gen ennan: 3 mg. (Yon ka yon grenn)

- lè nou sèvi ak piki nan misk, 25 mg. pou chak mililit:

Bay yon sèl piki, men si nou wè se nesesè, nou ka bay yon dezyèm piki dezè osinon katrè apre premye a.

Dòz pou chak piki:

granmoun: 25 rive 50 mg. (yonn osinon de mililit)
timoun ki gen ant setan ak douzan: 12,5 rive 25 mg. (mwatye yon mililit, osinon yon mililit)
timoun ki poko gen setan: 6 rive 12 mg. (yon ka osinon mwatye yon mililit)
tibebe ki poko gen ennan: 2 .5 mg. (0.1 mililit)

Difenidramin (*Benadril*)

Non:———————pri:———pou———

Nou fasil jwenn li nan anpoul piki ki gen 10 mg. nan chak mililit.

Dòz difenidramin (5 miligram pou chak kilogram pèz moun lan chak jou):

Bay yon sèl piki, men si nou wè se nesesè, nou gen dwa bay yon dezyèm piki dezè osinon katrè apre premye a.

granmoun: 30 rive 50 mg. (3 osinon 5 mililit)
timoun: 10 rive 30 mg. dapre gwosè timoun lan (yonn osinon twa mililit)
tibebe: 5 mg. (mwatye yon mililit)

Klofeniramin

Non:———————pri:———pou———

Nou jwenn li fasil an grenn ki gen 4 mg. nan chak (nou ka jwenn li an grenn ki pi fò, osinon an siwo) eks.

Dòz pou klofeniramin:

Pran yon dòz twa osinon kat fwa chak jou.

Pou chak dòz nou bay:

granmoun: 4 mg. (yon grenn)
timoun ki poko gen douzan: 2 mg. (mwatye yon grenn)
tibebe : 1 mg. (yon ka yon grenn)

Dimenidrinat *(Dramamin)*

Non:————————pri:————pou———

Nou jwenn li fasil an grenn ki gen 50 mg. dimenidrinat nan chak, osinon an siwo ki gen 12.5 mg. nan chak ti kiyè, nou ka jwenn li an sipozitwa pou mete nan twou dèyè.

Yo vann li pou mal machin, men yo ka sèvi avè l tankou lòt anti-istamin pou kalma alèji osinon pou fè moun dòmi.

Dòz dimenidrinat:

Yo ka pran li 4 fwa chak jou.

Pou chak dòz nap bay:

granmoun: 50 rive 100 mg. (yonn osinon de grenn)
timoun ki gen ant setan ak douzan: 25 rive 50 mg. (mwatye yon grenn, rive yon grenn)
timoun ki gen ant dezan ak sizan: 12 mg. rive 25 mg. (yon ka rive mwatye yon grenn)
timoun ki poko gen dezan: 6 rive 12 mg. (yon uityèm rive yon ka grenn)

SEWÒM ANTIPWAZON

ATANSYON: Tout medikaman antipwazon yo fèt ak sewòm chwal - tankou sewòm antitetanik - osinon antipwazon eskòpyon, ka bay yon gwo reyaksyon alèji ki ka touye moun lan (wè chòk alèji paj 75). Se poutèt sa, anvan nou bay yon piki sewòm antipwazon, **toujou gen piki adrenalin anba men nou pou si nou ka bezwen l.** Pou moun nou konnen ki fè alèji osinon ki te deja pran yon sewòm chwal, sa toujou bon pou nou bay yon medikaman anti-alèji tankou pwometazin (**Fenègan**) osinon **Difenidramin** (**Benadril**), kenz minit anvan nou bay sewòm antipwazon an.

Sewòm antipwazon eskòpyon

Non:————————pri:————pou———

Nou jwenn li fasil an poud pou nou fè piki. Yo fè divès kalite sewòm antipwazon pou eskòpyon anpil kote sou latè. Nan peyi Ayiti nou pap ka jwenn sewòm sa a.

Sèvi ak sewòm sa a sèlman si nou konnen se yon kalite eskòpyon ki gen yon move pwazon ki ka touye moun, pou yonn, pou de, si se yon timoun piti eskòpyon an mòde nan pati kò li anwo ren li. Pou twa, si nou vle sewòm lan fè travay li byen, pa tann twòp apre eskòpyon an mòde timoun lan anvan nou ba li sewòm antipwazon an.

Pou chak antipwazon, yo bay nan ti bwat la ki jan pou bay li. Swiv konsèy yo byen. Pa bliye timoun ki pa gwo ka bezwen **plis** sewòm pase yon timoun ki gwo. Nou ka blije ba li de, menm twa anpoul piki.

Pifò eskòpyon pa ka touye granmoun. Men paske gen danje nan pran sewòm antipwazon an, pito nou pa bay granmoun li.

Sewòm antitetanik

Non:————————pri:————pou———

Nou jwenn li an ti poban ki gen 1500 inite. Gen kote yo jwenn li an ti poban ki gen 20, 40 ak 50 ml. inite.

Nan zòn kote yo pa bay moun yo vaksen antitetanik, li bon pou nou gen sewòm antitetanik ki gen 50.000 ml. inite pou pi piti. Nou ka jwenn li an poud nan kèk peyi. Li pi fasil pou sere. Nou pa bezwen frijidè pou mete l. Lè nou bezwen, nou annik fonn li nan dlo esterilize pou fè piki a.

Depi nou wè yon moun ap bay siy li ta vle gen tetanòs, ba li 50.000 inite sewòm antitetanik.

Pa ba li l tout yon sèl kou. Pike kote ki gen misk anba po a. Si moun lan soufri opresyon, si li fè alèji, osinon si anvan sa li te deja pran nenpòt kalite antipwazon fèt ak sewòm chwal, ba li yon piki anti alèji tankou pwometazin kenz minit anvan nou ba li piki antitetanik la. Atout nou fin bay piki a moun lan ap santi lap vin pi mal. Se pou nou fè tretman nap jwenn nan paj 199 la pou li. Sa nesesè anpil. Fè tretman an

lapoula, lèfini chache konkou doktè san pèdi tan.

LÈ YON MOUN VALE PWAZON

Siwo Ipeka - pou fè l vonmi

Non:——————————pri:———pou———

Nou fasil jwenn li an siwo **(pa sèvi ak elikzi a)**

Nou bay li lè nou bezwen fè moun ki vale pwazon an vonmi. **Men, pa sèvi avè l si se asid, gazolin osinon kewozèn moun lan te vale.**

Dòz Ipeka:

Yon sèl gwo kiyè pou moun tout laj. Si moun lan pa vonmi apre yon demièdtan, ba l yon dezyèm kiyè.

Poud chabon - pou moun ki vale pwazon

Non:——————————pri:———pou———

Lè chabon an desann nan lestonmak moun lan, lap bwè pwazon an, kifè pwazon an ap pèdi fòs li anndan moun lan.

Dòz poud chabon an:

yon gwo kiyè mele nan ti gout dlo

POU KRIZ

Fenobabital (Fenobabitòn)

Nou jwenn li fasil:

an grenn ki gen 15 mg. nan chak
Pri:———pou——
osinon an anpoul piki ki gen 200 mg. nan chak yon mililit
Pri:———pou——

Nou ka sèvi ak grenn fenobabital lè yon moun gen tetanòs, pou anpeche moun lan fè kriz. Lè moun lan ap fè kriz malkadi, nou ka blije ba li fenobabital ansanm ak **difenilidantoyin**. Pou moun ki soufri malkadi, se yon renmèd pou li pran jouk li mouri. Lè konsa, nou pran yon ti dòz ki kont pou anpeche l fè kriz. Nou ka sèvi ak yon ti dòz fenobabital pou kalme koklich osinon pou rete gwo vonmisman.

ATANSYON: Twòp fenobabital ka ralanti souf moun, li ka menm rive rete souf la. Fenobabital pran tan anvan li koumanse fè travay li nan kò a, men tou li ka rete vennkatrèdtan ap travay nan kò a. Se poutèt sa, **atansyon pou nou pa bay twòp.**

Dòz fenobabital (3 rive 6 mg.pou chak kilogram pèz moun lan chak jou)

- lè nou sèvi ak grenn ki gen 15 mg. nan chak, bay yon dòz grenn twa fwa chak jou.

Pou chak dòz na bay:

Granmoun: 30 rive 120 mg. (2 rive 8 grenn)
Timoun ki gen ant setan ak douzan: 15 rive 30 mg (yonn osinon de grenn)
timoun ki poko gen setan: 15 mg. (yon grenn)

Pou kontwole kriz tetanòs la, nou ka blije double dòz la, men pa janm bay plis pase sa. Nou gen dwa bay piki fenobabital pou rete yon kriz malkadi osinon yon kriz tetanòs ki fò anpil.

Dòz pou piki fenobabital - lè nap sèvi ak anpoul ki gen 200 mg. nan chak yon mililit:

Bay yon piki nan misk

granmoun: 200 mg. (yon mililit)
timoun ki gen ant setan ak douzan: 150 mg. (twaka yon mililit)
timoun ki gen ant dezan ak sizan: 100 mg. (mwatye yon mililit)
timoun ki poko gen dezan: 50 mg. (yon ka yon mililit)

Si kriz la pa pase apre 15 minit, nou gen dwa ba li yon dezyèm dòz, men pa plis. Pou tetanòs, repete dòz la twa fwa chak jou. Si nou wè kriz la ap bese, bese dòz la tou piti.

Difenilidantoyin (Fenitoyin, *Dilatin*)

Non:——————————pri:———pou———

Nou jwenn li fasil an grenn ki gen 100 mg. nan chak.

Medikaman sa a ka ede moun pa fè kriz malkadi. Pifò moun ki soufri malkadi ka blije

pase lavi yo ap pran medikaman sa a. Gen ka kote yon ti dòz medikaman sa a ansanm ak fenobabital ap bay pi bon rannman. Lè konsa, nou bay pi piti dòz nou konnen pou anpeche kriz la vini.

Pwoblèm: Gen moun lè yo pran difenilidantoyin, jansiv yo konn anfle, yo konn donnen. Lè konsa se pou yo sèvi ak lòt medikaman pito.

Dòz difenilidantoyin pou kriz
- (5 mg. pou chak kilogram pèz moun lan chak jou)
- lè nou sèvi ak kapsil ki gen 100 mg. chak.

Koumanse ak dòz sa a yon grenn fwa chak jou.

Pou chak dòz na bay:

granmoun 100 rive 300 mg. (yonn rive 3 kapsil)
timoun ki gen ant sizan ak douzan: 100 mg. (1 kapsil).
timoun ki poko gen sizan: 50 mg. (mwatye yon kapsil)

Si atout nou bay dòz sa a, kriz la vini, nou ka double l, men pa plis. Lè nou rive anpeche kriz la vini, se pou nou bese dòz la jouk na rive jwenn pi piti dòz kap bon pou anpeche kriz la.

<u>Dyazepam (*Valyòm*)</u>

Non:——————pri:————pou————

Nou jwenn li fasil an anpoul ki gen 5 mg. nan yon mililit.

Nou ka sèvi ak dyazepam menm jan nou sèvi ak fenobabital, men li pi chè lontan pase l, nou mete l nan lis sa a paske gen kote nou pi fasil jwenn li pase fenobabital.

Pou rete yon kriz malkadi kay granmoun dòz la se: 5 rive 10 mg. Si kriz la pa rete, nou ka bay yon dezyèm dòz menm fòs, dezèdtan apre.

Pou tetanòs, bay mezi nou wè ki ka kontwole kriz la. Koumanse ak yon piki 5 mg. (mwens si se yon timoun) epi moute dòz la jouk li ban nou rannman nou bezwen an, men pa depase 10 mg. pou chak piki, ni pa bay plis pase 50 mg. chak jou. Si nou wè se nesesè, nou ka bay dyazepam ansanm ak fenobabital, men atansyon pou nou pa bay twòp.

Valyòm lan se medikaman ki ka sèvi tou lè yon moun fè gwo sezisman, osinon nan gwo tèt chaje, men pa bay li twòp lè konsa, ni pandan lontan.

ATANSYON: Gen mwens danje lè nou bay piki dyazepam nan misk pase lè nou bay li nan venn. Si se pou nou bay li nan venn, chache yon gwo venn epi bay li dousman.

Lè nou bay twòp dyazepam li ka ralanti souf lan jouk li ka koupe souf lan. Fè atansyon pou nou pa bay twòp.

POU FI KAP SENYEN LÈ YO FIN AKOUCHE

Pou plis detay sou jan pou nou sèvi ak medikaman pou fi kap senyen apre yo fin akouche, ale wè paj 296. Men an prensip, **bay ositosik (tankou ègonovin, ositosin eks) sèlman pou rete san lè tibebe a fin fèt.**

Pa pran chans sèvi ak medikaman sa yo pou ede fanm ki nan tranche paske sa ka tounen mal ni pou manman an ni pou pitit la. Pa janm bay medikaman sa yo anvan pitit la fèt, anvan madanm lan delivre. Si apre madanm lan fin pouse pitit la, lap senyen anpil anvan li delivre nou ka ba li mwatye yon mililit (5 inite) ositosin nan misk. Men **pa janm sèvi ak ègonovin anvan madanm lan delivre**, paske medikaman sa a ka anpeche mèt vant lan soti.

Pituitrin se yon medikaman ki tankou ositosin, men li pi danjere. Se poutèt sa, pa janm sèvi avè l esepte si nou pa jwenn ni ositosin, ni ègonovin lè fanm lan ap senyen anpil.

Si se tibebe ki fenk fèt la kap senyen, sèvi ak vitamin K (wè paj 434).

<u>Ègonovin osinon (ègometrin maleat)</u> <u>*(Ègotrat, Metèjin)*</u>

Non:——————pri:——pou——

Nou jwenn li fasil
an piki ki gen 0.2mg nan yon mililit
pri:———pou——
osinon an grenn ki gen 0.2 mg. nan chak
pri:———pou——

Sèvi avè l pou anpeche fanm lan senyen osinon pou rete san an si lap senyen deja, men **apre** li delivre.

Dòz pou piki a:

Si senyen an anpil (si li depase de tas san) apre li fin delivre, ba li yonn osinon de anpoul (0.2 osinon 0.4ml) ègonovin nan misk. Si apre yon demiyè osinon inèdtan san an pa rete, nou ka ba li yon dezyèm dòz. Kou san an rete, nou mèt ba li grenn ègonovin pou anpeche san an pran koule ankò.

Dòz pou grenn ègonovin ki gen 0.2 mg.:

Sèvi avè l pou anpeche fanm lan senyen twòp **apre** li fin akouche osinon pou kontwole san lap pèdi a (sitou si fanm lan soufri feblès) ba li yon grenn twa osinon kat fwa chak jou **apre** li fin delivre. Si lap senyen anpil, nou ka ba li de grenn chak fwa.

Ositosin *(Pitosin)*

Non:————————pri:————pou————

Nou jwenn li fasil an piki ki gen 10 inite nan yon mililit.

Nou ka sèvi ak medikaman sa a pou rete san an **apre** pitit la fèt, **anvan** manman an delivre. (Li ka ede madanm lan delivre tou, men nou dwe sèvi ak li sèlman si lap senyen anpil osinon si li pran twòp tan pou li delivre)

Dòz piki ositosin pou manman an apre pitit la fèt:

Bay yon mwatye mililit (5 inite). Men si apre 15 minit san an ap koule anpil toujou, bay yon lòt dòz menm valè.

POU EMOWOYID

Sipozitwa pou emowoyid

Non:————————pri:————pou————

Se yon kalite grenn long ki gen fòm yon bal revolvè yo mete nan dèyè moun. Yo fè emowoyid la vin pi piti epi yo fè moun lan pa soufri twòp. Sipozitwa ki pi bon yo se sa ki gen **kòtizòn** osinon **kòtiko estewoyid** ladan yo. Gen pomad yo fè espre pou sa tou.

Dòz:

Mete yon sipozitwa apre nou fin watè ak yon lòt aswè lè nou pral dòmi.

POU MALNITRISYON AK ANEMI

Poud lèt (se yon lèt yo fè tounen poud apre yo wete grès ki ladan l).

Non:————————pri:————pou————

Lèt se pi bon manje pou anpeche moun soufri malnitrisyon osinon pou ede yo refè. Pou timoun, pa gen pi bon lèt pase lèt manman yo. Lèt se yon manje ki gen anpil pwoteyin pou ede kò a devlope ak anpil vitamin ak mineral pou bay kò a fòs pou li kenbe anba maladi. Nan tout ti fanmasi, tout bwat medikaman fèt pou gen fèblan poud lèt pou timoun ki malnouri.

Kalite lèt sa a pi bon mache, lèfini li konsève fasil. Men pou timoun lan ka pwofite tout pwoteyin ki ladan l lan, se pou nou mete sik ak lwil kwizin nan poud lèt la. Nou rele sa lèt anrichi. Nan valè twa boutèy kola vid plen ak dlo pwòp (yon lit), mete 5 gwo kiyè poud lèt, 10 gwo kiyè sik san tiyon ak 5 gwo kiyè lwil kwizin.

Si nou pa gen poud lèt, nou kapab prepare lèt anrichi a avèk lèt vach:

Nan valè yon boutèy edmi (1 1/2) kola vid plen ak dlo pwòp, mete de tas lèt, 3 gwo kiyè lwil kwizin, 10 gwo sik san tiyon.

Vitamin melanje (milti vitamin)

Non:————————pri:————pou————

Nou jwenn yo tout jan, men grenn yo pi bon mache epi yo bay bon rannman. Nou pa fasil jwenn ka ki mande pou nou bay vitamin yo an piki. Lèfini se yon gaspiyay lajan (paske yo pi chè), yo fè mal pou granmesi, yo ka bay apse. Siwo ak pòsyon pa fasil gen vitamin nou pi bezwen an, lèfini yo twò chè pou rannman yo ka bay. Bon kalite manje ka ban nou vitamin kò a bezwen.si nou vle bay moun lan yon dòz vitamin anplis, ba li grenn vitamin.

Lè moun lan pa manje byen, kèk grenn vitamin ka ede l pran fòs. Men se pou nou sèten grenn yo gen kalite vitamin moun lan bezwen an.

Si nou sèvi ak grenn estanda yo, bay yon sèl grenn chak jou. Sa fèt pou kont.

Vitamin A - pou moun ki pa wè byen nan fènwa, moun kap soufri zewosis

Non:——————————pri:———pou———

Nou jwenn li fasil :
an kapsil ki gen 200.000 inite nan chak,
60 mg. retinòl (osinon an dòz pi piti)
an piki 100.000 inite

ATANSYON: lè yon moun pran twòp vitamin A sa fè l fè kriz. Pa bay twòp, lèfini pa kite l kote timoun ka jwenn li fasil.

Pou evite: Manje anpil legim ak fwi ki gen koulè jòn, legim ak fèy vèt ak manje ki soti nan bèt tankou ze ak fwadi. Bay timoun yo vitamin A chak 4 mwa. Timoun ki gen 6 mwa rive 1 an: 100.000 inite; timoun 1 an rive 7 an: yon kapsil 200.000 inite. Bay nouris yon kapsil 200.000 inite vitamin A lè yo fenk akouche osinon 30 jou apre yo fin akouche. Bay timoun ki gen lawoujòl yon kapsil 200.000 inite vitamin A.

Pou timoun ki gen zewoftalmi, malnitrisyon ak gwo lawoujòl, bay yon premye kapsil vitamin A 200.000 inite touswit; yon dezyèm kapsil nan demen; yon dènye kapsil kat senmenn apre. Si timoun nan ap vonmi, ba li yon piki 100.000 inite vitamin A nan misk, nan plas premye dòz la.

Silfat fè - pou anemi

Non:——————————pri:———pou———

Nou jwenn li fasil an grenn ki gen 200, 300 osinon 500 mg. (nou ka jwenn li tou an gout, an siwo, an pòsyon pou timoun)

Silfat fè se yon bon medikaman pou konbat tout kalite anemi. Si nap sèvi ak grenn pou vale, tretman an ka pran twa mwa.

Si nou wè apre twa mwa malad la pa refè, na konnen se pa fè malad la manke ki fè lap soufri feblès la. Chache wè doktè. Lè se pa fasil pou wè doktè, eseye ba li asid folik.

Silfa fè a konn deranje lestonmak, se poutèt sa pito nou pran l antan nap manje. Pou timoun ki poko gen twazan, nou gen dwa pran moso yon grenn, kraze l fè l tounen poud, mete li nan manje l.

ATANSYON: Veye pou nou pa depase dòz la. Se yon pwazon li ye lè nou pran l twòp. Sere yo yon kote pou timoun pa ka jwenn yo fasil.

Dòz silfat fè pou feblès - lè nap sèvi ak grenn ki gen 200 mg. nan chak:

Bay yon dòz twa fwa chak jou antan moun lan ap manje.

Pou chak dòz na bay:

granmoun: 200 rive 400 gm. (yonn osinon de grenn)
timoun ki depase sizan: 200 mg. (yon tablèt)
timoun ki gen ant twazan ak sizan: 100 mg. (mwatye yon tablèt)
pou timoun ki poko gen twazan: 25 rive 50 mg. (yon wityèm osinon yon ka grenn). Kraze l fè l tounen poud, mete l nan manje l.

Asid folik - pou kèk kalite anemi

Non:——————————pri:———pou———

Nou fasil jwenn li an grenn ki gen 5 mg. nan chak

Se yon medikaman ki ka bon anpil pou trete moun kap soufri feblès nan san yo tankou moun ki gen malarya. Si nou wè fwa moun lan anfle epi li gen yon ti koulè jon anba po, ba li asid folik, sitou si nou wè li pa refè apre nou ba li silfat fè. Lè nou bay tibebe lèt kabrit, fòk nou ba li tou ni asid folik, ni silfat fè. Menm jan an tou, yon fanm ki ansent epi kap soufri feblès osinon ki malnouri konn bezwen asid folik ak fè.

Nou jwenn asid folik lè nou manje fèy vèt fonse, vyann, fwadi, osinon pran grenn asid folik. Pou timoun, tretman an ka pran de senmenn, men nan zòn kote timoun yo soufri yon kalite feblès yo rele ***talasemi*** sa ka pran kèk lane. Pou fanm ansent kap soufri feblès osinon ki malnouri, li ta bon pou yo ta pran grenn asid folik ak fè chak jou jouk yo akouche.

Dòz asid folik pou feblès lè nap sèvi ak grenn

ki gen 5 mg. nan chak:

Bay li yon fwa chak jou.

pou granmoun ak timoun ki depase twazan: yon tablèt (5 mg.)
pou timoun ki poko gen twazan: yon mwatye grenn (2 mg. edmi)

Vitamin B 12 (syanokobalamin) - sèlman pou moun kap soufri gwo feblès move anemi

Se plis pou dekouraje moun sèvi ak medikaman sa a ki fè nou mete l nan lis la. Vitamin B 12 lan bon ase pou yon kalite feblès nou pa jwenn fasil kay moun ki poko gen 35 an osinon moun ki soti nan peyi Lazi yo. Gen anpil doktè ki renmen preskri medikaman sa a san nesesite pou plezi bay moun lan kichòy pou li pran. **Pa janm gaspiye lajan nou nan vitamin B 12**, ni pa janm kite yon doktè osinon yon ajann sante ban nou medikaman sa a san nou pa konsilte anvan pou wè si nou soufri ak gwo feblès (***move anemi***).

Vitamin K (fitomenadyòn, fitonadyòn)

Non:——————————pri:————pou————

Nou jwenn li fasil an anpoul pou piki ki gen 1 mg. nan chak 2.5 mililit. Piki a blanch tankou lèt.

Si yon tibebe fenk fèt koumanse ap senyen nan yon pati nan kò li (bouch, twou dèyè, kòd lonbrit) se ka paske li manke vitamin K. Ba li yon piki vitamin K (yon anpoul yon miligram) nan kwis li sou deyò. Menm si san an pa rete, pa ba li plis. Lè yon tibebe fèt piti anpil (li pa rive 2 kg) ba li yon piki vitamin K, konsa li gen mwens chans pou li senyen.

Vitamin K a pap ka fè anyen pou manman an si se li kap senyen apre li akouche.

Vitmain B 6 (piridoksin)

Nou jwenn li fasil an grenn ki gen 100 mg. nan chak

Pri:——————pou——————

Lè yon moun ki gen tibèkiloz ap pran **izonyazid**, sa ka manje vitamin B 6 ki nan kò li. Pou anpeche sa rive li ta bon pou li pran 100 miligram vitamin B 6 (piridoksin) chak jou antan lap pran izonyazid la. Men moun ka rete konsa tou epi yo manke vitamin B 6. Lè konsa, yo gen doulè nan men ak nan pye, yo enève fasil, yo pa ka dòmi, misk kò yo redi yo tanzantan.

Dòz vitamin B 6 pou nou pran lè nap pran izonyazid:

Pran yon grenn 100 mg. chak jou.

METÒD POU KONTWOLE FÈ PITIT:

Grenn pou kontwole fè pitit

Al wè nan paj 315 rive paj 319 ki jan pou nou sèvi ak grenn sa yo, ki kalite prekosyon pou nou pran, ki danje ki gen lè nap sèvi avè yo. Ti koze nap fè isit la se pou nou ede nou chwazi kalite grenn ki ka bon pou divès kalite fi.

Grenn pou kontwole fè pitit yo gen de kalite medikaman ladan yo. Medikaman sa yo koresponn ak de kalite ***òmòn*** kò fi bay pou kontwole lalin yo. Òmòn sa yo rele ***estwojèn*** ak ***pwojestewòn***. Gen divès mak grenn. Atout yo tout gen de medikaman sa yo, genyen ki gen yonn plis pase lòt, tou de gen menm fòs. Men, mak grenn ki gen ti dòz de medikaman sa yo pi bon, yo gen mwens danje pou pifò fi. Se konsa nou jwenn yon premye gwoup:

Gwoup1: grenn sa yo gen ti dòz estwojèn ak pwojesteròn (.05 mg. estwojèn)

Norinil 1/50, Oto-novòm 1/50, Neojinon, Nodyòl, Ejinon. Tout mak sa yo rele "Blue lady" depi yo pa gen yon bann ble antravè sou bwat la, nou met konnen se nan gwoup sa a yo ye.

Non:——————————pri:————

Non:——————————pri:————

Pifò fi se kalite grenn sa yo yo pran lè yap tanmen pran grenn pou pa fè pitit.

Men, lè fi yo gwo anpil, lè yo gen bouton nan figi yo (akne), lè peryòd lalin yo kout osinon lè yo pa regilye, li pi bon pou yo tanmen ak grenn ki gen yon pi gwo dòz estwojèn, tankou:

Gwoup 2: grenn sa yo gen yon pi gwo dòz estwojèn ladan yo (.08 mg.)

Norinil 1/80, Oto-novòm 1/80, Demilen Tout mak sa yo rele "Blue Lady" tou, men yo gen yon bann ble antravè sou bwat la.

Non:————————————pri:———

Non:————————————pri:———

Gen fi ki konn gen ti pwoblèm lè yo tanmen ak grenn premye gwoup la. Sou dezyèm senmenn apre lalin yo, yo konn wè ti tak san parèt sou yo. Lè konsa yo gen dwa pran de grenn chak jou yo wè ti tak san yo. (Pou yo pa mele nan kalkil yo, yo pran dezyèm grenn lan nan yon lòt pake.)

Si pandan twa osinon kat mwa, ti san an toujou ap parèt sou dezyèm senmenn apre lalin lan, lè sa a ya chanje, ya pran grenn nan gwoup de a. (Mak ***Ovilèn*** lan bon anpil pou anpeche ti san an parèt, menm lè fi a pran grenn gwoup de a. Men Ovilèn lan gen yon pi gwo dòz estwojèn toujou. Li ka bay lòt pwoblèm, se poutèt sa yo pa fasil sèvi avè l).

An prensip, depi yon fi ap pran grenn pou yo pa fè pitit, san an pap koule anpil lè li gen lalin li. Se yon gwo avantaj pou fi kap soufri feblès. Men si fi a pase anpil mwa san li pa wè lalin li, osinon si sa fatige tèt li pou l wè li bay ti kal san lè lalin li, li mèt pran grenn nan gwoup de a.

Pou fi ki senyen anpil lè lalin yo, osinon ki gen tete yo ap fè yo mal anvan lalin yo parèt, li ta pi bon pou yo sèvi ak kalite grenn ki gen yon ti dòz estwojèn ak yon gwo dòz pwogestewòn, tankou:

Group 3: grenn sa yo gen fòs pwojestewòn mele ak yon ti dòz estwojèn.

Lendyòl, Ovral, Nolestrin 2.5 (Norinil 1/50 ak Oto novòm 1/50) gen fòs pwojesteròn ladan yo tou)

Non:————————————pri:———

Non:————————————pri:———

Kalite grenn sa yo pa bon pou fi ki gen bouton nan figi yo, ak anpil pwal sou bra yo ak anwo po bouch yo, osinon ki gen yon ti lalin tou kout, paske gwo dòz pwojestewòn lan ka pi mal pou yo. Konsa tou, yo ka lakòz fi nòmal vin gen pwoblèm sa yo.

Fi, ki gen de osinon twa mwa depi yap pran grenn sa yo, ki toujou santi yon ti malèz nan maten osinon ki gen lòt konplikasyon, dwe chanje kalite grenn yo tap pran an pou yon lòt kalite ki gen ti dòz tou piti ni estwojèn ni pwojestewon, tankou sa fè gwoup kat la.

Gwoup 4: grenn sa yo gen yon ti dòz tou piti estwojèn mele ak yon ti dòz tou piti pwojestewòn

Lo-ovral, Brevikon , Modikan, Loestrin, Zoran, Mikwo-jinon

Non:————————————pri:———

Non:————————————pri:———

Dezavantaj ki genyen lè nap pran kalite grenn sa yo, yo konn lakòz nou gen ti pèt nan mitan mwa a. Lèfini, si nou sote yon grenn yon jou, nou gen plis chans pou nou vin ansent.

Kapòt

Non:————————pri:———pou——

Nou fasil jwenn kapòt nan bwat ki gen twa ladan yo.

Gen divès kalite kapòt. Genyen ki pi chè pase lòt. Genyen ki vin ak yon ti grès genyen ki gen tout koulè.

Pou jan pou moun sèvi ak kapòt, wè paj 320.

Dyafrag

Non:————————pri:———pou———

Pou li bay bon sèvis, se pou yo sèvi ak yon krèm ansanm avè l. Yo pase krèm lan sou tout rebò a anvan yo foure l nan vajen an.

Non krèm lan:————————pri:———

Krèm pou pa fè pitit. Mak nou pi fasil jwenn se): ***Emko, Lempko, Delfèn.***

Non:————————pri:———pou——

Wè paj 320 pou jan pou fi sèvi ak krèm lan.

Esterilè (filaman)

Non:————————————————pri:————

Lajan pou yo peye pou mete l. ----------

Wè paj 320 pou tout ransèyman sou esterilè. Gen divès kalite. Pi bon an se: **"Lippes"** la. Gen yon lòt ki fenk parèt epi ki bon tou, yo rele l **"Copper 7"**. Kalite yo rele **"Dalkon Shield"** la bay anpil pwoblèm. Pa sèvi avè l.

Yo ka sèvi ak esterilè a pou fi ki poko janm fè pitit. Men li ka soti fasil, lèfini li ka ba yo lòt ti pwoblèm.

Pi bon lè pou mete esterilè a se lè fanm lan gen règ li osinon lè règ la fenk fini.

Piki pou pa fè pitit *(Depo-pwovera)*

Non————————————————pri:————

Yo sèvi avè l pou fi nan anpil peyi. Men doktè yo pa fin dakò sou li. Genyen ki di li gen anpil danje. Li pa ta bon pou sèvi avè l pou fanm ki ta renmen fè lòt pitit pita (wè paj 321).

TI DIKSYONÈ

Nan ti diksyonè sa a nap jwenn mo yo dapre lòd lèt yo nan alfabè ayisyen an:
A- -B- -CH- -D- -E- -F- -G- -I- -J- -K-L- -M- -N- -O- -P- - R- -S- -T- -V- -W- -Y- -Z-.

Nou pa bay pifò non maladi yo nan diksyonè a.
Se nan LIS MO yo (paj jòn) nap jwenn yo.

-A-

Ajann sante Se yon moun kap travay nan tèt ansanm ak moun nan yon zòn pou mete pwòpte ladan l, pou moun ka jwenn lasante, pou ede yo konbat maladi.

Alèji, reyaksyon alèji Se tout kalite reyaksyon kò moun ka bay tankou gratèl, bousòl, estènye, difikilte pou pran souf, dekonpoze, lè moun lan manje, bwè, manyen, respire yon bagay ki pa ale ak kò li, osinon si bagay la pike l tou, tonbe sou li.

Amib Se yon kalite ti bèt piti piti ki viv nan dlo osinon nan trip moun. Yo sitèlman piti se nan mikwoskòp nou ka wè yo ase. Yo ka bay dyare, disantri ak apse nan fwa.

Analjezik Se kalite medikaman ki bon pou kalme doulè.

Anemi Se yon kalite maladi ki fè san moun vin dlo. Lè konsa, moun lan fatige fasil, po l blèm blèm, li pa gen fòs pou l fè anyen.

Lè se vitamin B12 kò a manke, moun nan gen yon kalite anemi ki grav anpil, men sa pa rive souvan.

Aparèy (1) Se yon kalite anplat fèt ak bann twal ak yon poud blanch pou kenbe yon zo nan plas li jouk li pran.

Aparèy (2) Se pati nan kò moun ki makonnen ansanm yonn ak lòt pou fè yon travay espesyal tankou aparèy pipi, aparèy san, aparèy souf.

Aparèy pipi Se tout pati nan kò a, tankou ren, blad pipi, kannal pipi, ki sèvi pou wete salte ki nan san an jouk li voye yo jete deyò nan dlo yo rele pipi a.

Apendis Se yon ti sak gwosè yon dwèt ki nan kalfou kote gwo trip la kontre ak ti trip la.

Apse Se kote pi (postim) ranmase nan kò a lè gen enfeksyon.

Apse lenn Se yon glann bò lenn ki anfle lè li enfekte.

Apse nan tete, mastit Se yon enfeksyon nan tete fanm ki ti nouris. Lè konsa, tete a vin cho, li anfle.

Asid folik Se yon vitamin konsekan nan manje pou moun manje. Se nan fèy, legim vèt yo, yo jwenn sa an kantite.

Askaris Wè Gwo vè

Atak malvant Se yon kalite kriz gwo doulè nan vant ki mande sèvis prese. Doulè a ka mache ak vonmisman, men li pa bay dyare.

Atrapan, maladi atrapan Se maladi nou ka pran fasil lè nou gen kontak ak moun ki genyen l.

Avòtman Se lè yon fanm jete pitit.

-AN-

Anfleti Se yon pati nan kò moun ki anfle

tou wouj, ki cho epi ki fè mal. Anpil fwa se lè gen enfeksyon sa rive.

Anpwazonman gwosès Se yon maladi anfleti ki tonbe sou fanm ansent.

Anti-asid Se kalite medikaman ki sèvi pou kontwole kantite asid nan lestonmak moun. Yo bon pou lestonmak boule.

Antibyotik Se kalite medikaman ki kraze enfeksyon ki soti nan mikwòb (bakteri). Gen de kalite antibyotik: gen yon kalite ki aji sou anpil mikwòb anmenmtan. Lèfini gen yon kalite ki aji sou yon sèl kalite mikwòb ase.

Anti-espasmodik Se kalite medikaman ki kraze kolik ak lakranp nan vant.

Anti-istamin Se kalite medikaman ki bon pou trete alèji. Yo anpeche vonmisman, men yo fè dòmi.

Anti-pwazon, anti-toksin Se kalite medikaman yo sèvi pou kenbe tèt ak nenpòt kalite pwazon osinon venen bèt ki antre nan kò moun.

Antiseptik Se yon kalite savon osinon dlo yo sèvi pou netwaye epi ki anpeche ti jèm maladi yo grandi osinon peple.

Anti-vonmisman Se yon kalite medikaman ki rete vonmisman, ki anpeche moun gen anvi vonmi, osinon ki rete anvi vonmi kay moun.

Anvi zago bèf Se lè yon timoun fèt ak po bouch li fann rive jouk nan nen li. Lè sa a, timoun lan pale nan nen. Yo di li wannenm.

-B-

Bakteri Se ti jèm maladi tou piti nou ka wè nan mikwoskòp ase. Se yo ki bay divès kalite maladi enfeksyon.

Bil Se yon dlo vèt anmè anpil ki soti nan fwa moun. Ti sak kote bil la ranmase a rele fyèl. Se bil la ki ede moun dijere grès yo.

Bwesonyè Se moun ki pa ka kontwole tèt yo ankò nan zafè bweson an.

Bwonch Se yon bann ti tib nan poumon an kote lè a pase lè nap pran souf.

Bwonchit Se maladi enfeksyon nan bwonch, maladi bwonch.

-CH-

Chank Se yon bouton ilsè ki pa fè mal men ki ka parèt nan pati moun, nan dwèt, nan po bouch. Se yon siy maladi sifilis.

Chofi kouchèt Se gwo tach wouj sansib nan fant janm tibebe ki rete ak kouchèt sal mouye ak pipi sou yo.

Chòk Wè Kriz kè.

-D-

Dejwente Se lè yon zo soti nan plas li nan yon jwenti. Yo di debwate.

Dekonpoze Se eta yon moun ki santi lap febli, lap pèdi konesans, lap swe frèt epi kè l prèt pou rete (ki vle di: kè a ap bat vit men tou fèb). Sa rive lè moun lan manke anpil dlo nan kò li, lè li senyen anpil, lè li boule gwo boule osinon lè li malad grav.

Delivrans Wè Mèt vant

Depale Se kondisyon yon moun ki pèdi bonnanj li, lap di yon bann pawòl dwategòch ki pa vle di anyen. Sa konn rive moun kap soufri gwo lafyèv cho.

Dezidrate, manke dlo Se kondisyon yon moun ki manke nan kantite dlo pou l ta gen nan kò li. Se gwo danje lè sa rive kay timoun piti.

Dèyè, bounda Se pati nan kò moun yo sèvi pou yo chita.

Dyare Se lè yon moun watè dlo plizyè fwa.

Dyèt Se kalite manje ak kantite manje yon moun dwe manje osinon li dwe evite manje.

Difòm Se lè yon bagay pa gen fòm nòmal pou l ta genyen an osinon ki pèdi fòm nòmal la.

Disantri Se yon kalite dyare ak glè ak san. Gen moun ki rele l kakarèl. Kalite dyare sa a se enfeksyon nan vant ki bay sa.

Donmaj nan nesans Se tout kalite donmaj yon timoun ka gen nan kò li osinon nan lespri li depi li fèt tankou anvi krab (anvi zago bèf), pye tòtòy, dwèt marasa.

Donmaj nan sèvo Wè Kriz kè, Paralizi.

Douch Se yon jan pou fi lave vajen yo ak dlo yo ponpe ladan l.

-E-

Eklanpsi Se atak kriz yon fanm fè pandan gwosès la osinon apre akouchman. Sa rive lè li soufri anpwazonnman gwosès.

Emoraji Se lè yon moun ap senyen anpil.

Emowoyid Se ti boul piti osinon gwo boul bò twou dèyè a osinon anndan twou a. Emowoyid se yon kalite varis osinon venn anfle.

Endispoze Wè Pèdi konesans

Enfeksyon Se yon maladi ki soti nan mikwòb osinon nan lòt jèm maladi ki ka rete yon sèl kote nan kò moun.

Enfeksyon sak vant Se yon gwo enfeksyon ki gaye nan sak vant kote trip yo ye a. Lè konsa, vant lan vin di kou wòch, moun lan menm ap soufri anpil lè li eseye kouche ak janm li lonje.

Èni Se yon chire ki rive fèt nan sak vant lan kote trip la soti fè yon boul anba po a.

Ensektisid Se yon pwazon ki bon pou touye ti bèt a zèl.

Ensilin Se yon kalite eleman (anzim) yon pati nan kò nou yo rele pankreyas travay fè pou kontwole kantite sik nan san. Moun ki soufri maladi sik (dyabèt) konn bezwen piki ensilin.

Epidemi Se lè yon maladi gaye nan yon zòn, nan yon kominote, li tonbe sou anpil moun anmenmtan.

Estetoskòp Se aparèy yo sèvi pou tande bri kap fèt anndan kò moun tankou batman kè, bri gaz nan vant moun.

-F-

Farennryat (F.) Se yon règ make yo sèvi pou mezire chalè osinon fredi yon bagay. Chalè kò moun ki pa malad se 98 degre Farennryat 6. Dlo tounen glas lè fredi a desann 32 degre Farennryat. Dlo bouyi lè chalè a rive 212 degre Farennryat.

Fanmasi Se boutik kote yo vann renmèd, medikaman ak tout kalite bagay ki ka sèvi pou pran swen moun.

Flenm Se kim ak pi ki soti nan poumon moun malad lè yap touse.

Foskouch Se lè pitit la mouri nan vant manman an epi li soti anvan dat li. Sa konn rive apre yon gwo senyen (emoraji) avèk gwo boul san kaye. Wè Avòtman.

Fontenn tèt Se yon kote ki mou nan mitan zo tèt timoun lè yo piti toujou.

Fouk Se pati devan yon moun kote de janm yo kontre ak anba vant lan.

Foulay, antòch Se lè venn nan yon jwenti chire osinon fòse anpil apre yon fo mouvman.

Fwa Se yon gwo pati nan anndan kò moun ki sou bò dwat anba zo kòt yo. Travay li se ede netwaye san an pou wete tout pwazon ki ladan l.

-G-

Gaz Se yon twal mou ki sèvi pou fè bandaj ak pansman.

Glann Se yon bann ti boul anba po nou jwenn divès kote nan kò moun. Se pèlen yo ye pou jèm maladi. Lè yo enfekte, yo anfle, yo fè moun mal. Nan maladi tibèkiloz ak nan kansè, yo anfle, osinon yo ka gaye nan tout kò a nèt.

Glas je Se yon kal tankou yon ti moso vit ki kouvri glè je a ansanm ak nwa je a.

Glè je Se gwo wonn ki nan mitan blan je a. Li ka nwa, tonmaren (mawon), gri, vèt osinon ble.

Glòb Se boul ki parèt sou kò moun. Yo ka ale vini, yo ka disparèt yon kote pou yo parèt yon lòt kote. Se ka yon kalite alèji.

Gram (gm.) Se non yo bay yon ti kantite ki sèvi mezi pou mezire pèz yon bagay. 28 gram = yon ons; 1000 gram (1000 gm.) = yon kilogram (1kg.)

Gren (gr.) Se non yo bay yon ti kantite renmèd ki peze 65 mg, ki ta vle koresponn ak pèz yon gwo grenn diri.

Grip Se yon kalite maladi ki ka bay lafyèv ak doulè nan tout jwenti. Li konn mache ak dyare tou.

Gwat, gwo kou Se yon anfleti glann tiwoyid la ki parèt sou devan kou moun lan, anwo kòf lestonmak la. Sa ka rive lè kò moun lan pa jwenn kantite yòd li bezwen nan manje lap manje.

Gwo kiyè Se yon kiyè ki kenbe 15 mililit . Li gen menm valè ak twa ti kiyè mete ansmanm.

Gwo vè, askaris Se yon kalite gwo vè ki viv nan trip moun. Yo konn fè moun lan pa santi l alèz , li pa desann manje l byen, li fèb. Vè yo ka rive fè boul bloke trip moun.

Gwosès Se eta yon fanm kap pote pitit nan vant li. Nòmalman sa pran nèf (9) mwa.

Gyadya Se yon ti bèt parazit tou piti ki ka enfekte trip moun. Se li ki lakòz kalite dyare ki vin ak glè jòn lan.

-I-

Idrat kabòn Se kalite manje ki gen sik ak lanmidon ladan yo epi ki bay fòs ak kouraj.

Ijyèn Se tout prensip pou moun swiv pou kenbe kò yo ansante.

Ilsè Se yon blese ki anvlimen epi ki tounen maleng. Se ka nan po, nan lestonmak, nan trip osinon nan je.

Iris Wè Glè je

Istwa maladi Se tousa nou rive konnen sou yon ka maladi: ki jan li koumanse, si malad la ap refè osinon si lap vin pi mal, ki sa yo te fè pou ede malad la, si gen lòt moun nan kay la osinon nan zòn lan ki gen menm maladi a.

-J-

Jèm Se yon seri ti bèt tou piti ki ka peple nan kò moun epi ki lakòz anpil maladi enfeksyon.

Jennmoun Se yon moun ki nan laj pou li fòme osinon ki fenk fòme, lap balanse ant trèzan rive diznevan.

-K-

Kap Se yon bann ti kal koulè blan osinon koulè gri ki parèt nan po tèt moun. Yo konn grate anpil.

Karang Se yon ti bèt ki sanble yon ti zanrenyen osinon yon tik, epi ki foure tèt li anba po moun pou souse san.

Kat chemen lasante Se yon kat kote chak mwa yo make pèz timoun lan pou wè si lap pwofite nòmalman antan lap pran laj.

Katarak Se yon maladi je kote glas je a vin twoub twoub, jouk moun lan rive pa wè menm. Twou je a pèdi koulè li, li parèt gri osinon blan lè nou klere limyè sou li.

Kannal pipi Se kannal ki soti nan blad pipi a rive nan twou kote moun lan fè pipi a.

Kannannan Se lè yon timoun fèt ak lespri li lou, li ka soudè tou. Sa konn rive lè manman an te manke yòd pandan gwosès li. Lè konsa, timoun lan fèt kata, li pa devlope tankou lòt timoun, li petevi. Figi li won, men li gwo epi dwèt li yo kout kout.

Kansè Se yon timè osinon yon boul kap gwosi nan kò moun jouk li rive touye l.

Kilogram (kg.) Se mil gram (1000 gm.) Yon kilogram (osinon yon kilo) vo de liv ak yon ti kal toupiti.

Kis Se yon ti boul ki parèt anba po moun epi ki plen dlo. Li konn grandi fè moun lan mal anpil.

Klou nan je Se yon ti boul anfle tou won arebò je a. Se yon kalite enfeksyon nan je ki bay sa.

Kolik Se gwo doulè mòde lage nan vant.

Kolostwòm Se premye lèt tete manman an bay. Li dlo, men li gen anpil pwoteyin ladan l epi li pwoteje tibebe yo pou yo pa pran enfeksyon.

Koma Se lè yon moun pèdi konesans pou yon bon tan. Li ka pa fasil reprann konesans li anvan li mouri. Gen divès bagay ki ka mete moun nan koma tankou maladi kè, maladi sik, aksidan ak pwazon.

Kominote Se yon group moun ki rete nan yon zòn, nan yon bouk epi kap viv nan menm kondisyon, ki gen menm enterè yap defann ak menm pwoblèm pou yo rezoud.

Kò Se pati nan po moun ki vin di, pwès afòs li fwote sou yon bagay tankou soulye, manchèt. Li konn fè mal tou.

Konesans Wè Pèdi konesans

Kòd lonbrit Se ti kòd ki soti nan lonbrit tibebe a rive nan mèt vant lan pandan tout tan gwosès la. Se konsa pitit la jwenn tousa li bezwen pou l devlope pandan nèf mwa gwosès la.

Konjesyon serebral Wè Kriz kè

Konjonktiv Se non yo bay yon ti vwal fen fen ki kouvri boul je a ak tout anndan po je yo.

Konplikasyon Se lòt pwoblèm lasante yon maladi ka bay antan lap fè kous li. Konsa, lè yon moun soufri lawoujòl sa ka ba li yon mennenjit. Konsa tou, gen renmèd kap bay lòt pwoblèm lasante antan yap fè travay yo.

Konpòs Se yon kalite fimye yo fè ak fatra tout kalite mele ak poupou bèt yo anpile yon kote jouk yo pouri. Yo sèvi avèl pou bay pye bwa ak plant fòs nan tè ki pa gra. Zèb, fèy bwa, po bannann, po fig, po mango, gous pwa, poupou tout kalite bèt, tousa fè bon fimye konpòs.

Konprès Se yon moso twal mouye ak dlo cho osinon dlo frèt yo ploye pou mete sou yon pati nan kò moun pou kenbe l cho osinon frèt.

Konstipasyon Se lè yon moun sere, li pa ka poupou osinon lè poupou a di anpil, li pa soti fasil.

Kwatchòkò Se yon kalite malnitrisyon ki rive lè moun lan pa manje kont pwoteyin. Lè konsa, pye l yo, men l yo ak figi li anfle, po li ap dekale fè pi.

Kwayans Se tout kalite mès, abitid ak lide kap gaye nan yon sosyete depi tan lontan epi kap pase de pitit an pitit epi ki dirije lavi moun yo.

Kriz Se lè yon moun rete konsa epi yon maladi parèt sou li, lap bat kò li osinon lap tranble san li pa ka kontwole mouvman kò li, tankou nan maladi malkadi ak mennenjit. Li ka rive pèdi konesans tou.

Kriz kè Se lè moun lan rete konsa li pèdi konesans, li pa santi anyen, li pa ka fè okenn mouvman ak kò li. Se ka yon venn san ki pete nan sèvo li, osinon yon boul san kaye ki bloke nan sèvo li.

-L-

Lafyèv Se lè chalè kò moun depase chalè nòmal li.

Lajonis Se yon maladi ki bay moun yon ti koulè jòn nan blan je ak anba po. Se ka yon maladi nan fwa, nan fyèl, nan pankreyas osinon nan san.

Lakranp Se lè misk yon moun ap mòde l osinon ap redi l tou.

Lalin Wè Peryòd

Laperèz Se yon kalite gwo kè sote ki pran yon moun ansanm ak sezisman.

Larat Se yon pati nan kò moun gwosè yon pwen ki chita sou bò gòch anba de dènye kòt yo. Travay li se ede kenbe san an pwòp.

Latrin Se yon ti kay ki moute sou yon twou kote moun ka ale fè bezwen yo (poupou ak pipi)

Lavman Se yon renmèd dlo yo bay moun nan deyè pou fèl poupou, osinon pou lave gwo trip li yo.

Lanmidon Se kalite manje tankou mayi, diri, ble, manyòk ak ponmtè ki bay fòs ak kouraj.

Lestonmak Se pati nan kò moun ki tankou yon sak kote manje a rete lè nou fin vale li, pou l ka tounen yon pat anvan li pase nan trip yo. Nan pale moun yo, yo rele kòf lestomak osinon lestonmak la pou pati devan anwo moun kote poumon yo ye.

Lestonmak boule Se lè nou santi kre lestonmak nou ap boule nou. Se asid ki bay moun sa.

Lit (l.) Se yon mezi yo sèvi pou mezire tout bagay ki likid. Yon lit pa fin gen menm valè ak yon boutèy ka. Yon lit dlo peze yon kilogram.

Lonbrit, bouton vant Se kote kòd lonbrit la te tache nan vant timoun lan, antan li te nan vant manman l.

Longan Se yon losyon osinon yon ponmad pou pase sou po moun ase.

-M-

Mak ansent Se gwo tach nwa ki parèt sou tete, sou figi osinon nan mitan vant yon fanm ki ansent.

Maladi atrapan Se yon kalite maladi ki pase fasil sot nan yon moun malad al sou yon lòt.

Maladi gwosès Se kè plen ak anvi vonmi yon fanm genyen pandan twa premye mwa gwosès li.

Maldjòk Se lè yon moun gade yon lòt ak move je pou djoke l, osinon lè yo voye move maladi ak move lè sou yon moun. Wè Wanga.

Maleng kabann Se maleng ki parèt sou moun ki sitèlman malad, yo pa ka vire kò yo sou kabann kote yo kouche a, yo pa ka chanje pozisyon. Lè konsa, kabann lan chofe po a, fèl dekale, li pa ka geri fasil.

Malnitrisyon Se yon move kondisyon lasante ki soti nan pa manje kont manje osinon bon kalite manje an kantite, manje ki pou bay kò a sa li bezwen. Gen de kalite malnitrisyon: malnitrisyon anfle ak malnitrisyon chèch.

Manje sik Se tout kalite manje dous tankou siwo myèl, sik, fwi, ki bay kò a fòs ak kouraj.

Manman vant Se sak fanm yo gen anndan vant yo kote yo kenbe pitit la pandan tout tan gwosès la.

Manyòk Se yon kalite ti plant ki bay yon yanm yo sèvi pou manje. Se nan peyi cho yo jwenn li ase. Gen de kalite manyòk: manyòk dous ak manyòk anmè.

Matris Wè Manman vant.

Menopoz Se lè yon fanm rive yon laj li sispann gen règ li, ki vle di li rete. Sa rive ant karantan ak senkantan.

Metsin dous Se yon kalite metsin ki pa twò fò. Li annik fè poupou a vin mou nan trip la epi li ankouraje moun lan watè pi dri pou yon ti tan.

Mèt vant Se sak ki tache pitit la anndan manman vant lan pandan gwosès la. Li tankou yon doub, li fèt ak yon lèz eponj nwa ki kouvri tout anndan manman vant lan. Li soti sou kenz minit rive trant minit konsa apre pitit la fin fèt.

Mikwoskòp Se yon aparèy ki gen yon linèt ladan l ki pran yon bagay ki toupiti li fè nou wè l gwo gwo.

Miligram (mg.) Se yon milyèm pòsyon nan yon gram (0.001gm). Ki vle di yon gram (1 gm.) gen mil miligram ladan l.

Mililit (ml.) Se yon milyèm pòsyon nan yon lit (0.001 l.). Ki vle di yon lit gen mil mililit landan l.

Mineral Se yon kalite eleman natirèl tankou fè, kalsyòm, yòd kò a bezwen pou li anfòm.

Move zè Se yon kalite wanga bòkò yo fè pou yo voye sou moun.

-N-

Neye Se lè yon moun mouri nan dlo, li pase twòp tan anba dlo, li pèdi souf, li toufe.

Nè Se yon bann fil ki soti nan sèvo al nan tout kò a. Se yo ki pèmèt moun fè mouvman ak pati nan kò yo epi ki pèmèt yo santi nenpòt bagay kap pase nan kò a.

Non kalite Se bon non medikaman an.

Non mak Se non konpayi ki fè medikaman an, bay medikaman li fè a pou li pa twoke ak sa yon lòt konpayi fè.

Nourisan, manje nourisan manje ki gen nanm Se kalite manje ki gen tousa kò moun bezwen pou grandi, pou an sante, pou goumen ak maladi.

Nwa je Se yon ti twou ki nan mitan glè je a. Nan gwo limyè, twou a vin pi piti. Nan fènwa, li vin pi laj.

-O-

Ositosik Se yon kalite medikaman ki fè manman vant lan ranmase kò li epi ki fè li kranponnen ansanm ak venn san li yo pou rete senyen kay yon fanm apre pitit la fèt. Gen anpil danje nan sèvi ak medikaman sa a si nou pa konnen jan pou nou fè sa.

Òmòn Se yon kalite eleman chimik kèk pati nan kò moun travay fè pou kontwole aktivite kò a. Konsa, gen de òmòn yo rele estwojèn ak pwojestewòn ki kontwole peryòd yon fi epi ki pèmèt li vin ansent.

Ons Se yon pwa ki peze 28 gram. Gen 16 ons nan yon liv.

-P-

Pankreyas Se yon pati nan kò moun ki chita anba lestonmak la, sou bò gòch, li bay yon dlo yo rele ensilin.

Paralizi Se lè yon moun pa ka fè mouvman ak yon pati nan kò li ki bloke.

Paralizi latranblad Se lè sèvo yon moun resevwa donmaj li pa ka kontwole misk li yo, epi lè konsa tanzantan li konn gen kriz paralizi ak yon latranblad ki pran l.

Parazit Se tout kalite vè ak ti bèt kap viv anndan kò moun ak bèt osinon sou po moun ak bèt epi ki fè yo malad. Bèt tankou pis, tik, vè nan trip ak amib se parazit yo ye.

Parazit nan trip Se tout kalite vè ak lòt ti bèt parazit ki antre nan vant moun pou fè yo malad.

Pèdi konesans Se eta yon moun malad osinon yon moun aksidante ki sanble lap dòmi epi ki pa ka leve sot nan dòmi an.

Peryòd Se lè yon fanm senyen chak mwa lè li pa ansent. Yo ba l anpil lòt non tankou lalin, mwa, flè, règ.

Pyè nan ren Se depo ki fèt nan ren epi ki konn desann nan kannal pipi a. Sa konn bay gwo doulè nan anba do, sou kote, nan kannal pipi a ak nan anba tivant. Si wòch (pyè) yo gwo, yo konn bloke kannal pipi a. Lè konsa, moun lan pa ka pipi osinon sa fè li mal anpil lè lap pipi.

Piki nan misk Se piki yo bay nan misk moun pou mete renmèd nan kò yo. Odinèman se nan bra osinon nan dèyè, yo pike lè konsa. Se pa menm bagay ak piki yo bay nan venn.

Pipi Se dlo sal ren yo travay fè pou voye kras yo jwenn nan kò a jete deyò.

Pòch ze, ovè Se de ti sak anndan vant fanm yonn chak bò manman vant lan, kote ze ki pou fè pitit yo fèt.

Polenn Se yon ti pousyè fen fen yo jwenn nan flè plant ki fè grenn. Moun ki fè alèji ak polenn ka fè lafyèv grip chak fwa plant yo ap fleri. Lè konsa, pa manke ti pousyè sa yo nan lè a.

Poupou, watè Se ma ki rete nan manje moun lè kò a fin pran tousa li bezwen ladan l. Kò a voye l jete deyò nan twou deyè.

Prekosyon Se swen pou nou pran pou evite malè osinon pou pare pou malè san klaksonn anvan yo rive sou nou.

Premye swen Se swen osinon tretman pou nou prese bay yon moun ki malad osinon ki fè aksidan.

Prese, ka prese Se lè yon moun rete konsa epi li tonbe malad osinon aksidan rive l, epi li nan yon eta grav ki mande pou yo fè kichòy pou li lapoula san pèdi tan.

Presyon san Se fòs san an fè lè lap pase nan venn yo. Maladi ak laj ka fè fòs la moute osinon desann.

Pwen nwa , akne Se yon maladi po ki fè bouton parèt sou figi, sou lestonmak osinon nan do moun. Bouton yo gen yon ti tèt blanch plen pi ki ka vin tou nwa ak pousyè. Se jennmoun ki pi fasil genyen yo.

Pwogram pwòpte Se yon pwogram yo mete sou pye nan yon kominote pou evite maladi. Pou ankouraje moun pran bon swen kò yo, lèfini pou kenbe zòn kote yap viv la pwòp.

-R-

Rapèl Se yon ti dòz vaksen yo bay yon moun ki vaksinen deja pou rafrechi fòs vaksen an nan kò li.

Rapò Wè Kolostwòm

Ren Se de gwo pati andann vant moun ki gen fòm yon gwo grenn pwa epi ki sèvi pou netwaye san moun. Se ladan yo pipi a soti pou pote tout kras yo deyò.

Renmèd fèy Se tout kalite plant yo sèvi pou fè renmèd.

Respirasyon, souf, aparèy respirasyon Se bwonch, poumon, ti gòjèt, nen ak bouch.

Respirasyon bouch nan bouch Se yon kalite respirasyon fòse yo fè pou ede yon moun ki sispann pran souf pou l ka rekoumanse pran souf ankò.

Rete Wè Menopoz

-S-

Sa pa bon Se bagay moun kap viv nan yon menm sosyete konsidere pou pa bon, bagay pou moun pa fè, bagay pou moun egzante, manje pou moun pa manje, pawòl pou moun pa di, pou malè pa rive yo.

Sak dlo Se yon ti sak plen dlo kote pitit la devlope anndan vant manman li. Lè tranche a pral koumanse, sak la pete, epi dlo a koule soti. Se sa yo rele kaselezo.

Sak grenn Se yon ti sak gason yo gen nan fant janm yo kote de grenn yo ye.

Santigrad Se yon mezi ki sèvi pou mezire degre chalè ak degre fredi. Chalè nòmal moun ansent se trannsèt (37) degre santigrad. Dlo bouyi sou san (100) degre santigrad, li tounen glas sou zero degre santigrad.

Septisemi Se yon enfeksyon nan san.

Sewòm oral Se yon bweson nou fè ak dlo, sik, sèl ak sitwon pou bay moun ki manke dlo nan kò yo.

Sinizit Se enfeksyon nan sinis yo, ki vle di nan twou vid ki nan zo figi moun epi ki louvri sou anndan nen an.

Sipozitwa Se yon renmèd ki gen fòm yon ti bal revolvè. Yo mete l nan twou dèyè moun malad la osinon nan vajen fi.

Siy Se tousa yon moun santi, osinon tout chanjman ki parèt nan kò li ki pou fè wè li malad. Lè nap egzaminen yon moun malad, se tout bagay sa yo pou nou chache konnen, osinon pou nou ka rekonèt kay malad la pou konnen ki kalite maladi li genyen.

Sonn Se yon ti tib kawotchou yo sèvi pou fè pipi a koule soti nan blad pipi a, lè glann yo rele pwostat la bouche.

-T-

Tanperati Se degre chalè osinon degre fredi.

Tansyon Se fòs kè a fè pou l ponpe san an nan venn yo. Tansyon an wo lè kè a ponpe san an pi fò depase nòmal. Tansyon an ba lè kè a ponpe san an pi fèb depase nòmal.

Tèmomèt Se yon ti aparèy ki sèvi pou konnen degre chalè kò moun.

Ti kiyè Se yon kiyè ki kenbe senk mililit. Konsa, twa ti kiyè bay menm valè ak yon gwo kiyè.

Tik Se yon ti bèt parazit ki souse san moun osinon san bèt pou l ka viv.

Timè Se yon boul ki parèt nenpòt kote nan kò moun, lèfini kap gwosi san li pa fè moun lan mal. Gen kèk timè se kansè ki lakòz yo.

Tranche Se lè vant yon fanm ansent rete konsa epi li pran mòde l pou fè l konnen li pa lwen akouche, pitit la pral mande soti.

Trip, zantray Se yon pati nan kò moun ki tankou yon tib long kote manje a pase depi lè li soti nan lestonmak la rive nan twou dèyè a.

Twou nan dan Se lè yon dan gate paske yon ti mikwòb antre chita nan dan an, epi li manje zo dan an, li fè yon twou.

-V-

Vaksen Se yon kalite medikaman yo bay moun pou anpeche yo trape kèk maladi. Konsa gen vaksen pou maladi sa yo: difteri, koklich, tetanòs, polyo, tibèkiloz ak lawoujòl.

Vajen Se ti kannal ki soti nan devan pati fanm antre rive devan twou manman vant la.

Varis Se maladi venn anfle yo jwenn pi fasil nan janm vye granmoun, nan janm fanm ansent ak janm fanm ki fè anpil pitit.

Vazlin Se yon kalite grès yo sèvi pou fè renmèd pou maladi po.

Vant Se pati nan kò a kote yo jwenn lestonmak, fwa ak trip yo.

Vantouz Se yon kalite tretman yo fè ak vè, godèt osinon ti kalbas pou rale move san deyò.

Vitamin Se yon kalite manje ki pwoteje kò moun, ki bay kò a tousa li bezwen pou li an sante.

Venn (1) Se ti kannal ki sèvi pou fè san an mache nan tout kò a. Gen gwo venn gen ti venn. Gen venn anba po, gen venn sou anndan.

(2) Se ti kòd ki makonnen zo ak zo nan jwenti pou yo pa lage.

(3) Se ti kòd ki mare misk yo ak zo po pou fè zo yo fè mouvman.

Venn jwenti Se ti kòd yo jwenn nan jwenti yo pou kenbe zo yo nan plas yo.

Vonmisman Se lè yon moun ap rann pa bouch tousa li gen nan lestonmak li.

Vonmitif Se yon kalite medikaman osinon renmèd yo bay moun pou fè yo vonmi.

-W-

Wanga Se maji yo fè pou voye maladi ak move zè sou moun pou nwi yo.

LIS MO

Nan lis sa a na jwenn non kozman nou fè nan liv la dapre lòd lèt yo nan alfabè ayisyen an: A - B - CH - D - E - F - G - I - J - K - L - M - N - O - P - R - S - T - U - V - W - Y - Z.

Nimewo paj ki ekri an lèt gra yo fè nou konnen ki kote nan liv la nap jwenn pawòl ki pi konsekan sou kozman yo.

-A-

Ajann sante **I, VIII, XXXII, 45, 437**

AKAMIL 124

Akouchman
- avan lè **292**
- difisil **291-299, 353**
- bagay pou pare pou **283-285**
- enfeksyon apre **290, 307**
- jan pou konnen dat **280**
- jan pou koupe kòd lonbrit **292-293**
- lafyèv apre **27, 307**
- lè tibebe a parèt bra devan **298**
- lè tibebe a parèt pye devan **298**
- lè twou nesans la chire **299**
- pozisyon tibebe a nan vant **286, 291, 297**
- pozisyon pou manman an pran **290**
- siy pou fè konnen dat **287**
- renmèd pou rete san apre **296**
- senyen apre **296**
- fich fanm ansent **281**

Alèji 437
- nan po **220**
- medikaman pou **371, 428-429**
- nen koule **177**
- chòk **75, 402**

Amib 154-156, 371, 414, 437

Amigdal anfle **342**
- (Wè Chè nan gòj)

Analjezik 421-422

Anemi 132-134, 437
- timoun **339**
- moun ansent **274**
- kòz **121, 132**
- medikaman pou **369, 432**
- renmèd fèy pou **374**
- (Wè Feblès)

Anestezi 423

Anfizèm 183

Anfle
- ak enfeksyon **211**
- foulay ak antòch **110**
- je **154, 240, 346**
- lè fanm ansent **275-276, 278**
- lè granmoun **356**
- medikaman ki fè moun **73, 75-76**
- men ak figi **114, 256, 275**
- pye **118, 133, 154, 189, 274-275**
- renmèd fèy pou anfleti **375**
- sak grenn (pati) **346, 351**
- tete ak boul **309-310, 346**
- (Wè Glann, Varis, Vant anfle)

Anfleti (Wè Anfle) **437**

Anpwazonman
- gwosès **275-276, 438**
- nan manje **22, 144, 164, 172**
- pipi **256-257**

Ansent
- fi ki pa ka **325**
- fich fanm **281**
- pou anpeche yon fanm vin **312-324**
- peryòd yon fi ka **323**
- (Wè Fè pitit)
- renmèd fèy pou pa bay fanm **383**

Antibyotik 57-61, 157, 402-412, 438

Anti-espasmodik 137, 423, 438

Anti-istamin 75, 177, 221, 428-429, 438

Antòch 110, 440

Anvi
bouch krab, anvi krab,
anvi zago bèf **353**

Aparèy pou zo kase, pou zo dejwente
105, 353, 437

Apendis, Apendisit 36,101-102, 437

Aprann IV, XXIII-XXXI

Apse 437
anba po **219**
dan **249-250**
fwa **154-155**
lenn **262**
nan tete (Mastit) **309**
renmèd fèy pou **374**
(Wè Glann)

Asid (lestonmak boule)
medikaman ki bon pou **423**
medikaman ki pa bon pou **56**
(Wè Ilsè lestonmak, Endijesyon)

Asid folik 126, 433, 437

Ateryoesklewoz 359

Avèg , pa wè nan je **239-240**

Avòtman 313, 437
(Wè Foskouch)

B

Bab mayi 375

Bakteri 18, 57, 438
enfeksyon bakteri nan san **304**
(Wè Mikwòb, Jèm maladi)

Bal fizi
nan janm osinon
nan pye **96**
nan vant **98**
nan tèt **98**

Bandaj 91, 93, 109-110, 370
elastik **175, 213**
adeziv an papiyon **91**

Batman kè 32, 43, dènye paj liv la

Beki
jan pou fè **349**

Beny (Benyen)
ak pwòpte **142**
fanm apre akouchman **7, 307**
(tinouris)
moun malad **7, 41**
tibebe ki fenk fèt **7, 293**

Bezwen
sa kominote a **VIII-XIV**

Bil 438

Blad pipi 253
enfeksyon nan blad pipi **270**
pyè nan ren **255**

Blese
ak zo kase **107**
anvlimen **94-95, 230**
bal fizi **96-99**
ki ka bay tetanòs **95, 197**
kouto ak bal fizi **95-99**
gwo blese fon **95-99**
nan kòf lestonmak **98**
nan vant **98**
jan pou fèmen yon blese **91-92**
medikaman pou **99, 368**
pou rete blese kap senyen **88**
ti blese **90**
(Wè Frakti)

Bòkyè 121, 251

Bouch
krab, anvi bouch krab **353**
matris (Wè kòl matris) **258**

Bouke
(Wè kò kraz, Feblès)

Boul
kap gwosi **25, 213**
nan figi ak nan kò **207, 229**
nan vant **35, 270-271**
nan tete **310**
(Wè Glann)

Boul Boul
(Wè Bousòl, Glòb)

Boule 103-105
ak maladi lalèp **208**
nan je **237**
renmèd fèy pou **374**

Bousòl
lè pwazon (nan plant)
tonbe sou po moun **221**
(Wè Glòb)

Bouton
chen **227**
kap gwosi kap anvlimen**135, 207, 228, 230-231**
grip ak bouton lafyèv **252**
lawoujòl **244**
nan bouch **251, 344**
nan figi **219, 228**
nan pati **216**
ribeyòl **345**
ti bouton ak pi **218**
(Wè Po, Maleng)

Bra
misk ak nè **38**
lakranp osinon
doulè nan bra **23, 360**

Branka 108

Bwat fanmasi 365-372

Bweson (tafya) **158, 352, 359, 362, 438**

Bwesonyè 438
(wè Bweson)

Bwonch, Bwonchit 182-183, 438
renmèd fèy pou **374**

Bwòs dan 248

-CH-

Chalè
dekonpozisyon 86
endispozisyon 87
lakranp 86
grann (wè Ekoulman)

Chalè Kò Moun 29-30, 303 ak dènye paj liv la
(wè Lafyèv)

Chaplèt 239

Chanje
plantasyon nan jaden **XV**

Chank
bouton chank **260, 438**

Chanklèt (enfeksyon chanpiyon)
nan bouch **251**
renmèd fèy pou **374**

Cheve
yo tonbe **113**
yo chanje koulè **113**
egzaminen cheve pou chache pou nan tèt **217**
renmèd fèy pou **375**

Chè
nan gòj (Wè Anfle)
nan je **243**

Chofi kouchèt 232, 438

Chòk 82, 358, 438
batman kè lè chòk **32**
apre akouchman **295**
gwo boule grav **104**
(Wè Pèdi Konesans, Sezisman, Batman kè)

-D-

Dan 142, 247-252

Danje nan sèvi ak medikaman **52**

Dat medikaman an pa bon ankò **366**
Enfeksyon chanpiyon sou po **215**

Dejwente 109, 350, 438

Dekonpozisyon 86, 360, 83
lè fè gwo kolè
renmèd fèy pou kòlè, move san

Delivrans 294
(Wè Mèt Vant)

Demonte
(Wè Dejwente)

Depale 438
ak lafyèv malarya 201
ak lafyèv tifoyid 206

Deplase
yon moun ki fraktire 108
(Wè Frakti)

Deranjman nan manje gate

Difteri (Kwoup, Move mal gòj)

Dijere manje

Disantri 154-155, 439
(Wè Dyare) 465

Dlo
fè tretman ak 47-50
ak pwòpte 48, 140, 144, 146-148, 154
bon pou moun ki gen lafyèv 80
bon pou moun ki boule 103
vapè 49, 181

Doktè
lè pou nou chache konkou 193-209
maladi ki toujou mande konkou 45, 170

Dòmi
pa ka 361
renmèd fèy pou pa ka 379

Donmaj nan sèvo 353-354, 439
ak kriz 353
lafyèv lakòz 76
vè solitè lakòz 153

Donmaje
moun maladi lalèp 208
timoun ki fèt 219, 350-355, 439

Douch 268, 417, 439

Doulè
dan (Wè Maldan)
do 187-188, 274
lè nap fè pipi 254-256, 269-270
nan janm 317
nan je 235, 237, 240-241
nan jwenti
nan kè
nan kòf lestonmak 193, 358
nan vant 35-37, 100-102, 136, 270
keksyon sou 28
medikaman pou 18, 80-81, 172, 369, 421-423
(Wè Lakranp, Maltèt, Tranche)

Dous, bagay dous 122, 127, 130, 247

Dòz medikaman
enfòmasyon sou 394

Dwèt anplis 353

Dyabèt
(Wè Maladi sik)

Dyafrag 320

Dyapozitiv XXV

Dyare 161-171, 439
ak fontenn tèt anfale 10
ak san 154-156, 163, 338
ak vè 151
ak vonmisman 161, 168
gwo dyare 161, 171
pou evite VII, 48-49, 164
pou trete 61, 162, 165-168, 425
renmèd fèy pou 375
sa ki bay VII, 15, 141-142, 164
tibebe ak 170
ak disantri 154-155, 163, 338

Dyèt 439
konjesyon ak 23
move lide sou 131-132
pou dyare 165-167
pou divès ka maladi 42, 132-139, 164-167
pou feblès, anemi 133-134
pou gwo kou (gwat) 139
pou gwo moun 135
pou konstipasyon (sere) 14, 138
pou lafyèv 9
pou maladi lestonmak 137-138
pou maladi sik 42, 136
pou moun malad 42, 132
pou tansyon wo 134
pou tinouris 8, 131-132, 307
pou timoun piti 128-131
(Wè Manje)

-E-

Egzaminen
apendisit 36, 102
èni 101, 317
je 235

tete fanm **311**
tès reflèks jenou an **198**
yon fanm ansent **276-282**
yon moun malad **28-40**

Egzema 233

Eklanpsi (Wè Anpwazonman gwosès) **439**

Ekoulman 259

Ekstrè fwa (medikaman) **70, 72**

Emoraji (wè senyen)

Emowoyid 14, 189, 439
medikaman pou **432**
pandan gwosès **274**

Endijesyon
lè yon moun ansent **274**
medikaman pou **423-424**
dyèt pou **437**
renmèd fèy pou gaz, gonfleman
medikaman pou evite **56**

Endispoze
(Wè Pèdi konesans)

Enfeksyon 439
apre akouchman **307**
dyare ak **164, 168**
nan aparèy pipi **254**
nan apendis **101-102**
nan blese **94-96, 103, 230**
nan je **235**
nan vant **101-102, 144, 149-156, 270**
nan sak dlo je **235**
tibebe fenk fèt **197-198, 306**
nan pati **259-265**
pou kenbe tèt ak **114, 128, 301**
siy enfeksyon grav **94, 211, 303-306**
medikaman pou **57-61, 369-370**
ti enfeksyon **61**
chanpiyon **18, 222-223, 268-269, 417**

Èni 191, 439
ki bloke trip **100-101**
nan lonbrit **351**
nan sak grenn tibebe fenk fèt **351**
pandan gwosès **285**

Enpetigo 219

Ensektisid, pwazon pou ti bèt) **18, 418, 439**

Ensomni
(Wè Dòmi)

Eredité 17, 352-353

Erisipèl 229

Eskòpyon
(Wè Mòde eskòpyon)

Esterilè 315, 320, 436

Esteril
bandaj **93**
fanm ak gason **325**
sereng **73-74**

Evite maladi **XIX, 15, 140-160**
jan pou evite anpil maladi **114, 157-160, 269, 359-360**
jan pou evite maladi rapò fanm ak gason **262**
jan pou evite vè ak parazit nan trip **149-156**
pwòpte **140-145**
pwòpte kote nap viv la **146-148**
vaksen **156-157**

-F-

Fanmasyen, koze ak yo **373**

Fanmasi 439
Bwat Fanmasi **365-372**

Fanmsaj
konplikasyon lè akouchman **285**
siy danje nan gwosès **275-276**
sa tout fanm dwe konnen **266-311**
sa yon fanmsaj pa dwe fè **290**
sa yon fanm dwe pare anvan akouchman **283-284**
swen pou fanm ansent

Fè
manje ki gen **133**
silfat **126, 133, 369, 433**

Feblès 23, 132, 356
(Wè Anemi)

Fetoskòp 279, 284
(aparèy pou sonde tibebe nan vant manman yo)

Fè pitit 312-324
fè valè pitit nou vle **312-314**
grenn pou kontwole **315-319**
(Wè Akouchman, Ansent, Gwosès)

Fèy 374-391
ak grenn pou timoun pa manyen, pa jwe avèk yo **383**
(Wè renmèd fèy)

Figi
moun sòt **352**
paralizi **38, 360**
po figi fè boul boul **207**

Filaman
(Wè Esterilè)

Fimen
pa bon pou fanm ansent **352**
pwoblèm ak danje nan **127, 159-160**

Flebit 317

Flenm, Lagoum 439
sou lestonmak **181, 182**

Fontenn Tèt 439
anfale **6, 10, 161, 305**
anfle **305**
(Wè manke dlo)

Foskouch (Pèdisyon) **271-272, 439**

Foulay
(Wè Antòch)

Fraksyon 62-63, 394

Frakti (Wè Zo kase)

Fwa 36, 440
apse nan **153-155**
enfeksyon nan **184-185**
maladi **184-185, 318, 362**
renmèd fèy pou **378**

Fyèl
doulè nan **36**
pwoblèm ak **363**

-G-

Glann 94, 351, 440
ak kansè nan tete **310**
ak lagal osinon
ak pou nan tèt **216-217**
ak ribeyòl **345**
ak apse **219**
nan lenn (apse lenn) **262**
ki siy enfeksyon **211**
tibèkiloz nan **229**
(Wè Boul)

Glas je 235-236, 243, 244, 245, 440

Glè je 235, 440

Glè
metòd pou pa fè pitit **324**

Glòb 220
lè nou boule **103**
ak egzema **223**
(Wè Bousòl)

Glokòm 241

Gòj
bagay kole nan gòj moun **84**
boul nan gòj
malgòj **174, 242-243**

Gonfleman
renmèd fèy pou **375**

Gram
pou mezire fòs medikaman **62-63, 440**

Grangou
(Wè Malnitrisyon)

Granmoun 89, 231, 255, 356-364

Gratèl
chanpiyon bay **222, 268-269**
bouton ak alèji bay **73, 177-178, 200, 261**
lagal bay **216**
varisèl bay **344**
sifilis bay nan men **261**
vè bay **149-150**
vè bay nan twou dèyè **150**
medikaman ki bay **73, 75-76**

medikaman pou **369**
plant ki bay **221**
renmèd fèy pou **375**

Grenn gason **258**
anfle **246, 351**

Grenn, medikaman pou kontwole fè pitit **315-319**

Grès 118, 129

Grip 47, 60, 174-175, 341, 440
dyèt ak **132**
renmèd fèy pou **375**

Gwat , gwo kou 139, 440

Gwo
larat **202**
maladi grav **44, 193-209**

Gwosès 273-284, 440
devlopman tibebe ak pozisyon yo nan vant pandan **278-279, 286-287**
emoraji, senyen pandan **275, 294-295, 271-272**
gwosès andeyò
manman vant lan **275**
ribeyòl pandan **345**
manje ki bon pandan **126, 277**
medikaman nou ka pran pandan **56, 273**
ti pwoblèm pandan **187, 274, 277**
anpwazonman **275-276**
pou rete an sante pandan **273**
siy danje pandan **275-276**
mak **224**
fich fanm ansent **281-282**
siy **273**

Gwo Tèt (maladi) 352

Gyadya
parazit nan trip **156, 371, 414, 440**
ak dyare **163-164, 169**

-I-

Idrat Kabòn (Lanmidon) **116, 129, 440**
(Wè Manje)

Ijyèn 440
(Wè Pwòpte)

Ilsè 440
glas je a **243**
lestonmak **36, 56, 136-137, 159, 423-424**
po **19, 229, 230, 357**
renmèd fèy pou ilsè po
ak ilsè nan trip **375**

Iris (Wè Glè Je)

Iritis (Wè Glè je anfle) **33, 237, 240**

Istwa maladi **20, 25, 28, 46, 250-282, 440**

-J-

Janm
doulè nan janm **317**
egzaminen janm moun malad **38**
kwaze tankou sizo **354**

Jansiv, Lèv, Bouch **247-252**
anfle **250**
blanch **133**
senyen **113, 250**
renmèd fèy pou jansiv lage

Je 235-246
bagay tonbe nan **50, 236**
chè nan **243**
egzaminen **33**
enfeksyon nan **242**
jòn **29, 184, 305, 362, 363**
louch **242**
vèwon **242**
chèch (zewoftalmi) **113, 120**
pa wè nan fè nwa **245**
pi dèyè glas **244**
plak gri nan blan **238**
pwoblèm je granmoun **356**
siy gwo maladi nan **33, 235**
san dèyè glas **244**
wouj ak doulè 237, 244
tibebe ki fenk fèt 239, 300
renmèd fèy pou maloje 378

Jèm 18, 440

Jwenti
doulè nan jwenti **110-111, 186, 343, 357**

-K-

Kalsyòm
ak zo defòme **121**
danje piki **72**

nan po ze **123**
pou mòde krab zarenyen **112**

Kangrenn 230

Kannal
pipi **441**
marasa **253**
senp **253**

Kannannan 352, 441

Kansè 25, 441
ak medikaman pou pa fè pitit **317-319**
lè nou fimen **159**
nan tete **310**
nan manman vant **270-271**
ak dyèt (Kansè nan dèyè) **127**
po **228**

Kapòt 315, 320, 435

Karang 218, 441

Kaselezo 285, 287-288, 289-290, 445

Katarak 244, 356, 441

Kat chemen lasante **XXIII, XXVII, 328-336, 441**

Kay XI

Kè
atak (kriz) **23, 358**
pwoblèm **33, 343, 358**
boule
lestonmak boule ak atak **136**
sote ak gwo lapèrèz **24**
renmèd fèy pou doulè **375**
(Wè Batman kè)

Keksyon konsekan pou mande moun malad **28, 44**

Kenbe tèt
jèm maladi kenbe tèt ak antibyotik **XXI, 60-61, 402**
kalite manje pou kenbe tèt ak malad **114, 128, 301**

Kilogram, pou mezire **66-67, 441**

Kis 152-153, 270, 441

Kiyè pou mezire medikaman 65

Klitoris (Wè langèt)

Klòk
(Wè Zanpoud, Boulboul, Glòb)

Klou 219
nan je **243, 441**

Kò
kraz (Wè Feblès)
nan pye **227, 441**
mouri, lè kò osinon
yon pati nan kò nou mouri **40, 135, 173, 167, 207, 260, 310**

Kòd lonbrit 441
mare nan kou tibebe **298**
jan pou koupe kòd lonbrit **292-293**
ak tetanòs **197**
enfeksyon nan **300, 303**

Koklich 180, 346
medikaman pou **371**
vaksen pou **156, 328**

Kola 122, 160

Kòl matris 258

Kolera 169, 465

Kolerin (Wè Dyare, Disantri)
renmèd fèy pou **378**

Kolik
(lakranp nan vant) **35, 155, 168, 441**
renmèd fèy **378**

Kolostwòm (Wè Rapò) **441**

Koma 441
(Wè Pèdi konesans)

Komite
pou zafè lasante **XXVII**

Konjesyon serebral **441**
(Wè Paralizi Bell)

Konkonb zonbi 381, 387

Konprès 210-212, 442

Konstipasyon, Sere **13-14, 138, 442**
nan gwosès **275**
pou evite ak pou trete **138, 424-425**
siy trip bloke **101**
renmèd fèy **378**

Koperativ
tèt ansanm **XXVII**

Kou
kase **106**
rèd **38, 197-201, 305**

Koud 92, 284, 300,
anestezik pou **323**

Kouman pou nou sèvi ak liv sa a anndan kouvèti liv la sou devan, **31**

Koupe 90-92

Krab zarenyen
lè li mòde moun **112**

Krèm pou pa fè pitit **315, 320**

Kriz 23, 192, 442
kè 442
gwo lafyèv cho ak **81**
lakay timoun **339, 353**
lakay timoun ki donmaje nan pasaj **303, 353**
ak malarya nan sèvo **202**
ak medikaman pou **371, 430-431**
ak mennenjit **200**

Kwatchòko 442
(Wè Malnitrisyon anfle)

Kwayans 442
ki ka fè moun malad **4, 5, 11-12**
ki ka geri moun **2**

Kwout
sou glas je **243, 245**
sou anndan po je **238-239**
mak boule **105**

-L-

Lafyèv 442
gwo lafyèv cho **13, 80, 81, 369**
jan pou desann lafyèv **80, 81, 369**
apre akouchman **27, 307, 312**
kay timoun piti **339**
kay tibebe ki fenk fèt **300, 303**
maladi ki bay lafyèv **26-27, 29-30**
manje ki bon pou lafyèv **9**
renmèd fèy pou **378**

Lafyèd tifoyid 205-207
batman kè ak **32**
jan lafyèv tifoyid la vini **26**
lè medikaman an pa aji sou maladi a **61**
medikaman pou **371, 408-409**

Lagal 216

Lajonis (Iktè) **29, 184-185, 305, 362-363, 442**
renmèd fèy pou **378**

Lakranp 442
chalè **86**
nan vant (Wè Kolik, Trip kòde, Doulè nan vant)

Lalèp 207-208
tretman pou lalèp **312**

Lalin, Règ, Peryòd **444**
yon fi **266-267, 271-272**
renmèd fèy pou doulè règ ak pou fè règ vini **375**

Lang 251

Langèt 258

Lanmidon 116, 442

Lanmò, aksepte lanmò **364**

Lapeti, renmèd fèy **378**

Laraj 195-196

Larim (Wè nen bouche osinon koule)

Lasante VIII, XII

Lateng 222

Latranblad 23, 444

Latrin 146-148

Lavman 12-13, 81, 99, 442

Lawoujòl 114, 344

Lenn
glann nan **262**
(Wè Eni)

Lestonmak 442
blese nan kòf **98**
boule **136**
boule pandan gwosès **274**
manje ki bon
pou lestonmak boule **137-138**
medikaman pou egzante **56**
medikaman pou **423**

Lèt
dyare ak **167**
lèt an poud **432**
renmèd fèy pou fè lèt moute **378**
(Wè Tete)

Lèt kaye 59, 251, 269

Lèt mayezi 13, 425

Lidè, chèf moun kap dirije **V**

Likid 41-42, 161

Limit, konesans **IV**

Lit, pou mezire **65, 442**

Lonbrit (Wè kòd lonbrit) **442**

Lota (Enfeksyon chanpiyon) **222**

Lwil derisen (maskreti) **13, 379**

M-

Makouklou 351

Maji 5, 23

Maladi
jan maladi gaye **142-146, 149, 204, 205, 259**
jan pou evite **140-160**
cho ak maladi frèt **127**
moun pran nan rapò **259-265**
(Wè Enfeksyon)
renmèd fèy pou maladi
atrapan **374-391, 17-18, 144, 443**
grav **193-209**
granmoun **356-364**
ki soti nan fanmi **17-18, 352-353**
ki soti nan mikwòb **17-18**
ki pa soti nan mikwòb **17**
nou jwenn pi fasil **161**
timoun **232, 303-306, 344-348**
rekonèt maladi ki sanble **19-20, 26-27**
sa ki bay maladi **15, 20, 113**
(Wè Gwo Maladi Grav, Moun malad)

Maladi chabon 204

Maladi gwosès
anvi vonmi nan maten 274

Maladi Menière, 361

Maladi po 210-234
plant ak bèt ki bay **221**
renmèd fèy pou **375**

Maladi pwatrin
(Wè Tibèkiloz)

Maladi sik, 135

Maladi touse
(Wè Tibèkiloz)

Malarya 201-203
falsifarum **26**
lafyèv malarya
medikaman pou **169, 412-414**
nan sèvo **202**

Maldan, 249-250
renmèd fèy pou **378**

Maldyòk 5, 443

Maleng
gwo **135, 230-231**
ak postim **216, 218**
kabann **231, 443**
kap gwosi kap anvlimen **135, 207, 228, 230-231**
ki derefize geri **19, 135, 229, 230, 357**
ki pa fè mal **207, 260, 310**
Wè po

Malgòj (Wè Gòj)

Malkadi 39, 192, 359

Malnitrisyon 443
kontwole pou **119, 328-336**

ak dyare **163-165**
konplikasyon **113, 338**
kalite **115, 118-121**
kay timoun **113, 115, 337-338**
pandan gwosès **274**
pou evite ak pou trete **114, 120-121, 165-167, 432-434**
siy **38, 114, 225-226, 337**
sa ki bay **121-122, 312**

Malmouton 344-345

Maloje
(Wè Je wouj)
renmèd fèy pou **378**

Maltèt 113, 275
renmèd fèy , **378**

Manje
pou plante **XII**
bagay pou nou egzante nan manje nou **127-128**
ki bon mache **122-125**
kò nou bezwen **116-118**
pou timoun piti **128-131**
gate **144**
kap bay fòs ak kouraj **116-117**
kap ede kò nou grandi **116**
kap pwoteje kò nou **117-118**
lè nap pran medikaman **132**
pou rete an sante **116-118**
pou moun kap pran grenn pou pa fè pitit **316**
pou moun ki gen dyare **165-167**
ki soti nan plant **122-123**
pou moun ki malad **43** (Wè dyèt)
yo di ki pa bon **111-112**

Manke Dlo, Dezidratasyon **161-162, 438**
ak dyare **48, 165**
ak fontenn anfale **10, 305**
danje metsin ak **13**
pou evite ak pou trete **162, 167, 369, 424**
renmèd pou nou pa pran **55-56, 167**

Manman pitit
konsèy pou lasante ak maladi timoun
lasante fanm ki tinouris **307-311**
sa tout fanm dwe konnen **266-311**
swen fanm ansent **276-282**
(Wè Fè pitit, Nouris)

Manman vant, 258, 443
kansè nan **270-271**
masaj **294-295**
mòde **288, 296**
pozisyon tibebe nan **278, 286, 287**

Manyòk 124, 443
pou moun ki sere **14, 138**
Marasa 285, 299, 319

Marengwen 201-203

Masaj
lè foulay osinon zo kase **107, 110**
manman vant **294-295**

Mastit (Wè Apse nan tete)

Matris 443
(Wè Manman vant)

Medikaman
danje nan sèvi mal ak **52-55**
jan pou nou mezire ak bay **62-69, 394**
jan pou ekri dòz medikaman pou nou pran **68-69**
jan pou sèvi ak **XX-XXII, 51-79, 393-436**
lè pou nou pa pran **56-69**
pandan ak apre akouchman **296**
pandan gwosès **56**
pou pa janm bay an piki **59, 72**
pou timoun piti **66**
prekosyon nan bay tibebe **56, 302**
reyaksyon **73, 75-76, 402**
tretman san **47-50**
lòt medikaman pou tretman kèk maladi **465**
(Wè Non kalite medikaman, Non mak, Dat medikaman)

Mennenjit
(enfeksyon sèvo) **200-201, 305, 339**

Menopoz 443
(Wè Rete)

Mès granmoun lontan (Wè kwayans)

Metòd (Wè planin)

Metsin 12-14, 424-425, 443
danje nan bay **55, 138**
lè pou moun pa pran metsin sèl

Mèt vant 292-294, 300, 443

Mezire
liv ak kilo 66-67, 441
medikaman 62-67, 394

Mikwòb (Jèm maladi) 18-19, 57, 440

Mikwoskòp 443
yon aparèy pou wè bagay ki piti anpil 19, 154, 443

Mineral, lwil 13, 425

Misk
egzaminen misk moun malad 38-39
pa ka kontwole mouvman
misk kò li 354

Mòde
bèt ki anraje 195
bèt ki gen pwazon venen 112
eskòpyon 112
ki anvlimen 95
myèl 3
tretman pou mòde 86
krab zarenyen 112
renmèd fèy pou bèt pike 374

Moniliasis, Enfeksyon chanpiyon 251, 268
(Wè Chanklèt)

Mouch
ak maladi XXVI, 144
devan grenn je 246, 356

Moun
kantite moun kap viv nan yon zòn XI, 121-122, 212-213

Moustik (Wè marengwen)

Myèl
mòde 3
elevaj XVI
siwo 181, 379

-N-

Nè 443
ak misk 38-39

Nemoni 27, 43, 183-184

Nen bouche osinon koule 175-177, 425-426

Nève
renmèd fèy pou moun 379

Neye 443
moun kap 84-85

Nitrisyon
(Wè Manje)

Non
mak medikaman 57, 367, 393, 443
kalite medikaman 367, 393, 443
yo bay kèk maladi 21-24

Nouris
manje pou 307

Nwa je 444
egzaminen 33

-O-

Oksiyi 149, 150 (Wè Vè)

Òmòn 316, 325, 434, 444

Operasyon
ka prese ki mande 98-102, 191, 241, 297
ka ki kap nesesite 91, 102, 189, 228, 244, 255, 270, 310, 271, 351, 353, 363
pou pa fè pitit 321

Opresyon 179
medikaman pou 427
renmèd fèy pou 378

Ositosik 52, 295-296, 353, 431-432

Ovè, pòch ze 37, 271, 444

-P-

Pa ka fè pitit, Gason ak Fanm ki pa ka fè pitit 325

Pankat XXV

Papay 374, 378-379

Paralizi, Paralezi 444
kontwole si moun lan **38**
kriz kay timoun **354**
ak kriz kè **38, 360**
ak maladi lalèp **207**
ak maladi polyo **348**
ak tibèkiloz nan zo do **194**
Bell **361**
nan figi **38, 360**

Parazit 18, 444
nan trip **18, 149-156, 340**
sou po **18, 216-218**

Pat dantifris **248**

Pati
gason (pijon) **258**

Pay ble 14, 138

Pèdi
konesans **83-84, 87, 358, 360, 444**

Pèdi pèz
jan pou **135**
kòz ki fè moun **19**
lè tibebe fenk fèt ap **302**
ak manke dlo **161**
lè nou gen tibèkiloz **193**
(Wè Malnitrisyon)

Pèdisyon
fanm kap senyen apre f[illegible]uch **296**

Pelag 225
(Wè Tach malnitrisyon)

Pèt kap koule nan vajen **268-269, 416**

Petevi, Kannannan **352**

Pèz
balans pou pran **277, 332**
ak dyèt **316-318, 135**
dòz medikaman dapre **394**
fanm ansent kap pran **277**
lè li bon pou pèdi **134-136**
moun an kilogram ak an liv **66-67**
pou mezire dòz medikaman **62-66**
timoun kap pran **328-336**

Piki 70-79, 444
danje ak prekosyon lè nou pran **73-74**
ka prese ki mande **71**
medikaman pou pa bay an **59, 72**
zouti pou bay **370**
move reyaksyon lè nou pran **56, 75-76**
moun ki kwè nan pran **XXII, 4, 52**
pou pa fè pitit **321, 436**
vitamin **126**

Pipi 444
pi nan **259**
a mawon **185**
a jòn fonse **161**
a pa anpil **161, 255**
a twòp osinon toutan **135, 254**
nan san **256-257**
san nan **254**
pwoblèm pou fè **253-255**

Piyore, Maladi jansiv **250**

Planin XVIII, 312-324
ak moun ki pa ka fè pitit **325**
(Wè Fè pitit)

Plant
ki bay gratèl **221**

Plasenta (Wè Mèt vant)

Po
bouton po ki pa fè mal **207, 260, 310**
ilsè (java) **229-230**
jan pou egzaminen **34-35**
kansè **228**
maladi **210-234**
medikaman pou maladi chèch **113, 225**
pwoblèm po timoun **232, 340**
tablo maladi **213-215**
tibèkiloz **229**
renmèd fèy pou **375**
bouch ble **29**

Polyo (maladi paralizi timoun) **348**
siy maladi a **38**
vaksen **156, 328, 348**

Ponp 90, 284

Pou nan tèt **217**
renmèd fèy pou **379**

Poumon, maladi
fimen bay **159**
nemoni **183-184**
opresyon **179**

tibèkiloz **114**
bwonchit **182-183**

Poupou, Okabinen, Watè **444**
ak san **136**
lè dyare (kolerin) **153-156**
lè trip bouche **101**
maladi ki soti nan poupou ale nan bouch **140-142, 149, 205**
ak ilsè lestonmak **136**
ak enfeksyon **90, 104, 140**
ak lafyèv tifoyid **205-206**
blanch **185**
nan nen ak nan bouch tibebe **299**
nan renmèd fèy **11**
tankou dlo diri **169**

Premye swen **80-112, 444**

Psoriasis 234

Pwazon 111, 430
nan mòde 112
nan plant 220
(Wè Anpwazonman)

Pwen nwa , Bouton kwasans, Akne **228**

Pwòpte 140-148, 445
konsèy **142, 148**
bouch ak dan **247-250**
kote nap viv la **146-148**
kò nou **41, 43, 142-144**
lè akouchman **290, 293**
lè nap fè pipi **269**
pou evite enfeksyon **90**
timoun **145, 327**
lè nap bay piki **73**

Pwostat, Glann 256, 258

Pwoteyin 116, 118, 122-125, 129

Pyas (Wè Lateng)

Pyè nan ren 255, 444

-R-

Rachitik 121

Radyografi 110

Rakonte istwa **XXVI**

Rapò, Premye lèt manman an, Kolostwòm **308, 441**

Rapò sou maladi a **46**

Reflèks jenou an **198**

Ren 253-254, 445
(Wè Pyè nan ren)

Renmèd
pou dekole larim **426**
pou tous **426**
pou malarya **412-414**

Renmèd fèy **374-392, 445**
pou kèk maladi **374**
jan nou ka konnen si yo bon **11-12**
keksyon ak repons sou **6-9**
ki jan pou nou sèvi ak yo **374-379**
lavman ak metsin **12-14**
pou nou pa janm bwè **382-383**
pou nou pa abize **382**
pou pa bay fanm ansent **383**

Respire (Respirasyon) 445
pwoblèm pou **23, 59, 180, 305, 358**
kay moun malad **31**
vapè dlo cho **49, 181**

Respirasyon bouch nan bouch **83-86, 445**
lè nou fè sa pou tibebe ki fenk fèt **292**

Rete 267, 443

Reyaksyon alèji **23, 56, 177-178**
(Wè alèji)

Ribeyòl,

Rim (Wè grip)

Rimatis
(doulè nan jwenti)
doulè rimatis **357**
lafyèv rimatis **27, 343**
renmèd fèy pou **379**

-S-

Sa pa bon **23, 445**

Sak dlo kriye
enfeksyon nan **235, 242**

Sak grenn 258, 445
ti bouton sou **216**
anfle **346**

Sak sab 108

San
boul san kaye **317**
enfeksyon nan **306**
nan pipi **254**
nan poupou **136, 154-155, 168-169, 338**
touse **180**
vonmi (Ilsè lestonmak) **136**
vonmi (Maladi fwa) **362**
(Wè Senyen)

Saranpyon, Lawoujòl **114, 344-345**
vaksen pou **156, 345**

Sèl
metsin **13**
pa sèvi twòp ak **127, 134, 190, 275, 358**
yode **139, 273, 352**

Sèl depsan
(metsin sèl) **13**

Sene, Fèy sene 13

Senp (Wè maji)

Senyen
nan blan je **244**
gwo senyen
jan pou rete **88-89**
jansiv **113, 250**
ak feblès (anemi) **132**
ak pèdi konesans **83**
pandan gwosès **272, 275**
pou rete san apre akouchman **294-296**
(Wè San, Emoraji)

Separe I, II, 121-122

Sereng 77, 370

Sèvis prese
doulè nan vant **100-101**
ka prese ki mande piki **71**
medikaman konsekan pou nou
gen anba men nou **366**

Sèvo
(Wè Donmaj nan sèvo)

Sevraj
renmèd fèy pou **379**

Sewòm nan venn, 42, 55, 72, 163

Sewòm oral 162, 445
an lavman **13**
vonmisman **161**
pou gwo doulè vant **102**
pou moun ki malad grav **42, 54**
pou manke dlo **10, 48, 338**
pou tibebe ki fenk fèt **303**

Sezisman, Laperèz **23, 24**
renmèd fèy pou **379**

SIDA 363-365

Sifilis 360-361

Sik 116-117, 424, 443

Sikilasyon san
renmèd fèy pou **379**
(Wè Varis, Venn Anfle)

Silfonamid (medikaman) **55, 409**

Sinis, Sinizit 176-177, 445

Siwoz, Maladi fwa **114, 158, 362**

Siy 19, 29, 445-446

Solèy
ak bouton pwen nwa **228**
ak maladi po **212**
ak moun rachitik **121**

Sonn

Soudè
ak zorèy konnen ak viray **361**
timoun **352**

Souf
rete **445**
nòmal **85, 31**
(Wè Respirasyon, Maladi poumon
ak Respirasyon bouch nan bouch)

-T-

Tach
blanch sou po moun **223-224**
devan je moun **246**
gwosès **224**
malnitrisyon (pelag) **225**
tifoyid

Talasemi 433

Tansyon 446
ba **82**
wo **134, 275, 358-359**
renmèd fèy pou **379**
(Wè Endispoze)

Tè
separe tè bay moun **VII, XII**
travay **XII, XIV-XVIII**

Tèmomèt 30, 369

Tenya ,Vè solitè **152, 421, 465** (Wè Vè)

Terasman (jaden) **XV**

Tetanòs, maladi kò rèd **197-200**
blese ki bay **90, 95**
medikaman pou **371**
tibebe **197, 198, 304**
vaksen pou **156, 199, 328**

Tete, Bay tete, XIV, 128-131
ak bon manje pou timoun **120, 123, 336**
ak kontwole fè pitit **319, 323**
pou evite dyare **164, 167**
bay tibebe ki fenk fèt **301-302, 308**
kwayans sou **2, 8**
swen **308, 311**
anfle **309-310**
(Wè Apsè nan tete, Kansè nan tete)

Tèt
frakti nan **38, 83, 98**
glann bò zòrèy **94**
enfeksyon chanpiyon nan **222**
tèt fè mal ak maltèt **173, 276**

Tibebe
bon manje pou **128-129**
ak dyare **170**
egzaminen **34**
ak pwoblèm po **232**
(Wè Timoun, Tibebe ki fenk-fèt)

Tibebe ki fenk fèt
akouchman difisil **298**
bon manje pou **128, 293, 301**
enfeksyon nan san **306**
jan pou benyen **7, 293, 301**
je **239-240**
kòd lonbrit **292-293, 300**
maladi **302-306**
marasa **299**
medikaman pou **56, 302, 371**
swenyaj pou **292, 300-302**
ak tetanòs **197-198**
èni **351**
(Wè Manke dlo)

Tibèkiloz 114, 193-195
medikaman pou **409-412**
siy maladi
ak lawoujòl **344**
ak timoun **145**
nan glann **229**
nan po **229**
nan zo rèl do **187**
vaksen pou **156**

Tik 218

Timè
(Wè Kansè, Glann)

Timoun
bay timoun piki **78**
maladi atrapan kay **344-348**
malnouri **118-121, 164, 335, 337-338**
manje pou **120, 128-131, 326**
pwoblèm timoun genyen depi nan nesans **350-355**
ak dyare **161-163, 170**
kap grandi **113, 328-336**
kannannan, soudè osinon defòme **352**
ki malad grav **232**
vaksen pou **328**
fè valè pitit nou vle **312-313**
(Wè Tibebe, Fè pitit)

Toudisman, Tèt vire, 275, 361
renmèd fèy pou 279

Toufe, 84, 347

Touse 180-181
maladi ki bay **180**
medikaman ki bon pou **426**
ki donnen sou moun **180, 357**
moun ki fimen **159**

san **140, 184, 193**
(Wè Tibèkiloz)

Trakòm 238-239

Travay ansanm V, VI, XXVII

Tranche 287-292, 294, 446
tan **289-292**
konplikasyon **297**
siy ki fè konnen tranche a pral koumanse **287-288**
tranche a bay rèz **288**
(Wè Akouchman)

Tranpe 110

Trichin 153-154

Trikomonas 268, 270

Trikosefal
(Wè Vè) **151**

Trip 446
enfeksyon nan **49, 140, 154-155, 164, 205**
blese **98**
bouche **22, 100-101**
lakranp nan **112, 155, 167, 270, 428**
ka ki mande sèvis prese **35, 100-101**
soti nan twou dèyè **151**
soti nan vant blese **98**
renmèd fèy pou ilsè nan **375**

-V-

Vajen 258, 446
enfeksyon nan **268-269, 416**
mèt vant (plasenta) bloke twou kote pou pitit la soti a **275**
twou nesans la chire pandan akouchman **299-300**

Vaksen 156-157, 277, 328, 372

Vant 446
boul anba tivant **270**
doulè nan anba tivant **270**
egazaminen **35-37**
gwo doulè mal **100-101**
lakranp nan
(Wè Trip)

Vant anfle
divès kòz ki ka bay **19**
ak gyadya **156**
ak malnitrisyon **115, 119**
lè gwosès **274-275**
lè trip bouche **101**
kay timoun **113, 115, 119**
(Wè Trip)

Vantouz 22, 446

Varis, Venn Anfle 189, 230, 317, 446
ak gwosès **274**
ak maleng ki pa vle geri **19, 229, 230, 357**
renmèd fèy pou **379**

Vazektomi
(Wè operasyon)

Vè,Vèmin 149-156, 340
medikaman pou **369, 419-421, 465**
pou evite **49, 141-142**
bouche trip **100**
kay timoun **340**
renmèd fèy pou **379**

Viray
(Wè Toudisman)

Viris 18

Vitamin 117-118, 122-126, 432-434, 446
pi bon jan pou jwenn vitamin **54, 126**
piki vitamin **70, 72, 126**
A **245, 433**
B **225**
B6 **411, 434**
B12 **53, 70, 434**
K **371, 434**
(Wè Fè)

Vitiligo 224

Vizit kay XXVII

Vonmisman 172
gwo **161**
jan pou fè moun vonmi **111**
ak lavman ak metsin **13**
renmèd pou **172, 369, 428-429**
ak dyare **161, 168**
ak pipi nan san **256**

kay tibebe ki fenk fèt **304**
nan gwosès **274**
ak san (maladi fwa) **362**
ak san (maladi ilsè) **136**
renmèd fèy pou **379**

-W-

Wanga (Wè Maji)

Watè (Wè Poupou)

Wè
doub **246**
pa wè byen **242**

-Y-

Yogout (Wè Lèt Kaye)

-Z-

Zanpoud
ak maladi lalèp **208**

Zepòl dejwente 109

Zewoltalmi (Pa wè lannwit) 120, 246, 371

Zo
defòme **121, 353**
dejwente (Wè Dejwente)
blese ak bal fizi **96-97**
kase **105-107**

Zona, Maladi po 221


Zong dwèt ble 29

Zòrèy
enfeksyon nan zòrèy **341-342**
glann dèyè zòrèy **94**
jan pou egzaminen zòrèy moun malad **34**
kònen **113, 361**


Zòtèy anplis 353

Zouti kap ede nou bay enfòmasyon XXV


TI FÈY - kote yo bay dòz medikaman yo pou moun ki pa konn li.




Non
Medikaman
Pou
Dòz




Non
Medikaman
Pou
Dòz




Non
Medikaman
Pou
Dòz




Non:
Medikaman
Pou
Dòz




Non:
Medikaman
Pou
Dòz



Non
Medikaman
Pou
Dòz



Non
Medikaman
Pou
Dòz



Non
Medikaman
Pou
Dòz

LÒT MEDIKAMAN POU TRETMAN KÈK MALADI

Tretman kolera

Dòz Doksisilin pou nou bay:

granmoun: twa grenn yon sèk kou;
timoun ki peze 15 rive 22 kilo: yon grenn;
timoun ki peze 23 rive 29 kilo: yon grenn edmi;
timoun 30 rive 37 kilo: de grenn;
timoun 38 rive 44 kilo: de grenn edmi;
timoun ki gen plis pase 45 kilo: twa grenn.

Tretman disantri bakteri (Shigela)

Bay 10 mg trimetwoprim ak 50 mg. silfametoksazòl (Kotrimoksazòl) pou chak kilo pèz moun lan pa jou, de fwa pa jou pandan 5 jou osinon bay 55 mg. asid nalidiksik pou chak kilogram pèz moun lan pa jou pandan 5 jou. Osinon bay 100 mg anpisilin pou chak kilogram pèz moun lan pa jou pandan 5 jou.

Tretman vè

Pou askaris, ankilostòm ak trichin:
Bay granmoun ak timoun ki gen plis pase dezan de grenn albendazòl (zentèl) 200 mg. yon sèl kou.

Pou tenya:
Bay granmoun ak timoun ki gen plis pase dezan de grenn albendazòl 200 mg. yon sèl fwa pa jou pandan twa jou.

Pou oksiyi:
Bay timoun ki gen plis pase dezan mwatye yon grenn 200 mg. albendazòl. Bay granmoun de grenn albendazòl 200 mg yon sèl kou. Rekòmanse tretman an 7 jou apre. Fè egzamen pou moun lan twa senmenn apre pou nou konnen si moun lan toujou gen oksiyi. Si li gen oksiyi toujou, rekòmanse tretman an.

Moun lan pa bezwen pran metsin anvan li pran medikaman sa a.

RAPÒ SOU MALADI A

Pou nou voye lè nap voye chache konkou doktè

Non moun malad la: _____ Laj li _____
Gason _____ Fanm _____ Kote li ye? _____
Ki pwoblèm li osinon ki maladi lap soufri koulye a? _____
_____
_____
Ki lè sa koumanse? _____
Ki jan li koumanse? _____
Moun lan te gen pwoblèm sa a anvan? _____ Ki lè? _____
Li gen lafyèv? _____ Ki wotè lafyèv la? _____
Ki lè lafyèv la pran l? _____ Pou konbe tan? _____
Li gen doulè? _____ Ki kote? _____
Ki jan doulè a pran l? _____

Ki sa ki pa nòman nan kò li:

Po: _____ Zòrèy: _____
Je: _____ Bouch ak gòj: _____
Pati li: _____
Pipi: anpil osinon piti? _____ Ki koulè? _____
Li gen pwoblèm pou fè pipi? _____ Bay detay: _____
Konbe fwa li pipi nan vennkatrè? _____ Konbe fwa lanwit? _____
Poupou: Ki koulè? _____ Ak san osinon glè ladan l? _____
Li gen dyare? _____ Konbe fwa li watè nan yon jounen? _____
Li gen lakranp? _____ kolik? _____ Li pèdi anpil dlo? _____
Vè? _____ Ki kalite? _____
Souf (respirasyon li): konbe fwa li pran souf nan yon minit? _____
Souf la kout? _____ li gwo? _____ li nòmal? _____
Li gen pwoblèm pou li pran souf? _____ (bay detay) _____
Lap touse? _____ (detay) _____
Li gen ral nan lestonmak li? _____
Flenm? _____ Avèk san? _____
Èske moun nan bay youn nan SIY MALADI GRAV SA YO? (wè paj)
Kilès siy? (bay detay) _____
Lòt siy li bay? _____
Èske moun lan ap pran renmèd? _____ Ki renmèd sa ye? _____
Èske gen renmèd moun lan janm pran ki ba li bousòl ak gratèl osinon lòt reyaksyon alèji? _____ Ki reyaksyon sa yo? _____
Eta malad la: Pa twò grav: _____ Grav grav anpil _____

Sèvi ak do fèy papye sa a pou ekri tout lòt enfòmasyon nou kwè ki konsekan pou ede ajann sante a osinon doktè a.

Nou remèsye tout enstitisyon ki te patisipe nan seminè pou kritike liv sa a anvan li parèt pou premye fwa. Men moun ki te patisipe nan seminè sa a:

ANTOINE	Melande	Concile Evangélique des Eglises d'Haïti (CEEH)
BACON	Dominique	Centre Protestant d'Alphabétisation et de Littérature
BIEN-AIMÉ (Dr.)	Marie-Vayola	Caritas-Gonaïves
BRUNO	Mireille	CARE - Haïti
CANOIS	Brigitte	Institut de Technologie et d'Animation (ITECA)
CHARLES (Dr.)	Emile Hérard	International Child Care - CAT / PSC)
DANDIN	Yanick	Groupe de Recherche et de Développement (GRD)
DELAUNEY (Dr.)	Brunel	
DÉSIR (Père)	Roger	Centre Episcopal
DESLOUCHES (Dr.)	Gaston	Caritas - Gonaïves
EVEILLARD	Jocelyne	Hôpital de la Communauté Haïtienne
FANFAN (Dr.)	Elsy	Eye Care
FERUS (Dr.)	Arsène	Institut Haïtien de l'Enfance (IHE)
GEBRIAN	Bette	Haitian Health Foundation - Jérémie
GERMAIN	Marguerite	Journal "BOUKAN"
HENRYS	Solange	Service Oecuménique d'Entraide (SOE)
JEAN-BAPTISTE	Pauris	Eglise Méthodiste
LAURIN	Jocelyne	Caritas Nationale
MAGLOIRE (Dr.)	Nicole	SOSAKA - Centre d'Education Spéciale (CES)
MENAGER (Dr.)	Henri	Hôpital Albert Schweitzer
MERISIER	Marie-Marthe	Santé Communautaire - Bonne Fin
SYLVESTRE	Marie-Rose	Centre Médico-Social - Port-de-Paix
THESEE	Marie-Carmelle	Service Chrétien
THOBY	Elsie	Clinique Saint-Jean

SIY KONSEKAN POU KONNEN ETA LASANTE MOUN


TANPERATI (chalè kò moun)

Gen de sistèm yo sèvi pou make tèmomèt yo: sistèm Santigrad la (S) ak sistèm Farennrayt (F.) Pou menm degre chalè, yo chak bay yon nimewo diferan.

Men ki jan yo koresponn yonn ak lòt:

SANTIGRAD
Tèmomèt sa a make 40 degre S
(Karant degre santigrad)

FARENNRAYT
Tèmomèt sa a make 104 degre F.
(san kat degre Farennrayt)



BATMAN KÈ

Pou yon moun ki poze	GRANMOUN.....60 rive 80 batman chak minit (nòmal)	
	TIMOUN.....80 rive 100	
	TIBEBE.....100 rive 140	

Pou chak degre Santigrad lafyèv, kè a bat 20 fwa plis chak minit.

RESPIRASYON (souf)

Pou yon moun ki poze	GRANMOUN AK GRAN TIMOUN	12 rive 20 souf chak minit (nòmal)
	TIMOUN KI POKO GEN 2 MWA	60 souf chak minit (nòmal)
	TIMOUN 2 MWA RIVE 1 AN	50 souf chak minit (nòmal)
	TIMOUN KI GEN PLIS PASE 1 AN	40 souf chak minit (nòmal)

Lè souf la depase souf nòmal la, sa vle di se ka nemoni moun lan ap fè (wè paj 184)

TANSYON (Presyon san nan venn yo) Enfòmasyon sa a se pou ajann sante ki gen aparèy pou pran tansyon

Pou moun ki poze 120/80 nòmal, men li ka chanje anpil.

Si dezyèm chif yo li a lè batman an sispann, pi wo pase 100, se siy moun lan gen tansyon ki twò wo (wè p. 134).

KOUMAN POU NOU SÈVI AK LIV SA A

Nap jwenn nan premye paj yo **LIS GWO KOZMAN KI NAN LIV LA.** Nap jwenn kozman yo fè nan chak chapit ak nimewo paj kote yo detaye chak kozman yo tou.

POU NOU JWENN ENFÒMASYON SOU NENPÒT MALADI, RENMÈD AK LÒT KALITE KOZMAN KI GEN RAPÒ AK LASANTE, MEN SA POU NOU FÈ:

1- Ale nan **PAJ JÒN** yo ki dèyè nan liv la. Nap jwenn **NON KOZMAN YO** ranje daprè lòd lèt yo nan alfabè ayisyen an : Men lèt yo:

a-,b-,ch-,d-,e-,f-,g-,i- ,j-,k-,l-,m-,n-,o-,p-,r-,s-,t-,u-, v-,w-,y-,z-.

Si nap chache enfòmasyon sou yon pwoblèm (tankou gratèl konsa), li ka voye nou nan paj kote nap jwenn sa ki lakòz pwoblèm lan. Si nou pa jwenn sa nap chache a sou yon non, nou ka chache l sou yon lòt non.

2- Gade nan premye paj kote yo bay **LIS GWO KOZMAN KI NAN LIV LA**. Nap jwenn nimewo paj kote yo detaye kozman nap chache a.

SI NOU BITE SOU YON MO NOU PA KONPRANN:

Al chache mo sa a nan **TI DIKSYONÈ** yo bay nan paj blan nap jwenn aprè paj vèt yo, nan liv la dèyè nèt. Tout mo ki nan TI DIKSYONÈ sa a ranje daprè lòd lèt nan alfabè ayisyen an.

ANVAN NOU SÈVI AK YON MEDIKAMAN:

Toujou al gade nan **PAJ VÈT YO** pou nou konnen ki jan pou nou sèvi ak li, ki kantite nou dwe pran osinon nou dwe bay, ki danje ki ka genyen lè nap sèvi ak li, ak ki prekosyon pou nou pran. Nap jwenn tou nan **PAJ VÈT YO**, **LIS MEDIKAMAN YO** ak **NON MEDIKAMAN YO** ranje dapre lòd lèt yo nan alfabè ayisyen an.

POU NOU PARE POU MALÈ SAN KLAKSONN KI PA MANDE TANN:

1. Moute yon ti fanmasi lakay nou osinon nan lakou a, osinon nan zòn lan, jan yo moutre nou sa nan Chapit 23 a.

2- Pa tann malè rive nou avan nou chache konnen sa ki ka sèvi nou. Depi nou gen yon ti tan, louvri li, gade Chapit 10 la, PREMYE SWEN, epi Chapit 4 la, KOUMAN POU NOU OKIPE MOUN MALAD, etidye yo byen etidye.

POU MOUN LAKAY NOU PA TONBE MALAD FASIL:

Gade Chapit 11 lan, SA POU NOU MANJE POU NOU AN SANTE ak Chapit 12 lan, EVITE MALADI, li yo byen epi swiv tout ti konsèy, pran tout ti prekosyon yo bay nan liv la.


POU GEN MWENS MOUN MALAD NAN ZÒN KOTE NOU YE A:


Fè reyinyon ak vwazinaj nou yo pou etidye kozman nou jwenn nan liv sa a, pou diskite sou pwoblèm maladi nan zòn lan. Nou ka mande yon pwofesè lekòl pou sèvi ak liv sa a pou fè kou pou timoun ak pou granmoun yo sou lasante. Nap jwenn bonkou lide ki ka sèvi nou pou sa, nan paj gri yo kote nou fè yon ti **KOZMAN AK AJANN SANTE YO** nan koumansman liv la.

SANTIMET

ABREJE MO YO (Yon jan pou ekri mo long yo, kèk lèt vle di yon mo)

p.	vle di	paj nan liv
gm.	vle di	gram
mg.	vle di	miligram
ml.	vle di	mililit
+	vle di	mete sou osinon plis
=	vle di	egal, gen menm valè ak, gen menm fòs ak
%	vle di	pou san (100)







1 + 1 = 2

PÈZ (yon bagay)

16 ons = yon liv (lv)
1 liv = 454 gram (gm.)
1000 gram = yon kilogram (kilo,kg)
1 kilo = 2 liv edmi
1 ons = 28 gram
1 gram = 1000 mg.
1 gren (gr) = 65 mg.



60 kg. = 132 liv



3 kg. = 6 liv edmi



60 kilo — 132 liv



30 kilo. — 66 liv



15 kilo. — 33 liv



8 kilo. — 17.6 liv



5 kilo. — 11 liv

VOLIM (kantite espas yon bagay ka pran pou mezire likid)



1000 mililit (ml.) = yon lit
1mililit = yon santimèt kib (sk.)
3 ti kiyè(tk.) = yon gwo kiyè (gk.) . . . . . 3 tk. = 1 gk.
1 ti kiyè = 5 mililit
1 gwo kiyè = 15 mililit
30 mililit = yon ons (dlo) konsa. . . . . 30 ml.  egal  1 ons konsa
8 ons = yon tas
32 ons = yon boutèy ka
1 boutèy ka = 0,95 lit (l.)
1 lit = 1.06 ka




1 lit yon ti kras plis pase 1 boutèy ka




SANTIMET

ABREJE MO YO (Yon jan pou ekri mo long yo, kèk lèt vle di yon mo)

p.	vle di	paj nan liv
gm.	vle di	gram
mg.	vle di	miligram
ml.	vle di	mililit
+	vle di	mete sou osinon plis
=	vle di	egal, gen menm valè ak, gen menm fòs ak
%	vle di	pou san (100)







1 + 1 = 2

PÈZ (yon bagay)

16 ons = yon liv (lv)
1 liv = 454 gram (gm.)
1000 gram = yon kilogram (kilo,kg)
1 kilo = 2 liv edmi
1 ons = 28 gram
1 gram = 1000 mg.
1 gren (gr) = 65 mg.



60 kg. = 132 liv



3 kg. = 6 liv edmi



60 kilo — 132 liv



30 kilo. — 66 liv



15 kilo. — 33 liv



8 kilo. — 17.6 liv



5 kilo. — 11 liv

VOLIM (kantite espas yon bagay ka pran pou mezire likid)



1000 mililit (ml.) = yon lit
1mililit = yon santimèt kib (sk.)
3 ti kiyè(tk.) = yon gwo kiyè (gk.) . . . . . 3 tk. = 1 gk.
1 ti kiyè = 5 mililit
1 gwo kiyè = 15 mililit
30 mililit = yon ons (dlo) konsa. . . . . 30 ml.  egal  1 ons konsa
8 ons = yon tas
32 ons = yon boutèy ka
1 boutèy ka = 0,95 lit (l.)
1 lit = 1.06 ka



1 lit yon ti kras plis pase 1 boutèy ka

